**K. MA'MBETOV, Z. AYJANOVA, K. PALI'MBETOV**

# A'DEBIYAT

8-KLASLAR USHI'N SABAQLI'Q

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi tasti'yi'qlag'an*

*Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an u'shinshi basi'li'mi'*

NO'KIS
«BILIM»
2014

UOK 372.882.512.121 (075)
KBK 782.2 — Qar
D — 60

**A'debiyat.** 8-klass ushi'n sabaqli'q. No'kis.: «Bilim», 2014-ji'l, 360 bet.

**UOK 372.882.512.121 (075)**
**KBK 782.2 — Qar**
**D — 60**

Avtorlar: **K. Ma'mbetov**
**Z. Ayjanova**
**K. Pali'mbetov**

**Pikir bildiriwshiler:**

**J. Uspanova** — ROMO ni'n' metodisti;
**J. Ismaylova** — ROMO ni'n' metodisti;
**R. Niyetova** — No'kis qalasi', 15-sanli' uluwma worta bilim beriw mektebinin' mug'allimi.
**N. Qaljanova** — Xojeli qalasi', 10-sanli' uluwma worta bilim beriw mektebinin' mug'allimi.

**Respublika maqsetli kitap qori' qarji'lari' yesabi'nan ijara ushi'n basi'p shi'g'ari'ldi'.**

**ISBN 978-9943-352-24-7**

**© «Bilim» baspasi', 2010-j.**
**© JSHJ «TURON-IQBOL», 2010-j.**
**© «Bilim» baspasi', 2014-j.**

# KIRISIW

A'ziz woqi'wshi'lar!

Ko'rkem wo'nerdin' bir tarawi' bolg'an a'debiyatti' woqi'w arqali' xali'qti'n' wo'tmishin ha'm bu'ginin, tariyxi'n ha'm etnografiyasi'n, milliy u'rp-a'det da'stu'rleri menen jasaw ta'rizin, jaqi'nnan bilip alasi'z. Sonli'qtan bolsa kerek, «Ko'rkem a'debiyat xali'q mu'lki», «xali'q aynasi'» dep biykarg'a ayti'lmag'an. Qaysi' xali'qti'n' ko'rkem a'debiyati'n ali'p qarasaq ta wonda sol xali'qti'n' milliy kelbeti sa'wlelenedi. Ja'ha'n xali'qlari' ko'rkem so'z wo'neri si'yaqli' qaraqalpaq xalqi'ni'n' da danali'qqa toli' folklorli'q do'retpeleri atadan balag'a, a'wladtan a'wladqa wo'tip saqlani'p kiyati'rg'an biybaha bayli'g'i' yesaplanadi'. Sizler 6—7-klaslarda woqi'g'an «Alpami's», «Qi'rq qi'z», «Sharyar», «Yedige» da'stanlari'ni'n' ideya-tematikasi'nda xalqi'mi'zdi'n' tariyxi', milliy u'rp-a'det da'stu'rleri wo'zinin' ayqi'n sa'wleleniwin tapqanli'g'i'ni'n' gu'wasi' boldi'n'i'z. Basqa tu'rkiy tilles xali'qlar si'yaqli' qaraqalpaq xalqi' da xali'q awi'z yeki do'retpeleri menen jazba a'debiy miyraslari'na iye.

A'debiyat ko'rkem wo'nerdin' ishindegi wo'mir qubi'li'slari'n toli'q qamti'p alatug'i'n yen' bir jetekshi ha'm belsendi tu'ri yesaplanadi'. Rus kritigi V. G. Belinskiydin' so'zi menen aytatug'i'n bolsaq, «nag'i'z tutas wo'nerdin' wo'zi, woni'n' uyi'tqi'si'» boli'p tabi'ladi'. Haqi'yqati'nda da, muzi'kag'a, teatr menen kinog'a ha'm basqa da xali'q ma'deniyati'ni'n' tu'rlerine na'zer taslasaq, wolardi'n' arqawi' — ko'rkem a'debiyat yekenin ko'remiz. Sebebi, muzi'ka shi'g'ari'w ushi'n kompozitorg'a poeziyali'q tekst, al operani'n' muzi'kasi'n jazi'w ushi'n a'debiy libretto kerek boladi'. Yeger pyesa bolmasa, dani'shpan rejissyor da jaqsi' spektakl do'rete almaydi'. Qa'legen ko'rkem filmnin' tabi'sqa yerisiwi yen' aldi' menen

scenariydin' ideyali'q-ko'rkemlik sapasi'na baylani'sli' boladi'. Su'wretlew shi'g'armalari'ni'n' ayri'mlari' ja'ne woni'n' kitap grafikasi' delinetug'i'n tutas bir bo'limi de a'debiy shi'g'armalardi' tiykar yetip aladi'.

Ko'rkem so'z wo'neri yerte da'wirlerdin' wo'zinde-aq joqari' da'rejede bahalang'an. A'yyemgi Greciyada basti'ri'p kelgen jaw sebepli uri'sta qi'yi'n ha'm qa'wipli jag'dayda qalg'an a'skerlerge ja'rdemge jiberilgen shayi'r Tirtey haqqi'ndag'i' an'i'z xali'q yadi'nda saqlani'p, bizin' bu'gingi ku'nimizge jetip kelgen. An'i'zda aqsaq shayi'r Tirtey ken' maydandag'i' a'skerlerdin' aldi'nda jali'nli' qosi'g'i'n woqi'ydi', Qosi'qtan ruwxlang'an jawi'ngerler uri'sqa birden atlani's jasaydi' ha'm jaw la'shkerlerin Troya qalasi'nan quwi'p saladi'. Usi'nnan-aq, ko'rkem so'zdin' adamlardi'n' ruwxi'y du'nyasi' menen sanasi'na qanshelli da'rejede ta'sir yetetug'i'nli'g'i'n ko'riwimizge boladi'. Qa'legen xali'qti'n' awi'zeki do'retpeleri menen jazi'wshi', shayi'rlardi'n' shi'g'armalari' sol xali'qti'n' ruwxi'y du'nyasi'n, woy-wo'risin, sana-sezimin bayi'-ti'p, ko'rkem-estetikali'q jaqtan ta'rbiyalap woti'radi'. Sonli'qtan, bolsa kerek, ko'rkem so'zdin' qu'diretin ha'mme xali'qlar moyi'nlaydi'. Sizler, bu'gingi ku'nge shekem a'debiyat sabaqli'qlari'nda woqi'p tani'si'p ati'rg'an qaraqalpaq xali'q awi'zeki do'retiwshiligi menen klassik shayi'rlari'mi'zdi'n' miyraslari'nda da ko'rkem so'zdin' qu'diretine ayri'qsha ma'ni berip qaraladi'. Mi'sali' «Wo'ner aldi' qi'zi'l til», «Zergerdin' qoli' alti'n, shayi'rdi'n' so'zi alti'n ««Woti'z tisten shi'qqan so'z, woti'z uri'wli' yelge jayi'ladi'», «Tuwri' so'z tas jaradi', tas jarmasa bas jaradi'», «Tayaq yetten wo'tedi, so'z su'yekten wo'tedi» si'yaqli' ko'plegen danali'q penen ayti'lg'an naqi'l-maqallardi' xali'q do'retip woti'rg'an. Sizler 6—7-klaslarda woqi'g'an Wo'mirbek laqqi', Jiyrenshe sheshen, Asan qayg'i', Turi'm biy, Yerejep tentek ha'm tag'i' basqa da dana ha'm so'zge sheshen tariyxi'y adamlardi'n' isimleri menen sheshenlik so'zleri de xali'q arasi'na ken'nen tarali'p an'i'zg'a aylani'p ketken. Yelim-xalqi'm dep juwi'ri'p-jelip xi'zmet yetken xali'q bati'rlari'ni'n' ta'g'diri haqqi'nda da a'jayi'p da'stanlar do'retilgen. XIX a'sirde jasag'an klassik a'de-

biyati'mi'zdi'n' ko'rnekli wa'killeri Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh si'yaqli' talantli' shayi'rlari'mi'zdi'n' shi'g'armalari'nda sa'wlelengen insani'yli'q pa'ziyletler menen yerkinlikke yerisiw, baxi'tli' turmi'sta jasaw ideyalari' a'sirlerden a'sirlerge wo'tip bizler menen jasap kelmekte.

Xali'qti'n' ko'rer ko'zine ha'm so'yler so'zine aylang'an ayri'm ulli' talant iyelerinin' jasag'an zamani' menen basi'nan wo'tkergen awi'r turmi'si', wolardi'n' ko'rkem shi'g'armalari'ni'n' ideya-tematikasi'nda wo'zleri jasag'an da'wirdin' real kelbeti ayqi'n sa'wleleniwin tawi'p woti'radi'. Buni', sizler, 6-klasta berilgen tuwi'sqan xali'qlar a'debiyati' wa'killeri Maqti'mquli', Abay, 7-klasta wo'tilgen du'nyag'a belgili dani'shpan so'z sheberleri Yusup Has Hajip, Abu Rayxan a'l-Beruniy, Abulqasi'm Fer-dawsiy, Womar Hayyam shi'g'armalari' mi'sali'nda ko'rip wo'ttin'iz. Al, qoli'n'i'zdag'i' a'debiyat sabaqli'g'inda bolsa, XIX a'sirde jasag'an klassik shayi'rlari'mi'z Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh h.t.b. shayi'rlardi'n' do'retpelerinde wo'zleri jasag'an da'wirdin' socialli'q ten'sizlikler menen a'dalatsi'zli'qlarg'a toli' bolg'anli'g'i', lekin, wolar qanday qi'yi'n jag'daylar ushi'rassa da, insan balasi'ni'n' boyi'ndag'i' ag'la pazi'yletlerdi u'lgi tuti'p, ha'rqanday unamsi'z illetlerdi a'shkaralawg'a ha'm wolardan awlaq boli'wg'a shaqi'ri'p, jali'qpastan qa'lem terbetkenligi ayqi'n ko'rinip turadi'. Isimleri atap wo'tilgen so'z sheberlerinin' ten'lik, a'dalatli'q, adamgershilik, jaqsi'li'q haqqi'ndag'i' ko'rkem do'retpeleri aradan qansha ji'llar ha'm a'sirler wo'tiwine qaramastan, xalqi'mi'z ju'reginen teren' wori'n ali'p, wo'z bahasi' menen quni'n jog'altpay kiyati'r.

Sonday-aq, XIV—XVIII a'sirlerde jasag'an Soppasli' Si'pi'ra ji'raw, Asan qayg'i', Dospambet ji'raw. Mu'yten ji'raw, Jiyen ji'raw si'yaqli' dani'shpan ji'raw, shayi'rlar haqqi'nda da usi'nday unamli' pikirlerdi ayti'w mu'mkin.

Adam wo'mirinin' wo'zi quramali'. Wolar quwani'shti' da, qayg'i'ni' da basi'nan keshiredi. Ha'r qi'yli' mashqalalarg'a dus keledi. Lekin, wolar jaqsi' minez-qulqi' ha'm is-ha'reketleri menen wo'mir mazmuni'n gu'llen-

diriwge, izinde jaqsi' at qaldi'ri'wg'a ha'reket yetedi. Bunday turmi'sli'q waqi'yalar talantli' ko'rkem so'z sheberlerinin' qa'leminde wo'mir sabag'i' si'pati'nda do'retilip woti'radi'. Wo'mirdi obrazlar arqali' su'wretlep, turmi's haqi'yqatli'g'i'n adamlardi'n' xarakteri ha'm minez-qulqi' arqali' ashi'p beredi.

A'ziz woqi'wshi'lar. Wolardi' woqi'p, u'lgi ali'p, duri's juwmaq shi'g'ari'w yendi sizlerdin' qoli'n'i'zda.

# «QOBLAN» DA'STANI'

Qaraqalpaq qaharmanli'q da'stani' «Qoblan» xali'q arasi'nda ken'nen taralg'an, xali'q su'yip ti'n'laytug'i'n da'stanlardi'n' biri. A'sirler dawami'nda xali'q ji'rawlari' ta'repinen awi'zsha atqari'li'p ha'zirgi ku'nimizge shekem kelip jetken. Da'stanni'n' qaraqalpaq ji'rawlari'nan jazi'p ali'ng'an 8 varianti' bar. Sonday-aq, tu'rkiy tilles xali'q-lardan qi'ri'm, tatar, bashqurt, qazaq variantlari' da bar.

«Qoblan» da'stani'ni'n' qaraqalpaq ji'rawlari'nan jazi'p ali'n-g'an variantlari'ni'n' ishinde yen' toli'g'i' ha'm yen' u'lkeni, mazmuni' ha'm ko'rkemligi jaqtan qunli'si' Yesemurat ji'raw varianti' boli'p yesaplanadi'. Woni'n' ko'lemi jeti mi'n'g'a jaqi'n qosi'q qatarlari'nan turadi'. Usi' Yesemurat ji'raw varianti' Qaraqalpaqstan baspasi'nda 1941—1959-ji'llari' ha'm 1981-ji'li' Qaraqalpaq folklori' ko'p tomli'g'i'ni'n' VIII tomi'nda sonday-aq, 1995-ji'li' Tashkent qalasi'ni'n' «Manaviyat» baspasi'nan basi'p shi'-g'ari'li'p ati'rg'an 100 tomli'qti'n' 13-tomi'nda 2009-ji'li' basi'li'p shi'qti'. Bunnan ti'sqari' «Qoblan» da'stani' 1987-ji'li' shayi'rlar A. Nawmov, D. Aytmura-tovlardi'n' awdarmasi' menen wori's tilinde basi'li'p shi'qti'.

Qaraqalpaq qahramanli'q da'stani' «Qoblan» wo'zinin' ko'lemi, mazmuni' ha'm ideyali'q ta'sirshen'ligi, ko'rkemlik wo'zgesheligi jag'i'nan milliy epikali'q do'retpelerimizdin' yen' salmaqli'lari'ni'n' biri boli'p yesaplanadi'. «Qoblan» da'stani'ni'n' Yesemurat ji'raw ji'rlag'an varianti' biyperzent ata-analardi'n' g'ayri' ku'shlerden wo'zlerine perzent tilew waqi'yalari'nan baslap, perzenttin' tuwi'li'wi', woni'n' ka'-malg'a keliwi, u'yleniwi, u'stem klass wa'killeri u'stinen jen'iske yerisip murat-maqsetlerine jetiwi si'yaqli' tutas kompaziciyali'q turaqli'li'qqa iye syujetlerdi wo'z maz-muni'na ja'mlestiredi.

Da'stan iri epikali'q do'retpeler qatari'nda wo'zinin' dereklik payda boli'w wo'zgesheliklerine ha'm qa'liplesiw basqi'shlari'na iye.

«Qoblan» da'stani' boyi'nsha izertlew ju'rgizgen belgili ilimpaz Q. Maqsetov: «Da'stanni'n' qaraqalpaqsha

varianti'ni'n' payda boli'wi' «Nog'ayli'», «Qi'pshaq» da'wirleri menen teren' baylani'sqan. Ha'zirgi varianti'n XIII—XVI a'sir menen sheklep qoyi'wg'a bolmaydi'. Da'stan a'sirler dawami'nda birqansha wo'zgerislerge ushi'rag'an. Qaraqalpaqsha, qazaqsha versiyalari'n sali'sti'rip qarag'anda qaraqalpaqsha versiyasi'nda son'g'i' da'wirdegi waqi'yalardi'n' ko'birek wori'n alg'anli'g'i' bayqaladi'», — degen yedi.

Da'stanni'n' qaraqalpaqsha versiyasi'nda «Nog'ayli'», «Qi'pshaq» so'zleri da'stanni'n' do'reliwin belgilewde qanday a'hmiyetli bolsa, «Nurdi'n' qara tawi'», «Samarqand sayqali'», «Shaxan uli' Aqshaxan», «Qaraqalpaq xalqi'» degen tu'sinikler da'stanni'n' qa'li'plesiwinde u'lken xi'zmet atqarg'an.

«Qoblan» da'stani'ni'n' tiykarg'i' ideyasi' xali'qti'n' si'rt yel basqi'nshi'lari'nan g'a'rezsiz jasaw tilekleri ha'm gu'resleri menen belgilenedi. Soni'n' menen birge, da'stan zuli'mli'qti'n' ha'm a'dilsizliktin' belgisi si'pati'nda Aqshaxan ha'm woni'n' wa'zirlerinin' ha'reketin a'shkaralaydi'. Da'stanni'n' tiykarg'i' waqi'yasi' xali'q bati'ri' Qoblan menen Aqshaxanni'n' arasi'ndag'i' gu'reske negizlenedi. Aqshaxan Qoblanni'n' tuwi'li'p wo'sken yelinin' xani' bolg'ani' menen, woni'n' dushpani'. Da'standa bastan-ayaq qatnasatug'i'n qaharmanlar da usi' Aqshaxan menen Qoblanni'n' do'gereginde ha'reket yetedi. Aqshaxan menen Qartxoja si'yaqli' biyler Qoblandi' joq yetiw maqsetinde si'rtqi' jawlarg'a qarsi' atlandi'ri'wg'a ha'reket yetip woti'rg'an. Da'stan Aqshaxan menen Qartxoja biydin' jawi'zli'q ha'reketin su'wretlewden baslanadi'. Aqshaxan Qoblan yele tuwi'lmastan buri'n-aq, ata-anasi' Qi'di'rbay menen Bozkempirge «mali'n'nan xang'a zakat bermedin'» dep talawshi'li'q, basqi'nshi'li'q yetip, du'nyamali'n tarti'p ali'p, wo'zlerine azap-aqi'ret beredi.

Da'standag'i' barli'q ma'selenin' sheshiliwinde Qoblan tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Woni'n' obrazi' sol da'wirdin' ko'zqarasi'nan xali'q tilegine juwap berip, zuli'mli'q ha'm a'dilsizlikke qarsi' qoyi'lg'an. Bul da'stanni'n' teren' xali'qli'q yekenin ko'rsetedi. Qoblan menen Aqshaxan

arasi'ndag'i' qatnas a'dillik penen zuli'mli'qti'n' gu'resinen derek beredi.

Qoblan tuwi'lg'annan baslap Aqshaxan yendi bayag'i'day Qi'di'rbay g'arri'ni'n' yelin shawi'p kete almaytug'i'n boldi'. Qoblannan qa'wiplengenlikten Aqshaxan woni'n' menen ashi'q gu'reske tu'spey, woni' aldaw joli' menen wo'limge sazawar yetiwdi woylaydi'. Xan Qoblandi' wo'ltiriw ushi'n tu'rli hiylelerdi woylap tabadi'. Da'slep, ar-nami'sqa shi'damay azaplani'p wo'lsin dep, toyi'nda at shabi's ja'riyalaydi'. Qoblanni'n' Tori' ati' at bayraqtan wozi'p keledi. Bunnan na'tiyje shi'g'ara almag'an xan Qoblandi' si'rt yellerdegi da'wlerge, Bo'ke da'w, A'lip da'w, Azi'wli'ni'n' yelindegi Ko'bikli da'w, Shari'qli' da'w, Da'wkempir, Qi'zpalwanlarg'a qarsi' jumsaydi'. Qoblan ko'p qi'yi'nshi'li'q penen wo'zinin' ma'rtligi menen jen'iske yerisedi. Qoblanni'n' ar-nami'si', ku'shi yelge si'rttan dushpan a'kelmew, dushpandi' wo'z worni'nda qurti'wg'a jumsaladi'. Qoblan da'wler menen gu'reske ketip barati'r-g'anda Aqshaxanni'n' aldawi'na tu'sip, wo'limge barati'rman dep woylamaydi'. Al, yelimnin' jawi'n joq qi'li'wg'a bara-tirman degen isenimde boladi'. Wol wo'zinin' aldi'na mi'naday maqset qoyadi':

Jaqi'n jerde jaw barma,
Barg'an jerde daw bar ma?
Ayti'n' xabari'n bizlerge,
G'ayrati'mni'n' bari'nda,
Tori' ati'ma mineyin,
Jeter jerge dushpandi',
Mi'na jerge keltirip,
Ji'latqansha balamdi',
Wo'zim ali'p keleyin,
Wonnan son' taxtqa mineyin,
Alalmastay ku'n bolsa,
Bu'lingenin xalqi'mni'n',
Ko'zim menen ko'rgenshe,
U'stime jawdi' keltirip,
Uli'm menen qi'zi'mdi',
Aydag'ani'n ko'rgenshe,
Qoli'nda woni'n' wo'leyin.

Xan Qoblandi' aldawshi'li'q penen si'rtqi' jawlarg'a jumsap qoymastan, bati'r joqta Alshag'i'r da'wdi shaqi'ri'p Qoblanni'n' yelin talatadi'. Da'standa Qoblan «Bati'r an'qaw, yer go'dek» degenindey aq ko'kirekligine qosa an'qawli'g'i' basi'm adam retinde su'wretlenedi. Aqshaxan Qoblang'a qanshelli da'rejede jamanli'q yetse de, woni' keshirip keledi. Azi'wli'ni'n' yelinen qayti'p kelip, Alshag'i'r xanni'n' qoli'nan wo'z yelin azat yetedi. Al, Aqshaxanni'n' Qoblang'a islegen jawi'zli'qlari' bul xali'qqa qarsi' islegen jawi'zli'qlar boli'p tabi'ladi'.

**Qoblan obrazi'.** Da'standag'i' barli'q waqi'ya Qoblan obrazi'ni'n' a'tirapi'na ja'mlengen. Wol xali'q a'rmani'ndag'i' hesh na'rseden qori'qpaytug'i'n, yeli-xalqi' ushi'n jani'n pida' yetetug'i'n, bahadi'r bati'r obrazi'nda su'wretlenedi. Woni'n' xali'q qaharmani' yekenligi mi'na so'zlerinen belgili boladi':

Men atadan bolg'anda,
Yermen dep men bolg'anman,
Men anadan tuwg'anda,
Narman dep men tuwg'anman
Bul du'nyag'a kelgende,
Wo'lmek ushi'n kelgenmen,
Wo'limnin' hag'i'n bilgenmen,
Aq girewke sawi'ti'm,
I'sqati'm dep kiygenmen,
U'stimdegi aq ko'ylek,
Kepinim dep kiygenmen.
Bawi'ri' tarti'q sari' jay,
Urani'm dep ju'rgenmen,
Ispixan semser qi'li'shti',
Qurali'm dep ju'rgenmen,
Sabi' alti'n aq qanjar,
Iymani'm dep bilgenmen,
Qarag'ay sapli' aq nayza,
Sayg'ag'i'm dep ju'rgenmen.

Qoblan wo'zinin' barli'q ku'shin xali'q jawi' dep yesaplang'an si'rtqi' jawlarg'a, da'wlerge qarsi' jumsaydi'. Wol jaw xabari'n yesitse, taysalmastan wolar menen

tayi’n turadi’. Bul woni’n’ xarakterine ta’n bolg’an teren’ watan su’yiwshilik sezimlerinen derek beredi.

Qoblan wo’z yelin, tuwg’an jerin shi’n ju’rekten su’ygen bati’r. Qoblan wo’zi joqta jaw shawi’p ketken yelin izlep keledi. Kelse pu’tkil xalqi’n Alshag’i’r xanni’n’ basqi’nshi’lari’ bende qi’li’p aydap ketkenin ko’redi. Sondag’i’ bati’rdi’n’ tuwg’an jerine, wo’z xalqi’na bolg’an su’yiwshiligi da’standa to’mendegishe ji’rlanadi’:

Munda xalqi’n ko’rmedi,
Joqlap Qoblan yen’iredi,
— Qara ko’l degen ko’l yedin’
Batpag’i’n’a bir awnap,
Ju’rgen balan’ men yedim,
Jel qayi’q minip asti’ma,
Tutqi’n ali’p qoli’ma,
An’ awlap shi’qsam u’stin’e,
Aldi’rmawshi’ yedi u’yregin’...

Qoblan wo’z xalqi’n qanday su’yse, xalqi’ da wo’zinin’ bati’r perzentin sonshelli da’rejede uli’g’laydi’. Xali’q Qoblandi’ «boz wotawdi’n’ tulg’asi’», «xali’qti’n’ tiregi», «miywalag’an daraqti’n’ miywesi» dep ta’riyipleydi.

Qoblanni’n’ jawg’a qarsi’ jalg’i’z wo’zi atlani’wi’, da’standa ju’da’ isenimli su’wretlenedi. Wol Shari’qli’, Da’wkempir yeline atlanarda bi’lay deydi:

Yertip ketsem ko’p la’shker,
Qi’ya sho’lde sho’llese,
Jawdi’ ko’rmey, uri’s ko’rmey,
Qi’ri’li’p sho’lde kelmese,
Wo’limnen jaman da’rt bolar,
Yertip ketken alaman,
Qi’ri’li’p qayti’p kelmese,
Birewdin’ keler atasi’,
Birewdin’ keler inisi,
Inisi menen sin’lisi;
«Ag’am qa’ne? degende,
Ne dep juwap beremen,
Wol azapti’ ko’rgenshe,
Qi’rq jigit yertip keynime,

Wo'zim bari'p jawlardi',
Bag'i'ndi'ri'p kelemen,
Bag'i'ndi'ra almasam,
Suwg'a bati'p wo'lermen,»

Bunda da xali'q bati'ri' Qoblanni'n' adamgershilik, adam balasi'na jani' ashi'ytug'i'n gu'manistlik si'pati', soni'n' menen birge wo'z xalqi' ushi'n wo'liwge tayar turg'an ma'rtlik qa'siyetleri ayqi'n ko'rinedi. Bati'r wo'z xalqi'n qi'rg'i'ng'a ushi'ratqannan go're wo'zinin' wo'lgenin abzal ko'redi. Xali'q ushi'n wo'limnen qori'qpay, ha'rqanday qa'wip-qa'terge qarsi' qayi'tpay baradi'.

Da'standa Qoblan obrazi'ni'n' xali'qshi'lli'g'i', jetim-jesirge, jarli'larg'a g'amxorli'q yetkeni de atap ko'rsetiledi. Aqshaxanni'n' g'a'ziynesinen 41 g'ashi'r zer aladi'. Bul zerdi Qoblan jetim-jesir, ka'mbag'al-gedeylerge u'lestirip beredi. Solay yetip, da'standi' do'retken xali'qti'n' qi'yali'nda Qoblan wo'z da'wiri ushi'n yen' jaqsi', unamli' obrazlardi'n' biri boli'p tabi'ladi'.

**Qurtqa obrazi' ha'm basqa da unamli' obrazlar**: Qurtqa wo'zinin' aqi'lli'li'g'i', danali'g'i' menen ko'zge tu'sedi'. Wol bati'rg'a qi'si'lg'an jerde aqi'l-ken'es beredi.

Qurtqani'n' bilgirligi, danali'g'i', a'sirese woni'n' bati'r Qoblang'a i'layi'qli' tulpar at saylap ali'p, woni' bag'i'p jetistiriwinen ko'rinedi. Ja'ne de Qurtqani'n' aqi'lli'li'g'i' mi'nadan ko'ri'nedi': Qoblan Seydimxan bati'rdi'n' yeline bari'p, arsha ag'ashti' qulati'p, Qurtqani' wo'z yeline ali'p qaytarda, Qurtqa Qoblang'a ana-si'nan yenshige «Jay tastan basqa na'rse alma, tek jay tasti' g'ana sorap al», — dep aqi'l beredi. Son'i'nan jay tas Qoblang'a ko'p payda keltiredi.

Da'standa Qurtqa tek bati'rdi'n' joldasi', aqi'lgo'y ja'rdemshisi g'ana yemes, al xali'qti'n' g'ami'n woylag'an, xali'qqa basshi'li'q qi'latug'i'n dana basshi' retinde de ko'zge tu'sedi. Bul da'standag'i' mi'na epizodta ayqi'n ko'rinedi. Alshag'i'r xan Qoblanni'n' yelin shawi'p, xalqi'n bende yetkennen keyin, jawdi'n' qoli'nda bende boli'p bu'lingen yel-xali'q Qurtqag'a ji'lap keledi. Sonda, Qurtqa Alshag'i'r xanni'n' aldi'na bari'p, bi'lay deydi:

Buri’ng’i’dan qalg’an so’z,
Xan u’stine jaw kelse,
Qaytar yeldin’ da’wleti,
Xan u’stine yel kelse,
Wol da xanni’n’ da’wleti,
Jetim ul menen jetim qi’z,
Bulda xanni’n’ perzenti.

Qurtqa duri’s, aqi’lli’ so’z ayti’p, yeline alti’ ayg’a shekem yerkinlik, jen’illik ali’p beredi.

Qurtqa obrazi’ndag’i’ jaqsi’ pazi’yletlerdin’ barli’g’i’ yeldi su’yiwshilik penen ti’g’i’z baylani’sli’. Qurtqa yel qorg’aw ma’pin wo’z qara basi’ni’n’ ma’pinen joqari’ sanaydi’. Woni’n’ obrazi’ yeli, xalqi’ ushi’n gu’resshen’ hayal-qi’zdi’n’ obrazi’.

Qurtqag’a jaqi’n, uqsas obraz—Qoblanni’n’ qari’ndasi’ Qansuli’w obrazi’. Bul da, Qurtqa si’yaqli’ aqi’lli’, parasatli’, bati’rdi’n’ ken’esshisi, aqi’lgo’y qari’ndasi’ retinde su’wretlenedi.

Qoblan Aqshaxanni’n’ jawi’zli’g’i’na shi’damay qa’ha’rlenip Aqshaxang’a qarsi’ atlanbaqshi’ bolg’anda Qansuli’w Qoblang’a: «Xang’a qarsi’ uri’spa, uri’ssan’ biygu’na xali’qti’n’ nahaq qani’ to’giledi» dep duri’s aqi’l beredi.

Da’standa bulardan basqa Qi’di’rbay, Bozkempir, Polat, Yer Sayi’m si’yaqli’ t.b. unamli’ obrazlar bar. Bular bati’rdi’n’ obrazi’n yele de ku’sheytip jawi’z ku’shlerge qarsi’ xali’qli’q ko’z qarastan su’wretlenedi.

**Aqshaxan obrazi’.** Wol da’stanni’n’ basi’nan ayag’i’na deyin zali’m, du’nyaxor, wo’tirikshi, reyimsiz adam si’pati’nda su’wretlenedi.

Wol Qoblan tuwi’lmastan buri’n-aq, Qi’di’rbaydi’n’ barli’q mal-du’nyasi’n talap ali’p, Qi’di’rbay menen Bozkempirge zuli’mli’q yetip, reyimsizlik penen azap beredi.

Qoblan yer jetip bati’r bolg’annan keyin, Aqshaxan Qoblandi’ wo’ltiriw maqsetinde ashi’q tu’rde ha’reket yetiwge qorqi’p, aldaw, hiyle sumli’q penen ha’reket yetedi. Qoblang’a tu’rli jamanli’qti’ isleydi.

Bunnan basqa da Qoblang’a qarsi’ gu’resetu’g’i’n si’rtqi’ jawlardi’n’ wa’killeri retinde birneshe qalmaq bati’rlari’ni’n’, Alang’asar A’lip da’w, Bo’ke da’w, Alshag’i’r,

Ko'bikli, Shari'qli', Da'w Kempir, Qi'z palwan obrazlari' berilgen. Da'standa Wolardi'n' geyparalari' «Qalmaq» dep atalsa, geyparalari' «ga'wir» dep ataladi'. Wolar wo'zlerinin' jeke ma'pi ushi'n xali'qqa qarsi' gu'reskenlikten a'dilliktin' qurbani' boladi'.

## QOBLAN DA'STANI'

*(da'stannan u'zindi)*

Yendigi so'zdi Qoblanni'n' yelinen yesitin'ler: «A'zelgi dushpan yel bolmas, yetekti kesip jen' bolmas» degen, wo'zi shawi'p alayi'n dese Qoblannan qorqi'p, Shaqan uli' Aqshaxan u'sh ay won ku'nlik joldag'i' Qarawsi'n xanni'n' perzenti Alshag'i'r degen ga'wirge, Qarabiy degen ka'rwannan xat jiberip shaqi'rti'p ali'p, «Qoblan kelmestey jaylarg'a ba'nt boldi'», — dep xabar saldi'.

Alshag'i'r la'shkerlerin ji'ynap, u'sh mi'n' qol menen kelip, yeki-yekiden, u'sh-u'shten bo'linip biyg'am woti'rg'an yeldin' u'stine jaw boli'p tiydi, ullari' menen qi'zlari'n bende qi'li'p ali'p ketti. Qoblan jatqan jerinde sa'ha'r waqti'nda tu's ko'rdi. Tu'sinde a'jayi'p is ko'rdi. Ha'rkimnin' da'wleti tayar waqti'nda tu's ko'rmeklik buri'ng'i'dan qali'p yedi. «Jaman tu's ko'rsen' tu'sin'di dosti'n'a jori't, dushpang'a tu's jori'tpa» deytug'i'n yedi. Qoblanni'n' qi'ri'q jigitinin' Dug'dar xoja ha'm Shamay ka'l degeni bar yedi.

Bularg'a Qoblan aytti':

—Men bir jaman tu's ko'rdim, sizler jori'y alasi'z ba? —dedi.

—A'jep bolar, — dep Dug'dar tu'sin jori'maq boldi'. Qoblan tu'sin aytti':

—Yesiktin' aldi' sari' dala,
Yelim xalqi'm ji'ynaldi',
Mal hasi'li' soyi'ldi',
Qizi'l ala qan boldi',
Dara tabaq qoyi'ldi',
Quwi'rdaqlar quwi'ri'ldi',
Bul ne bolar Dug'darjan?

Jaqsi' bolsa xalqi'ma,
Jamanli'g'i' wo'zime.
Dug'dar tu'si'n jori'di':
—Tu'sinde qori'qqan quwanar,
Yelin' xalqi'n' amandi',
Qapa bolma Qoblanli',
Yesiktin' aldi' sari' dala,
Yeli xalqi'n' ji'yi'lsa,
Mal hasi'li' soyi'lsa,
Quwi'rdaqlar quwi'ri'li'p,
Dara tabaq qoyi'lsa,
Sizler yelden ketkeli,
Jeti ji'l jeti ay bolg'andi',
Sag'i'ng'andi' ata-anan',
Atan' yedi Qi'di'rbay,
Won bir aylar tolg'anda,
Wol qurbanli'q kelgende,
Basqa yemes da'wletin',
Mal u'lkeni tu'yedi,
Tu'yeni uslap alg'andi',
Yeki jerden shalg'andi',
Qanlar ag'i'p turg'andi',
Ulama menen g'arri'n'di',
Yelin'nen ji'ynap alg'andi',
Quwi'rdaqti' quwi'ri'p,
Dara tabaq qoyg'andi',
Quwi'rdaqqa toyg'an son',
Salamat kelgey Qoblan dep,
Patiya duwa qi'lg'andi',
Yeli xalqi'n' amandi',
Qapa bolma Qoblanli'.
Qoblan dawam yetedi:
Qoblan tag'i' so'yledi:
— Yenem edi Boz kempir,
Nar tu'yenin' qa'tebi,
Qa'tebine tan'i'li'p,
Bende boli'p ko'rindi,
Bul ne bolar Dug'darjan?

Jori'y go'r bul tu'simdi,
Jaqsi'li'q bolsa yelime,
Jamanli'q bolsa wo'zime.
Dug'dar juwap beredi:
—Yenen' yedi Boz kempir,
Bende boli'p ko'rinse,
Sag'i'ng'andi' sizlerdi,
Jeti jerde wotar bar,
Wotar u'yge barmag'a,
Yenen' talap qi'lg'andi',
Jel mayani' keltirip,
Gebejege tan'g'andi',
Ishine kempirdi salg'andi',
Ji'g'i'lmasi'n kempir dep,
Si'rti'nan arqan alg'andi',
Gebejede ko'rgensen',
Tan'i'wda ma yeken degensen',
Yeli xalqi'n' amandi',
Qapa bolma Qoblanli'.
Qoblan tag'i' so'yledi:
—Qari'ndasi'm Qansuli'w,
Jer asti'nda zarladi',
Jubatar bende bolmadi',
Bul ne bolar Dug'darjan?
Dug'dar juwap beredi:
—Tar qursaqta jati'si'p,
Adasqanda ken'esken,
Talasi'p yemshek yemisken,
Tay quli'nday tebisken,
Adasqanda ken'esken,
Toqalaq mu'yiz aqqozi'n',
Bag'lan qozi'n' Qansuli'w,
Jer asti'nda man'i'rasa,
Ag'ajan dep ji'lasa,
Jubatar bende bolmasa,
Sizler yelden ketkeli,
Jeti ji'l jeti ay bolg'andi',
Sag'i'ng'anda sizlerdi,

Aq wordag'a kelgendi,
Sa'ha'rge deyin woti'ri'p,
G'amgu'nge kewlin tolti'ri'p,
Qi'zi'l ju'zin soldi'ri'p,
Wol tu'n'likti basti'ri'p,
Ha'm yesikti qawsi'ri'p,
Maqpaldan ko'rpe jami'li'p,
Qi'lday beli yesilip,
Ag'ajan dep ah uri'p,
Sizdi ayti'p ji'lap turg'andi',
G'a'rip kewli buzi'li'p,
Ko'zden jasi' to'gilip,
Qara qi'pshaq yelati'n',
U'lken u'yge baralmay,
Qoya g'oy dep ayta almay,
Shiy jag'alap ju'rgendi,
Ko'rpe asti'nda ko'rgensen',
Jer asti'ma degen yekensen',
Yelin' xalqi'n' amandi',
Qapa bolma Qoblanli',
Qoblan tag'i' so'yledi:
— Alg'an yari'm Qurtqajan,
Bir ka'niz bar keyninde,
Bir woramal bar iyninde,
Tezek terip sarg'ayi'p,
Alg'ani'm dep mun'ayi'p,
Bende boli'p ko'rindi,
Bul ne bolar Dug'darjan?
Jori'y go'rshi tu'simdi,
Jaqsi'lig'i'm xalqi'ma,
Jamanli'g'i'n jori'y go'r,
Qoblanni'n' jalg'i'z basi'na.
Dug'dar juwap beredi:
—Alg'an yari'n' Qurtqajan,
Bir ka'niz bolsa keyninde,
Woramal bolsa iyninde,
Tezek terip sarg'ayi'p,
Alg'ani'm dep mun'ayi'p,



Bende boli'p ko'rinse,
Atan' yedi Qi'di'rbay,
Ulli' sharwa bay yedi,
Jaz jaylawg'a qong'andi',
U'sh ju'z si'yi'r tuwg'andi',
Yesikke adam salg'andi',
Qurtqa dayi'n wol jen'gem,
Jer woshaqti' qazg'andi',
Toy qazandi' asqandi',
Sawi'p alg'an su'tlerin,
Ali'p kelip quyg'andi',
Qabi'n ali'p qoli'na,
Wol shan'laqqa barg'andi',
Quwrag'an tezekti alg'andi',
Jas tezekti qoyg'andi',
Sizler tu'sip yadi'na,
Shan'laqta ji'lap turg'andi',
Su't asti'na wot jag'i'p,
Atan' menen anan'a,
Ti'nbay xi'zmet qi'lg'andi',
Wol shan'laqta ko'rgensen',
Bendeme eken degensen',
Yeli xalqi'n' amandi',
Ji'lay berme Qoblanli',
Qoblan tag'i' so'yledi:
—Qara qi'pshaq yelinde,
Ne g'oshshag'i'm bar yedi,
At aldi'nda aydali'p,
Biygu'na qoli' baylani'p,
Aytar so'zin aytalmay,
Yeter isin yetealmay,
Kerilip qamshi' tartalmay,
Bende boli'p ko'rindi,
Bul ne bolar Dug'darjan,
Jori'y go'r bul tu'simdi,
Jaqsi'liq bolsa xalqi'ma,
Jamanli'g'i'n jori'y go'r,
Asti'mda tori' ati'ma.

Dug'darjan juwap beredi:
—Qara qi'pshaq xalqi'n'da,
Belbewinde aq pi'shaq,
Atlang'anda mi'n'g'a shaq,
Ne g'oshshag'i'n' bar edi,
At aldi'na aylani'p,
Biygu'na' qoli' baylani'p,
Bende boli'p ko'rinse,
Qara qi'pshaq yellerin',
Wol Samarqand qalag'a,
Bazar yetip barg'andi',
Bazarlari'n bazarlap,
Ba'ha'r waqti' bolg'andi',
Qayti'wg'a talap qi'lg'andi',
Ba'ha'rdin' bolg'an waqti'nda,
Nag'i'z ko'klem shag'i'nda,
Jaramay at qalg'andi',
Jaramag'an atlari'n,
Wol jetelep turg'andi',
At keyninde bolg'anson',
Ma'rt won'i'nda bolg'an son',
Aydawma eken degensen',
Qapa bolma Qoblanli',
Yeli jurti'n' amandi'.
Qoblan tag'i' so'yledi:
— Woti'z birdey ul bala,
Na'restedey sol bala,
Gewdesi qalg'an besikte,
Gellesi jatqan yesikte,
Sheyit boli'p ko'rindi,
Bul ne bolar Dug'darjan?
Dug'dar juwap beredi:
— Qi'rq shilter g'ayi'p yerenler,
Wol tu'sin'e kirgendi,
Shilterlerdi ko'rgensen',
Balalar meken degensen',
Yeli xalqi'n' amandi',
Qapa bolma Qoblanjan.

Qoblan tag'i' so'yledi:
—Bosag'am biyik boz worda,
Bosag'am jati'r bir jerde,
Alti'nnan yetken uwi'g'im,
Shashi'li'p ati'r ha'r jerde,
Shan'araq jati'r bir jerde,
Bul ne bolar Dug'darjan?
Dug'dar juwap beredi:
—Bosag'an' jatsa bir jerde,
Uwi'g'i'n' jatsa shashi'li'p,
Woti'n boli'p ha'r jerde,
A'zelgi dushpan yel bolsa,
Yetekti kesip jen' bolmas,
Shaqan uli' Aqshaxan,
Wozaldan bolg'an wol dushpan,
Wo'zi alayi'n dese de,
Qa'digi bar, qa'wpi zor,
U'sh ay won ku'n jerlerde,
Qarawsi'n xanni'n' perzenti,
Alshag'i'rday ga'wirdi,
Xan shaqi'rti'p alg'andi',
Qorg'anshaday qalag'a,
Qorg'asi'ndi' quyg'andi',
Jol-jol qi'lip alg'andi',
Ullari'n' bende bolg'andi',
Qi'zi'n' wolja bolg'andi',
Aldi'n'nan shi'g'ar yelin' joq,
Yesitip keler kisin' joq,
Keldin' be jalg'i'z balam dep,
Atan' menen anan' joq,
Jayi'la shi'g'ar mali'n' joq,
Topi'raqqa bir awnap,
Awnap jatar balan' joq,
Bati'r bolsan' qayg'i'n' joq,
Alshag'i'r ga'wir ali'pti',
Buni' aytti' dep sarg'ayma,
Tuwri' aytti' dep mun'ayma,
Xalqi'm wayran boldi' dep,

Mi'sali'na qarasam,
Bul tu'sin'di jori'sam,
Atlana go'r Qoblanli'.

Bunnan keyin Qoblan qi'rq jigitlerine qarap bir so'z aytti':

—Jawg'a ketken balam ji'lap zar-zar,
Mi'n' ba'lege xalqi'm bolg'an duwshaker,
Qulag'i'n' sal ti'n'lay berin' qi'rq jigit,
Qostarsi'zban aytatug'i'n arzi'm bar,

Jawlar kelgen menin' Qi'pshaq yelime,
G'azlardi' qondi'rg'an aydi'n ko'lime,
A'wel bastan sizge bayan a'yleyin,
At woynati'p bardi'm Azi'wli' sha'ha'rine,

Dushpanlardi' wo'z awzi'ma qaratti'm,
Ne birewdi biygu'nadan bozlatti'm,
Ne gu'na'si bar yedi Azi'wli' yelinin',
Xalqi'n shawi'p uli'-qi'zi'n ji'latti'm.

At shapti'rmay ba'lent tawdi' alama,
Allani'n' hu'kimi yeki bolama,
Dushpanlardi' Dag'i'standa ji'latti'm,
Kesapati' tiydi ata-anama.

Ashi'lmayi'n taza gu'ldey solg'andi',
Ne adami'm biy a'jelden wo'lgendi,
Dushpanlardi' bari'p bizler ji'latti'q,
Kesapati' yel-xalqi'ma bolg'andi',

Mo'hmin bolsan' jaratqan dep zar a'yle,
Sawash bolmay bedew atlarg'a minbe,
Aydawda kelip tur jetim-jesirler,
Qi'rq jigitler wo'z balan'nan kem ko'rme,

Qulag'i'n' sal qi'rq jigitler so'zime,
Ina'ni'p yerdin'ler menin' izime,
Aydawda kelip tur ne bir g'a'ripler,
A'wel quda tapsi'raman wo'zin'e,

Ruqsat bergil qi'rq jigit,
Bul ketkennen keteyin,
Joldi' ma'skan yeteyin,
Bir yari'm ay jol ju'rip,
Qorg'anshag'a jeteyin,
Jaylawi'mnan yel ketse,
I'ras bolsa ko'rgen tu's,
Yel keyninen quwarman,
Taba qoysam xalqi'mdi',
Alti' ayg'a taman kelermen,
Tabalmasam xalqi'mdi',
Ji'l won-yeki ay quwarman,
Alsam ali'p kelermen,
Alalmastay ku'n bolsa,
Qutqaralmasam dushpannan,
I'razi' boli'n' duzi'n'a,
A'jelim jetip wo'lermen.

Bunnan keyin qi'rq jigitten ruqsat ali'p Qoblan atti' jolg'a saldi'.

Neshe maydan jollardan,
Bir yari'm ay ju'rgende,
A'yne sa'ha'r waqti'nda,
Bir jerlerge kelgende,
Jerdin' ju'zin duman basti',
Ma'rttin' ko'zi qamasti',
Asti'ndag'i' tori' ati',
Shuw dese de ju'rmeydi,
Tepsinse de ju'rmeydi,
Bul jerlerge kelgenson',
«Qi'rqi'ldi'ma qanati'n'
Jari'ldima yeken jiligin',»
Dep qoli'na yer Qoblan,
Qamshi'si'n da'rha'l aladi',
Bas ko'z demey sabadi',
Ko'zgenen'nen tori'sha at,
Aspang'a qarap yesnedi,
Gu'ldir-gu'ldir kisnedi,

At qalag’a keledi,
Woqi’rani’p yen’redi,
Atti’n’ kelip turg’ani’,
Alti’nnan yetken qazi’qti’,
Din bilmegen ga’wirler,
Suwi’ri’p alg’an worni’ yedi,
Soni’ bilip tori’ at,
Sa’ha’r waqta turadi’,
Ag’ari’p wol tan’ atti’,
Qi’p-qi’zi’l bop ku’n shi’qti’,
Yeli tu’we xalqi’ joq,
Ko’ship ketken worni’ joq,
Bul Qoblanda qayg’i’ ko’p,
Qara ko’l degen ko’l yedi,
Mali’ma jayli’ jer yedi,
Woti’rg’andi’ xalqi’m dep,
At woynati’p kelip yedi,
Munda xalqi’n ko’rmedi,
Joqlap Qoblan yen’iredi,
Qara ko’l degen ko’l yedin’,
Mali’ma jayli’ jer yedi’n’,
Woti’rg’andi’ xalqi’m dep,
Batpag’i’n’a bir awnap,
Ji’lap ju’rgen bala yedim,
Jel qayi’q minip asti’ma,
Tuyg’i’n ali’p qoli’ma,
Aw-awlap shi’qsam u’stin’e,
Aldi’rmawshi’ yedi u’yregin’,
Arqadan shamal turg’anda,
Tarti’wshi’ yedi qurdi’mi’n’,
U’ydey boli’p yepkinlep,
Keler yedi tolqi’ni’n’,
Aldi’rmawshi’ yedin’ awi’n’di’,
Basi’n’a ku’nler tuwg’an son’,
U’stin’e dushpan kelgen son’,
Jollar berip qali’psan’,
Men ne boldi’m sennen son’,
Sen ne boldi’n’ mennen son’,

Aq tikenli aq shu'n'gil,
Qoyi'ma jayli' jer yedi,
Sen qoyi'n'nan ayri'li'p,
Sende mendey boli'psan',
Men ne boldi'm sennen son',
Bolar jerin' sol ma yedi,
Narday gu'rkirep turg'anson',
Yeli xalqi'n' wol joqlap,
Qalag'a keldi at sali'p,
Qara qi'pshaq xalqi'n'da,
Ne g'oshshag'i'n' bar yedi,
U'stin'e dushpan kelgende,
Merekede turg'anda,
Sayray berip so'ylesen',
So'zin' mennen ha'wledi,
Sende mendey boli'psan',
Sen yelin'nen ayri'li'p,
Qan'g'i'ri'p sho'lde qali'psan',
Sen ne boldi'n' mennen son',
Men ne boldi'm sennen son',
Gu'rkirep turg'an yerden son',
Xalqi'n ayti'p ji'ladi',
A'yne quptan boladi',
Do'gerekke qaradi',
Do'gerekke qarasa,
To'rt ko'ldin' arg'i' jag'i'nda,
Tog'i'z joldi'n' da'rbentinde,
Ji'lti'lday berip wot shi'qti',
Xalqi'm mi'nda yeken dep,
Qoblan bati'r at shapti',
At shawi'p barsa qasi'na,
Won bir kempir, won bes shal,
Ko'shke yerip ju're almay,
Aydawg'a zali'm bolmag'an,
Qara ko'ldin' jag'asi'nda,
Iyneden qarmaq sali'p,
Woti'rg'an kempir-shallardi',
Kelip ko'zi ko'redi,

Bunnan keyin, kim ten'lesten ayi'ri'lg'an, kim qurdastan ayi'ri'lg'an, ten'lesim, qurdasi'm dep ji'lag'an g'arri'lardi'n' u'stine bari'p, Aqshaxannan kelgen jasawi'l atli' boli'p, g'arri'larg'a Qoblan bir so'z aytti':

—Bizler boldi'q bul jerlerde biy qarar,
Qara ko'l boyi'nda boli'n' intizar,
Qali'psi'z yellerden mi'nda woti'ri'p,
Zamani'n'i'z qanday boldi' g'arri'lar,
Lashi'n boli'p qanati'n'nan qayri'li'p,
Ju'yrik yedin' doynag'i'n'nan mayri'li'p,
Zamani'n'i'z qanday boldi', qariyalar,
Siz qali'psi'z bu'lgen yelden ayri'li'p,
Men kelemen asti'mda ati'm woynati'p,
Ta'nde jani'm ja'ne ta'nim qi'ynati'p,
Ne sebepten ma'rt Qoblan dep so'yleysen',
Aparayi'n Aqshaxang'a ji'lati'p,
Bati'rli'g'i'm bul jerlerde bildirip,
Ba'rshen'izdi u'sh ag'ashqa ildirip,
Ne sebepten ma'rt Qoblan dep so'yleysen',
Aparayi'n Aqshaxang'a ji'lati'p,
Bati'rli'g'i'm bul jerlerde bildirip,
Ba'rshen'izdi u'sh ag'ashqa ildirip,
Ne sebepten ma'rt Qoblan dep ji'laysan',
Wo'ltireyin qara bawi'ri'n' tildirip,
Sonda g'arri'lar so'yledi;
—Aynanayi'n xan ag'a,
So'yletip wo'ltir jan ag'a,
Men Qoblandi' neteyin,
Boz qozi'm dep ji'layman,
Kim ayi'ri'lg'an qatardan,
Qang'i'rg'ang'a ji'layman,
Kim ayi'ri'lg'an qostardan,
Qi'ya sho'lde ji'lag'an,
Quw basi'm dep ji'layman,
Men Qoblandi' neteyin,
Bu'lgen yel dep ji'layman,
Bu'lgen yeldin' ishinde,
Woti'rar yedi Qi'di'rbay,

Bizler barsaq ag'am dep,
Mi'na yeldi jag'alay,
«Barmi'san' ag'a?» degende,
Ses beriwshi yedi gu'n'renip,
Qi'tay, qi'pshaqti' aralay,
Boz kempirdey jan jen'gem,
Shi'g'i'wshi' yedi tawlani'p,
Qatari'mnan ayri'li'p,
Qan'g'i'rg'ani'ma ji'layman,
Aqqan da'ryam sag'asi',
Yendi bati'l wol boldi',
Ultanlari' shan'g'i'tti',
Qarapli'qqa ji'layman,
Qoblan bolsa bul jerde,
Bunday isler bolar ma,
Boz atawdi'n' tulg'asi',
Wol taysalmay turg'anda,
U'yge zi'yan keler me,
Miywalag'an daraqti'n',
Wol miywasi' bolg'andi',
Ag'an' quwari'p turarma,
Mi'naw yeldin' ag'asi',
Aq kishi tonni'n' jag'asi',
Bu'lgen yeldin' iyesi,
Jani'm bolsi'n joli'n'da qurban,
G'arri' ag'amni'n' balasi',
Jani'm qurban joli'n'da,
Ma'rt Qoblan dep ji'layman,
—Bul ga'plerdi yesitip,
Asti'ndag'i' tori' ati',
Gu'rkirep kisnep ses berdi,
Gu'rkiregen sesleri,
G'arri'larg'a baradi',
Atti'n' dawi'si'n tani'ydi',
Kempir menen wol g'arri',
«Men baraman Qoblang'a,
Men baraman Qoblang'a» dep,
Ba'ri ten'nen juwi'rdi',

Jekennen islegen qosi',
Japi'ri'li'p ji'g'i'ldi',
Buzi'p shi'qti' dalag'a,
Ko'zi tu'sti g'arri'lardi'n',
Qoblan atli' balag'a,
Shu'kir yetip ji'lapti',
Jaratqan qa'dir allag'a,
Ko'zgenen'nen tori' atti'n',
A'ne moyni'n qushaqlap,
Ko'zinin' jasi' monshaqlap,
— Aqqan suwi'm sag'asi',
Sag'am aman barma yedin'?
Ma'wjiregen daraq miywesi,
Miywem aman barma yedin'?
Quwrag'an tawdi'n' giyasi',
Giyam aman barma yedin'?
Bu'lgen yeldin' ag'asi',
Shi'rag'i'm aman barma yedin',
Qaran'g'i' jerdi'n' jaqti'si',
Ga'wha'ri'm aman barma yedin',
Qoblan sonda so'yledi;
— Ji'lay go'rmen' g'arri'lar,
Bozlay go'rmen' sorli'lar,
Yeller qayda, jurt qayda,
Jurtti' kimler alg'andi',
Xali'qti'n' mi'naw bu'lginine,
Kimler sebep bolg'andi',
Qara qi'pshaq yellerden,
Kimler wo'lip, kim wo'lmey qalg'andi'?
Sonda g'arri'lar so'yledi:
— Woti'r yedik biy qayg'i',
Juma ku'ni pesinde,
Awi'lg'a qarap woq atti',
A'zelgi dushpan yel bolmas,
Yetekten kesse jen' bolmas,
Shaxanni'n' uli' Aqshaxan,
Wo'zi alayi'n dese de,
Qa'digi bar qa'wpi zor,

Keledi dep senlerdi,
U'sh ay won ku'n jollarda,
Qarawsi'n xanni'n' zu'riyadi',
Alshag'i'rday ga'wirdi,
Xan shaqi'ri'p alg'andi',
Mi'naw xali'qti'n' bu'lginine,
Aqshaxan sebep bolg'andi',
Qoblan wo'ldi degenson',
Alshag'i'rday wol naymi't,
U'sh mi'n' la'shker qol ali'p,
Yel shetine kelgendi,
Uli'n'di' bende qi'lg'andi',
Qi'zi'ndi' wolja qi'lg'andi',
Jasi' jetken g'arri'lar,
Appaq shashli' mamalar,
Na'resteler, balalar,
At asti'nda shi'rag'i'm,
Tozan' boli'p qalg'andi',
Jayi'li'p atqan yelin'e,
Biy qayg'i' jatqan xalqi'n'a,
Wolar kelip woq atti',
Woq atqanda ko'p atti',
Sharwa jatqan yellerdi,
Qoylar kibi man'i'ratti',
Xalqi'n' ji'lap ketken son',
Aradan u'sh ku'n wo'tken son',
Bul qorg'andi' qamadi',
Qaladag'i' adamni'n',
Uli'-qi'zi'n shuwlati'p,
Muni' ali'p bir ketti,
Yelin' ketti degen son',
Nayzasi' tu'sti qoli'nan,
Woyran bolg'an xalqi'm dep,
Ji'lag'an yeken ballar dep,
Wol to'gilgen haq qani'n',
Moyni'ma menin' qalg'an dep,
Zordan qaldi' ma'rt Qoblan,
Tori'sha atti'n' bul jerde,

Moyni'nan wol qushaqlap,
Bular wo'tip ketken son',
Anan'i'z benen atan'i'z,
Nar tu'yenin' qa'tebi,
Qa'tebine bir tan'i'p,
Muni' ha'm ali'p bir ketti,
Atan' ketti degen son',
Qanlar aqti' ko'zinen,
Ata-anan' ketip bolg'an son',
Qari'ndasi'n' Qansuli'w,
Jasawi'llar keyninde,
Wo'kshesin atqa basti'ri'p,
Dushshi' yetine qamshi' uri'p,
Qoblan jan dep aq uri'p,
Bul da wo'tti usi' jerden,
Si'n'li'n' ketti degen son',
So'zden qaldi' ma'rt Qoblan,
Aq nayzag'a su'yenip,
—Ba'ri de wo'tip bolg'an son',
Bes ku'n ja'ne wo'tken son',
Qurtqadayi'n kelindi,
Yeki birdey jasawi'l,
Buni' ha'm aydap bir keldi,
Qara shashi'n jayi'pti',
Ju'zine ti'rnaq sali'pti',
Si'n'si'p ji'lap bir keldi,
Kelerme yeken Qoblan dep,
Ko'rseterme yeken mag'an dep,
G'api'ldan keldi dushpan dep,
Ayti'p-ayti'p ji'ladi',
Qi'tay-qi'pshaq yelinde,
Ji'lamay adam qalmadi',
Aynala berip ko'z saldi',
Ko'zi tu'sti bizlerge,
Qaynag'a dep so'z saldi':
—Haw qaynag'a, qaynag'a,
Bizler ketip barami'z,
Jaw aldi'nda aydali'p,

Sizler qali'p barasi'z,
Qoblanli'day bati'rdi'n',
Aytqan ku'ni sol yedi,
Keletug'i'n waqi'tqa,
Jaqi'n ku'nler bar yedi,
Kele g'oysa Qoblani'm,
Ayta go'rin' dep yedi,
Asi'qpasi'n bati'ri'm,
Bu'lip ketken yelim dep,
Asti'ndag'i' tori' atti'n',
Alti' ay ku'ni kem yedi,
Bati'rli'g'i' tutpasi'n,
Asti'ndag'i' tori' ati'n,
Alti' ay baqsi'n dep yedi,
Bul ketkennen ketermiz,
Joldi' ma'skan yetermiz,
U'sh ay won ku'n jol ju'rip,
Alshag'i'rg'a jetermiz,
Qurg'an tilim quri'masa,
A'jelim jetip wo'lmesem,
Bu'lip bul barg'an yelimdi,
Alti' ji'l jaylaw qi'larman,
Yen' bolmasa xalqi'mdi',
Alti' ay tilep alarman,
Ayta go'rin' dep yedi,
Nasharli'q boldi' jazi'g'i'm,
Qalani'n' ku'n bati'si'nda,
Jerden aqi'm qazdi'ri'p,
Alti' ayli'q atti'n' wot-sho'bin,
Ma'rtti'n' jeytug'i'n azi'g'i'n,
Qoyi'p kettim dep yedi,
Ji'lap ketti balam dep,
Qayg'i'rmasi'n dep yedi,
Asti'ndag'i' tori' ati'n,
Alti' ay baqsi'n dep yedi,
Sadag'asi' keteyin,
Qaynag'a degen tilinen,
Jawdi'rag'an ko'zinen,

Sergizdan boli'p ketermen,
Kelinjanni'n' izinen,
Qaynag'a dep bir ketti,
Ayta almay ketti kelinjan,
Yendigi ga'ptin' izini.

Bunnan keyin g'arri'lardi' izine yeritip, Qorg'ansha qalasi'na bari'p, qalg'an-qutqanlari'n ji'ynap, buzi'lg'an qalalari'n, bu'lgen yellerin ko'rip, bawri' wottay jani'p, bayag'i' jer to'leni tawi'p aldi'. Atlastan jabi'wi'n, gu'dari' ayi'li'n sali'p, tori' ati'n bag'i'p jata berdi.

Aradan 40 ku'n wo'tkende Qoblan qi'yal yetti: «Yeli xalqi'm bu'lip ketkende, dushpan ali'p ketkende meniki ne jati's, ne ma'slik» tori' atqa yer saldi'. Za'rten'-za'berten' yertlep ali'p, at u'stine minip, namazliger waqi'tta arqa da'rwazag'a keldi. Bul da'rwazada bayag'i' tu'sinde ko'rgen quw gelle «Ha' Qoblan joli'n' bolsi'n Sultan» dep aldi'nan wo'te berdi. Qoblan da «Atar tan'g'a ju'rsen' de, batar ku'nge ju'rme, degen menmenlik bizge kelmesin», dep jatqan jerine qayti'p, bir aqsham miyman boldi'.

Tan' sa'ha'rden Qoblanli',
Mindi atti'n' beline,
Shi'g'i'p Qi'zi'r sho'line,
Sapar yetip atlandi',
Ma'rt ati'na mingende,
U'sh ay won ku'n joli' bar,
Sebil boli'p qi'pshaqlar,
Bu'lip ketken yeline,
«Sen u'yrin'nen ayi'ri'ldi'n',
Mende yelimnen ayi'ri'lg'an,
Shuw jani'war shu'w dedi,
Bu'lip ketken yelimdi,
Tabar ku'nler barmeken,
Dushpanlardi'n' qoli'nan,
Ayi'rar ku'nler barmeken,
Jetim menen jesirdi,
G'a'rip penen qa'serdi,

Bul dushpanni'n' qi'si'mi'nan,
Qutqarar ku'nler barmeken».
Atqa qamshi' uradi',
Bu'lgen yeldin' keyninen,
At woynati'p baradi',
Woyli' qumnan wo'rmelep,
Atlar woynap baradi',
Yespe qumnan yespelep,
At yesirip jo'nedi,
Jete bilmey, sho'llerde,
Belli ju'ris qi'ladi',
Teren' ji'lg'a, teren' say,
Ku'ygelekli ko'p tog'ay,
Bunnan wo'tip baradi',
Tu'lki ju'rmes tu'neyden,
Tu'nde ketip baradi'.
Qarsaq ju'rmes qali'n'nan,
Qapsi'ra ketip baradi'.
Jetken jerge qonadi',
Ga'hiy jerge tu'slenip,
Ga'hiy ko'lde, ga' sho'lde,
Ga'hiy tog'aydi'n' ishinde,
Jete almay segbir qi'ladi',
Bir ay ma'ha'li tolg'anda,
Bir yari'm ay bolg'anda,
G'amgu'nge kewlin tolti'rdi',
Qi'zi'l ju'zin soldi'rdi',
Asti'ndag'i' tori' ati',
Jortalmaydi' boldi'rdi',
Ali'p ju'rgen woraq joq,
Jawdan bo'ten talap joq,
Qi'li'shtan bo'ten jaraq joq,
Bu'lgen yelge jete almay,
Ya keyin qayti'p kete almay,
Jari' jolg'a barg'anda,
At boldi'rg'an sekilli.
Qoblan ati'n bag'i'p bul jerde irkiledi.
Yendigi so'zdi bu'lgen yelden yesiti'n':

Bu’lgen yelge jaqsi’ jer barma, juri’m-jurqa tawi’p alsa, bu’lgen yeldin’ belli kiyimi yedi, su’yek-sayaq tawi’p alsa, belli tamaq qi’latug’i’n yedi.

Qurtqa bir qoydi’n’ quw jawri’ni’n tawi’p aldi’, shep jag’i’ dushpandiki, won’ jag’i’ wo’zimdiki dep, quw jawri’ng’a ko’z saldi’. Qarasa, keselep ayri’li’p bir jol kelip, qazanshi’qqa keselep turdi’. Buni’ mi’sal menen Qurtqa Qoblandi’ yelge kelgen qi’li’p, g’arri’lardi’ ko’rgen qi’li’p, Qoblanni’n’ ati’n qi’rq ku’n baqqan qi’li’p, ati’ni’n’ jari’ jolg’a kelgende jaramay qalg’ani’na qapalani’p woti’rg’ani’n ko’rgen boldi’.

—Baslari’ma aqi’r zaman quri’lg’an,
Barma yeken du’nyada bizlerdey bolg’an,
A’wel yen’irep, son’i’nan nege ku’lesen’,
Bizge bayan a’yle ayti’p Qurtqajan.

Bunday ku’nde bizge jaqi’n bolg’andi’,
Qi’pshaqti’n’ yelinen da’wran tayg’andi’,
A’wel yen’irep, son’i’nan nege ku’lesen’,
Ku’lgenin’ni’n’ ayt ma’nisin, Qurtqajan

Da’wlet tayi’p, menin’ gu’lim solg’andi’,
Ya bolmasa qozi’m wo’lip qalg’andi’,
Aytqi’l mag’an bul isin’ni’n’ ma’nisin,
Bul isin’e neler sebep bolg’andi’,

Qar jawi’p jawi’ndur yellerdin’ g’ayi’,
Alla bolg’an jalg’i’zimni’n’ panayi’,
A’wel yen’irep, so’n’i’nan nege ku’lesen’,
Ku’lgenin’nin’ ma’nisin ayt Qurtqajan,
Keshegi ketken shi’rag’i’mni’n’ jubayi’?

Jang’an woti’m usi’ bu’gin so’ndi’me,
Jalg’i’z balam yel shetine keldi me,
Aytqi’l ku’lgenin’nin’ ma’nin Qurtqajan,
Ya bolmasa jalg’i’z Qoblan wo’ldi me?

Sonda Qurtqa so’yledi:
—Jol-jol boli’p qaldi’ bizin’ qalami’z,

Bati’r bolg’ay biz g’a’rip panami’z,
Quw jawri’ng’a quwanban’i’z g’arri’lar,
Ji’lay go’rme yeki ata-anami’z.

Quw jawri’ng’a quwanba,
Quw su’yegi quri’si’n,
Quw su’yekke qarasan’,
Ha’rbir tu’rli ma’nisi bar,
Mingende bedew jelipti,
Bizler yelden ketken son’,
Azi’raq ku’n wo’tken son’,
Aqi’li’ joq perzentin’,
Yel shetine kelipti,
Ayti’p yedim ga’rri’g’a,
Alti’ ay atti’ baqsi’n dep,
Mi’salg’a ali’p ga’p aytsam,
Qi’rq ku’n ati’n baqqanday,
Qi’rq bes ku’n ati’n shapqanday,
Keselep turg’an joli’ bar,
Ati’ qali’p boldi’ri’p,
Jari’ jolda jatqanday,
Jamanli’q yemes amanli’q,
Bir yari’m ay bolg’anda,
Kelmespeken Qoblanli’,
Woylayman keyin qayi’r dep,
Ashi’lmag’i’n taza gu’ller solarma,
A’jel jetpey gu’mra bende wo’lerme,
Woni’n’day aqi’lsi’z nadan perzentin’,
Wo’ybey ata, siz yeneden tuwarma,
Yeki aydur balan’ kelgeli,
Balan’i’zdan bolg’andi’,
Mi’naw yeldin’ bu’lgeni,
Quw jawri’ng’a qarama,
Quwana go’rme ata-yene,
A’weli yen’irep bul nashar,
Son’i’nan nege ku’lgeni,
Sol yedi yene ko’rgeni.

Bunnan keyin, Qurtqa suli’w bu’lgen yeldi baslap, Alshag’i’rdi’n’ qalasi’na bardi’,

Bu'lgen yelge jaqsi' jer bolsi'n ba, jawdi'n' keler betinen, go'ne qalani'n' shetinen Qi'pshaqlarg'a jay berdi, Bu'lgen yelde i'qti'yar bolama, dushpanlar asti'nda ta'wirirek at ko'rinse, u'stinde jaqsi'raq kiyim ko'rinse, ha'm de shi'rayli' qi'z-kelinshek-lerine so'z sali'p, yeriksiz tarti'p aladi'.

Qoblanni'n' qari'ndasi' Qansuli'wdi' Alshag'i'r ga'wirdin' won bir balasi' shi'li'm salmaqli'qqa xi'zmetkerlikke aldi'.

Qoblanni'n' dosti' Polat degen bar yedi, bul Polatta Qoblanni'n' yelinen qali'p ne bolaman dep, Alshag'i'r ga'wirdin' xi'zmetinde bu'lgen yel menen bul ha'm tayi'n turg'an yedi.

Bu'lgen yel-xali'q Qurtqag'a ji'lap keldi. — «Jolbari'sti'n' yerkegi de mal aladi', urg'ashi'si' da mal aladi'» degen, yerimizden qalg'an yerimiz yedin', aldi'mi'zdag'i' basshi'mi'z yedin', bizlerdin' ilaji'mi'zdi' qi'lsan' qalay bolar yeken», degende Qurtqani' Alshag'i'r xang'a barayi'n dese ata-yenesi jibermeytug'i'n yedi. Al yendi ata-yenesinin' qoli'n qag'i'p taslap, xali'q ushi'n wo'lsem ne ayi'bi' bar dep, basi'n qanji'g'ag'a baylap, Alshag'i'r ga'wirge sapar tartti'.

Patshani'n' qapi'si'na jaqi'nlag'an jerde yesiktegi ja'llatlar Qurtqani'n' jen'in ji'rti'g'i'raq, jag'asi'n kir ko'rip, «patshami'zdi'n' rayi'n qaytararsan', zan'g'ar!» — dep quwi'p saldi'.

Qurtqa ji'lap barati'rg'ani'nda aldi'nan bir kempir shi'qti'.

— Ha'y kelin, nege ji'lap barati'rsan'? — dedi. Anda Qurtqa aytti': —Alshag'i'r ga'wirge barayi'n dep yedim, bari'p ari'z qi'layi'n dep yedim, yesigindegi ja'llatlar kirgizbey quwi'p saldi'. Sol sebeplik kemlik kelip ji'lap barati'rman, — dedi.

— Ha'y balam, ku'n bati's ta'repinde qi'rq tisli bir za'n'gi bar, sol za'n'giden minsen', men datqashi'man desen' sonda g'ana ko'rersen', — dedi. — Qatari'n'da nari'n' bolmasa, jetegin'de ati'n' bolmasa, kisen'de puli'n' bolmasa, yesikten tuppa tuwra hasla kirmeklik joq, — dedi.

Bul so'z maqul tu'sip, qi'rq tisli zan'ginin' u'stine minip, basi'n sug'i'p qarasa, Alshag'i'r ga'wirdi ko'rdi.

— Datqashi'man taqsi'r, — dep Qurtqa bir so'z aytti':

— Aw, Alshag'i'r, Alshag'i'r,
Biz musi'lman, sen ka'pir,
Datqashi'man men dedi,
Arzi' aytalmay baraman,
Arzi'mdi' yesit sen dedi,
Kirgizbeydi u'stin'e,
Barmayi'n desem ku'nim joq,
Patshali'qtan minin' joq,
Qatari'mda nari'm joq,
Jetegimde ati'm joq,
Ja'llatqa berer na'rsem joq,
Aydawda kelgen yel yedik,
Bu'lip kelgen biz yedik,
Aldi'mda basshi' jog'i'nan,
Ayti'p kel dep jibergen,
Xali'qti'n' aytqan so'zi yedi,
Alshag'i'r patsha siz dedi,
Datqashi'man men dedi.

Sol waqi'tta Alshag'i'r ga'wir yesiktegi ja'llatlarg'a «duzi'm tutsi'n, ko'zin' shi'qsi'n, Qurtqani' yesikten ali'p kel» dep ha'mir yetti.

Ja'lladlar ha'r qaysi'si' ha'r ta'repke juwi'rdi', Qurtqani' tawi'p aldi'.

Bararsan' xanni'n' aldi'na, ko'rinersen' ko'zine, minersen' yeki dizine! — dep tu'ygishlep, jayg'a iyterip jiberdi, Ishkerige bari'p wo'z ta'rtibinshe sa'lem berdi. Patsha ha'm sa'lemin a'lik aldi'. Sa'lemnen keyin patsha bir so'z aytti':

—Wol-wol bolsi'n, wol bolsi'n,
Da'wletin'iz mol bolsi'n,
Aldi'ma ji'lap kelipsen',
Kimnen ko'rdi'n' qorli'qti',
Qurtqa kelin jol bolsi'n,
Bereyin sizge ten'likti,
Kim a'yler pi'g'li' tarli'qti',
Aldi'ma ji'lap sen keldi'n',

Yettime birew zorli'qti',
Qayi'lsan' jannan keshpege,
Kimnen ko'rdin' xorli'qti',
Kim a'yler pi'g'li' tarli'qti',
Qaldi'rmastan ayta ber,
Basi'n'dag'i' barli'qti'.
Anda Qurtqa so'yledi:
— Haw Alshag'ar, Alshag'ar,
Biz puqara, sen patsha.
So'yleytug'i'n bizde til,
Jetim menen jesirdin',
Atasi' patsha siz yedi,
Atami'zg'a bar deyip,
Buyi'rg'an yedi bizlerdi,
Jetim qalg'an bala yedi,
Jetim qalg'an qi'z yedi,
Ayti'p mi'naw turg'ani'm,
Jibergen bizdi yel yedi,
Aytatug'i'n ari'z yeldiki,
So'yleytug'i'n til biziki,
Ani'q ti'n'la siz dedi.
— Ayta ber nashar sen, — dedi,
Sonda Qurtqa so'yledi:
—Buri'ng'i'dan qalg'an so'z,
Xan u'stine jaw kelse,
Qaytar yeldin' da'wleti,
Xan u'stine yel kelse,
Wol da xanni'n' da'wleti,
Jetim ul menen jetim qi'z,
Bul da xanni'n' perzenti,
Da'wlet tayg'an yeller bar,
Jetim qalg'an qi'zlar bar,
Da'wletli yelge keledi,
Patshani'n' alg'an ayi'mi',
Sonnan tuwg'an qi'z bolar,
Ta'wir ati'm bar bolsa,
Ta'wir qi'zi'm bar bolsa,
Bu'lip kelgen biz yelmiz,

Qaladag'i' dushpanlar,
Bizge qoli'n saladi'.
Ji'lap keldik dad yetip,
Ha'mmeni ten'dey ko'resiz,
Xali'qti'n' aytqan so'zi yedi,
Alti' ji'llar bolg'anday,
Xalqi'ma jaylaw beresiz,
Alshag'i'r qalay ko'resiz,
U'ndemedi Alshag'i'r,
Tag'i' Qurtqa so'yledi:
—Qarasha xanni'n' wag'i'nda,
Qati'n yerdin' tusi'nda,
Qoblan yelde bari'nda,
Sendey patsha bolmasaq ta,
Azg'ana yelge to're yedik,
Jetim qalg'an qi'zlarg'a,
Birew qi'lsa zorli'qti',
Ta'mbisin woni'n' biz berdik,
Si'ypamasa yenesi,
Ne boladi' ilaji'?
Jetim qalg'an balalar,
Birewden jese tayaqti',
Anasi'na wol kelse,
Ti'n'lamasa anasi',
Ne boladi' ilaji'?
Bu'gin aydi'n' won besi,
Won besi bolar qaran'g'i',
Won besi bolar jaqti' ku'n,
Qaran'g'i' ku'n basi'mnan,
Ketpesine Alshag'i'r,
Jetemeken ko'zin'iz,
Bilesiz be wo'zin'iz?
Yesiktin' aldi' aq da'rya,
Tu'ske deyin pal ag'ar,
Tu'sten keyin qan ag'ar,
Mudam paldi'n' ag'ari'na,
Jetemeken ko'zin'iz?
Ja'ne qanni'n' ag'ari'n,
Bilesiz be wo'zin'iz?

Jete g’oysa ko’zin’iz,
Bileg’oysan’i’z wo’zin’iz,
Bizdey bolg’an qi’zi’n’ bar,
Woynap ju’rgen balan’ bar,
Bizdey bende bolmasqa,
Jeterme yeken ko’zin’iz?
Bilesiz be wo’zin’iz?
Buring’i’dan qalg’an so’z,
«Qi’rq ji’l haslan bayli’q joq»,
«Qi’rq ji’l jarli’li’q joq» degen,
Sizge kelgen da’wran bar,
Wol basi’n’nan taymasqa,
Jetemeken ko’zin’iz?
Bilesiz be wo’zin’iz?
Toli’p jatqan yelin’ bar,
Bu’lmesine Alshag’i’r,
Bile g’oysan’ wo’zin’iz,
Jete g’oysa ko’zin’iz,
Ayti’p boldi’m so’zimdi,
Yendi wo’zin’iz bilin’iz,
Barda menin’ xalqi’mdi’,
Qaytadan shap jurti’mdi’!
Sonda Alshag’i’r woylandi’,
Tu’sinedi so’zine,
I’qti’yar berdi sol waqta,
Bul Qurtqani’n’ wo’zine,
Alti’ ji’l Qurtqa bolmasi’n,
Alti’ ay bolsi’n ma’wletin’,
Yesigin’di qi’pshaqlar,
Jel ashsi’nda, jel japsi’n,
Yeger zorli’q qi’lg’anni’n’,
Wo’zi bolsi’n wo’limdar,
Mali’ bolsi’n patshali’q!
Pa-pa marhawa dep,
Jar saldi’rdi’ qalag’a,

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar:***

**1.** Qoblanni’n’ tu’sine qanday waqi’ya ayan beredi?

2. «Bosag'a biyik boz worda,
Bosag'am jati'r bir jerde,
Alti'nnan yetken uwi'g'i'm,
Shashi'li'p ati'r ha'r jerde,
Shan'araq jati'r bir jerde «— degen Qoblanni'n' ko'rgen tu'sin Dug'dar qalayi'nsha jori'ydi'?
3. Yeldi shapqan Alshag'ar haqqi'nda Qoblang'a toli'q mag'luwmat bergen kim ?
4. Alshag'i'rg'a bende bolg'an xali'qti'n' awhali' qanday yedi ?
5. Qurtqa Alshag'i'rg'a bende bolg'an xali'qti'n' arzi'n qalay bayanladi' ?
6. Qurtqani'n' : «Bu'gin aydi'n' won besi,
Won besi bolar qaran'g'i'
Won besi bolar jaqti' ku'n,
Qaran'g'i' ku'n basi'n'a,
Kelmesine Alshag'i'r,
Jeter meken ko'zin'iz — degende neni tu'sinesiz?
7. Da'standi' woqi'p, wo'z tu'sinigin'izdi gu'rrin' yetip jazi'n'.

## «MA'SPATSHA» DA'STANI'

**Da'stan tuwrali' uluwma tu'sinik.** Bul qaraqalpaq da'stanlari'ni'n' ishinde basqa da'stanlar menen sali'sti'rg'anda wog'ada az izertlengenlerinin' birewi boli'p yesaplanadi'. Basqa da'stanlar si'yaqli' avtori' belgisiz boli'w menen bir qatar, qashan do'retilgeni tuwrali' da ani'qlang'an pikir joq. Da'standag'i' qaharmanlardi'n' tariyxta bolg'anli'g'i'n da'lilleytug'i'n ya awi'zeki, ya jazba tu'rinde heshqanday mag'luwmat joq. Geypara a'debiyatshi'lari'mi'z da'stanni'n' mazmuni'na, quri'li'si'na, tiline tiykarlana woti'ri'p, «Alpami's» da'stani'ni'n' izi menen jazi'lg'an, son'g'i' waqi'tlarda, atap aytqanda, qaraqalpaq xalqi'ni'n' Tu'rkstannan ko'ship kelip, Xorezmde jasag'an waqti'nda do'regen da'stan degen pikirdi keltirse, al ayi'ri'mlari' wol Buxara aymag'i'nda do'retilgen boli'wi' kerek degen shamalawdi' bildiredi.

Uluwma shi'g'armani'n' barli'q waqi'yasi' boyi'nsha wol son'g'i' waqi'tlari' do'retilgen, degen pikir duri'slaw ko'rinedi.

Bunday dewimizge sebep, «Ma'spatsha» dag'i' waqi'yani'n' kompoziciyasi' da, unamli', unamsi'z qaharman-

lardi'n' minezlemesi de, wolardi'n' tag'diri de «Alpami's» da'stani' menen wog'ada jaqi'n. Da'standa ushi'rasatug'i'n geypara qosi'qlar tutasi' menen «Alpami's» da'stani'ndag'i' qosi'qlarg'a uqsas keledi. «Alpami's» da'stani'n XVI a'sirden son' do'retildi dep qabi'l yetsek, yeki da'stan arasi'ndag'i' uqsasli'q «Ma'spatsha» da'stani'ni'n' son'g'i' da'stan yekenligin ashi'q ko'rsetedi.

Da'stanni'n' uluwma mazmuni'nda ko'shpeli sharwashi'li'q turmi's yemes, woti'ri'qshi' di'yqanshi'li'q turmi's tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Bo'get, jap qazi'w, ju'weri yegis —diyqanshi'li'qqa ta'n na'rseler so'z yetiledi. Qali'n' malda, maldi'n' worni'na aqsha almasti'radi', suwpi', iyshan si'yaqli' din iyeleri, meshit, medirese sali'w so'z yetiledi, uri'w basi' feodaldi'n' roli basqa da'stanlardag'i'-dan anag'urli'm wo'zgeshe ko'rsetilip, son'g'i' waqi'ttag'i' uruwshi'li'q turmi'sqa jaqi'n.

Bul jag'daylardi'n' barli'g'i' derlik yen' uzaq bolg'anda XVII a'sirdin' aqi'ri'ndag'i' bergi qaraqalpaq turmi'si' ushi'n si'patli' na'rseler.

Shi'g'armadag'i' «nayi'p, da'ris andan, kent, wa'liyat, du'rmin» si'yaqli' ko'p ushi'rasatug'i'n so'zler de tiykarg'i' faktler boli'p xi'zmet yete almasa da, shi'g'rmani'n' son'g'i' waqi'tlarg'a tiyisli yekenligin ko'rsetedi.

Usi'larg'a qosa Ayparshani'n':

Amanda gu'manda basi'mni'n' sawi',
Keynimnen qalmadi' qalmaqti'n' jawi', —

degen so'zin alsaq, da'standag'i' waqi'yani' sheshiwshi qaharmanlardi'n' da son'g'i' waqi'tta wo'mir su'rgenligi ani'q boladi', Wolay bolsa, usi'ni' so'z yetiwshi da'stanni'n' do'retiliw da'wiri de son'g'i' waqi'tlarg'a tuwra keledi.

Qon'si' xali'qlardi'n' ashi'qli'q da'stanlari'ni'n' ko'pshiligi derlik, («Qi'z jipek»-qazaqsha, «G'a'rip ashi'q», «Sayatxan-Hamra»-tu'rkmenshe h.t.b.) so'z yetetug'i'n turmi'si'na tiykarlani'p, basqa da'stanlarg'a sali'sti'ri'li'p, son'g'i' waqi'tta do'retilgen da'stanlar dep shamalanadi'. Usi' da'standag'i' bas qaharmanlar (ashi'qlar) wo'z yelinen qi'z tappay,

basqa yellerge ketip, qi'z qi'di'radi' ha'm sol yellerden tabadi'.

Tap usi' si'yaqli' syujetlik bag'i't «Ma'spatsha» da bar. Ma'spatsha wo'zine ten' qi'zdi' wo'z yeli Keneges jurti'nan, Xorezmnen de tappay Tama yeline ketedi. Bul jag'day qon'si' xali'qlar da'stanlari' si'yaqli' «Ma'spatsha»ni'n' do'retiliwin son'g'i' a'sirler dep shamalawg'a mu'mkinshilik beredi.

Yerterekte do'retilgen da'stanlardi'n' ko'pshiligi qon'si' xali'qlardi'n' ko'pshiliginde bir-birine jaqi'n nusqada ushi'rasi'p woti'radi'. Al son'i'raq do'retilgen da'stanlar da bunday si'patlar ushi'raspaydi'.

Usi' ko'zqarastan qarag'anda da, «Ma'spatsha» da'stani'ni'n' variantlari' basqa xali'qlarda barli'g'i' tuwrali' mag'luwmat joq.

«Ma'spatsha»ni'n' da'wirin ani'qlawda XIX a'sirdegi a'debiy shi'g'armalardi'n' wo'z avtorlari'ni'n' saqlani'w ma'selesi de yeske ali'ni'wi' kerek.

Wo'ytkeni, XIX a'sirdegi shi'garmalardi'n' barli'g'i'ni'n' wo'z avtorlari'n saqlag'an tu'rde bizge kelip jetiwi, yeger «Ma'spatsha» XIX a'sirde do'retilgen bolsa, «Aqmaq patsha», «Bozataw» ha'm tag'i' basqalar si'yaqli' wo'z avtori'n saqlawi' kerek g'oy — degen pikir tuwi'ladi'.

Minekey, usi'lardi'n' barli'g'i'n juwmaqlap aytqanda, da'stanni'n' do'retiliwi yen' beri bolg'anda XVIII a'sirde boli'p, XIX a'sirde ku'shli wo'zgeriske ushi'rag'an dep shamalaymi'z.

Usi'g'an baylani'sli' da'stanni'n' do'retilgen worni'n Tu'rkstan dep, ku'shli wo'zgeriske ushi'rag'an worni'n— Xorezm dep shamalaw maqul boladi'.

Da'standag'i' so'z yetiletug'i'n ha'diyselerdin' Shi'rshi'q da'ryasi'ni'n' boyi'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' turmi'si' menen de ti'g'i'z baylani'si' bar.

**Da'stanni'n' basli' qaharmanlari'.** Da'standa qatnasi'wshi'lar ko'p bolg'ani' menen, wolardi'n' barli'g'i'na birdey tamamlang'an obraz berilmegen, ko'pshiliginin' da'standag'i' waqi'yag'a qatnasi' epizodli'q yamasa toli'q ayaqlanbag'an si'patqa iye, (A'bdika'rim, Labaq h.t.b.) geypara qaharmanlar bas qaharmanlardi'n' tag'dirin ya awi'rlasti'ri'w,

ya jen'illestiriw ushi'n xi'zmet yetedi (Alan'g'asar da'w, qalmaq, at seyisinin' anasi').

Geypara qaharmanlar isi, minezi jag'i'nan bir-birine jaqi'n (Babaxan, Worazali').

Sonli'qtan shi'g'armani'n' barli'q qaharmanlari'na baspa-bas toqtamay-aq tiykarg'i'lari'n yag'ni'y unamli' obrazlar si'pati'nda Ma'spatsha menen Ayparshani', unamsi'z obrazlar si'pati'nda Babaxan menen Hayarbabani' so'z yetiwdin' wo'zi jetkilikli.

**Ma'spatsha.** Da'stanni'n' ati' da, waqi'yasi' da usi' Ma'spatshag'a baylani'sli'. Usi'ni'n' wo'zi-aq, woni' da'standa sheshiwshi wori'ndi' iyeleytug'i'n tiykarg'i' qaharman yekenin ko'rsetedi.

Ma'spatshani'n' minezinen aldi' menen ko'zge tu'setug'i'n belgileri shi'n muhabbati', sadi'qli'g'i' taza ju'regi, ku'shli jigeri. Xali'qti'n' da'standa Ma'spatshani' unamli' qaharman si'pati'nda su'yiwinin' sebebi de woni'n' sol belgilerine tiykarlanadi'.

Wol Tama yelinin' qi'zi' Ayparshani' su'yedi, woni' wo'z yeline ali'p kiyati'ri'p ko'p qi'yi'nshi'li'qlarg'a ushi'rasadi', ko'p sanli' jaw menen uri'sadi', jeti jerinen woq tiyip, jeti ji'l tawda sergizdan boladi'. Biraq wo'z su'yiklisine bolg'an muhabbati'na sadi'q qaladi'.

Ma'spatshadag'i' muhabbat turaqli' haqi'yqi'y gu'resshen' mazmung'a iye. Wol wo'z muhabbati'na sadi'q, woni' qorg'aw, wo'z maqsetine jetiw ushi'n ku'sh te, qural da jumsap, bati'rli'q penen gu'rese aladi'.

Sonli'qtan da, Hayarbabani' quwi'p ketip, bir jaqtan Babaxan 18 mi'n' la'shker menen kelip Ayparshani' ali'p ketken waqta, wo'z su'yiklisinen ayi'ri'lg'an Ma'spatsha:

> Jag'amnan sel boli'p aqti' ko'z jasi'm,
> Yari'mnan ayri'li'p yen'irer bul basi'm-

— dep zarlaw yamasa Manjun atqa wo'tinish ayti'p qayg'i'si'n bo'lisiw menen g'ana shegaralani'p qalmaydi', al, «ya Ayparsha yari'mdi' ali'p qaytaman, ya jaw qoli'nda wo'lip qaytaman» dep jawg'a atlanadi', qaharmanli'q sawash ju'rgizip, jawdi' qi'radi'.

Ma'spatshada wo'z su'yiklisine bolg'an sadi'qli'g'i', turaqli'li'g'i' tiykarg'i' wori'ndi' iyeleytug'i'ni' duri's, biraq wol tek turaqli' ashi'q g'ana yemes, al ku'sh jigeri toli'sqan bati'r boli'p ta yesaplanadi'. Woni'n' ko'p sanli' qalmaqqa jalg'i'z wo'zi toqtam beriwin aytpay-aq, qalmaqti'n' ardaqlag'an Alan'g'asar da'winin', wol jeti jerden woq tiyip jati'rg'anda qasi'na bari'wg'a qorqi'wi'ni'n' wo'zi joqari'da aytqani'mi'zg'a da'lil boladi'.

Ma'spatshadag'i' tiykarg'i' belgi turaqli' ashi'qli'q degennen, wol ashi'qli'qti' ayi'ri'mlap ali'wg'a, Ma'spatsha wo'zinde bar bolg'an bati'rli'qti' tek ashi'qli'q joli'nda jumsaydi' dewge bolmaydi'. Woni'n' yardi' shi'n su'ye alg'an ju'regi, yeldi de solay su'ye aladi', yelge tu'sken qi'yi'nshi'li'qti'n' wo'zine tu'skenin maqul ko'redi.

Woni'n' aqi'rg'i' ret Ayparsha menen yelge ketip barati'ri'p, qalmaqti'n' sansi'z la'shkerin ko'rgende; «bular az g'ana Keneges yelime bari'p shawi'p alsa, a'dil yer boldi'm ne, ya qara jer menen ten' boldi'm ne, usi' jerde qalmaq penen uri's yeteyin, ya wo'leyin, ya qalmaqti' dinge Yendirip qaytayi'n» — dep aytqan so'zi de wondag'i' yel, su'yiw sezimine baylani'sli'.

Ma'spatshadag'i' an'qawli'q, isengishlik tikkeley aqi'lsi'zli'qti'n' belgisi yemes, al aq ko'kirek, aq kewillilikti, wo'zi haqi'yqatti' so'yleytug'i'n, aldaw, hiyleni bilmeytug'i'n joqari' adamgershilikli adamni'n' ko'rinisi.

Ko'p sanli' Babaxanlar basqarg'an hayal-qi'zlarg'a ko'z qaras, shan'araqta, muhabbatqa juwapkersizlik ta'n bolg'an sol da'wirde, wo'z su'yiwshiligine turaqli' boli'w, turmi'sqa jen'il qaramaw, hayal-qi'zlardi'n' adamshi'li'q qa'dirin toli'q tu'siniw ha'm hu'rmetlew, uluwma alg'anda Ma'spatshani'n' unamli' belgisi, mine usi'lar.

**Ayparsha.** Da'standag'i' barli'q waqi'yag'a Ma'spatshadan da go're ko'birek qatnasatug'i'n, unamli' qaharmanlardi'n' ta'g'dirinin' jaqsi' na'tiyjege yerisiwinde tiykarg'i' wori'ndi' iyeleytug'i'n Ayparsha.

Ayparshada Ma'spatshadag'i' unamli' belgilerdin' barli'g'i' da; turaqli' su'yiwshilik te, wo'z muhabbati', wo'z basi'ni'n' yerki ushi'n gu'rese alatug'i'n ku'sh te, jiger de, bati'rli'q ta bar.

Wol tek si'rtqi' forma jag'i'nan suli'w shi'raydi'n' iyesi yemes, al ishki mazmun jag'i'nan da suli'w, taza turaqli' hu'jdanni'n', parasatli' aqi'ldi'n', jawi'ngerlik jigerdin' de iyesi.

Neshe ji'l boyi' yel qi'di'ri'p, wo'z ten'in Ma'spatshani'n', woni'n' ju'reginin' talaplari'na toli'q juwap berip, Ma'spatshani' turaqli' ashi'q bati'r jigit da'rejesine ko'tergen de, woni'n' usi' belgileri.

Wo'zimnin' ten' dep Ma'spatshag'a qosi'lg'an Ayparsha, Ma'spatsha menen birge talay qi'yi'nshi'li'qqa dus keledi ha'm wog'an qarsi' gu'resedi, biraq gu'reste jen'ilip yeki ret jaw qoli'na tu'sedi, ku'shli jawdi'n' qoli'nda qol-ayag'i' baylawli', basi' qamawda ilajsi'z qaladi'. Woni' bendelikte uslag'an Babaxan da, Worazali' da, wog'an qayi'rqomli'q, saltanat ra'ha'tin wa'de yetip wo'zlerine qosi'li'wg'a usi'ni's yetedi. Biraq bug'an Ayparsha kelisim bermeydi. Wo'ytkeni, wog'an xanni'n' saltanati', g'a'ziynesi, bayli'g'i' qa'dirli yemes, taza ju'rekli, sap hu'jdanli' insan menen turmi's qurg'andi' abzal biledi.

Babaxan menen Worazali' wog'an usi'ni's yetip g'ana qoymastan, yeger kelisim bermese wo'lim qawpin de yeskertip qoyadi'. Ju'regi qulshi'li'q, zuli'mli'q aldi'nda bas iyiwshilikke qorqi'ni'shqa yemes, yerkinlikti su'yiwshi sezimge toli' bolg'an qi'z, wo'lim qa'wpi aldi'nda da aqi'li'n joyti'p bag'iti'n wo'zgertpeydi, wo'z su'yiklisinen bas tarti'p, basqalardi'n' i'qpali'na ji'g'i'lmaydi'.

Wol zuli'mli'qqa bag'i'ni'w — wo'zin'di-wo'zin' xorlaw, al wo'z baxti' ushi'n gu'resiw, baxi'tli' wo'mir su'riwge yerisiw dep tu'sinedi.

Woni'n' bul seziminin' tag'i' bir ku'shli jeri, qi'yi'nli'qqa qarsi' wo'z gu'resinin' jen'isli boli'p shi'g'i'wi'na toli'q isengen tu'rde ha'reket yetedi. Shi'ni'nda da istin' na'tiyjesi Ayparsha woylag'anday boli'p shi'gadi', wol alg'a qoyg'an maqsetine jetedi. Babaxan wo'limge hu'kim yetken waqti'nda:

«Kelin boli'p tu'se almadi'm, Kenegestin' jurti'na» dep a'rma'n yetken Ayparsha:

Munnan barsan', mennen duwayi' sa'lem,
Ko'rmesem de i'rza bolsi'n wo'zime,
Qayi'n ata, qayi'n ana, tuwg'an yeneme,
Munnan barsan' mennen duwayi' sa'lem,
Wo'zin'nin' ten' joldas, jora dosti'n'a, —

deydi.

Ayparsha da'standa Ma'spatshani'n' su'yikli yari', jawi'nger joldasi' g'ana yemes, aqi'lgo'yi de boli'p ko'zge tu'sedi. Woni'n':

Jaw aldi'nda qasha go'rme ladani'm,
Bati'r xalqi' jawdan qashar bolarma?
Jaw aldi'nda sasa ko'rma ladani'm,
Izden kelgen dushpan kewlin wo'sirip,-

degen so'zlerinde qanshelli parasatli'li'q barli'qti' tu'siniw qi'yi'n yemes.

Uluwma alg'anda Ayparsha menen Ma'spatsha yekewi bir obrazdi'n' bir-birine uqsas yeki jag'i'.

**Hayyarbaba.** Bul uluwma da'stanlarda, yerteklerde ushi'rasatug'i'n xali'qti'n' qa'lewli-adami'ni'n' joli'na kesent jasaytug'i'n juwha, ja'digo'ylerdin' ayri'qsha tipi. Buni' «Qi'rq qi'z» da'stani'ndag'i' Ari'slan menen qari'ndasi' Alti'naydi'n' abrayi'n to'giwge uri'ng'an Nadi'rshani'n' malayi' Quli'msay, menen «Alpami's» da'stani'ndag'i' Alpami'sti' aldawli'q penen zindang'a salatug'i'n sum Ma'stan kempir menen qatar qoyi'wg'a boladi'.

Wonda mol turmi's ta'jriybesi bar, Ayparshani'n' da, Ma'spatshani'n' da barli'q jag'dayi'n biledi.

Da'standan da Hayyarbaba ayi'bi'na i'layi'qli' tiyisli jazasi'n aladi', islegen hiyleleri wo'z basi'na jetedi. Da'standi' do'retken xali'q Hayyarbabani' usi'nday a'dil jazalaw arqali' «wo'zgege go'r qazba, wo'zin' tu'sesen'» demekshi boladi'.

**Babaxan.** Bul barli'q da'stanlarda ushi'rasatug'i'n zali'm xanlardi'n' birewi boli'p, Hayyarbabag'a wog'ada jaqi'n. Yekewinin' ayi'rmasi', Hayyarbabani'n' hiyle menen islegen jaramsi'zli'g'i'n, Babaxan ku'sh, qural menen isleydi, birewi sum buzaqi' bolsa, birewi qara ku'shine isengen topas zali'm.

Babaxandag'i' aldi' menen ko'zge tu'setug'i'n qa'siyet xali'qti'n' qani'n sori'p, jati'p isherlik, toyi'p sekiriwshilik, aq-qarani' ayi'ra almaytug'i'n aqi'lsi'zli'q, xoshametke ma'siretug'i'n jel wo'kpelik, aytqan so'zge aldi'-arti'na qaramay yere beretug'i'n yermeshilikten, qi'zg'anshaqli'qtan ibarat.

Wol Hayyarbabadan Ayparshani'n' xabari'n yesitedi, woni'n' aytqan u'gitine yerip, wo'z joli' menen ketip barati'rg'an jolawshi'larg'a ko'p sanli' a'sker atlandi'radi', wo'zgenin' baxti'n qi'zg'ani'p, wo'z xalqi'ni'n' ko'plep qi'ri'li'wi'na sebepshi boladi'. Ko'p sanli' ku'shke su'yene woti'ri'p, Ma'spatshani' aqsatti', Ayparshani' qolg'a tu'siredi. Biraq yendigi jag'i'n kelistiriwge de uqi'bi' joq, qi'zdi'n' aldawi'na yerip, aydawi'na ju'redi, aytqani'n qi'ladi', topasli'g'i'nan woyran boladi'.

Wol aqi'l jag'i'nan g'ana yemes, qara ku'sh jag'i'nan da ha'lsiz.

Babaxanni'n' unamsi'z bet perdesi mine usi'nday. Al, woni'n' inisi Worazali' bolsa, Babaxanni'n' usi' jerkenishli qa'siyetlerinin' toli'q miyrasxori'.

Da'standag'i' basqa qaharmanlar wo'z belgileri menen usi' yeki tu'rli qaharmanlardi' toli'qti'ri'wshi' boli'p yesaplanadi'.

## «MA'SPATSHA» DA'STANI'

*(u'zindi)*

* * *

Yerte a'yyem zamanda, wol zamanni'n' qa'diminde, buxar degen jurti'nda, Buli'ng'i'r da'ryasi'ni'n' jag'asi'nda Sa'rxebiz degen sayi'nda, qaraqalpaq xalqi'nda, Keneges degen uri'wda, qoli' jetken ha'r jaqtan, allag'a qi'li'g'i' jaqqan, togi'z tu'lik mal baqqan, talabi' aldi'na shapqan, saqi'yli'qtan ati' shi'qqan A'bdika'rim degen bay du'nyag'a keldi. To'rt tu'ligi say boldi'. Jasi' qi'ri'qqa kelgenshe biyperzent boldi'. Perzent da'rkar boli'p, ju'zleri gu'ldey soldi'. Aq shekti, ko'zinen qanli' jas to'kti.

—Jasi'm qi'rqqa jetti, qi'zi'qli' ma'ha'lim wo'tti. Waqti'm pitip, a'jel jetse, tog'i'z tu'lik mali'ma, sonsha mal-



mu'lkime, kimler iye boladi', — dep wo'zinen-wo'zi woylani'p, qatti' nala shekti. Ati' shi'qqan yeldi ji'yi'p, as berip, qariyalardan duwa ali'p, wo'tkenlerdi yadqa sali'p, sa'men jorg'ani'n' beline minip, jorg'asi'n su'rip, Buli'ng'i'rsaydi' jag'alap, to'rt tu'lik mali'n aralap, kewlindegi a'rmani'n ayti'p, ko'llerdi jan'g'i'rti'p, A'bdika'rim bay bir na'rse ayti'p barati'r:

—Xali'q a'ylegen beriwinde joq minin',
Aldi'mda ag'am joq, keynimde inim,
Qi'zi'qli' ma'ha'lim wo'tti, ne bolar ku'nim,
Iyesiz ko'p maldan mag'an ne payda?

Basi'ma tu'sip tur qayg'i' quyashi',
Son'i' buzi'q biyperzenttin' uyasi',
Pada-pada maldan mag'an payda joq,
Perzent yeken adam zatti'n' miywasi',

Qi'yal yetsem hesh gu'mansi'z wo'temen,
Payani' joq ba'rin taslap ketemen,
Bayqas yetsem, aldi'-arti'mda ni'shan joq,
Iyesi joq maldi' ji'ynap netemen?

Bayqas yetsem, aldi'-arti'm ni'shansi'z,
Man'layg'a mal pitti yesapsi'z-sansi'z,
Xali'q a'ylegen, iyesin ber mali'mni'n',
Qi'yal yetsem bul mal mag'an payansi'z.

Qatar-qatar da'l bedewler woynasa,
Qazanlari'm toli' mayg'a qaynasa,
Alti' tu'lik sansi'z maldan ne payda,
Keynin'de iye bolar perzent qalmasa,

At suwg'ardi'm ba'lent tawdi'n' qag'i'nan,
Qi'rq ji'l da'wran yettim i'g'bal-bag'i'mnan,
Mallari'mni'n' iyesin ber qudayi'm,
Saqlag'aysan' biyperzentlik dag'i'nan,

Qast yetkennen ar-nami'si'n alg'anday,
So'zler aytsa yesitkenler inang'anday,
Sahadatli' bir ul bergil, qudayi'm,
Mu'lki-a'shiyama iye bolg'anday,

Jigirmada qondi' basi'ma da'wlet,
Qoli'm jetti, qurdi'm saltanat-sawlat,
To'rt tu'lik mali'm ba'ri joli'n'a,
Bergeysiz qudayi'm, sahadatli' perzent,

A'ne, sol niyettin' u'stinde bay beli bu'gilip, ko'zde jasi' to'gilip, dag'i'standa ketip barati'r. Sahrada jeti jaslar shamasi'nda tu'ri basqa, aq tayag'i' asti'nda ba'lent tawlardi'n' pa'stinde, biri qashi'p, biri quwi'p, i'laq woynap ju'rgen yeki balani' ko'rdi. Jol u'stinde bay qaptali'nan wo'tip barati'rsa, balalar juwi'ri'si'p aldi'na keldi:

— Ha' ata, balan'a at sati'p almaysan' da?—dep baydi'n' aldi'na kelip jab'irlasi'p turdi'.

— Ha' ati'n'i'zdi'n' bahasi' ne turadi'? — dedi bay.

— Jeti pul ata, — dedi.

A'ne, waqti' xosh boli'p, at u'stinde woti'ri'p, bala basi'na jeti puldan berip, bir ati'n ali'p jo'nine kete berdi. Keshte padashi', mallari'n baqlap, ji'lqi'manlari'n taqlap, jumi'si'n ba'rjaylap, A'bdikerim bay u'yine bardi'. I'n'i'rsi'di', jatti', yari'm aqsham waqti'nda baydi'n' ko'zi uyqi'g'a ketti, hadal tilektin' qabi'l waqti', yari'm aqsham waqti'nda baydi'n' ko'zi uyqi'g'a ketti, bir a'jayi'p tu's ko'rdi. Tu'sinde ne ko'rdi. Keshegi bergen jeti jas balalar ja'm boldi', aldi'na keldi.

— Ha', baba, sen bir ti'rnaqti'n' dag'i'nan xali'q yelin'e ko'p nali'sh yettin', jeti g'ayi'p dep sebil boldi'n', bir ti'rnaq dep alti' tu'lik mali'n'di' bag'i'sh yettin'. Jeti g'ayi'p degen biz yedik, nali'shi'n'a shi'damadi'q, bizin' jari'lqaw, g'arg'aw qoli'mi'zdan kelmeydi, xabar beriw qoli'mi'zdan keletug'i'n yedi. Senin' mu'ta'jin'di ayti'p, qudaydi'n' aldi'na u'sh ma'rtebe bardi'q. Sen ushi'n ji'ladi'q, sag'an jalg'anshi'da perzent jazi'lmag'an yeken. Maqsetin'di soradi'q, quday tala senin' ko'z jasi'n'di' qabi'l yetti. Bizlerge sha'pa'a't yetti. ... A'ne sol so'z baydi'n' qulag'i'na wornadi'. Bay shorshi'p woyandi'. Woyansa, tu'si yeken, to'seginde jati'r, yesitken so'zler yadi'nda tur. A'bdikerim bay ne bolg'ani'n bilmedi. Shorshi'p worni'nan turdi'. Kiyiktey moyni'n burdi', qudayg'a shu'kirlik qi'ldi'. Quwani'shi' qoyni'na

si'ymay, woti'ri'p paraxati' bolmay, ko'rgen awhali'n heshkimge aytpay, jeti mal shu'yinshi ayti'p, quwani'shti'n' joli'n molayti'p, Qorasang'a qoy, a'wliyege at ayti'p, yeli-xali'qi', g'a'rip-qa'serin ji'ynati'p, bu'lingenine qaramay, hesh kim hali'n soramay, won qara soydi'. Xali'qti'n' kewline jetti, qoldan kelse qayi'r yetti. Hadal jep alg'ani'na juma aqshami' niyet yetti. Keshikpey-aq, Qarashashti'n' boyi'na ha'mle pitti. Quwani'shli' ku'nler jetti. Jerik asi'ni'n' waqti' jetti. Qarashash du'nyada tag'am qapi'lg'anday, jolbari'sti'n' ju'regine jeridi.

— Kewlim boldi' aqqan bulaq, a'rmani'n sol kewilimde daq, jolbari'sti'n' ju'regin bir tislesem, yeki du'nyada a'rmani'm joq. Aytar sag'an ari'zdi', qostari'na sol pari'zdi', jerik asi'n tawi'p bermek, moyni'n'i'zg'a qari'zdi'. Si'yi'ndi' nag'i'z pirine, jetkerdi baydi' jerine, jerik asti' tawi'p bermek pari'z yeken yerine. Tapti' baba u'lken da'wdi, woylap ko'rsen' tilsiz jawdi'. Yendi baba belin buwdi', basi'na ku'nler tuwdi'.

...Adam barmas, jollar ali's, allag'a jetkendi nali's. Bir jeti ku'n wo'tkende, Sasi'q ko'l degen ultanda ko'rdi qopali'q qami'sti'. Qoli' kelgen jigittin' abrayi'n alla jabadi', dushpanlari'ni'n' si'rti'nan, tu'rli jaman at tag'adi', talap yetip, izlegen bele ag'ashti' tabadi', — degen so'z bar buri'nnan nesheni a'jel jerge ji'qti', tabi'lmaydi' wonday mi'qli'. Abaysi'z kiyati'rsa sari' qami'sti'n' ishinde, qarsi'lap jatqan ash sherdin' baba u'stinen shi'qti'. Tabi'rayti'p tabani'n, tikireytip tu'klerin, japi'ri'p yeki qulag'i'n, shabayi'n dep woqtaldi', bermey baydi'n' hamali'n, tari'ltar boldi' zamani'n, denege ku'sh topladi', bayg'a wo'zin ati'wg'a i'n'i'rani'p jolbari's woqlandi'. Jani' qalmay bayi'n'i'z, jipekten na'zik torqadi', bati'rli'qqa shorqadi', jaratqan dep zar ji'lap qalti'rap qatti' qorqadi'. Atatug'i'n hal qayda, qashatug'i'n jol qayda, ayi' jaman ali'ni'p, qatti' qorqi'p qami'g'i'p, jatqan jerge jali'ni'p, bay mi'nani' aytadi':

Qandi'm senin' woylari'n'a,
Yesim ketti boylari'n'a,
Du'r shashi'lsi'n jollari'n'a,

Ayg'a shap, ari'slani'm ayg'a shap,
Tu'rin' shubar, bilegin' aq,
Men joli'n'da turi'ppan taq,
Sag'an menin' zi'yani'm joq,
Ayg'a shap, ari'slani'm ayg'a shap,
Qi'rq adamg'a tay bir wo'zin',
Ga'wharday jaynag'an ko'zin',
A'zireyilige megzeydi ju'zin',
Ayg'a shap, ari'slani'm ayg'a shap,
Bir ati'n' sher, biri ari'slan,
Ali's yemes, juwi'q aspan,
Sher yemessen' wonnan qori'qsan',
Aybi'nba, sherim, ayg'a shap,
Du'nya jarasi'g'i' sensen',
Qorqi'p saspas, bati'r shersen',
Aydi' alasan' asqan yersen',
Aybi'nba, sherim, ayg'a shap.
Xoshametti yesitip,
Sherdin' qani' qaynadi',
Ko'zleri wottay jaynadi',
Jari'lg'an muzday gu'n'irenip,
Jaqsi' so'zge semirip,
Shi'rpi'ni'p jaydan turadi',
Shi'nnan jolbari's berildi,
Jolbari'sti'n' denesi,
Qorg'asi'n yan'li' yeriydi,
Quyri'g'i'n sabap tarrashlap,
Ayg'a qarap kerildi,
Shi'g'i'nnan shi'qqan saqi'ydi',
Jolbari'sti'n' ju'regi,
Tasqi'n suwday shalqi'ydi',
Aqi'l yesten ayri'li'p,
Sherin' ayg'a shapshi'ydi',
A'jel quri'q shati'ldi',
Taslaq jerge ala sher,
Tas to'beden shanshi'ldi'.

Jolbari's baydan uti'ldi'. Belli a'jelge tuti'ldi'. Bay wo'limnen quti'ldi'. A'ste bari'p an'ladi', qulag'i'n sali'p

ti'n'ladi', jolbari'stan sezik tappadi'. Baba ju'regin basti', qasi'na jaqi'n bardi'. To'sine pi'shaqti' saldi', kelistirip qaq jardi'. Jolbari'sti'n' ju'regin suwi'ri'p aldi'. Hasi'l pillege worap, bay qoyni'na saldi'. Alg'ani'n Qarashash-ti'n' qoli'na tapsi'rdi'. Qari'zdan quti'li'p, g'arri' demin aldi'. Berdi quday i'g'bal baxti', tum-tusi'na tumar taqti', g'arri'si'na qasi'n qaqti', woshaqqa woti'n jaqti', ju'rekke isti qaqti', shoqqa basti', ji'yi'ri'ldi' ma ji'yi'ri'lmadi' ma, woyaq buyag'i'n dag'lap, qi'zara bo'rtip, wo'lgeyliden qumartti', qani' menen juli'p tartti'. Jerik asi'na toyi'p terlep-tepship maqset-muradi'na jetti.

Ku'nlerden ku'n, aylardan ay wo'tti, tog'i'z ay tog'i'z ku'n aradan wo'tti. Sa'rsenbi ku'ni sa'ha'rde, baydi'n' qati'ni' tolg'atti'. Arshadan baqan ko'mdirip, tilla'dan ju'-wen kerdirdi. Aq jari'lqap ku'n tuwdi', at basi'nday ul tuwdi'. Kindigin saylap kestirdi, si'lap boylari'n yestirdi, suw worni'na pal ishtirdi, maqpaldan jo'rgek kestirdi, parshadan qawi'z pishtirdi. Ay soqti'ri'p alti'nnan, qap-tali'na qi'sti'rdi', yeli-xalqi'n ji'ydi'rdi', toparlap mal soy-di'rdi'. Tog'i'z ku'n toy-tamasha berdi. Qariyalardi' ji'y-nati'p, qosaqlap mal baylati'p, ati'n Ma'spatsha qoydi'rdi', Ma'spatsha atag'i'na iye boldi'. Mali'n alti' bo'lip, bir bo'limin bag'i'shlap atasi' ati' shi'qqan, Ma'jnu'n degen tulpardi' sati'p ali'p, ta'blesine bayladi'.

* * *

Bir wo'zi qalmaqti'n' aydi'ni'na batalmay, dushpang'a hiyle yete almay, yari'n taslap jalg'i'z kete almay, jalg'i'z wo'zim yelime bos barg'annan wo'lgenim jaqsi' dep, Ma'jnu'ndi qi'rq ku'n juwsang'a bag'i'p, wo'zine kelip, qalmaqti'n' qalasi'na barayi'n, ko'ringennen jo'n sorayi'n, yari'm Ayparshani'n' wo'litirisinen, ya qalmaqqa tiygenin bileyin, yari'm tiri bolsa joli'nda ja'ne bir boyi'mdi' si'nap ko'reyin. Du'nyasi' quri'si'n, ba'ri wo'z jayi'na tursi'n. Ayparshadan ayri'li'p, a'rmanda wo'tkenim quri'-si'n, dushpanni'n' qoli'nda ya wo'lip qaytayi'n dep Ma's-patsha qalag'a qarap kiyati'r yeken. Sari'tawdi'n' u'stinde yeki ashi'q bir-birine dus boladi'. Atlari'na boyi'n taslap,

birin-biri qushaqlap, ko'zden jasi' monshaqlap, ayra tu's-kennin' hallari' ma'lim, ji'lasi'p, qol ali'si'p saw-salamatli'q sorasi'p, yeki ashi'q tabi'sti'. Ha'wesek penen qosi'li'p, kewilleri xosh boldi'.

A'ne, yeki ashi'q atlari'ni'n' beline minip, shu'kir dushpandi' sapladi'q dep, yari'n izine yertip, ata-jurti'm Buxara dep, Ma'spatsha menen Ayparsha qosi'li'p jolg'a ra'wana boldi'. Ku'n yari'm ku'n jol asti'. Bir ma'ha'l Ayparsha keynine qarasa bul islerge bas bolg'an, sho'-listanda joldas bolg'an, ju'zlerinen posa alg'an, siltep tuwri' jolg'a salg'an Sha'rdene baba arti'nan ja'ne payda boladi'. Qi'z won'i'n', qaladan shi'g'i'p ketkeninen xabar-dar yedi. Neshe ret aldap, qolg'a tu'sirmekke sebep bolg'an wo'zim dep ja'ne bir aldap ko'reyin. Babaxan wo'ldi, qolg'a tu'sse yendi wo'zimdiki bolmas pa yeken dep, Shawker baytali'n minip, qi'zdi'n' keyninen talap yetip kiyati'r yedi. Tanap yari'm jaqi'n keldi. Baytaldi'n' basi'n keyin buri'p, qashpag'a tayar turi'p, yeki bati'rdi' aldap, baba ne juwap ayti'p tur:

—Boldi' beter bul da'rtim,
Artpag'ay japa miynetim,
Baban'ni'n' aytar so'zi bar,
Qulag'i'n' sali'n', perzentim,
Ashi'ldi' bag'larda gu'lim,
Sayrag'ay bag'da bu'lbilim,
Baban'ni'n' aytar so'zi bar,
Qulag'i'n' salg'i'n', quli'ni'm,
Perzentlerim ku'ldireyin,
Dushpani'n'di' bu'ldireyin,
Qulaq salsan' shi'raqlari'm,
G'ayrati'mdi' bildireyin,
Da'rbent jolg'a barg'anda,
Qalmaqlar qamap alg'anda,
Ayparshaday jalg'i'zi'm,
Wol wortada qalg'anda,
Ketpedim senin' jani'n'nan,
Xabardar yedim hali'n'nan,
Joli'n'di' ashqan men yedim,

A'yne quptan wag'i'nda,
Da'rbent jolg'a kelgende,
Sandal ati'n' irkildi,
Irkilgen jerde woq tiydi,
Toqtar jerge kelgende,
Xabardar yedim hali'n'nan,
Qamshi' urdi'm ati'n'a,
Na'zer saldi'm dadi'n'a,
Ji'qpay ati'n'nan su'yep,
Sali'p yedim joli'n'a,
I'raspa balam, sol? — dedi,
Munnan aman qutqardi'm,
Al, so'zime qulaq sal,
Jawdan aman qutqari'p,
Shi'g'arg'an yedim ji'raqqa,
Sho'lden qi'zi'm wo'ler dep,
Baslap bardi'm bulaqqa,
I'raspa balam, sol? — dedi,
Qalmaqlar seni atqanda,
Sol bulaqta jatqanda,
Jani'n'a jara batqanda,
Xabardar yedim hali'n'nan,
Qudayi'n'a barg'anman,
Bar g'ayrati'm salg'anman,
Qulli'q yetip aldi'n'da,
Gu'nayi'n'di' tilep alg'anman,
Senin' shi'qpas jani'n'a,
Sebepker men bolg'anman,
Babaxan wolja qi'lg'anda,
Aq wotawg'a kirgizip,
Ta'wipler qi'rq ku'n baqqanda,
Nesheler qasli'q yetkende,
Qarsi' turi'p solarg'a,
Shi'n miyirman bolg'anman,
I'raspa, balam, sol? — deydi
Qi'rq ku'n wo'tip aradan,
Jaran' sag'at tapqanda,
Keselin'nen ayi'g'i'p,

Maydang'a aman shi'qqanda,
Babaxanni'n' aldi'na,
Ati'n'di' sorap barg'anda,
Ha'meldarlar ja'm boli'p,
Ati'n'di' bermey turg'anda,
At bergizgen baban'man,
I'raspa, balam, sol? — deydi,
Mindin' Sandal ati'n'a,
Jetip maqset muradi'n'a,
Jurt tan' qali'p sawlati'n'a,
Qi'rq qi'zdi' sali'p aldi'n'a,
Sen woyi'ng'a shi'qqanda,
Qurt woyi'ni'n salg'anda,
Qoli'n'dag'i' nayzan'di',
Ni'qlap basqan baban'man,
I'raspa, balam, sol? — deydi,
Qi'zi'l ju'zin soldi'ri'p,
Paymanasi'n tolti'ri'p,
Jawlas qi'zlardi' wo'ltirip,
Xali'qti'n' kewlin ti'ndi'ri'p,
Basi'n'a baxi't qondi'ri'p,
Qalmaqti'n' woti'n so'ndirip,
Doslari'n'di' ku'ldi'rip,
Sandal ati'n'di' do'ndirip,
Babaxang'a kelgenin',
Ras pa? balam sol — deydi,
Mingen ati'n' qara jal,
Tasaddi'q bolsi'n shiyrin jan,
Tayi'n boli'p aldi'n'a,
Shati'rdan shi'g'i'p Babaxan,
Qolayi'n'di' sen aldi'n',
Kamari'na qol saldi'n',
Ko'tere almay sen taldi'n',
Babaxandi' aldi'n'a,
Wo'n'gerip Bergen baban'man,
Ras pa balam, sol? — deydi,
Ata-baban' yat yetip,
Sol tawlarg'a at qoydi'n',

Keyin qarap burg'anda,
Sen qi'ri'q qamshi' urg'anda,
Ja'rdem tappay Sandal at,
Ko'tere almay turg'anda,
Xabardar yedim qasi'n'da,
Ji'lawi'n'nan alg'anman,
Aldi'nda basshi' bolg'anman,
Jumi'si'n'di' mengerdim,
Qaladan aman wo'tkerdim,
Muradi'n'a jetkerdim,
Ras pa, balam, sol? — deydi,
Si'yi'na ber pirin'e,
Aldi'n'da men baslayman,
Maqsetke alg'an jerin'e,
Izime yer, perzentlerim,
Aparayi'n yelin'e,
Si'rti'n'i'zdan shi'rag'i'm,
Ko'zde jasi'm sel deydi,
Bayan yettim hali'mdi',
Aytar so'zim sol deydi,
Isene ber, shi'raqlari'm,
Ka'ramati'm mol deydi,
Aparayi'n yelin'e,
Kel, soni'ma yer deydi,
Wo'zim basshi' bolayi'n,
Sen keynimnen ju'r deydi,
Yesitip so'zin Ayparsha,
Ji'g'i'rdani' qaynadi',
Denesin ashi'w jayladi',
Sol babani'n' u'stine,
Sandal ati'n aydadi',
Sol wag'i'nda quw baba,
Tu'rin buzi'q ko'redi,
Aynali'p baba qashadi',
Baytalg'a qamshi' basadi',
Asti'ndag'i' shawkeri,
Qa'demdi kerip basadi',
Tawdi'n' qi'ya basi'na,

Ashi'lg'an bag'da gu'l-g'umsha,
Baytali'n shapti' wo'lgenshe,
Yesken samal ti'ng'ansha,
Basi'na ku'nler tuwadi',
Ashi'w tu'gi juwladi',
Ma'spatsha menen Ayparsha,
Sol babani' quwadi',
Bedewden aqqan terleri,
Jerdin' betin juwadi',
Ma'jnu'n ati' boldi'rsa,
Sandal at penen quwadi',
Sandal ati' boldi'rsa,
Ma'jnu'n at penen quwadi',
Baban'i'zdi'n' basi'na,
Aqi'rzaman tuwadi',
Atti'n' jali'n taradi',
Yeneg'ardi'n' baytali',
Jetkermey qashi'p baradi',
Segbir tarti'p yeki ashi'q,
Keyninen quwi'p baradi',
Sol babani' quwg'ali',
Ku'n yari'm ku'n toladi',
Ku'n yari'm ku'n bolg'anda,
Topi'rag'i' basti' babani'n',
Terine bati'p juwi'ldi',
Tili awzi'na ti'g'i'ldi',
Wo'z-wo'zinen uri'ndi',
Qanli' jas ko'zden to'gildi,
Asti'ndag'i' baytali',
Jerge qarap u'n'ildi,
Wo'lerin bilip sor baba,
Baytali'nan tu'n'ildi,
Asti'ndag'i' baytali',
Qara qasqa su'rindi,
Da'rmani' ketip boyi'nan,
Mug'allaq ati'p ji'gi'ldi',
Aydasa baytal ju'rmedi,
Ko'zi jerdi ko'rmedi,

Ne qi'lari'n bilmedi,
Baytali'nan tu'sedi,
Piyadalap qashadi',
Quwi'p jetip Ayparsha,
Babani' tuti'p aladi',
Murat-maqseti boladi',
Moyni'nan arqan aladi',
Sandal atqa su'yretip,
Ma'spatshaday yari'ni'n',
Aldi'na ali'p keledi,
Qa'ha'rlenip Ma'spatsha,
Semserdi qolg'a aladi',
Aldi'ndag'i' babani',
Shappag'a qayi'l boladi',
Sol waqlari' Ayparsha,
Turi'p so'yley beredi;
—Talan bolmag'ay mali'm,
Tasaddi'q bolsi'n shiyrin jani'm,
Ko'reyik babani'n' hali'n,
Qa'ha'rlenbe sultani'm,
Minin' atti'n' beline,
Bedewdin' jali'n shaylayi'q,
Haqti'n' qi'lg'an isine,
Beldi bekkem baylayi'q,
Yeki ayag'i'n siz tuti'n',
Yeki qoli'n biz tuti'p,
Atan'a na'let babani',
I'laq yetip woynayi'q,
Taslaq jerge kelgende,
Sandal baslap baradi',
Qumli'q jerge kelgende,
Ma'jnu'n baslap baradi'
Sol babani' tarti'si'p,
U'sh ku'n tamam shabadi',
U'sh ku'n ju'zi bolg'anda,
A'yne pesin bolg'anda,
Qumardan bati'r shi'g'adi',
Bag'i'ni'n' gu'lin soldi'rdi',

Qayg'i'g'a kewlin tolti'rdi',
Murat-maqsetin boldi'rdi',
Qi'yametlik wol pirin',
Tarti'si'w menen wo'ltirdi,
Ha'r mu'shesin babani'n',
Mezgillik jolda qaldi'rdi',

...Ala atli' qalmaqti' kim dep sorasan', tawlardi' yetken tas talqan, Babaxan gu'zarda qoyg'an, Alatawdi' jaylag'an, laqabi' woni'n' «Ala atli'», ati'n sorasan' Alang'asar Qarabet degen yeken. Ayparsha Babaxandi' wo'ltirgen son', xalqi' worni'na qusbegi Worazali' degen inisin xan ko'tergen yedi. Xan Alang'asar da'wge xat jollaydi'. Xatta Ma'spatshani'n' xabari'n Babaxandi' wo'ltirgenin, jurtti'n' wayran bolg'ani'n bildiredi. Ma'spatshani'n' keyninen quwi'wdi', qoldan kelse, Ayparshani' qolg'a tu'siri'wdi wo'tinedi.

Sol xabardi' ali'p, Alang'asar la'shkeri menen Ma'spatshani'n' izinen quwi'p barati'rg'andag'i' ushi'rasqani' yeken. Alang'asar Qara bet qosi'na bari'p, u'sh ku'n demin ali'p, uyqi'si'n qandi'ri'p, to'rtlenshi ku'ni sa'skede ati'na jem berip, sawi'tti' kese wo'n'gerip qalqani'n beline baylap, Ma'spatshag'a tayarlani'p, gu'res jayi'na keldi, pesinge deyin qaradi'. Ma'spatsha kelmedi, da'w asi'g'i'p, «bul ne tapti' yeken» dep a'ste basi'p an'lap, qulag'i'n sali'p ti'n'lap tas qorg'ang'a bari'p qarasa, Ma'spatsha joq. Wot worni'nday qazi'lg'an yeki bedewdin' izin ko'rdi, qashi'p ketkenin bildi. Hayran boli'p tursa, bes ju'z atli' Worazali' patsha bul da keldi. Ala atli' qapa boli'p, wo'zinin' a'skerin qoya berip, xannan to'rt ju'z atli' qosshi' ali'p, Ma'spatshani'n' keyninen quwmag'a qayi'l boladi'.

Aqi'li' hayran boladi',
Ishi da'rtke toladi',
Ma'spatshani'n' izinen,
Quwmag'a qayi'l boladi',
Ba'lent tawlari' pa's boli'p,
Ku'lmeydi waqti' xosh boli'p,

Ma'spatshani' quwmag'a,
Atlandi' deydi ala atli',
La'shkerge bas boli'p,
Atqa taqti' sa'depti,
Ayparshani'n' joli'nda,
Ju'rek bawri' ka'bapti',
Sol waqi'tta ala atli',
Patshadan ali'p juwapti',
Tolti'ri'p sadaq buwadi',
Kewlin qi'zg'a buradi',
Ma'spatshani' quwadi',
Taw-taslarda turmas pa'ti,
Jawdi' basqan saltanati',
Ma'spatshani'n' keynine,
Sapar yetti ala atli',
Bedewdi jolg'a saladi':
Izin quwi'p Ma'spatshani'n',
Ala atli' segbir qi'ladi',
Talqan yetip tawlardi',
Ha'r jerge jeter pa'rmani',
Denesine si'ymaydi',
Ko'kireginde a'rmani',
Basi'na ku'nler tuwadi',
Ala atti'n' terleri,
Jerdin' betin juwadi',
Ku'n yari'm ku'n quwsa da,
Jete almay hayran boladi',
U'sh ku'n tamam quwadi',
Jete almay hayran boladi',
To'rt ku'n ju'zi tuwg'anda,
To'rt ju'z atli' qalmaqti'n',
U'sh ju'zi qaldi' boldi'ri'p,
Ju'zi joldas boladi',
Bes ku'nni'n' ju'zi tolg'anda,
Ju'z atli' qalmaqtan,
Yellisi joldas boladi',
Alti'lanshi' ku'ninde,
Ta'nha' wo'zi quwadi',

Ati’ shapqan tawdi’n’ qi’yag’i’,
Tasqa tiyse qi’zadi’,
Ala at’i’ni’n’ ayag’i’,
Tas to’bege ali’pti’,
Qayshi’lap yeki qulag’i’n,
Atti’n’ joni’ qi’zg’anson’,
Pa’rmanlap urdi’ tuyag’i’n,
Tartti’ jerlerdin’ tanabi’n,
Aldi’na qarap yeleslep,
Tartti’ maydan alabi’n,
Woq ji’landay ji’li’slap,
Kerip taslap qa’demin,
I’lg’al yetti ja’niwar,
Ayparshani’n’ joli’nda,
Sarp yetip ta’ninde jani’n,
Hayran boli’p ala atli’,
Tabalmay izlep qandari’n,
At jupli’g’i’n du’zedi,
Jetilenshi ku’ninde,
Say su’yegi qi’zadi’,
Tuyag’i’ tiygen taslardi’,
Talqan yetip buzadi’,
Kerip taslap ayag’i’n,
Quwday moyni’n sozadi’,
Ti’ni’sh tappay ayagi’,
Tebingisi tozadi’,
Ko’rine me dep qarasi’,
Ja’n-jaqqa moyni’n sozadi’,
Suwli’qqa taslap uri’ni’p,
Jiber dep suwli’q u’zedi,
Ushqan quslardan wozadi’,
Segizinshi ku’ninde,
Kerip bawri’n jazadi’,
Go’ne terden ayi’g’i’p,
Shi’qti’ terler tazadan,
Jay tasi’nday jaynadi’,
Ga’wharday ko’zi jaynadi’,
Tulpar yeken da’w ati’,

Jilwa taslap woynadi',
I'lg'al yetip maydanda,
Segiz ku'n segbir qi'ladi'
Shashi'rap ku'nler shi'g'adi',
Ala ati' ku'nge jaradi',
Aldi'na da'w qarasa,
Bag'i'ni'n' gu'li soli'pti',
Bolmas isler boli'pti',
Uzaq segbirge shi'damay,
Ma'spatshag'a yere almay,
Sandal ati' boldi'ri'p,
Ayparshaday ayi'mi',
Adasi'p tawda qali'pti',
At shawi'p tawdi'n' pa'stine,
Shi'damay joldi'n' da'stine,
Woyanadi' Ayparsha,
Ala atli' qalmaqti'n',
Lalawlag'an sestine...
Qali'pti' deydi sarsan'g'a,
Ma'spatshag'a yere almay,
Qalg'an yeken maydanda,
Ala atli' qalmaq sestine,
Woyanadi' Ayparsha,
Ja'n-jaqqa serlep qarasa,
Biyikligi g'aw yeken,
Adamni'n' belli jawi' yeken,
Adasqan jeri Ayparsha,
Tarnali' degen taw yeken,
Qara shashi'n taraydi',
Ko'zini'n' jasi'n bulaydi',
Jol tabalmay Ayparsha,
Tawg'a qarap ji'laydi',
—Ba'r haqdur tuwri' dinimiz,
Qaldi'm joldi' tabalmay,
Jolg'a sal Yusup-Ziliyxa,
Gu'mandi' basi'mni'n' sawi',
Qalmadi' qalmaqti'n' jawi',
Jol tappay sende adasti'm,

Jolg'a sal Tarnali' tawi',
Aq ju'zimde bardi' qal,
Qaldi' talanda du'nya mal,
A'rman menen men adasti'm,
Patpa pirimiz jolg'a sal,
G'arg'a bar ma, zag'lar bar ma,
Ati'n' xali'qqa ma'lim Tarna,
Ayparsha sende adasti',
Sizlerden biyik taw bar ma,
Sol so'zlerdi bir ayti'p,
Nali's qi'ldi' Ayparsha,
Baylag'an belge potasi',
Qollamadi' Ayparshani',
Si'yi'ng'an ata-babasi',
Ba'lent biyik atawdi'n' tasi',
Ayra tu'sti joldasi',
Ji'lay berdi Ayparsha,
Qabi'l bolmay ko'z jasi',
Ji'lap tursa tawlarda,
Keldi qasi'na ala atli',
Qayri'lmadi' Ayparshag'a,
Wo'te berdi lalawlap,
Ma'spatshani' quwadi',
Sol waqi'tta Ma'spatsha,
Tog'i'z ku'n segbir qi'ladi',
Atlarg'a terler qatadi',
Maydanda i'lg'al yetedi,
Mezgilli jegen wot-jem joq,
Won qamshi'ni' urg'anda,
Asti'ndag'i' Ma'jnu'n at,
Womi'rawi'n ko'terip,
Zorg'a-zorg'a jortadi',
Narday beli bu'gildi,
Qanli' jas ko'zden to'gildi,
Mezgilli jegen wot-jem joq,
Ko'tere almay womi'rawi'n,
Qi'yaq tasti'n' u'stine,
Pardaq taslap ji'g'i'ldi',

Wo’te almay Tarnani’n’ tawi’n,
Kerip jazalmay womi’rawi’n,
Mezgilli jegen wot-jem joq,
Alg’a basi’p ju’re almay,
Womi’rawi’n ko’tere almay,
Da’rmani’ quri’p deneden,
Hayran boldi’ Ma’spatsha,
Worni’nan ati’ tura almay,
Murat-maqseti bolmadi’,
Keyninen dushpan qalmadi’,
Da’rmani’ ketip joni’nan,
At jayi’nan turalmadi’,
Tura almasi’n biledi,
Aqi’li’ hayran boladi’,
Atti’n’ jali’n taradi’,
Aq nayzag’a su’yenip,
Shar ta’repke qaradi’.

Ma’spatsha atti’n’ tura almasli’g’i’n bildi, ju’zleri gu’l-dey soldi’. Ju’regi suwladi’, at basi’nday som ju’rek, sarayi’nda tuwladi’. Yenag’ardi’n’ qalmag’i’, wo’lgenshe buni’ awladi’. Ma’spatsha atti’ qoya berip, ba’lent taw-di’n’ u’stine juwi’ri’p shi’g’i’p, ja’n-jaqti’ qaradi’. Ala atli’ qalmaq jaqi’n kelgen yeken. Woni’ ko’rip sari’ ja-yi’n qolg’a ali’p, bir tawdi’n’ basi’na juwi’ri’p shi’qti’, ala atli’ qalmaq qasi’na kele almadi’. Sari’ jayi’n qolg’a ali’p, wol da bir tawdi’n’ basi’na juwi’ri’p shi’qti’.

Yekewi bir-birine woq atti’, bir-birine ka’r yetpedi, bir ma’ha’l Ma’spatshani’n’ qoli’na woq ilinbedi. Payqas yetip qarasa, wog’i’ tawsi’lg’an yeken. Ma’spatsha atarg’a woq tabalmadi’. Qasharg’a jol tabalmay, basi’na ku’n tuwdi’. Wol turi’p qi’yal yetti, bul qalmaq si’ri’mdi’ alsa, wog’i’mni’n’ tawsi’lgani’n bilse, a’lbette, bolsa da bolmasa da wo’lemen, denemde jan bari’nda sawi’tlari’mdi’ sheshsem, jalan’ ayaq, taqi’yashan’, ko’ylekshen’ boli’p alsam, qi’li’shti’ qoli’ma alsam, da’wdin’ keynine tu’ssem, keyninen jetsem, jag’asi’nan alsam, jambas salsam, ya wo’ltirsem, ya wo’lsem, degen qi’yal payda boldi’. Sol

islerdi ba'rjaylap, qi'li'shi'n qoli'na ali'p, haq dep da'wdin' keynine tu'sti.

Ala atli' qalmaq hiyleker adam yedi, tawdi' aylani'p kelip qashti', bir ku'n quwdi', jete almadi'. Ma'spatsha hari'di', ayag'i'n tasqa aldi'rdi'. Belden ma'det, dizden quwat ketti. Bati'r worni'nan tura almadi'.

Ala atli' qalmaq Ma'spatshani'n' ji'g'i'lg'ani'n ko'rdi, sadag'i'nda jeti woq bar yedi, jeti jag'i'nan baylap atti', qalmaq qasi'na barmag'a qori'qti', wo'zi turi'p qi'yal yetti. «Mag'an keregi Ayparsha g'oy, woni' ali'p yerterek ketkenim jaqsi' bolar» — deydi. Ma'jnu'n atti'n' qasi'na kelip, atti' worni'nan turg'i'zi'p, jaw jarag'i'n bo'ktergige ba'nt yetip, atti' qosarg'a ali'p, kelgen izi menen qayta berdi...

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** A'bdikerim bay ne ushi'n qapa yedi?
**2.** A'bdikerim bay qanday tu's ko'redi?
**3.** Bay jolbari'sti'n' u'stinen qalay jen'iske yerisedi?
**4.** Shardene babani'n' Ma'spatsha menen Ayparshag'a wo'tirik so'zler ayti'wi'ni'n' sebebi neden yedi?
**5.** Ala atli' Alan'g'asar da'w Ma'spatsha menen Ayparshani' ne ushi'n quwadi'?
**6.** Ma'spatsha Ala atli' qalmaqti'n' wog'i'nan qalayi'nsha jaradar boladi'?
**7.** Da'standag'i' Shardene baba, Worazali' xan, Alan'g'asar da'w qanday niyettegi adamlar dep woylaysi'z?
**8.** Da'standi' woqi'p, syujetlik mazmuni' tiykari'nda shi'g'arma jumi'si'n jazi'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### Lirikali'q ha'm liro-epikali'q janrlar haqqi'nda tu'sinik

A'debiyat shi'g'armalari epikali'q tu'r, lirikali'q tu'r, dramali'q tu'r dep u'lken u'sh tu'rge bo'linedi. Wo'zimizge tani's shi'g'armalardi'n' mazmuni'na, su'wretlew usi'llari'na tallaw jasap qarasaq, a'debiyatti'n' bul tiykarg'i' teklerinin' arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qlardi' ayqi'n ko'riwimiz mu'mkin.

A’debiyat shi’g’armalari’ usi’nday u’sh u’lken tekke bo’linedi degende, mi’na na’rseni yesapqa ali’w kerek: usi’layi’nsha bo’liw yen’ xarakterli, shi’g’armani’n’ yen’ uqsas belgilerinin’ birligine tiykarlani’p, bo’linedi ha’m bir shi’g’armani’n’ tiykari’nan joqari’da ayti’lg’an belgilerdin’ qaysi’si’na tuwri’ keletug’i’ni’na qaray epikali’q, lirikali’q yaki dramali’q shi’g’armalar dep ataladi’. Epikali’q, lirikali’q ha’m dramali’q shi’g’armlardi’n’ bir tu’rinde woni’n’ basqa tu’rlerinin’ de aralasi’p keliwi toli’q mu’mkin na’rse.

**Epikali’q tu’r.** Adam xarakterin meylinshe ken’ ashi’p beretug’i’n, turmi’s shi’nli’g’i’n ha’r ta’repleme su’wretleytug’i’n a’debiyatti’n’ belgili bir tu’ri boli’p bug’an eposlardi’ (da’stanlardi’) kirgizemiz. Epos — grek so’zi, bizin’she bayanlaw, a’n’gimelew degen ma’nini bildiredi. L. I. Timofeev epos degen so’zdi yeki tu’rli ma’nide tu’sindiredi. Tariyxi’y-a’debiy ma’nisinde epos xali’qti’n’ poemalari’ menen yertekleri (a’yyemgi epos: rus xali’q eposlari’ t. b.) Al teoriyali’q ma’nisi jag’i’nan epos—adam xarakterlerin ha’rekette su’wretleytug’i’n ken’ ko’lemli shi’g’arma. Eposta adam wo’zinin’ basi’nan keshirgen waqi’yalari’ni’n’ ishinde su’wretlenedi de, woni’n’ si’ri’ menen si’pati’ toli’q ashi’ladi’.

Joqari’dag’i’ pikirge toli’q qosi’li’wg’a boladi’, wo’ytkeni epos degende biz yen’ aldi’ menen xali’qti’n’ da’stanlari’n ko’z aldi’mi’zg’a keltiremiz. Ko’rkem a’debiyatti’n’ ko’lemli ha’m qospali’ tu’ri si’pati’nda epos wo’z tariyxi’n uzaq da’wirlerden aladi’. Qaysi’ xali’q bolmasi’n wo’zinin’ yertedegi da’wirinde wo’z tariyxi’nda belgili iz qaldi’rg’an a’hmiyetli waqi’yalardi’ awi’zdan-awi’zg’a tu’sirmey, a’wladtan-a’wladqa jetkergen shi’g’armalari’ bar desek buni’n’ yen’ ko’lemlisi-eposlar. Liro-epikali’q shi’g’armalar degenimiz—turmi’sti’ epikali’q ha’m lirikali’q usi’llardi’ birlikte qollani’wi’ menen qosi’q formasi’nda su’wretleytug’i’n shi’g’armalar.

Solay yetip, biz lirikali’q ha’m liro-epikali’q janrlardi’ folklor materiallari’ tiykari’nda qarasti’ratug’i’n bolsaq, folklordi’, soni’n’ ishinde qaraqalpaq folklori’n pu’tini

menen u'lken yeki tarawg'a poeziya ha'm proza tarawi'na bo'lemiz. Poeziya ha'm proza tarawlari'n mayda janrlarg'a boliwdi an'satlasti'ri'w maqsetinde wolardi' lirikali'q ha'm epikali'q janr dep yekige bo'lip ali'p, wolardi'n' ha'r-qaysi'si'na ta'n bolg'an janrlardi' kirgizemiz: 1. Lirikali'q janrlarg'a: a) qosi'qlar, a') ayti'mlar, b) ayti's, d) naqi'l ha'm maqallar, e) jumbaqlar, f) jan'i'ltpashlar: 2. Epikali'q janrlarg'a: a) da'stanlar, a') yertekler, b) tolg'awlar, d) an'i'zlar, e) a'psanalar, g) anekdotlar, g') sheshenlik so'zler kiredi. Lirikali'q ha'm epikali'q janrlarg'a kiretug'i'n janrlardi'n' ko'zge tu'serligi usi'lar. Usi' janrlar wo'z ishinde birneshe tu'rlerge bo'linedi. wolardi' wo'zgesheliklerine qaray ayi'ri'p qaraymi'z ha'm wolardi'n' ishki tu'rlerge bo'liniwin to'mendegishe begileymiz. Mi'sali', lirikali'q janrg'a kiretug'i'n qosi'qlar janri'n ali'p qarayi'q. Bul janrdi'n' wozi tematikasi'na baylani'sli' birneshe tu'rlerge bo'linedi, ha'tte wol tu'rlerdin' wo'zi de wo'z ishinde kishkene tu'rlerdi payda yetiwi mu'mkin. Qosi'qlar janri'n tematikali'q jaqtan: 1) Muhabbat qosi'qlari', 2) da'stu'r qosi'qlari' (ma'wsim qosi'qlari', ha'wjar, bet ashar, joqlaw ha'm tag'i' basqalar); 3) balalar qosi'qlari' (tu'lkishek, ayqulash, a'welemen-du'welemen), 4) besik ji'ri', 5) tuwg'an jer haqqi'nda qosi'qlar, 6) aqi'l-na'siyat qosi'qlari', 7) yumor-satirali'q qosi'qlar, 8) arnaw qosi'qlari', 9) tematikasi' boyi'nsha ha'r tu'rli bolg'an ha'zirgi da'wir qosi'qlari'.

Folklordag'i' epikali'q janrlardi'n' biri da'stanlar bolatug'i'n bolsa, wolar wo'z ishinde qaharmanli'q, tariyxi'y, liro-epikali'q ha'm socialli'q-turmis ma'selelerin so'z yetetug'i'n da'stanlar boli'p bo'linedi. Qaharmanli'q da'stanlarda qaharmanli'q ha'diyseler, xali'qti'n' ruwxi'y a'rmanlari'n wo'z boyi'na sin'irgen xali'q ushi'n, yel ushi'n jan beretug'i'n, jen'ilmeytug'i'n qu'diretli ku'shke iye bati'rlardi'n' umi'ti'lmas obrazlari' jarati'ladi'. Bunday qaharmanli'q da'stanlarg'a «Alpami's», «Qoblan», «Qi'rq qi'z» tag'i' basqalar kiredi. Liro-epikali'q da'stanlarg'a «G'a'rip-ashi'q», «Sayatxan-Hamre», «Ashi'q-Na'jep» si'yaqli' basqa da da'stanlar kiredi.

## XIX A'SIRDEGI QARAQALPAQ A'DEBIYATI'NA SI'PATLAMA

**XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' — a'debiyat tariyxi'nda jan'a basqi'sh si'pati'nda.** Qaraqalpaq xalqi' wo'zinin' ko'p a'sirlik awi'zeki ha'm jazba a'debiyati'na iye. Soni'n' ishinde, XIX a'sir jazba a'debiyati' ayri'qsha wori'n tutadi'.

Bul a'sirge kelip tuwi'sqan wo'zbek a'debiyati'nda Muqimiy, Furqat, qazaq a'debiyati'nda Abay, Alti'nsarin, tu'rkmen a'debiyati'nda Maqti'mquli', Kemine ha'm t.b. shayi'rlar Shi'g'i's yellerinin' ko'pshiligine jaqi'nnan tani'lg'an bolsa, qaraqalpaq a'debiyati'nda Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq ha'm Wo'tesh si'yaqli' ko'rkem so'z sheberleri wo'sip jetilisip, xalqi'mi'zg'a ken'nen ma'lim boldi'. Usi' so'z sheberlerine shekemgi XIV — XVIII a'sirlerde Soppasli' Si'pi'ra ji'raw, Asan qayg'i', Dospanbet ji'raw, Mu'yten ji'raw, Jiyen ji'raw si'yaqli' shayi'r ha'm ji'rawlardi'n' shi'g'armalari' XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' qa'liplesiwine tiykar jaratti'.

XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'nda poeziya janri' jetekshilik yetiw menen birge jazba a'debiyatti'n' da'stu'rleri teren'lesti. Yerte da'wirlerden kiyati'rg'an qaraqalpaq xalqi'ni'n' bay awi'zeki do'retpeleri menen qon'si'las tu'rkiy tilles xali'qlardi'n' folklorli'q miyraslari' ha'm Shi'g'i's a'debiyati'ni'n' bay u'lgileri XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' poeziyali'q shi'g'armalari'ni'n' janrli'q ha'm ideya-tematikali'q jaqtan ha'r ta'repleme bayi'p bari'wi'na unamli' ta'sir jasadi'.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tiykarg'i' formasi' jazba a'debiyat bolg'ani' menen xali'q arasi'nda folklorli'q shi'g'armalardi'n' do'retiliwi dawam yetti. Jan'a da'wirge, woni'n' tariyxi'y jag'daylari'na baylani'sli' an'i'zlar, qi'sqa a'n'gimeler, naqi'l-maqallar, xali'q qosi'qlari' ha'm t.b. awi'zeki a'debiyat u'lgileri do'retilip woti'rdi'. Sonday-aq, muzi'ka ma'deniyati'ni'n' wa'killeri bolg'an ji'raw, baqsi'lardi'n' repertuari'nda da'stan, terme, tolg'awlardi'n' ji'rlani'wi', jan'asha tu's ali'p bayi'p bari'wi' dawam yetti.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' jazba a'debiyatli'q wo'zgesheligin si'patlap beriwshi belgiler: birinshiden, shi'g'armani'n' su'wretlew obyekti, mazmuni', ko'teretug'i'n ma'selesi ha'm ideyasi' boyi'nsha tutas bir xali'qqa tiyisli boli'wi'; yekinshiden, XIX a'sirdegi xali'q turmi'si'ni'n' wo'zi, sol a'sirdegi tariyxi'y, ekonomikali'q ha'm ma'deniy wo'mirinin' wo'zek yetip ali'ni'wi'nan ibarat boldi'.

Solay yetip, qaraqalpaq xalqi'ni'n' bir jerge ja'mlesiwi, ti'g'i'z qari'm-qatnasti' keltirip shi'g'ardi' ha'm bir ekonomikali'q ma'deniy turmi's penen jasawi' jag'dayi'n teren'lestirdi. Xali'qti'n' socialli'q ten'likke umti'li'wi' menen birge, qi'si'mg'a qarsi' gu'resleri, milliy g'a'rezsizlikke, birlikke umti'li'w tilegi kem-kemnen ken'eyip ha'm teren'lesip bardi'. Bul jag'day qaraqalpaq jazba a'debiyati'nda, a'sirese XIX a'sirdegi shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'ni'n' mazmuni'nda socialli'q ten'lik, milliy g'a'rezsizlik si'yaqli' tutas xali'qli'q ma'selelerdin' sa'wleleniwin payda yetti.

A'lbette, xali'q awi'zeki do'retpeleri de, tiykari'nan, bir tutas xali'qti'n' ma'deniy miyraslari' boli'p yesaplanadi'. Degen menen, wolardi'n' ayi'ri'mlari'nda: mi'sali', xali'q da'stanlari'nda, tariyxi'y ji'rlar menen tolg'awlardi'n' mazmuni'nda belgili bir uri'w ha'm qa'wimlerdin' yamasa ha'r qi'yli' da'wirlerdegi belgili bir qa'wimlik birlespelerdin' socialli'q turmi's ta'rizi, jasaw jag'dayi', woy-pikirleri menen ko'zqaraslari' tutas ali'p su'wretlenedi. Biraq, ko'tergen ma'seleleri basqa da uri'w-qa'wimlerdin' ma'pine sa'ykes kelgenlikten, keyin ala wolar ja'mleskende qa'liplesken tutas xali'qqa tiyisli boli'p ketken. Mi'sali', «Alpami's» da'stani' Qon'i'rat qa'wiminin', «Qoblan» da'stani' qi'pshaq qa'wiminin', ja'ne basqa da da'stanlar nog'ayli' awqami'ni'n' tiykari'nda do'retilgen.

Sonli'qtan da, usi' uri'w yaki qa'wimler wo'z aldi'na xali'q boli'p qa'lipleskende, wolarda ko'pshilik da'stanlar ushi'rasi'p woti'radi' ha'm sol xali'qlardi'n' wortaq folklorli'q bayli'g'i' boli'p yesaplanadi'.

Bul jag'day qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' da'slepki wa'killeri yesaplang'an Soppasli' Si'pi'ra ji'raw, Jiyrenshe sheshen, Asan qayg'i', Dospanbet ji'raw ha'm t.b. shayi'r-

lardi'n' do'retiwshiligine de tiyisli. Wolar XIV — XVI a'sirlerde Nog'ayli' da'wirinde jasag'anli'qtan, wolardi'n' shi'g'armalari' da qaraqalpaq, qazaq, nog'ay xali'qlari'ni'n' a'debiyatlari' ushi'n ten'dey yesaplanadi'.

Al, XVIII a'sirdegi Jiyen ji'rawdi'n' ha'm XIX a'sirdegi Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh ha'm h.t.b. shayi'rlardi'n' do'retpeleri qaraqalpaq xalqi'ni'n' rawajlani'w da'wirine tuwra kelgenlikten ha'm usi' tutas xali'qti'n' wo'mirine tiyisli ma'selelerdi ko'tergenlikten belgili da'rejede folklorli'q miyraslardan ayri'li'p turadi'. Wolar xali'q qa'liplesken da'wirdegi a'debiyatti'n' wa'killeri bolg'anli'qtan, belgili bir xali'qti'n', a'debiyatti'n' wa'killeri boli'p tariyxqa kirgen.

Sonday-aq, awi'zeki a'debiyatti'n' yertek yaki basqa da u'lgilerinde uri'w yamasa qa'wimlerdin' ma'kan jayi' ayti'lmaydi'.

Mi'sali', ko'pshilik yerteklerde: «Bir bar yeken, bir joq yeken, buri'ng'i' wo'tken zamanda bir adam bolg'an yeken», dep baslani'p kete beredi. Al, qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'nda wo'zleri shayi'rli'q yetken jerleri ha'm sol jerde jasawshi' xali'qti'n' ati', turmi'si', tilek-a'rmanlari' so'z yetiledi.

Mi'sali', XVIII a'sir shayi'ri' Jiyen ji'raw wo'zinin' «Posqan yel» poemasi'nda xali'qti'n' Tu'rkstannan Aral jag'alawi'na qaray posi'p ko'shiwin:

Ata jurti' Tu'rkstan,
Wonda da payan yetpedi...—

dep su'wretlese, XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'ri' Ku'nxoja Xorezm menen Tu'rkstan qaraqalpaq xalqi'ni'n' qutli' qoni'si', jaylawi', Watani' bolg'anli'g'i'n «Jaylawi'm» qosi'g'i'nda bi'layi'nsha su'wretleydi:

Ata jurti'm Tu'rkstannan kelgeli,
Ata-babam qoni's basqan jaylawi'm...

Berdaq shayi'rdi'n' «Qaraqalpaq xali'q bolg'ali', xali'q atag'i'n alg'ali'» yamasa Womar shayi'rdi'n' «Qaraqalpaq qi'rq jola shabi'lg'an yeken» degen qatarlari' ha'm usi'nday qatarlardi'n' XIX a'sir qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' shi'-

g'armalari'nda ko'plep ushi'rasi'wi', wolardi'n' do'retpelerinin' tutas bir xali'qqa tiyisli yekenliginen derek beredi. Qaraqalpaq shayi'rlari' Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq do'retiwshiligi wo'zleri jasag'an da'wirde-aq, qon'si'las, tuwi'sqan xali'qlarg'a, atap aytqanda, qazaq dalalari'na, Tu'rkistan, Samarqand, Buxara qalalari'na, sonday-aq, tu'rkmenler arasi'na da ken'nen tarali'p belgili shayi'rlar si'pati'nda tani'lg'an.

Mi'sali', A'jiniyaz shayi'r «Yellerim bardi'» qosi'g'i'nda:

Wo'tirikti i'ras yetip aytpag'an,
Tuwri' joldan bas ketse de qaytpag'an.
Na'ma'hremdi hasla joldas tutpag'an.
Ati' qaraqalpaq yellerim bardi'.

—dep wo'z xalqi'n tani'sti'ri'w menen birge:

Ko'p ji'llar awi'si'p yeline kelgen,
Kim jaqsi', kim jaman parqi'ni' bilgen,
Ko'rgen, bilgenini ayti'p so'ylegen,
Qaraqalpaqti'n' a'diwli Ziywari' bardi',

— degen qosi'q qatarlari'nda wo'zinin' sol xali'qti'n' a'diwli shayi'ri' yekenligin so'z yetedi. Da'stanlardag'i' Alpami'sti' Qon'i'rat qa'wiminin', Qoblandi' Qi'pshaq qa'wiminin' wa'kili retinde tani'g'an bolsaq, «Yellerim bardi'» qosi'g'i'nda bolsa A'jiniyazdi' tek wo'zi shi'qqan Qon'i'rat ari'si', Ashamayli' uri'wi'ni'n' saqi'w tiyresinin' wa'kili si'pati'nda g'ana yemes, al tutas qaraqalpaq xalqi'ni'n' shayi'ri' si'pati'nda tani'ymi'z. Usi' mi'sallardi'n' wo'zinen-aq, XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' jazba a'debiyati'ni'n' belgisi, woni'n' tutas xali'qqa tiyisli yekenligin ani'q seziwge boladi'.

Qaraqalpaq poeziyasi'ni'n', jazba a'debiyatti'n' wo'zine ta'n tag'i' bir tiykarg'i' belgisi—wonda jeke pikirlerdin' folklorg'a qarag'anda birqansha wo'tkir ha'm ashi'q qoyi'li'wi', ko'zqaraslardi'n' ayqi'n su'wretleniwi boli'p tabi'ladi'. Bunnan folklordi'n' socialli'q mazmuni' biykarlanbaydi', kerisinshe folklorda ko'birek tuwri'li'q, sadi'qli'q, ma'rtlik, a'dillik, qayi'rqomli'q, miyrimlilik, hadalli'q, ha'm

t.b. adamgershiliktin' hasi'l si'patlari' a'diwlenip, wolarg'a qarsi' wo'tirik ayti'w, insapsi'zli'q, satqi'nli'q, jalaxorli'q, qorqaqli'q, a'dilsizlik, jawi'zli'q, si'qmarli'q t.b. adamgershilikke jat na'rseler jek ko'riwshilik penen su'wretlenedi. Usi' arqali' folklorli'q penen shi'g'armalarda xali'qti'n' tiykarg'i' ja'miyetlik turmi'sqa bolg'an ko'zqarasi' bayan yetilip, socialli'q a'hmiyetke iye boladi'.

Al, jazba a'debiyatta, tiykari'nan alg'anda qaraqalpaq poeziyasi'nda, woni'n' ko'rnekli wa'killeri Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq ha'm basqa da shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'nda bolsa bir-birine qarama-qarsi' bolg'an toparlardi'n' a'dillik joli'nda ju'rgizgen gu'resleri tariyxi'y shi'nli'qqa sa'ykes ashi'q ji'rlang'anli'g'i'n ko'remiz. Folklorli'q shi'g'armalarda bolsa xali'q qa'dirlegen adamlardag'i' insani'yli'q pazi'yletler yaki bolmasa xali'qta jerkenish sezimlerin payda yetken adamgershilikke jat is-ha'reketler xali'qli'q ko'zqaraslar tiykari'nda bahalani'p woti'rg'an.

XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'nda jazba a'debiyatli'q belgilerdin' teren'lesiwin ko'rsetetug'i'n tag'i' bir jag'day — bul qosi'q do'retiwshi arnawli' adamlardi'n', avtorlardi'n' yag'ni'y shayi'rlardi'n' payda boli'wi'. Sebebi, bunnan buri'ng'i' a'debiyat u'lgilerinde ji'rawlardi'n' mi'sali'nda a'debiyatti'n' da, muzi'ka ma'deniyati'ni'n' da bir adamda ja'mlengenligin baqlasaq, XIX a'sirde ji'raw menen baqsi'g'a muzi'ka ma'deniyati'n do'retiwshi yaki tarati'wshi', al shayi'rg'a a'debiyatti' do'retiwshi xi'zmetinin' ju'klengenligin ko'remiz.

Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq shayi'rlar — zamani'ni'n' belgili baqsi'lari'. Wolar baqsi'shi'li'q wo'nerdi jaqsi' iyelegen adamlar bolsa da, xali'qqa shayi'r si'pati'nda tani'lg'an. Sonli'qtan da, XIX a'sirdin' belgili birinshi shayi'ri' Ku'nxojadan baslap qaraqalpaq a'debiyati'nda ko'rkem shi'g'armani'n' avtori' shayi'r ati' menen belgili. Soni'n' menen birge XIX a'sirdegi a'debiyatti'n' jazi'li'p qalg'anli'g'i'n belgileytug'i'n A'jiniyaz ha'm Berdaq shayi'rlardi'n' miyraslari'ni'n' ayi'ri'm qoljazbalari' saqlang'an. Bul jazba a'debiyatti'n' yen' basli' belgisi boli'p tabi'ladi'.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' wo'z shi'g'armalari'n jazi'p shi'g'ari'wi', shi'g'armalari'ni'n' wo'zleri

ta'repinen de a'piwayi' xali'q ta'repinen tarqali'wi', soni'n' menen qatar qi'ssaxan ha'm ka'tipler ko'beytken qoljazbalar arqali' taqati'li'wi' bul da'wirdegi poeziyada jazba a'debiyat da'stu'rlerinin' tag'i' da teren'lesip, bekkem qa'liplesiwinde u'lken wori'ndi' iyeleydi.

XIX a'sir shayi'rlari'ni'n' wo'z shi'g'armalari'n jazi'p qaldi'rg'anli'g'i'n da'lilleytug'i'n mi'sallar wolardi'n' ha'rbirinin' shi'g'armasi'nda jiyi gezlesedi. Mi'sali':

Shayi'rlardi'n' **qa'lem ali'p jazg'ani'...**

*(Ku'nxoja)*

A'line waraqni' ali'p, yad yetip kim ha'mmesin,
**Xat qi'li'p jazdi'm qag'azg'a** bul muxalles namasi'n,...
...Molla Yerim, **sen woqi'g'i'l Ziywar da'pterin....**

*(A'jiniyaz)*

Shayi'r yedim **ko'zim ko'rgenin jazdi'm...**

*(Berdaq)*

Bizden buri'n neshe shayi'r bolg'andi',
**Qag'az benen so'zini xatqa salg'andi'.**

*(Wo'tesh)*

Shayi'rlar **qa'lem, da'wetin alsa,**
Menin' ha'siretimdi **qag'azg'a salsa,**
Keyingiler **woqi'p ta'jiriybe alsa...**

*(Womar)*

Bunday mi'sallardi' XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' basi'nda jasag'an Qulmurat, Si'di'q si'yaqli' basqa da shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'nan da ko'plep tabi'wi'mi'z mu'mkin.

A'jiniyaz ha'm Berdaq shayi'rlardi'n' qoljazbalari'ni'n' xali'qti'n' arasi'nan tabi'li'wi', ma'selen, Berdaqti'n' «Shejire», «Xorezm» shi'g'armalari'ni'n', A'jiniyazdi'n' qazaqti'n' aqi'n qi'zi' Men'esh penen, Quli'mbet shayi'rdi'n' qazaq aqi'ni' A'biwba'kir menen xat arqali' ayti'slari'ni'n' baspaso'zde basi'li'wi' XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' jazba a'debiyatli'q da'stu'rin ja'ne de bayi'tadi'.

## KU’NXOJA IBRAYI’M ULI’

(1799—1880)



Shayi’rdi’n’ wo’miri tuwrali’ mag’luwmatlar bizge izbe-iz kelip jetpegen. Buri’n baspaso’zdin’ bolmag’anli’g’i’ sebepli shayi’rdi’n’ wo’miri haqqi’nda heshqanday jazba dereklerdin’ qalmawi’ a’dewir qi’yi’nshi’li’q tuwdi’radi’. Sonli’qtan da, shayi’rdi’n’ wo’z shi’g’armalari’nda ushi’rasatug’i’n, sonday-aq, xali’q yadi’nda saqlani’p kiyati’rg’an mag’luwmatlardi’ belgili tariyxi’y faktler menen sali’sti’ra woti’ri’p, wolardi’n’ wo’mirbayani’n tiklewge tuwra keledi.

Shayi’rdi’n’ wo’mirine tiyisli tiykarg’i’ mag’luwmatlar woni’n’ «Jaylawi’m», «Wo’lim», «A’rmanda», «Qashan ko’rermen», «Ku’n qayda», «Shalqi’p maqsetli jerge bara almay», «Bolar ma yeken», «Menin’ balam», «Umi’tpaspan», «Balam wo’lgende», «Jari’madi’m», «Ne boldi’m», «Sazan-aw», «Yari’m qal yendi», «Shag’alali’ ko’ldey shalqi’may», «Qi’zi’l qum», «Kim biler», «Ko’rinbey» si’yaqli’ qosi’qlari’nda ja’mlengen. Shayi’rdi’n’ wo’miri tuwrali’ biraz bahali’ mag’luwmatlar Berdaq ha’m Wo’tesh shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nda ushi’rasadi’. Soni’n’ menen birge, shayi’rdi’n’ tikkeley a’wladlari’nan jazi’p ali’ng’an mag’luwmatlar da bahali’ mag’luwmat beredi.

Mine, usi’nday mag’luwmatlardi’n’ barli’g’i’n wo’z ara sali’sti’ra woti’ri’p izertlew ha’m shayi’rdi’n’ qosi’qlari’nda ushi’rasatug’i’n tariyxi’y waqi’yalar menen baylani’sti’ri’p u’yreniw shayi’rdi’n’ wo’mirbayani’n tiklewge mu’mkinshilik beredi.

Usi’nday mag’luwmatlar boyi’nsha Ku’nxoja Ibrayi’m uli’ 1799-ji’li’ tuwi’li’p, 1880-ji’li’ qayti’s bolg’an. Shan’arag’i’ni’n’ ku’ta’ jarli’ boli’wi’na baylani’sli’ awi’lli’q mediresedegi woqi’wi’n ata-anasi’ bar waqi’tta-aq taslap, bala gezinen baslap kisi yesiginde jallani’p miynet yete baslag’an.

Shayi’rdi’n’ ata-anasi’ yerterek qayti’s bolg’an. Buni’ woni’n’ qosi’qlari’ndag’i’ «Atam wo’ldi ra’hatimdi ko’re almay», «Anadan jetim qali’ppan, qan’g’i’ri’p jetim boli’p-pan» degen qatarlar ayqi’n ko’rsetedi.

Usi’layi’nsha jarli’li’qti’n’ u’stine jetimlik azabi’, sha-n’araq mashqalasi’ qosi’li’p shayi’r ha’r ta’repleme turmi’s qi’sqi’si’na ushi’raydi’. Woni’n’ «Wo’lim» qosi’g’i’ndag’i’:

Zar ji’lap woti’rg’an u’yimnin’ ishi,
Yeki ul bala bar wo’zimnen kishi,—

degen qatarlarg’a ha’m shayi’rdi’n’ son’g’i’ a’wladlari’ni’n’ bergen mag’luwmatlari’na qarag’anda Ku’nxoja, Ayxoja, Nurxoja degen yeki inisi menen jetim qaladi’. Bolajaq shayi’r wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem qaraqalpaq jarli’-lari’ni’n’ biri boli’p, awi’r turmi’s keshiredi. Usi’ awi’r turmi’s woni’n’ mektebi boli’p woni’n’, wo’mir haqqi’n-dag’i’ biliminin’ de, du’nyag’a ko’zqarasi’ni’n’ da qa’lip-lesiw deregi boladi’. Wol bali’qshi’li’q yetedi, kisi yesi-ginde jallanadi’, pu’tkil Xorezm woypati’n, qazaq dala-lari’n gezip sergizdanli’qta wo’mir keshiredi. Qi’zi’l-qumlarda qoy bag’adi’, biraq wo’mir boyi’ ya isher tamaqqa, ya kiyer kiyimge jalshi’maydi’.

Shayi’r wo’zinin’ ka’mbag’alli’q jag’dayi’ tuwrali’ qosi’qlari’nda:

Bul du’nyag’a shi’qqan menen,
Jari’madi’m, jalshi’madi’m...
Balalari’m woti’r jalan’ash,
Ku’yik penen ag’ardi’ shash...
Joqshi’li’qtan ketti yesim,
Shi’g’i’p du’nyag’a ne ko’rdim?

«Bir jari’may wo’mirim boli’p tur ada» — dep qayta-qayta yeskertedi. Ko’pshilik jarli’lar si’yaqli’ Ku’nxoja da wo’z yelinde ha’m basqa qon’si’ yellerde de ku’nlikshilik yetip baylardi’n’ mali’n baqsa da bir jalshi’p wo’mir su’re almag’anli’g’i’n ji’rlaydi’. Woni’n’ «Ku’n qayda?» qosi’g’i’ndag’i’:

Wordi’q woraq, shapti’q woti’n, qazdi’q jap,
Terdik masaq, iynimizge saldi’q qap,

Jas wo’mirler gu’ldey soli’p, boldi’q sap,
Bul ju’risten yendi bizge ku’n qayda?—

yamasa, «Qashan ko’rermen?» qosi’g’i’ndag’i’:

Won ji’l boldi’ yelden kettim,
Xiywada xi’zmet yettim,
Yeldi sag’i’ni’p zar yettim,
Xalqi’mdi’ qashan ko’rermen?—

degen qatarlari’nda ku’nlikshilik yetip ko’rgen azap-aqi’retlerin, wo’z eline jete almay qi’ynalg’anlari’n ayqi’n sa’wlelendiredi.

Shayi’r ataqli’ baqsi’ da bolg’an, biraq baqsi’shi’li’q woni’n’ turmi’si’n az da bolsa jaqsi’lawg’a yemes, qayta awi’rlasti’ri’wg’a ha’m quwg’i’ng’a ushi’rawi’na sebepshi bolg’an.

## JAYLAWI’M

Ata jurti’m Tu’rkstannan kelgeli,
Ata-babam qoni’s basqan jaylawi’m
Anadan tuwgali’ yesim bilgeli,
Woynap qatar wo’sken qali’n’ jaylawi’m.

Ku’n boyi’na bayi’r yetip turaqli’,
Men ketermen a’rman bilen ji’raqli’,
Qami’s wori’p altaw-jetew woraqli’,
Teris to’be, Uzi’n qayi’r jaylawi’m.

Wo’lim xabari’nan kelmegey saza,
Yendi aytayi’n so’zdi amanli’q taza,
Yerjan ataw menen shi’gi’si’ I’rza,
Ten’izlerden awqat yetken jaylawi’m.

Bali’q awlap, Toqtas, Manti’q boyi’nan,
Bali’q shanshi’p jazda ju’rgen woyi’nan,
Shanshi’p saylap ju’rip jayi’n moyni’nan,
Ata-babam awqat yetken jaylawi’m.

Alasat tabi’lsa barli’q yel ko’sher,
Ko’beyip tur arami’zda qan isher,

Jetim ji’lap, i’laq man’i’rap ku’n kesher,
A’rman bilen ju’rermen be jaylawi’m?

Jaylawi’m Jalayi’r, ko’pir ha’m bo’get,
Suw keler me degen bizde bar u’mit,
Shaqaq urar aqi’r bir ku’n qi’z-jigit,
A’rman bilen qayg’i’da wo’sken, jaylawi’m.

A’wel-ha’ wo’skenim Ko’k wo’zek boyi’,
Adamni’n’ jeterme shug’i’lg’a woyi’,
Puqarani’n’ taymag’aylar tap-ku’yi,
A’rman bilen wo’sken arzi’w, jaylawi’m.

Bekban shag’i’l, Jan’a suwdi’n’ boylari’,
Sharqi’rawi’q, «Mu’yten bo’get» jaylari’,
Jayi’lg’an baylardi’n’ sansi’z qoylari’,
Ko’zime toti’ya ju’rgen, jaylawi’m.

Ko’l sag’a, Ayi’rsha, Terbenbes ten’iz,
A’sirese Ayi’rshada wo’skenbiz,
Birikkende ko’keylerin keskenbiz,
A’rman bilen ayra tu’sken, jaylawi’m.

Jaylawi’m jay yedi ma’lim ha’mmege,
Quda baxi’t bermedi me bizlerge,
Ha’siretinin’ dag’i’ yendi ju’zlerge,
A’rman bilen qalarmi’san’ jaylawi’m.

Shayi’rdi’n’ wo’mirinin’ ko’birek wo’tken jeri bul Aral ten’izi boylari’ ha’m Terbenbes, Ko’ko’zek, Ayi’rsha, Jalayi’r siyaqli’ wori’nlar yekenligin biz woni’n’ qosi’q-lari’nan ko’remiz. Woni’n’ a’kesi bali’qshi’li’q penen shu-g’i’llang’an, wo’zi de bali’qshi’li’q, keyin jallanba jumi’s islep ku’n keshirgen.

«Jaylay’i’m » qosi’g’i’ndag’i’ mag’luwmatlarg’a qarag’anda Ku’nxoja awi’li’, soni’n’ ishinde, shayi’rdi’n’ wo’zinin’ xojali’gi’ ku’n ko’riw tirishiliginin’ jag’dayi’na qaray ko’ship ju’rgenligi seziledi. Shayi’rdi’n’ qosi’qlari’ndag’i’ keltirilgen qatarlarg’a qarag’anda, woni’n’ ko’birek turaqlag’an jeri Ko’ko’zek ha’m Ayi’rsha boylari’ boli’p yesaplanadi’. Bi-

raq shayi'r bir jag'i'nan talap izlep, joqshi'li'qti'n' aydawi'nda ju'rse, yekinshi ta'repten qarsi'laslari' ta'repinen quwg'i'ng'a ushi'rap, Xorezm woypati'nda, Qazaqstanni'n' ko'p jerlerinde sergizdan bolg'an.

Ku'nxojani'n' «Jaylawi'm» ha'm basqa da qosi'qlari'nda bayanlang'an wori'nlardi'n' baxi'tli' ma'kan, turaqli' jaylaw bola almag'anli'gi' tilge ali'nadi' ha'm a'rmanli' tu'rde wol jerler menen xoshlasi'w sezimleri sa'wlelendiriledi. Sonday-aq shayi'r qansha awi'r turmi'sta jasag'ani'na qaramastan, xalqi'ni'n' keleshek turmi'si'nan u'lken u'mitler yetip, son'g'i' a'wladlardi'n' «Shaqaq urar aqi'r bir ku'n qi'z-jigit»,—degen qatarlari' arqali' wolardi'n' baxi'tli' turmi'sta jasaytug'i'nli'g'i'na u'lken isenim bildiredi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Shayi'rdi'n' «Jaylawi'm » qosi'g'i'ni'n' mazmuni'nda qanday ma'sele so'z yetiledi ?
**2.** Qosi'qta shayi'rdi'n' wo'miri haqqi'nda qanday mag'luwmatlar bayanlang'an?
**3.** «Jaylawi'm» qosi'g'i'nda shayi'rdi'n' tuwi'li'p wo'sken jeri', ata-ma'kani' haqqi'ndag'i' sezimleri qalay bayanlang'an ?
**4.** Qosi'qta qanday ataw ha'm jerdin' atamalari' ushi'rasadi ?

## NEGE KEREK

Sayrag'an bu'lbu'li bolmasa,
Ishi hawazg'a tolmasa,
Ba'rqulla jaynap turmasa,
Ashi'lg'an gu'l nege kerek?

Sarqi'rap suwi' aqpasa,
Yekken yeginler qanbasa.
Waqti'nda tasi'p tolmasa,
Aqqan suwlar nege kerek?

Uzaqtan ko'zge tu'spese,
Shamali' qatti' yespese,
To'besi bultqa tiymese,
Asqar tawlar nege kerek?

Jadi'rap jazi' bolmasa,
Shuwaqli' ko'gal qi'lmasa,
Wo'z waqti'nda jawmasa,
Qara jamg'i'r nege kerek?

Ko'rgen na'rseni almasa,
Pa'tlenip qanat qaqpasa,
Joq jerden an'di' tappasa,
Qarshi'g'a qus nege kerek?

Qarasi'n u'zip ketpese,
Arti'qsha qari'w yetpese,
Qashaq qoyang'a jetpese,
Qayi'n' tazi' nege kerek?

**2**

Wozalda to'sin kermese,
Tan'lap jemlerin jemese,
Bayraqtan wozi'p kelmese,
Dal bedewler nege kerek?

Bellerin bekkem buwmasa,
Wo'tken wo'shlerdi quwmasa,
Anadan arti'q tuwmasa,
Pasi'q perzent nege kerek.

Boyi' ku'n sayi'n wo'spese,
Dushpan ko'keyin kespese,
Taymay gu'reske tu'spese,
Qorqaq palwan nege kerek?

Xali'qti'n' ari'n arlamasa,
Bari' joqti' barlamasa,
Ash ha'm toqqa qaramasa,
Awan basshi' nege kerek?

Xali'qqa a'dil bolmasa,
Ji'lag'andi' jubatpasa,
Xali'q tatqandi' tatpasa,
Taxt iyesi nege kerek?

Yeki jaqti’ ten’ ko’rmese,
Tuwri’ to’relik bermese,
A’dillik penen sheshpese,
Ka’tqudalar nege kerek?

Ashqa qayi’ri’ bolmasa,
Mayg’a qari’ni’ tolmasa,
Du’nyani’n’ ju’zin sholmasa,
Asa bayli’q nege kerek?

Da’ryaday toli’p taspasa,
Ku’n sayi’n ku’shi aspasa,
Yeldi jawlardan baqpasa,
Quri’ bati’r nege kerek?

Ata-anasi’n ku’tpese,
Aytqanlari’na ko’nbese,
Ata-anam demese,
Jaman perzent nege kerek?

Ku’ndey ku’lip jaynamasa,
Bu’lbu’l boli’p sayramasa,
Quwani’si’p woynamasa,
Quw wo’mirler nege kerek?

Ku’nxojani’n’ yel ha’m xali’q haqqi’ndag’i’ ko’z-qaraslari’n «Nege kerek?», «Yel menen», «Jaz keler me?», «Kerek mag’an» qosi’qlari’nda ayqi’n sezemiz. Bul qosi’qlarda shayi’rdi’n’ yel ha’m xali’q haqqi’ndag’i’ pikirleri menen socialli’q jag’daylari’ bayan yetiledi. «Nege kerek?» qosi’g’i’ni’n’ kiris bo’liminde shayi’r qanday na’rseni bolsa da maqtaw, woni’n’ adam turmi’si’ni’n’ talabi’n qalay qanaatlandi’ri’wg’a tiykarlani’wi’ kerek degen pikirdi alg’a su’redi. Shayi’r qosi’qti’n’ tiykarg’i’ mazmuni’ yetip, yeldin’ jaqti’ ku’nge shi’g’i’wi’ yel qorg’aytug’i’n perzenttin’, yel basqaratug’i’n basshi’ni’n’ aldi’na qoyi’latug’i’n talapti’ so’z yetedi. Yeldin’ jaqsi’ perzenti bolatug’i’n adam bati’r bolsi’n, hesh na’rseden qori’qpay ku’n sayi’n wo’sip, belin bekkem buwsi’n, dushpang’a qarsi’ taysalmay gu’reske tu’ssin, xali’qti’n’ kegin alsi’n, yeger bulardi’ isley almasa, wol yeldin’ hadal perzenti bola almaydi’, —

deydi shayi'r.

Shayi'r bati'rli'qti'n' sha'rti tek ku'shlilik dep qaramaydi'. Al, sol ku'sh ha'm yer ju'reklilikti yeldi jawdan qorg'awg'a jumsawi'nda dep tu'sindiredi.

Yeldin' puqarasi' da, bayi' da ka'tqudalari' da, xani' da birge bolsi'n, birge woynap-ku'lsin, bir-birine qolqabi's tiygizsin, basshi' bardi'-joqti' barlap, ashti'n' awhali'na qarasi'n, xali'qti'n' ari'n arlasi'n, taxt iyesi xali'qqa a'dil bolsi'n, ji'lag'andi' jubatsi'n, ashshi'-dushshi'ni' xali'q penen birge ko'rsin, ha'rbir istin' aq-qarasi'n ayi'ri'p, a'dil buyri'q yetsin, buni' yetpegen basshi' «awan basshi'» wonday basshi' da, ka'tquda da kerek yemes, — deydi shayi'r.

Shayi'r neni aytpasi'n, neni talap yetip qoymasi'n, woylaytug'i'ni' — xali'qti'n' ma'pi. Qosi'qta yel-xali'q penen birge boli'wdi', yel ha'm xali'qti'n' ma'mleket ta'g'dirindegi sheshiwshi worni' ko'rsetiwi, a'dillikti qa'dirlewi ha'm an'sawi' wo'z da'wiri ushi'n wog'ada a'hmiyetli ha'm demokratiyali'q si'patqa iye ko'zqaraslar boli'p yesaplanadi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Qosi'qti'n' ideyali'q mazmuni'nda shayi'r neni aytpaqshi' boladi'?
2. Shayi'r yel-xali'q ma'pi ushi'n qanday adamlardi'n' boli'wi'n a'rman yetedi?
3. Qosi'qta yel basqari'wshi'lari'na qanday talap qoyi'ladi'?
4. Qosi'qtan shayi'rdi'n' qanday ko'zqarasi'n ha'm pikirlerin an'ladi'n'i'z.
5. Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## YEL MENEN

...Bir nesheler kiyip qamqa parshalar,
Alti'n menen tolti'rsa da arshalar,
Xalqi'n'di' sorasa zuli'm patshalar,
Qassap yan'li' ku'ni kesher dar bilen.

Adamg'a qas yetip miyrimi kelmes,
Kim jaman, kim jaqsi' parqi'ni' bilmes,

Ji'lasan'da ko'zdin' jasi'ni' ko'rmes,
Patshan' jaman bolsa, ku'nin' zar bilen.

Ulamag'a kerek tuwri' so'zlemek,
Haq jol menen sha'riyatti' go'zlemek,
Xali'qti'n' won'ari'n ba'rha izlemek,
Baylani'si'p tu'yin sheshiw yel menen.

Bir-birewge tuwi'sqanli'q bermek qol,
Qara tu'nde sa'rdar boli'p tappaq jol,
Pitiw ushi'n udayi'na won'li'-sol,
Islew kerek barli'q jag'i'n yel menen.

Aspang'a usharsan', bolsa qanati'n',
Shad bolarsan', shadli' bolsa yelati'n',
Xalqi'n' menen bolsa tilek-murati'n',
Sapa su'rsen' uzag'i'na yel menen.

Aldi'n'da jol baslar ag'an' ha'm bolsa,
Japtan tuwri' ag'ar sag'an' ha'm bolsa,
Yeksen' gu'lin' g'umshalani'p solmasa,
Kewlim shadlanadi' uzaq ji'l bilen.

Wopasi'z du'nyada ashi'lg'an gu'ller,
Qa'pestegi sayrap turg'an bu'lbu'ller,
Du'nyadagi' bag'i'-ha'rem sha'menler,
Woni'n' ra'wishi, ko'rki yel menen.

Atqa minip dan'qi'n ko'kke jetirgen,
Qi'si'mli'g'i'n ku'nnen-ku'nge wo'tirgen,
Wo'zine jaqi'nni'n' isin pitirgen,
Wolardi'n' ha'm ku'ni kesher yel menen.

G'a'ziyne toli'si' alti'n-aqshani'n',
Ha'wli-ha'rem, ja'ne bag'i'-baqshani'n',
Xali'qti' sorag'an xani'w-patshani'n',
Shalqi'g'ani' g'arip-qa'ser yel menen.

Ma'riwertten sali'ng'an saray jaylardi'n',
Aspandag'i' jaqti' juldi'z, aylardi'n'.

Mali’ ko’p du’nyada mun’si’z baylardi’n’,
Shalqi’wi’na sebep sorli’ qul bilen.

Adamni’n’ ko’rkeyip adam bolmag’i’,
Ko’n’ildin’ shadlani’p, shalqi’p turmag’i’,
Ko’zge tu’sip ulli’ ataq almag’i’,
Yesiginde u’yir-u’yir mal bilen.

Xali’qti’n’ qatarda xali’q boli’wi’,
Qaran’g’i’ tu’nektin’ jari’q boli’wi’,
Ko’kirektin’ shadli’qlarg’a toli’wi’,
Talap yetse, hu’jim yetse yel bilen.

Du’nyag’a biyqarar kelgenin bilmes,
Ya ali’s, ya jaqi’n parqi’ni’ bilmes,
Joldi’n’ uzaqli’g’i’n jigit bildirmes,
Sapar shekse jaqsi’ hadal dos bilen.

Jamanday qi’li’g’i’n ha’rgiz baslamas,
Tari’qqanda ko’z-jaslari’n jaslamas
Wo’mirinshe wo’lmegenshe taslamas,
Joldas bolsan’ uzaq jolg’a ma’rt bilen.

Maqti’mquli’ Ma’g’rip wo’tti du’nyadan,
A’rman menen jollar sali’p qi’yadan,
Wo’te almay bo’getsiz ten’iz, da’ryadan,
Wo’mirinshe ku’ni wo’tti zar bilen.

Men yi’g’larman ko’rip zamanni’n’ tu’rin,
Ba’rha bayan yetsem so’zdin’ kelerin,
Dushpanlari’m jaydi’ wo’zinin’ za’ri’n,
Ko’zim girewlendi ba’rha tu’n menen.

Men ji’lap kimlerge nali’s yetermen,
Bul du’nyada bul qa’pesti netermen?
A’rman bilen dawalasi’p ketermen,
Wo’lgenimshe i’rzalasi’p yel menen.

Maqti’mquli’ Ma’g’riptey aldi’n’di’ bolja,
Wo’lgenson’ alarsan’ tilin’nen wolja,

Qi’sqart so’zdi sori’ qaynag’an Ku’nxoja,
Wo’lgenin’she xoshlasi’p ket yel menen.

Ku’nxojani’n’ yel-xali’q ha’m a’dillik haqqi’ndag’i’ pikirleri woni’n’ «Yel menen» dep atalatug’i’n u’lken ko’lemli didaktikali’q qosi’g’i’nda yele de ayqi’n ha’m ku’shli sezim menen bayan yetilgen. Shayi’rdi’n’ tu’siniginshe barli’q na’rsenin’ ko’rki-yel, turmi’sti’n’ ha’reketke keltiriwshi ku’shi yel ha’m xali’q, du’nyadag’i’ ashi’lg’an gu’ller de xali’qti’n’ do’retken na’rseleri ha’m wolar xali’q penen g’ana ko’zge ko’rkem ko’rinetu’g’i’n na’rseler, xali’qsi’z, yelsiz jer ko’germeydi, du’nya ko’rkem de bolmaydi’. Merwertten sali’ng’an jaylar da, g’a’ziynesi toli’ alti’n aqshalar da, birewlerdin’ kiyip ju’rgen qamqa-parshalari’ da, sandi’q-sandi’q alti’nlari’ da, ha’wli-ha’rem bag’lar da xali’qti’n’ do’retkeni, xali’qti’n’ tapqani’, xali’qti’n’ man’lay teri.

Ku’nxoja barli’q na’rseni xali’q do’retti dew menen g’ana sheklenip qalmaydi’. Barli’q adamlar xali’qti’n’ arqasi’nan ku’n ko’redi, xali’q bolmasa xan ha’m patshalardan baslap woyi’na ne kelse soni’ islep, xali’qqa qi’si’m yetip ju’rgen ha’meldarlar da, mali’ ko’p minsiz baylar da ku’n ko’re almaydi’. Wolar g’a’rip-qa’ser xali’qti’n’ miynetin jati’p iship shalqi’ydi’, — dep keltiredi. Shayi’r yel-xali’qti’, a’dillikti qa’dirlew menen birge, yeger de, xalqi’n soraytug’i’n xan, ha’meldarlar zali’m bolsa, xali’qti’n’ ku’ni qayg’i’ menen wo’tedi deydi. Shayi’rdi’n «Yel menen» qosi’gi’ni’n’ ahmiyetli ideyasi’, bul jaqsi’ keleshekti xali’qti’n’ birliginde, ha’mmenin’ ja’m boli’p ha’reket yetiwinde dep tu’sindiredi. Wol wo’z do’retpelerinde xali’qti’ awi’r ku’nge duwshar yetip woti’rg’anlardi’n’ kimler yekenligin tu’sindirip berdi. Xali’qqa wo’z worni’n teren’ tu’siniwge, sanasi’n woyati’wg’a ja’rdemlesti.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

**1.** Qosi’qti’n’ ideyali’q-tematikasi’nda qanday pikirler bayanlanadi’?
**2.** Qosi’qtan shayi’rdi’n’ qanday arzi’w-a’rmanlari’n an’ladi’n’i’z?
**3.** Shayi’rdi’n’ keleshekke, jaqsi’ turmi’sqa bolg’an ko’zqaraslari’ qaysi’ qatarlarda bayanlang’an.

## AQ QAMI'S

Japi'rag'i'n' sarg'i'shlani'p,
Ko'rinedi ko'zime,
Qayg'i' menen ko'p qi'ynali'p,
Uqsataman wo'zime.

Japi'rag'i'n' jasi'l yemes,
Sarg'ayi'pti' ha'mmesi.
Boylari'n' da bir ten' yemes,
Qaplap qayg'i' perdesi.

Ko'p sho'llepsen', suw ishinde,
Bati'p-shu'mip tursan' da,
Qalti'raysan' jel pesinde,
Sonsha tami'r ursan' da.

Tami'ri'n'ni'n' paydasi' az,
Berkispegen i'layg'a,
Toqsan tu'sip, bolmadi' jaz,
Biz ne qi'ldi'q qudayg'a ?

Yesken samal seni qozg'ap,
Qayi'sti'rdi' belin'di,
Ushi'radi' yerjetpesten,
G'umshalang'an gu'lin'di.

Qarap tursam, qarap tursam,
Sarg'aymag'an jerin' joq,
Islerin'di woyg'a alsam,
Jaqti'g'a shi'g'ar ku'nin' joq.

Qara berman qami's sen de,
Quwrama suw ishinde,
Sendey boli'p turman men de,
Ko'k tayg'aqti'n' u'stinde.

Shayi'rdi'n' «Aq qami's» qosi'gi' allegoriyali'q su'wretlew usi'li'nda jazi'lg'an. Bunday astarlap su'wretlew usi'li'n shayi'rdi'n' «Qi'zi'l qum», «Azi'wli'», «Jaw torg'ay» si'yaqli' shi'g'armalari'nda da ushi'ratami'z. Bul

shi'g'armalar da shayi'rdi'n' tuwi'lg'an jerge bolg'an su'yiwshilik sezimlerin bayanlanadi'. Qosi'qtag'i' qami's shayi'r ushi'n qa'dirli ha'm su'yikli. Wolardi'n' ayani'shli' tag'diri qami'sti' su'wretlew arqali' wo'zi haqqi'nda, miynetkesh xali'q wol haqqi'nda so'z yetedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. «Aq qami's» qosi'g'i'nda shayi'r qami's arqali' kimlerdin' obrazi'n su'wretlep beredi?
2. «Tami'ri'n'ni'n' paydasi' az, Berkispegen i'layg'a, Toqsan tu'sip, bolmadi' jaz», degen qatarlardan neni tu'sinesiz?
3. Qosi'qtag'i' lirik qaharman menen aq qami's sali'sti'ri'lg'anda shayi'r ne demekshi, sizin' pikirin'iz?

## SHOPANLAR

Sarsi'li'p ku'ni-tu'n qoydi'n' izinde,
Qan qalmay sarg'ayi'p qi'zi'l ju'zinde,
Qanli' jas qaplani'p yeki ko'zinde,
Qula du'zde mi'naw ju'rgen shopanlar.

Iyninde jumi'ri' sali'ng'an torg'a,
Meslerin arqalap qozg'ali'p zorg'a,
To'sleri qayqayi'p shi'g'almay qi'rg'a,
Asqar qumdi' aralag'an shopanlar.

Shari'qtan shi'rmali'p yeki ayag'i',
Awi'r boli'p taldan kesken tayag'i',
Awi'r so'zge ha'm sarsi'li'p qulag'i',
Qula du'zde qayg'i'da ju'r shopanlar.

U'stinde shapani' biytleri ag'i'p,
Qani'n sori'p, arqasi'na wot jag'i'p,
Tiken kirip ayag'i'nan qan ag'i'p,
Yetiksiz tog'ayda ju'rgen shopanlar.

Kimnin' arqasi'n tayaqlar tilgen,
Birazi'ni'n' qoli' wotlarg'a ku'ygen,
Jasi' jetpey qi'psha beli bu'gilgen,
Sansi'z qoy keyninde ju'rgen shopanlar.

Ata-analari’ wo’lip jasi’nan,
Taz boli’p torag’i’ ag’i’p basi’nan,
Qi’zi’l qum sel boli’p ko’zdin’ jasi’nan,
Jay tabalmay ju’rgen mi’naw shopanlar.

Ash bolsa keynine yermey iytleri,
Tari’qqannan targ’i’l boli’p betleri,
Qus tu’tkendey tilkim-tilkim yetleri,
Azaptan shi’g’a almay ju’rgen shopanlar.

Jetim boli’p sharg’a bolg’an boylari’,
Arti’q ha’mmelerden aqi’l-woylari’,
Qayi’si’p baqqani’ baydi’n’ qoylari’,
Bir i’laqqa u’sh ji’l ju’rgen shopanlar.

Qaynag’an i’ssi’da qumlardi’ basi’p,
Alan’lap ko’zleri, aqi’ldan sasi’p,
Qoyi’ jayi’lg’anda arqasi’n qasi’p,
Ku’ni ushi’n ju’rgen g’arip shopanlar.

Belleri bu’gilip ko’zleri ti’ni’p,
Jatalmay dem ali’p bir maydan ji’li’p,
Topi’raqqa bi’lg’ani’p, terleri ag’i’p,
To’seksiz dalada jatqan shopanlar.

«Shopanlar» qosi’gi’nda shayi’r ash-a’ptadali’qtan betlerinen qani’ qashi’p, ku’ni-tu’ni ti’ni’msi’z asqar qumlardi’ aralag’an jallanba miynet adamlari’ni’n’ turmi’si’ so’z yetiledi. Qosi’qta shopanlardi’n’ ayani’shli awhali’ ko’z aldi’mi’zda ayqi’n sa’wleleniwin tabadi’. Mi’sali’, du’nyani’n’ barli’q ra’ha’tinen bos qalg’an, yelsiz qula du’zde ju’rgenlikten ko’zi ti’ni’p, qulag’i’ jaman so’zden sarsi’lg’an, yetleri qus tu’tkendey tilkim-tilkim boli’p, betleri targ’illani’p ketken, arqasi’n tayaq tilip, topi’raqqa bi’lg’ani’p, shan’ juti’p i’ssi’da da, suwi’qta da to’seksiz dalada jatqan, ko’z jaslari’ menen Qi’zi’lqumdi’ sel yetken shopanlar turmi’si’ni’n’ ayani’shli’ ko’rinisin sheberlik penen ko’z aldi’n’a keltiredi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Qosi'qta jallanba miynet adamlari'ni'n' turmi'si' qalayi'nsha su'wretlengen?
2. Shopanlardi'n' qoy bag'i'p, qi'ya sho'lde ju'riwine ne ma'jbu'r yetken?
3. Qoy baqqan shopanlardi'n' awhali' qanday bolg'an? Qosi'qtan mi'sal keltirip so'ylep berin'.
4. Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## A'JINIYAZ QOSI'BAY ULI'

(1824 — 1878)



A'jiniyaz Qosi'bay uli' 1824-ji'li' Moynaq rayoni'ni'n' «Qami's bo'get» degen jerinde tuwi'ladi'. Ata-babalari' bali'qshi'li'q, an'shi'li'q ha'm yegin yegip ku'n ko'retug'i'n adamlar bolg'an. A'jiniyazdi'n' a'kesi Qosi'bay, woni'n' a'kesi Baltabek, arg'i' atasi' Aqjigit wo'z da'wirinin' bati'r adamlari' bolg'anli'g'i' ma'lim. Anasi' Na'ziyra so'zge sheshen, wo'z da'wirinin' dilwar hayallari'ni'n' biri bolg'an. Da'stanlardi' jaqsi' bilgen, a'sirese, juwap ayti'sta aldi'na adam salmaytug'i'n taqi'wa adam bolg'anli'g'i' seziledi. A'kesi Qosi'bay da shayi'r ha'm mergen adam si'pati'nda ko'zge tu'sken.

A'jiniyaz jaslayi'nan-aq, woqi'wg'a berilgen, ziyrek bala boli'p wo'sedi. Biraq woni'n' jaslayi'nan anasi'nan ayri'li'p qali'wi', ko'p g'ana qi'yi'n jag'daylardi' bastan keshiriwine sebepshi boladi'. Wol da'slep, Xojamurat iyshan mediresesinde ta'lim aladi', biraq anasi'ni'n' tosattan qayti's boli'wi' woni'n' woqi'wi'n u'ziliske tu'siredi. U'yge qaraw, u'kelerin ta'rbiyalaw jas A'jiniyazdi'n' moyni'na tu'sedi. Wol qalay bolmasi'n wo'z bilimin jetilistiriw u'stinde woylana baslaydi'. Usi'nday jag'daylarda woni'n' tuwi'sqan dayi'si' Yelmurat axun wog'an wo'zinin' ja'rdem qoli'n sozadi'. «Jiyenimdi wo'zim ta'rbiyalayman» dep A'jiniyazdi'

wo’z mediresesine ali’p ketedi. Yelmurat Buxarani’n’ Mir-arab mediresesin pitkergen, wo’z da’wirinin’ bilimli adamlari’ni’n’ biri yedi. Wol diniy kitaplar menen bir qatarda Shi’g’i’sti’n’ belgili klassikleri Ferdawsiy, Saadiy, Hafi’z, Nawayi’, Bedil shi’g’armalari’n jaqsi’ wo’zlestirgen. A’jiniyazdi’n’ bul jerge keliwi wo’z bilimin jetilistiriwge u’lken jol ashi’p berdi. Keshte mediresenin’ wo’jirelerinde qali’p, Nawayi’ ha’m Hafi’z g’a’zzellerin woqi’wi’ na’tiyjesinde woni’n’ poeziyag’a bolg’an i’qlasi’ kem-kemnen ku’sheye basladi’.

A’jiniyaz jasli’g’i’nda mediresede woqi’w menen bir qatarda ko’p g’ana kitaplardi’ ko’shirip belgili ka’tip boli’w menen de tani’la baslag’an. Wol won alti’ jasi’nda Nawayi’ni’n’ diywani’n ko’shirgenligi haqqi’nda da mag’luwmatlar bar. Biraq A’jiniyaz won jeti jasi’na kelgende Yelmurat axun tosattan qayti’s boladi’. Yendi A’jiniyaz bilimin bunnan da joqari’ ko’teriw ushi’n wo’zine sa’ykes ustaz taba almay qaladi’. Soni’n’ ushi’n da wol:

Zamani’mi’z yoqtur yigit yurmaga,
At minip, ton kiyip, da’wran su’rma’ga,
Men baxti’ qarag’a ta’lim berma’ga,
Na’yleyin hesh adam shi’qpas dildari’m,—

dep jazi’p wo’zinin’ ishki ha’wirin qosi’q arqali’ beredi.

Awi’l mediresesi do’gereginde sawat ashi’w A’jiniyaz shayi’rdi’ qanaatlandi’ra almadi’. Wol bunnan da teren’irek bilim joli’n an’sar yedi. Sol waqi’ttag’i’ Xiywa ha’m Buxarani’n’ medireselerinde tiykari’nan qaraqalpaqlardi’n’ jergilikli baylari’ ha’m din iyelerinin’ balalari’n g’ana woqi’tatug’i’n yedi.

Biraq A’jiniyazdi’n’ talantli’li’g’i’, shayi’rli’g’i’ kem-kemnen awi’l adamlari’ arqali’ da tarala baslaydi’. Xiywa medireselerinde woqi’wg’a tilek bildirgen A’jiniyaz yen’ aqi’ri’nda sol waqi’ttag’i’ ashamayli’lardi’n’ belgili ulamalar menen qazi’lari’nan bolg’an Tog’uz qazi’ menen Molla Qorazlardan ja’rdem soraydi’. Usi’nday ko’rsetilgen ja’rdemler menen wol Xiywani’n’ Sherg’azi’ medire-sesine woqi’wg’a kiredi. Son’i’nan Qutli’murat inaq mediresesinde ta’lim aladi’. Shayi’r bul haqqi’nda wo’zinin’ «Megzer»

degen qosi’g’i’nda:

Tushsa yada wotan ku’nla’r,
Ag’zi’mdi’n shi’qqan ushqi’nlar,
Xorezmde yu’rgan ku’nla’r,
Zawqi’ tamashag’a megzer, —

dep jazadi’.

Xiywani’n’ Qutli’murat inaq medireseslinin’ aldi’nda, «1840—1844-ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ klassigi A’jiniyaz Qosi’bay uli’ woqi’g’an», degen jazi’wlar jazi’lg’an.

A’jiniyaz Xiywada wog’ada qi’yi’nshi’li’q jag’daylarda woqi’ydi’. Wol waqi’tta Xiywada woqi’ytug’i’nlardi’n’ ha’mmesi derlik bay ha’m din iyelerinin’ balalari’ bolg’ani’ ushi’n wolar ha’dden zi’yat qa’rejetler menen ta’miyinlenetug’i’n yedi. A’jiniyazdi’n’ a’kesi bolsa, tapqan-tutqani’ wo’zine zordan jetetug’i’n worta halli’ adam bolg’an. Soni’n’ ushi’n da wol wo’z a’kesinen ja’rdem ali’w mu’mkinshiligine iye bola almadi’. Turmi’sti’n’ qatti’ qi’yi’nshi’li’qlari’n shekti. Wo’mirdegi boli’p ati’rg’an keskin qarama-qarsi’li’qlardi’ wo’z ko’zi menen ko’rip, ju’regi menen sezip bardi’. Woni’n’ tek ilimge bolg’an i’qlasi’ g’ana medireseni aqi’ri’na shekem woqi’p pitkeriwine mu’mkinshilik tuwg’i’zdi’. Mediresede din sabaqlari’ menen bir qatarda Nawayi’, Hafi’z, Saadiy, Fizuliy shi’g’armalari’ da woqi’ti’latug’i’n yedi. A’jiniyaz bulardi’n’ shi’g’armalari’n qunt penen woqi’ydi’. Wolardi’n’ dani’shpanli’q penen aytqan so’zlerin wo’z xalqi’na jetkeriwdi maqset yetti. Shi’g’i’s klassiklerinin’ a’jayi’p da’stu’rlerin u’yrendi.

A’jiniyaz Xiywa medireseslin tamamlag’annan son’ ko’p ji’llar dawami’nda Qazaqstanda sayaxatta bolg’an. Shayi’rdi’n’ ko’p ji’llar dawami’nda Qazaqstanda boli’wi’n ali’mlar yeki tu’rli boljaydi’:

Birinshi topardag’i’ ali’mlar bul jag’daydi’ xan siyasati’ menen baylani’sti’ri’p, «Qazaqstan dalalari’nda islam dinin ken’nen tarqati’w ushi’n Xiywadan jiberilgen ulamalar arasi’nda A’jiniyaz da bolg’an», — dep ta’riypleydi. Yekinshi topardag’i’ ali’mlar bul waqi’yani’ A’jiniyazdi’n’ atasti’ri’lg’an qi’zi’ni’n’ birden jog’ali’p ketiwi, yeki tu’rli

pikirdi payda yetkenligi, geyparalari’: «Basqa bir jigit qi’zdi’ Qazaqstang’a ali’p qashi’p ketken. Bunnan keyin qi’zdi’n’ ag’ayinleri A’jiniyazg’a, «Bul iste senin’ qoli’n’ bar, qi’zdi’ tawi’p beresen’, ya bolmasa quni’n to’leysen’» dep shataq salg’an. A’jiniyaz usi’nday sebepler menen Qazaqstanda birneshe ji’llar dawami’nda bolg’an, — degen pikirdi aytadi’.

Shi’ni’nda da, yen’ da’slep A’jiniyazdi’n’ Qazaqstang’a wo’z qali’n’li’g’i’n izlep barg’ani’ da duri’s. Bul jumbaqti’n’ to’rkini shayi’rdi’n’ «Shi’qti’ jan», «Molla Yerime» qosi’qlari’nda ani’q ayti’lg’an. Mi’sali’:

Tapmadi’m heshbir xabar, gezip ja’ha’nnin’ kishwari’n,
Aqli’-hushi’m qatti’ izlep wol zali’mni’n’ duxtari’n.

(«*Shi’qti’ jan*»)

«Duxtar» so’zi parsi’ tilinde «qi’z» mag’anasi’n an’latadi’.

Soni’n’ ushi’n da, A’jiniyazdi’n’ Qazaqstanda uzaq waqi’tlar boli’wi’nda yeki fakt te bir-biri menen qosi’li’p ketken. Wol yen’ da’slep, qi’rg’a qi’z izlep barg’an bolsa son’i’nan bul ma’sele basi’li’p ketkennen keyin de, Qazaqstanda talay ma’rtebe bolg’an. Demek, wol Qazaqstanda ma’deniy ag’arti’wshi’li’q isleri menen de shug’i’llang’an. Bul pikirdi «Qazaqstan» du’rkinindegi jazi’lg’an qosi’qlari’ ani’q tasti’yi’qlaydi’. A’jiniyazdi’n’ Qazaqstandag’i’ wo’miri woni’n’ «Shi’qti’ jan» qosi’g’i’nda jaqsi’ bayanlang’an.

A’jiniyaz Qosi’bay uli’ Qazaqstan dalalari’nda birinshi ma’rtebe jigirma jaslari’nda 1845—1846-ji’llar shamasi’nda bir ji’lg’a shamalas boli’p qaytqan. Son’i’nan wo’z awi’li’na kelip ashamayli’ uri’wi’ ayi’lli’ tiyresinen Ha’mra degen qi’zg’a u’ylengen. Wonnan Nag’metulla, Habibulla, Nietulla degen u’sh bala ha’m Hu’rzada atli’ bir qi’z tuwi’ladi’. Shayi’rdi’n’ aqli’q-shawli’qlari’ ha’zirgi Qon’i’rat, Qanli’ko’l, Shomanay rayonlari’nda ha’m de No’kis qalasi’nda turadi’.

A’jiniyaz Qosi’bay uli’ 1858 — 1859-ji’llardag’i’ Qon’i’rat ko’terilisinin’ tek qatnasi’wshi’si’ g’ana yemes, woni’n’ baslawshi’lari’ni’n’ biri boldi’. Soni’n’ ushi’n da, wol ko’terilis basti’ri’lg’annan keyin Xiywa ha’meldarlari’ ta’repinen tutqi’ng’a ali’ni’p, Tu’rkmenstanni’n’ Tashawi’z wa’layati’ni’n’ a’tirapi’na jer awdari’wg’a jiberiledi. Aradan u’sh ji’l wo’tkennen keyin wol tutqi’nnan qashi’p quti’ladi’.

A’jiniyaz Tu’rkmenstanda ju’rgen ku’nlerinde belgili tu’rkmen klassigi Maqti’mquli’ni’n’ qosi’qlari’n qunt penen u’yrengen. Usi’g’an baylani’sli’ wol Maqti’mquli’ni’n’ ko’p g’ana qosi’qlari’n wo’z do’retpesinen qosi’p ken’eytip jazg’an.

A’jiniyaz shayi’rdi’n’ qi’rg’a u’shinshi bari’wi’ 1864-ji’ldi’n’ a’tirapi’ dep shamalawg’a boladi’. Sebebi, Wol usi’ ji’li’ qazaqti’n’ shayi’r qi’zi’ Men’esh penen ayti’sqan. Ayti’sti’n’ tekstine qarag’anda da bul waqi’tlari’ A’jiniyaz qi’rq jasi’nda bolg’an.

Usi’ da’wirdegi A’jiniyazdi’n’ shayi’rli’q shen’berinin’ yen’ jetilisken gezleri dep qarawg’a boladi’. Bul saparda da A’jiniyaz u’sh ji’lday wo’mirin Qazaqstanda wo’tkizgen. «Yellerim bardi’», «Megzer», «Barmeken», «Bardur», «Ayri’lsa», «Qash-qash» ha’m «Xoshlasi’w» du’rkinindegi qosi’qlari’n jazg’an. A’jiniyaz qi’rg’a u’shinshi ma’rtebe barg’ani’nda Qojban degen bayg’a u’sh ji’l dawami’nda molla boli’p jallang’an. Bunnan keyin wol wo’zinin’ tuwi’lg’an awi’li’nan hesh jaqqa shi’qpag’an. Bozataw, Qami’s bo’get, Jetim wo’zek degen jerlerde mektep ashi’p, jergilikli xali’q balalari’n woqi’tqan, do’retiwshilikke berilip qosi’qlar jazg’an.

Ko’rnekli shayi’r 1878-ji’li’ yeliw to’rt jasi’nda qayti’s bolg’an. Shayi’rdi’n’ denesi Quwanda’ryani’n’ boyi’ndag’i’ Quwsi’ri’q qoyi’mshi’li’g’i’na jerlengen.

A’jiniyazdan bizge ha’r qi’yli’ temada jazi’lg’an bir ju’z yeliwge jaqi’n lirikali’q qosi’qlari’ miyras boli’p qaldi’. Wol qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’nda asa bilimli lirik shayi’r boli’p qali’w menen birlikte, wo’z qoljazbalari’n miyras yetip qaldi’ra alg’an belgili ko’rkem so’z iyelerinin’ biri.

## AYRI’LSA

Yelinen ayri’lg’an diywana bolar,
Yari’nan ayri’lg’an biygana bolar,
Ha’rreler ushuban pa’rwana bolar,
Uyasi’ buzi’li’p paldan ayri’lsa.

G’osh jigittin’ da’wleti bar basi’nda,
Ha’m ag’asi’, ha’m inisi qasi’nda,
Ha’rkim wo’z yelinde ten’i-tusi’nda,
Yigit qa’diri bolmas yelden ayri’lsa.

Tulpar degen yabi yan’li’ bolmaydi’,
Tawdan qaytpas doynag’i’nan ayri’lsa,
Da’rt ko’beyse ta’nde da’rman qalmaydi’,
Jer tayani’p qanati’nan qayri’lsa.

Adam ug’li’ ha’rgiz g’api’l bolmasi’n,
Qi’zi’l gu’li g’umshalani’p solmasi’n,
Aq ju’zine sarg’i’sh qayg’i’ tolmasi’n,
Hali’ qi’yi’n qanati’nan qayri’lsa.

Bul du’nyani’n’ ko’rki — adam balasi’,
Adamni’n’ da ko’kke jeter nalasi’,
Ko’n’ildin’ ko’p bolur qayg’i’-japasi’,
Xosh qi’li’qli’ sa’wer yardan ayri’lsa.

Bu’lbu’l qa’peste tur sayrarg’a tezden,
Sheshenler uti’lsa tuwri’li’q so’zden,
Ko’rgishler ayri’lsa wol yeki ko’zden,
Qi’yi’n bolar g’apilette ayri’lsa.

Shayi’rdi’n’ «Ayri’lsa» qosi’gi’ filosofiyali’q mazmung’a iye. Qosi’q wo’z yeline bolg’an watandi’ su’yiwshilik ideyasi’ menen suwg’ari’lg’an. Qosi’qta shayi’rdi’n’ wo’mirine baylani’sli’ waqi’yalar da su’wretlenedi. Sebebi A’jiniyaz da miynetkesh xali’q penen birge turmi’sti’n’ ju’da’ awi’r qi’si’wmetlerin ko’rdi. Bul awi’r turmi’stan filosofiyali’q-didaktikali’q woy juwmag’i’n shi’g’aradi’.

Yel-xali'qti' su'yiw ideyasi'n, dosli'qti', tuwi'sqanli'qti', adamdi' su'yiw ideyasi' menen baylani'sti'radi'. Yelden ayri'lg'an adam menen uyasi' buzi'lg'an pal ha'rresinin' ha'reketin sali'sti'ri'w arqali' shayi'r jasag'an da'wirinin' tipin, sharayati'n ashi'p beredi. Sonli'qtan, «yelden ayri'lg'an jigittin' qa'diri bolmaydi'» dep ayti'wi'ni'n' sol da'wir ushi'n u'lken a'hmiyeti bar. Biraq shayi'rdi'n' ko'zqarasi' boyi'nsha adam ha'r qiyli'. Shayi'r wolardi'n' arasi'ndag'i' wo'zgeshelikti ayi'ri'p aladi'. Usi' wo'zgeshelikti ko'rsetiw ushi'n turmi'sti'n' ha'r qi'yli' detallari'n tan'lap aladi' ham sali'sti'radi'. Qosi'qta adamni'n' adamg'a bolg'an muhabbati'n da ko'rsetedi. Sonli'qtan, wol «adam uli' adam qa'dirin biliw»di uqti'ri'p woti'radi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** «Ayri'lsa» qosi'gi'nda tu'wi'lg'an jerdin' qa'dir-qi'mbati' haqqi'nda qanday pikirler ayti'lg'an?
**2.** Qosi'qta yel-xali'qti' su'yiw haqqi'nda neler ayti'lga'n?
**3.** «Bul du'nyani'n' ko'rki — adam balasi'» degende neni tu'sinesiz, pikirin'izdi ayti'n'.
**4.** Qosi'qti'n' ideyali'q mazmuni'n ayti'p berin'.

## JAQSI'

Adam uli' adam qa'dirin bilmese,
Wonnan du'zde wotlap ju'rgen mal jaqsi'
Aytqan so'zdin' mag'anasi'n bilmese,
Wol adamnan tilsiz wo'sken lal jaqsi'.

Du'nyag'a shi'qqan son' bergey qudayi',
Den sawli'qti'n' bolmas hesh ten'i-tayi'
Ha'r kimnin' wo'zine Mi'srdi' jayi'
Shu'kir-sa'ne yetin', qa'dirin bil jaqsi'.

Kisinin' yari'na ku'lip baqqannan,
Shi'bi'n jani'n ishqi' woti'na jaqqannan,
Wo'z boyi'n'a tu'rli nasaq taqqannan,
Wo'z yari'n'ni'n' ta'rbiyasi'n ber jaqsi'.

Giyne qi'li'p jurtti' taslap ketkennen,
Qa'dirin bilmes jerde xi'zmet yetkennen,

Jat yellerde mu'sa'pirlik shekkennen,
Uri'n-so'gip qorlasa da yel jaqsi'.

Saqlag'aylar quda patsha qa'hrinen,
Ji'raq saqlag'aysan' shaytan sha'rtinen,
Minnetli pal ashshi' bolar za'ha'rden,
Ku'lip-woynap bergen zag'ara jaqsi'.

Tuwri' joldi' taslap qi'ysi'q ketkennen,
Dos boli'p dosi'nan ga'pin giznegen,
Dosqa qi'lap qi'li'p, yalg'an so'zlegen,
Wonnan won bes jasar arbat jaqsi'di'.

Jol bilmesen' jol soran'i'z bilgennen,
Gu'der u'zbe i'qrari'nda turg'annan.
Yaman menen qi'rq ji'l da'wran su'rgennen,
Yaqshi' menen bir dem sa'wbetler jaqsi'.

Ko'p gezdim, yaran'lar, shadli' du'nyani',
Wo'tirikshinin' bolmas anti'-iymani'.
Ha'rgiz jaqi'nlatpas ke'lgen miymanni',
Ji'lag'an, mu'ta'jdi quwantqan jaqsi'.

Shayi'r ha'rbir adamni'n' wo'z yelin, xalqi'n, tuwi'lg'an jeri menen Ana-Watani'n qa'dirlep-qa'sterlewge, hadal ha'm tuwri' joldan ju'riwge, dosli'qqa sadi'q boli'wg'a, g'i'ybat, jalg'annan saqlani'wg'a u'git-na'siyatlawshi' didaktikali'q qosi'qlari'n ko'plep do'retti. Bul a'sirese, shayi'rdi'n' «Jaqsi'» qosi'gi'nda ayqi'n su'wretleniwin tapti'. A'jiniyazdi'n' pikiri boyi'nsha tuwi'lg'an jer, ha'rqanday adamni'n' baxi't sarayi'. Sonli'qtan da, ha'rbir adamni'n' wo'zi tuwi'lg'an ana topi'rag'i' ushi'n xi'zmet yetiwi kerekligin aytadi'. Wol wo'z tuwi'lg'an jerin taslap, wo'zge jerden baxi't izlewshilerdi si'ng'a aladi'. Buni'n' sebepleri de bar. Sebebi A'jiniyaz ishki dushpanlardi'n' reyimsizligi na'tiyjesinde wo'z tuwi'lg'an ma'kani'nan ju'da boli'p, ko'p yellerde qi'yi'nshi'li'q penen ku'n keshiriwge ma'jbu'r boladi'. Shayi'rdi'n' qosi'qlari'nda Watan sag'i'ni'shi'ni'n' basli' tema da'rejesine ko'teriliw sebebi de sonnan.

A’jiniyaz jasag’an da’wirde de adamlardi’n’ jaqsi’ ha’m jaman a’detleri wolardi’n’ tu’r-tu’si yamasa boy-si’ni’na qarap yemes, ju’ris-turi’si’, minez-qu’lqi’, so’ylegen so’zi menen islegen is-ha’reketleri tiykari’nda belgilep berildi. «Jaqsi’» qosi’gi’nda da adam balasi’ni’n’ insani’yli’q kelbeti tu’r-tu’sinen yemes so’ylegen so’zi menen pari’qlanadi’, ja’ne de wo’zi si’yaqli’ adamni’n’ qa’dirin bilmegen adamnan mal jaqsi’, aytqan so’zdin’ ma’nisin bilmegennen tilsiz adam jaqsi’, — degen ani’q pikirlerdi wortag’a qoyadi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

**1.** Qosi’qta qanday aqi’l-na’siyat pikirler ayti’ladi’?
**2.** Qosi’qti’n’ mazmuni’n tu’sinip, ayti’lg’an na’siyat so’zlerdi ayti’p berin’.
**3.** «Den sawli’qti’n’ bolmas hesh ten’i-tayi’
Ha’r kimnin’ wo’zine Mi’srdi’ jayi’» degen qatarlardi’ tu’sindirin’.
**4.** Qosi’qti’ yadlap ali’n’.

## DA’WRAN BOLMADI’

Sa’nemler qoli’nda tilla saz yedim,
Ha’wijge keltirer ja’nan bolmadi’,
Tug’i’ri’mda talpi’ng’an alg’i’r baz yedim,
Qa’lpe-sa’yyadlari’m maman bolmadi’.

Wo’mir berse ishi-ti’si’ a’rmanli’,
Ne da’rkar su’rmesen’ besh ku’n da’wrandi’,
Sho’llerde yu’girga’n ahi’w-ja’yrandi’,
Sayalag’an shelli da’wran bolmadi’.

A’lip qa’ddim daldek boli’p bu’gildi,
Ko’zlerimnen qanli’ yashi’m to’gildi,
Jol boyi’na u’ygen hasi’l yu’gimdi,
Bazarg’a yeltkendey ka’rwan bolmadi’.

Da’rek yoq ushi’rg’an quba qushi’mnan,
Bazari’m tarqadi’, yerte peshinnen,
Ka’rwan wo’tken waqta menin’ tushi’mnan,
Ko’n’il mu’lkim jolg’a a’njam bolmadi’.

Si’ri’m pash yetmedim ha’rgiz heshkimge,
Sita’mka’r a’yledim jang’a besh ku’nde,
Guzar da’rbentine qurg’an ko’shkimde,
Da’rtimdi da’rtleser ha’mdam bolmadi’.

Du’nya bir ko’rsetip La’yli jamali’n,
Aldi’-ketti pikri-zikri qi’yali’m,
Qi’rman tayar waqta bermey shamali’n,
Shamal berse, atar qi’rman bolmadi’.

Bu’lbu’ldi zar yetip sha’yda gu’lla’ra’,
Ma’jnu’ndek aydaba’n sho’lden sho’lla’ra’,
Nesiybem ko’p shashi’p g’ayri’ yella’ra’,
Sho’plep boldi’m desem, tamam bolmadi’.

Mende watan boldi’ yelatsi’z qalg’an,
Bag’lari’nan bu’lbu’l ushi’p, zag’ qong’an,
Ziywar der du’nyag’a kelgenim yalg’an,
Mende bir biyqayg’i’ zaman bolmadi’.

Shayi’r wo’zinin’ ko’pshilik qosi’qlari’nda ja’miyettegi socialli’q ten’sizlikti, miynetkesh xali’qti’ ha’m woni’n’ belgili wa’killerinin’ awi’r awhali’n, adamlardag’i’ ha’mme na’rsege bolg’an mu’ta’jlikti, usu’nnan payda bolatug’i’n wolardi’n’ a’rmanlari’n shayi’r wo’zinin’ ko’pshilik qosi’qlari’nda lirikali’q qaharman obrazi’nda ja’mlep su’wretleydi. Shayi’rdi’n’ «Da’wran bolmadi’» qosi’gi’ndag’i’ lirik qaharman aqi’l-parasatli’, sawatli’ adam boli’p, haqi’yqatli’qti’, a’dalatli’qti’ su’yetug’i’n adam. Qosi’q qatarlari’nan ma’lim bolg’ani’nday wol ju’da’ sergek woyli’, qi’yali’ ju’yrik adam si’pati’nda su’wretlenip, du’nyada biyma’lel, ti’ni’sh, baxi’tli’ ku’n keshiriwdi a’rman yetedi. Wol go’zzalli’qqa jani’ qumar. Biraq woni’n’ bunday si’rli’ ishki a’lemin tu’sinetug’i’n wol jasag’an zamanda si’rlas adam tabi’lmaydi’. Bu’l qosi’qti’n’ mi’na qatarlari’nda ayqi’n bayanlanadi’.

Si’ri’m pash yetmedim ha’rgiz heshkimge,
Sita’mka’r a’yledim jang’a besh ku’nde,

Guzar da'rbentine qurg'an ko'shkimde,
Da'rtimdi da'rtleser ha'mdam bolmadi'.

Qosi'qtag'i' «Sita'mka'r a'yledim jang'a besh ku'nde» — degen qatarlar, bul du'nyada ha'mmesin ishke bu'gip ju'rdim, ishley azap shektim, degen ma'niste.

Qosi'qta lirik qaharmanni'n' ishki da'rti tek buni'n' menen sheklenip qalmaydi', wog'an arzi'w-a'rmanlari'n iske asi'ri'wga' imkaniyat joq, wol wo'zindegi ku'sh-quwati'n, talanti'n, sonshama uqi'bi'n tiykarg'i' maqsetke xi'zmet yettire almaydi', wog'an jol joq. Wol qayda barmasi'n, qay jerde bolmasi'n, woni' ba'rqulla kewilsizlik, qayg'i' ha'm awi'r miynet ku'tip turadi'. Jeke adam imkaniyati'ni'n' pu'tkilley sheklenip, quri'p bari'wi'na XIX a'sir-degi qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'n ayani'shli' awhalg'a giriptar yetken patriarxal-feodalli'q qatnasi'qlar, social ja'miyetlik du'zim ayi'pli' yedi. Biraq shayi'r ja'miyettin' rawajlani'wi'ni'n' bunday tariyxi'y ni'zamli'qlari'n bilmedi. Lekin, wol buni' tu'sinbegen menen, feodalli'q qatnasi'qlar payda yetken xali'qti'n' awi'r turmi'si'n, ayani'shli' awhalg'a giriptar yetken jan shorshi'tatug'i'n haqi'yqatli'qti' lirikali'q ku'sh penen su'wretley aldi'. Qosi'qta shayi'rdi'n' lirik qaharmani' usi'nday keskinlesken wo'mir haqi'yqatli'g'i'nan do'redi. Qosi'qtag'i' lirik qaharman arzi'w-a'rmani'na jetisiwdin' ko'p azabi'n' shegedi, wol qanshama talpi'ni'slar, ha'reketler isleydi, biraq wo'zi jasag'an, zaman ha'mmesine tosqi'nli'q yetedi. Woni'n' woylag'ani'na yerise almag'ani' obrazli' qatarlar menen su'wretlenedi.

A'jiniyaz jasag'an zaman qi'yi'n boli'wi'na qaramastan, shayi'r bunday da'wir qi'si'wmetine shi'dam bere aldi'. Wol heshqashan du'nyadan tu'n'ilmeydi'. Keleshekke u'lken isenim menen qaraydi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Qosi'qta lirik qaharmanni'n' ishki keshirmeleri qalay beriledi?
**2.** Qosi'qta zaman ten'sizligi qalayi'nsha wo'z sa'wleleniwin tapqan?
**3.** Qosi'qti' tu'sinip woqi'n' ha'm ayti'p berin'.

**4.** Mug'allimnin' ja'rdeminde qosi'qtag'i' ayi'ri'm so'zlerge so'zlik du'zin'.

## A'JINIYAZ BENEN QI'Z MEN'ESHTIN' AYTI'SI'

*(u'zindi)*

Men'esh: Wo'len'di aytalmaydi' heshkim mendey,
Men aytaman wo'len'di kemengerdey,
Saqlap qoyi'p qara wo'len' i'ri's bola ma,
Ayt degende wo'len'di qoya bermey.

Wo'len'di mennen basqa wo'len'shiler,
Aytalmas ayt degende hesh kidirmey,
Ko'p ishinde wo'len'di men aytaman,
Albi'ramay, jan'i'lmay, hesh mu'dirmey.

Yer kisi yeki talay ji'r bolg'anda,
Bolmaydi' menin' menen kim ten'eltay,
Bul jerden turi'p ketsek qi'zi'g'i' joq,
Senlerge bes-alti' awi'z ayti'p bermey.

Wo'len'di ashi'wlansam jep qoyarman,
Jaz bag'i'p, gu'zgi soyg'an semiz surday,
Xojeke, ayti'p wo'len' hari'di'n' ba?
Bolmasa jasi'n' jetip qari'di'n' ba?

Qi'zi'man Baytursi'nni'n' ati'm Menesh,
Xojeke, a'li meni tani'di'n' ba?

A'jiniyaz: Men wo'zim wo'len' ayti'p hari'madi'm,
Awi'li'n'a bir a'rmani'm dari'madi'm,
Qazaqta Menesh te ko'p, Da'mesh te ko'p,
Buri'nnan ko'rmegen son' tani'madi'm.

Men'esh: Xojeke bi'lti'r meni ko'rmedin' be,
Menin' Menesh yekenimdi bilmedin' be?
Qaytqanda Aral jaqtan bir balamen,
U'stime suw basi'nda kelmedin' be?

A’jiniyaz: Ju’zin’ i’si’q ko’riner bir ko’rgendey,
Ayti’si’p ku’ni-tu’ni bir ju’rgendey,
Bi’lti’rg’i’ suw basi’nda jalan’ash qi’z,
Senbedin’ si’ni’q wo’rkesh g’arri’ ingendey.

Men’esh: Asti’ma mingen ati’m sur qara ker,
Sorg’alap sur qaradan ag’adi’ ter.
Mollalar ko’risiwdi su’nnet deydi,
Xojeke, ko’riseyik qoli’n’di’ ber.

A’jiniyaz: Ko’rissen’, a’kel qoli’n’ aw, qi’z bala,
Jasi’n’di’ uzaq qi’lsi’n alla taala,
Bi’lti’rg’i’ suw basi’n’da Men’esh bolsan’
Ju’rsin’be aman yesen sen biyshara?

Men’esh: Men ju’rmen aman yesen woynap-ku’lip,
Toy bolsa wo’len’ ayti’p da’wran su’rip,
Aman bari’p, yesen saw keldin’iz be,
Atan’ anan’, ag’ayin jurti’n’ ko’rip?

A’jiniyaz: Men keldim ag’ayin jurti’m ko’rip,
Atam menen anama sa’lem berip,
Ne qi’lari’n wo’zin’ bil, qi’z aq Men’esh,
Qoli’n’a bir aq sun’qar keldi qoni’p.

Men’esh: U’stin’e kiygen toni’n’ qi’zi’l bolsi’n,
Xojeke, wo’mir jasi’n’ uzi’n bolsi’n,
Yendi sennen jol bolsi’n so’z surayi’q,
Kelipsen’, toyqanag’a joli’n’ bolsi’n.

A’jiniyaz: Yesittim sizdi alashtan bal qi’mbat dep,
Men keldim bir ko’riwge qanday zat dep,
Qoymadi’ hesh yerkime mi’rza Qojban,
Tusi’n’da aq Men’eshtin’ wo’len’ ayt dep.

Men’esh: Men wo’zim qi’zi’l tilge jurttan wozg’an,
Keldin’ be jen’emen dep meni jazg’an?
Jati’p qalg’an jerin’nen su’yreleklep,
Ayti’s dep, ali’p keldi me mi’rza Qojban?

A’jiniyaz: Ayti’s dep ali’p keldi mi’rza Qojban
Mende sendey qi’z ko’rsem arqam qozg’an,

Bolg'anda sa'ha'r waqta qi'zi'g'i'n ko'r,
Tosanli'g'i'm bar menin' yele qi'zban.

Men'esh: Wo'len'ge sende wozsan', mende wo'zg'an,
Ko'rgende wo'len'shini arqam qozg'an,
Ko'silip joli'm u'yde jata bermey,
Keldin' be jen'ermen dep meni jazg'an?

A'jiniyaz: Sende wo'zsan' wo'len'de mende wozg'an,
Ko'rgende wo'len'shini arqam qozg'an,
Qalay aytsan' wolay ayt qi'z aq Men'esh,
Shaytani'm seskenbeydi sendey qi'zdan.

Men'esh: Wo'len'ge sende wo'zsan', mende wo'zg'an,
Ko'rgende wo'len'shini, arqam qozg'an,
Ayti'ssan' jazi'g'i' joq, men jen'ermen,
Kisi joq kishi ju'zde wo'len'ge wozg'an.

A'jiniyaz: Wo'len'ge sende wozsan' mende wozg'an,
An'lap shap baytali'n'di' ji'g'i'lar jazg'an,
Baytali'n'ni'n' borbayi'na qamshi'lama,
Hesh jerde bar ma baytal attan wozg'an.

Men'esh: Baytali'm ha'rbir attan wozi'p ju'rgen,
Qazaqta at joq buni'n' shan'i'na yergen,
Baytali'm ju'yrikligi jurtqa ma'lim,
Ha'r toyda bas ba'ygige kelip ju'rgen.

A'jiniyaz: Aq Men'esh bu'gin tan'as, yendi jatpa,
Jata qoysan' baytali'n' bolar qatpa
Baytal shawi'p ba'ygi almas degen so'z bar,
At ben shawi'p baytali'n' ti'rtan'latpa.

Men'esh: Baytali'm ha'rbir attan wozi'p ju'rgen,
Mal ko'rmes bul baytaldi' atqa bergen,
Baytali'm ha'rbir attan wozar yedi,
Aytta-toyda qazaqtan si'nshi' ko'rgen.

A'jiniyaz: Baytali'n' ayti'wi'n'nan ju'yrik baytal,
Bizde bar gu'ren' ayg'i'r, shi'm qara jal,

Baytaldi'n' quyri'q jali'n kuzep ali'p,
Arg'i'maq ayg'i'r sal da balasi'n al...

M e n ' e s h: Jazg'i'turda ma's boli'p ag'ar Jayi'q,
Wori'slar wol Jayi'qqa salar qayi'q.
Istesen' qayi'm wo'len' qayri'larsan',
Xojeke, jo'n wo'len'di ayti'sayi'q.

A ' j i n i y a z: Men wo'zim wo'len' baslap aytalmayman,
Wo'len'di birew aytsa qayta almayman,
Jo'n wo'len'di qi'yi'n ayt, qoy, qayi'm ayt,
Aq Menesh qi'z izin'nen men qalmayman.

M e n ' e s h: Awi'li'mni'n' aqsaqali' Qasi'm, Tasi'm,
Bizlerdi surap barsa ten' qurdasi'm,
Kelbetin' qan to'redey kelisipti,
Ji'li'n'di' ayt, Xojeke, nede jasi'n'?

A ' j i n i y a z: Toy bolsa qi'zi'l tondi' kiyermisen',
Woti'na ashi'qli'qti'n' ku'yermisen',
Ji'li'm qoy, jasi'm qi'rqta qi'z ay Men'esh,
Sen mag'an jasi'm surap tiyemisen'?

M e n ' e s h: Xojeke, jasi'n' qi'rqta, ji'li'n' qoydi',
Du'nyani'n' qi'zi'g'i' tek ayt ben toydi',
Men sag'an tiyer yedim shi'ni'm menen,
Birewge a'ke-sheshem berip qoydi'.

A ' j i n i y a z: Ne qi'lsi'n bermey seni mal bolmasa,
Ishpege ayran, jemege nan bolmasa,
Hawa anadan qalg'an jol neter deysen',
Ku'yewin' alpi's jasar shal bolmasa?

M e n ' e s h: Sur qara suw ishedi jem bermeymen,
Minemen qi'si'-jazi' dem bermeymen,
Shal desen'de bul Bekish wo'zime jas,
Men wo'zim boz baladan kem ko'rmeymen.

A ' j i n i y a z: Aq Men'esh, mi'naw turg'an yari'n' tag'ay,
Asi'lg'an qatebin'de nari'n' tag'ay,
Wolay demey, aq Men'esh, ne deysen' sen?
Shal da bolsa, wo'zin'nin' bari'n' tag'ay.

M e n ' e s h: Xojeke, kelmegeydi kerilshegin',
Boz u'yde uslamasi'n yerinshegin',
Usi' jerde sennen bir so'z sorayi'n,
Yelin'de barma senin' kelinshegin'.

A ' j i n i y a z: Ji'yi'li'p tamam Tama tabi'nsha joq,
Mi'n'san' sa'rdar wori'sti'n' xani'nsha joq,
U'yimde hayi'li'm bar aydan ari'w,
Qazaqti'n won qi'zi' bir sani'nsha joq.

M e n ' e s h: Yelin'nen sen qazaqqa ne dep keldin'?
Joqari'dan to'mennen ne ga'p bildin'?
Wobali' moyi'ni'n'a jen'eshemnin',
Woni' taslap qazaqqa ne dep keldin'?

A ' j i n i y a z: Yelimnen men qazaqqa mal dep keldim,
Joqari'dan to'mennen ha'r ga'p bildim,
Wo'zin'izdey u'lken-u'lken mi'rza qi'zdan,
Yeltiri sen'sen alayi'n men dep keldim.

M e n ' e s h: Yeltiri joq, bar sag'an alsan' shobi't,
Yeltirige qazaqti'n' wo'zi de jut,
Aman barsan' balan'a ton qi'larsan',
Bereyin teri-tersek tilesen' mut..

A ' j i n i y a z: Alayi'n men terin'di sen bersen' mut,
Bermesen' keterimde qalar umi't,
Bermegen sorag'anda yeltirin'di,
Berersen' kelse wori's, nog'ay, un'g'i't.

M e n ' e s h: Xojeke, qayt yelin'e ji'ynasan' mal,
Qaytpasan' jen'esheme bolar wobal,
Wori'sqa bar yeltirim wo'zin'e joq.
Ishin'e pi'shaq urda jari'la qal.

A ' j i n i y a z: Bir alladan basqa joq si'yi'ni'wi'm
Qudayi'm su'rnitpesin, bir tilewim.
A'kemnin' qoyg'an ati' Haji'niyaz,
Uri'wi'm-qaraqalpaq sol su'yegim.

M e n ' e s h: Qalpaq bolsan', jani'msan' jat bolmassan',
Saqali'n'a aq yengen qart bolmasan'.
Qoli'n' jayi'p bizlerden bir tilersen',
Usi' ku'ni, Xojeke, qart bolmasan'.

A ' j i n i y a z: Men tilermen yelede sen bermessen',
Bizlerdi mu'sa'pir dep ko'zge ilmesen',
Mende bir asa jurtti'n' adami' yedim,
Aq Men'esh, qa'dirimdi sen bilmessen'.

M e n ' e s h: Sen mag'an kel dedin' de kelmedin' be?
Yele men qa'dirin'di bilmedim be?
Xojeke, yele mennen ne tiledin'
Men sag'an tiledin' de bermedimbe?

A ' j i n i y a z: Yelime aytta-toyda ju'riwshi yedim,
Qi'zlar menen ha'm woynap ku'liwshi yedim,
Qalay aytsan' wolay ayt, qi'z aq Men'esh,
Yelimde sendey qi'zg'a bari'wshi' yedim.

M e n ' e s h: Ne tatli' bul du'nyada, tatli' yeken tuz,
Biledi Men'esh dese, kishi, ulli' ju'z
Xojeke, sennen men bir so'z surayi'n
Bizlerdey bar ma yelin'de a'demi qi'z?

A ' j i n i y a z: Aq Men'esh, qi'z ishinde sen ko'z woynaq.
Ko'rmegen suli'w qi'zlar Asti'rt-woyda-aq,
Ko'rmegen suli'w qi'zlar bizin' yelde,
Heshqaysi'si'ni'n' beti shubar, yemes soylaq,
Qazaqta aqsan', shoynaq ko'p bola ma?

Bir-yeki, u'shin ko'rdim usi' toyda aq.
Nesiben' boli'p bara qoysan' bizin' jurtqa,
Asti'n'a atan tu'ye minip jaydaq,
Malsi'z, pulsi'z meni al desen' dag'i',
Alsa alar toqalli'qqa, almas boydaq.

M e n ' e s h: Yerten' tura azannan yel ko'shedi,
Ko'shken ku'ni adamni'n' ko'n'li wo'sedi,
Xojeke, sennen men bir so'z surayi'n,
Qi'zlari'n'i'z ne jeydi, ne ishedi?

A'jiniyaz: Jegeni mayli' palaw, ishkeni shay,
Shay iship, palaw jese, kewili jay,
Qoli'nda shi'ni' kese, shi'ni' shaynek,
Ishedi qantli' shaydi' qara suwday.

Basi'nda jipek tu'rme, shayi' jegde
Qi'zlari' bizin' yeldin', mine, sonday,
Qi'zlari' bizin' yeldin' ana quwday,
Qazaqqa bi'lti'r keldim, bi'yi'l keldim,
Men yele ko'rgenim joq qi'zdi' wonday.

Men'esh: Ko'shkende qi'zlari'n'i'z ne minedi?
Aytta-toyda qi'zlari'n' ne kiyedi?
Qaraqalpaq degende, jurt boli'ppa?
Degenin' qaraqalpaq nemene yedi?

A'jiniyaz: Ko'shkende ko'len'keli bar ku'ymesi,
Ko'ylegi darayi'dan won tu'ymesi,
Shi'ldi'ri', wo'n'ir monshaq bar ja'nesi-
Bilezik, ju'zik, si'rg'a ko'p nemesi,
Beli qi'lday, wo'n'irinde ha'r tu'ymesi,
Kiyinip haytlap shi'qsa woni'-besi,
Hesh aylanbay ketpeydi ko'rgen kisi,
Ko'riner ishken asi' tamag'i'nan,
Sen tu'gil hu'rler menen bardi' ba'si,
Arqadan birli-jari'm qazaq barsa,
Bir ko'rgennen qaladi' awi'p yesi.

Men'esh: Qosi'lsa yeki jaqsi' balday bolar,
Birewi ta'n, birewi janday bolar,
Xojeke, sennen men bir so'z surayi'n,
Jigiti sizin' yeldin' qanday bolar?

A'jiniyaz: Jigiti bizin' yeldin' bolar g'oshshaq,
Belinde tilla' kamar, alti'n pi'shaq,
Jigiti bizin' yeldin' mine sonday,
Pashshayi' si'mli' balaq jipek shashaq,
Mingeni arg'i'maq at moyni' quwday,
U'stinde aq basli' yer basi' shoshaq,
Basi'nda alti'n ju'wen qos siynement,

Ko'ylekshesinin' shashag'i' qushaq-qushaq,
Wo'tkergen quyri'g'i'na alti'n g'ubba.
Jali' menen kekilinde marjan monshaq,
«Qaraqalpaq xali'q pa?»,—dep shaljaqlaysan',
Jurttan wozg'an a'ken' senin' bay ma sonsha-aq?

U'stin'de bir tolti'li'q kiyimin' joq,
Jayi'n' joq maqtang'anday hali'n' da shaq,
Aq Men'esh, haytti' da qoy, toydi' da qoy,
U'yin'de usla da woti'r qazan-woshaq.

Qaraqalpaq qazaq penen ten'be-ten' jurt,
Ko'rmey bilmey si'rti'nan qi'lma nasaq,
Qap-dorban'ni'n' ji'rti'g'i'n tigip woti'r,
Qoli'n'a ali'p ketik qazan pi'shaq.

Men'esh: Asti'rtati'n qalpaq keler jetelengen,
Ha'r u'yden pa'tiya berip nan tilengen,
Xojeke, yelin' senin' mi'rza bolsa,
Keledi qalpaq nege tentiregen?

A'jiniyaz: Jaz bolsa tamam tabi'n shabadi' sho'p,
Suw iship suwsi'ni'na qara nan jep,
Ha'r yeldin' wonday ashi' bolmay ma yeken?
Ash qazaq bizin' yelde wonnan da ko'p.

XIX a'sirde qaraqalpaq a'debiyati' da'stu'rleri menen bir qatarda awi'zeki xali'q poeziyasi'ni'n' da'stu'rleri de ken' qollani'lg'anli'g'i' ma'lim. A'sirese, ko'shpeli ha'm yari'm woti'ri'qshi' yellerde yadtan qosi'q shi'g'ari'w ha'm woni' worni'nda qollani'w usi'li' ko'p g'ana xali'qlardi'n' a'debiyatlari'nda saqlang'an. Buni'n' ken' qollani'lg'an tu'ri — ayti's janri'.

Ayti'sqa qatnasatug'i'n shayi'rlardi'n' ha'mmesi qoli'na qag'az-qa'lem ali'p qosi'q jazi'p woti'rmaydi'. Wolar bir-biri menen da'sme-da's ayti'sadi'. Wolar belgili waqi'tta bir-biri menen ayti'si'p u'lken syujetli waqi'yalardi' da

bayan yetedi. Bul jag'i'nan qarag'anda ayti's liro-epikali'q si'patqa iye.

Ayti's janri' XIX a'sirde jasag'an qaraqalpaq shayi'r-lari'ni'n' ko'pshiliginde ushi'rasadi'. Wolardi'n' ko'pshiligi turmi's penen baylani'sli' bolg'an ayti'slar boli'p, shayi'rlar so'zden jen'iw ushi'n birin-biri mineydi. Soni'n' ushi'n yeki ta'repke ten' bolg'an ayi'ri'm syujetler tilge ali'nadi'. Qarsi'laslari'ni'n' si'pati'n ashi'p beretug'i'n qi'zi'qli' waqi'yalar yumorli'q ha'm satirali'q usi'llar menen bayanlanadi'. Ayti's da'slep jeke adamlar arasi'nda baslani'p son'i'nan ja'miyetlik ma'pti qorg'awshi' temalarg'a ko'teriledi. Usi'nday sebeplerge ko're geyde bir xali'q penen yekinshi xali'q shayi'rlari' ayti'sqan. XIX a'sirde payda bolg'an bunday ayti'slar qatari'na A'jiniyazdi'n' qazaq qi'zi' Men'esh penen ayti'si' kiredi. A'lbette, ayti's awi'zeki a'debiyatti'n' da'stu'ri bolg'ani' ushi'n wonda shayi'rlardi'n' birin-biri kemsitiwge bag'i'shlang'an qatarlari' da ko'p boladi'. Biraq, A'jiniyaz belgili shayi'r bolg'ani' ushi'n wo'z ayti'si'n jazba ayti'sqa jaqi'nlasti'ri'p du'zgen. Soni'n' ushi'n da, bunda adamni'n' zeynine tiyetug'i'n qatarlar joq. Bunnan ti'sqari' ayti'sti'n' ha'mmesinde yeki xali'qqa ta'n bolg'an ha'diyseler ayti'ladi'.

Ayti'sti'n' tiykari' yeki shayi'rdi'n' birin-biri jen'iwi bolg'ani' ushi'n a'dewir ashi'li'si'p ketken jerleri de bar, biraq bunday bolmag'anda haqi'yqi'y ayti's shi'qpaydi'. Ayti'sta A'jiniyaz da, Qi'z Men'esh te ilme-g'ayi'p so'zlerdi teren'irekten baslap son'i'nan ma'milege keledi. Buni'n' yen' basli' sebebi A'jiniyaz bir yeldin' woqi'mi'sli' adami' ha'm shayi'ri' bolsa, Qi'z Men'esh — Orenburgtag'i' qazaq awi'li'ni'n' talantli' shayi'r qi'zi'.

Qazaq ka'tqudalari' A'jiniyazdi'n' shayi'r yekenin sezip qali'p, bir toyda yekewin ayti'sti'ri'wdi' maqul ko'rgen. A'jiniyaz shayi'r boli'w menen birgelikte miyman. Bunnan ti'sqari' wol qazaq xalqi'ni'n' arasi'nda bir ji'lday boli'p, wol yeldin' miymandosli'g'i'n ha'm ma'rtligin sezgen. Soni'n' ushi'n da, wol a'jayi'p u'lke haqqi'nda neg'aybi'l so'zlerdi ayti'wdi' qa'lemeydi. Biraq shayi'r bolg'an adam wo'z so'zi ha'm pikirinen qaytpawi' kerek. Sebebi, pu'tkil toyg'a ji'ynalg'an xali'q woni'n' awzi'na qarap woti'r.

Soni'n' ushi'n A'jiniyaz bul ayti's arqali' wo'zinin' talantli' shayi'r ha'm sabi'rli', bilimli adam yekenligin tani'sti'ri'w za'ru'r yekenligin jaqsi' tu'singen.

Al, Men'esh te wo'z xalqi'ni'n' belgili shayi'ri'. Woni'n' u'stine qi'z bala. Ja'ne bul ayti's wo'z jerlesleri arasi'nda boli'p woti'r. Wol da wo'z xalqi' arasi'nda ayti'stan jen'iliwdi qa'lemeydi. Soni'n' ushi'n buni'n' ju'gi A'jiniyazg'a qarag'anda awi'ri'raq. Bul yeki shayi'r da sol tiykarda ayti'sqa tu'sken.

A'jiniyazdi'n' Qi'z Men'esh penen ayti'si' 1864-ji'li' boli'p wo'tken, ayti'sta A'jiniyaz wo'zinin' qi'rq jasqa shi'qqanli'g'i'n aytadi'.

Solay yetip, A'jiniyaz 1864-ji'li' qi'rg'a u'shinshi ma'rtebe barg'ani'nda Qi'z Men'esh penen ayti'sadi'. «So'zdin' basi' —sa'lem» dep ayti'lg'ani'nday-aq ayti'sti' Qi'z Men'esh baslap:

Xojeke, ayti'p wo'len' hari'di'n' ba?
Bolmasa jasi'n' jetip qari'di'n' ba?
Qi'zi'man Baytursi'nni'n' ati'm Men'esh,
Xojeke, a'li meni tani'di'n' ba?—

dep aytqan. Bul jerde qi'zdi'n' A'jiniyazdi' «Xojeke» dep ayti'wi' woni' «ulama», «molla» si'pati'nda tani'wi'nan bolsa kerek, sebebi qazaq xalqi' usi' ku'nge shekem ulama adamlardi' «Xoja» dep ataydi'.

A'jiniyaz yeki yeldi de aralap yeki xali'q ma'deniyati' menen etnografiyasi'na pu'tkilley aralasi'p wo'sken adam bolsa da, Men'esh yele qaraqalpaq etnografiyasi' menen tani's yemes yekenligin aytadi', soni'n' ushi'n ayti'sti'n' u'shinshi bo'limi Qi'z Men'eshtin' qaraqalpaq xalqi'ni'n' jasaw turmi'si'na bag'i'shlang'an sorawlari'nan baslang'an. Ma'selen, Men'esh soraw beredi:

Yerten' tura azannan yel ko'shedi,
Ko'shken ku'ni adamni'n' ko'n'li wo'sedi,
Xojeke, sennen bir so'z sorayi'n,
Qi'zlari'n'i'z ne jeydi? Ne ishedi?

Bug'an A'jiniyaz to'mendegishe juwap qaytaradi':

Jegeni mayli' palaw, ishkeni shay,
Shay iship, palaw jese kewili jay,
Qoli'nda shi'ni' kese, shi'ni' sha'ynek,
Ishedi qantli' shaydi', qara suwday,
Basi'nda jipek tu'rme, shayi' jegde,
Qi'zlari' bizin' yeldin', mine, sonday,
Qi'zlari' bizin' yeldin', ana quwday,
Qazaqqa bi'lti'r keldim, bi'yi'l keldim,
Men yele ko'rgenim joq, qi'zdi' wonday.

Bul bo'limdegi syujet dinamikasi' etnografiyali'q bayanlawg'a ko'shkeni menen de poetikali'q sezim a'dewir joqari' ko'terilgen. Sebebi, Wol toyda woti'rg'an adamlardi'n' A'jiniyazdan basqasi'ni'n' heshbirewi de qaraqalpaqlar etnografiyasi'n bilmeydi. Soni'n' ushi'n Men'esh wol haqqi'nda sorawlar beriwge ma'jbu'r. Ha'rqanday shayi'r da wo'z yelin ta'riyplewde arqasi' qozi'p ketetug'i'nli'g'i' ma'lim. Sonli'qtan, bul juwapta A'jiniyazdi'n' u'stinlik yetip turg'ani' da ma'lim. Biraq ha'rqanday juwap ta tarti'sti' talap yetedi. Soraw-juwaplardi'n' bir jerlerinde qandayda bolmasi'n qashi'ri'm so'zlerdin' qollani'latug'i'nli'g'i' ani'q. A'jiniyaz ma'selenin' sol jerin yesapqa ali'p: «Qazaqqa bi'lti'r keldim, bi'yi'l keldim, men yele ko'rgenim joq qi'zdi' wonday» — degen pikirdi aytqan.

Uluwma ayti'sta bul yeki shayi'rdi'n' qaysi' birinin' jen'genligi ani'q ma'lim yemes. Solay bolsa da bul ayti'sta A'jiniyazdi'n' sa'l basi'mlaw bolg'anli'g'i' seziledi. Woni'n' u'stine qaraqalpaq shayi'ri'ni'n' «Qaraqalpaq qazaq penen ten'be-ten' jurt, ko'rmey-bilmey si'rti'nan qi'lma nasaq», dep ayti'wi' da ayti'sti'n' negizgi tu'yinin sheship turg'an si'yaqli'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Ayti'sti' woqi'n', woni'n' a'debiyatti'n' basqa janrlari'nan wo'zgesheligi qanday?
**2.** Ayti'sti'n' mazmuni'nda qanday ma'seleler so'z yetiledi?
**3.** Ayti'sta qaraqlpaq xalqi'na ta'n milliy wo'zgeshelikler qalayi'nsha wo'z sa'wleleniwin tapqan?
**4.** Ayti'sta A'jinyazdi'n' wo'z yelin ta'riyiplegen jerlerin yadlap ali'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### Lirikali'q qaharman haqqi'nda tu'sinik

A'debiy shi'g'armalarda adamlar qatnasadi'. Wolar wo'zlerinin' ayqi'n si'patli' belgilerine, minez-qulqi'na, ko'zqaraslari'na, tu'siniklerine iye boladi'. A'debiy shi'g'armalarda qatnasatug'i'n adamlarg'a jazi'wshi' ha'r tu'rli qatnasta boladi', birewlerinin' is-ha'reketlerin minez-qulqi'n maqullaydi'. Jazi'wshi' shi'g'armalari'ndag'i' wonday qatnasi'wshi'lari'n su'yiwshilik penen su'wretleydi, woqi'wshi'lar da solardan u'lgi alsa yeken degen tilekte boladi', yekinshi birewdin' is-ha'reketin ha'm minez-qulqi'n jazi'wshi' qaralaydi', wondaylardi'n' jaramsi'z ha'reketinen kitap woqi'wshi'lari' da wo'zlerin awlaq uslasa yeken degen tilekte boladi'. Kitap woqi'wshi'lari'nda da wolarg'a jek ko'riwshilik sezimin payda yetiwdi ko'zde tutadi'.

Usi'g'an qaray a'debiy shi'g'armadag'i' qatnasi'wshi'lar wo'zlerinin' is-ha'reketleri, minez-qulqlari' ha'm jazi'wshi'lardi'n' wolarg'a bolg'an qatnaslari'na qaray tu'rli-tu'rli boladi'. A'debiyat teoriyasi'ndag'i' unamli' qaharman ha'm unamsi'z qaharman yaki unamli' ha'm unamsi'z obraz degen atamalar kelip shi'g'adi'. Ko'binshe a'debiyat teoriyasi'nda a'debiy shi'g'armani'n' qaharmani' dep usi'nday unamli' qaharmanlar ayti'ladi'. A'debiy shi'g'armani'n' qaharmani' dep atali'w ushi'n tag'i' da mi'naday sha'rt kerek. Wol shi'g'armada so'z yetiletug'i'n waqi'yalarda worayli'q ha'm sheshiwshi wori'ndi' atqari'wi' tiyis.

Shi'g'armada ara-arasi'nda qatnasatug'i'n unamli' qaharmanni'n' obrazi'n ashi'wg'a ja'rdem beretug'i'n basqa qatnasi'wshi'lar qaharman dep yemes, personajlar dep ataladi'. Shi'g'arma qaharmani' ha'm wog'an jazi'wshi' ta'repinen berilgen minezleme jazi'wshi'ni'n' aytajaq woy-pikirin, shi'g'armani'n' ideyasi'n ashi'wdi'n' tiykarg'i' bir joli'. Solay yetip, shi'g'arma qaharmani'ni'n' is-ha'reketi, minez-qulqi', du'nyag'a, ja'miyetlik turmi'sqa ko'zqarasi', wolarg'a jazi'wshi'ni'n' wo'zinin' qalay qarawi' menen birge shi'g'arma avtori'ni'n' neni maqullap, neni qaralaytug'i'ni', nege quwani'p, nege qi'ynalatug'i'nli'g'i'n, neni jaqsi' ko'rip, neni jek ko'retug'i'ni'n bildiredi.

Jazi'wshi' wo'zinin' aytajaq woyi'n birdeyine shi'g'arma qaharmani'ni'n' is-ha'reketi, minez-qulqi' yamasa so'zleri arqali' shi'g'armadag'i' waqi'yalardi' ayti'p beriw joli' menen bayan yete bermeydi. Geyde turmi'stag'i' ha'diyselerge ko'zqarasi'n wo'zinin' jeke kewil keshirmeleri, ju'rek sezimi, quwani'shi' yaki qapashi'li'g'i', unati'wi' yaki narazi'li'g'i' tu'rinde bayan yetedi. Bunday shi'g'armadag'i' bayan yetilgen kewil keshirmeleri, woy-pikirler ha'm sezimler birinshi bette su'wretlenedi.

A'debiy shi'g'armani'n' mine usi'nday woy-pikiri, sezimleri, tikkeley birinshi betten lirikali'q usi'l menen su'wretlengen qaharmanlari' lirikali'q qaharman dep ataladi'.

Ko'binese, lirikali'q qaharman lirikali'q shi'g'armani'n' avtori' bolg'an shayi'rdi'n' wo'zi boli'p keledi. Wo'ytkeni, lirikali'q qosi'q, a'dette birinshi betten, tikkeley shayi'rdi'n' wo'zinin' ati'nan jazi'ladi'. Biraq birinshi betten tikkeley shayi'rdi'n' wo'z woy-pikirleri ha'm sezimleri su'wretlengen menen wol tek shayi'rdi'n' ta'nha' wo'zinin' woy-pikirin, sezimlerin, ko'zqaraslari'n g'ana bayan yetip qoymaydi'. Al, soni'n' menen birge, shayi'r ji'rlag'an tutas xali'qti'n' da, ja'miyetlik toparlardi'n' da ko'zqarasi'n, woy-pikirin, sezimlerin bildiredi.

«Posqan yel» poemasi'nda poema avtori' Jiyen ji'raw lirikali'q qaharman si'pati'nda qatnasadi'. Shayi'r bu'lingen yeldin' qayg'i'li' turmi'si'n gu'rrin' yetiwshi si'pati'nda ayti'p berip g'ana qoymaydi'. Usi' waqi'yalarg'a baylani'sli' wo'z ju'reginde payda bolg'an qayg'i'lari'n, ku'yinishlerin bildirip woti'radi':

Bulardi' ko'rip men sorli',
Ku'ymeyin neg'i'p wotlarg'a?
...Nege qapa bolmayi'n,
Qobi'zi'mdi' ne ushi'n,
Qayg'i'li' yetip shalmayi'n?
...Soni' ko'rip men sorli',
Quwrag'an quw qobi'zdi'n',
Qulaqlari'n burayman,
Kewlim da'rtke tolg'an son',
Qayg'i'lardi' ji'rlayman.

Bul, a'lbette, xalqi'ni'n' qayg'i'si'na qabi'rg'asi' qayi's-qan shayi'rdi'n', poemadag'i' lirikali'q qaharmanni'n' ju'-rek sezimleri, soni'n' menen birge, xali'qti' woylap qay-g'i'rg'an barli'q haq niyetli adamlardi'n' ju'rek sezim-leri. Shayi'rdi'n' shi'g'armadag'i' bunday su'wretlewi liri-kali'q sheginis dep ataladi'.

Wo'zinin' ataqli' «Bozataw» poemasi'nda da A'jiniyaz shayi'rdi'n' wo'zi lirikali'q qaharman. Mi'sali', poemani'n' keynindegi:

Ziywari'n' xoshlasar qa'dirin'di bilip,
Ko'zini yasharti'p bag'ri'ni' tilip,
Aman bolsa, hal sorasar bir kelip,
Xosh aman bol, bizden qaldi'n', Bozataw,—

degen qatarlarda poema avtori' ha'm poemani'n' lirikali'q qaharmani' bolg'an shayi'rdi'n' wo'zinin' de, wol mun'i'n mun'lap woti'rg'an xali'qti'n' da tuwi'lg'an jer menen qayg'i'li' xoshlasi'wi', wonnan u'mitleniwi menen teren' su'yiwshilik sezimleri bildirilgen.

Solay yetip, poeziyali'q shi'g'armalarda lirikali'q qahar-manlardi'n' jeke keshirmeleri so'z yetilgeni menen, bul arqali' ko'pshiliktin', tutas xali'q yaki ha'mmesine wortaq bolg'an keshirmeleri su'wretlenetug'i'ni'n ko'remiz.

## BERDAQ G'ARG'ABAY ULI'

(1827 — 1900)



Berdaqti'n' wo'miri ha'm do'-retpeleri a'debiyat tariyxi'nda bir-qansha toli'g'i'raq izertlengen, shi'-g'armalari' ken'nen tani's shayi'r.

Woni'n' wo'mirine tiyisli mag'-luwmatlardi', da'slep shayi'rdi'n' wo'z shi'g'armalari'nan ko'plep ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Mi'sali':

Ata-anam maldi' ji'ynap,
Shi'bi'n jani'n ba'rha' qi'ynap,
Shaqalaqlap ku'lip-woynap,
Ashli'qtan jalshi'g'an yemes.

Bunday mag'luwmatlardi' Berdaqti'n' basqa shi'g'armalari'nan da keltiriwge boladi'.

Berdaq shayi'r A'miwda'ryani'n' Aral ten'izine quyar ayag'i'nda 1827-ji'li' tuwi'lg'an. Berdaq jas waqti'nan awi'r turmi'sti'n' barli'q qi'si'wmetlerin bastan keshiredi. Won jasqa shi'qqanda ata-anasi' wo'lip, jetim qaladi'.

Berdaq mediresede woqi'p sawati'n ashqan ha'm wo'z waqti'nda bilimli, sawatli' adamlardi'n' biri bolg'an. Wol wo'z da'wirinin' basqa da u'lken shayi'rlari' si'yaqli' bilimin wo'z betinshe teren'letken, ko'p u'yrengen ha'm qati'qulaq adamlardi'n' ha'm talant iyelerinin' shi'g'armalari'n jaqsi' bilgen ha'm wo'zlestirgen. Woni'n' shayi'rli'q talanti'ni'n' jetilisiwinde ataqli' qaraqalpaq shayi'rlari' Ku'nxoja menen A'jiniyazdi'n', sonday-aq, tuwi'sqan xali'qlar shayi'rlari'ni'n' da u'lken ta'siri bar.

Berdaqti'n' wo'mirbayani' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar shi'n ma'nisinde woni'n' qosi'qlari'nda toli'q saqlani'p qalg'an. Wol haqi'yqi'y realist shayi'r si'pati'nda XIX a'sirdegi qaraqalpaqlar turmi'si'nda boli'p wo'tken barli'q tariyxi'y waqi'yalardan xabardar bolg'an, ja'ne bul waqi'yalarg'a wo'zi toli'q qatnasqan. Sol ushi'n da woni'n' ko'pshilik shi'g'armalari' wo'miri menen baylani'sli' boli'p keledi. Berdaqti'n' do'retpesi jas bala waqti'nan baslap wo'z awi'li' a'tirapi'ndag'i' diyqanlar turmi'si'nan, yag'ni'y «Wo'gizim» ha'm «Shi'g'i'ri'm» qosi'qlari'nan baslanadi'. Adamlardi'n' bir-birine mu'nasibetlerin ko'rip wo'siw menen birlikte Yernazar alako'z (1855 — 1856) ha'm Qon'i'rat ko'terilisinin' (1858 — 1859) waqi'yalari'n wo'z ko'zi menen ko'rip, ju'regi menen seziwi woni'n' wo'mirindegi u'lken ha'diyseler boli'p yesaplanadi'.

Berdaq 23 jasqa kelgende mu'yten uri'wi'ni'n' ken'tanaw tiyresinen Biybitxan dep atalg'an qi'zg'a u'ylengen. Wol hayali'nan Hu'rlixa, Hu'rliman, Ayi'mxan isimli u'sh qi'z ha'm Ayeke, Nazi'bek isimli yeki bala tuwi'ladi'. Son'i'nan hayali' qayti's boli'p, Bag'dagu'l degen qi'zg'a u'ylengen. Wonnan U'rimxan degen qi'z tuwi'ladi'. Berdaqti'n' aqli'q-shawli'qlari' Moynaq, Qazaqda'rya, Shi'mbay ha'm No'kis a'tirapi'na tarqalg'an.

Shayi’rdi’n’ wo’mirbayani’ ha’m do’retiwshilik joli’ haqqi’ndag’i’ mag’luwmatlar woni’n’ aqli’q-shawli’qlari’ ha’m Berdaqti’ wo’z ko’zi menen ko’rgen qariyalar ta’repinen toli’qti’ri’lg’an. Soni’n’ menen birlikte shayi’rdi’n’ wo’miri haqqi’nda mag’lumatlar woni’n’ qosi’qlari’nda ani’q saqlani’p qalg’an. Bul bag’darda wol wo’zinin’ «Wo’mirim» ha’m «Menin’» qosi’g’i’nda wo’z wo’mirbayani’n ani’q su’wretlep ko’rsetken:

Birge shi’qqanda ku’lgenin’,
Ata-anan’di’ bilgenin’,
Bayan yet bastan ko’rgenin’,
Wo’tti du’nyadan wo’mirim.

Won jasi’mda woqi’p qa’dam,
Ta’n’irge berip salam,
Ji’lawi’mda ata-anam,
Ju’rgen sol jasli’q ku’nlerim.

Won birimde buzaw baqti’m,
Shayi’rli’qti’ sonnan tapti’m,
Won yekide suwday aqti’m,
Sheshen boli’p wo’zim menin’.

Berdaq, a’lbette bul qosi’g’i’nda tek wo’zinin’ balali’q da’wirin yeslew menen g’ana sheklenbeydi. Sebebi, adam wo’mirinin’ barli’q basqi’shlari’ bir qi’yli’ boli’p kete bermeydi. Adam balasi’nda balali’q, jasli’q, worta jasli’q ha’m g’arri’li’q wo’miri baslanadi’. Adam wo’mir ma’writlerinen wo’zine za’ru’r bolg’an ha’diyselerdi ja’mleydi. Ma’selen, jasli’qta bilim ali’w, wo’zine ustaz tan’law menen shug’i’llanadi’. Sol tiykarda, shayi’rda wo’zinin’ jigitlik da’wirinde wo’z ustazlari’ni’n’ biri bolg’an Ku’nxojani’ ushi’ratqanli’g’i’n bi’layi’nsha su’wretleydi:

Belgili xali’qqa ni’shani’,
Yadi’mda tur ha’rqashani’,
Qartayg’anda Ku’nxojani’,
Ko’rgen ku’nlerim, ku’nlerim.

Ayti’p so’zlerdi ti’n’lati’p,
Kemis jerin ha’m won’lati’p,

Bir yari'm ay birge jati'p,
Ha'z yetip wo'tken ku'nlerim.

Berdaqti'n' wo'mirbayanli'q qosi'qlari' tek bir-yeki qosi'qtan g'ana ibarat yemes. Woni'n' «Wa'spim menin'», «Da'wran», «Menin'», «Izler yedim» qosi'qlari' da tap usi' toparg'a kiredi. Sebebi, bul qosi'qlardi'n' ha'mmesinde de wo'mir haqi'yqatli'g'i' sa'wlelengen.

Berdaqti'n' shi'g'armalari' ha'm xali'qti'n' awzi'ndag'i' an'i'z-a'n'gimelerge qarag'anda woni'n' shayi'rli'q talanti' jas waqi'tlari'nan baslap-aq, biline baslag'an. Shayi'r Xorezmnin' ko'pshilik jerinde bolg'an. Shayi'rshi'li'q penen bir qatarda baqsi' ha'm jaqsi' sazende bolg'an. Bul haqqi'nda shayi'r bir qosi'g'i'nda:

Ko'rdim Xorezm, Buxardi',
Dan'qi' shi'qqan ko'p sha'ha'rdi, —

dep jazadi'.

Berdaq wo'z zamani'nda ko'rkem so'zdin' qu'direti menen adam balasi'n tan' qaldi'rg'an talantli' shayi'r bolsa da, wog'ada awi'r turmi'sta jasag'an. Shayi'rdi'n' atababasi' qanday qi'yi'nshi'li'qta turmi's keshirgen bolsa, woni'n' wo'zi de tap sonday wo'mir su'rdi. Woni'n' ko'rgen ku'ni uluwma miynetkesh xali'qti'n' turmi'si' menen ti'g'i'z baylani'sli' yedi.

Berdaqti'n' qi'zi' Hu'rliman wo'z waqti'nda atasi'ni'n' joli'n tuti'p, ko'pke ma'lim baqsi' boldi'. Al, Hu'rlimanni'n' balasi' Qarajan baqsi' wo'tken a'sirdin' 70-ji'llari'na shekem jasag'an ataqli' baqsi'lardi'n' biri yedi. Berdaq shayi'rdi'n' duwtari' da usi' Qarajan baqsi'g'a miyras yetip qaldi'ri'lg'an.

Shayi'rdi' 1900-ji'li' Petro-Aleksandrovsk qalasi'na (ha'zirgi To'rtku'ldin' buri'ng'i' ati') rus ha'kimligi shaqi'rg'an. Buni' qabi'l yetken shayi'r jolg'a shi'qsa da, nawqaslani'p yari'm joldan qayti'wg'a ma'jbu'r bolg'an. Shaqi'rti'wdi'n' sebebi ani'q yemes, biraq sol da'wirde xali'qti'n' awi'zeki do'retpeleri menen shayi'rdi'n' shi'g'armalari'n jazi'p ali'wg'a kewil bo'lgen adamlardi'n' wo'ti-

nishleri menen Berdaq woraygʼa shaqiʼrtiʼlgʼan boliʼwiʼ da muʼmkin.

Berdaq ataqliʼ shayiʼr siʼpatiʼnda koʼpshilikke taniʼlgʼan bolsa da, geypara adamlar taʼrepinen uʼlken qarsiʼliʼqqa ushiʼraydiʼ. Wolar shayiʼrdiʼnʼ baqsiʼshiʼliʼq yetiwi menen birge qosiʼq jaziʼwiʼn qadagʼan yetiwdi woyladiʼ. Woʼytkeni, xaliʼq shayiʼriʼniʼnʼ turmiʼs shiʼnliʼgʼiʼ menen xaliʼqtiʼnʼ awiʼr awhaliʼn ashiʼqtan-ashiʼq suʼwretlegen shiʼgʼarmalariʼ, aʼlbette, wolargʼa unamadiʼ.

Shayiʼr 1900-jiʼliʼ dekabr ayiʼnda 73 jasiʼnda qaytiʼs boladiʼ.

## IZLER YEDIM

Jogʼiʼmnan tappadiʼm daʼrek,
Saʼrdariʼmdiʼ izler edim,
Men sorliʼgʼa daʼwran kerek,
Daʼwraniʼmdiʼ izler yedim.

Zaman neshik zaman boldiʼ,
Qaragʼay basiʼn shortan shaldiʼ,
Duʼnyadan koʼp kewilim qaldiʼ,
Qardariʼmdiʼ izler yedim.

Haqqa nalish yeteyin men,
Woʼtirik aytip neteyin men,
Xaliʼqtiʼ izlep keteyin men,
Bir imkaniʼm goʼzler yedim.

Uzaqta qawmi-qardashiʼm,
Ne sawdagʼa tuʼsti basiʼm,
Maʼrt jigit bolgʼay joldasiʼm,
Qaʼwenderim izler yedim.

Jariʼlqagʼan alla-taala,
Adamlardi koʼrme ala,
Kimler pasiʼq, kimler agʼla,
Aniʼ bilip izler yedim.

Birikkende yeki ariʼs,
Aytar yedik aʼlhabbiʼz,

Ju’regi misli jolbari’s,
Nag’i’z sherdi izler yedim.

Yeger tapsam wol sherlerdi,
Wo’zgerter yedim tu’rlerdi,
Gu’listan yetip jerlerdi,
Du’nya ju’zin izler yedim.

Ag’a-begler bolman’ qapa,
Su’rip besh ku’n zawqi’-sapa,
Shekken bolsan’ ja’biri-japa,
Sag’an da’rman izler yedim.

Berseler alla dadi’mdi’,
Yesitseler pa’ryadi’mdi’,
Shad a’ylesem yelati’mdi’,
Da’rtke dawa izler yedim.

Qam su’t yemgenmen anadan,
Bir ushqan ko’zsiz sonaman,
Sog’an di’m ku’yip janaman,
Jaqti’li’ jol izler yedim.

Joli’nan adasi’p qalg’an,
Mo’hminlerge sa’rdar bolg’an,
G’a’rip-qa’serdi qolti’qlag’an,
Miyrimlini izler yedim.

Sozsam qoli’mdi’ hawag’a,
Da’rtim dus kelse dawag’a,
Ketsem bu mannan Kaabag’a,
Tabar bolsam izler yedim.

Ko’pti ko’rgen qariyani’,
Aqtari’p paniy du’nyani’,
Keship ten’iz ha’m da’ryani’,
Men jog’i’mdi’ izler yedim.

Qoyandi’ wo’ltirer qami’s,
Jigitti wo’ltirer nami’s,

Yedige menen Alpami's,
Tirilse, men izler yedim.

Shar kitaptan tura qashti'm,
Nawayi'dan sawat ashti'm,
Fizuliyden du'rler shashti'm,
Dilwarlardi' izler yedim.

Maqti'mquli'ni' woqi'g'anda,
Aytar yedim ha'r zamanda,
«Kemis bar ma begler wonda?»
So'zin tawap qi'lar yedim.

Men shari'q uri'p Shamg'a ketsem,
Bilgenimdi bayan yetsem,
Hasli' g'ayri' yelge jetsem,
Qanday ma'det alar yedim?

Berse mag'an Dag'i'standi',
Tu'sirse de zimistandi',
Jaqsi' dese Hindstandi',
Jog'i'm izlep keter yedim.

Bendem dese biysharani',
Ta'rk a'yleyip bu ka'rani',
Men aqtari'p Buxarani',
Luqmani'mdi' izler yedim.

Xalqi'm ushi'n sali'p ku'shti,
Ali'wg'a zali'mnan wo'shti,
Aralasam U'rgenishti,
Yarani'mdi' izler yedim.

Joldas yertip jolg'a shi'qsam,
Jayhunde sal boli'p i'qsam,
Yaqshi'lardi'n' awzi'n baqsam,
Aytar so'zim tabar yedim.

Wo'tken Arastu, Aplatun,
Jarati'p ilimnin' ka'ntin,

Sheshiw ushi’n pikiri ba’ntin,
Men mag’rifat izler yedim.

To’rt na’rse du’nya to’rkini,
A’wel haq, insan bil buni’,
Bul du’nyani’n’ joqdur mini,
«Baxi’t bol!» — dep izler yedim.

Bedil, A’ttar Bidiyatti’,
Ta’kirarlap ati’rdi’m tan’di’,
Zaman qi’ynap tur adamdi’,
Hidayatti’ izler yedim.

Bir sebepker jalg’i’z alla,
Ferdawsiydey dana bar ma?
Tu’sindirer «Sharqi’y molla»,
Men ali’mli’q izler yedim.

Qarataw qarsi’mnan kelse,
Aydarhasi’ adam jese,
Sol jerde jog’i’n’ bar dese,
Men taysalmay tartar yedim.

Qulaq sal menin’ so’zime,
Sarg’i’sh yenip tur ju’zime,
Ma’det berse haq so’zime,
Isim rawaj a’yler yedim.

Haqqa a’silik a’ylemespen,
Da’nekersiz ju’ylemespen,
Hasla jalg’an so’ylemespen,
Duwri’li’q so’z so’yler yedim.

Mag’i’ri’pqa-mashi’ri’qqa,
Arqa menen qublag’a ,
Adi’m uri’p to’rt ta’repke,
Ju’rsem wo’zim izler yedim.

Berdimurat izle-izle,
Haq joli’ni’ tuwri’ go’zle,
Ko’p ishinde jaqsi’ so’zle,
So’zdin’ parqi’n biler yedim.

Berdimurat haqti'n' quli',
Sahrada wo'sken bu'lbu'li,
Bul bir aytqan hikayati',
Si'yi'r yemes don'i'z ji'li'.

Berdaq «Jaqsi'raq», «Xali'q ushi'n», «Izler yedim» qosi'qlari'nda xali'q ma'pi ushi'n gu'resken, xali'qti'n' arzi'w-tileklerin iske asi'ri'wshi ma'rt adamlardi'n' boli'wi'n a'rman yetedi. Xali'qti'n' awi'r turmi'si'n ko'rip, ishi qayg'i'g'a toli'p, xali'qti'n' jaqti'g'a shi'gi'wi'n, turmi's jag'daylari'ni'n' jaqsi'lani'wi'n woylag'an ulli' demokrat shayi'r wo'z qosi'qlari'nda g'ayratli' ha'm bati'r, a'dil ha'm g'amxor adamlardi' a'rman yetedi. Woz zamanlaslari'n usi'nday qa'siyetlerge iye boli'wg'a shaqi'radi'.

«Izler yedim» qosi'g'i' Berdaqti'n' uluwma du'nyag'a ko'z qarasi'n ko'rsetiwde de u'lken a'hmiyetke iye. Berdaq bunda wo'zinin' maqseti xali'qqa baxi't izlew yekenligin aytadi'. Qosi'qti'n' poetikali'q mazmuni'nda shayi'r wo'z turmi'si'na, ko'z qarasi'na baylani'sli' joqti' izlewdi atasi'nan, folklorli'q shi'g'armalardag'i' qaharmanlardi' izlewden baslaydi'. Sol joqti' izlep ko'p jerlerge de baradi'. Biraq hesh jerlerden de izlegenin tappaydi'. Bul izlegeni shayi'rdi'n' da'wran, shadli' zaman yedi. Shayi'r sol dawrandi', shadli' zamandi' izlewdi ma'rtler menen birlesip tabi'wdi' maqset yetip qoyadi'.

Shayi'r wo'z xalqi' ushi'n baxi't joli'n, sawashta ma'rtlik penen wo'zin ko'rsete alatug'i'n bati'rlardi' izleydi. Yegerde wolar tabi'lsa, wolar menen birlesip, yeldi gu'llendirer yedim deydi.

Xalqi'm ushi'n sali'p ku'shti,
Ali'wg'a zali'mnan wo'shti,
Aralasam U'rgenishti,
Yarani'mdi' izler yedim.

Qaharman obrazi'n jasawda shayi'r jeke adam ku'shin yemes, al ko'pshiliktin', birneshe xali'qlardi'n' ku'shin birlestiriwdi maqset yetip qoyadi'.

Shayi'r wo'zinin' izleniwlerinde xali'q penen woylasadi', a'rmanlari' menen woy-pikirlerin wortag'a qoyadi'. Xali'qti'

awi'r turmi'stan qutqari'wdin' joli' si'pati'nda bati'rlardi' a'rman yetiw, birlikke shaqi'ri'w ideyasi' qosi'qta ayqi'n sa'wlelenedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Shayi'r wo'z qosi'g'i'nda xalqi'na nelerdi izleydi ha'm a'rman yetedi?
**2.** Shayi'rdi'n' bul qosi'g'i'ni'n' tiykarg'i' ideyasi' ha'm mazmuni' neden ibarat?
**2.** Bul qosi'qta keltirilgen geografiyali'q atamalarg'a tu'sinik berin'?
**3.** Shayi'r bul qosi'g'i'nda qaysi' ustazlari'ni'n ati'n keltiri'p wo'tedi?
**4.** Shayi'rdi'n' qosi'g'i'n ko'rkemlep woqi'p berin'.

## QASHAN RA'HA'TLANADURSAN'

Ilme g'ayi'ptan so'yleme,
Kisinin' yari'n go'zleme,
Miynetsiz du'nya izleme,
Jandi' wotqa saladursan'.

Talap islep tap du'nyani',
Su'tten aqdur, bilsen' ani',
Ko'p yetsen', wo'zin' gu'nani',
Jaman atli' boladursan'

Wo'zin'nen pa'ske ju'z salma,
Nama'hremlerge ko'z salma.
Kisi yari'na, so'z salma,
Wo'z yarin'nan qaladursan'.

Ja's yellide pirden qaytpa,
Tawi'p ayt, so'zdi molaytpa,
Dosti'n' si'ri'n, dushpang'a aytpa,
Yel buzi'wshi' boladursan'.

Yer bolsan', yelin'di baqla,
Yeldin' bergen duzi'n aqla,
Dosti'n' si'ri'n bekkem saqla,
Yelge i'rza boladursan'.

Bolay desen’ yelge mi’rza,
Yellerin’di qi’lg’i’l i’rza,
G’a’riplerge berme i’za,
Wo’zin’ zi’yan qi’ladursan’.

Duwri’ tutsan’ niyetin’di,
Xali’qqa bursan’ betin’di,
— Si’ylasan’ g’a’rip-jetimdi,
— Shi’n azamat boladursan’.

Peylin’ ketip, na’psin’di ashpa,
Mali’m bar dep, toli’p-taspa,
Jarli’ni’ ayaqqa baspa,
Sen de jarli’ boladursan’.

Qoli’n’ u’zbey yel-yelattan,
Qashi’q ju’rme ja’ma’a’tten,
Qashar bolsan’, qash g’i’ybattan,
G’i’ybat jaman, biledursan’.

Miynet penen jandi’ qi’ynap,
Ko’rmey, bir ku’n, qonaq si’ylap,
Ishpey-jemey maldi’ ji’ynap,
Qashan, ra’ha’tlanadursan’?

Berdaq shayi’r «Qashan ra’ha’tlanadursan’», «Balam», «Nadan bolma», «Bilgeysiz» si’yaqli’ tag’i’ basqa da qosi’qlari’n na’siyat beriw u’lgisinde jazdi’. Bul qosi’qlari’nda miynet su’yiwshilikke, tirishilik ushi’n hadal miynet yetiwge shaqi’radi’. Sonli’qtan da, «Miynetsiz du’nya izleme, Jandi’ wotqa saladursan’», yamasa «Talap islep tap du’nyani’, su’tten aqdur bilsen’ ani’» dep aqi’l-na’siyat yetedi. Qosi’qti’n’ mazmuni’ teren’ didaktikali’q u’lgide jazi’li’p, shayi’r atali’q na’siyati’n aytadi’. Wonda xali’qtan qol u’zbewge, g’a’rip-qa’ser, jetimlerdi si’ylawg’a, adamlardi’ hu’rmet yetiwge shaqi’radi’. Shug’i’l so’z, wo’tirik-wo’sek, menmenlik, si’qmarli’q si’yaqli’ jaman minezlerden awlaq boli’wdi’ na’siyatlaydi’. Shayi’rdi’n’ a’deplilik, ta’lim-ta’rbiya, minez-quli’q ma’selelerine ko’zqaraslari’ xali’qti’n’ neshe zamanlardan berli qollani’p kiyati’rg’an

yen' jaqsi' pazi'yletlerine, yen' jaqsi' u'rp-a'det, da's-tu'rlerine ha'm a'dep-ikramli'li'q qa'delerine tiykarlang'an. Shayi'r shi'g'armalari'nda bastan ayaq jaslardi' xali'qqa xi'zmet yetiwge, miynet su'yiwshilikke, hadalli'qqa, ata-ana, jasi' u'lkenlerdi hu'rmet yetiwge, kishipeyillikke, qaharmanli'q, ma'rtlikke, bati'rli'qqa shaqi'radi'. Jalqawli'q, aqi'lsi'zli'q ha'm nadanli'q si'yaqli' jaman a'detlerden awlaq boli'wdi' na'siyat yetip aytadi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Shayi'rdi'n' bul qosi'g'i' qaysi' janrda jazi'lg'an?
2. Shayi'r «Ilme g'ayi'ptan so'yleme» degen qatarda neni na'zerde tutadi'?
3. Shayi'rdi'n' qosi'g'i'n yadlap ayti'p berin'.

## BU'LBU'L

Shen'gelge qong'an bu'lbu'ldin',
Shi'mshi'q qurli'm sa'ni bolmas.
I'shqi'si'nda qi'zi'l gu'ldin',
Sayrasa da'rmani' bolmas.

Pa'ri tu'sip qi'yag'i'nan,
Si'yqi' ketip si'yag'i'nan,
Tiken ti'rnap ayag'i'nan,
Qanatqanda qani' bolmas.

Ji'lan an'li'p ji'lg'a saydan,
Ji'lji'p kelse anadaydan,
Sho'l bu'lbu'li bilsin qaydan?
Shaqsa woni'n' yemi bolmas.

Nama tapsa, i'rg'aq tappay,
Shalqi'p sayrar bir bag' tappay,
Ti'n'lawi'na qulaq tappay,
Sayrawi'nda ma'ni bolmas.

G'aqi'ldasi'p qara g'arg'a,
Jemtik an'li'p qonar jarg'a,
Bayi'wli'day bayg'us bar ma?
Jarg'anatti'n' pa'ri bolmas.

Bardi’n’ isi pa’rman menen,
Joqti’n’ isi a’rman menen,
Zari’-giryan bolg’an menen,
Kewlin’nin’ qumari’ bolmas.

Tolqi’ndi’ tayday tuwlati’p,
Dawi’l kesher quyi’nlati’p,
Putani’ panalap jati’p,
Shaqmaq shaqsa jani’ qalmas.

Ta’rk a’ylep pa’ni’y du’nyani’,
Jolg’a shi’qsa dos-yarani’,
Yi’qi’li’p ko’shki-a’ywani’n’,
Pal shaynasan’ da’mi bolmas.

Jetim qalg’an bota bozlap,
A’rwana ko’shegin izlep,
Tawshi’l-kiyik tawi’n go’zlep,
Jaziyrasi’z jazi’ bolmas.

Ku’nler wo’ter a’rman menen,
Ju’gin’ keter ka’rwan menen,
Ati’ bu’lbu’l bolg’an menen,
Torg’ayday da’wrani’ bolmas.

Sultan bolma g’ayri’ yelde,
Shopan bol tuwg’an jerin’de,
Shag’ala qus wo’z ko’linde,
Sharqi’ldamay sa’ni bolmas.

Aqsham juldi’z ag’i’p wo’ter,
Ju’rek-bawi’ri’m jag’i’p wo’ter,
G’amsi’z ku’nim nag’i’p wo’ter,
Da’rtimnin’ da’rmani’ bolmas.

Berdimurat haqti’n’ quli’,
Sahrani’n’ sari’ bu’lbu’li,
Bes ku’n miyman adam uli’,
A’rmansi’z bir ku’ni bolmas.

Shayi'r «Bu'lbu'l» qosi'g'i'n simvolikali'q usi'lda sali'sti'ri'w u'lgisinde jazg'an. Qosi'qti'n' ideyali'q-tematikasi'nda shayi'r simvolikali'q usi'lda astarlap su'wretlew arqali' wozi jasag'an da'wirdin' ten'sizligin obrazli' tu'rde su'wretlep beredi. A'piwayi' miynetkesh xali'qti' bu'lbu'l obrazi'nda su'wretlep, wolardi'n' huquqsi'zli'g'i'n, wo'z yelinde ju'rip yerki joqli'g'i'n ayqi'n ko'rsetedi. Xali'qti'n' sharasi'z boli'p wo'z betinshe yerkin jasaw, uqi'p ha'm talanti'n ko'rsetiw mu'mkinshiliginin' joqli'gi'n bu'lbu'l obrazi'nda ashi'q-aydi'n su'wretlep beredi. Wog'an qarama-qarsi' retinde feodalli'q basqari'w na'tiyjesinde ja'miyettegi a'dalatsi'zli'q sebepli barli'q mu'mkinshilikke iye bolg'an unamsi'z tiptegi adamlardi' «ji'lan»g'a, «qara g'arg'a»g'a sali'sti'ri'p ko'rsetedi. Qosi'qta shayi'rdi'n' wo'zi jasag'an ja'miyetlik du'zimge ishki debdiwi ha'm zari' wo'z sa'wleleniwin tabadi'. Soni'n' menen birge shayi'rdi'n' teren' filosofiyali'q pikirleri sa'wlelenip, ha'rqanday adamni'n' wo'z tuwg'an yelin su'yiwge shaqi'radi'. Bul qosi'qti'n':

> Sultan bolma g'ayri' yelde,
> Shopan bol tuwg'an jerin'de,
> Shag'ala qus wo'z ko'linde,
> Sharqi'ldamay sa'ni bolmas, —

degen qatarlari'da toli'q sa'wleleniwin tabadi'.

Berdaq wo'z xalqi'ni'n' tariyxi' ha'm wo'tkendegi wo'miri menen jaqsi' qi'zi'qqan shayi'rlardi'n' biri boli'p tabi'ladi'. Shayi'rdi'n' qa'lemine tiyisli «Shejire», «Amangeldi», «Aydos baba», «Yernazar biy» poemalari' da usi'ni'n' ayqi'n da'lili bola aladi'. A'lbette, Berdaq barli'q tariyxi'y faktlerdi da'lme-da'l su'wretlemese de, xali'qti'n' ta'g'dirinde u'lken iz qaldi'rg'an iri waqi'yalardi' wo'zinin' tu'siniginshe sa'wlelendirgen. Sonli'qtan da, qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'n izertlewshi belgili ilimpazlardi'n' miynetlerinde Berdaqti'n' bul poemalari' tariyx ushi'n wog'ada bay mag'luwmat beretug'i'n shi'g'armalar si'pati'nda joqari' bahalanadi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Shayi'r bu'lbu'ldi qanday obraz si'pati'nda paydalang'an?
2. Shayi'r bu'lbu'l obrazi' arqali' kimlerdin' obrazi'n sa'wlelendiredi?
3. Qosi'qti'n' ideyasi'nda shayi'r wo'zi jasag'an da'wirdin' sociallі'q ten'sizligin qalay ashi'p bergen?
4. Qosi'qti' tu'sinip woqi'n' ha'm wo'z pikirlerin'izdi ayti'p berin'.

## «AYDOS BABA» POEMASI'

—Kel baba, shi'g'i'n'i'z to'rge,
Haq yaratqan na'zerka'rde,
Ten'geni bo'ldik to'rt jerge,
Birin ali'n', Aydos baba.

—Ma'rt bolg'an wa'dede turar,
So'zin buzg'andi' ant urar,
To'rttin' birine diyqan turar,
Ten' bo'l!—dedi Aydos baba.

—Xandi' ulli' qi'ldi' quday,
Da'skesi ko'p, xan yeki pay,
Sizin' menen bizler bir pay,
Boldi'q yendi, Aydos baba.

—Adam bolsan', abi'ray izlen',
Woti'rar worni'n'di' go'zlen',
Tillerin'di tarti'p so'zlen',
Almam, — dedi Aydos baba.

—Sonday boldi' istin' tu'ri,
Aytsa keter kewil kiri,
Sizdi qi'ldi'q to'rttin' biri,
Alg'i'l yendi, Aydos baba.

—Ulli' bolsa xani'n' ulli',
Bolajaqsi'z ba'rin' ulli',
Qaydan ali'psi'z bul puldi'?
Aytqi'l, — dedi Aydos baba.

—Xanni’n’ qi’lg’an buyri’g’i’ shul,
Xan ha’mirine moyi’nsi’ng’i’l,
Ha’mmege birdey sali’q pul,
Ali’n’ yendi, Aydos baba.

—Xan woti’rar salqi’n jayda,
Tilla ko’shkili sarayda,
Men bolmasam aqsha qayda?
Bilin’, — dedi Aydos baba.

—Baba bunsha qatti’ qashpa,
Sum na’psin’nin’ awzi’n ashpa,
Xi’zmetker ko’p sennen basqa,
Qanaat qi’l, Aydos baba.

—Mut pul kerek sendey qulg’a,
Bolajaqsi’z jurtqa tulg’a,
Ten’ jari’man sali’q pulg’a,
Ten’ bo’l — dedi Aydos baba.

—Babam, qi’lg’i’l yendi sabi’r,
Ma’hremlerge[1] qi’lma ja’bir,
To’rt bo’lmeklik xannan ha’mir,
Alg’i’l yendi Aydos baba.

—Wo’lgen adam qayti’p kelmes,
Bati’r jigit qayg’i’ jemes,
Wa’desin buzg’an xan yemes,
Bergil, dedi Aydos baba.

—A’si bolarsan’ allag’a,
Ten’geni jari’ almag’a,
Xani’n’ menen ten’ bolmag’a,
Uyalarsan’, Aydos baba.

—Sen bilmeysen’ menin’ jayi’m,
Woni’n’ menen ten’ qudayi’m,

[1] Ma’hrem — xanni’n’ ja’rdemshisi, aqi’lgo’yi

Kerek yemes bos abayi’n’,
Tek tur!—dedi Aydos baba.

—Ma’hremler tilin almasan’,
Xan ha’mirine boysi’nbasan’,
To’rtten birine turmasan’,
Wo’zin’ bilgil, Aydos baba.

—Qanaatsi’z hayal isi,
Xang’a qarsi’ qanday kisi,
Meter menen Qusbegisi,
«Sen qoy, — dedi Aydos baba!»

Ashi’wi’ keldi, atlandi’,
Qusbegi meter, toqtaldi’,
Qi’li’shi’n ali’p woqtaldi’,
Qa’ha’rlendi Aydos baba.

A’welinde til almadi’,
So’zine qulaq salmadi’,
Meterdin’ jani’ qalmadi’,
Shabar boldi’ Aydos baba.

— Sawash qi’li’p is baslasam,
Qan to’gip kewil xoshlasi’m,
Gellen’di kesip taslasam, —
Dedi so’gip Aydos baba.

—Is jamang’a yendi keter,
Bul kisi aytqani’n yeter,
Ta’wbe qi’li’p qusbegi, meter,
«Qoydi’q» —dedi Aydos baba.

Sherik qi’lmay bir bendeni,
Xiywada xannan wo’zgeni,
Qosi’p jiberdi ten’geni,
Ten’ ayi’rdi’ Aydos baba.

Dushpani’ ko’p, dosi’ menen,
Nayzasi’ni’n’ ushi’ menen,

Bileginin' ku'shi menen,
Haqi'n aldi' Aydos baba.

Ko'pdur so'zimnin' kemisi,
Da'ryani'n' urar degishi,
Meter menen qusbegisi,
Ji'lawi'nda Aydos baba.

Yeki arag'a tu'sti giyne,
Xanni'n' inami' bir iyne,
Aydos biyge qi'li'p hiyle,
G'api'l boldi' Aydos baba.

Aydos degen ulli' kisi,
Aqi'ri' ketti qoldan ku'shi,
«Xanni'n' isi—shaytan isi»,
Degen yeken Aydos baba.

Xang'a bolmadi' puqara,
Qarsi' boldi' bara-bara,
Joqdur wo'limge hesh shara,
Sheyit wo'ldi Aydos baba.

Du'nya isinin' joqdur shegi,
Qoldawli'dur ata-tegi,
Tuwdi' Yernazar qusbegi,
Tu'p sag'asi' Aydos baba.

Aydos biy — XVIII a'sirdin' aqi'ri' ha'm XIX a'sirdin' baslari'nda wo'mir su'rgen tariyxi'y tulg'a.

Aydos biy qaraqalpaq xalqi' Tu'rkstannan Xorezmge ko'ship kelgen waqi'tlardag'i' wo'z uri'wi'ni'n' ataqli' adamlari'ni'n' biri boli'p, wog'an Xiywa xani' Muhammed Amin inaq ta'repinen biylik ha'meli berilgen, son'i'n ala xanni'n' ha'r ta'repleme quwatlawi' arqasi'nda pu'tkil qaraqalpaqlardi'n', ayri'qsha Qon'i'ratli'lardi'n' basqari'wshi'si' da'rejesine ko'terilip, u'lken abi'royg'a iye bolg'an. Wol yel arasi'ndag'i' ha'r tu'rli talas-tarti'slardi', dawli' ma'selelerdi de wo'zinshe sheship woti'rg'an ha'm wo'zinin' hu'kimin ju'rgizgen.

Berdaq joqari'da keltirilgen «Aydos baba» poemasi'nda Aydosti'n' pu'tkil qaraqalpaqlarg'a biy boli'p turg'an waqi'tlari'ndag'i' bir waqi'yani' so'z yetedi. Bul poemani'n' syujeti dialog formasi'nda jazi'li'p, tiykarg'i' waqi'ya Aydos penen Xiywa xani' meteri ha'm qusbegisinin' arasi'nda boli'p wo'tedi. Poemada Aydosti'n' Xiywa xani' aldi'nda wo'z abi'ray-itibari'na i'layi'q biy bolg'anli'g'i', xanni'n' buyri'g'i' menen bolsa da qaraqalpaqlardan sali'q ji'ynaw islerine tikkeley wo'zi aralasi'p, xan sarayi'na barg'annan son'da ji'ynalg'an ten'geden tiyisli bo'legin ali'wg'a yeriskenligi, bul woni'n' xan menen ten'be-ten' huquqqa iye bolg'anli'g'i'nan derek beredi.

Aydos baba wo'zinin' bati'rli'g'i' ha'm yer ju'rekligi, tapqi'rli'g'i' ha'm aybatli'li'g'i' menen de xandi' ha'm woni'n' a'tirapi'ndag'i' ha'meldarlardi' da seskendiredi. Buni' shayi'r «Kelgende xan wo'rre turdi', Xang'a qarsi' juwap urdi'» degen qatarlari'nda da ani'q sa'wlelendiredi. A'sirese, shayi'r Aydos biydin' xarakterine ta'n bolg'an belgilerdi xan meteri menen qusbegisine qaytarg'an qarsi' juwabi' ha'm bilektin' ku'shi, aybatli' susti' menen ten'genin' ten' jarti'si'na iye bolg'an bati'l ha'reketleri arqali' sheber asha alg'an. Poemani'n' son'i'nda xan aldi'nda ha'm xali'q arasi'nda da abi'ray-ma'rtebesi asi'p ketken Aydos penen xan arasi'nda tu'sinbewshilik payda boli'p, Aydos babani'n' xan hiylesi sebepli g'api'l qalg'anli'g'i', buni' sezgen Aydosti'n' «xanni'n' isi—shaytan isi» dep juwmaq shi'g'ari'wi', aqi'r-son'i'nda babani'n' xanni'n' aytqani'na ju'rmegenlikten xan a'skerleri ta'repinen wo'ltiriliwi tariyxi'y haqi'yqatli'qqa wog'ada jaqi'n keledi.

Shayi'r bul poemasi' arqali' Aydos obrazi'n wog'ada teren' asha alg'an. Shayi'r Aydos obrazi' ha'm woni'n' is-ha'reketleri arqali' wol jasag'an feodalli'q da'wirdin' ja'miyetlik-siyasiy ha'diyselerine bolg'an ko'zqaraslari'n ani'q sa'wlelendiriw menen birge Aydos obrazi'na bolg'an qatnasi'n da «Aydos degen ulli' kisi» yamasa «Sheyit wo'ldi Aydos baba» degen qosi'q qatarlari'nda da ani'q si'patlap beredi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rma***

1. Berdaqti'n' «Aydos baba» poemasi'ni'n' mazmuni'nda qanday waqi'yalar so'z yetiledi?
2. Poemada Aydos baba ten'geni bo'liwge ne sebep narazi'li'q bildiredi?
3. Poemada Aydos obrazi'ndagi' bati'rli'q ha'reket nede dep woylaysi'z?
4. Poemani' woqi'p, mazmuni'n ayti'p berin'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### Tariyxi'y shi'g'armalar haqqi'nda tu'sinik

XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' liro-epikali'q janrlardi'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi wolardi'n' belgili avtorlar ta'repinen jazi'lg'anli'g'i' boli'p yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da, bul liro-epikali'q shi'g'armalar folklorli'q janrg'a qarag'anda a'dewir wo'zgesheliklerge iye. Sebebi, bul shi'g'armalardi'n' ko'pshiligi qi'yaldan ali'p jazi'lg'an yemes. Bul sol zamanni'n' tariyxi'y waqi'yalari'na a'dewir sa'ykes keledi. Usi' bag'darda A'jiniyaz ha'm Berdaqti'n' ko'lemli shi'g'armalar do'retkenligin ko'remiz.

A'jiniyazdi'n' «Bozataw», Berdaqti'n' «Aydos baba», «Yernazar biy», «Amangeldi» poemalari' qaraqalpaqlardi'n' XIX a'sirdegi tariyxi'y waqi'yalari' menen bekkem bayla-ni'sqan. Demek, bul da'wirde jasag'an shayi'rlar tek g'ana lirikali'q qosi'qlar jazi'w menen sheklengen yemes. Wolar turmi's waqi'yalari'n teren'irek su'wretleytug'i'n liro-epikali'q janrg'a qol uradi'. Wo'zi jasag'an zamanni'n' iri waqi'yalari'n ashi'p ko'rsetiw ushi'n ha'reket yetedi.

Tariyxi'y ko'rkem shi'g'armani' sol tariyxti'n' a'yne wo'zi dep tu'sinbewimiz kerek. Bul haqqi'nda belgili si'nshi' V. G. Belinskiy: «Tariyxshi' bolg'an waqi'yani' jazadi'. Al, jazi'wshi' bolsa boli'wi' mu'mkin waqi'yani' jazadi'», — dep ko'rsetedi.

Demek, a'debiyat tariyxi'y shi'nli'qti' ko'rkem shi'n-li'qqa aylandi'radi' degen so'z. Solay bolsa da tariyxi'y shi'nli'qtan shetlep wo'tse, wonda woni'n' jazg'an shi'g'ar-masi' tariyxi'y shi'g'arma bola almaydi'. Soni'n' ushi'n

da ha'rqanday shayi'r yaki jazi'wshi' tariyxi'y ko'rkem shi'g'arma jazg'anda tariyxi'y faktler menen yesaplasadi'. Biraq ko'rkem do'retpege ta'n bolg'an avtor fantaziyasi' obraz jasaw usi'li'nda ayi'ri'm wo'zgerislerge ali'p keliwi mu'mkin. Bul ha'rqanday jazi'wshi'ni'n' aqi'l ta'rezisi, bilimi ha'm talanti'na baylani'sli'. Qullasi', tariyxi'y shi'g'armalar jazi'w ushi'n talantli' shayi'r boli'w menen birge teren' sawatli'li'q talap yetiledi.

Tariyxi'y shi'g'armalar jazi'w ushi'n da'wirdin' de tiygizetug'i'n ta'siri u'lken. Jazi'wshi' wo'zi jasag'an zamannan a'dewir uzaq da'wirdegi waqi'yalardi' ko'rkem sa'wlelendiriwdi maqset yetse, sol da'wir waqi'yalari'na jetik bolg'an tariyxi'y bilimdi toplawi' kerek boladi'.

Yeger de wol wo'zine birqansha tani's ha'm jaqi'n ji'llarda boli'p wo'tken waqi'yalardi' jazsa, bundag'i' ha'diyseler woni'n' ko'z aldi'nda yaki bolmasa wo'zinen jasi' u'lken adamlardi'n' yeske tu'siriwleri tiykari'nda jazi'li'wi' mu'mkin. Mi'sali', A'jiniyaz «Bozataw» waqi'yasi'n wo'z ko'zi menen ko'rgen bolsa, Berdaq «Yernazar biy» waqi'yalari'n wo'z ko'zi menen ko'rgen. Amangeldi ha'm Yernazar biydi ko'rgen adamlar menen si'rlasqan. Soni'n' ushi'n da, woni'n' bul tariyxi'y waqi'yalarg'a bergen bahasi' a'dil bolg'an degen juwmaqqa kelemiz.

Al, Berdaqti'n' «Shejire»sindegi waqi'yalardi'n' da'slepki bo'legi Berdaq jasag'an zamannan a'dewir uzaq. Wol waqi'tlari' tariyx ilimi de toli'q rawajlanbag'an. Sonli'qtan da, wol bul shi'g'armasi'n xali'q an'i'zlari'na tiykarlani'p jazg'an. Soni'n' ushi'n da, bul shi'g'armani'n' tariyxi'y faktlerge sa'ykes keletug'i'n da, kelmeytug'i'n da jerleri bar. Solay bolsa da bul shi'g'armalar ma'deniy miyraslari'mi'zdi'n' u'lken jan'ali'g'i' yesaplanadi'.

Usi'nday sebepler menen XIX a'sirde jasag'an A'jiniyaz ha'm Berdaqti'n' qa'leminen do'retilgen tariyxi'y temadag'i' liro-epikali'q shi'g'armalardi' qaraqalpaq a'debiyati'nda u'lken bir basqi'sh boldi' dep qarawg'a boladi'. Bul shi'g'armalardi'n' qaharmanlari' xali'q da'stanlari'ndag'i' Alpami's, Yedigelerge qarag'anda da ayri'qsha wo'zgesheliklerge iye. Sebebi, bular xali'qti'n' wo'zleri woylap tap-

qan romantikali'q qaharmanlari' yemes. Bul shi'g'armalardi'n' qaharmanlari' XVIII—XIX a'sirde xali'q penen birge aralasi'p jasag'an Amangeldi bati'r, Aydos biy, Yernazar biyler. Demek, bulardi'n' ba'ri de tariyxta jasag'an adamlar boli'p tabi'ladi'.

## WO'TESH ALSHI'NBAY ULI'

(1828—1902)



Basqa da qaraqalpaq shayi'rlari' si'yaqli' Wo'tesh shayi'rdi'n' wo'miri haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi', tiykari'nan, woni'n' wo'z shi'g'armalari'ndag'i' ayi'ri'm qosi'q qatarlari' menen birge ilimiy ekspediciyalar waqti'nda yel awzi'nan jazi'p ali'ng'an mag'luwmatlardan alami'z.

Bunday mag'luwmatlardi'n' ko'pshiligi 1930-ji'llardi'n' basi'nda xali'q arasi'nan jazi'p ali'ni'p, baspaso'zde dag'azalandi'. Bul mag'luwmatlar son'g'i' ji'llardag'i' ekspediciya da'wirinde tabi'lg'an mag'luwmatlar menen sali'sti'ri'li'p yele de toli'qti'ri'ldi'.

Mi'sali', shayi'r wo'zinin' «Berdaq baqsi'g'a juwap» qosi'g'i'nda:

Ati'm Wo'tesh, babam ati' Jiyendi,
Xali'qqa so'zi u'lgi bolg'an yemes pe?—

dep ji'rlag'an bolsa, «Wo'tti du'nyadan» qosi'g'i'nda bir qatar tariyxi'y waqi'yalar menen birge tariyxi'y adamlardi'n' isimlerin de jiyi tilge aladi'. A'sirese, babasi' Jiyen ji'rawdi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi haqqi'nda da a'jayi'p mag'luwmatlardi' keltirip wo'tedi:

A'lhasi'l woylansan' neshsheler wo'tti,
Ji'lap ar-sar boldi' qayg'i'da ketti,
Ji'l arti'nan ji'llar kelip ji'l jetti,
A'rman menen babam wo'tti du'nyadan.

...Jiyen babam sol zamanda yer boldi’,
Kamalg’a kelgende wol ha’m qor boldi’...
Wo’ldi Jiyen yeliw de to’rt jasi’nda,
A’rman menen babam wo’tti du’nyadan.

1930-ji’llardan baslap xali’q arasi’nan tabi’lg’an dereklerde ha’m de ayi’ri’m adamlardi’n’ mag’luwmatlari’na qarag’anda Wo’tesh shayi’rdi’n’ Jiyen ji’rawdi’n’ shawli’g’i’ yekenligi ayti’ladi’. Bul pikirlerdi juwmaqlasti’ra woti’ri’p, Jiyen ji’rawdi’n’ Jamg’i’rshi’ degen balasi’ni’n’ Ayi’mbet, Alshi’nbay, Quri’mbay degen u’sh balasi’ bolg’anli’g’i’n, al Alshi’nbaydi’n’ balasi’ Wo’tesh yekenligin biliwge boladi’. Ha’rbir a’wladti’n’ wortasha jas yesabi’ jigirma bes jasqa tuwra keletug’i’n bolsa Wo’tesh shayi’rdi’n’ jasag’an waqti’ menen Jiyen ji’rawdi’n’ jasag’an waqti’n sali’sti’rsaq, wolardi’n’ arasi’nda jetpis bes ji’lday waqi’t bolg’anli’g’i’ ha’m bul yesap tariyxi’y jaqtan da toli’q sa’ykes keletug’i’nli’g’i’n ko’remiz. Mi’sali’, Jiyen ji’raw XVIII a’sirdin’ 40-ji’llari’nan son’ Tu’rkstannan Xorezmge ko’ship qoni’slang’an xali’qti’n’ ishinde bolsa, usi’ Jiyen ji’raw menen Wo’teshtin’ jasag’an da’wirin sali’sti’ri’p qarasaq, wolar arasi’nda wortasha jetpis ji’ldan aslami’raq waqi’tti’n’ bolg’anli’g’i’n ko’remiz. Yekinshi jag’i’nan Wo’tesh Alshi’nbay uli’ 1827—1900-ji’llari’ jasag’an Berdaq shayi’rdi’n’ zamanlasi’ ha’m qatar dosti’ bolsa, al 1799—1880-ji’llari’ jasag’an Ku’nxojani’n’ sha’kirti yesaplanadi’. Wol Ku’nxoja menen Berdaqti’ ha’m A’jiniyazdi’ wo’z ko’zi menen ko’rgenligi ha’m wolar menen zamanlas jasap, sa’wbetles bolg’anli’g’i’, ha’tteki wolardi’n’ azasi’nda bolg’anli’g’i’ haqqi’nda wo’zinin’ «Wo’tti du’nyadan» qosi’g’i’nda su’wretlegen.

Shayi’rdi’n’ «Jetermen» qosi’g’i’nda da mi’nanday jer atamalari’ su’wretlenedi:

Arjag’i’ — Ko’l sag’a, — qublasi’ — Irza,
Arqasi’ — Terbenbes, qublasi’ — Aq qum...

Bulardan basqa da wol wo’z qosi’qlari’nda «Ko’l sag’a», «Jalayi’r», «Aq bo’get», «Bel jeken», «Quwat»,

«Qarateren'» si'yaqli' jer atamalari'n wo'mir su'rgen ata ma'kani' si'pati'nda wo'z qosi'qlari'nda keltirip woti'radi'.

Ku'nxoja klassik shayi'rlardi'n' ko'pshiliginin' derlik jaqi'n ustazi' bolg'an. Shayi'rdi'n' wo'mirbayani'na tiyisli basqa mag'luwmatlardi' da woni'n' wo'z shi'g'armalari'nan tabami'z. Mi'sali', mi'na qosi'q qatarlari'n ali'p qarayi'q:

...Ba'rha yen'begim bolmas hesh,
Ala almadi'm dushpannan wo'sh,
Ji'lay-ji'lay sorli' Wo'tesh,
Mi'sali' sorli' yan'li'di'.

(«*Gu'lziyba*»)

...Pa'm a'ylen'iz Wo'tesh shayi'r so'zinen,
Qanlar ag'ar bul du'nyada ko'zinen.

(«*Asarman*»)

Biraz-biraz jasi'm wo'tti,
Yi'g'lay-yi'g'lay yesim ketti,
G'arri'li'qti'n' waqti' jetti,
Jas basqan sayi'n qorqaman.

(«*Qorqaman*»)

Bul du'nyada a'lewmetler ne ko'rdim,
G'a'plette sarg'ayi'p, gu'llerdey soldi'm,
Zali'mni'n' da'rtinen wo'lermen boldi'm,
A'rman menen men de wo'termen du'nyadan.

(«*Wo'tti du'nyadan*»)

Shayi'r wo'mirinin' ha'r qi'yli' ji'llari'nda jazi'lg'an usi'nday qosi'q qatarlari'nan son' ani'q sa'neler ko'rsetilmese de, bul qosi'qlar shayi'rdi'n' wo'miri haqqi'nda bay mag'luwatlar beredi. Bul qosi'q qatarlari'nda woni'n' pu'tkil wo'mir boyi' ko'rgen mashqalalari' menen azaplari', ka'mbag'al turmi'stan ha'm zali'm qi'si'mi'nan tartqan ja'birleri ashi'qtan-ashi'q su'wretlengen. Shayi'r wo'zi jasag'an zamani'nda kewildegisi bolmay, tartqan azap-uqi'betleri menen i'zalari' qartayg'ani'nda balalari'nan da juda boli'p shekken awi'r mu'siybetleri teren' ju'rek sezimi menen ko'rkem su'wretlenedi.

## WO'TTI DU'NYADAN

*(qi'sqarti'li'p ali'ndi')*

Qulaq sali'p ti'n'lan'lar doslar so'zimdi,
Birneshe adamlar wo'tti du'nyadan,
Anadan tuwi'lg'ali' ashpadi'm ko'zimdi,
Qaran'g'i' dumanda wo'ttim du'nyadan.

Qaraqalpaq wo'z jurti'nan bu'lgende,
Hari'p-sharshap jolda biraz wo'lgende,
Yedilden ayri'li'p yen'irep bu'lgende,
Tu'rkstanda babam wo'tti du'nyadan,

Babam aytar yedi so'zdin' salti'nda,
Birnesheler wo'tti aldi'-arti'nda,
Ata ma'kan yetip jaylaw jurti'nda,
Birazlari' a'rmanda wo'tti du'nyadan.

Qarshi'g'aday qanati'nan qayri'li'p,
Ju'yriklerdey doynag'i'nan mayri'li'p,
Nog'ay boli'p yel-jurti'nan ayri'li'p,
Birazi' a'rmanda wo'tti du'nyadan.

Birazlari' qi'ri'li'p, birazi' wo'lgende,
Ayra tu'stin' yel-jurti'n'nan degende,
Wonsan nog'ay yel ju'rti'nan bu'lgende,
Birazlari' jolda wo'tti du'nyadan.

Woni' Wo'tesh shejireden ko'rmishler,
Soni'n' az-kem jerin ayti'p bermishler,
Wol nog'aydi' qaraqalpaq demishler,
Bu'lginshilik penen ju'rgen du'nyada.

* * *

Jiyen babam sol zamanda yer boldi',
Kewili sorli'ni'n' qara jer boldi',
Kemalg'a kelgende wol ha'm xor boldi',
Hayran boli'p Jiyen wo'tti du'nyadan.

Bu'linip qaraqalpaq yelleri azg'an,
Beli bolmay, qoli' menen jer qazg'an.
Wormanbet biy na'siyhati'n shi'g'ari'p jazg'an,
Tuwri' ayti'p babam wo'tti du'nyadan.

Alpami'sti' alti' ji'llar woylani'p,
Buri'ngi'dan ju'da' shi'qti' saylani'p,
Yer Ka'rim so'zinen wo'ldi aylani'p,
A'rman menen Jiyen wo'tti du'nayadan.

Qobi'z benen ha'm duwtardi' wol shertken,
So'zi menen dushpanlardi' qul yetken,
Aytqan so'zi adamzatti' yeritken,
Qaraqalpaqta Jiyen wo'tti du'nyadan.

So'zge kelse joq jerinen tawdi'ri'p,
Ko'pti wo'zine alar yedi awdi'ri'p,
Yedigeni aytsa ku'nler jawdi'ri'p,
Qaraqalpaqta Jiyen wo'tti du'nyadan.

Tilge kelse Jiyrensheden wo'tirdi,
Dushpan yemes dosti'n' kewlin pitirdi,
Aqi'l-huwshi'n xalayi'qqa jetirdi,
A'rman menen Jiyen wo'tti du'nyadan.

Qi'yametlik sawda boli'p basi'nda,
Qawmi'-qari'ndasi' turi'p tusi'nda,
Wo'ldi Jiyen yeliwde to'rt jasi'nda,
A'rman menen babam wo'tti du'nyadan.

* * *

Bul du'nya quri'si'n wol da ketti g'oy,
Yendi na'wbet son'g'i'larg'a jetti g'oy,
Bayan yetsem birnesheler wo'tti g'oy,
A'rman menen wo'tti biraz du'nyadan.

Bati'rdan Xojamet mu'ytende boldi',
Jiyen zamani'nda sawashlar qi'ldi',
Aqi'ri' patshani'n' qoli'nda wo'ldi,
A'rman menen bul da ketti du'nyadan.

Woni'n' shawli'g'i' yedi Qalmambet bati'r,
Woni'n' da'rgahi'nda ko'p so'zler jati'r,
Bati'r boli'p ba'rha keyin kiyati'r,
A'rman menen bul da wo'tti du'nyadan.

* * *

Shayi'rli'qqa ju'da' so'zleri ta'lip,
Zamanni'n' ra'wishin so'ylemes qali'p,
Maqti'mquli'-ma'g'ripten u'lgiler ali'p,
Laqabi' Ku'nxoja wo'tti du'nyadan.

Bulda wo'ldi jetpis jetige kelgende,
Xali'q ji'ladi' sorli' xoja wo'lgende,
Shayi'r dayi'n' wo'ldi, senin' degende,
Jani'p wo'tti bawri'm menin' du'nyadan.

Ku'nxojani' buri'n ko'rdim doslari'm,
Sonda menin' sorap yedi jaslari'm,
Wo'ldi dedi qatti' menin' baslari'm,
A'rman menen Ku'nxoja wo'tti du'nyadan.

Men ko'rgende buwri'l yedi saqali',
Azap berdi Izimbettin' Kemali',
Bul wo'limge barma adam hamali',
A'rman menen Ku'nxoja wo'tti du'nyadan.

Namazi'na xali'q qalmay ji'ynaldi',
Qaraqalpaq, qazag'i' da qi'ynaldi',
Tabi'ti'n sha'kirti qalmay aynaldi',
A'rman menen Ku'nxoja wo'tti du'nyadan.

* * *

Buni'n' keynin basqan A'jiniyaz boldi',
Woti'rg'an jerinde ulama toldi',
Qazaq, qaraqalpaqta mereke qi'ldi',
Wo'zbekke ha'm birdey wo'tti du'nyadan.

Wo'zi talip-ilim alg'an yer jigit yedi,
Qi'zi'l shi'ray ju'zli nur jigit yedi,
Qi'rg'a shi'qqani'n ko'zlerim ko'rdi,
Nigari'm dep bul da wo'tti du'nyadan.

A'jiniyaz yedi shayi'r sarasi',
Megzes yedi bahadi'rg'a mu'shesi,
Qosi'q aytar mollali'qta peshesi.
Neshe so'zler ayti'p wo'tti du'nyadan.

* * *

Yendigi aytari'm Berdaq shayi'rdi',
Bulda yetti adamzatqa qayi'rdi',
Merekenin' aldi'n bo'lip ayi'rdi',
A'rman menen bulda wo'tti du'nyadan.

Berdaq yedi shayi'rlardi'n' danasi',
So'zine iyildi adam balasi',
Berdaq dep quwanar xali'qti'n' arasi',
Wol da qosi'q ayti'p wo'tti du'nyadan.

Neshe so'zler aytti' qori'qpay zali'mnan,
Shayi'rli'qta wo'tpes Maqti'mquli' wonnan,
Ar ushi'n so'z ayti'p wol bezip jannan,
A'rman menen wo'tti Berdaq du'nyadan.

Hesh mu'ltik tappadi'm aytqan so'zinen,
Birneshe ku'n yerip ju'rip izinen,
Ha'rkim jamanlasa shi'g'ar ko'zinen,
Jigittin' sultani' wo'ttin' du'nyadan.

U'lgi aldi' Jiyen ji'raw so'zinen,
Neshe baqsi' u'lgi aldi' wo'zinen,
Bilgirdin' woylani'p ju'rip izinen,
A'rman menen Berdaq wo'tti du'nyadan.

Qosi'q ayti'p, duwtar shertip shag'lati'p,
Dushpan ishin g'i'j-g'i'j qi'li'p qaynati'p,
So'zge kelse almas qi'li'sh woynati'p,
Berdaq atli' shayi'r wo'tti du'nyadan.

Dushpani'n ji'lati'p, dosti'n ku'ldirip,
So'zi menen bolajaqti' bildirip,
Quyi'ldi'ri'p ayti'p ga'pti do'ndirip,
A'rman menen Berdaq wo'tti du'nyadan.

Awlaqqa biz shi'g'i'p ha'wirdi jazi'p,
Qi'sqi'da biz ju'rdik, nali'di'q azi'p,
Tilge kelse woraq wori'p jer qazi'p,
A'rman menen Berdaq wo'tti du'nayadan.

So'zge da'riya, baqsi'li'qqa zor yedi,
Tilge sheshen mi'n' adamg'a tay yedi,
Woylag'ani' ash xali'qti'n' g'ami' yedi,
A'rman menen bul da wo'tti du'nyadan.

Du'nyasi' quri'si'n buni' da aldi',
Jetpis u'sh jasi'nda qa'birge saldi',
Bul du'nya wolardi'n' arti'nda qaldi',
A'rman menen bul da wo'tti du'nayadan.

Berdaq wo'ldi, qaraqalpaq qi'ynaldi',
Ko'p qayg'i'ri'p ha'm de qayg'i' da qaldi',
Namazi'na yesitkenler ji'ynaldi',
A'rman menen Berdaq wo'tti du'nyadan.

* * *

Pani'y du'nyada wo'tti a'rmanda qaplap,
Neshe adamlardi'n' kewilin saqlap,
Topalan'day qi'li'p ha'mmeni toplap,
Wo'ter boldi'm men de pani'y du'nyadan.

Ko'p jasag'an qatari'nan ayri'lar,
Qarshi'g'aday qanati'nan qayri'lar,
Shappay, jelmey wo'z da'rtinen mayri'lar,
Mende wo'termen a'rman menen du'nyadan.

Wo'tesh shayi'r qolg'a qa'lemin aldi'n',
Haqti'n' ha'miri dep bar so'zdi saldi'n',
Ha'mirine ko'nsen' qayg'i'da qaldi'n',
Qatar-qurbi' dosti'n' wo'tti du'nyadan.

Qurdaslari'n' ketti qaydan-qaylarg'a,
Tu'sti aqi'rzaman ba'ri woylarg'a,
Ku'sh-quwatti' bir ji'ynayi'n boylarg'a,
A'rman menen ba'ri wo'tti du'nyadan.

A'rman menen sende sorli' wo'lersen',
Qayg'i'li' qa'pestin' ba'rin bilersen',
Hali'n' bilmey shaqaq uri'p ku'lersen',
A'rman menen babam wo'tti du'nyadan.

Jiyen, Berdaq, Ku'nxoja ha'm A'jiniyaz.
Solardi'n' ta'riypin, Wo'tesh sen bir jaz,
Du'nyada wo'mirdi bular su'rdi az,
A'rman menen men de wo'termen du'nyadan.

Saqali'n' ag'ardi' dizege tu'sti,
Qay jerde sorli'ni'n' i'g'bali' keshti,
Dushpanni'n' kewli ba'rhama wo'sti,
A'rman menen Wo'tesh wo'ter du'nyadan.

Bul du'nyada a'lewmetler ne ko'rdim,
G'a'plette sarg'ayi'p, gu'llerdey soldi'm,
Zali'mni'n' da'rtinen wo'lermen boldi'm,
A'rman menen men de wo'termen du'nyadan.

Biraq wo'lsem i'rza boli'n' yelati'm
Jaylawi'm Jalayi'r, ten'iz suwati'm,
Keziriw, Ko'k wo'zek kishi yelati'm,
Jan'a jaylaw, xosh qal, sen de Wo'teshten.

Woylani'n' shayi'rlar aldi'n'a qarap,
So'z ayti'p xalqi'n'a jaqti'ni' woylap,
Jari'q nurli' jerler bolsa bar baslap,
A'rman menen Wo'tesh wo'ter du'nyadan.

Wo'tesh «Wo'tti du'nyadan» qosi'g'i'nda qaraqalpaq klassik shayi'rlari'ni'n' obrazi'n do'retiwdi arnawli' tema yetip ali'p, birinshi boli'p, Jiyen ji'raw, Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq obrazlari'n do'retti. Shayi'r do'retken qaraqalpaq klassik shayi'rlari'ni'n' obrazlari' bir-birine uqsasli'qqa da, bir-birinen ayri'latug'in wo'zgesheliklerge de iye.

Wo’z ara uqsasli’g’i’ Jiyen, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaqti’n’ ha’mmesinin’ de xalqi’na jali’nli’ poeziyasi’ menen hadal xi’zmet yetken, u’stem klass wa’killerinin’ zorli’g’i’na qarsi’ shi’qqan, miynetkesh xali’qti’n’ awi’r ta’g’dirine jani’ ashi’p, qabi’rg’asi’ qayi’sqan, wo’z jeke ma’pinen xali’q, ja’miyet ma’pin joqari’ sanag’an nag’i’z xali’q perzentleri yetip su’wretlewinde boli’p tabi’ladi’.

Wo’tesh «Wo’tti du’nyadan» shi’g’armasi’ni’n’ da’slepki jeti kupletinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ nog’ayli’, wonnan berregirektegi ata-ma’kani’ Tu’rkstannan ko’shiw da’wirlerindegi tariyxi’n u’yrengenligin, sol zamanlar tuwrali’ jazi’lg’an qoljazba tariyxlar-shejirelerdi ji’ynap woqi’g’anli’g’i’n, usi’ tariyxi’y jazba dereklerden mag’luwmatlar berip woti’rg’anli’gi’n aytqan.

Qosi’qta xali’qti’n’ su’ygen yer azamat ullari’ Xojamet, Qalmambet, Begis, Mi’rji’q, Qara Satpan, Sari’ Satpan, Xojanazar, Qosnazar, Yernazar ala ko’z, Irza, To’relerdin’ bati’rli’q, yerlik islerin zamanlaslari’na, keleshek a’wladqa u’lgi yetip ji’rladi’. Bulardi’n’ barli’g’i’n da shayi’r xalqi’ ushi’n si’rtqi’ basi’p ali’wshi’larg’a taysalmay qarsi’ turg’an bati’rlar dep yesaplaydi’. Soni’n’ menen birge, xalqi’ni’n’ birligi, yerkinligi, g’a’rezsizligi, keleshek baxti’ ushi’n qollari’na qural ali’p gu’resken xali’q bati’rlari’ni’n’ a’diwli islerine wo’zlerinin’ jeke ma’pi ushi’n tosqi’nli’q jasag’an ayi’ri’m adamlardi’ si’ng’a aladi’.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

1. «Wo’tti du’nyadan» shi’g’armasi’ni’n’ mazmuni’nda qanday tariyxi’y mag’luwmatlar menen tani’sasi’z?
2. Qosi’qta qaraqalpaq shayi’rlari’na qa’ytip baha beriledi, wolardi’n’ ulli’lig’i’ qalayi’nsha ta’riyiplengen?
3. Qosi’qti’ tu’sinip woqi’n’ ha’m mazmuni’n so’ylep berin’.

## GU’LZIYBA

Ku’ygelek kibi ko’zleri,
Shiyrinnen sheker so’zleri,
Hu’r kibi ba’ha’r ju’zleri,
Gu’lziyba qi’z gu’l yan’li’di’.

Qasi’ jayday kirpigi yoq,
Hesh jerinin’ mu’ltigi joq,
Merekede ataqli’ shoq,
Perinin’ ko’rki yan’li’di’.

Qarshi’g’aday qi’yallani’p,
Iytelgidey moyni’n sali’p,
Ha’r qa’deminde jan ali’p,
Biyhush yeter nur yan’li’di’.

Ko’rsen’ler biyhush yetedi,
Aqli’-qi’yali’n’ ketedi,
Pa’min’ ko’rgennen jetedi,
Ko’rkemligi gu’l yan’li’di’.

Shiyrin-sheker tamg’an pali’,
Kelse qi’z-jigit i’g’bali’,
Adamzat yemes shubhali’,
Haq bezergen yan’li’di’.

Ko’rsen’ gu’l ju’zleri yang’an,
Ja’llad ko’zi aqi’li’n’di’ alg’an,
Qatari’nan arti’q tuwg’an,
Lashi’n, aq su’n’qar yan’li’di’.

Birinen biri ziyada,
Aqi’li’da ten’iz, da’rya,
Yalg’anshi’ fani’y du’nyada,
Mi’sali’ tap hu’r yan’li’di’.

Si’mday buralg’an belleri,
Shiyrinnen sheker tilleri;
Ayti’sar hu’r dep yelleri,
Ma’hiy tabanday yan’li’di’.

Ha’rbir istin’ bilip parqi’n,
Jetkerersen’ ayti’p dan’qi’n,
Bayan yetsem yeli-xalqi’n,
Qi’zdi’n’ sholpani’ yan’li’di’.

Wo'zin'diki bolsa deysen',
Ag'a begler bari'p ko'rsen',
Bir saat, bir maydan ju'rsen',
Yesilgen jipek yan'li'di'.

Ko'zi nurdan jaralg'anday,
So'ylese miyrin' qang'anday,
Ko'rmegenler tan' qalg'anday,
La'yli-Ma'jnun hu'r yan'li'di'.

La'bi alti'nni'n' puwi'nday,
Ha'm de alti'nni'n' suwi'nday,
Na'ganda shi'qpasa bunday,
Bul suli'wday kim yan'li'di'.

Ko'rsen' hayranda qalarsan',
Sol dep da'rbeder bolarsan',
Bir ko'rsen' shaqaq urarsan',
Yusup-Zu'leyxa yan'li'di'.

Birnesheler ta'rip yetken,
Hawazasi' ba'lentke jetken,
Ashi'qlardi'n' biri wo'tken,
Zu'hre-Tayi'r yan'li'di'.

La'yli-Ma'jnu'n, Farhad-Shiyrin,
Megzes yetin'ler ha'r birin,
Ulli' bag'di'n' qi'zi'l gu'lin,
Megzes yetsen', nur yan'li'di'.

Gu'lziyba qi'z gu'l ra'wishli,
Adamg'a da'rkar da'rwishli,
Yaranlar aqi'lli'-huwi'shli',
Aqi'li'm alg'an yan'li'di'.

G'a'rip ashi'q-Sha'senemdey,
Baqshada ashi'lg'an gu'ldey,
La'yli menen Ma'jnu'ndey
Mi'sali' Shiyrin yan'li'di'.

Wo'tti ashi'q boli'p Farhad,
Zamani'nda wonnan zi'yat

Ko'rmegendi ayti'w uyat,
Gu'lziyba qi'z hu'r yan'li'di'.

Qi'zdi'n' qi'yali' jan alar,
Yeki qoli'n ko'ksine salar,
Jigitler jan dep jalbi'rar,
Mi'sali' hu'r peri yan'li'di'.

Wo'termen fani'y du'nyadan,
Joli'nda tasaddi'q shiyrin jan,
Mi'sali' Bahram-Gu'landam,
Megzes wo'tken hu'r yan'li'di'.

Ayta bersem so'zlerim ko'p,
Jigit te ko'p, qi'zlar da ko'p,
Aytsa Ibrahim Adham dep,
Woni'n' joli' din yan'li'di'.

Pani'y du'nya biybahaday,
Bir-birine ku'n menen ayday,
Ha'mra menen Hu'rliqaday,
Sonday suli'w hu'r yan'li'di'.

Alti' san alashti'n' ko'rki,
Wonday qi'z boldi' ma ba'lki,
Adam wo'tti neshege belli,
Ko'rsen' Qi'z jipek ya'n'li'di'.

So'ylemekke tilim qayi'm,
Yar bolg'ay quday ha'r dayi'm,
Ashi'q-mashuq Qi'zmunayi'm,
Gu'lziyba qi'z shul yan'li'di'.

Wo'teshtin' qaysi' jerde woqi'p, sawat ashqanli'g'i' haqqi'nda jeterli mag'luwmatlar bolmasa da, woni'n' wo'z da'wirinin' sawatli' ha'm bilimli adami' bolg'anli'g'i'n ja'ne de shi'g'i's a'debiyati' u'lgilerinen de xabardar yekenligin shayi'r shi'g'armalari'ni'n' wo'zi de ayqi'n da'lilleydi. Buni' shayi'rdi'n' bir g'ana «Gu'lziyba» qosi'g'i'ni'n' mazmuni'nan da ko'riwimizge boladi'.

Qosi'qtan ko'rinip turg'ani'nday shayi'r «Layli-Ma'j-nu'n», «Zuhra ha'm Tayi'r», «Hu'rliqa», «Farhad ha'm Shiyrin», «Yusip ha'm Zuleyxa», «G'a'rip ashi'q ha'm Shahsa'nem» si'yaqli' ko'plegen tuwi'sqan wo'zbek, qazaq, tu'rkmen xali'qlari'ni'n' awi'zeki xali'q do'retpeleri menen birge shi'g'i's klassik a'debiyati' u'lgileri menen, woni'n' qaharmanlari'n da teren' bilgenligi sezilip turadi'. Ja'ne de ulli' wo'zbek shayi'ri' A'lisher Nawayi'ni'n' «Jeti go'z-zal» («Sabayi' Sayera») da'stanlari'ni'n' bas qaharman-lari' haqqi'nda, sonday-aq, «Ashi'q Na'jep» haqqi'nda ha'm tu'rkmenshe «Hu'rliqa-Hamre» degen da'stanlar di' keltirip wo'tedi. Mine usi'layi'nsha, Wo'teshtin' xali'q da'stanlari'n jaqsi' bilgenligin ha'm wolardi'n' qaharman-lari'n wo'z shi'g'armasi'nda do'retiwshilik penen sheber paydalang'anli'g'i'n ani'q ko're alami'z.

***Sorawlar***

1. Shayi'r qosi'qta Gu'ziybani'n' go'zzalli'gi'n qalayi'nsha ta'riy-plegen?
2. Wo'tesh xali'q da'stanlari'nan qaysi'lari'n bilgen?
3. Shayi'r Gu'lziybani'n' portretin jasawda qanday ten'ewlerden paydalang'an?
4. Wo'teshtin' hayal-qi'zlar temasi'nda jazg'an ja'ne qanday shi'g'armalari'n bilesiz?

## ASARMAN

Ishten ashi'p jasi'ri'lg'an si'rlardi',
Da'ryadayi'n ma'wjirermen tasarman,
Ko'rsetip dushpang'a sansi'z qi'rlardi',
Xali'q birikse, asqar tawdan asarman.

Pa'm a'ylen'iz Wo'tesh shayi'r so'zinen,
Qanlar ag'ar bul ku'nlerde ko'zinen,
Dushpan qashsa, quwi'p jeter izinen,
Xali'q penen yen'sesinen basarman.

Qolg'a qi'li'sh, semser, nayza alsamda,
Dizelesip dushpani'ma salsam da,

Jalg'i'z ju'rip Rustemdey bolsam da,
Qanshelli berik bolsamdagi' sasarman.

Ketermen, ketermen ulli' ko'l bilen,
Sapar sheksen' sharshamastan jol bilen,
Sa'rdar tapsam aqi'l dana mol bilen,
Asi'w-asi'w asi'wlardan asarman.

Sa'rdar bolmay jekke ju'rsen' juwi'ri'p,
Dushpan alar wo'kpe bawi'ri'n suwi'ri'p,
Quwi'rmash qi'p qazang'a sali'p quwi'ri'p,
Seksewil qozi'na ayaq basarman.

Jigitler biriksen' almas jawi'n' joq,
Jigitler biriksen' pitpes dawi'n' joq,
Hesh waqi'tta woylanbasan' sawi'n' joq,
Woylansan', biriksen' tawdan asarsan'.

Na'siyati'm usi' woylasan' doslar,
Hesh waqi'tta xor bolmas birikse baslar,
Bul maqsetke qosi'l g'arri' ha'm jaslar,
Bul aytqani'm bolsa qi'rdan asarman.

Ko'p penen islesen' yen'bek bolmas hesh,
Asi'w-asi'w da'ryalardan tezden kesh,
Wo'lgenshe xali'q ji'ri'n ji'rlaydi' Wo'tesh,
So'zim menen wo'lsem ju'zge asarman.

Wo'tesh shayi'rdi'n' basqa shi'g'armalari' si'yaqli' woni'n' «Asarman» qosi'gi'nda da shayi'rdi'n' pu'tkil wo'mir boyi' ko'rgen mashaqatlari' menen azaplari', zuli'mli'q qi'si'mi'nan tartqan ja'birleri, zamani'nda degeni bolmay, dushpanlardan kegin ala almay qi'ynalg'an qayg'i'lari' menen i'zalari' qosi'q mazmuni'nda xali'qti' birlikke, ja'mlesiw ideyasi' menen sa'wlelengen. Dushpang'a qarsi' gu'resiwde shayi'r birlik ma'selesine u'lken kewil bo'ledi. Woni'n' bul pikirleri qosi'q mazmuni'nda teren' bayan yetilgen. Shayi'r xali'qti'n' ku'shin birlikte ko'redi, wo'z maqsetine yerisiwdin' joli'n xali'q penen, yel menen birge boli'wda dep tu'sinedi. Xali'qti'n' «Tirilik birlikte», «Jalg'i'z

atti'n' shan'i' shi'qpas», «Bo'lingendi bo'ri jer» degen danali'q so'zlerin alg'a ilgeriletedi.

***Sorawlar***

**1.** Qosi'qti'n' ideyali'q mazmuni'nda qanday ma'sele so'z yetiledi?
**2.** Qosi'qta shayi'r wo'z da'wirini'n' awi'r jag'dayi'nan shi'g'i'wdi'n' qanday joli'n ko'rsetedi?
**3.** «Jalg'i'z ju'rip Rustemdey bolsam da,
Qanshelli berik bolsamdagi' sasarman» degen qatarlardan neni tu'sinesiz?
**4.** Qosi'qti'n' ideyali'q mazmuni'nda shayi'r xali'qqa qarata qanday shaqi'ri'q taslaydi'?

## BOLAR

Jaqsi' menen ju'rsen' uzaq jollarg'a,
Wo'lgenshe qa'dirdan ja'rdemshi bolar.
Jaman menen shi'qsan' uzaq jollarg'a,
Ja'biriw-japag'a ko'mekshi bolar.

Belin'e ma'detdur, dizen'e quwat,
Ati'n' sho'llegende suwg'arar suwat,
Aytqan so'zi sha'ker pal salg'an nabat.
Jaqsi'ni'n' soni'n'day miyrimi bolar.

Jaqsi' adam bari'mi'n'a baradi',
Wa'desinde ba'rha' tayi'n turadi',
Dushpani'ni'n' man'layi'na uradi',
Ba'rha'ma wolardi'n' miyrimi bolar...

Ladanlar so'zinin' qarari' bolmas,
Aytqan i'qrari'nda turari' bolmas,
Ladan adamlarda hasla pa'm bolmas,
Ha'rbir so'zlerinde ani'n' daw bolar.

Woylan shayi'r haqqa usi'ni'p yi'g'lap,
Wonshama jayqalma kewlin'di dag'lap,
Bir zaman ju'rmedin' wo'mirin'de shag'lap,
Yendi ku'ni g'a'riplerdin' ne bolar?

Woylasan’ aqi’l ko’p tawi’p alarsan’,
Wo’zin’di alla dep jolg’a salarsan’,
Bul zamanda yendi qalay qi’larsan,
Sorli’ Wo’tesh senin’ ku’nin’ ne bolar?

Jawdi’ jen’ip g’ayratlansa almag’a,
Jawg’a qi’li’sh nayza ali’p salmag’a,
Yer jigit ari’slan bati’r bolmag’a,
Aqi’lda da’ryaday teren’ woy bolar.

Woylasan’ woy jeter ba’rha’ ali’sqa,
Yer jigitti keltirmeydi nami’sqa,
Wot jibersen’ du’t qopali’ qami’sqa,
Ba’ri jani’p bolg’annan son’ sap bolar.

Aqi’lli’lar xali’qti’n’ g’ami’n jeydiler,
Begler ku’ni xali’q penen deydiler,
Bul du’nyani’n’ ra’ha’tin su’ydiler,
Jaqsi’ni’n’ xi’zmeti xali’q ushi’n bolar.

Birewler bek boldi’, birew joq boldi’,
Birewler sher boldi’, birew woq boldi’,
Birewler ash boldi’, birew toq boldi’,
Usi’lardi’n’ ba’ri woysi’zdan bolar.

...Ser yetsem so’zlerim ma’lim boli’p tur,
Qi’smeti zamanni’n’ zuli’m boli’p tur,
Menin’ qaygi’m xalayi’gi’m boli’p tur,
Men zar yetken menen jayi’m ne bolar.

Shayi’rdi’n’ aqi’l-na’siyat qosi’qlari’n’i’n’ qatari’na «Bolar», «Ur», «Qari’z alma», «Sa’wmeymen» qosi’qlari’n kirgiziwge boladi’. Shayi’rdi’n’ «Bolar» qosi’g’i’ u’lken didaktikali’q mazmung’a iye boli’p Maqti’mquli’, A’jiniyaz ta’sirinde jazi’lg’an. Bunda tiykari’nan haqi’yqi’y insan ushi’n za’ru’r bolg’an yen’ jaqsi’ pazi’yletler so’z yetiledi.

Ha’rqanday adamdi’ a’dep-ikramli’, hadal-hu’jdanli’ boli’wg’a shaqi’radi’. Jaqsi’ adamni’n’ so’zinin’de ma’nili ha’m itibarli’ bolatug’i’nli’gi’, woni’n’ g’ami’ tek qara basi’ni’n’ g’ami’ yemes, al xali’q g’ami’ ushi’n gu’resetu-

g'i'nli'gi', jaman adamlar tek wo'z ma'pin g'ana woylap, geypara dani'shpanlardi'n' ayag'i'nan shalmaqshi' bolatug'i'nli'gi'n aytadi'. Ha'rqanday yer jigittin' wo'z xalqi'ni'n' baxti' ushi'n gu'resiwinin' za'ru'ligi, xalqi' ushi'n za'ru'rli bolg'an jerde wo'z jani'nda ayamaw kerek yekenligin teren' su'wretlep ko'rsetedi. Qosi'qta shayi'r xali'q ta'repinde turi'p, yel baxti' ushi'n gu'resiwge shaqi'radi'. Shayi'rdi'n' jaqsi' jamanlar u'stinen ju'rgizgen pikirleri uluwmali'q si'patqa iye bolmastan, wo'z zamani'ndag'i' waqi'yalari' menen ti'gi'z baylani'sli'.

## GU'LMURAT SHAYI'R

(1832—1897)

Gu'lmurat shayi'r a'debiyat tariyxi'nda lirik shayi'r si'pati'nda belgili wori'n tutadi'. Shayi'r 1832-ji'li' tuwi'li'p, 1897-ji'li' qayti's bolg'an. Woni'n' tuwi'li'p wo'sken jeri Aral ten'izinin' tu'slik-shi'g'i's jag'alawi' bolg'an. Bul jerler ha'zir Moynaq ha'm Taxtako'pir rayonlari'ni'n' aymag'i' yesaplanadi'. Wol worta halli' shan'araqta tuwi'li'p turmi'sti'n' barli'q awi'rmanli'qlari'n bastan keshirgen. Gu'lmurat wo'z da'wirinin' belgili shayi'ri' Sari'bay menen dos ha'm zamanlas bolg'an. Yekewinin' bir-birine ha'zil yetip ayti's tu'rinde jazg'an qosi'qlari' da bar. Bul qosi'q wo'zinin' socialli'q mazmuni' boyi'nsha ayri'qsha a'hmiyetke iye boli'w menen birge, yeki shayi'rdi'n' wo'mirbayani'na tiyisli mag'luwmatlar beredi. Ayti'sta su'wretleniwine qarag'anda, Gu'lmurat turmi'sti'n' barli'q awi'rmanli'g'i'n ko'rgen ha'm wo'z da'wirinin' sawatli' adamlari'ni'n' biri bolg'an. Wo'ytkeni, woni'n' Sari'bay shayi'r menen ayti'si' bir-birine xat jazi'w arqali' bolg'an.

Gu'lmurat wo'z qosi'qlari'nda xali'qti'n' awi'r turmi'si'ni'n' ayani'shli' ko'rinislerin su'wretleydi. Woni'n' qosi'qlari'nda da sol da'wirdegi ayi'ri'm yel basqari'wshi'lardi'n' zuli'mli'q ha'reketleri su'wretlenedi.

Gu'lmurat shayi'rdi'n' «Qayda baraman», «Nadan yekensen'», «Qayrawda jalg'i'z g'az» qosi'qlari'nan basqa da «Qurg'an qaqpani'ma tu'lki tu'spedi», «Tori' ati'm», «Qi'zlari' bar bizin' yeldin'» «Jaz kebin'e» degen qosi'q-

lari’ ha’m Sari’bay shayi’r menen ayti’si’ bizge kelip jetken.

Shayi’rdi’n’ «Qi’zlari’ bar bizin’ yeldin’» qosi’g’i’ xali’qti’n’ ta’riyip qosi’qlari’ni’n’ u’lgisinde jazi’lg’an. «Qurg’an qaqpani’ma tu’lki tu’spedi» qosi’g’i’ an’shi’li’q temasi’na arnalg’an. «Tori’ ati’m» qosi’g’i’nda bolsa shayi’r qoli’ndag’i’ jalg’i’z tori’ tayi’n maqtaydi’. Shayi’rdi’n’ basqa qosi’qlari’ menen bir qatarda bul qosi’qlari’ da Gu’lmuratti’n’ bali’qshi’li’q, an’shi’li’q penen ku’n keshirgenligi haqqi’nda mag’luwmat beredi.

Shayi’rdi’n’ ati’ atalg’an qosi’qlari’nda qollani’lg’an ko’rkemlew qurallari’ da ko’binese woni’n’ wo’zi jasag’an ten’iz jag’asi’ndag’i’ turmi’stan ali’p jazi’li’p, bali’qshi’li’q, an’shi’li’q ka’sibine tiyisli so’zlerdi de ko’plep paydalang’anli’g’i’ sezilip turadi’.

## QAYRAWDA JALG’I’Z G’AZ

Qayrawda bir g’az tur qanati’n qag’i’p,
G’an’qi’ldaydi’ yeki ko’zden qan ag’i’p,
Ayaqtag’i’ jipti shaynap ja’niwar,
Wo’z yerkime ketsem deydi ilag’i’p.

Degen menen sheshilmeydi ayag’i’,
Bul maqsettin’ biri pitpey woydag’i’,
Kewildegi ko’p qayg’i’ni’n’ da’rtinen,
Qara jerge qari’s kirdi ti’rnag’i’.

Ko’terilip qos qanati’n qag’adi’,
Ko’rgen waqta hawadag’i’ g’azlardi’,
Topari’ma qosi’lsam dep ja’niwar,
Qaptali’na shaqi’rmaqshi’ boladi’.

Shaqi’rg’an dawi’si’n yesitip wolar,
A’l hawada ju’rip qanati’ talar,
Qayri’lmay ketiwge ko’zleri qi’ymay,
Aqi’ri’ aynali’p qasi’na qonar.

Bir-birine u’ykelesip moyi’ni’n,
Baslag’anda quwani’shli’ woyi’ni’n,

Ati'wg'a qolaylap beti sur mergen,
Gezede jasi'ri'p turadi' boyi'n.

Bir-birine qosi'lg'anda intizar,
G'an'qi'ldasi'p woti'rg'anda ja'niwar,
Wori'nsi'z biygu'na jas jani'n qi'yi'p,
Sur betli mergenler wordasi'n buzar.

Gu'lmurat shayi'rdi'n' teren' lirizm menen jazi'lg'an «Qayrawda jalg'i'z g'az» qosi'g'i' tek g'ana shayi'r do'retiwshiliginde yemes, qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'nda da ayri'qsha wori'n iyeleydi. Ja'mi 24 qatardan ibarat bolg'an bul qosi'qti'n' ideya-tematikasi'nda xali'qti'n' azatli'qqa umti'li'w tilegi ayri'qsha ku'shli su'wretlengen.

Qosi'qti'n' worayi'nda turg'an qayrawdag'i' jalg'i'z g'az ayag'i' baylang'anli'qtan, g'an'qi'ldap qanati'n qaqsa da, wo'z yerkine kete almay, ko'zinen qanli' jasi' ag'i'p, i'zali' qayg'i' menen ti'rnag'i' bir qari's jerge kiredi. Aspanda g'azlar ushi'p wo'tedi, sol g'azlar topari'na qosi'li'w ushi'n qayrawdag'i' g'az tag'i' da talpi'nadi', aspandag'i' g'azlardi' shaqi'rmaqshi' boladi'. Aspandag'i' g'azlar da qayrawdag'i' g'azdi' qi'ymastan aynali'p qasi'na qonadi'. Wolar bir-birine u'ykelesip, jan'a ushi'rasti'q degende, gezede jasi'ri'ni'p woti'rg'an sur mergen bir-birine intizar boli'p qosi'li'p g'an'qi'ldasqan g'azlardi' atadi'.

Qosi'qti'n' usi'nday i'qsham ha'm kishkene syujetin shayi'r sonshelli da'rejede ku'shli lirizm menen su'wretlegen. Qosi'qtag'i' jeke qayg'i' motivi uluwma ja'miyetlik motiv da'rejesine ko'teriledi. Qosi'qta qayrawdag'i' g'az obrazi' arqali' xali'qti'n' yerkin turmi'sti', bas bostanli'g'i'n a'rman yetiwi sheber su'wretlenedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Gu'lmurat shayi'r shi'g'armalari'nda wo'zi jasag'an da'wirdin' shi'nli'g'i', miynetkesh xali'qti'n' turmi'si' qalayi'nsha su'wretleniwin tapqan?
**2.** «Qayrawda jalg'i'z g'az» qosi'g'i'n woqi'p, ideyasi'n ayti'p berin'.

**3.** Qayrawdag'i' g'az ha'm gezede jasi'ri'ni'p turg'an sur mergen kim?
**4.** Qosi'qti' yadlap ali'n'.

## SARI'BAY SHAYI'R

(1830—1898)

Sari'bay shayi'rdi'n' wo'miri ha'm do'retpeleri haqqi'nda saqlani'p qalg'an mag'luwmatlar ku'ta' az. Sonnan bolsa kerek, shayi'r do'retiwshiligi haqqi'nda da izertlengen ilimiy miynetlerdi az ushi'ratami'z.

Ha'zirshe bizge shayi'rdi'n' «Jarg'anat penen ayti'si'w», «Shi'mshi'q penen ayti'si'w» degen ti'msallari' ha'm «Quri'si'n jasi'm, quri'si'n», «Yari'm», «G'a'rip anam xosh yendi», «Qostarsi'z jaman», «Qi'zi'l wo'gizim» si'yaqli' birneshe qosi'qlari' kelip jetken. Bulardan basqa dosti' ha'm zamanlasi' Gu'lmurat shayi'r menen ayti'si' bar. Usi' shi'g'armalardi'n' mazmuni'na ha'm xali'q arasi'na taralg'an dereklerge qarag'anda Sari'bay Aral ten'izinin' jag'asi'nda, belgili Terbenbes atawi'ni'n' a'tirapi'nda tuwi'lg'an ha'm wo'mir su'rgen.

Sari'baydi'n' ata-anasi' jarli' adam bolg'an. Bul tuwrali' shayi'rdi'n' zamanlasi' Gu'lmurat shayi'r Sari'bayg'a qosi'q penen qaytarg'an juwap ayti'si'nda mi'nanday qatarlardi' keltiredi:

Aydi'n bozg'a yegin yegip pitpegen,
Bul du'nyada bir jaqti'li'q ko'rmegen,
Sari'bay jarti'wmash a'ken' bar yedi,
Jaman toni' dizesine jetpegen.

Usi' ayti's qosi'g'i'nda Gu'lmuratti'n' jazi'wi'na qarag'anda, Sari'baydi'n' ata-anasi' asharshi'li'qti'n' saldari'nan qayti's bolg'an.

Sari'baydi'n' wo'z qosi'qlari'na qarag'anda da shayi'rdi'n' wo'miri awi'r mu'ta'jlikte wo'tken. «G'a'rip anam xosh yendi» degen qosi'g'i'nda shayi'r jas waqti'nan baslap-aq, yelden, u'yden ayra tu'skenligin ayti'p nali'nadi':

...Men uzaqqa kettim sag’an jetpes qol,
Jani’m anam ko’p aytarli’q so’zim sol,
Ko’re almasaq aq su’tin’e i’rza bol,
Ko’riskeymiz g’a’rip anam, xosh yendi.

Shayi’rdi’n’ «Yari’m» qosi’g’i’nda da zali’mlardi’n’ quwdalawi’nan, maqsetke jetiw joli’nda kese turg’an qa’wip-qa’terden nali’ni’w sezimleri bar. Al, «Qostarsi’z jaman» qosi’g’i’nda bolsa, qartayg’anda hayali’ wo’lip, jarli’li’qti’n’ u’stine jetim balalari’ menen qalg’anli’g’i’ so’z yetiledi.

Sari’bay wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem jarli’li’q, mu’ta’jlik turmi’sta ku’n keshirgen. Bul tuwrali’ wol wo’zinin’ «Quri’si’n jasi’m, quri’si’n» qosi’g’i’nda bi’lay jazadi’:

Yeki kem jetpiske keldim,
Quri’si’n jasi’m, quri’si’n,
Shi’g’i’p du’nyag’a ne ko’rdim,
Quri’si’n jasi’m, quri’si’n.

Ten’selgen jorg’a minbedim,
Jaynati’p kiyim kiymedim,
Joqli’qtan basqa ko’rmedim,
Quri’si’n jasi’m, quri’si’n.

Aq pushta yetik kiyealmay,
To’sekli jerde jatalmay,
Bir jaynap-jasnap ju’re almay,
Wo’tti g’oy bu’gin wo’mirim.

Qosi’qta shayi’r wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem joqshi’li’qtan basqa heshna’rse ko’rmegenligin, miniwge bir jorg’a ati’, jaynap-jasnap kiyiwge kiyimi bolmag’anli’g’i’n teren’ nali’ni’w sezimleri menen su’wretlegen. Shayi’r usi’ qosi’g’i’nda jarli’li’q penen birge shan’arag’i’nda ushi’rasqan baxi’tsi’z ha’diyselerdin’ biri — balalari’ qalmag’anli’g’i’n aytadi’.

### JARG’ANAT PENEN AYTI’SI’W

S a r i ’ b a y: — Qarap tursam kelbetin’e,
Si’n-si’mbat ha’mde qa’lpin’e,

Ne ba'le boldi' pa'rin'e?
Jardag'i' turg'an jarg'anat?

J a r g ' a n a t: — Basi'n'da jaman malaqay,
So'ylegen so'zin' bul qalay,
Si'n tag'asan' mag'an qalay,
Abaylap so'yle adamzat.

S a r i ' b a y: — Jarda woti'rsan' jarbi'yi'p,
Ayag'i'n' jaman tarbi'yi'p,
Qazaqi' qaptay ti'rri'yi'p,
Neg'i'p woti'rsan' jarg'anat?

J a r g ' a n a t: — Qalay-qalay aytqan so'zin',
Jin urg'anday yeki ko'zin',
Shi'rri'yg'an ti'rbi'q tap wo'zin',
Abaylap so'yle adamzat.

S a r i ' b a y: — Ma'kan yetip u'lken woyda,
Qaydan tapti'n' bunday payda,
Gu'lla'n pa'rin' qaldi' qayda,
Jardag'i' turg'an jarg'anat?

J a r g ' a n a t: — Juwap bersem usi' so'zge,
Ma'kan jayi'm aytsam sizge,
Qi'si'm yetken patsha bizge,
Sonli'qtan joq boldi' pa'rim.

S a r i ' b a y: — Ku'nlerdin' ju'zi dumanda,
Patshan'i'z barma bulmanda,
Ya soradi' qay zamanda,
Jardag'i' turg'an jarg'anat ?

J a r g ' a n a t : — Bir qudayg'a men ji'layman,
Bizge buri'n qi'si'm qi'lg'an,
Patshani'n' ati' Sulayman,
Sonli'qtan joq boldi' pa'rim.

S a r i ' b a y: — Sulayman yeken patshan'iz,
Joq ha'm quyri'q qanati'n'i'z,
Patshag'a qanday gu'nan'i'z,
Boli'p yedi jarg'anati'm?

J a r g ’ a n a t: — Patsha quslardi’ ji’ynag’an,
Shi’bi’n janlari’n qi’ynag’an,
Aldi’ menen bizdi julg’an,
Sonli’qtan joq boldi’ pa’rim.

S a r i ’ b a y: — Ne sebepten patsha seni juldi’rdi’,
Ne sebepten jas jani’n’di’ soldi’rdi’,
Pa’rlerin’di ne ha’jetke asi’rdi’?
Xabar ber bunnan jarg’anat?

J a r g ’ a n a t: — Men aytsam patsha tilegin,
Ko’tergen qayqi’ iyegin,
Ha’mme quslardi’n’ su’yegin,
Ji’ynamaq boldi’ adamzat.

S a r i ’ b a y: — Sonsha qusti’ qi’rg’ani’nsha,
Jas janlardi’ qi’yg’ani’nsha,
Qus su’yegin ne qi’lmaqshi’,
Bolg’an patsha jarg’anat?

J a r g ’ a n a t : — Qusti’n’ su’yegin ji’ydi’ri’p,
Ha’mmesin jerge u’ydirip,
Ku’l qi’lmaq pa’rin ku’ydirip,
Joq qi’lmaq patsha, adamzat.

S a r i ’ b a y: — Arqa jaqqa awi’sti’n’,
Bul jerge zordan quwi’sti’n’,
Ayti’p so’zimdi tawi’sti’m,
Joli’n’ bolg’ay jarg’anati’m.

Shayi’rdi’n’ bul ti’msallari’nda wo’zi wo’mir su’rgen da’wirdegi yen’ a’hmiyetli socialli’q ten’sizlikler, ayani’shli’ jag’daylar su’wretlenedi. Wo’tkendegi qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’nda ju’z bergen ha’dden zi’yat feodalli’q yeziwshilikler xali’qti’n’ ayani’shli’ turmi’si’ zali’mlardi’n’ zuli’mli’g’i’ menen awi’r sali’qlar, shennen ti’s socialli’q ten’sizlikler, Sari’baydi’n’ ti’msallari’ni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n quraydi’. Shayi’rdi’n’ «Jarg’anat penen ayti’si’w», «Shi’mshi’q penen ayti’si’w» degen ti’msallari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda wog’ada a’hmiyetli wori’n tutadi’. Bul ti’msallarda shi’mshi’q ha’m jarg’anat tuwrali’ so’z bolg’ani’

menen wolar qus tu'rinde yemes, al belgili bir socialli'q tipti an'lati'w ushi'n qollani'lg'an. Mi'sali', «Shi'mshi'q penen ayti'si'w» ti'msali'nda barli'q pa'rinen ayri'li'p, jurday bolg'an shi'mshi'qti'n' ayani'shli' jag'dayg'a tu'sip qali'w sebebin soraydi'. A'lbette, ti'msalda so'z shi'mshi'q haqqi'nda yemes, sol arqali' astarli' tu'rde miynet adamlari'ni'n' awi'r turmi'si' haqqi'nda so'z yetiledi. Sari'bay ti'msalda shi'mshi'qqa qarata «Palapani'n' qi'zi'l shaqa» dese, jarli' balalari'ni'n' jalan'ashli'g'i'n «Wo'lgenge megzer kelbetin', Pa'rsiz qi'zi'l shaqa yetin'» dese jarli'ni'n' da ash-jalan'ashli'g'i'n, woni'n' bas ko'tertpeytug'i'n qayg'i'si'n aytqani' boli'p yesaplanadi'.

Wo'tkendegi xalqi'mi'zdi'n' turmisi'na na'zer taslasaq, yelde ka'mbag'al adamlar ko'p boldi'. Shayi'r usi'larg'a tiykarlana woti'ri'p, isherge tamag'i', kiyerge kiyimi joq, ash-jalan'ash adamlardi'n' basqalarg'a ja'rdem bermek tu'we wo'zlerinin' ku'n ko'rip tirishilik yetiwinin' mu'shkil yekenligin wo'z ti'msali'nda sheberlik penen sa'wlelendirgen.

Shayi'rdi'n' «Jarg'anat penen ayti'si'w» ti'msali'nda xali'qqa sali'natug'in awi'r sali'qlardi', usi' sali'qlardi'n' yesabi'nan azap shekken miynetkesh xali'qti', patshalardi'n' jawi'zli'q ha'reketleri astarli' ma'nide a'shkaralanadi'. Ti'msalda yerte da'wirlerde jasag'an Sulayman patsha quslardi'n' pa'rin ji'ydi'ri'p alg'anli'g'i', soni'n' ushi'nda jarg'anatti'n' da pa'rsiz, jalan'ash qalg'anli'g'i' so'z yetiledi.

Shayi'r pa'rsiz, ash-jalan'ash qalg'an jarg'anatti'n' awi'r jag'dayi'n su'wretlew menen birge woni'n' bul awhalg'a tu'siwinin' yen' basli' sebebi patshani'n' qi'si'mi' yekenligin ashi'q tu'rde su'wretleydi.

Ku'nlerdin' ju'zi dumanda,
Sol patsha bar ma bul manda?-

dep jarg'anatqa soraw qoyi'w arqali' wo'zinin' joqari'dag'i' maqsetin yele de ayqi'nlasti'radi'.

Sari'bay shayi'r wo'z ti'msallari'n jazarda xali'q awzi'ndag'i' mine usi'nday an'gimelerden paydalang'an boli'wi' mu'mkin. Biraq wol wo'zinin' so'z yeteyin degen ma'selesine qaray, xali'q awzi'ndag'i' an'i'z-a'psanalardi' pu'tkilley wo'zgertip paydalang'an. Shayi'r ti'msallari'ni'n'

ideyasi'nda da'wir haqi'yqatli'g'i' ha'r ta'repleme ashi'p beriledi. Sari'bay bul ti'msali'n da wo'zinin' awi'r turmi'si'n qosa su'wretlegenligi sezilip turadi'. Buni' ti'msaldi'n' uluwma mazmuni'nan ko'riwge boladi'.

Sari'bay ti'msallari'ni'n' quri'li'si' dialog formasi'nda beriledi. Wol wo'zinin' ayti's ti'msali'nda aytajaq woy-pikirin tilsiz quslarg'a til pitiriw usi'li'nda beredi. Ti'msalda so'zdi a'weli Sari'baydi'n' wo'zi baslaydi'. Mi'sali', wol wo'z so'zin shi'mshi'qti'n' yaki jarg'anatti'n' awhali'ni'n' biysharali'g'i'nan baslaydi'. Son'i'nan ayti's baslani'p ketip, qus ta wo'z gezeginde Sari'baydi'n' wo'zinin' de awhali'ni'n' jaqsi' yemesligin aytadi'. Shayi'r ti'msallap ayti'w menen wozi jasag'an da'wirdin' haqi'yqatli'g'i'n ashi'p beredi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Sari'bay shayi'r shi'g'armalari'nda da'wir haqi'yqatli'g'i'ni'n' su'wretleniw wo'zgesheligi nede ?
2. Shayi'r «Jarg'anat penen ayti's» ti'msali'ni'n' mazmuni'nda neni so'z yetken?
3. « Sari'bay — qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' birinshi ti'msalshi' shayi'r» degen temada shi'g'arma jumi'si'n jazi'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### Lirikali'q qosi'qlarda simvolikali'q su'wretlew, ti'msal ha'm tariyxi'y da'stan tuwrali' tu'sinik

**Lirikali'q** shi'g'armalar si'rtqi' wortali'qti'n' ta'sirinen payda bolg'an quwani'sh, su'yinish, qayg'i'-ha'siret, ko'terin'ki keyipti h.t.b. sezimlerdi, tuyg'i'lardi', ishki keshirmelerdi, ruwxi'y halatlardi', woy-pikirlerdi emocional qi'zg'i'nli' (tolqi'nlang'an) so'zler arqali' beredi.

Lirikali'q janr shi'g'armalari'n mazmuni' ha'm tematikasi' boyi'nsha muhabbat qosi'qlari', ta'riyip qosi'qlari', aqi'l-na'siyat (didaktikali'q) qosi'qlari', ta'biyat lirikasi', azamatli'q (grajdanli'q) lirika h.t.b. tu'rlerge bo'liw mu'mkin. Al, formasi' boyi'nsha, yag'ni'y ba'ntleri (strofa), qatar

sanlari', buwi'n sanlari', uyqas tu'rleri, qosi'q wo'lshemleri boyi'nsha da g'a'zzel, muhammes (muxalles) rubayi', to'rtlikler, murabba, sonet, oktava si'yaqli' birneshe janrlarg'a aji'rati'w mu'mkin. Lirikani'n' bul janrlari'ni'n' ko'pshiligi derlik ha'zirgi da'wir shayi'rlari'ni'n' poeziyasi'nda ushi'rasadi'.

Demek, lirikali'q qosi'qlardi'n' xarakterli belgisi wonda obrazli'li'q, pikirdin' juwmaqlang'an boli'wi', avtor su'wretlegen waqi'ya, sezim ko'pshilikke wortaq si'patqa iye boladi' ha'm lirikali'q shi'g'armalar tek qosi'q penen jazi'ladi'. Lirika shayi'r adamni'n' ishki jan du'nyasi' menen baylani'sadi', woni'n' quwani'shi' menen qayg'i'si'n su'wretleydi, adamni'n' ju'rek si'ri'n ko'rkem obrazli' so'zler menen jetkeredi. Al, lirikali'q qosi'qlarda simvolikali'q su'wretlew (simvol — grek so'zi) — bul turmi'stag'i' waqi'yalardi' tuwra wo'z ma'nisinde aytpay, astarli' tu'rde ayti'wdi'n' bir tu'ri. Wol a'debiyattani'wda metaforani'n' bir tu'ri si'pati'nda da qollani'ladi'. Bunday simvolikali'q su'wretlew arqali' jazi'wshi'-shayi'rlar turmi's haqi'yqatli'g'i'n ta'sirli ha'm obrazli' tu'rde wo'z woqi'wshi'lari'na jetkerip woti'radi'. Mi'sali', Berdaq «Jaz keler me?» qosi'g'i'nda «duman», «jaz», «qi's», «dawi'l» so'zlerin simvolikali'q su'wretlew usi'li', simvolikali'q obrazlar retinde sol da'wirdin' turmi'si'n ko'rsetiw ushi'n paydalang'an. Mi'sali':

Dawi'l turdi', u'rgin u'rdi,
Qosi'mni'n' qami'si'n tu'rdi,
Duman basti' aspan, jerdi,
Puqarag'a jaz keler me?

Usi'layi'nsha, turmi'sti' simvolikali'q su'wretlew arqali' obraz jasaw usi'li'n Ku'nxojani'n' «Aq qami's» qosi'g'i'ndag'i' «qami's», Gu'lmuratti'n' «Qayrawda jalg'i'z g'az» qosi'g'i'ndag'i' «g'az» obrazlari'nan da ko'riwge boladi'. Wolar miynetkesh xali'q obrazi'n simvolikali'q su'wretlew usi'li'nda beredi.

**Ti'msal** — ko'binese allegoriyali'q (astarlap ayti'w) usi'li'nda qollani'ladi'. Ti'msaldi'n' atamasi'ni'n' wo'zi de

«ti'msallap ayti'w», yag'ni'y «astarlap ayti'w» degen ma'nisten kelip shi'qqan. Aqi'l beriw, u'git-na'siyat mazmuni'na iye boladi'. Ti'msal — tamamlang'an ji'ynaqli' pikirdi wo'z ishine alatug'i'n aqi'l ha'm na'siyat formasi'ndag'i' ironiyali'q yamasa satirali'q shi'g'arma. Ti'msalko'binese poeziyali'q si'patqa iye boli'p keledi. Wolarg'a haywanlar, quslar, wo'simlikler personaj si'pati'nda kirgiziledi. Wolardi'n' minez-qulqi'n, peyil-i'qpali'n, ta'biyiy wo'zgesheliklerin beriw arqali' adamlardi'n' ji'ynaqlang'an obrazlari'n beredi.

Ti'msal janri' a'debiyatta yerte zamanlarda payda bolg'an. Antik grek a'debiyati'nda qara so'z benen ayti'lg'an ko'plegen ti'msallardi' Ezop degen a'psanawiy dani'shpanni'n' ati' menen baylani'sti'radi'. Qaraqalpaq a'debiyati'nda ti'msal janri'n baslawshi' Sari'bay shayi'r yesaplanadi'.

**Da'stan** (parsi' so'zi) — Ku'nshi'g'i's xali'qlari'ni'n' poeziyasi'nda u'lken ko'lemdegi epikali'q shi'g'arma. Qaraqalpaq da'stanlari'n qaharmanli'q, tariyxi'y, ashi'qli'q ha'm socialli'q ma'selelerdi so'z yetetug'i'n da'stanlar dep bo'lip qarawg'a boladi'. Da'stanlarda qosi'q penen kishi ko'lemdegi proza aralasi'p keledi. Da'stanlar basqa a'debiy shi'g'armalardan wo'zinin' kompoziciyasi', waqi'yalari'ni'n' rawajlani'wi', obraz jasaw usi'llari' menen aji'rali'p turadi'. Da'stanlar xali'qti'n' turmi's tirishiligi menen arzi'w-a'rmanlari'n sa'wlelendiriwi jag'i'nan bahali' wori'n tutadi'.

Qaharmanli'q ha'm tariyxi'y da'stanlardi'n' mazmuni' yel qorg'aw, si'rtqi' dushpanlarg'a qarsi' gu'resten ibarat boladi'. Wolardi'n' mazmuni'nda qaharmanli'q waqi'yalar menen birlikte ashi'qli'q temasi' da aralasi'p keledi.

Sonday-aq, tariyxi'y da'stanlar ko'rkem a'debiyatta belgili bir tariyxi'y waqi'yag'a, tariyxi'y jeke adamg'a baylani'sli' da do'retiledi. Bul ha'r qi'yli' mazmunda, ha'r qi'yli' ko'lemde ushi'rasadi'. Mi'sali', Berdaqti'n' «Amangeldi», «Yernazar biy», «Aydos baba», A'jiniyazdi'n' «Bozataw», Si'di'q shayi'rdi'n' «Zaman», «Aq qapshi'q», Qulmurat shayi'rdi'n' «Won tog'i'z» shi'g'armalari' tariyxi'y da'stanlardi'n' (ji'rlardi'n') mi'sali' bola aladi'.

## XIX A'SIRDIN' AQI'RI' HA'M XX A'SIRDIN' BASLARI'NDAG'I' QARAQALPAQ A'DEBIYATI'

XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' basi'ndag'i' qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'deniy tariyxi'nda ayri'qsha bir da'wirdi wo'z ishine aladi'. Bul da'wirdegi ayri'qsha bir ha'diyse rus ha'meldarlari'ni'n' Worta Aziya menen qi'zi'g'i'wi', Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i'ni'n' du'ziliwi, sol tiykarda Worta Aziya ha'm Qazaqstan xali'qlari'n basqari'wg'a bag'darlang'an ha'reketleri menen baylani'sli' yedi. Worta Aziya xali'qlari'ni'n' ayi'ri'm bo'legi, soni'n' ishinde, qaraqalpaqlar 1870-ji'ldan baslap, Rossiya qol asti'nda boldi'. Bul xali'qlardi'n' ayi'ri'mlari' uri's-qag'i'ssi'z wo'z yerki menen qosi'lg'an yemes. General Kaufmanni'n' uzaq sawashlari'nan keyin, Xiywa xanli'g'i' XX a'sirdin' basi'nda ruslar ta'repinen jawlap ali'ndi'. Demek, bul jag'day sol da'wirde yelde uri's-qag'i'slardi'n' ko'p bolg'anli'g'i'n ko'rsetedi. Bul ha'diyse tek ruslardi'n' Worta Aziyag'a keliwi menen baylani'sli' yemes. Angliyani'n' tu'slik yellerine bolg'an ta'siri tiykari'nda, Tu'rkstan xali'qlari' arasi'nda ha'r qi'yli' kelispewshilikler payda bola basladi'. Bul jag'daylar ayi'ri'm basqi'nshi'li'q ha'reketler menen almasti'.

Bir xali'qti' yekinshi xali'qqa wo'shiktiriwler tiykari'nda xali'qlar arasi'nda ayi'ri'm narazi'li'qlar payda boldi'. Uri'slar na'tiyjesinde ekonomikani'n' to'menlewi, soni'n' sebebinen xan qaznasi'ni'n' bosap, yel arasi'nan arti'qsha sali'qlar ji'ynawg'a ma'jbu'r boli'wi', bul sali'qlardi' ji'ynaw ushi'n tu'rkmenlerden, qazaqlardan, wo'zbeklerden ha'm qaraqalpaqlardan ayri'qsha toparlardi'n' du'ziliwi ha'm xan pa'rmani' tiykari'nda bul toparlardi'n' wo'z qa'wimlerinen ti'sqari' jerlerde ha'reket yetiwleri baslanadi'. Bunday ha'reketler, tu'bi bir tuwi'sqan bolsa da ha'r xali'qqa bo'lek qatnas jasaw, xali'qlar arasi'nda ala awi'zli'q ha'm basqi'nshi'li'q ha'reketlerdi payda yetti. Solay yetip, bul da'wirdegi awi'r jag'daylar xali'qti'n' ruwxi'y ma'deniyati'n a'dewir to'menletip jiberdi.

A'lbette, bul da'wirde ayi'ri'm wo'zgerisler de boldi'. Mi'sali', To'rtku'lde, Shi'mbayda sanaat woraylari', zavod-

lar quri'ldi'. Biraq bul kishi ka'rxanalardi'n' xali'qqa paydasi' bolmadi'. Xali'qti'n' tilegin ta'miyinley almadi'. Sonli'qtan da, Shi'mbay ha'm Man'g'i't qalalari'nda narazi'li'q ko'terilisleri boli'p wo'tti. Bunday narazi'li'qlar yel arasi'nda biy, aqsaqal ha'm boli's saylaw payi'tlari'nda da bolg'an. Yag'ni'y, xali'qti'n' tilegi menen sanaspay, demokratiyani' buzi'p, rus ha'meldarlari'ni'n' basshi' saylawi' a'piwayi' xali'qti'n' nami'si'n keltiredi.

Sol ushi'n da bul da'wirdegi tariyxi'y jag'day XIX a'sirdin' worta gezindegi tariyxi'y jag'daylarg'a qarag'anda a'dewir wo'zgeshe boldi'. Sebebi, bul da'wirde xali'qti'n' socialli'q turmi's jag'dayi' bir qansha to'menlep ketken yedi. Xali'q arasi'nda basqi'nshi'li'q, ta'rtipsizlik ha'reketleri ko'beyip ketkenligi sebepli, wolar wo'z basi' menen g'ay boli'p, buri'ng'i'day Xiywa medireselerinde woqi'g'an talabalardi'n', bilimli adamlardi'n' sani' azayg'an. Woni'n' u'stine diyqanshi'li'q yetiwge hawa rayi'ni'n' qolaysi'z keliwi, jap-salmalardi'n' da waqti'nda qazi'lmay qali'p, suwdi'n' tam-tari'sli'g'i'nan zu'ra'a'ttin' az boli'wi' adamlardi'n' ku'n ko'risin a'dewir to'menletip jiberip, basqa yellerge talap izlep ketiwge ma'jbu'r yetken. Lekin, sog'an qaramastan, bul da'wirde de wo'z talanti' menen xali'qqa tani'lg'an belgili shayi'rlar boldi'. Wolar turmi's qi'yi'nshi'li'qlari' sebepli wo'z da'wirinin' belgili qalalari' bolg'an Buxara ha'm Xiywag'a bari'p mediresalerde ta'lim ala almag'an. Da'wir ta'shwishleri sebepli az woqi'g'an. Balashag'asi'n bag'i'w ushi'n jas waqi'tlari'nan baslap-aq talap izlep ku'nlikshilik yetiwge ma'jbu'r bolg'an. Sol ushi'n da, wolardi'n' do'retiwshiligindegi tematikani'n' wo'zi de a'dewir sheklengen. Yag'ni'y wo'mirdin' ashshi'-dushshi'si'n tati'p, teren' bilim menen qurallani'p, ko'lemli da'stan jazi'w jag'dayi' bolmag'annan keyin, tek wo'z awi'li'ndag'i' ayi'ri'm adamlardi'n' si'qmarli'g'i', qa'siyetsizligi, hu'jdansi'zi'li'g'i' haqqi'ndag'i' qosi'qlardi' ko'plep do'retedi. Usi'nday sebeplerge qaray, bul da'wirdegi a'debiyat tek qaraqalpaq awi'llari'ni'n' jag'daylari'n su'wretlep beriw menen g'ana sheklengen.

Bulardan ti'sqari', XX a'sirdin' basi'ndag'i' da'wirdin' siyasiy jag'daylari'na baylani'sli' Qulmurat Qurbanali' uli'ni'n' «Won tog'i'z», Qudaybergen Jebegen uli'ni'n' «Ma'rdikar» poemalari' da jazi'lg'an. Bulardi' ko'rkemlik jaqtan jetilisken nag'i'z poemalar si'pati'nda qarap bolmaydi'. Sol jag'daylardan qarag'anda, XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' basi'ndag'i' qaraqalpaq a'debiyati' Worta Aziyani'n' basqa xali'qlari'ni'n' a'debiyati' si'yaqli' wortasha da'rejede rawajlang'an a'debiyat boldi'. Bulardi'n' arasi'nda Womar Su'yirbek uli'ni'n' (1879—1922) do'retiwshiligi ayri'qsha wori'ndi' iyeleydi. Sebebi, Womar, shi'ni'nda da, talantli' shayi'rlardi'n' biri boli'p, qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'nda ko'plegen shi'g'armalari'n jazi'p qaldi'rg'an. Woni'n' «Tan'lamali' qosi'qlari'» birneshe ma'rtebe baspada basi'ldi'. Kitap woqi'wshi'lari'na ken'nen tani's shayi'r.

Biz, a'lbette, XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' bas gezindegi qaraqalpaq a'debiyati' haqqi'nda so'z bolg'anda 1845-ji'li' tuwi'lg'an Qulmurat shayi'r do'retiwshiliginen baslag'andi' maqul ko'rgen yedik. Sebebi, woni'n' do'retiwshiliginin' baslani'wi' 1870-ji'llarg'a tuwra keledi. Solay bolsa da, bul da'wirlerde barli'q shayi'rlar do'retiwshiliginin' negizi 1890—1916-ji'llar arali'g'i'n wo'z ishine qamti'g'an. Sol da'wirlerde jasag'an qaysi' shayi'r bolsa da tap usi' da'wirlerge ko'birek itibar bergen, a'sirese, bul da'wirdegi Womardi'n' do'retiwshiligi wo'z aldi'na ayri'qsha a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi. Usi'nday sebeplerge baylani'sli' bul a'debiy da'wirdi Womar do'retiwshiliginen baslag'andi' maqul ko'rdik. Bunnan ti'sqari' Qulmurat shayi'r (1845—1927), Si'di'q Toqpan uli' (1857—1917), Annaqul shayi'r (1860—1916), Jan'abay shayi'r (1889—1919) ha'm basqa da shayi'rlardi'n' do'rtiwshiligi menen ushi'rasami'z.

Bulardan ti'sqari' tap usi' da'wirlerde xali'q arasi'nda Ku'nshi'g'i's qi'ssalari'n, da'stanlari'n saz dawi'sqa sali'p woqi'w, wolardi' yadlaw xali'q kitaplari'ni'n' tarqali'wi'na ali'p kelgen. Xatqa jazi'li'p belgili qi'ssaxanlar ha'm sawatli' adamlar ta'repinen woqi'latug'i'n kitaplardi' «xali'q kitaplari'» dep atag'an. Adamlarg'a ruwxi'y bayli'q inam yetiwde bul kitaplar bir ko'rnekli shayi'rdi'n' do'retiwshiligi

kibi xi’zmet yetken. Sol ushi’n, bul da a’debiyatqa qi’zi’qti’ri’wdi’n’, sawat artti’ri’wdi’n’ bir tu’ri boli’p, basqa xali’qlardi’n’ a’debiyatlari’nda da pa’n si’pati’nda wo’tiledi. Al, qi’ssaxanli’q bolsa a’debiyat penen ti’g’i’z baylani’sqan u’lken wo’ner bolg’an. Qi’ssaxanlar «G’a’rip ashi’q», «Go’rug’li’» da’stanlari’n xali’q arasi’nda ken’ tarqatqan. Sol sebepli qi’ssaxanli’q ta sol da’wirdin’ jemisi si’pati’nda qaraladi’. Bunnan ti’sqari’ ayti’s janri’ jazba a’debiyatti’ awi’zeki a’debiyat penen baylani’sti’ri’wshi’ bir u’lgi boli’p, XX a’sirdin’ bas gezindegi a’debiyatta wog’ada ken’ tarqalg’an. Sol ushi’n da bul da’wirdegi ayti’s janrlari’ni’n’ si’rlari’n u’yreniw de maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

Ha’rqanday shayi’rdi’n’ da belgili ustazlari’ bolg’an. Bul jag’daylar wolardi’n’ a’debiy da’stu’rlerge bolg’an a’debiy sadi’qli’g’i’n bildiredi, a’debiy da’stu’rlerdin’ wo’zi jan’ali’qti’ ali’p keledi. Sol ushi’n da, bul da’wirlerde A’jiniyaz ha’m Berdaq da’stu’rlerine sadi’qli’q ayqi’n seziledi. Ayapbergen, Abbaz ha’m Sadi’q da’stu’rlerine jan’asha jol ashi’ladi’. Bul bag’darda a’debiyatti’n’ bir salasi’ sheberlikti artti’ri’wdi’n’ joli’ si’pati’nda u’yreniledi. Soni’n’ menen birgelikte do’retiwshiligi ju’da’ az u’yrenilgen shayi’rlar da bar. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda tuwi’lg’an, biraq do’retiwshilik xi’zmetleri XX a’sirdin’ woni’nshi’ ha’m jigirmalanshi’ ji’llari’na tuwra keledi. Bular yeki da’wir arali’g’i’nda jasag’an shayi’rlar bolg’anli’g’i’ sebepli wolardi’n’ miyraslari’ XIX a’sir a’debiyat tariyxi’nda da ha’m ha’zirgi da’wir a’debiyati’nda da wog’ada az u’yrenilgen. Degen menen wolardi’n’ do’retpeleri xali’q yadi’nda saqlang’an ha’m wolar a’debiyati’mi’zdi’n’ tariyxi’ ushi’n belsene xi’zmet yetedi. Usi’nday sebeplerge baylani’sli’ wolardi’n’ do’retpelerin «Xali’q shayi’rlari’» degen atamada u’yreniw maqsetke muwapi’q keledi.

Sol tiykarda a’debiyati’mi’zda XIX a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m XX a’sirdin’ bas gezindegi a’debiyat dep atalg’an u’lken bir da’wir payda boldi’. Bul a’debiy da’wirdin’ si’rlari’ a’debiyatshi’lari’mi’z ta’repinen teren’ u’yrenilmekte.

## WOMAR SU'YIRBEK ULI'

(1879—1922)

Shayi'rdi'n' wo'mirbayani'na derek mag'luwmatlardi' yen' aldi' menen woni'n' qosi'qlari'nan tabami'z. Usi' mag'luwmatlar boyi'nsha Womar Su'yirbek uli' Aral te-n'izinin' qubla betinde «Samay» atawi'na jaqi'n jerde gedey shan'araqta tuwi'lg'an. Shayi'rdi'n' tuwi'li'p wo'sken jeri ha'zirgi Moynaq rayoni'ndag'i' Qazaqda'rya a'tirapi'n-dag'i' Terbenbes, Ayi'rsha, Jan'a suw, U'zi'n qayi'r degen jerler. Bul jerler Ku'nxoja, Wo'tesh shayi'rlardi'n' qosi'qlari'nda da ko'p tilge ali'nadi'.

Womar shayi'r da tuwi'li'p wo'sip, wo'mir su'rgen ma'kani' si'pati'nda bul jerlerdin' ati'n jiyi-jiyi tilge aladi'. Usi' tuwi'li'p wo'sken jerlerine arnalg'an shayi'rdi'n' «Ayi'rsha», «Jan'a suw» degen birneshe qosi'qlari' bar. Shayi'rdi'n' «Kemal» degen qosi'g'i'nda da:

Ha', jaylawi'm Uzi'n qayi'r,
Dep jazadi' Womar shayi'r...—

degen qatarlardi' ko'remiz.

Womardi'n' a'kesi de wo'zinin' barli'q wo'mirin joq-shi'li'qta ha'm kemtarli'qta wo'tkergen miynet adamlari'ni'n' biri si'pati'nda ko'zge tu'sedi.

Shayi'r «Ne payda?» qosi'g'i'nda wo'zinin' awi'r turmi'si'n su'wretlew menen birge ata-anasi'ni'n' da wo'zi si'yaqli' qi'yi'n turmi'sta jasag'anli'g'i'n yeskertedi:

Woylan, senin' ata-anan' ne ko'rdi,
Ku'n ko'rip awi'lda qalaysha ju'rdi,
Bay boli'p Yedenbay wog'an ne berdi,
Sonsha ji'lg'i' ju'rgenin'nen ne payda?

Shayi'rdi'n' qanday awi'r turmi'a keshirgenligi haq-qi'nda woni'n' ha'rbir qosi'g'i'nda ayqi'n mag'luwmatlar berilgen.

Bul mag'luwmatlar boyi'nsha wol wo'mir boyi' kisige jallani'p xi'zmet yetiw menen turmi's keshirgen.

Shayi'rdi'n' qosi'qlari'nda basqa jallanba miynet adamlari'ni'n' awi'r turmi'si'n su'wretlew menen birge wo'zinin'

de solardi'n' birewi si'pati'nda miynet haqi'si'n ala almay ju'rgenligi ashi'qtan-ashi'q su'wretlengen. Shayi'r wo'z miynet haqi'si'n talap yetip, Izim, Biysenbay, Yermekbay, Woraz ha'm basqa da baylarg'a arnap qosi'qlar jazg'an.

Xali'q arasi'nda saqlani'p qalg'an mag'luwmatlar boyi'nsha Womar shayi'r Qazali', Aqmeshit ta'replerge de bari'p temir jol quri'li'si'nda jumi's islegen. Qazaqlar arasi'nda da boli'p baylarg'a jallani'p miynet yetken. Wo'zi tuwi'li'p wo'sken jerinde bali'qshi'li'q penen de shug'i'llang'an. Lekin, shayi'r qayda bari'p jumi's islep, qanday ka'sip penen shug'i'llansa da, mu'ta'jliktin', socialli'q ten'sizliktin' qi'sqi'si'nda turmi's keshiredi.

Shayi'r «Kerek yemes» degen qosi'g'i'nda da'slep Biysenbay degen ag'ayininin' qoli'nda jallani'p jumi's islegenligin: «Atam wo'lgennen keyin, ag'ayin dep bari'p yedim, jumi's isletip, biraq aldap haqi'mdi' bermedin'», — deydi. Bul jag'daydi' qosi'qta bi'lay su'wretlegen:

Biysenbay jedin' haqi'mdi',
Ant ishkenin' kerek yemes,
Bayladi'n' menin' bag'i'mdi',
Wol aytqani'n' kerek yemes.

Pi'g'li'n' jaman jaramag'an,
Aytqan ga'pler dari'mag'an,
Maqta deysen' yendi mag'an,
Bergen puli'n' kerek yemes.

ay jerin'di maqtayman men,
Wo'tirikshi lapgo'ysen' sen,
Aytarli'q so'z ko'pdur bo'ten,
Qalpal so'zin' kerek yemes.

Shayi'r «Gu'nayi'm» degen qosi'g'i'n sonsha jumi's isletip boli'p, haqi' bermegen belgili tariyxi'y tulg'a Woraz atali'qqa arnap jazg'an.

«Gu'nayi'm», «Kerek yemes» degen qosi'qlari'nda da shayi'r Biysenbay ha'm Woraz atali'qti'n' qoli'nda qansha ji'l jallani'p islegenligi haqqi'nda aytpaydi', biraq qosi'qlari'ni'n' mazmuni'na qarag'anda az ji'l yemes.

Al, «Ne payda», «Senin’» degen qosi’qlari’nda bolsa shayi’r kimnin’ qoli’nda ha’m qansha ji’l jallani’p islegenligi haqqi’nda ani’q ko’rsetip jazg’an. Mi’sali’, «Senin’» degen qosi’g’i’nda:

Won yeki ji’l ju’rdim senin’ qoli’n’da,
Qa’nekey, Yermekbay bergenin’ senin’,
Azap penen ju’rdim senin’ joli’n’da,
Qayaqta haqi’mdi’ bergenin’ senin’?

Jali’nsam da yen’begimdi bermedin’,
Ko’zimnin’ jasi’ni’ nege ko’rmedin’?
Usi’ bastan aman keter depbedin’,
Wo’lgenshe izin’de ju’rermen senin’,—

degen qatarlardi’ woqi’ymi’z.

## AYI’RSHA

Men barsam ko’lin’nin’ ishi bulag’ay,
Ko’lge ketti taqi’yam menen malaqay,
Bir an’qi’ldaq shortan menen qi’la g’oy,
Wol ku’nde alg’ani’m usi’ Ayi’rsha.

Ji’g’i’laman da’rmani’m joq, jani’m joq,
Bali’g’i’n’ bolmasa jerge nani’m joq,
Yeki betim quwari’pti qani’m joq,
Nege senin’ qumi’n’ sordi’ Ayi’rsha.

Bekmanni’n’ ballari’ tamag’i’ toq g’oy,
Wolardi’n’ bizlerdey qayg’i’si’ joq g’oy,
Wo’ler boldi’ ashtan qi’ri’li’p jurt g’oy,
Aytqang’a tu’sinsen’ yendi Ayi’rsha.

Mi’na pi’g’li’n’ bolsa bermey bali’qti’,
Qi’rarsan’ jag’alap woti’rg’an xali’qti’,
Alag’at ko’resen’ ashi’w-ari’qti’,
Aw salg’an suwati’mni’n’ ati’ Ayi’rsha.

Joqshi’li’qtan ag’ardi’ g’oy bizin’ shash,
Qi’s ku’ni qi’rawda qi’ppa-jalan’ash,

Bala-shag'am wo'ler boldi' ashtan-ash,
Yendi wo'ler boldi' ballar Ayi'rsha.

Shayi'rdi'n' qosi'qlari'nda jallani'p islewshilerdin' awi'r awhali'n su'wretlew menen birge, wolardi'n' birewi boli'p ta'nha wo'zinin' miynet haqi'si'n ala almay ju'rgenligin bayan yetetug'i'n payi'tlar wog'ada ko'p. Woni'n' wo'z miynet haqi'si'n talap yetip Izim, Biysenbay, Yermekbay, Woraz ha'm basqa da adamlarg'a jazg'an qosi'qlari' bar.

Bulardan basqa jallani'p miynet yetken adamlardi'n' wo'mirin su'wretleytug'i'n qosi'qlari'ni'n' derlik barli'g'i'nda da sol jarli'lardi'n' birewi boli'p shayi'rdi'n' wo'zi qatnasi'p woti'radi'. Xali'q yadi'nda saqlani'p qalg'an mag'luwmatlar boyi'nsha Womar shayi'r Qazali', Aqmeshit ta'replerge bari'p temir jol quri'li'si'nda jumi'sshi' boli'p islegen. Qazaq arasi'nda da boli'p baylarg'a jallani'p miynet yetken. Wo'zi tuwi'li'p wo'sken jerinde bali'qshi'li'q ta yetken. Bul «Ayi'rsha» qosi'g'i'nda ayqi'n su'wretlengen. Qosi'qta shayi'rdi'n' mu'ta'jlik, joqshi'li'q sebepli ko'rgen azaplari', turmi's qi'yi'nshi'li'g'i' ayqi'n su'wretleniwin tapqan. Qosi'qta ayti'lg'ani'nday barli'q jallanba miynet adamlari' si'yaqli' qanshama miynet yetse de, shayi'rdi'n' wo'miri joqshi'li'qta wo'tken.

Qosi'q shayi'rdi'n' wo'zinin' tuwi'li'p wo'sken ma'kani' Ayi'rshag'a arnalg'an. Shayi'rdi'n' bunnan basqa da tuwi'li'p wo'sken jerleri haqqi'nda birneshe qosi'qlari' bar.

***Sorawlar***

1. «Ayi'rsha» qosi'g'i'nda su'wretleniwinshe shayi'rdi'n' turmi'si', woni'n' ta'g'diri qanday bolg'an?
2. Shayi'rdi' usi'nday awhalg'a tu'sirgen ne dep woylaysi'z?
3. Shayi'r jallanba jumi'slarda qay jerlerde islewge ma'jbu'r bolg'an?

## YELIM

U'yrek ushi'p, g'azlar qo'ng'an ko'llerim,
Qatar qong'an jaz jaylawg'a yellerim,

Ten' qurdaslar menen ju'rgen ku'nlerim,
Yadi'ma tu'sip tur, menin' na'yleyin.

Bul maydanda so'z aytaman bir wo'zim,
Jetkeysiz dep yelati'ma bul so'zim,
Laqabi' jerimnin' ati' Xorezm,
Urgenich yadi'ma tu'sti na'yleyin.

A'lewmet, bul so'zdin' parqi'n an'lasan',
Ha'rbir mi'na so'zdin' parqi'n sorasan',
Ha'diyse-mag'ana bardur ti'n'lasan',
Yelati'm yadi'ma tu'sti na'yleyin.

Bunnan bardi'q ko'p jigit bop Bektawg'a,
Jigitlerdin' basi' boldi' ko'p g'awg'a,
Jasi' kishilerden jolli'qqa sawg'a,
Alg'an ku'nler wo'tti-ketti, na'yleyin.

Bizler aman bari'p quwi'ssaq yelge,
G'ayrat-ku'shti ji'ynap umti'lsaq birge,
Won segiz jigit bop shi'g'i'p yek birge,
Ayri'li'p ba'rinen qaldi'q na'yleyin.

Ha'r bende ko'riner ko'zi qi'lapqa,
Aqi'r-son'i' aylanarlar qarapqa,
Shi'qqannan son' wozal astan talapqa,
Ha'rkim ha'r jerlerde qaldi' na'yleyin.

Joldasi'mni'n' ati' yedi Yerimbet,
Birge yettik neshe waqi'tlar xi'zmet,
Yellerdi sag'i'ni'p shektik ko'p ha'sret,
Qatar-qurbi'm yadqa tu'sti na'yleyin.

Sharqi'-pa'lek ketse, bir ku'ni sharq uri'p,
Gu'l ju'zinde gu'ller qosi'p barq uri'p,
Yel degende bag'ri'm ka'bap, ah uri'p,
Yelati'm yadi'ma tu'sti, na'yleyin.

Shi'n qobi'zdi'n' jag'ar nama-sazlari',
I'shqi' woti'na ku'yip ha'm de nazlari',

Yelati'mni'n' yadqa tu'sti qi'zlari',
Qatar-qurbi'm yadqa tu'sti, na'yleyin.

Bir zaman qasi'nda turmasam bolmas,
So'ylesem ishimde uwayi'm qalmas,
Men dese basqag'a qulag'i'n salmas,
Qatar-qurbi'm yadqa tu'sti, na'yleyin.

Talabi'mdi' qoyi'p, yelge ketpesem,
Awi'lda-aq bar-joqli' jumi's yetpesem,
Yeger aytqan muradi'ma jetpesem,
A'rman menen du'nyadan kettim, na'yleyin.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' basqa da wa'killeri si'yaqli' Womar da wo'z yelin, xalqi'n shi'n ju'rekten su'yip, woni'n' awi'r turmi'si'na qi'ynalg'an shayi'r boldi'. Wol ko'pshilik qosi'qlari'nda uzaq jerde talap islep ju'rgendegi wo'zinin' yeldi sag'i'ni'w sezimlerin, xali'qqa degen jaqsi' tileklerin bayan yetti. Bul jag'i'nan woni'n' «Qaytaman», «Yelim» degen qosi'qlari' ku'ta' xarakterli. A'sirese shayi'rdi'n' «Yelim» degen qosi'g'i'nda tuwi'lg'an yeldi sag'i'ni'w ha'm teren' su'yiw sezimleri wog'ada ko'rkem ha'm ta'sirli tu'rde su'wretlenedi. Shayi'r xalqi'n, xali'qti'n' jaqsi' da'stu'rlerin, qatar-qurbi'lari'n, yeldin' ta'biyati'n muhabbat penen yeske tu'siredi.

A'jiniyaz shayi'rdi'n' belgili «Yellerim bardi'» qosi'g'i' menen bir u'nles boli'p kelgen bul qosi'qta tuwg'an yelge degen muhabbat jali'ni' ayqi'n sezilip turadi'.

Womar xali'qti' tutas almastan, woni'n' yeziwshilerin ha'm yeziliwshilerin jikke bo'ledi. Wo'zi so'zsiz sol jarli'lardi'n' ta'repinde turi'p, solardi' sag'i'ni'p, solardi' su'yetug'i'nli'g'i'n aytadi'.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si', ayani'shli' wo'miri, ko'zge i'si'q ko'ringen ta'biyati', yeldegi qatar-qurbi' «Yelim» qosi'g'i'nda yen' jaqsi' boyawlar menen su'wretlenedi.

Shayi'rdi'n' yel-xalqi'na degen su'yiwshilik sezimi, woni'n' sol waqi'ttag'i' ja'miyetlik ta'rtipke bolg'an narazi'li'g'i', xali'qti'n' baxi'tli' turmi'si'na irkinish bolg'an jawi'z ku'shlerge qarsi' gu'res ideyasi' menen ti'g'i'z baylani'sli'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rma***

1. «Yelim» qosi'g'i'nda tuwi'lg'an jerge bolg'an su'yispenshilik sezimleri qalayi'nsha su'wretlenedi?
2. Jarli' xali'qti'n' wo'z yelinen ali'sta jumi's islewine neler ma'jbu'r yetedi?
3. Shayi'r tuwg'an yelin, dos-yaranlari'n qa'ytip ta'riyipleydi?
4. Tuwi'lg'an jer, Ana Watan haqqi'nda gu'rrin' jazi'n'.

## NE PAYDA

Bul du'nyag'a shi'g'p, ne ko'rdin' Womar,
Neshe ji'l Izimge qopardi'n' tomar,
Jigitshilik yetip tarmaqay qumar,
Bul du'nyag'a shi'qqani'n'nan ne payda?

Qazali'da ju'rdik won segiz adam,
Ku'ni-tu'ni jumi'sti' isleymiz mudam,
Bermedi zali'mlar tartti'ri'p tag'am,
Juti'm taba almasaq, talap ne payda?

Jolg'a qarap woti'r neshe adamlar,
Wolarg'a bererge men sorda ne bar,
Quri' zar ji'lag'an so'yler tili bar,
Bul du'nyag'a shi'qqni'n'nan ne payda?

Ju'rdik won jeti ku'n tag'amlar tatpay,
Ku'n-tu'n islep, bir qarap jatpay,
Kewlim toqtamas solardi' aytpay,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

Berdimurat, Atamurat, Jari'mbet,
Ku'ni-tu'ni yettik ha'mmemiz xi'zmet,
Qalayda jasnarmi'z degen bar u'mit,
Jasnamasaq sum du'nyadan ne payda?

Wo'ldi Mamay, wo'len' tu'bin suw aldi',
Wo'ldi Mamay, say-su'yegi quwardi',
Mennen beter A'jimurat jawradi',
Awi'ldan shi'qqannan bizge ne payda?

Ta’rezi quri’ldi’ tu’sip tur miyzan,
Mennen a’zzi yedi qarag’i’m Ni’zan,
Won segiz azamat qaynatpas qazan,
Bul du’nyag’a shi’qqan menen ne payda?

Ko’teriler qosi’q aytsam iyegim,
Ko’p miynetten si’rqi’raydi’ su’yegim,
Tabi’lmaydi’ bul du’nyada tilegim,
Bul du’nyag’a shi’qqan menen ne payda?

Quri’si’n bul du’nya zaman tari’ldi’,
G’a’pletten g’oy ju’regimiz jari’ldi’,
Keshe-ku’ndiz jumi’s penen sari’ldi’,
Qula du’zde zarlag’annan ne payda?

«Wo’ldim a’rman menen» -dermen wo’lgende,
Umi’t bolar da’wlet baxi’t kelgende,
Buni’n’ parqi’n qaraqalpaq bilgende,
Qayg’i’-ha’sret yetkenimnen ne payda?

Berdimurat yedin’ qurdasi’m menin’,
Wo’mirimshe si’r aytar si’rlasi’m menin’,
Qazali’g’a kelgen joldasi’m menin’,
Bul du’nyag’a shi’qqani’mnan ne payda?

Qosi’q aytsam ko’zde jasi’m aynalar,
Miyim zen’ip ku’ni-tu’ni woylanar,
Ko’p so’ylesem, qi’zi’l tilim baylanar,
Zarlag’annan men sorli’g’a ne payda ?

Shayi’r yedin’, aytqi’l Womar so’zin’di,
Jumg’ansha du’nyada yeki ko’zin’di,
Ko’p sarg’aytpa qayg’i’ menen ju’zin’di,
Ko’p uwayi’m yetken menen ne payda ?

Usi’nday bolg’annan quri’si’n wo’mir,
Qarawi’ti’p, qarayi’p, boldi’q g’oy ko’mir,
Bul ne degen qorli’q, ne degen ja’bir,
Bul du’nyag’a shi’qqan menen ne payda?

Qaraspan qapi’li’p, tu’nerip turg’an,
Zamanni’n’ ga’rdishi bul pa’lek urg’an,
Basqa aqi’rzaman sawdalar qurg’an,
Bul du’nyag’a shi’qqan menen ne payda?

Da’wet-qa’lem ali’p jazbadi’m so’zdi,
«Qa’tesi ketti», -dep so’kpen’ler bizdi,
Sarg’aytti’m du’nyada g’a’plette ju’zdi,
Bul du’nyag’a shi’qqan menen ne payda?

Sen de so’z qozg’ap tur yermek bolg’anday,
Keynin’izge wa’siyat so’zler qalg’anday,
Bul du’nyani’n’ wo’zi mi’sal jalg’anday,
Ko’zime ko’rindi, du’nya ne payda?

Zarban boli’p mi’naw menin’ qalg’ani’m,
G’umshalang’an gu’ller yedim, solg’ani’m,
U’sh qara pul, u’sh-to’rt ji’lda alg’ani’m,
Bul du’nyag’a shi’qqani’mnan ne payda?

Aspani’w-zamiyinnin’ asti’ qapi’li’p,
Zali’mlarg’a pulsi’z diyqan tabi’li’p,
Keshe ku’ndiz ju’rgen menen sabi’li’p,
Bizlerge payda joq, bayarg’a payda.

Shayi’rlar qoli’na qa’lemin alsa,
Menin’ ha’siretimdi qag’azg’a salsa,
Keyingiler woqi’p, u’lgiler alsa,
Ar-nami’si’n almas pa yeken qalayda?

Bul da’rtimdi ha’mme adam biledi,
Ar-nami’stan yer jigitler wo’ledi,
Qara bag’ri’m mennen soni’ tiledi,
Bul du’nyag’a shi’qqani’mnan ne payda?

Bir alla qarati’p da’rya degishin,
Aldi’ mo’hminlerdin’ yekken yegisin,
Yesitip jamanni’n’ ju’rmiz so’gisin,
Bul du’nyag’a shi’qqani’mnan ne payda ?

Neshe ku'nler ju'rip ko'rip su'rgindi,
Men ataldi'm bul yelatta « kelgindi »
Hayali'nan yesitip ku'nde «shirkindi»,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

Ati'm — Womar, — dedim so'zimnin' basi'n,
Bolmadi' isherge ag'alar asi'm,
Kimler su'rter yeken ko'zimnin' jasi'n,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

Womar so'yle, qayg'i' yetpe, qami'qpa,
Qi'ya sho'lde a'rman menen jabi'qpa,
Qi'yi'n boldi' bizlerdey ash-ari'qqa,
Qa'dirli shiyrin jan, sennen ne payda?

Barma na'sip qosar aga'-inilerim?
Birge ju'rgen solar menen ku'nlerim,
Aman ba yeken menin' awi'l-yellerim,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

Kettim neshe ku'nler yelden bel bag'lap,
Ayrali'qta qara bag'i'ri'm dag'lap,
Awi'lg'a barmaq joq, bizlerge shag'lap,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

«Tu'kenmes»* baxi'tqa boli'ppan qumar,
Bag'i' bolsa kerek almahi'w-a'nar,
Dep shi'rlaydi' wo'lgenin'she sorli' Womar,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

Wo'z da'wirindegi turmi'sti'n' haqi'yqatli'g'i'n su'wretlew jag'i'nan shayi'rdi'n' «Ne payda» qosi'g'i' u'ken a'hmiyetke iye. Womar bul qosi'g'inda ja'miyettegi adamlardi' yekige bo'lip, wolardi'n' turmi's tirishiligi arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qti' ashi'p taslaydi'. U'stem klass wa'killeriinin' yesiginde sarsi'li'p islegen jarli'lardi'n' awi'r turmi'si'n sheberlik penen bayanlaw qosi'qti'n' tiykarg'i' mazmuni'n' quraydi'.

* Tu'kenmes — tawsi'lmas ada bolmas.

Qosi'qta shayi'r wo'z turmi'si'n su'wretlewge de ken' wori'n beredi. Biz bunnan shayi'rdi'n' wo'mirbayani'n toli'qti'ratug'i'n bir qansha kerekli mag'luwmatlardi' tabi'w menen birge, shayi'rdi'n' wo'zi tuwrali' aytqanlari', barli'q jallani'p miynet yetken jarli'lar ushi'n da tutas ta'n jag'day dep tu'sinemiz. Wo'ytkeni qosi'qti'n' mazmuni' boyi'nsha shayi'rdi'n' wo'zi de sol jarli'lardi'n' birewi yedi. Wo'z zamani'ni'n' ja'miyetlik ten'sizligin, jarli'lardi'n' awi'r turmi'si'n wo'zi ishinde boli'p ko'rgen shayi'rdi'n' sol turmi'sqa bolg'an narazi'li'g'i' da bayan yetilgen.

Yeziwshilik ku'sheyip, yel arasi'nda jumi'ssi'zli'q, talapsi'zli'q, soni'n' saldari'nan, uzaq jerge ketiwshilik ko'beygen da'wirde jallanba jumi's islegen jarli'lardi'n' alatug'i'n miynet haqi'si' da ha'dden ti's az boldi'. Jarli'lar turmi's awi'rli'g'i'nan yen' to'men haqi'g'a ko'niwge ma'jbu'r boldi'. Sonli'qtan da, wolardi'n' tapqani' tek xojali'g'i'na g'ana yemes, al wo'z qara baslari'n ta'miyinlew ushi'n da jetpeytug'i'n yedi. Turmi'stag'i' yeziwshiliktin' bul tu'ri shayi'r ta'repinen ken' tu'rde su'wretlep ko'rsetiledi.

***Sorawlar***

1. «Ne payda» qosi'g'i'ni'n' ideya-tematikasi' ha'm mazmuni' neni so'z yetedi?
2. Qosi'qta shayi'rdi'n' wo'zinin' turmi'si' haqqi'nda qanday mag'luwmatlar berilgen?
3. Jallanba miynet adamlari'ni'n' awhali' qanday bolg'an?
4. Xali'q turmi'si'ni'n usi'nday awhalg'a tu'siwi'ni'n' sebebi neden dep woylaysi'z.

## XALI'Q KITAPLARI' HA'M QI'SSAXANLI'Q WO'NERI

Xali'q bar jerde a'debiyat boladi'. Solay bolsa da, ko'rkem a'debiyat do'retpeleri ha'r qi'yli' bag'darda rawajlanadi'. Bir yellerde jazba a'debiyat tez rawajlang'an bolsa, ayi'ri'm yellerde keshlew rawajlang'an. Biraq xali'qtan aji'ralg'an hali'nda wo'z aldi'na rawajlang'an a'debiyat joq. Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' rawajlani'w bag'darlari' da awi'zeki yaki jazba tu'rde bolsa da, xali'qti'n' socialli'q

turmi’s ta’rizi, ma’deniyati’, tariyxi’, a’sirese u’rp-a’det da’stu’rleri menen ti’g’i’z baylani’sta rawajlanadi’.

XIX a’sirdegi qaraqalpaq jazba a’debiyati’ yen’ rawajlang’an da’wirdi bastan keshirdi. Lekin, usi’ da’wirge shekem-aq, a’debiyat wo’zinin’ rawajlani’w basqi’shlari’na iye boldi’. Sonli’qtan da, xalqi’mi’zdi’n’ Shi’g’i’s yellerinde ken’nen taralg’an xali’q kitaplari’na teren’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ wolardi’ qoldan ko’shiriwshi ka’tiplerdi payda yetti. Al, wo’z gezeginde ko’pshilik adamlardi’n’ jazba kitaplardi’ biliwge bolg’an qumarli’g’i’ qi’ssaxanlardi’ ta’rbiyalap shi’g’ardi’.

A’lbette, xali’qti’n’ ayi’ri’m bo’leginin’ sawatsi’zli’g’i’ ha’rqanday kitaplardi’ da woqi’p tu’siniwine qi’yi’nshi’li’q tuwdi’radi’. Soni’n’ ushi’n da, ka’tipler yen’ birinshi gezekte xali’qqa tu’sinikli bolg’an da’stanlardi’ ko’shirgen. Ayi’ri’m shayi’rli’q qa’biletke iye bolg’an adamlar wolardi’ qaytadan toli’qti’ri’p xali’q kitaplari’na aylandi’rg’an.

Bunday da’stu’r tek qaraqalpaq a’debiyati’nda g’ana yemes, tuwi’sqan wo’zbek, a’zerbayjan, tu’rkmen ha’m qazaq a’debiyatlari’nda da bolg’an. Bunday qi’ssa kitaplari’ sonday sheberlik penen jazi’lsa da, wolardi’n’ avtorlari’ni’n’ kim yekenligi ma’lim yemes. Solay bolsa da, bul kitaplardi’n’ ideya-tematikasi’, ko’rkemligi, til wo’zgesheligi de xali’qqa tu’sinikli ha’m sheber jazi’li’p, xali’q mu’lkine aylani’p ketedi. A’lbette, bunday xali’q kitaplari’ sol da’wirde jasag’an shayi’rlardi’n’ do’retpelerine de unamli’ ta’sirin tiygizgeni ani’q.

XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda xalqi’mi’z arasi’nda «Yedige», «Go’rug’li’», «Yusup-Axmet», «G’a’rip ashi’q», «Zuxra-Tayi’r», «Sayfulmulik», «Gu’lsanawbar» si’yaqli’ da’stanlardi’n’ ko’pshiligi jazba tu’rde tarqali’p ketken yedi. Bul da’stanlardi’n’ kelip shi’g’i’wi’ wog’ada uzaq da’wirlerdi wo’z ishine alg’an bolsa da, qi’ssaxanlar wolardi’ birneshe ma’rtebe qaytadan islegen, wolardi’n’ xali’q arasi’nda birneshe variantlari’ payda bolg’an. Soni’n’ menen bir qatarda, bul da’stanlar tu’rkmen, qazaq, wo’zbek, qaraqalpaq ha’m a’zerbayjan xali’qlari’ni’n’ ma’deniy yesteligi boli’p, a’sirler dawami’nda baqsi’, ji’rawlar ha’m

qi'ssaxanlar ta'repinen ji'rlani'p kelinbekte. Bul da'stanlardi'n' ko'pshiligi awi'zeki ha'm jazba tu'rinde ko'plegen yellerge tarali'p ketken. 1842-ji'li' «Go'rug'li'» ni'n' a'zerbayjansha varianti' baspag'a tayarlang'an. Ilimpaz A. Xodzko: «Aziya ha'm uluwma Shi'g'i'sta Go'rug'li'ni'n' ati'n bilmeytug'i'n adam joq. Siz woni' ha'tte Bessarabiya menen Moldaviyada da yesitesiz. Biraq woni'n' Aziyadag'i' dan'qi' Gomerdin' Greciyadag'i' dan'qi'nan heshqanday kem yemes»,—dep jazg'an yedi.

Da'stanlar tu'rli xali'qlar arasi'nda da ha'rbir xali'qti'n' milliy wo'zgesheligine sa'ykes tu'rde ji'rlanadi'.

Mi'sali', «Alpami's» ti'n' wo'zbek, qazaq ha'm qaraqalpaqsha versiyalari'nda da ha'rbir xali'qti'n' wo'zine ta'n bolg'an belgileri bar. Ha'rbir xali'q woni' wo'z da'stu'rleri tiykari'nda rawajlandi'rg'an, yaki bolmasa «Go'rug'li'» ni'n' a'zerbayjansha varianti'nda woni'n' wo'mirlik joldasi' Nigar bolsa, qaraqalpaq ha'm wo'zbekler arasi'nda tarqalg'an variantlari'nda Yunus peri, Mi'sqal peri boli'p beriledi. A'zerbayjanshada «Go'rug'li'»ni'n' won jeti varianti' tarqalg'an bolsa, Worta Aziyada qi'rqtan aslam variantlari' tarqalg'an.

XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Xiywa qalasi' Shi'g'i's penen Bati'sti' tutasti'ri'wshi' birden-bir ka'rwan joli' yesaplang'an. Bul jerge Badaxshan, Hindstan, Gerat ha'm Bag'dat sawdagerleri ko'plep qatnag'an. Sawdagerler arqali' bul jerge ko'plegen yellerden kitaplar ha'm ha'r qi'yli' bahali' nag'i'shli' zatlar Xiywa bazari'na ali'p kelingen. Wolardi'n' ishinde diniy kitaplar menen bir qatarda Shi'g'i'sti'n' ko'rnekli klassikleri Rudakiy, Ferdawsiy, Womar Hayyam, Saadiy, Hafi'z, Nizamiy, Nawayi', Fizuliy ha'm Bedil kitaplari', sonday-aq, ka'tipler ta'repinen suli'w yetip ko'shirilgen qi'ssalar da wori'n aladi'. Yekinshiden, Xiywani'n' wo'zinde de ko'rnekli medireseler boli'p, wolarda ta'lim ali'wshi'lar diniy kitaplardi' woqi'w menen birlikte ayi'ri'm shayi'rlardi'n' qosi'qlari'n awdari'w ilimi menen de shug'i'llang'an. Bul jag'daylar xalqi'mi'z arasi'na da Shi'g'i's klassiklerinin' qoljazbalari' menen birge qi'ssa kitaplari'ni'n' da ko'plep tarqali'wi'na sebepshi boladi'.

Sebebi, usi' waqi'tlari' ayi'ri'm qaraqalpaq balalari'ni'n' da Xiywa ha'm Buxara qalasi'ndag'i' medireselerde woqi'p ta'lim ali'wi'na mu'mkinshilikleri bolg'an yedi. Usi' tiykarda Qon'i'rat ha'm Shi'mbay qalalari'nda Shi'g'i's da'stanlari'n ha'm de qi'ssalari'n ko'shirip jazatug'i'n ka'tipler sani' ko'beydi. XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Shi'mbayda «G'a'rip ashi'q», «Farhad-Shiyrin», «La'yli-Ma'jnu'n» qi'ssalari' ha'rbiri bes batpan biydayg'a ali'natug'i'n bolg'an. Ja'ne de sol waqi'tlarda Qazi' Ma'wlik, Qorazbek, Qa'wender bala, Qazaqbay degen talantli' qi'ssaxanlar bolg'an.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' belgili wa'killerinin' biri Wo'tesh Alshi'nbay uli' da qi'ssaxanli'q wo'neri menen shug'i'llang'an. Wo'tesh shayi'r ji'li'mni'n' maylang'an waqti'nda bali'qlardi' qaqpashlap, Shi'mbayg'a apari'p sati'p qi'ssa kitaplar ali'p qaytatug'i'n bolg'an. Bul pikirlerdi Wo'teshtin' qosi'qlari'ni'n' wo'zi-aq, tasti'yi'qlaydi'.

Mi'sali':

Shahsa'nem G'a'ripke, berip zeyindi,
Yadqa woqi'p woti'r yedim u'yimde,
Sha'rshembi ku'n piyshembinin' tu'ninde,
Kele qaldi' jaydaq atli' bir bala,—

dep jazi'wi'na qarag'anda woni'n' ko'p g'ana qi'ssalardi' u'yrengenligin ko'riwimizge boladi'. Bunnan ti'sqari' Wo'teshtin' «Gu'lziyba» qosi'g'i'nda «Bahram-Gu'landam», «La'yli-Ma'jnu'n», «Hu'rlixa-Ha'mre» si'yaqli' ashi'qli'q qi'ssalari'ni'n' ati' ataladi'. Bul da'stanlardi'n' ko'pshiligi tu'rli da'wirlerde ha'r qi'yli' shayi'rlar ta'repinen qayta islenip, xali'q kitaplari' qatari'na qosi'lg'an yedi. Wolar jazba a'debiyatti'n' rawajlani'wi'nda wog'ada bahali' xi'zmet yetti.

«Zuxra-Tayi'r» da'stani' XVI—XVIII a'sirde jasag'an Saadiy, son'i'nan tu'rkmen klassigi Mollanepes ta'repinen qayta islendi. XVIII a'sirdin' aqi'ri'nda Sabi'r Sayhaliy «Bahram-Gu'landam»ni'n' wog'ada bahali' bolg'an varianti'n, XVIII a'sirdegi tu'rkmen shayi'ri' Sheydamiy «Gu'l-sanawbar» di', XIX a'sirdegi tu'rkmen shayi'ri' Mag'rupiy

«Yusup-Axmet» ti, Andalib «Yusup-Zuleyxa» da'stanlari'n qaytadan isleydi. Bul da'stanlar birneshe ma'rtebe ko'shirilip, xali'q arasi'na tarqati'ladi' ha'm wolardi'n' qaraqalpaqsha varianti' payda bola baslaydi'. Ko'pshiligi qaraqalpaq tiline awdari'li'p, sawatli' ha'm jazi'w uqi'bi' bar adamlar ta'repinen ko'shiriledi. Qi'ssaxanlar wolardi' saz dawi'sqa sali'p woqi'p ju'rdi. Usi'nday XIX a'sirde ko'shirilgen «Yedige», «Go'rug'li'», «Bozug'lan», «Da'wletyarbek» si'yaqli' xali'q qi'ssalari'ni'n' jazba nusqalari' xali'q arasi'nan tabi'ldi'. Degen menen XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda qaraqalpaqlar arasi'nda qoljazba tu'rinde ju'da' ko'p taralg'an qi'ssalar «G'a'rip ashi'q», «Bozug'lan» yaki «Yusup-Axmet», «Zuxra-Tayi'r», «Go'rug'li'», «Gu'lsanawbar» da'stanlari' yedi. Bul da'stanlardi'n' qaraqalpaqsha jazba variantlari'ni'n' payda boli'wi'nda Qazi' Ma'wlik ha'm Qorazbek shayi'rlardi'n' xi'zmeti wog'ada u'lken bolg'an.

## G'A'RIP ASHI'Q

### G'a'riptin' a'lepshi'rwang'a ketiwi

Aqsha patshadan juwap alg'anli'g'i'na waqti' xosh boli'p G'a'rip penen Shahsa'nemge kelip, atasi'ni'n' shikarg'a ruqsat bergenligin ayti'p, wolardi'n' da waqti'n xosh yetti. Yendi G'a'rip penen Shahsa'nemnin' A'lepshi'rwang'a jo'nep ketip, wo'zinin' jalg'i'z qalatug'i'nli'g'i'na qapalani'p, ko'zinen jas ali'p, Aqsha wolar menen xoshlasi'p bir so'z ayti'p tur.

— Sizler ketip, bunda qalarman jekke,
Xosh aman bol, saw ko'rgeymiz Sa'nemjan!
Ayri'li'qti'n' dag'i' tu'sti ju'rekke,
Xosh aman bol, saw ko'rgeymiz G'a'ripjan.

Sizler ketsen'iz japa jetiser jang'a,
Aylanar ku'nlerim aqi'r zamang'a,
Bul bag'lari'n' usar mag'an zindang'a,
Xosh aman bol, xosh ko'rgeymiz Sa'nemjan.

Ayrali’q nishteri bawi’rimdi’ ji’rtar,
Bizge g’amni’n’ shahi’ la’shkerin tartar,
Ju’z mi’n’ tu’rli ku’nde pitnemiz artar,
Xosh aman bol, saw ko’rgeymiz G’a’ripjan.
Yendi jani’m ketip, ta’nim bos qaldi’,
Kewlim da’rtli, ko’zlerimde jas qaldi’,
Basi’ joq, jani’ joq quri’ lash qaldi’,
Xosh aman bol, saw ko’rgeymiz Sa’nemjan.

Sizler ketsen’, menin’ sarg’ayar ju’zim,
Ma’lemetke qaldi’m jekke bir wo’zim,
Telmirer zar boli’p bul yeki ko’zim,
Xosh aman bol, saw ko’rgeymen Sa’nemjan.

Zar ji’larman ayti’p usi’ so’zlerdi,
Amanat tapsi’rdi’m haqqa sizlerdi,
Jiberin’ler munda yari’m Azberdi,
Biz ha’m yarg’a qosi’lg’aymi’z G’a’ripjan!

Sizlerden ayi’ri’li’p sarg’ayar ju’zim,
Qaygi’-g’amdi’ sheger boldi’m bir wo’zim,
Umi’tpan’lar Aqsha apan’ni’n’ so’zin,
Xosh aman bol, saw ko’rgeymiz G’a’ripjan.

Aqsha bul so’zdi ayti’p bolg’annan son’, G’a’rip Shahsa’nem jolg’a ju’rmekshi boli’p, ka’nizekler menen Aqshag’a qarap xoshlasi’p, Shahsa’nem mi’na so’zdi ayti’p tur:

—Xosh boli’n’i’z kanizekler,
Bizler kettik, xosh boli’n’lar!
Sapar tarti’p ju’rdik bizler,
Kettik doslar xosh boli’n’lar!

Ha’mme aman saw bolg’aymi’z,
Dushpanlardan quti’lg’aymi’z,
Aman-yesen qosi’lg’aymi’z,
Tilekles bol, xosh qali’n’lar!

Bizler jolg’a boldi’q rawan,
Ketpeydi dep yetpen’ gu’man,

Biz barami'z A'lepshi'rwang'a,
Kanizekler, xosh boli'n'lar!

Dushpanlar qoymadi' bunda,
Japa ko'rsetti ha'r ku'nde,
Ka'nizekler qali'n' bunda,
Sizler aman! Xosh boli'n'lar!

Bag'i'-bostan menen gu'ller,
Bag'da xosh nama bu'lbu'ller,
Qari'ndasi'm, barli'q yeller,
Kettik bizler, xosh boli'n'lar!

Shahsa'nem der, ahi'w-zari'm,
G'a'rip jetkerer xabari'n,
Azberxoja sa'wer yari'n',
Keler Aqsha, xosh boli'n'lar!

Bul so'zdi ayti'p bolg'annan son', Shahsa'nem ka'nizekler menen xoshlasi'p, jolg'a tu'sip kete berdi. Birneshe ku'nler jol ju'rip, kewilleri shad boli'p, bir jerge kelip dem al'ip woti'rdi'. G'a'rip Shahsa'nemge na'zer yetip qarasa, Shahsa'nemnin' ayaqlari' wotqa ku'ygendey boli'p qabari'p, ayag'i'n basi'p jol ju'riwge dimari' joq yekenligin ko'rdi. Woni'n' gu'ldey ju'zleri soli'p, yerinleri jari'li'p, ko'zleri qarayi'p, suwsi'zli'qtan tilleri so'ylewge kelmey woti'rg'an jerinen turalmay, Sa'nemnin' jani' shi'g'atug'i'n halg'a jetkenligin ko'rdi. G'a'rip ne ilaj qi'lari'n bilmey, a'wliyelerden ma'det tilep, qudayg'a jalbari'p bir muqalles ayti'p tur:

—Jabbar iyem ra'him a'yle, bizlerdi zar ji'latpa,
Japali'q woti'n jandi'ri'p, ju'rek bawri'm dag'latpa,
G'am ja'llati'n dus yetip, yeki qoli'm baylatpa,
Bul g'amlardan xalas yet Shahsa'nemdi ji'latpa,
Qutqari'wshi' wo'zin'sen', ra'him a'yle bizlerge!

Hali' qi'yi'n Sa'nemnin', wo'lmeklikke jetip tur,
Qi'zi'l ju'zi sarg'ayi'p, ko'zden nuri' ketip tur

Qozg'alarg'a hali' joq, yari'm isi pitip tur,
G'am nishteri bawri'nan; usi' saat wo'tip tur,
Aqi'li' ketip lal boli'p, tili joqti' so'ylewge!
Shiyrin-sheker la'bleri, bo'lek-bo'lek jari'ldi',
Mo'lerip tur ko'zleri, ken' ja'ha'nim tari'ldi',
Hali'n ko'rip Sa'nemnin', ju'reklerim jari'ldi',
Tilegimdi ber yendi, qabi'l yetip zari'mdi',
Ashi'qlarg'a na'zer sal, ra'him a'ylegil bizlerge!

Zari'-giryan ji'laydi', tilep-tilep bul G'a'rip,
Biyhal boldi' Shahsa'nem, gu'ldey ju'zi sarg'ayi'p,
Ma'det tilep turi'ppan, bir wo'zin'e jalbari'ni'p,
Shad a'ylegil bizlerdi, g'am u'stinen jol berip,
Qa'ha'r yetpe qudayi'm, ra'him a'ylegil bizlerge!

G'a'rip bul so'zdi ayti'p, zar-zar ji'lap, Sa'nemdi arqasi'na arqalap, birneshe ma'nzil jol ju'rip, yekewide yesinen ketip ji'g'i'li'p qaldi'. Birneshe waqi'ttan son', ku'nnin' i'ssi'li'g'i'nan suwi'q samal payda boli'p, bulardi'n' bedenlerine uri'p, quwat payda qi'ldi'. Yekewi wori'nlari'nan turi'p, biraz dem alg'annan son' ma'sla'ha'tlesip bolg'annan keyin Shasa'nem:

— Hey G'a'ripjan! Bul ju'risten yekewmizde ha'lek bolami'z, meni bul jerde taslap, wo'zin'nin' A'lepshi'rwani'n'a kete ber. Men Diyarbekirge qaytayi'n. Ha'rqanday bolsa-da, wo'lmegen jaqsi'! Nesip bolsa tiri bende bir-birimizge qosi'larmi'z, — dep Shahsa'nem juwap berip, G'a'rip penen xoshlasi'p tur:

Shahsa'nem: — Bunnan keter bolsan', A'lepshi'rwang'a,
Bar G'a'ribim sawli'q penen kelgeysen'?
Men seni tapsi'rdi'm qa'dir qudag'a,
Bar G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'?

G'a'rip: — Yekewmizdi ayrali'qqa salmasa,
Ji'lama Sa'nemjan ketsem kelermen,
A'jel jetip paymanami'z tolmasa,
Ji'lama Sa'nemjan, ketsem kelermen!

Shahsa'nem: — Sennen qali'p soldi' bag'i'mni'n' gu'li,
Gu'limnen ushi'rdi'm shayda bu'lbu'ldi,
Ma'gar yesti bizge ayrali'q jeli, Bar
G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'?

G'a'rip: — Meni ketti yeken dep shi'tpa qasi'n'di',
Qumar ala ko'zden to'kpe jasi'n'di',
Bir alla won'g'arsi'n senin' isin'di,
Ji'lama Sa'nemjan, ketsem kelermen.

Shahsa'nem: — Bunan keter bolsan' tawlar dumandur,
Jamali'n' ko'rmesem arzi'w armandu'r,
Ayrali'qti'n' ku'ni axi'r-zamandur,
Bar G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'!

G'a'rip: — Meni ketti yeken dep ku'yip woti'rma,
Qi'zi'l ju'zin' sen sarg'ayi'p soldi'rma,
Dosti'n' bilsin duhspanlarg'a bildirme,
Ji'lama Sa'nemjan ketsem kelermen!

Shahsa'nem: — Bunnan keter bolsan' izin' izleyin,
Kesip-kesip qara bawri'm duzlayi'n,
Jeti ji'ldi'n' wa'desini go'zleyin,
Bar G'a'ribim sawli'q penen kelgeysen'?

G'a'rip: — Meni ketti yeken dep bunsha ji'lama,
Qumar ala ko'zge g'ubar baylama,
Joli'm uzaq, yendi meni yegleme,
Ji'lama Sa'nemjan, ketsem kelermen!

Shahsa'nem: — G'a'ripjan aytayi'n, bizde ne hal bar,
Kim sag'an ja'bir yetse, sen wog'an jalbar,
Kewlim qayg'i'-g'amda, ju'z mi'n' qi'yal bar,
Bar G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'!

G'a'rip: — Men, keter dep tu'spe qi'yi'n hallarg'a,
Wo'zin'di salmag'i'l qi'yli'-hallarg'a,
Dushpan masqaralar, shi'qsa jollarg'a,
Ji'lama Sa'nemjan, ketsem kelermen!

Shahsa'nem: — Jol menen baradi' yari'mni'n' joli',
Pal menen shekerdek shiyrindi so'zi,
Joli'n'da ga'dadur Shahabbaz qi'zi',
Bar G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'!

G'a'rip: — U'yden shi'g'i'p, alma moyni'n' taldi'rma,
Azap shegip, qi'zi'l ju'zin' soldi'rma,
G'a'ripti ko'z-jasi'n' menen wo'ltirme,
Ji'lama Sa'nemjan ketsem kelermen!

Shahsa'nem: — Shahsa'nem der, isim ahi'w-zar bolsi'n,
Dushpanlarg'a jaqti' ja'ha'n tar bolsi'n,
Qayda barsan', Shahimardan yar bolsi'n,
Bar G'a'ribim, sawli'q penen kelgeysen'!

Bul so'zdi ayti'p bolg'annan son', Shahsa'nem menen G'a'rip bir to'benin' basi'na shi'g'i'p, dem ali'p aldag'i' bolajagi'n yesine tu'sirip, Shahsa'nem Ga'ripke juwap berip jibere berdi. Shahsa'nem bul aqsham sol jerde jati'p, yerte turi'p qarasa, torg'aylar nala qi'li'p sayrap turg'ani'n ko'rdi. Sol waqta Sa'nemnin', yadi'na G'a'rip tu'sip, qudayg'a jalbari'ni'p bir so'z ayti'p tur:

— Ka'ramatli' qa'dir quday,
Yari'mdi' sag'an tapsi'rdi'm,
Ko'kte nala shekken torg'ay,
Yari'mdi' sag'an tapsi'rdi'm,

Men bolmadi'm yarg'a hamdam,
Ju'regimdi basti' ju'z g'am,
Atami'z ha'zireti adam,
G'a'ripti sag'an tapsi'rdi'm,

Tu'sti basi'ma bul sawda,
Turi'p tawi'n gezdi Muwsa,
Ya pirim Ju'sip-Zuleyxa,
G'a'ripti sag'an tapsi'rdi'm.

Bul da’rtime yetkil da’rman,
Ta’wiplerdin’ piri Uli’qpan,
Dawi’tti’n’ uli’ Sulayman,
Yari’mdi’ sag’an tapsi’rdi’m.

Soldi’ bul bag’i’mni’n’ gu’li,
Ushti’ Sa’nemnin’ bu’lbu’li,
Sharap bergen Ha’ziretali’,
G’a’ribim sag’an tapsi’rdi’m,

Shahsa’nem qaldi’ mun’ayi’p,
Ju’zin ji’rti’p, shashi’n jayi’p,
U’sh ju’z alpi’s wo’zi g’ayi’p,
Pirlerim sag’an tapsi’rdi’m!

Shahsa’nem bul so’zdi ayti’p boldi’ da sol to’benin’ basi’nda jati’p qala bersin.

## Shahsa’nemnin’ G’a’ripti izlewi

Shahsa’nem qi’rq ka’nizegi menen bag’ seyiline bardi’. Birneshe waqi’t bag’di’ seyil yetip ju’rgennen son’, Donay da’ryasi’ni’n’ jag’asi’na bari’p qarasa, da’rya iyrim tarti’p ha’wij ali’p ag’i’p turg’ani’n ko’rdi, «Ma’gar Ga’rip bul da’ryadan wo’tken shi’g’ar, bolmasa bunday boli’p aqpas yedi», — dep da’ryadan G’a’ripti sorap tur:

— Ne sebepten iyrim tarti’p ag’asan’,
Donay da’rya sennen G’a’rip wotti me?
Burqi’p ag’i’p jani’n’ wotqa jag’asan’,
Donay da’rya sennen G’a’rip wo’tti me?

Taxati’m joq menin’ yarsi’z bolmag’a,
Japa ti’yi’g’i’n shiyrin jang’a salmag’a,
Keldim sennen bir xabari’n almag’a,
Donay da’rya sennen G’a’rip wo’tti me?

Alti’ ayli’q uzaq jerden jol ashi’p,
Menin’ ushi’n i’shqi’ woti’na tutasi’p,
Yar wo’tti me senin’ suwi’n’a tu’sip,
Donay da’rya sennen G’a’rip wo’tti me?

Menin' yari'm ketti A'lep shi'rwang'a,
Itibar yetpedi a'di paymana,
Sennen men soradi'm yetip bahana,
Donay da'rya sennen G'a'rip wo'tti me?

Menin' bunda yarsi'z joqti' qarari'm,
Heshkim menen bolmas sa'wbet qurari'm,
Tiriligim, i'shqi'-qoshi'm ma'dari'm,
Donay da'rya sennen G'a'rip wo'tti me?

Ju'rgen ku'nler wo'tti ku'lip woynag'an,
Ayrali'qta ju'rip jandi' qi'ynag'an,
Ma'wjirip ag'asan' suwday qaynag'an,
Donay da'rya sennen G'a'rip wo'tti me?

Sa'nem der, pi'raqqa tappadi'm hiyle,
Quday ushi'n bizge duri'si'n so'yle,
Yar wo'tpese aqpas yedin' iyrimley,
Donay da'rya sennen G'a'rip wo'tti me?

Shahsa'nem da'ryadan qansha sorasa-da, juwap ala almag'annan son':

«Menin' yari'm usi' da'ryani'n' ishinde bolsa kerek bolmasa nege bunshama bulqi'p ag'adi'? Men de yari'ma qosi'laman! — dep da'ryag'a atpaqshi' boli'p yedi. Aqsha woni'n' qoli'nan uslap, bir na'siyat berip tur:

Ayrali'q degenin' ta'n'ri qi'smeti,
Nege moyni'n' buri'p, qapa bolasan'?
Tog'i'z ji'l dur men de shektim miynetti,
Nege moyni'n' buri'p, qapa bolasan'?

Ayrali'q da'rtinen ji'lap, ku'lmedim,
Qi'zi'l, gu'ldey ashi'lmadi'm, solmadi'm,
Ayrali'qti' ha'rgiz yadqa salmadi'm,
Nege moyni'n' buri'p, qapa bolasan'?

Qumi'ri' — degen bir a'jayi'p qus bolar,
Pa'rin tartsan' keler, ta'ni bos bolar,
Wo'lmegen qul bir-birine dus bolar,
Nege moyni'n' buri'p, qapa bolasan'?

Uzaq jolg’a ketken aqi’ri’ ko’riser,
Ashi’q isi mashi’q penen jarasar,
Ayra tu’sken aqi’ri’ bir ku’n ko’riser,
Nege moyni’n’ buri’p, qapa bolasan’?

Ha’rkim ashi’q bolsa woni’n’ ahti[1] bir,
G’am shegip jani’n’a qi’lmag’i’l ja’bir,
Xosh waqli’q yesigin ashadi’ sabi’r,
Nege moyni’n’ buri’p, qapa bolasan’?

Meni Aqsha derler, ati’m Gu’lnahal,
Sa’nem jan ko’p qapa bolma biyma’ha’l,
Haqti’n’ buyri’g’i’na sabi’r yetken abzal,
Nege moyni’n’ buri’p, qapa bolasan’?

Aqsha bul na’siyatti’ aytqannan son’, Shahsa’nemnin’ kewlinen qapali’q tarqap, qayti’p kiyati’rg’anda, bularg’a qi’rq qi’z kelip joli’qti’. Wol qi’zlar Shahsa’nem menen so’ylespege kelse de, Shahsa’nem so’ylespedi. Wolardi’n’ ishinde Ayjamal degen bir qi’z bar yedi. Wol Aybek atli’ bir jigitke ashi’q yedi. Wol Shahsa’nemge:

Ha’y, Sa’nem, bizler menen nege so’ylespeysen’? Bizler senin’ menen ashi’qli’q so’zin so’ylesip, basqa tu’sken sawdalardi’ ayti’si’wg’a kelip yedik. «Zer qa’dirin zerger biledi», ashi’qti’n’ qa’dirin ashi’q biledi. Mende wo’zin’dey yari’nan ayri’lg’an binawaman! — dep, Shahsa’nemge qarap bir muxalles aytti’:

— A’y Sa’nem, kewlim jara, men yari’mnan ayri’lg’ali’,
Bu’lbu’ldey nala shegermen, gu’l zari’nan ayri’lg’ali’,
Bir tikensiz ashi’lg’an gu’l, sha’ninen ayri’lg’ali’,
Toti’day shiyrin so’zli dildari’mnan ayri’lg’ali’,
Xosh qi’li’qli’ gu’l ju’zli reptardan[1] ayri’lg’ali’.

Bolmag’ay hesh is qudadan biy sebep, a’y Shahsa’nem,
Ta’n’ri qi’ldi’ wol nigari’ma g’azap, a’y Shahsa’nem,

---

[1] Ahti — kewili, jani’

[2] Reptar — kelbetli

Ti'nbayi'na zar ji'lasam, deme ay'i'p, a'y, Shahsa'nem,
Hijri da'rtinde qali'ppan Ta'shnelep[1], a'y, Shahsa'nem,
Hawzi'-kawsar bir saqi Muqtari'dan ayri'lg'ali'.

Mineti ay yami'dan ti'nbay ag'ar ko'zde jasi'm,
Dushpang'a ka'r a'ylemes ha'r ku'nde qi'lg'an g'arg'i'si'm,
Titireter arzi' samani' da'rdi-g'amnan nali'shi'm,
Arzi'-hali'm aytpag'a jani'mda joqdur bir kisim,
Mende taxat qalmadi' men yari'mnan ayri'lg'ali'.

Baxti'mdi' ko'rdim qara, ha'm jerde ashti'm hasbihal,
Taza ashi'lg'an gu'l yedim, urdi' qazan berdi ma'lal,
Jetpedim maqset-muratqa wo'mirime berdi zawal,
Da'rtin aytpay na'ylesin aldi'n'da ji'lap Ayjamal,
A'ybek atli' xosh sultan, sheshenimnen ayri'lg'ali'.

Bul so'zden keyin Ayjamal:

— Hey, Sa'nemjan! Menin' yari'ma dushpan za'ha'r berip wo'ltirdi. Mag'an woni'n' diydari' qi'yametke qaldi'. Senin' yari'n' tiri bolg'anli'qtan aqi'ri' bir ku'n qosi'larsan'. Nege bunday zari'-giryan boli'p qala beresen'? — dep na'siyat qi'ldi'. Shahsa'nem:

— Ayrali'q wo'limnen jaman-g'oy! — dep, Ayjamalg'a qarap bir so'z ayti'p tur:

— Ayrali'q da'rti wo'limnen jaman yeken Ayjamal,
Ha'rbir ku'nin' bir ji'lday wo'ter yeken Ayjamal,
Awi'r da'rtler kewildi tutar yeken Ayjamal,
Ku'nde jani'n' shi'qpag'a qater yeken Ayjamal,
G'am a'ydarha dem shegip, jutar yeken Ayjamal.

Jaqsi' yeken wo'lgeni, wo'lse kewlin', suwi'nar,
Tiri bolsa ayrali'q g'am kewilden jay alar,
Jani'n'da ne ra'ha't bar, ne ko'zin'de qap[2] bolar,

---

[1] Ta'shnelep — sho'llew

[2] Qap — uyqi'

Qara bawri'n' qan boli'p, yeki ko'zin' suw bolar,
Ku'nde ju'z woq jani'n'nan wo'ter yeken Ayjamal.

Sen bir wo'lgendi aytsan', ku'nde wo'ler Shahsa'nem,
Ayrali'qti'n' ti'yi'g'i'na bawri'n tiler Shahsa'nem,
Ma'lematti'n' g'awg'asi' basqa tolar Shahsa'nem,
Izlegenim sa'wer yar, qashan keler Shahsa'nem,
G'a'rip jang'a qaysi' hal, jeter yeken Ayjamal.

Shahsa'nem bul so'zdi ayti'p bolg'annan son', Ayjamal:

— Ha'y, Shahsa'nem, ko'p qapalan-ba! Yari'n' tiri, muradi'n'a jetersen', — dep qi'zlar wo'z maydani'na qaytti'. Shahsa'nemde ko'shkisine qayti'p bardi'. Bul ayrali'qta aradan jeti ji'l wo'tti. Bir ku'ni Shasa'nem jati'p tu's ko'rdi. Aqshani' shaqi'ri'p wog'an aytti':

— Apajani'm! Tu'simnen qorqaman, ha'r jerlerden soraw sali'p, G'a'riptin' xabari'n mag'an ayti'p kelsen' qalay bolar yeken?! — dedi. Aqshada ka'nizeklerdi yertip, soraw sali'p ketti. Ka'nizeklerdin' birewi bir bo'lek ka'rwan kelip, ka'rwan sarayg'a tu'skenligi tuwrali' Aqshag'a xabar berdi. Aqsha ka'rwanni'n' ani'q kelgenligin bilip, Shahsa'nemge xabar yetti. Shahsa'nemnin' kewline yosh kirip, G'a'ripjannan bir xabar tapqayman dep, kerilip ayaq basi'p, jollardi', saraydi' adam kelmeytug'i'n qadag'an yetip, sawdagerdi jasi'ri'n shaqi'ri'p ali'p, Sa'nemjan sawdagerge jog'algan jog'i' tuwrali' zari'n ayti'p tur:

— Jeti j'ildur sun'qar qusi'm ushi'rdi'm,
Ko'rgen bar ma, bilgen bar ma ka'rwanlar?
Qayg'i'-ha'sirette wo'mir keshirdim,
Ko'rgen bar ma, bilgen bar ma ka'rwanlar?

Kisinin' sa'wdigi sonday bolar-ma,
A'wel su'yip, ko'zge sho'pler salar ma,
Yari'n bunda zar ji'lati'p qoyar ma,
Ko'rsen', bilsen' xabari'n ber ka'rwanlar?

Yari'mni'n' sawdasi' tu'sti basi'ma,
Bir si'rlas tappadi'm kelse qasi'ma,

A’wel ku’nde jazi’li’p tur basi’ma,
Ji’lamayi’n, ku’lgen barma ka’rwanlar?

Menin’ yari’m g’oshshaqlardi’n’ biridur,
Shahimardan sol yari’mni’n’ piridur,
G’a’rip yari’m Alepshi’rwan bari’pdur,
Ko’rgen bar ma, bilgen bar ma ka’rwanlar?

Iyesiz qali’p tur alti’n, gu’misler,
Sharbag’i’mda pisti tu’rli jemisler,
Yari’mni’n’ ati’ni’ G’a’rip demishler,
Ko’rsen’-bilsen’, xabari’n ber ka’rwanlar?

Ha’rbir adam bayan yeter ko’rgenin,
Bilmeymen qay jerde da’wran su’rgenin,
Bilsen’ler ayt, woni’n’ qayda ju’rgenin,
Ani’q xabar berin’ bizge ka’rwanlar?

Ayrali’q za’ha’rin bizge berip tur,
Wol ha’m bizden ayra tu’sip ju’ripdur,
Shahsa’nemnin’ piri’ ashi’q G’a’ripdur,
Ko’rsen’ xabar bergil bizge ka’rwanlar?

Shahsa’nem ka’rwanlarg’a bul so’zdi ayti’p tamam yetken waqi’tta, ka’nizeklerdin’ arasi’nda Tan’si’q degen bir qi’z bar yedi. Wol qi’z Shahsa’nemnin’ jani’na kelip: «G’a’riptin’ wo’lgenin menin’ ag’am ko’rip keldi», — dep xabar berdi. Shahsa’nem bul xabardi’ yesitkennen son’ jani’na wot tu’sip Aqsha menen G’a’riptin’ anasi’ Abadanni’n’ jani’na keldi. Shahsa’nem G’a’rip tuwrali’ yesitken sum xabardi’ ayti’p tur:

— Ji’la ana, uli’n’ ani’q wo’lipti,
Su’yenishin’, ma’dari’n’nan ayri’ldi’n’,
Bir ka’rwan xabari’n ani’q bilipti,
Bag’da ashi’lg’an gu’lzari’n’nan ayri’ldi’n’.

A’shkara boli’pti’ dosqa, dushpang’a,
Qulaq sali’p ti’n’lan’ si’ri’ pinhang’a,
Jaqsi’li’q ku’nlerim do’ndi jamang’a,
Bir qi’zi’qli’ bazari’n’nan ayri’ldi’n’.

Jeti ji'l wol gezdi A'lepshi'rwanda,
Meni qoydi' qayg'i' menen a'rmanda,
Bende boli'p Ju'sip tu'sken zindang'a,
Mi'sr yelinde qunqari'n'nan ayri'ldi'n'.

Qazanda soli'p tur ashi'lg'an gu'lin',
Bag'i'n'da ushi'p tur shayda bu'lbu'lin',
Dizen' bu'gilip tur, mertilip belin',
Ku'shli quwat ma'darin'nen ayri'ldi'n'.

Meni zar ji'latqan yardi'n' pi'ragi',
Du'nyadan wo'tip tur qalmay ti'rnag'i',
Ju'zin'nin' sa'wlesi, ko'zin'nin' ag'i',
Ko'rer ko'zge, shi'rag'in'nan ayri'ldi'n'.

Sa'nem aytar mende qaldi' ko'p a'rman,
Waqti' jetpey kelgen a'jelden pa'rman,
Wo'tkenligin ani'q aytti' bir ka'rwan,
Men yari'mnan, sen uli'n'nan ayri'ldi'n'.

Shahsa'nem bul so'zdi aytqannan son'. G'a'riptin' anasi'ni'n' ju'regine wot tu'sip, bawri'na qurt tu'sip, zar-zar ji'lap balasi'n joqlap tur:

— Ayrali'qta ju'rip pa'lek ja'birinen,
Qara bawi'ri'm qang'a do'ndi na'yleyin,
I'qrari' joq Shahabbazdi'n' zuli'mi'nan,
Gu'lshani'm qazang'a do'ndi na'yleyin!

Heshbir giynem joqdur Shahsa'nem sennen,
Shi'g'ar boldi' shiyrin jani'm bul ta'nnen,
Yeli-xalqi'm ju'zin do'ndirdi mennen,
Jaqsi'lar jamang'a do'ndi na'yleyin!

Shahabbaz buri'nda wa'deler yetti,
Wa'delesken wa'zir du'nyadan wo'tti,
Bul isler uli'mni'n' basi'na jetti,
Ma'nzili shi'rwanda qaldi' na'yleyin.

Abadan der, aytsam tawsi'lmas dag'i'm,
Uli'm wo'lgen bolsa sonda shi'rag'i'm,

G’am jeli quri’tti’ salg’an sharbag’i’m,
Wo’mirimnin’ shi’rasi’ so’ndi na’yleyin!

«G’a’rip A’lepshi’rwanda wo’lipti» degen xabar ha’mme jerlerge jayi’lip ketti. G’a’riptin’ tuwi’sqan-tuwg’anlari’, ji’ynali’p qapa boli’p, bir qatar ji’lasi’p aldi’. Ko’p nala shekti. Sol waqi’tta G’a’riptin’ Gu’ljamal atli’ qari’ndasi’ shashi’n jayi’p, betin ji’rti’p, ag’asi’n joqlap zar-zar ji’lap, bir so’z ayti’p turi’pti’:

— Keshe-ku’ndiz ji’lap wo’mirim wo’tkerdim,
Ko’z jasi’m megzep tur da’rya seline,
Jeti ji’ldur sun’qari’mdi’ qashi’rdi’m,
Bari’p tu’sti A’lepshi’rwan yeline,
Ag’am dedim, hesh ta’repke baqpadi’m,
Ko’zim jasli’ boli’p ha’ykel taqpadi’m,
Ma’jnun kibi basi’m ali’p shi’qpadi’m,
La’yli su’rginine, hijran sho’line.

Dos-dushpan ishinde qi’zi’l ju’zim joq,
Ag’am joq, inim joq, so’zler so’zim joq,
Qayg’i’ shegip ji’law menen ko’zim joq,
Talap yetsem A’lepshi’rwan yeline.

Hasli’m Bag’dat yedi ma’kani’m, jayi’m,
Mu’sa’pir hallarg’a saldi’ qudayi’m,
Jani’m shi’qsa ishte keterler uwayi’m,
Jetiliskeymen yendi bu’lbu’l gu’line.

Si’rlasi’m der yedim Shahsa’nem seni,
Yari’m degen senin’ G’a’ribin’ qa’ne?
Gu’ljamal der ta’n’ri qoymasi’n meni,
Bu’gin na’wbet kelse a’jel qoli’na.

Bunnan son’ Aqsha bulardi’n’ kewlin ali’p, bir so’z aytti’:

— Jalg’anshi’ pa’niy du’nyada,
Hesh kisi aman qalmadi’,
Jaqsi’ ketip na’wbet penen,
Wo’lmeyin jaman qalmadi’.

Bul du'nyadan wo'tti Xatam,
Wo'lmey qalmas heshbir adam,
Shu'kir yetkil wo'tti bul dem,
Su't penen zi'yan qalmadi',

Wo'zini bazarg'a salg'an,
Bir qi'z kelip sati'p alg'an,
Mi'sr yelinde patsha bolg'an,
Ju'sibi-keng'an qalmadi'.

Du'nyani' bir ko'zde ko'rgen,
A'dil boli'p jurt sorag'an,
Da'w-perige patsha bolg'an,
Shahi'-Sulayman qalmadi'.

Jemshit a'jel ma'yin ishti,
Iskender du'nyadan keshti,
Ne patshalar bunnan wo'tti,
Rustami-Da'stan qalmadi'.

Neshe-neshe hikmet qi'lg'an,
Wo'simliktin' tilin bilgen,
Wo'lmeslikke hiyle qi'lg'an,
Ha'zireti Uli'qman qalmadi'.

Bul du'nya bir go'ne saray,
Neshe ji'l wo'tti neshe ay,
Na'wbet penen shahi'-gedey,
Wo'tmesden aman qalmadi'.

Gu'lnahal der, jandi' ju'rek,
Wo'lmeslikke barma derek?
Barli'q adam wo'lse kerek,
Bunda kelgen jan qalmadi'.

Bunnan keyin Shahsa'nem:

— G'a'riptin' wo'lgenin wo'z ko'zim menen ko'rip kelmesem bolmaydi'. Bul so'zlerdi yesitip, menin' bul jerde turg'ani'm mag'an i'layi'q yemes. A'jelim jetse G'a'ripjan wo'lgen jerde mende wo'leyin, di'm bolmasa

ju’zin ko’reyin, dep ketpekshi boli’p, qi’zlari’na qarap zar-zar ji’lap aytqan so’zi:

— Yendi keter boldi’m A’lepshi’rwang’a,
G’a’ripsiz bul jerde qarari’m joqdur,
Za’rre qayg’i’rmayman yendi bul jandi’,
Yarsi’z bul jerlerde turari’m joqdur,

Bari’p dastanayi’n yari’m mazari’n,
Sa’nem wa’zir wa’spi xati’n jazayi’n,
Ta’n’rim wotqa jaqsi’n pikirin, diydari’n,
Yendi bul jerlerge kelerim joqdur.

Yari’m tutti’ A’lepshi’rwanda Watan,
Du’nyada bar meken bizlerdey wo’tken?
Jani’m shi’g’i’p, topi’raqqa berip ta’n,
Wo’zge menen suhbet qurari’m joqdur.

Zamana boli’p tur ku’n-ku’nnen beter,
Ku’nde ju’z qi’yallar basi’mnan wo’ter,
Pi’raqti’n’ woti’na bayani’m jeter,
Yendi za’ha’r ishpesem, taxati’m joqdur.

Aman bolsa yari’m ali’p kelmesem,
Ya barli’g’i’n ya joqli’g’i’n bilmesem,
Wo’lgen bolsa mende bari’p wo’lmesem,
Taxati’m, shi’dami’m, qarari’m joqdur.

Tirilikte yarsi’z jandi’ neteyin,
Yardi’ izlep sapar shegip wo’teyin,
Yendi turmay A’lepshi’rwang’a keteyin,
Za’rre yeglenbeymen, turari’m joqdur.

Sa’nem aytar, wotqa jandi’m ja’ha’nda,
Hesh shi’dam qalmadi’ yendi bul janda,
Yari’m wo’lgen bolsa A’lepshi’rwanda,
Menin’ bul jerlerde qarari’m joqdur.

Babaxan shati’r atli’ sawdagerdi Shahsa’nem wo’zinin’ jaqi’n adamlari’ni’n’ biri dep yesaplaytug’i’n yedi. Sol

sawdager menen yari'n izlep ketpekshi boli'p, woni'n' qasi'na bardi':

— Hey Babaxan, meni A'lepshi'rwang'a wo'zin' menen birge ali'p ket! — dep zar-zar ji'lap, wo'tinish yetip mi'na so'zdi ayti'p tur:

—Jasli'g'i'mda meni baqti'n', wo'sirdin',
Sennen basqa qa'wenderim joq menin',
Anamni'n' worni'na qoy su'tin berdin',
Sennen basqa miyribani'm joq menin'.

Menin' munda za'rre kewil qoshi'm joq,
Ku'yip ji'lamaqtan basqa isim joq,
Sennen wo'zge si'ri'm aytar kisi joq,
Qoli'n berer dos yarani'm joq menin'.

Kel meni, sen jetker A'lepshi'rwang'a,
Bunda ko'zim tu'ser jaqsi'-jamang'a,
Wo'mirim gu'lin berdim badi'-qazang'a,
Qoldan tutar dos yarani'm joq menin'.

Yari'mni'n' mazari'n qushi'p jatayi'n,
Bul du'nyadan yar-yar deyip wo'teyin,
Wo'miri zaya juldi'z kibi batayi'n,
Bul watanda hesh turari'm joq menin'.

Sa'nem aytar, G'a'rip saldi' hijrang'a,
Mag'an jol baslag'i'l A'lepshi'rwang'a,
Bu'gin wo'lsem ra'him kelmes bul jang'a,
Tirilikke i'qti'yari'm joq menin'.

Bunnan son', Shahsa'nem Babaxan shati'r menen G'a'ripti izlep ketpek ushi'n qi'rq ku'n ma'wlet ali'p keliwge Aqshani' a'kesinin' qasi'na jiberdi. Aqsha Shahabbazdi'n' aldi'na bari'p, qi'rq ku'n ma'wlet sorap arza yetti.

Shahabbaz Shahsa'nemnin' Babaxan shati'r menen ketiwine ruqsat berdi. Aqsha juwi'ri'si' menen Sa'nemnin' jani'na keldi-de, — «A'lepshi'rwang'a barsan', menin' hal jag'dayi'mdi' A'zberxojag'a bir-bir bayan yet, sa'lem ayt» dep, Sa'nemge qarap mi'na so'zdi ayti'p tur:

— Bunnan barsan' degil so'zi jalg'ang'a,
Wa'deler uzaqqa tu'sti degeysen',
I'qti'qati'm joqdur pa'ni ja'ha'ng'a,
Aradan muhabbat keshti degeysen'.

Yeger bunnan A'lepshi'rwang'a barsan'i'z,
A'zberxoja yarg'a sa'lem desen'iz,
Menin' arzi'-hali'm ayti'p barsan'i'z,
Qayg'i'-ha'sret bastan asti' degeysen'.

I'qti'qat qalmadi' yar menen yarda,
Meni bunda qoydi' g'amda-azarda,
Wo'zi wonda gezer gu'li gu'zarda,
Kimler menen basi'n qosti' degeysen'.

Xoja dep bas qosti'm a'wel wo'zin'e,
Itibar bolmadi' aytqan so'zinde,
Tog'i'z ji'ldur qaygi' tu'sip ju'zime,
Targ'i'l basi'p sepkil tu'sti degeysen'.

Ha'r ku'nim wo'ter beterden-beter,
Shekken ahi'm qashan sol yarg'a jeter?
Udayi' zar ji'lap awhali'm wo'ter,
Ko'zinin' uyqi'si' qashti' degeysen'.

A'zberxoja menin' hali'm bilmese,
Bul hijrani'mdi' ko'zge ilmese,
Hali'mdi' sorasi'p bunda kelmese,
Ju'zmi'n' sawda basqa tu'sti degeysen'.

Gu'ljamal der pa'lek bizge qas yeter,
Bul ayrali'q i'g'bali'mdi' pa's yeter,
Pi'raqti'n' azabi' bizdi ma's yeter,
Pal worni'na aq uw ishti degeysen'.

Aqsha so'zin tamam yetkennen keyin, Shahsa'nem jolg'a tayarlana berdi. Babaxan shati'r menen A'lepshi'rwang'a ketpekshi boli'p, ten'i-doslari', qatar-qurbi'lari', ka'nizek qi'zlar menen xoshlasi'p bir so'z aytti':

— Men ketermen A'lepshi'rwan,
Ten'i doslar xosh qal yendi,
Keler-kelmesim gu'mana,
Qari'ndaslar xosh qal yendi.

Bizin' menen qi'lwat tutqan,
Ahi'w pali'n birge jutqan,
Aqsha deyip at ko'tergen,
Gu'lnahali'm xosh qal yendi.

Ba'rsheni bir ko'zde ko'rgen,
Yel xalqi'ni'n' dadi'n bergen,
A'dil boli'p jurt sorag'an,
Shahabbaz xan xosh qal yendi!

Tog'i'z ay won ku'n ko'tergen,
Bag'i'p ka'malg'a keltirgen,
Sa'ha'r turi'p aq su't bergen,
G'a'rip anam xosh qal yendi!

Qi'rq qi'zi'mni'n' sa'rdari',
Bu'gin quri'ldi' ma'hshari',
Yari'm ketken waqtan beri,
Mag'zen gu'lim xosh qal yendi!

Yendi yarg'a keter shag'i'm,
Qozg'aldi' kewilde dag'i'm,
Minnetli salg'an sharbag'i'm,
Ima'ratlar xosh qal yendi!

Bizdi tan'irim bulay yetti,
Yar wo'ldi dep xabar jetti,
Shahsa'nem Shi'rwang'a ketti,
Diyarba'kir xosh qal yendi!

Shahsa'nem bul so'zdi ayti'p bolg'annan son', yel-yelati' menen xoshlasi'p, Babaxan shati'r menen uzaq saparg'a kete berdi. Birneshe ku'n jol ju'rgennen keyin, Babaxan shati'rdi'n' kewlinde bir buzi'qli'q payda boli'p:

«Men buni’ A’lepshi’rwang’a ali’p barg’ansha, basqa bir jurtqa ali’p bari’p, wo’zime alayi’n», — dep basqa bir yelatqa ali’p ketti.

Birneshe ku’n jol ju’rgennen son’, uzaqtan aldi’nan bir mina’r ko’rindi. Shahsa’nem:

— Bul ko’ringen mina’r, qaysi’ yeldin’, mina’ri’? — dep soradi’. Babaxan shati’r:

— Shi’rwan waliyati’ni’n’ mina’ri’, dedi. Sol waqi’tta Shahsa’nem G’a’riptin’ wo’lgen jerine keldim dep, bir so’z aytti’:

— Shu’kir, yendi keldim A’lepshi’rwang’a,
Yari’m mazar bolg’an jerge jetistim,
Jekkelikte telmirisip ha’r jang’a,
Yari’m G’a’rip bolg’an jayg’a jetistim.

Jeti ji’ldur yari’m bunda kelip tur,
Wo’zin ashi’q bazari’na sali’p tur,
Menin’ ushi’n a’rman menen wo’lip tur,
Yari’m topi’raq bolg’an jerge jetistim.

Menin’ ushi’n wo’zin sali’p hijrang’a,
Mu’sa’pirler menen boli’p miymanda,
Nazli’ yari’m ko’rsem deyip g’aybana,
Yari’m gu’ldey solg’an jerge jetistim.

Yar-yar deyip yadi’na ali’p zibana,
Wo’zim keldim izlep yendi biygana,
Go’zzal yari’m ko’rsem deyip g’aybana,
A’rman menen bolg’an jerge jetistim:

Jeti ji’l qosi’ldi’m, natuan menen,
Ko’rise bilmedim G’a’ripjan menen,
Yari’m u’lpet boli’p qarazban menen,
Mu’sa’pirlik shekken jerge jetistim.

Shahsa’nem der jandi’m hijran woti’na,
Qayi’lman G’a’riptin’ i’xti’xati’na,

Yar-yar deyip minip a’jel ati’na,
Jinazasi’n qi’lg’an jerge jetistim.

Bul so’zdi Shasa’nem tamam yetkennen so’n’, Babaxan shati’r Shasa’nemge:

— Men seni A’lep shi’rwang’a ali’p kelmey, Qazan wa’layati’na ali’p keldim. «Wo’lgen ari’slannan tiri ti’shqan arti’q» degendey, sen meni qabi’l qi’lg’i’l»! — dedi.

— Sol waqi’tta Shasa’nem wo’zinin’ kewlin wo’zi jubati’p: «Men bug’an qatti’ so’z aytsam, wol mag’an qoli’na kelgen jamanli’g’i’n isleydi. Qanday bolsa da men wog’an bir hiyle qi’layi’n», — dep qaltasi’nan qi’rq ten’ge shi’g’ari’p berip:

— Hey, Babaxan, duri’s aytasan’, mag’an ashi’q bolsan’ usi’ qi’ri’q ten’genin’ ha’r birine bir tu’rli sawg’a ali’p kel, sonnan son’ muradi’n’i’zdi’ hasi’l qi’lsaq boladi’, — dedi. Babaxan shati’rdi’n’ waqti’ xosh boli’p, Qi’ri’m sha’hrine saparg’a ketti.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

**1.** Dastanda G’a’rip penen Shasa’nem ne sebep A’lep shi’rwan qalasi’na qaray ketken yedi?
**2.** Jolda G’a’riptin’ A’lep shi’rwan qalasi’na ketip Shasa’nemnin’ qali’wi’na qanday jag’day bolg’an yedi?
**3.** G’a’ripten ayri’lg’an Shasa’nem qanday awh’alg’a tu’sedi?
**4.** Shasa’nemge doslari’ Aqsha ha’m Ayjamal degen qi’zlar qanday ta’selle aytadi’?
**5.** Ga’ripti wo’ldi degen xabardan son’ Shasa’nem, Ga’riptin’ anasi’ ha’m qari’ndasi’ qanday awhalg’a tu’sedi?
**6.** Ga’ripti izlep shi’qqan Shasa’nemge Babaxan shati’r qanday jamanli’q isleydi.
**7.** Da’standi’ woqi’n’ ha’m mazmuni’n ayti’p berin’

## GO’RUG’LI’

*(«A’wezxan» shaqabi’nan u’zindi’)*

Anda, Go’rug’li’ sultan Buldi’ri’q qassapqa: «neme deysen’?» — dep, tiklenip bir qarap yedi. Go’rug’li’ni’n’

ko'zi woyaq-buyag'i'nan wo'tip ketti. Ziyraki, Go'rug'li'ni'n' g'ayrati' yeki ko'zinde yedi. Ko'rgen adamlar hasli' tabi' tahatlar qi'la almas yedi. Liykin, Buldi'ri'q qassap, bildiki. Bul Go'rug'li' yeken, hiyle menen bul islerdi qi'lg'an yeken, — dep a'ste-a'ste bari'p, ati'n uslap ali'p ati'na minip jo'nemekshi boldi'. Anda, Go'rug'li' sultan Buldi'ri'q qassapqa qarap, bir so'z dedi:

— U'sh ku'ngeshe izlesen'ler mi'nnan tap,
Sen kelmeyin qa'dem qoymaspi'z ta'birap,
A'wez benen biz yekewmiz turarmi'z,
Shahi'n'a sa'lem ayt, Buldi'ri'q qassap.

Maydan ishire G'i'yrati'mdi' saylayi'n,
Ru'stemi da'stan ursi'n sizge qi'layi'n,
Shahi'n'a sa'lem de Buldi'ri'q qassap,
Qozg'almayi'n sizler munda kelmeyin.

U'mitim ko'p tan'la haqtan shapaat,
Bendem dep joqlag'ay ha'zireti Sa'a't,
Bul jerde jatarman sizler kelgenshe,
Qi'lmay ketpem bul jerlerde qi'yamet.

Uri's bolsa shiyrin jannan keshemen,
Dushpanlardi' nayza menen shanshaman,
Bul jerlerden ketpey sizler kelgenshe,
Suw worni'na qi'zi'l qandi' ishemen.

G'azap yetip, zorli'g'i'mdi' bildirmey,
Almas sali'p ju'rek bawri'n tildirmey,
Bul jerlerden ketpey sizler kelgenshe,
Bul za'n'gige qi'zi'l qandi' keltirmey.

Tah wo'lgenshe quda qi'lsi'n da'rmanda,
Qudayi'm qi'lmasi'n bizdi shermende,
Bar shahi'n'a sa'lem degil Buldi'ri'q,
Demesin joli'qpay qaldi'm a'rmanda,

Go'rug'li'dan yesit woshbuw kalamiy,
Munday ku'nde qanday kewil aramiy,

Sizler kelmey ketpem yendi bul jerden,
Yerterek ayt shaha bari'p sa'lemdi.

A'mma, Go'rug'li' sultan bul so'zin ayti'p, Buldi'ri'q qassapti' jo'netip, A'wezxanni'n' qoli'nan uslap, G'i'yrati'ni'n' aldi'na keldi. A'wezxan G'i'yratti'n' qa'ddi-qa'wmetine woma'la'a'ktek si'pati'na, wol pitken tuyag'i'na, aspandi' go'zlegen na'zerine, ba'rekella dep aparin qi'li'p, jani'dil menen G'i'yratqa kewli ketti.

Anda, Go'rug'li' sultan wo'zinin' jaw jarag'i'na, wo kiyimlerin kiyip, A'wezxang'a qarap, «Atqa mingil» dep aqi'li'n si'namaq ushi'n bir so'z aytti'.

Anda, A'wezxan Go'ru'g'li'ni'n' bul si'yasati'n ko'zine ilmey Go'rug'li'g'a qarap, yekewi yag'li'-ba'rli ayti'sadi':

Go'rug'li': — Ju'regimde ko'pdur a'lem,
Xoshwaq qi'li'p ketti bul g'am,
Bir so'z aytay ti'n'la muni',
Qa'wmetin'nen A'wez balam,
Kel A'wezxan mingil atqa,

A'wezxan: — Mu'sa'pirmen menin' wo'zim,
Shar ta'repte yeki ko'zim,
Men ha'm sag'an bir so'z aytay,
Ata yesit aytqan so'zim,
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — Seni dep sarg'aydi' ju'zim,
Sho'llerdi atqardi'm wo'zim,
Qi'yali'n'a ne so'z keldi,
Mag'an aytqi'l jani'm qozi'm,
Kel A'wezxan mingil atqa.

A'wezxan: — Yesitkeymen senin' zati'n',
Yeldi basqan sayasati'n',
Qi'yali'n'a ne so'z keldi,
Ne dep miney senin' ati'n',
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — Maydanda at shapdi'rmag'i'l,
Paymanan'di' toldi'rmag'i'l,

Aytqan so'zim ko'p qaytari'p,
Ashi'wi'mdi' keltirmegil,
Moyni' juwan mingil atqa.

A'wezxan: — Bati'rlardi'n' ustazi'man,
Sun'qar, tuygu'n i'shqi'pazi'man,
Yer yemes qati'n na'ma'rtsen',
Wo'ltirsen' wo'ltir razi'man,
Minbeymen qati'n, ati'na.

Go'rug'li': — Keynimizden la'shker keler,
Shar ta'repti qorshap alar,
Ha'rqaysi' bir nayza salar,
Basi'mi'zda g'awg'a bolar,
Kel ba'tsha, mingil ati'n'a,

A'wezxan: — Arti'mi'zdan g'ani'm kelmey,
Wolar menen uri's qi'lmay,
Kelgennen son' Qi'zi'lbasqa,
Sherdey boli'p qi'rg'i'n qi'lmay,
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a,

Go'rug'li': — La'shker keler buwdaq-buwdaq,
Da'sht bayaban tolar wondaq,
Ko'p dushpang'a jalg'i'z wo'zim,
Shashamanba ko'pke topi'raq,
Kel A'wezxan, mingil atqa.

A'wezxan: — So'z aytayi'n minim bolmay,
Qi'yamettin' ku'ni bolmay,
Ne dep sag'an mingeseyin,
Ru'stemdeyin qi'rg'i'n bolmay,
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — G'i'yrati'mdi' zorlamayman,
Ko'p so'zin'e qaramayman,
Qartayi'ppan jasi'm jetip,
Uri'spaqqa jaramayman,
Kel A'wezxan mingil atqa.

A'wezxan: — Bati'rlarday quri'sh qi'lmay,
Jolbari'stayi'n ju'ris qi'lmay,
At za'n'gige qan keltirip,
A'liydeyin uri's qi'lmay,
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — Woti'zdag'i' jasi' wo'tip,
Wo'mirimnin' ba'rshesi ketip,
Bu sha'ha'rdin' la'shkerine,
Qayti'p turay taqat yetip,
Kelgil balam mingil atqa.

A'wezxan: — Maydan ishine kirgen jaqsi',
Ko'p a'rmansi'z bolg'an jaqsi',
Joli'qpay qashi'p ketkennen,
Ara sho'lde wo'lgen jaqsi',
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — Jawlardan quti'lg'an jaqsi',
Ba'lent tawdan wo'tken jaqsi',
Asi'lma qoldan kelmese,
Joli'qpay aq ketken jaqsi',
Kelgil balam min G'i'yratqa.

A'wezxan: — A'jel jetip wo'lgen jaqsi',
Tag'dirini ko'rgen jaqsi',
Dushpannan qashi'p ketkenshe,
Qara jerge kirgen jaqsi',
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

Go'rug'li': — Yer jigitler quri'sh qi'lar,
Dushman ko'rse ju'ris qi'lar,
Qi'rq mi'n' la'shker basi'p kelse,
Jalg'i'z qa'ytip uri's qi'lar,
Kelgil balam min G'i'yratqa.

A'wezxan: — Buri'ng'i'lar bunday demes,
Bilmesen' ko'p penen ken'es,
Quda berse bir kisige,
Qi'rq mi'n' la'shker hesh ga'p yemes,
Minbeymen Go'rug'li' ati'n'a.

G o ’ r u g ’ l i ’ : — Go’rug’li’ der so’zim an’la,
Quri’shlani’p keldim ta’nha,
Atadan bolsan’ sonday bol,
Hu’mmetin’e ba’rekella,
Minbey tursan’ sen G’i’yratqa.

A ’ w e z x a n : — A’wezxan der uri’s qi’lmay,
Dushpanlarg’a qi’li’sh salmay,
Quda berse bul dushpandi’,
Qi’ri’p-joyi’p abi’roy almay,
Nege miney bul G’i’yratqa.

A’mma, Go’rug’li’ xan A’wezdin’ bul so’zin yesitip, yerligine qayi’l boli’p, bir mehri ju’z boli’p, wo qa’ddi-qa’wmetinen kewli toli’p, qudag’a mi’n’ shu’kir qi’li’p woti’rdi’.

Yendi, so’zdi Buldi’ri’q qassaptan yesitin’. A’mma Buldi’ri’q qassap, qanati’nan qayri’li’p, tuyag’i’nan mayri’li’p, sa’men atqa qamshi’ uri’p, ti’nbay jol ju’rip, sha’ha’rge jalg’i’z kirip, Qun’qarsha patshani’n’ aldi’na kelip, basi’nan wo’tken ku’nlerdi, bolg’an waqi’yalardi’ aytti’ ha’m Go’rug’li’ni’n’ so’zin bir-bir bayan yetti.

Anda, Qun’qarsha patsha bul waqi’yani’ yesitip, hayran boli’p, ra’n’ki ushi’p, qani’ qashi’p, beglerine buyi’ri’p, gernay-si’rnay shaldi’ri’p, sol gernay-si’rnayi’ni’n’ dawi’si’ menen menmen degen jigitlerden qi’rq mi’n’ la’shker tayi’n boldi’. Sol la’shkerge wo’zi bas boli’p, Go’rug’li’ni’n’ keyninen quwaladi’lar. Waqti’ pesinde Go’rug’li’ni’n’ u’stine keldi. Anda Go’rug’li’ sultan A’wezxandi’ bir tawdi’n’ u’stine shi’g’ari’p qoyi’p, A’wezxannan pa’tiya ali’p, G’i’yrati’n woynati’p, suwli’g’i’n shaynati’p, ko’p dushpang’a qarap, bir so’z dedi.

— Nali’shi’m jetsin pa’lekke,
Ayan bolsi’n bu ma’lekke,
Biz woyaqtan, siz buyaqtan,
Kelha’ begler, jekpe-jekke.

Jannan keshken talapgerler,
Kelin’ bermen bati’r yerler,

Asti'n'a mingen tulparlar,
Kelha' begler, jekpe-jekke.

Wo'zini menmen degenler,
Qun'qardi'n' nani'n jegenler,
Girewke sawi't kiygenler,
Kelha' yerler jekpe-jekke.

Talasi'p inam alg'anlar,
Bir-birine wo'kpe qi'lg'anlar,
Ju'yrik bedewdi mingenler,
Kelha' yerler jekpe-jekke.

Uri's qi'li'n' keshe-ku'ndiz,
Tamashani' ko'rsin yuldu'z,
Sizler ko'psiz menbir jalg'i'z,
Kel bati'rlar, jekpe-jekke.

Tamasha ko'rsin begi-xan,
Maydanda aqsi'n qi'zi'l qan,
Ku'ni pitken beredi jan,
Kelha' bati'r, jekpe-jekke.

Sizler ko'psiz ba'lent-pa'ste,
Bizdey uri'sqa pa'ywa'ste,
Uri's bolsa a'ste-a'ste,
Kelha' begler, jekpe-jekke.

Men bir g'a'rip basi' ka'ste,
Jalg'i'zdur wo'zim na'ka'ste,
Uri's bolsa ja'bir pa'ste,
Kelha' yerler jekpe-jekke.

Abi'roydi' kimge beredur,
Kimler maydanda wo'ledur,
Ku'ni pitken jan beredur,
Kelha' yerler jekpe-jekke.

U'lken saplar keyin tursi'n,
Tuw biydag'i'n jerge qoysi'n,

Tamashani' so'ytip ko'rsin,
Kelha' begler jekpe-jekke.

Go'rug'li' bek bizdi derler,
Ji'lasar maydanda sherler,
Jannan keshken talapkerler,
Kelha' yerler jekpe-jekke.

A'mma, Go'rug'li' sultanni'n' bul so'zin Qi'zi'lbaslar yesitip, ma'sla'ha't qi'li'p aytti'lar. «Yeger bug'an birbirden barsaq birimizdi birimizge qospas, liykin, ha'rne bolsa ha'mmemiz birden atlanbasaq bolmas», — dep ha'mmeleri birden at qoydi'lar.

Anda, Go'rug'li' sultan dushpanlarg'a qarsi' turi'p, G'i'yratqa qamshi' uri'p, dushpandi' aralap, qoyday su'rip, alla dep at qoyi'p, qi'ri'p-joyi'p, qang'a toyi'p, Qi'zi'lbasti'n' jamani'n aralap, semizin saralap, nayza qolda, qi'li'sh belde, sawi't ta'nde, ta'n janda, jan i'ymanda, qanlar qari'li'p, baslar jari'li'p, ko'zler tesilip, bedewler shabi'li'p, qanlar jayi'li'p, izlegen tabi'li'p, qashqan quti'li'p, turg'an tuti'li'p, sawi'tlar so'tilip, woqlar ati'li'p, qang'a bati'li'p, bag'zi'g'a da'met, wo bag'zi'g'a qi'yamet, Go'rug'li'g'a sa'lemet, Qunqarshag'a na'let, ko'z ko'rmek, qulaq yesitpek, ayaq-ju'rmek, qol urmaq, u'lken-u'lkenini qi'rmaq, jazasi'ni' bermek, bul uri'sti'n' tamashasi'n aspandag'i' perishteler ko'rmek, bul uri's Go'rug'li' sultang'a boldi' bir yermek. A'mma, Go'rug'li' dushpanlari'n yerteden pesingeshe attan tu'spey, bir dem aram almay, uri's qi'li'p dushpanlar menen su'risip, la'pleri ti'ri'si'p, nege keldik dep bir-birleri menen kerisip, yekew-yekew, wo bir jerde jatami'z dep quwani'si'p, woyda qi'rda, jer, aspan bir boldi'.

A'mma, bul uri'sti'n' shaniyg'a Go'rug'li' bir so'z aytti':

— Yaratqan bul qa'dir ma'wlan,
Ju'regimde ko'pdur a'rman,
Sherdey boli'p Go'rug'li' xan,
At qoydi' maydan ishinde.

Dushpanlari'n du'rletip,
Nayzalari'n pi'rlati'p,
G'i'yrat ati'ni' harlati'p,
At qoydi' maydan ishinde.

Qudadan bolg'an bul isler,
Ta'g'dirden ha'rne kelgenler,
Ti'lla'dan, soqqan qi'li'shlar,
Shabi'ldi' maydan ishinde.

Bedewlerge sali'p mawi't,
Ati'n shawi'p awi't-awi't,
Zerg'ubali' alti'n sawi't,
So'tildi maydan ishinde.

Tamashani' ko'rip Balxan,
Dushpan boli'p talqan-talqan,
Alti'n g'ubba gu'mis qalqan,
So'tildi maydan ishinde.

Pa'ra'mu'sh boli'p asi'nan,
Sherdey boli'p Go'rug'li' xan,
Jesette turg'an shiyrin jan,
Sati'ldi' maydan ishinde.

Jarasi'qqa quri'p shati'r,
Wo'zin menmen degen bati'r,
Mi'lti'qlari' pati'r-pati'r,
Ati'ldi' maydan ishinde.

Qani'ni' iship misli suwlar,
Basi' ketip neshshe qullar,
Sap qurbashi' alti'n tuwlar,
Jelbirer maydan ishinde,
Ba'rshe dushpan jerde boli'p,
Qara ko'zler qang'a toli'p,
Go'rug'li' xan sherdey boli'p,
Aqi'rar maydan ishinde.

Ha'rkim ko'rse aqi'li' sasi'p,
Ata baladan aljasi'p,

Turg'an wo'lip, qashqan qashi'p,
Shabi'ldi' maydan ishinde.

La'shker kelip ha'r qayannan,
Azamatlar keship jannan,
Won bir jaqtan, bes bir jaqtan,
Qi'ri'ldi' maydan ishinde.

Ati'n shawi'p a'ste-a'ste,
Top-top boli'p da'ste-da'ste,
Baslar kesilip boli'p qa'ste,
Qan to'kti maydan ishinde.

Dushpanlari' boli'p biyjay,
Ma'detker bolg'ay bir quday,
Alti'n kernay, gu'mis si'rnay,
Tarti'ldi' maydan ishinde.

Ko'rgenlerdin' aqi'li' ketip,
Dos ko'rsem dep boli'p i'nti'q,
Aw'izi' u'lken qara mi'lti'q,
Ati'ldi' maydan ishinde.

Adasi'p aqi'li'nan ko'pler,
Qorqaqlar uri'stan shetler,
A'jdarhaday u'lken toplar,
I'sqi'rar maydan ishinde.

Uri's qi'li'p a'lwan-a'lwan,
Si'yi'ng'ani' qa'dir Ma'wlan,
Sol si'patta Go'rug'li'xan,
Qan to'kti maydan ishinde.

A'mma, Go'rug'li'xan Qunqarshani'n' qi'rq mi'n' la'shkeri menen ta'nha uri'si'p, woyaq-buyaqqa su'rip, qoyday qi'ri'p, top-top qi'li'p ayi'ri'p, zorli'g'i'n bildirip, isken bawi'ri'n tildirip, neshshe mi'n'nan wo'ltirip, maydandi' wo'likke tolti'ri'p, Go'rug'li' sultan ha'r shapqanda won-wonbesten shabar yedi. Ha'r shapqanda dushpanlar quti'rg'an iyittey boli'p, birin-biri qabar yedi. Aldi'na kelgen jazasi'n tartar yedi. A'mma, Go'rug'li'bek ha'r

uslag'anda jigirmasi'n, jigirma besin uslap, bir jerge ja'mlep, to'besin mushlar yedi. Bir mush penen isin islar yedi, Dushpanlar quti'rg'an ku'shiktey boli'p, bir-birin talar yedi. Go'rug'li'bek so'ytip, waqti'n xoshlar yedi. Go'rug'li' sultan dushpanlari'n buwdaydi'n' payasi'nday top-top yetip, bir jerge shashlar yedi. Dushpanlar jag'asi'n ji'rti'p, tisler yedi, bazi'birewler bul ba'leden qashan quti'larmi'z dep, ko'zlerin jaslar yedi.

A'mma, Go'rug'li' sultan sol tariyxa namazshamg'asha uri'si'p, baqti'. Suw worni'na qanlar aqti'. Ja'ne qalg'an Qi'zi'lbaslar birden at qoyar yedi. Sol ha'lette Go'rug'li' sultan allag'a si'yi'ni'p, a'wliyelerden ma'det, a'stanat tilep, Go'rug'li' du'nyadan shikayat qi'li'p, bir so'z dedi:

— A'y yaratqan, qa'dir Ma'wlan,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur,
Ruwhi'n'i'zdi'n' Nuwqi' Na'biy,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Bizdi ko'rip turg'an Ja'lil,
Pa'rmani'n'i'zda Ismayi'l,
Bir alla yendi wo'zin' bil,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Aynalay Ibirahim Qalil,
Ruwhi'n'i'zdan bolsa ma'det,
Maqsetimdi men tileymen,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Dawi't uli' yer Sulayman,
Shermende qi'lma, ya Sa'met,
Bul dushpanda joqdur a'ha't,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Ya Muhammed boldi'm hayran,
Bul aradan boli'p giryan,
G'a'rip kewlim boldi' woyran,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

A'buwba'kir, Womar, Wospan,
Ti'ni'sh bolsi'n jer ha'm aspan,
Usi'nday bop qi'si'ng'anda,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Ya piyrim Ha'zireti A'liy,
Ha'mme a'wliyeler ishinde,
Huwd degen allag'a bende,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Ya piyrim siz shahi' Za'nde,
Uri'spasam mag'an bolmas,
Maqset bolmay kewlim tolmas,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

G'awi's, Qiyas, piyrim Iliyas,
Ruwhi'n'di' tiler g'a'rippen,
Zari' mende g'a'ripteymen,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Ya piyrim, won yeki Imam,
Ko'klerge jetti buw Zari'm,
Ju'zimnen ketti arlari'm,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

Qol u'zdin' be, ya pirlerim,
Go'rug'li' der yesit so'zim,
To'rt boldi' sizge ko'zlerim,

Sizlerden ma'det bolmasa,
Neg'i'larman jalg'i'z wo'zim,
Bir ma'det berer, ku'nin'dur.

— dep hari'p-sharshap, nayzag'a su'yenip tur yedi. Bek ko'zine bir shan' ko'rindi, ishinde sansi'z aq kiyimler kiygen, won-top boli'p da'ste-da'ste tuwi' biydag'lar shi'g'i'p, ko'ringen Qun'qarsha patshani'n' la'shkerine, alla dep at qoydi'. Wol la'shkerdi bo'lek-bo'lek qi'li'p jiberdi. Anda, Qun'qarshani'n' la'shkerin uri'p, qi'ri'p joyi'p, tuw biydaqlari'n taslap, Qun'qarshani'n' la'shkeri shi'day almay bari'p sha'ha'rge kirdiler.

Anda, Go'rug'li' waqti' xosh boli'p, la'shkerleri qashi'p ketkennen keyin, qalg'an ko'p woljalari'n ko'z ko'rmegendey, qulaq yesitpegendey da'rejede A'wezxanni'n' aldi'na ali'p keldi.

Anda, A'wezxan atasi'ni'n' bul qi'lg'an islerine «ba'rekella» dep aparin qi'ldi'. Go'rug'li' degenshe bar yekensen', — dep mehiri ketti. «Munday adamni'n' izine yerip, wo'lsem a'rmani'm joq», — dedi.

Anda, A'wezxang'a wolja attan bir jaqsi' at mingizip, wo'zi G'i'yratqa minip woljalari'n aldi'na sali'p, Shambil yeli qaydasan' dep jo'ney berdi. Al ju'rgennen keyin, Ba'dbaq tawi'ni'n' basi'na shi'g'i'p, anda A'wezxan keynine qarap, wo'z yelin qalg'an Gu'rjistanday sha'ha'rin ko'rip, ko'zinen jas ali'p, jurti' menen g'ayi'bana xoshlasi'p, «ja'ne qayti'p ko'rgenshe aman bol» — dep bir so'z dedi:

— Bul ba'lent ko'riner Ba'dbaqti'n' tawi',
Ko'riner uzaqtan Ba'dbaqti'n' sho'li,
Aman bolg'i'l ja'ne qayti'p ko'rgenshe,
Woynap-wo'sken a'ne, Gu'rjistan yeli.

Ayrali'q salg'andur basi'ma qa'ha'ri,
A'jdarhaday sali'p ju'rekke za'ha'ri,
Aman bolg'i'l ja'ne qayti'p ko'rgenshe,
Xosh-aman bol, qaldi'n' Gu'ljistan yeli.

Sali'p tur ju'rekke hijranni'n' woti',
Ju'zime uri'p tur sho'llerdin' sha'rti,
Nesip bolsa qi'yamette ko'rermiz,
Amanda boli'p tur, Gu'rjistan jurti'.

Hijri' woyi'na qalar boldi' bu ta'nim,
Woyran boldi' na'yley bul qa'lbixani'm,
Aman bolg'i'l ja'ne qayti'p ko'rgenshe,
Aqsu't bergen Gu'layi'mday jan anam.

Woyran kewlim Yendi qaynap yosh yendi,
Yesen bolsa, ba'rin ko'rer bas yendi,
Amanlaspay bir-birewden ayri'ldi'q,
Tahko'rgenshe g'a'rip sin'lim xosh yendi,

Wot sali'p tur bal A'wezdin' ishine,
Quwanaman a'jelimnin' keshine,
Sa'lemde basi'mnan ushqan g'arg'alar,
Atam i'rza bolsi'n, belde ku'shine,

Ashi'wlani'p qaramadi'm betin'e,
Men bararman Go'rug'li'ni'n' jurti'na,
Sa'lem degil sorli' g'a'rip anama,
Anam i'razi' bolsi'n, bergen su'tine.

Ushqi'r yedim qanati'mnan qayri'ldi'm,
Ju'yrik yedim tuyag'i'mnan mayri'ldi'm,
Amanda bol, bar tuwi'sqan ag'ayi'n,
A'rman menen men sizlerden ayri'ldi'm..

Uri'sqa mingenim jiyren qi'zi'ldi',
Qayti'p kelip ko'rmek gu'man bu yeldi,
Aman boli'n' ag'a-ini ba'rshen'iz,
Duz nesiybem Shambil belde boldi' Yendi.

Qulaq sali'n' men a'ylegen nedag'a,
Bu jan tilim ba'rshen'izge sadag'a,
Ko'remizbe, ko'rmeymizbe ag'ayi'n,
Men aman tapsi'rdi'm sizdi qudag'a,

A'mma A'wezxan bul so'zdi ayti'p, ko'z jasi'n to'gip, Go'rug'li'ga qosi'li'p, Ba'dbaq tawi'ni'n' basi'nan tu'sip, woljalari' menen Sha'mbil belge qaray jo'ney berdi. Shambil belinin' minara peshtaxlari' ko'rinip, wonda Go'rug'li' sultanni'n' waqti' xosh boli'p, A'wezxang'a qarap Go'rug'li' bir so'z dedi:

— Quda boldi' men g'a'ripke mehirban,
Maydanda ag'i'zdi'm suwday qi'zi'l qan,
Kekilin'nen, dal boyi'n'nan shi'rag'i'm,
Qulaq sali'n' men a'ylegen nedag'a.

Qulaq sali'n' men a'ylegen nedag'a.
Go'rug'li' der sizden ju'z mi'n' sadag'a,
Boyi'n'nan aynalay bal A'wez balam,
Ko'zin'di ash keldin' bizin' yelatqa.

A’ne taw, asqardi’n’ tawi’dur Balhan,
Shambilde men wo’zim bolarman darxan,
Nesip bolsa Shambil belge kirgen son’,
Qi’rq jigitke xan bolarsan’ A’wezxan,

Anaw bir ko’ringen Shambildin’ bag’i’,
Bu’lbilleri qoni’p usharlar zag’i’,
Ko’zin’di ashi’p qara, yendi tani’g’i’l,
Anaw, turg’an Go’rug’li’ni’n’ bulag’i’.

Ko’zimdi tuti’p tur sho’ldin’ g’ubari’,
Uzaqtan ko’riner Shambildin’ dari’,
Ko’zin’di ashi’p qara, yendi bal A’wez,
Wol qara ko’ringey Shambil minari’.

Qaray-qaray ketti ko’zimnin’ yag’i’,
Bir dash yedi Shambil beldin’ uzag’i’,
Minaralar qaptali’nda ko’ringen,
Ba’rshesi dur mediresenin’ peshtag’i’.

Baylansi’n A’wezxan dushpanni’n’ qoli’,
Kelip jetken jerin’ Shambildin’ sho’li,
Shu’kirilla ko’rdim keldim yelime,
Jarqi’rag’an anaw Xewdektin’ ko’li,

At shappag’a qayi’m Ha’wdek dalasi’,
La’yli dur Ha’wdektin’ begi-balasi’,
Go’rug’li’ der keldin’ Shambil yeline,
Aldi’mi’zda turg’an Shambil qalasi’.

A’mma, Go’rug’li’ xan bul so’zdi ayti’p kiyati’rg’anda aldi’nan tamami’ Shambildin’ ag’a biy, wo a’meldarlari’ shi’g’i’p, attan tu’sip, Ha’senxan, A’wezxan menen ko’risip, harma to’rem dep, ba’rsheleri duwa qi’ldi’. A’wezxanni’n’ qa’ddi-qa’wmetine, Ru’stemdey sawlati’na, ayday ju’zine, shekerdey so’zine, quralayday ko’zine, qayi’l degenshe bar yeken dep, A’wezxanni’n’ qa’ddi-qa’wmetine hayran boli’p, Shambildin’ darwazasi’na keldiler.

**Da’stan haqqi’nda tu’sinik**. «Go’rug’li’» xalqi’mi’z arasi’na jazba ha’m awi’zeki tu’rde ken’ tarqalg’an xali’q da’stanlari’ni’n’ biri. Woni’n’ ayi’ri’m bo’limleri qi’ssa

tu’rinde ko’shirilgen boli’p qoldan-qolg’a wo’tip ju’rgen. A’sirese, bul da’stan xalqi’mi’zg’a XIX a’sirde ko’birek ma’lim boldi’. Wo’ytkeni, bul da’wirde jasag’an shayi’rlardi’n’ ko’pshiliginin’ do’retiwshiliginde wo’z qaharmanlari’n Go’rug’li’g’a ten’ep su’wretlew da’stu’rge aylang’an. Mi’sali’, Berdaq shayi’r wo’zinin’ «Yernazar biy» poemasi’nda:

Go’rug’li’ bektey yer yedi,
Qatarda qosa nar yedi,
Toli’ jurtqa da’rkar yedi,
Sheyit wo’ldi Yernazar biy,—

degen qatarlari’nda Yernazar biydi Go’rug’li’g’a ten’lestirip su’wretleydi.

«Go’rug’li’» du’rkinindegi da’stanlardi’n’ xalqi’mi’z arasi’na u’sh tu’ri tarqalg’an. Bulardi’n’ ha’r biri wo’z aldi’na da’stan boli’p «A’wezxan», «Qi’rmanda’li», «Ba’zirgen» degen at penen belgili.

«Go’rug’li’» ni’n’ xalqi’mi’zg’a wog’ada ken’ tarqalg’an bo’legi «A’wezxan» da’stani’ boli’p yesaplanadi’. Bul bo’lim wo’zbek, tu’rkmen baqsi’lari’ arasi’nda bo’linip ayti’li’p ju’rgen «Go’rug’li’» ni’n’ tuwi’li’wi’, «Yunus peri», «Intizar», «Axmet-Sardar ha’m A’wezxan», «Bota ko’z», «Qundi’z ha’m Juldi’z», «A’wezdi izlew», «Xush keldi», «A’wezxan» bo’leklerin wo’z ishine aladi’ ha’m tutas bir da’stan si’pati’nda ji’rlang’an. Soni’n’ menen birge baqsi’-ji’rawlar bul da’standi’ kompoziciyali’q jaqtan biriktirip, sheberlik penen qayta islegen. Da’stanni’n’ XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda belgisiz ka’tipler ta’repinen ko’shirilgen u’sh jazba nusqasi’ bar.

«A’wezxan» da’stani’nda Go’rug’li’ni’n’ tuwi’li’wi’, yer jetiwi ha’m perzentsizlik dag’i’nda qali’wi’, Gu’rjistandag’i’ Qun’qarshani’n’ xi’zmetinde ju’rgen Buldi’ri’q qassapti’n’ balasi’ A’wezxandi’ «Men dayi’n’ Qon’i’rbay bolaman», — dep ha’r qi’yli’ hiyleler menen uri’si’p, jen’ip, wo’z yeline ali’p keliwi, Ag’a Yunusti’n’ A’wezxandi’ wo’zine bala yetip ali’wi’, A’wezdin’ Botako’zge ashi’q boli’wi’, Go’rug’li’ni’n’ adamlari’ni’n’ A’wezdi «Sati’p ali’p kelingen qul» dep aytqani’na ashi’wlani’p, Qunqarshani’n’ yeline

ketip qali'wi', A'wezge Gu'lrikti ali'p beriwi, Gu'lrik ushi'n Gu'rjistanli' Araprayxan menen Go'rug'li' arasi'n-dag'i' tarti's, Go'rug'li'ni'n' Araprayxan qoli'na tu'siwi, G'i'yratti'n' ko'megi menen A'wezdin' Araprayxandi' wo'ltiriwi ha'm de Go'rug'li'ni'n' azat yetiliwi usag'an ko'p g'ana syujetler bar.

Da'stanni'n' basli' ideyasi', negizinen, bati'rli'q boli'p, a'dalatsi'zli'q u'stinen qatan' gu'res ali'p baradi'. Yeldi si'rt yel basqi'nshi'lari'nan qorg'aydi'. Yeldegi feodalli'q basqari'w a'dalatsi'zli'qlar ju'z berip turg'anda, a'lbette xali'q Go'rug'li' si'yaqli' bati'r ha'm a'dalatli' basshi'lardi' a'rman yetetug'i'n yedi. Soni'n' ushi'n da bul da'stan xali'qti'n' a'dalat joli'ndag'i' a'rmani' boli'p, xali'q Go'rug'li' si'yaqli' bati'rlardi' a'rman yetti.

«Go'rug'li'» menen «G'a'rip ashi'q»ti'n' XIX a'sirde xali'q kitaplari' si'pati'nda tani'li'p ketiwinin' ayi'ri'm sebepleri de bar:

Birinshiden, bul da'wirde baqsi'shi'li'q wo'neri yen jaydi'. Terme-tolg'awlardi' ji'rlawshi' a'sbap qobi'zdi'n' worni'na duwtardi'n' qollani'li'wi', qaharmanli'q da'stanlar worni'na ko'birek liro-epikali'q da'stanlardi'n' payda boli'wi' qi'ssa kitaplardi'n' ko'plep tarqali'wi'na da sebepshi bolg'an yedi.

Usi'nday sebeplerge baylani'sli' Shi'g'i's xali'qlari' arasi'nda ken' tarqalg'an ayi'ri'm belgili da'stanlar xali'q kitaplari'na aylandi'. Wo'ytkeni arab imlasi'nda jazi'lg'an bul qoljazba kitaplar, wo'zbek, a'zerbayjan, tu'rkmen, qazaq ha'm qaraqalpaqlarg'a ten'dey xi'zmet yetken. Arab imlasi' tiykari'nda ha'r bir xali'q wo'z tiline jaqi'nlasti'ri'p woqi'g'an. Solay yetip bul qoljazba qi'ssalardi'n' qaraqalpaqsha variantlari' da payda bolg'an. Wolar qi'ssaxan ha'm baqsi'lardi'n' ja'rdeminde xali'qti'n' ma'deniy mu'lkine aylang'an. Bul da'stanlar XIX a'sirde «Xali'q kitaplari'» degen at penen qoljazba tu'rinde tarqalg'an yedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

**1.** G'o'rug'li' Buldi'ri'q qassapti' ne ushi'n qaytaradi'? Patshasi'na neledi ayti'p bari'wdi' tapsi'radi'?

2. Awezxan G'o'rug'i'ni'n' ati'na miniwden ne ushi'n bas tartadi'?
3. Qun'qarshani'n' la'shkerlerine qarsi' G'o'rug'li' qanday yerlik ko'rsetedi?
4. A'wezxan G'o'rug'li' menen birge qaysi' yelge keledi?
5. Da'standi' tu'sinip woqi'n' ha'm tu'sinigin'izdi ayti'p berin'.

## SHAYI'RLAR AYTI'SI'

Shayi'rlar ayti'si' qaraqalpaq a'debiyati'nda yen' rawajlang'an janrlardi'n' biri. Bul janrdi'n' u'lgileri, negizinen, awi'zeki ha'm jazba tu'rinde saqlang'an boli'p tuwi'sqan qazaq ha'm qi'rg'i'z xali'qlari' a'debiyati'nda ko'birek ushi'rasadi'. Ayti'sti'n' negizi «ayti'si'w» so'zinen kelip shi'qqani' ushi'n da bunda tiykari'nan, ko'rkem so'z jari'si' basli' wori'ng'a ko'teriledi. Belgili shayi'r yaki bolmasa shayi'rli'q uqi'pqa iye bolg'an adamlar bir-biri menen da'sme-da's ayti'sqa tu'sedi. Ayti's, tiykari'nan, toy-merekelerde, ko'pshilik ji'ynalg'an ji'yi'nlarda ha'r qanday shayi'rdi'n' talanti'n ani'qlaw ushi'n so'z jari'si' si'pati'nda payda bolg'an.

Baspa so'z rawajlanbag'an yerte da'wirlerde shayi'rlar wo'z do'retpelerin xali'q arasi'nda awi'zsha aytqan. A'sirese, xali'q ko'pshilik aldi'nda yadtan qosi'q shi'g'ari'p, baqsi'lar menen ayti'si'p, so'zden jen'gen adamlardi' g'ana talantli' shayi'r si'pati'nda tani'g'an. Usi'nday sebepler menen ayti's janri' ko'shpeli ha'm yari'm ko'shpeli yellerde de biyik shi'n'g'a ko'teriledi. Soni'n' ushi'n da bul janr XIX ha'm XX a'sirdin' bas gezinde a'debiyati'mi'zdi'n' da'stu'rli bir janri'na aylandi'. Bul da'wirdegi qaraqalpaq a'debiyati'nda shayi'rlar ayti'si'ni'n' u'sh tu'rli belgisi bar:

**1. Tuwi'sqanli'q, tati'wli'q ayti'si'.**

Bul ayti'sti' baslawshi'lar belgili shayi'rlar boli'p, wolar wo'zi menen si'baylas woti'rg'an yellerdin' belgili shayi'rlari' menen ayti'sqan. Bunda ha'r bir yeldin' u'rp-a'deti, geografiyali'q jag'daylari' so'z yetiledi de, birin-biri so'zden jen'iw ushi'n ha'r qi'yli' qashi'ri'mli' so'zler ayti'lg'ani' menen «tu'binde tuwi'sqan yelmiz g'oy» degen

sheshimge keledi ha'm yeki yel arasi'ndag'i' dosli'q baylani'sti' bekkemlewge at sali'sadi'.

**2. Qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' bir-biri menen ayti'si'.** Bunda yeki shayi'r bir-birinin' minezlerin mineydi. Geyde shayi'rlardi'n' jasag'an awi'li', wortali'g'i', wol jerdegi ayi'ri'm topas adamlarda tilge tiyek yetilip, sol shayi'rdi'n' ati' menen baylani'sti'ri'ladi'. Bazda dayi'-jiyenlik tiykari'nda ayi'ri'm uruwlarda so'z boladi', biraq yen' izinde ma'mlege keledi.

**3. Xali'q arasi'nan shi'qqan shayi'r ta'biyatli' adamlardi'n' ayti'si'.** Bunda bir awi'ldi'n' jigiti menen yekinshi awi'ldi'n' jigiti yaki bolmasa bir jigit penen bir qi'z ayti'sqa tu'sedi. Bular ko'pke tani'lg'an shayi'rlar bolmasa da so'zleri wo'tkir, sheshenligi a'dewir basi'm boli'p keledi. Degen menen bul taypadag'i' ayti'slardi'n' ko'pshiliginde qi'z-jigitler qatnasadi'.

Ayti's, shi'ni'nda da, wo'ner. Wo'ytkeni, talap yetilgen sawalg'a tez ha'm tapqi'rli'q penen juwap qaytari'w, woni'n' u'stine qosi'qti'n' ko'rkemligin kestelep ayti'w ha'rqanday adamni'n' da qoli'nan kele bermeydi. Soni'n' ushi'n da ayti'slar xali'q turmi'si'n ayqi'n sa'wlelendiretug'i'n ko'rkem a'debiyatti'n' bir janri' si'pati'nda maydang'a kelgen. Ayti'slarda miynetkesh xali'qti'n' quwani'shi' da, qayg'i'si' da, siyasiy-ekonomikali'q ma'deniy da'rejesi de ayqi'n ko'rinedi. Bunda jeke bilim ha'm talant ayri'qsha a'hmiyetke iye. Ayti'sti'n' basli' bag'dari' jen'iw bolg'ani' ushi'n da jerdi, adamdi', u'rp-a'detti kemsitiwler de ushi'raydi'. Biraq bul bag'darlar ja'miyetshilik ko'zqarasi'nan a'dil bahalani'p shayi'rdi'n' worsaqi' so'z ayti'p, shetke shi'qpawi', ha'rqanday ayti'sti'n' haqi'yqatli'qqa ha'm dosli'qqa bag'darlani'wi' talap yetiledi. Usi'nday bag'darda ali'p bari'lg'an ayti'slar g'ana xali'qti'n' wo'shpes ma'deniy miyraslari'ni'n' biri boli'p qaldi'.

XIX a'sirde ha'm XX a'sirdin' bas gezinde payda bolg'an dosli'q ha'm tati'wli'q haqqi'nda ayti'slar xalqi'mi'z tariyxi'nda belgili wori'n tutadi'. Bular belgili qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' tuwi'sqan qazaq shayi'rlari' menen ayti'slari' boli'p tabi'ladi'. Bunday ayti's tu'rlerine Ku'nxojani'n' Sherniyaz benen ayti'si', A'jiniyazdi'n' Qi'z

Men'esh penen ayti'si', Quli'mbet shayi'r menen A'biwba'kirdin' ayti'si', Mansur menen Da'menin' ayti'si' ha'm basqa da ayti'slardi' ko'rsetiw mu'mkin.

Tuwi'sqan qazaq xalqi' a'zelden-aq tilge sheshen boli'p ko'p g'ana talantli' shayi'rlardi' ta'rbiyalap shi'g'arg'an. Yeki xali'q arasi'ndag'i' a'debiy ha'm ma'deniy baylani'slar yerte da'wirlerden baslap-aq payda boli'p, wolardi'n' bir-biri menen bolg'an dosli'q ha'm tuwi'sqanli'q qari'm-qatnaslari'n payda yetken. Usi'nday sebepler menen qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' da qazaq jerlerinde boli'p tuwi'sqanli'q baylani'slar du'zgenligi ma'lim. Bunday ma'deniy baylani'slar qaraqalpaq ha'm qazaq shayi'rlari'ni'n' ayti'slari'ni'n' payda boli'wi'na sebepshi boldi'.

Al, qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' bir-biri menen ayti'slari' da wo'z aldi'na ayri'qsha wo'zgesheliklerge iye. Bul bag'dar negizinen XIX a'sirden baslani'p XX a'sirdin' bas gezinde ayri'qsha rawajlang'an. Sol da'wirden miyras boli'p qalg'an Berdaq shayi'rdi'n' Wo'tesh penen ayti'si', Gu'lmurat penen Sari'baydi'n' ayti'si', Ayapbergennin' Ma'ten menen ayti'si', Seyfulg'abittin' Qazi' Ma'wlik penen ayti'slari' bug'an ayqi'n mi'sal bola aladi'. Bul ayti'slardi'n' da tematikasi' ha'rqi'yli'. Ayti'sti'n' tiykari' so'zden jen'iw bolg'ani' ushi'n da bunda shayi'rlar bir-birinin' kemshiligin izlep, si'nap-minep, geyde zeyinge tiyetug'i'n so'zlerdi de qosi'p jibergen. Biraq, ayti'sti'n' son'i'nda shayi'rlar dayi'li'-jiyenligin yamasa zamanlas dos yekenligin yesapqa ali'p, wo'z ara kelisimge kelip, biri-birinen keshirim sorag'an jerleri de ushi'rasadi'. Mi'sali', Berdaq penen Wo'teshtin' ayti'si' da tap sonday si'patlamag'a iye. Wolar wo'zlerinin' dayi'li'-jiyen yekenligin yesapqa ali'p, biri yekinshisinin' ka'sibine min taqpaqshi' bolsa, yekinshisi «Yernazarday bati'rdi' wo'z qoli'n' menen baylap berdin'», — dep mineydi. Biraq yen' izinde yekewi de ma'milege keledi.

Al, Ayapbergen shayi'r menen Ma'ten shayi'rdi'n' ayti'si' bunnan wo'zgeshelew usi'lda beriledi. Bunda da Ma'ten shayi'r ataqli' shayi'r Ayapbergendi jen'iw ushi'n woni'n' ruwi'n ha'zil-da'lkek yetip qosi'q shi'g'arg'an. Bul

jag'day ko'rnekli shayi'rg'a u'lken ta'sir yetip, woni'n' menen ayti'sqa tu'sedi.

Qaraqalpaq shayi'rlari' arasi'nda bir-birine xat arqali', xat jazi'p ayti'si'w wo'neri de boldi'. Mi'sali', Seyfulg'abit Ma'jitov «Sapura» dep atalg'an jasi'ri'n isim menen Qazi' Ma'wlik penen xat arqali' ayti'sqan. Bul ayti'sti'n' ayi'-ri'm qoljazba nusqalari' da boli'p, buri'ng'i' ayti'slarg'a qarag'anda a'dewir wo'zgesheliklerge iye. Wo'ytkeni, bul ayti'slardi'n' ideya-tematikasi', negizinen, sol da'wirdegi yeldi sawatlandi'ri'w, ma'deniy ag'arti'wshi'li'q isleri menen baylani'sli' boli'p keledi. Bul yeki shayi'rda bir-biri menen ayti'si'wda Shi'g'i's muashshaqlari'nan[1] sheberlik penen paydalang'anli'g'i' ko'rinip turadi'. A'lbette, bul yeki shayi'rdi'n' da sawatli' ha'm bilimli bolg'anli'g'i'nan da'rek beredi.

Bul da'wirde payda bolg'an ayti'slardi'n' ja'ne bir tu'ri shayi'r ta'biyatli' jigit-qi'zlar ayti'si' boli'p yesaplanadi'. Bular joqari'da ayti'p wo'tilgen belgili shayi'rlarday xali'q arasi'na ken'nen tani'lmasa da, negizinen, wolardi'n' da so'zge sheber, talantli' adamlar bolg'anli'g'i' sezilip turadi'. Bunday qi'z-jigitler ayti'slari'ni'n' qatari'na Yerimbet penen Ayxanni'n', Sultamurat penen Suli'wxanni'n', Ri'sjan menen Gu'lxanni'n' ayti'slari'n kirgiziwge boladi'.

Talantli' qi'z-jigitler ko'birek woti'ri'spa ji'yi'nlarda ayti'sqa tu'sken. Bul ayti'slar jazba tu'rde saqlap qali'nbag'an, lekin, solay bolsa da sol da'wirdegi awi'zeki a'debiyat u'lgilerin ji'ynawg'a salmaqli' u'les qosqan Sa'dirbay Ma'wlenov penen Sha'mshet Xojaniyazovlar xali'q arasi'nan qi'z-jigitler ayti'slari'ni'n' ko'plegen u'lgilerin ji'ynag'an. 1896-ji'li' «Yerimbet penen Ayxanni'n' ayti'si'» da solardi'n' biri yesaplanadi'.

Mine, usi'nnan-aq qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'nda ayti's janri'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi menen birge, insan ta'rbiyasi'nda tutqan ta'lim-ta'rbiyali'q a'hmiyeti ani'q ko'rinip turadi'. Solay yetip, ayti's janri'ni'n' bir neshe tu'rleri XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda xalqi'mi'z

---

[1]**Muashshaq** — Arab ha'riplerinin' ta'rtibi menen belgili bir adamni'n' yaki bolmasa zatti'n' ati'n jazi'w.

arasi'nda ko'plep do'retilip, bul janr shi'g'armalari'ni'n', tiykari'nan xali'q turmi'si' menen ti'g'i'z baylani'sli' rawajlang'anli'g'i'nan da'rek beredi. Ja'ne de bul janr shi'g'armalari' wo'zinin' ideyali'q-tematikali'q, janrli'q wo'zgeshelikleri menen de awi'zeki a'debiyati'mi'z benen jazba a'debiyatti' baylani'sti'ri'wda qu'diretli ku'shke aylandi'.

## SHAYI'RLAR AYTI'SI'

### Quli'mbet penen Kerderi A'biwba'kirdin' ayti'si'

Q u l i ' m b e t:

Hu'rmetli sa'lem jazaman
A'biwba'kir mollag'a.
Bir jazag'an qu'diret,
Si'yi'naman allag'a.
Yesitilgen qulaqtan,
Bu'lbu'ldin' dawsi' qala ma?!
Tog'aydag'i' g'arg'ag'a ?!
Ba'rin sag'an aytpayman,
Ji'ynalg'an so'zim toladi',
Par wo'giz jekken arbag'a,
Ayi'bi'm bolsa wo'zime ayt,
Meni ayap qarg'ama !
Yesitemen sol jaqta,
Ori'nbor degen qala bar.
Ber jag'i'nda qalani'n',
Kerderi menen toma bar,
Wol kerderi ma'kani'.
Sari' qobda degen sala bar.
Kerderinin' ishinde,
A'biwba'kir degen bala bar.
Bizin' jaqqa xabari',
Go'rug'li' menen barabar.
Usi' xati'm joli'qsa,
Bizge ayti'p jazatug'i'n,
Qanday tu'rli sana bar?
Bizge jazi'p jiberin',
Sizin' jurtti' aralar.

Woqi’p yetsin tamasha,
Uli’-kishik balalar.
Tabi’n, Izim arqali’
Berirekte tapsi’rdi’m,
Jog’altpayi’n ala bar!
Jan qaltan’a sala bar!
Bizde biraz yelatpi’z,
So’z biletug’i’n dana bar.
Insha alla, wo’zimde,
Jo’n biletug’i’n shama bar.
Uli’q-zati’m qaraqalpaq,
Wo’zim ati’m — Quli’mbet,
Xosh boli’n’i’z ag’alar!

K e r d e r i A’ b i w b a’ k i r:

Joli’qti’m, hey Quli’mbet, xati’n’i’zg’a,
Tani’sti’q xat ju’zinde ati’n’i’zg’a,
Ruwi’n’ qaraqaplaq boladi’ yeken,
Tu’sindim ja’ne uli’q-zati’n’i’zg’a.
Ji’ynalg’an so’zin’ tolsa par wo’gizge,
Jaqsan’ da tu’wesilmes woti’n’i’zg’a,
Ali’stan yen’bek qi’li’p so’z sorapsan’,
Bereyin azi’raq so’z haqi’n’i’zdi’.
Az so’zdi ko’p so’zge qosi’p aldi’n’,
Joli’qpay joyi’lmasa qapi’n’i’zda,
Ko’p sa’lem Qulimbetke, qaraqalpaq,
Yekewmiz tuwi’sqanbi’z salti’ wortaq,
Qandayi’n sizin’ jurtti’n’ bile almayman,
Mollalar ko’p keledi tili jalpaq,
Sorasam «arg’i’ tu’bin’ kim yeken?» dep,
Bilmeydi negizine ba’ri shorqaq.
Sorayman «Qaraqalpaq kim boladi’?
Qansha jurt Xorezmnin’ aynalasi’?
A’nesten arg’i’ atami’z berman qaray,
Qaysi’ uri’q boladi’ yeken yel ag’asi’?
Arjag’i’n’ awg’an, ta’jik, sart, tu’rkpen,
Na’sili qay wori’nnan, kim atasi’?
Jeti i’qli’m da’rya bar, sha’ha’rler bar.
To’rt bo’lim, qaysi’ boladi’ jer parasi’ ?

G’arri’lardi’n’ usi’ naqi’l awzi’nda bar,
Qazaqti’n’ qaysi’ boladi’ alti’ alashi’ ?
Kerderi sorawshi’ A’biwba’kir,
Tani’rsan’ ko’rgennen-aq so’z qarasi’,
Ma’nisin bilsen’ qaytar, bilmesen’ qoy,
Aqi’lli’ bola qalsaq yel danasi’.
Sorag’an u’mitin’e qarsi’ jazdi’m,
Usi’ menen tamam boldi’ so’z sag’asi’.

Q u l i ’ m b e t :

Xat yettin’, A’biwba’kirjan, shi’rag’i’m,
Tuwi’sqan tu’bimiz bir, shamshi’rag’i’m,
Bir ku’n. Bes ji’l boldi’ jazi’p yedim,
Xabari’ bi’yi’l boldi’ ha’m, shi’rag’i’m,
So’zin’de ashshi’ da bar, dushshi’ da bar,
Ju’zin’di ko’rmey si’rttan qushtarlandi’m.
Awdari’p bizin’ yeldin’, bo’rkin ko’rgen,
Azi’raq atpasan’ da, shani’shqi’ladi’n’.
U’yinde Quleken’di tegin qoymay,
Birtalay yel tu’binen jo’n soradi’n’
Sizdi men wo’zim tiyip woyatqan son’,
Tapsi’rg’an minnetimnen arshi’laman...
Boladi’ bizin’ xali’qti’n’ u’lken bo’rki,
Boladi’ jawi’ri’nli’, toli’q ko’rki,
Kiyedi jaz i’ssi’da ko’len’ke ushi’n,
Qi’s ku’ni kiymese de bardi’ yerki.
Mig’rajda payg’ambari’m nuri’ tu’sken,
Ma’kani’m wol Xorezm jerdin’ berki.
Pu’tkil jurt qoni’si’na wortaq yemes,
Bahadi’r biz xali’qpi’z qorqaq yemes,
So’yleymiz jigirma tog’i’z ha’rip penen,
Tilimiz bek, ajarli’ jalpaq yemes,
Bar bolsa bizde bo’rik, sizde tumaq,
Ji’rti’qqa tesik ku’lgen a’ntek yemes,
Aynala bir ayli’q jol Xorezmnin’,
Ishinde ba’lent ashqan qag’azi’n’ni’n’,
Qazaq penen qaraqalpaq atasi’ bir,
Alti’ alash, tu’rkpen, qalpaq, qazaq, wo’zbek.
Altaw dep qi’rg’i’z yestek, aytti’m go’zlep

Ag'asi' alti' alashti'n' tu'rkpen jurti',
Shi'rag'i'm, qabi'l alsan' muni' so'z dep,
Atasi' g'awi'rlardi'n' Qabi'l dedim.
Bilipti kitaplardan tapti'm izlep,
Kim bolsa mag'al jurti' qalmaq sonnan,
Mag'anasi'n ushbuw so'zdin' sorasan' biz dep,
Ba'rshesin tu'wel aytqan shejire joq,
Yel wo'tken bizden buri'n dizbek-dizbek.

Awg'anni'n' tu'bi nog'ay, sart, yestekten,
Alti' alash, tu'rkpen jurti' bir na'sipten,
Ayi'pqa qa'te bolsa buyi'rman'i'z,
Ag'an'ni'n' ken'esi usi' buw ko'rsetken.
Jeti i'qli'm jerdin' ju'zi jeti bo'lim,
Aytayi'n bilgenimdi bul yesaptan.
To'rt bo'lim: u'shewi suw, birewi qurg'aq,
Qara jer suw u'stinde turg'an zi'rlap,
Bir i'qli'm Ma'kke menen Ma'diynedur,
Mollla yemes, sayaqlardan bildim ti'n'lap.
Yekinshi-Quddi's penen Sham boladi',
U'shinshi-Bag'dat, Feruz ha'm boladi',
To'rtinshi-Qi'ri'm, Rum degen sha'ha'r,
Besinshi-Shi'nmashi'n ha'm Qi'tay xalqi',
Adamni'n' woyi' jetpey tan' boladi'.
Alti'nshi'-Ma'skew menen Yedil jurti',
Sha'ha'rler sonday-aq wonda mol boladi'.
Jetinshi-Sharjaw, Buxara, Xorezmlik,
Sorag'an jeti i'qli'mni'n' sol boladi',
Da'ryasi' jeti i'qli'mni'n' sonnan shi'g'ar.
Da'ryag'a, muxiyt, ten'iz woram shi'g'ar,
Bilsem xosh, bilmesede ayi'p ko'rme,
Ag'an'i'z woqi'mag'an, nadan shi'g'ar,
Yeger de, bile qalsam i'qli'm ju'zin,
Sorag'an juwaplari'n' tamam shi'g'ar.
A'biwjan, xosh aman bol ko'rgenimshe.
Duwadan siz de bizdi taslaman'i'z,
Shi'rag'i'm, qi'mbat ko'rin' Kerderin'she.
Jiberdim qalashi'dan qag'az jazi'p,
Wo'zimnin' ha'rne bar bilgenimshe.

K e r d e r i   A ’ b i w b a ’ k i r:

Quleke, bes ji’l boldi’ xati’n’ keldi,
Quli’mbet shayi’r degen ati’n’ keldi,
Bul jaqtan «pomoshnik» biy barg’anda,
Maqtapsan’ tumaq kiygen ha’kimlerdi.
Wol biyler mi’rzali’q penen seni si’ylap,
Qaysi’si’ shani’ menen ati’n berdi?
Degenge «bo’rkin’ u’lken awi’r ko’rdin’,
Bul isin’ jamanli’qqa jaqi’n keldi.
Tumaqti’ wonda maqtap, wonda kem dep,
Jen’iltek sizden yeki aqi’l keldi,
Mi’na so’z siz aytpayti’n juwap yedi,
Awi’zi’n’a an’lawsi’zda g’api’l keldi.
«Qaraqalpaq xali’q,-depsen’,- yerkin wo’sken»,
Ayti’psan’ «Ko’kiregin miynet tesken»,
Sha’ha’rine ha’m Xorezm, ha’m Xiywali’ni’n’,
Mig’rajda ra’siwlinin’ nuri’ tu’sken.
Jerinde ka’ramatli’ a’wliye ko’p,
Wot jaqpay, qazani’nda awqat pisken,
Ko’p nadan, paqi’ri’n’i’z qarag’anda,
Sekilli a’deti ko’p nurdan ko’shken.
«Qori’qpayti’n qaraqalpaq bati’r» depsen’,
Bilindi bati’rli’g’i’ qaysi’ isten?
Jerin’e qazaq awi’p talay bardi’,
Hesh na’rse ko’re almadi’q g’ayrat-ku’shten,
Soradi’m Xorezmdi qansha yel dep,
Ayti’psan’ aynalasi’n ayli’q jol dep,
Sorasam yel shamasi’n jol yetipsen’,
Aytayi’n bul so’zin’di neshik wol dep?!
«Atasi’ alti’ alashti’n’ A’nes» depsen’,
Shi’g’ardi’n’ bul so’zin’di suli’w, jo’n dep.
«Ag’asi’ ba’rshesinin’ tu’rkpen» dedin’,
U’lkeni wo’zbek yeken kettin’ ko’lbep,
Du’nyani’ topan suwi’ qaplag’anda,
Ha’m Samlar keme minip shi’qqan demlep.
Nuxti’n’ King’an ug’i’li’ tilin almay,
«Qalaman» dep tawg’a shi’g’i’p wo’lgen men’lep.
Ko’p qa’wim sol King’anni’n’ na’sili yeken,

Jetissen' ulli' yelge sonnan wo'rlep,
Bulardan basqa hesh bir jurt qalmag'an,
«Iymansi'zlar-Qabi'l» depsen' biykar sho'llep,
Qaldi'ri'p qi'zi'l basti' bildin' qalmaq,
Ayti'psan' jeti i'qli'mdi' terisin jo'n dep,
Jeti i'qli'm sha'ha'r, da'rya men aytayi'n,
Quleke, zeynin' jetse, qara an'lap.
Awele, Babi'l menen G'ajam sha'ha'ri,
Yekinshi-Indistanda i'lg'i'y san'laq.
U'shinshi-Hiyjaz, Yemen, Ma'kke boldi'.
Bir sheti buw i'qli'mni'n' Kafta boldi'.
To'rtinshu-Afrika ha'm Andalis,
Wo Diyar, Mi'si'r sheti taqta boldi'.
Besinshi-woti'z sha'ha'r Sham menen Rum,
Sha'ha'r az jarati'lg'an munnan buri'n.
Alti'nshi'-Tu'rik penen Sahaliba,
Wo ha'zir ulli' xali'q bolar dedim,
Jetinshi-Shani'-Idilde wo Bulg'ari',
Faqi'ri' buni' bilmek ulli' bilim,
Du'nyada ten' boladi' jan uyasi',
Ken'estin' u'lgi bolar ja'riyasi',
Ulli' muxiyt penen okeani',
I'qli'mni'n' bul birinshi da'ryasi',
Yekenshi-Shi'n da'ryasi' joqari' aqqan.
U'shinshi-Ind da'ryasi' shi'qqan Kaftan,
To'rtinshi-Farsi' da'rya shi'g'adi',
Xorezmlik Buxara jaqtan,
Besinshi-Xalzam ba'ri ulli' da'rya,
Alti'nshi'-Jurjan ba'hri, wo'zin' woyla.
Jetinshi-Mag'riftin' da'ryasi',
Shi'g'arsan' woni' izlesen' woti'z ayda.

U'yretken sag'an molla qa'te yetipti,
Arasi' buw i'qli'mni'n' a'lle qayda?!
Bul so'zler mag'i'nali' u'lken ken'es,
Aytatrug'i'n wo'len' yemes qi'z benen toyda.
Quleke, bildim sizin' u'lken jasi'n'
Beriwge yelin' ali's qoydi'n' basi'n,
Uli'na musi'lmanni'n' duwashi'mi'z,

Ko'rsetken bul da menin' i'qlasi'm,
Bar bolsa ja'ne so'zin' tag'i' jiber,
Qi'zi'qli' xalayi'qqa ken'es bolsi'n.

XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda jasag'an Quli'mbet shayi'r (1852—1912) Orenburgta jasaytug'i'n belgili qazaq shayi'ri' A'biwba'kir Kerderi menen xat arqali' ayti'sqan. Bul ayti's 1905-ji'li' Qazanda basi'lg'an «A'debiyat qazaxiya» kitabi'nda basi'li'p shi'qqan yedi. Ayti'sta ko'rsetilgenindey-aq Quli'mbet shayi'r A'biwba'kir menen ayti's'i'w ushi'n Orenburgqa xat jazadi'. A'biwba'kir de wo'z gezeginde wog'an qosi'q penen juwap qaytaradi'.

Ayti'sti'n' mazmuni'na qarag'anda, yeki shayi'r da wo'z da'wirinin' sawatli' adamlari'ni'n' biri bolg'an. Mi'sali' Quli'mbet ayti's janri'n u'rdis tuti'w menen birge, xali'q awi'zyeki do'retiwshiligin ji'ynaw menen de shug'i'llang'an. Al, qazaq shayi'r'i' A'biwba'kir de bir neshshe kitaplari' shi'g'ip, bir neshshe ayti'slarda dan'q shi'g'arg'an. Wolar bir-biri menen jumbaqli' soraw formasi'nda ayti'sadi'.

A'biwba'kir Quli'mbetke yel-xali'q ta'g'dirine baylani'sli', woni'n' kelip shi'g'i'w tariyxi'n, geografiyali'q wortali'g'i'n, basqa xali'qlar menen bolg'an socialli'q-ekonomikali'q, ma'deniy baylani'slari'n so'z yetetug'i'n iri socialli'q-turmi'sli'q, tariyxi'y-geografiyali'q sorawlar beredi. Bul sorawlardi' beriw arqali' qaraqalpaq ha'm qazaq xali'qlari'ni'n' a'yyemnen kiyati'rg'an dosli'q qari'm-qatnaslari'n u'git-na'siyatlag'i'si' keledi:

Ko'p sa'lem Quli'mbetke, qaraqalpaq,
Yekewmiz tuwi'sqanbi'z salti' wortaq,

Quli'mbette bul sorawlarg'a juwap bergende, usi' dosli'qqa sadi'q turi'p juwap beredi. Wol bul yeki xali'qti'n' tariyxi'y ta'g'dirlerin bahalawg'a jen'il na'rse dep qaramay, juwap bergende ko'p woqi'p, ko'p izlenip, kitaplardi' aqtari'p, sayaxatshi'lardi'n' pikirlerin ti'n'law menen birge, xali'q awi'zeki a'n'gimelerine de u'lken a'h'miyet beredi.

Ayti's jumbaqli' formada ayti'ladi'. Bunda A'biwba'kir bergen sorawlardi'n' xali'qlar tariyxi'na baylani'sli' an'i'z-

lardi' na'zerde tuti'p beriliwi, woni Quli'mbettin' de an'i'z tiykari'nda sheship beriwi, biraq A'biwba'kirdin' na'zerde tutqan an'i'zi' Quli'mbettin' sheshkenindey yemes, basqa boli'p shi'g'i'wi', bul ayti'sti'n' jumbaq tiykari'ndag'i' ayti's yekenligin ko'rsetedi. Sonday-aq shayi'rlar ani'zlardi' mexanikali'q tu'rde paydalanbastan, belgili bir maqsetke, yag'ni'y yeki xali'qti'n' dosli'q-tuwi'sqanli'q qari'm-qatnasi'n da'lillep ko'rsetiw ushi'n qollanadi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Ayti'sti'n' mazmuni'nda qanday ma'seleler so'z yetiledi?
2. Ayti's qanday formag'a quri'lg'an?
3. Ayti'sta yel-xali'q ta'g'dirine baylani'sli' qanday ma'seleler so'z yetiledi?
4. Ayti'stag'i' qaraqalpaq, qazaq xali'qlari'ni'n' yerteden kiyati'rg'an dosli'q qari'm-qatnaslari'ni'n' su'wretleniwine itibar berin' ha'm tu'sinigin'izdi ayti'n'.

## XX A'SIRDEGI QARAQALPAQ A'DEBIYATI'NAN

### AYAPBERGEN MUWSAEV

(1880—1936)



XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' baslawshi'lari'ni'n' biri, ataqli' xali'q shayi'ri' Ayapbergen Muwsaev 1880-ji'li' Moynaq rayoni'nda Sorko'l awi'li'nda tuwi'ladi'. A'kesi «molla» Muwsa yeskishe sawatli' adam bolg'anli'qtan, Ayapbergen a'kesinen, son'i'nan yeski mektepte woqi'p ta'lim aladi'. Wol xat woqi'p, sawat ashqannan son' «G'a'rip-ashi'q», «Yusup-Zliyxa», «Go'rug'li'» si'yaqli' xali'q da'stanlari' menen birge klassik a'debiyatti'n' u'lgileri bolg'an Nawayi', Maqti'mquli', Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq h.t.b. shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'n yadlap ali'p xali'qqa qi'ssa joli' menen jetkeriwde

ayri'qsha xi'zmet yetti. Jaslayi'nan ko'rkem so'zge qumar, qati'qulaq Ayapbergen wo'zi de 15-16 jaslari'nan baslap-aq qosi'qlar do'retip, toylarda kelinsheklerdin' betin ashadi' ha'm xali'q arasi'na «Molla», «G'a'rip» laqabi' menen tani'la baslaydi'. Wol ken'es hu'kimetinen buri'ng'i' ha'm son'g'i' ji'llarda jasag'anli'qtan yeki da'wirdin' waqi'yalari'n da wo'z shi'g'armalari'nda sheber sa'wlelendiredi. Xali'q shayi'ri' wo'z da'wiri menen ayaq qosi'p, 1921-ji'ldan baslap Sorko'l awi'li'ni'n' xatkeri wazi'ypasi'nda isleydi. 1936-ji'li' 3-martta 56 jasi'nda qayti's boladi'.

Shayi'rdi'n' yen' birinshi toplami' «Shi'g'armalar» degen at penen 1941-ji'li' basi'li'p shi'qti'. Ayapbergennin' shi'g'armalari'n ji'ynawda ha'm baspag'a tayarlawda N. A. Baskakov, T. Bekimbetov, X. Axmetov, T. Safiev, O. Kojurov, Q. Ayi'mbetov, N. Japaqov, M. Nurmuxamedov, A. Karimov, G. Yesemuratov, Q. Bayniyazovlardi'n' miynetleri ayri'qsha. Shayi'r shi'g'armalari' wo'zi wo'lgennen son' 1956, 1960, 1980-ji'llari' toli'qti'ri'li'p, qaytadan basi'li'p shi'qti'.

A. Muwsaevti'n' ko'pshilik qosi'qlari' yumor-satirali'q su'wretlewlerge wog'ada bay boli'p keledi. Shayi'r turmi'sta, a'sirese, a'tirapi'nda boli'p ati'rg'an yersi ha'm ku'lkili ha'diyselerge biypa'rwa qaramaydi'. Wol «Yaranlar», «Wo'tepbergen», «I'shqi'paz», «Ma'mbetnazar», «Kemal», «Allanazarg'a», qosi'qlari'nda sol waqi'tta ken' ha'wij alg'an ko'p hayal ali'wshi'li'qti' a'shkaralasa, «Qi'z qi'di'rg'an jigit», «Seremuratqa», «Wo'temuratqa» qosi'qlari'nda da ayi'ri'm qayqi' jigitlerdin' naqolay ha'reketlerin qatan' si'ng'a aladi'. «Dosti'mni'n' dilbari'nan», «Sultan maqsi'mg'a», «Megzer» qosi'qlari'nda bolsa wo'zi bilgen ha'm bilmegen halda qi'yi'n jag'dayg'a tu'sip qalg'an adamlarg'a na'siyat beredi. Shayi'rdi'n' «Suwshi' ju'rmen'ler» degen qosi'g'i'nda Yeshimbettin' u'yinde suwshi' boli'p islegen Saparbaydi'n' ayani'shli' awhali' su'wretlenedi.

A. Muwsaevti'n' do'retiwshiliginde hayal-qi'zlar temasi' belgili wori'n tutadi'. Shayi'rdi'n' «Maqsi'mjan qi'z», «Shul qi'zdi'n'», «Kelin», «Ma'sxan», «Biybiajarg'a»,

«Mazli'm janan», «Qi'rmi'zi'», «Bir go'zzal» h. t. basqa da qosi'qlari'ni'n' ha'r birinde qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' suli'w obrazlar du'nyasi' payda bolg'an. Wolarda qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' si'rtqi' go'zzalli'g'i' menen qosa minez-qulqi', iybe-a'debi, ju'ris-turi'si' menen de aji'rali'p turatug'i'n si'patli' belgileri ta'riyiplengen.

Ayapbergen Muwsaev ko'plegen arnaw qosi'qlari'n da jazadi'. Shayi'rdi'n' «Worazbay», «Sa'nkibayg'a», «Zakarya», «Yesqaliy» qosi'qlari'nda yeli-xalqi' ushi'n hadal xi'zmet yetken ayi'ri'm adamlardi'n' azamatli'q isleri maqtani'sh penen tilge ali'nadi'. Shayi'r «Worazbay» qosi'g'i'nda ka'mbag'alli'qtan jaqsi' turmi'sqa yerisken Worazbay degen jigittin' hadal miyneti ha'm adamgershilik qa'siyetleri menen xali'q arasi'na ken'nen tani'lg'ani'n bi'layi'nsha su'wretleydi.

Ha'r kim tuwri' ju'rse yeldin' da'wleti,
G'osh jigit basi'na kelgen na'wbeti,
Qazaq, qaraqalpaq, wo'zbek milleti,
Bulardi'n' ari'na shapqan jigitsen'.

Shayi'rdi'n' «Yesqaliy», «Zakarya» h.t.b. qosi'qlari'nda da yeli ushi'n hadal xi'zmet yetken jigitlerdin' ma'rtlik isleri ha'm wolardi'n' ayi'ri'm waqi'tlarda qi'yi'n jag'daylarg'a dus keliwi, lekin, usi'nday qi'yi'nshi'li'qlardi' ma'rtlik ha'm sabi'rli'li'q penen jen'e biliwi ko'rkem ha'm isenimli ji'rlanadi'. A. Muwsaevti'n' do'retiwshiliginde yumor-satirali'q qosi'qlarg'a ken' wori'n berilgen. Shayi'rdi'n' «Berse alman'lar», «Saparbayg'a», «Ma'ten shayi'r», «Bar yeken», «Ayshasan'», «Qi'z qi'di'rg'an jigit» ha'm basqa da qosi'qlari'nda ayi'ri'm jeke adamlardi'n' minez-qulqi' menen islegen ha'reketindegi unamsi'z illetlerdi a'shkara yetedi.

Usi'layi'nsha shayi'rdi'n' qaysi' qosi'g'i'n ali'p qarasaqta, ta'riyip, arnaw, yumorli'q ha'm satirali'q qosi'qlarg'a wog'ada bay boli'p, xalqi'mi'zdi'n' wo'tkendegi tariyxi', yag'ni'y shayi'rdi'n' wo'z da'wirinin' real waqi'yalari'na tiykarlani'p jazi'lg'anli'g'i'n ko'remiz.

## TA'RIP

Arjaq-berjaq boli'p yeki san bolg'an,
Bo'lim-bo'lim yeller qaraqalpaqta,
G'an'qi'ldasi'p u'yrek ushi'p, g'az qong'an,
Aydi'n-aydi'n ko'ller qaraqalpaqta.

Sharwalari' ko'ship, ataw jaylag'an,
Biye sawi'p, qatar quli'n baylag'an,
Qulan-kiyikleri sekirip woynag'an,
Qi'ya-qi'ya sho'ller qaraqalpaqta.

Begleri bar tawdan ati'n sekirtken,
Joldas yetken belli-belli jigitten,
At shawi'p, qus sali'p, tazi' yu'girtken,
Ulli'-ulli' begler qaraqalpaqta.

Dani'shpan, xosh so'zli, faham-idrakli.
Uri'sta bir wo'zi mi'n'g'a derekli,
Go'rug'li' haybatli', Ru'stem ju'rekli,
Belli-belli jigit qaraqalpaqta.

Jigitleri yel gezer qi'zni'n' qasti'nda,
Gu'lleri ashi'lg'an ba'ha'r pasli'nda,
Alma ko'zi, a'rebi atlar asti'nda,
Ma'rt g'oshshaq jigitler qaraqalpaqta,

Qi'zlari' bar qi'ya-qi'ya qaslari',
Iynin jabar wo'rim-wo'rim shashlari',
Shashbawi'nda ga'whar hasi'l taslari',
Hu'r periyzat qi'zlar qaraqalpaqta,

Sahrada seyil yetip ji'g'i'n baslag'an,
Qarshi'ga, aq tuyg'i'n, lashi'n qus salg'an,
Aq-qara bas sona, su'ylin uslag'an,
Qus salg'an qa'lpeler qaraqalpaqta.

G'a'rip aytar wo'tti neshe ja'ha'nger,
Ha'r kim yelin jaman demes, jaqsi' der,

Mir-Alisher, Jiyrenshege ta'qa'bbil,
Ataqli' shayi'rlar qaraqalpaqta.

A. Muwsaevti'n' qaysi' da'wirde jazi'lg'an qosi'qlari'n ali'p qarasaqta yumor-satirali'q ha'm ta'riplew usi'li'nan sheber paydalang'anli'gi'n ko'remi'z. «Ta'rip» qosi'g'i' shayi'rdi'n' da'slepki ji'llari' jazg'an qosi'qlari'nan yesaplanadi'. Shayi'r bul qosi'qta wo'z xalqi'ni'n' a'jayi'p ha'm ta'kirarlanbas kelbetin, adamlari'n'i'n' jaqsi' ha'm u'lgili qa'siyetlerin bari'nsha sheber asha alg'an. Qosi'qta shayi'r qaraqalpaq yelinin' aydi'n ko'lleri menen g'az-u'yreklerin, bati'r ha'm ma'rt jigitleri menen suli'w ha'm a'depikramli' qi'zlari'n, belli-belli shabandozlari' menen ataqli' shayi'rlari'n maqtani'sh penen tilge aladi'. Wolardi' yeldin' keleshegi, bayli'g'i', ku'shi, ko'rki dep isenedi. Ma'rt, dani'shpan, aqi'lli', sheshen ha'm hu'jdanli' jigitlerdi unamsi'z tiplerge qarsi' qoyadi'. Qosi'qta xali'q baha'di'rlari'ni'n', shayi'rlari'ni'n', basshi'lari'ni'n' obrazi'lari ani'q ko'rsetilmey, isimleri atalmay uluwma jobada beriledi. Shayi'r uluwma qaraqalpaq xalqi'ni'n' barlig'i'na ta'n wortaq, jaqsi' qa'siyetlerdi ko'rsetkisi keledi. Qosi'qti'n' ha'r bir qatari'nda shayi'rdag'i' milliy sezim ha'm tuwi'lg'an jerge, ana watang'a degen patriotizm ideyasi' ayqi'n seziledi. Shayi'r shi'g'armasi'nda yel-xalqi'ni'n' kewilindegi woy-pikirlerin qosi'qqa sali'p ji'rlaydi'. Shayi'rdi'n' ulli'li'g'i' da woni'n' wo'z poeziyasi' arqali' xali'q kewilindegi ha'diyselerdi ani'q ayta biliwinde.

Shayi'rdi'n' bul qosi'gi'na nama jazi'li'p, bu'gingi ku'ni xali'q qosi'gi'na aylani'p ketken. Bu'l qosi'q ta'riyiplew usi'li'nda jazi'li'p, ko'rkemligi jag'inan A'jiniyaz shayi'rdi'n' «Yellerim bardi'» qosi'g'i'na u'nles keledi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

**1.** Qosi'qta qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zine ta'n milliy wo'zgesheligi qalayi'nsha ta'riyplengen?
**2.** Shayi'r qaraqalpaq jerinin' ta'biyati'n, haywnatlar du'nyasi'na qanday ta'riyp beredi?
**3.** Shayi'r qaraqalpaq jigitleri menen qi'zlari'na, qa'lpeleri menen shabondozlari'na qanday baha beredi?

**4.** «Mir Alisher Jiyrenshege ta'qabbil,
Ataqli' shayi'r qaraqalpaqta, — degen qatarlarg'a pikirin'izdi bildirin'?

**5.** «Tuwi'lg'an jer — alti'n besik» degen temada gu'rrin' jazi'n'.

## QAYDA?

Kewlim aytar jurt sorasam, bay bolsam,
Mag'an wo'ytip boysi'ng'anday yel qayda?
Qarun kibi jurttan wozg'an bay bolsam,
Alti'n, gu'mis du'nya menen mal qayda?

Jurttan wozg'an shayi'r bolsam men wo'zim,
Mi'n'-mi'n'nan keltirsem ha'r aytqan so'zim,
Sayi'r yetsem ja'ha'ndi, du'nyani'n' ju'zin,
Kewlim tiler baratug'i'n hal qayda?

Qustay qanat qag'i'p, aspang'a ushsam,
Jer ju'zine tu'sip, go'zzallar qushsam,
Kese ali'si'p, shay worni'na pal ishsem,
Suw tabi'lmas, yendi bizge pal qayda?

Wo'lmes wo'mir berip, su'rsem da'wrandi',
Kewilde hesh qalmay za'rre a'rmani'
Qi'rmi'zi' ton kiyip, su'rsem jorg'ani',
Aqi'r bir ku'n shi'qpaytug'i'n jan qayda?

Qayg'i'li' qa'peste ku'nim keshken son',
Qazan uri'p, gu'lim soli'p wo'shken son',
Saqali'n' ag'ari'p, tisin' tu'sken son',
Taza nawjawanday qa'ddi dal qayda?

Doslari'n' ko'p bolar da'wletin' assa,
Jamani'n' jasi'ri'p, jaqsi'n'di' jaysa,
Bir ku'ni da'wletin' basi'n'nan taysa,
Qol ushi'n bergendey janajan qayda?

Jaman shuldur joli'n tawi'p ju'rmese,
Miyman ku'tip, kisige nan bermese,

So'z so'ylese, so'zdin' parqi'n bilmese,
Bunday jaman nadanlarg'a san dayda?

Jigit at ko'termes miyman si'ylamay,
So'z so'yleme istin' parqi'n woylamay,
Man'laydan ter to'gip jani'n' qi'ynamay,
Miynet shekpey tabi'lg'anday nan qayda?

Shayi'rdi'n' «Qayda» qosi'g'i' ja'miyetlik wo'tkir konfliktke, yag'ni'y shayi'rdi'n' a'diwli a'rmanlari' menen wol jasap turg'an ja'miyetlik du'zim arasi'ndag'i' sa'ykes kelmeytug'i'n keskin qarama-qarsi'l'i'qqa quri'ladi'. Shayi'r bul qosi'g'i'nda ko'plegen jaqsi' na'rselerdi a'rman yetedi. Biraq bul an'satli'q penen bolmaytug'i'nli'g'i'n, woni'n' tu'p-tiykari' miynette yekenligin teren' tu'sinedi. Shayi'r ko'p na'rselerdi a'rman yetedi, soraw taslaydi' ha'm ha'r qanday qosi'qti' woqi'g'an adamdi' woylani'wg'a, pikir ju'ritiwge iytermeleydi.

Qosi'qta baxi't, da'wlet qoli'n'da turg'anda ha'mme adam senin' menen dos bolg'i'si' keletug'i'nli'g'i'n, wolar haqi'yqi'y dos bolmastan wo'zlerinin' ma'pi ushi'n waqi'tsha dos bolatug'i'nli'g'i'n si'ng'a ali'p, usi'nday adamgershilikke jat qa'si'yetlerdi a'shkaralaydi'. Shayi'r yen' jaqsi' niyetlerdin' iske asi'wi' aqi'l ha'm danali'qta, awi'zbirshilikte, wo'zara si'ylasi'qta, hadal miynette dep biledi. Qosi'qta ushqi'r qi'yal ha'm a'rmanlar hu'kimlik su'redi. Bunda keleshek wo'mirdi talqi'law, boljaw ha'm adamlar menen pikirlesiw bar.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

**1.** Qosi'qta shayi'rdi'n' qanday a'rmanlari' bayanlang'an?
**2.** Shayi'r a'rmanlari' adamzat wo'mirinde iske asi'wi' mu'mkinbe, sizlerdin' tu'sinigin'iz?
**3.** Qosi'qti'n' ayri'm shuwmaqlari'ndag'i' dosli'q, jaqsi'li'q, a'dalatli'li'q, bayli'q, miynet, tabi's haqqi'nda qanday jaqsi' pikirleri sa'wlelengen?
**4.** Qosi'qti'n' mazmuni'nan juwmaq shi'g'ari'p, jaman illetlerden qalay awlaq boli'w kerekligin ayti'n'?

## NA'JIM DA'WQARAEV

(1905 — 1953)



Qaraqalpaq ko'rkem a'debiyati'ni'n' ha'm filologiya iliminin' rawajlani'wi'nda jazi'wshi', dramaturg ha'm ilimpaz Na'jim Da'wqaraevti'n' worni' girewli.

N. Da'wqaraev 1905-ji'li' Qon'i'rat qalasi'ndag'i' bardamli' adamlardi'n' biri Saatdiyinnin' shan'arag'i'nda tuwi'ladi'. Wol da'slep yeski mektepte, son'i'nan jan'a mektepte bilim aladi'. 1920-ji'llardi'n' wortalari'nda bilimge qushtar, ziyrek jaslardi' woqi'wg'a jiberiw baslanadi'. Usi' jaslardi'n' biri bolg'an N. Da'wqaraev 1924 — 1925-ji'llari' Orenburg qalasi'nda Qazaq xali'q bilimlendiriw instituti'ni'n' tayarli'q kursi'nda woqi'ydi'. 1926-ji'li' Alma-atadag'i' Qazaqstan Joqari' pedagogikali'q instituti'na woqi'wg'a kiredi. Wol bul jerde woqi'wi'n pitkergennen son' 1930 — 1932-ji'llari' Qostanay pedagogikali'q texnikumi'nda mug'allim boli'p isleydi. N. Da'wqaraev 1934-ji'li' To'rtku'ldegi mug'allimler instituti'nda da'slep woqi'ti'wshi', son'i'nan kafedra basli'g'i' boli'p islese, 1936 — 1942-ji'llari' Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar Awqami'ni'n' juwapli' xatkeri, 1942 — 1944-ji'llari' Qaraqalpaqstan Ministrler Ken'esinin' ko'rkem wo'ner isleri boyi'nsha bo'lim basli'g'i', 1946 — 1948-ji'llari' Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar Awqami'ni'n' basli'g'i', 1948 — 1953-ji'llari' O'zbekistan Ilimler Akademiyasi'ni'n' Qaraqalpaqstandag'i' ekonomika ha'm ma'deniyat instituti'ni'n' direktori' wazi'ypasi'n atqaradi'.

N. Da'wqaraev 1934-ji'ldan Jazi'wshi'lar Awqami'ni'n' ag'zasi'. Bolajaq talant iyesinin' da'slepki «Ko'p ku'nlerdin' birinde» gu'rrin'i 1929-ji'li' «Jan'a mektep» jurnali'nda basi'lg'an bolsa, da'slepki ilimiy maqalalari' 30-ji'llardi'n' wortalari'nda jazi'ladi'.

Jazi'wshi' «Miynet Qi'zi'l bayraq», «Hu'rmet belgisi» ordenleri menen si'yli'qlandi' ha'm «O'zbekistang'a miyneti sin'gen mug'allim» hu'rmetli atag'i'na iye boldi'.

N. Da'wqaraev 1953-ji'li' talanti'ni'n' a'yne gu'llengen waqti'nda 48 jasi'nda mezgilsiz qayti's boladi'.

N. Da'wqaraev 30-ji'llari' «Keshegi bir ku'nlerde», «Kim bilmeydi Ayshani'», «Wo'tkellerden wo'tkende», «Jan'a kanal» qosi'qlari'n jazadi'. Avtor bul qosi'qlari'ni'n' ideya-tematikasi' arqali' «keshe kim yedik, bu'gin kim boldi'q» degen sorawlarg'a juwap tapqanday boladi'. «Keshegi bir ku'nlerde» qosi'g'i'nda xalqi'mi'zdi'n' keshegi ha'm bu'gingi turmi'si'n janli' detallar menen sali'sti'ri'p su'wretlegen bolsa, «Kim bilmeydi Ayshani'» qosi'g'i'nda jetim qi'z Ayshani'n' keshegi ayani'shli' turmi'si' menen bu'gingi baxi'tli' wo'mirin sali'sti'rmali' ra'wishte su'wretlew arqali' Aysha si'yaqli' san mi'n'lag'an qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' jan'a mektep internatta bilim ali'p, wo'ner u'yrengenligin ha'm yelimizdin' aldi'n'g'i' qatardag'i' adamlari' boli'p jetiskenligin toli'p-tasi'p, ji'rlaydi'.

N. Da'wqaraevti'n' «Ko'p ku'nlerdin' birewi», «Internatta», «Toyg'a barg'anda», «Biybixan», «Bag'man», «Baxi'tli' miynet», «Bati'rli'q», «Umti'lmaytug'i'n miynetler» dep atalg'an bir qansha osherkleri menen gu'rrin'lerinde 30—40-ji'llardag'i' xalqi'mi'zdi'n' turmi'si'nda ju'z berip ati'rg'an jan'ali'qlar menen birge miynet adamlari'ni'n' is-ha'reketleri sheberlik penen sa'wlelengen.

20—30-ji'llari' qaraqalpaq awi'zeki a'debiyati' menen klassikali'q a'debiyati'ni'n' u'lgilerin ji'ynaw ha'm sistemalasti'ri'w da'wiri bolg'an bolsa, mine usi' 30-ji'llardi'n' aqi'ri'nan baslap-aq N. Da'wqaraev jan'a ji'ynali'p, yele bir izbe-izlikke tu'spegen xalqi'mi'zdi'n' bay a'debiyati'n izertlewge qunt penen kirisedi. Bul a'lbette an'sat yemes yedi, wog'an tazadan jol sali'w kerek boldi'. Woni'n' u'stine bul ji'llari' «ideyali'q qa'te» ketip qalama degen de qorqi'ni'sh joq yemes yedi. Lekin, jag'day usi'nday boli'wi'na qaramastan N. Da'wqaraev qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'n u'yreniwge bati'l qa'dem taslaydi'. 1935-ji'li' «Bizin' a'debiyati'mi'z ha'm tilimiz wo'sip kiyati'r», 1934-ji'li' «Qaraqalpaq poeziyasi' haqqi'nda», 1939-ji'li'

«Ayapbergen», 1940-ji'li' «Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tariyxi'». 1944-ji'li' «A'debiyati'mi'zdi' tag'i'da ko'tereyik», 1946-ji'li' «Patriot shayi'r», 1937-ji'li' «A'-xrestomatiyasi'», 1944-ji'li' yeki bo'limli «A'debiyat xrestomatiyasi'» (Mektepler ushi'n woqi'w kitabi'), 1950-ji'li' «Berdaq shayi'r», du'nyadan wo'tkennen son' birneshe ret, 1968-ji'li' «Shi'g'armalari'ni'n' toli'q ji'ynag'i'», 1970, 1977, 1979-ji'llari' «Shi'g'armalari'ni'n' toli'q ji'ynag'i'» (1, 2, 3-tomlari') maqalalari' ha'm kitaplari' basi'li'p shi'qti'. Wol 1946-ji'li' «X1X a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'» degen izertlew jumi'si' ushi'n filologiya ilimlerinin' kandidati' da'rejesin alg'an bolsa, 1951-ji'li' «Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'ni'n' osherkleri» degen miyneti ushi'n filologiya ilimlerinin' doktori' da'rejesin ali'wg'a miyasar boldi'.

N. Da'wqaraev poeziya, proza, dramaturgiya ha'm a'debiyat-tani'w tarawi' menen birge awdarma jumi'slari'n da ali'p bardi'. A. P. Gaydardi'n' «Mektep» povestinen u'zindi, V. M. Garshinnin' «Signal», A. P. Shexovti'n' «Vanka» gu'rrin'in, A. S. Pushkinnin' «Kapitan qi'zi'» povestinen u'zindi, «Qi'sqi' jol», «Tutqi'n», «Gu'l» qosi'qlari'n, I. S. Kri'lovti'n' «G'arg'a menen tu'lki» ti'msali'n qaraqalpaq tiline awdardi'.

## ALPAMI'S

*(4 aktli', 8 kartinali' muzi'kali' dramadan u'zindi)*

**A'debiy varianti'**

P E R D E

### AKT

### 2-kartina

Jari'q aydi'n tu'n. Ali'stan munarlani'p taw ko'rinedi. Bir jaqta jalti'rap ag'i'p ati'rg'an da'rya. Perde ashi'lg'anda bir qi'z, bir jigit a'tko'nshek tewip ati'r. Bir neshe qi'zlar shi'nqobi'z shertip woti'r. Qi'zlar bir jaq, jigitler bir jaq, ay qulash woynaydi'. Ko'pshilik xorg'a qosi'ladi'.

Jay qulashti', shi'qsi'n pa'tin' aspang'a,
Kewil yoshi'p qi'yal ali'p qashqanda,
Bu'k dizen'di irkilmesten iyilip,
Kewil pa'rwaz yeter ba'lent shi'qqanda.

Jigitler: — Ay qulash, ay qulash,
Ayg'a qaray qushaq ash,
Qi'zlar: — Aydan basqa ne kerek;
Jigitler: — Aydan arti'q qi'z kerek.
A'tko'nshekti tepsem pa'tli terbenip,
Jelbireydi samal menen ko'ylegim,
Tazari'p qayg'i'dan kewlim yosh uri'p,
Pa'rwaz yeter yar joli'nda ju'regim.
Jigitler: — Ay qulash, ay qulash,
Ayg'a qaray qushaq ash,
Qi'zlar: — Aydan basqa ne kerek;
Jigitler: — Aydan arti'q qi'z kerek.

**Ko'rinis**

*(Qojalaq Qansuli'wdi'n' qasi'na kelip iyilip so'yleydi)*

Qojalaq: — Haw, adam beken desem, qi'zlar yeken-g'oy...
Qi'z: — Qi'z adamni'n' qori' ma!
Ko'zge ilmes tari' ma ?
Qojalaq: — Ha'r tawdi'n' ji'rasi' bar ?
Ha'r so'zdin' ma'nisi bar
Qansuli'w: — Ma'nini'n' ma'nisi bar.
Biyma'ninin' ne ma'nisi bar.
Jortaq at japqa ji'g'i'lsa.
Woni'n' ne ma'nisi bar *(ku'lki)*
Qi'z: — Amanbi'san' Qojalaq *(ku'lki)*
Qojalaq: — Tentektin' aqi'li' tu'sten keyin *(ku'lki)*
Ayjan: — Jerine qaray ji'lani'
Tawi'na qaray qulani' *(ku'lki)*
Qojalaq: — G'arg'a g'an'qi'ldap g'az bolmas
Kempir si'n'si'p qi'z bolmas *(ku'lki)*
Ayjan: — Sa'wir bolmay ta'wir bolmas
Si'yi'r bolmay sawi'n bolmas (ku'lki)

Qansuli'w: — Tamshi' jawi'p jawi'n bolmas,
Iyt tu'ynekten qawi'n bolmas *(ku'lki)*
Qojalaq: — Baspalati'p jiberdin'ler-g'oy,
Sho'n'gerilip ketpesin.
Ayjan: — Qari'n bawi'n'di' qatti'raq bayla *(ku'lki)*
Qi'z: — Jan'i'lmas jaq bolmas,
Su'rinbes tuyaq bolmas.
Qojalaq: — Adasqanni'n' ayi'bi' joq,
Qayti'p u'yirin tapqan son'.
Worni' pitpes jarani'n',
Uwli' ji'lan shaqqan son'.
Ayjan: — So'ylemesen' netedi,
So'ylesen' qa'dirin' ketedi. *(ku'lki)*
Qojalaq: — Qa'dirli jigit woti'rmas,
Qa'dirsiz jerden ketedi.
Qansuli'w: — Kelemen desen' i'lashi'q,
Ketemen desen' jol ashi'q. *(ku'lki)*
Qojalaq: — Ketsemde munnan Qansuli'w,
Aynali'p tag'i' kelermen,
Birew tu'we yekew u'stine,
Ali'p toqal yetermen.
Qansuli'w: — Jiydeli Baysi'nni'n' sultani'
Baybo'rinin' qi'zi'man,
Alpami'stay ag'am bar,
Sag'an toqal bolmayman.
Bir jigit: — Ten'-ten'i menen
Tezek qabi' menen
Aspandag'i' ayg'a qol sozg'ansha
Wo'z ten'in'di tapsan'a *(ku'lki)*
*(Barli'g'i' buri'li'p qosi'q aytadi')*
Kel, Baysi'nni'n' a'diwli uli' Alpami's,
Kelgenin'di ha'mme qarsi' alami'z,
Aytqani'n'di' ayni'tpastan worinlap,
Senin' menen ba'rha' birge bolami'z.

**Ko'rinis**

*(Jigitleri menen Alpami's kiredi).*

Saw turg'anda bul si'yaqli' yerimiz,
Barha abad ulli' Baysi'n yelimiz,
Kelin' doslar yerkin woynap ku'leyik,
Bag'i'-bostan bolsi'n paytax jerimiz.

Alpami's: — Jiydeli baysi'ndi' jaylag'an yermen,
Dushpannan qori'qpayman ketse de gellem,
Qoldawli', qon'i'rat, qi'tay, qi'pshaqti',
Biriktirip yeldi abad yetemen.

Uri'wlar biriksin tati'w qi'laman,
Jen'ilmes-jen'impaz sultan bolaman.
Toy-tamasha qi'li'p seyil berin'ler,
Wo'lgenimshe usi' jolda turaman.

Barli'g'i': — Duri's-duri's sultani'm.

Qaytadan woyi'n baslanadi', Alpami's ta woyi'ng'a aralasadi'. Woyi'n qi'zg'an waqi'tta daladan bir jigit Gu'lparshi'nni'n' woramali'n a'kelip beredi!

Alpami's: — Bul ne?

Jigit: — Woramal.

Alpami's: — Tani'yman, bul Gu'lparshi'nni'n' woramali' g'oy. Ne boldi'?

Jigit: — Baysari' pu'tkil jalayi'r, mu'ytendi zorli'q penen Tayshaxanni'n' yeline aydap ali'p ketti.

Alpami's: — Qashan ketti ?

Jigit: — Bu'gin u'sh ku'n boldi'. Awi'ldi'n' adamlari' ko'shpeymiz dep yedi, Baysari' qi'ri'p-joyi'p aqi'ret berdi. Aydap ali'p ketti.

Alpami's: — Ur dabi'ldi' *(dalada gernay-si'rnay dabi'l qag'i'ladi').*

Qojalaq: — *(Wo'z adamlari'na)* Jaw ketken son' qi'li'sh'i'n'di' tasqa shap, *(daladan qari'w-jaraqli' adamlar kiredi).*

Alpami's: — Yel arasi' bu'linbesin dep ju'r yedim, Baysari' degenine jetken yeken. Asi'qpa-si'n, ko'rsetemen qu'diretimdi. Jigitler ag'ayi'n-tuwg'andi', jat yelge aydati'p jibe-rip woti'ra

beremiz be? *(Qojalaq wo'z adamlari' menenso'ylesip turadi').*

Bir jigit: — Atlanami'z!

2-Adam: — Ag'ayi'ndi jiberedi degen ne?

3-Adam: — Atlanami'z

Qojalaq: — Jalg'i'z qi'zdi'n' keyninen shabi'wi'llay berip ne bar, ketken yel ketip woti'rsi'n, barmaymi'z. *(Qojalaq jaqli'lar).*

— Barmaymi'z.

— Kete bersin.

— Barmaymi'z.

Alpami's: — Jar basi'na u'y tikpe.
Jar qulasa u'y keter,
Ala bolsa ag'ayin.
Qoradag'i' mal keter.
An'li'g'an dushpan ko'beyi'p,
Jaw qoli'nda bas keter.
Ne so'ylep woti'rg'ani'n'? *(Qojalaqqa umti'ladi').*

Jigitler: — Jamanli'qqa kelgende, Qojalaqti'n' qojban'laytug'i'n a'deti.

Alpami's: — Atti'n' si'ri' iyesine ma'lim,
Senin' si'ri'n'di' a'lle qashan-aq bilgenmen.

Jigitler: Jerdin' sa'ni suwi',
Yerdin' sa'ni yeli,
Suwsi'z jerdin' keregi ne,
Yelsiz yerdin' keregi ne?

Jalayi'r, mu'yten, qoldawli'ni', qon'i'ratti' Baysari'nin' aydawi'na jiberip qarap woti'ra almaymi'z.

**Ko'rinis**

*(Baybo'ri kiredi)*

Baybo'ri: — Haw, jani'm, bul ne dawri'g'i'p ati'rg'anlari'n'? Ne boli'p qaldi'?

Jamal: — Bu'gin u'sh ku'n Baysari'lar ko'shipti,
Tayshi'xanni'n' yelati'na ketipti,
Baysari'ni'n' qi'si'wmeti wo'tken son',

Qali’n’ qon’i’rat bul Baysi’nnan ko’shi’pti.
Alpami’s: — Aq sawi’tti’ bir ilgekten so’temen,
Ketken yeldin’ keyninen jetemen,
Bati’rli’qti’ tar tabanda ko’rsetip,
Ketken yeldi qayti’p ali’p kelemen.
Baybo’ri: — Qartayg’anda ha’r qi’yalg’a do’nemen,
Aldi’ menen tamashan’di’ ko’remen.
Ketpe balam ko’shken yeldi quwalap,
Bir ari’wdi’ saylap ali’p beremen.
Alpami’s: — Bayshubardi’n’ quyri’q jali’n wo’remen,
Ba’ha’r bolsa tawdan gu’ller teremen,
Tezirek ata ruxsati’n’di’ bere ber,
Ketken yeldi qayti’p ali’p kelemen.
Baybo’ri: — Minsen’ bedew qi’ya sho’lde jelersen’,
Bunnan ketip ne sawdag’a tu’sersen’,
Ani’q bunnan keter bolsan’ jalg’i’zi’m,
Neshe ayda, neshe ku’nde kelersen’?
Alpami’s: — Bunnan ketip ara sho’lden wo’termen,
Ko’shken yeldin’ keyninen jetermen,
Ko’p irikpesten pa’tiyan’di’ ber ata,
Alti’ ayda kelin’di ali’p kelermen.
Baybo’ri: — Bellerime alti’n qamar buwg’ani’m,
Qartayg’anda neden boldi’ gu’nayi’m,
Keter bolsan’ uzaq jolg’a atlani’p,
Aman bari’p saw kelgeysen’ palwani’m.
Ati’n’a taqqani’n’ tilla’ sa’depti,
Xi’zmetin’e ta’nde jani’m kabapti’.
Aman bari’p, saw kelgeysen’ perzentim,
Atan’ sag’an berdi bu’gin’ juwapti’.
Alpami’s: — Jigitler!
Yel nami’si’, yer nami’si’,
Yel ushi’n, nami’s ushi’n,
Ko’shken yeldin’ keyninen atlanami’z!
Qi’yi’n-qi’staw ku’n boli’p,
Qanji’g’adan qan aqsa, jat yelde,
Tari’g’atug’i’n ku’n bolsa,
Tabansi’zli’q isleytug’i’n bolsan’i’z,
Mag’an yermen’ler.

Jamal: — Jani'mi'zda, ta'nimizde,
Senin' menen birge bati'ri'm,
Sen wo'lgen jerde wo'lemiz,
Solay yemes pe jigitler.

Jigitler: — Solay!
— Solay!

Alpami's: — Qojalaq, sen de solay ma?

Qojalaq: — Hawa bati'r, men de solay.

Alpami's: — Aqi'lsi'z dostan,
Aqi'lli' dushpan arti'q.
Barmay-aq qoysan' da bolar yedi. *(woylani'p)* kel Yendi ju're ber.

Qojalaq: — *(Wo'z adamlari'na)* Alda talay wo'tkel bar, Ko'rermen senin' ku'shin'di. Qal-maqti'n' yelinen Baysi'ng'a kelmestey yetermen yele.

Alpami's: — Bayshubarg'a minemen,
Quyri'q jali'n wo'remen.
Belime qamar buwaman,
Na'mert bolsam anadan,
Ul boli'p nege tuwaman.
Ketken yeldin' keyninen,
Wolgenimshe quwaman,
Ketken yeldi qaytari'p,
Ag'ayindi jarasti'ri'p,
Jiydeli baysi'n jerinde.
Sultanli'q wo'zim quraman.
Gu'lparshi'ndi' a'kelip
U'lken toy, tamasha qi'laman.

P E R D E

## III AKT

### 1-kartina

Aq bulaqti'n' boyi'. Tawdi'n' yetegi. Tawdan to'men qarap bulaq ag'i'p ati'r. Bulaqti' jag'alay qong'an qali'n' awi'l. Saxna ashi'lg'anda yeki u'ydin' ishki ko'rinisi. Bire-winde Tayshi'xannan kelgen jawshi'lar. Baysari' awi'-

li'ni'n' ka'tqudalari'. Tamaqti' jep boli'p, qudali'q so'ylesip ati'rg'an waqi't. Yekinshi u'yde Alti'nshash jip keleplep woti'r. Awi'ldi'n' si'rti'ndag'i' bulaqtan to'men qarap, Gu'lparshi'n birheshe qi'zlar qosi'q ayti'p to'men tu'sip kiyati'r.

B a r s h i ' n: — Atam yerip dushpanlardi'n' so'zine,
Jasi'mnan dag' tu'sti qi'zi'l ju'zime,
A'rman menen kisi yelinde zarlani'p,
Wo'ler boldi'm yari'm seni ko'rgenshe.
Qara shashi'm a'lwan-a'lwan tarayman,
Nali's yetip men kimlerge ji'layman,
Yele turman sag'an bergen wa'demde
Kisi yelinde jollari'n'a qarayman.

S a p a r: — A'diwli qonaqlar, jo'n soraspaqti'n' ayi'bi' joq. Kelgen jumi'slari'n'i'zdi'n' wo'zin ay-ti'p woti'ri'n'.

B a y s a r i ' : — Hawa, jo'n sorasi'p woti'rg'an jo'n.

K o ' k a m a n: — Ha, Baysari', Baysari'
Qulaq sal menin' so'zime
Xan jiberdi bizlerdi,
Qoli'n'da tilla sazi'ndi',
At ko'termes nazi'n'di',
Xan aytti'rdi' Baysari',
Gu'lparshi'n atli' qi'zi'n'di',
Jawlasti'rmaq jawshi'dan
Yellestirmek yelshiden,
Yelshilikke kelgenmen.
Sizler sawi't men usta
Seplemege kelgenmen.
Qoli'n'da tilla sazi'n'di',
At ko'termes nazi'n'di',
Xan aytti'rdi' Baysari',
Gu'lparshi'n atli' qi'zi'n'di'.
Xang'a bersen' qi'zi'n'di',
Xan atasi' bolasan',
Alti'n taqqa minesen'.

Sapar: — Baysari' inim bul bir maqul is ko'rinedi...
Baysari': — Qaydan bileyin, wo'zlerin'iz so'ylesip ko'rebererersizdag'i'. Basi' bayli' nashar yedi. Woni'n' u'stine, Qarajanni'n' tawda ju'rgeni anaw. Wolardi' da yeske ali'w kerek.
Ko'kaman: — Xan menen qara talasa ala ma? Qayaqtag'i' qashi'p ju'rgen qaraqshi'ni' arag'a a'kep salg'ani'n' ne qi'lg'ani'n'? Ashi'wlansa xan xanli'g'i'n islemey me?
Baysari': — Sira'dag'i'si'n ayti'p ati'rman-aw.
Sapar: — Wa, quda, basqa so'zdi ne qi'lasi'z, xanni'n' beretug'i'n qali'n' mali' qansha?
Ko'kaman: — Qansha dep, xannan mal tabi'lmas deysen' be? Qi'z sizlerdiki, soray berin'ler.
Sapar: — Seksen tuwar, qos jorg'a.
Ko'kaman: — Xanni'n' mali' tawsi'lar deysen' be? Maqul. Pa'tiya bolsi'n.
Sapar: — Quri'g'a pa'tiya ju'reme, mayso'k a'kel, may so'k.
Barshi'n: — Kishe, kelgen-ketkenlerden hesh xabar bolmay ketti aw.
Kelinshek: — A, a biykeshjan ay, xabar-atar yesitetug'i'n jerge kelip woti'rmi'z ba?
Barshi'n: — Qa'yteyin, da'rtim ishime si'ymag'an son' sorap turman aw. Mi'na qalmaqlar ne jaqsi'li'qqa kelip woti'rg'andi' deysen'.
Kelinshek: — Ko'z ko'rmes, qulaq yesitpes tu'pkirge keldik g'oy.
Baysari': — Nashar bala yer jetken, woni'n' u'stine Barshi'n tik minez, mag'an azi'raq ma'wlet berin'.
Ko'kaman: — Baysari' quda, yendi woylani'wdi'n' ha'jeti joq, xan-xanli'g'i'n isleydi, ma'wletti ko'pke bere almaymi'z, bir juwabi'n ali'p ketiwimiz kerek.
Baysari': — Men u'yge kirip shi'g'ayi'n.
Ko'kaman: — Wonda yeglenbe, tez shi'q. *(Baysari' u'yge kirip, qi'zi'na ayta almay to'men qarap).*

B a y s a r i ’ : — Haw qi’zi’m... Barshi’n... Alti’nshash...

B a r s h i ’ n : — Ashi’lg’an bag’i’mni’n’ gu’li soldi’ ma,
A’jel jetpey paymanami’z toldi’ ma
Nege munsha woylanasan’ jan ata,
Aq wordan’a nashar tulg’a boldi’ ma?

Shashkenemdi a’rman menen tarayman,
Mun’li’ nashar ne mu’shkilge jarayman.
So’ylesen’o’ ishim jani’p barati’r,
Ata jani’m nege jerge qaraysan’.

B a y s a r i ’ : — Ziya zulpi’n’ besten tallap wo’resen’,
Qi’z da bolsan’ aq wordag’a to’resen’,
Tayshi’xannan jawshi’ keldi perzentim,
Kel yesikke qanday juwap beresen’.

A l t i ’ n s h a s h : — Sa’ha’r waqta sari’ ati’n’di’ aydadi’n’,
Jetemen dep ta’nde jandi’ qi’ynadi’n’,
Wonmi’n’ u’ydi Baysi’n yelden ayi’ri’p,
Qalmaqlarda qahsha du’nya jiynadi’n’?

B a r s h i ’ n : — Minip bedew qi’ya sho’lde jelmey me,
Yari’nan ayri’lg’an palwan wo’lmeyme,
Wo’zin’ qa’lep berdin’ qon’i’rat sultang’a
Aman bolsa tezden izlep kelmeyme ?
At kekilin besten tallap wo’resen’,
I’g’bali’n’di’ talayi’n’nan ko’resen’,
Yerten’gi ku’n mal bergeni kelgende,
Jani’m ata ne dep juwab beresen’?
Ziya zulpi’m besten tallap wo’reyin,
I’g’bali’mdi’ talayi’mnan ko’reyin,
Ashpa awzi’n’di’ yeki birdey ata-yene,
Jawshi’larg’a wo’zim juwab bereyin.

B a y s a r i ’ : — Balam...qi’zi’m... qatti’ so’z aytpay-aq qoy. Xang’a maqul deygor.

A l t i ’ n s h a s h : — Alji’g’an...

B a r s h i ’ n : — Aqi’lsi’z a’ke, wol ne degenin’! Xang’a tiysem de yel bu’linedi. Bati’rg’a tiysem de yel bu’linedi. Meni wotqa salg’ani’n’ menen turmay, yeldi de wotqa salmaqshi’mi’san’? *(Baysari’ yekinshi u’yge baradi’. Barshi’n kiyine baslaydi’)*

S a p a r: — Qa'ne Baysari' inim, may so'k te tayi'n boldi'.

B a y s a r i ': — Barshi'n janni'n' wo'zi kiyati'r.

B a r s h i ' n: — Xannan kelgen xan ag'a.
Biyden kelgen biy ag'a,
U'lkenin'iz qaynag'a.
Kishkenen'iz mi'rzag'a,
Wortanshi'n'i'z qurdasi'm,
Qabi'l bolg'ay ko'z jasi'm,
Baysi'nnan ko'ship kelgende,
Nan tappay bizler kelippek,
Mal jaymag'a qaynag'a,
Ko'l tappay bizler kelippek,
Telegen arba ju'rmestey,
Ten'selmemedi jerin'iz,
G'a'rip-qa'ser ju'rmestey,
Tergewlimedi yelin'iz.
Qang'a tiysem qaynag'a,
Bati'rdi'n' keler kewline,
Bati'rg'a tiysem qaynag'a,
Xanni'n' keler kewline.
Jurti'n' yeki bo'liner,
Yel arasi' bu'liner,
Bul bu'liktin' kesiri,
Bizin' yelge bir tiyer,
Xani'n'nan da ta'mem bar,
Bati'rdan da ta'mem bar,
Tayshaxang'a ayti'p bar,
Da'rbent joldi'n' awzi'na,
Sarkabi'n ba'lent u'ydirsin,
Uzag'i'na xat jollap,
Jaqi'ni'na at jollap,
Yeli-jurti'n ji'ydi'rsi'n,
Qi'rq ku'nshilik jollarg'a,
At jibersin bayraqqa,
Sorli' bolg'an basi'mdi'
At bayraqqa tigemen.
Kimin'di qul demeymen,

Kimin'di bati'r demeymen,
Kimin'di xan demeymen,
Kimin'di qara demeymen,
Kimin'di bala demeymen,
Qali's bolsi'n qaynag'a,
Ati' wozg'ang'a tiyemen *(iyilip shi'g'i'p ketedi)*

Ko'kaman: — Duri's ayti'lg'an so'z. So'z ju'yesin tapsa, mal iyesin tabadi', degen xang'a ayti'p barayi'q. Xanda maqul der.
Barli'g'i': — Duri's so'z, solay bolsi'n.
Ko'kaman: — Wonda qudalar, bizler atlanayi'q.
Baysari': — Ha balalar, qonaqlardi'n' ati'n sheshin' *(Barli'g'i' shi'g'adi'. Saxna azg'ana bos. Baysari' menen Alti'nshash so'ylesip kiredi).*
Baysari': — Xanni'n' ati' kelmegende kimnin' ati' keler deysen'.
Alti'nshash: — Xani'n'da quri'si'n, ati'da quri'si'n basi'mdi' aylandi'rma. *(Beldewdegi su'zbeni bi'lg'aydi').*
Baysari': — Hay, aqi'lsi'z, xanni'n' atasi' boldi'n' ne, xan boldi'n' ne, ba'ribir yemes pe?
Alti'nshash: — Sen aqi'lsi'zg'a xanli'q tu'sip qali'pti'. (Yekewi de shi'g'i'p ketedi. Barshi'n qi'zlar menen qosi'q ayti'p bulaqti'n' basi'na baradi').
Barshi'n: — A'rman menen bir-birewdi ko're almay,
Azg'ana ku'n da'wran su'rip ju're almay,
Torg'a tu'sken qarshi'g'aday tawlani'p,
Men ji'layman sag'an jaqi'n bara almay.
Qami'sti'n' baslari'n qa'lem degeysen',
Barsan' Alpami'sqa sa'lem degeysen',
Aq sun'qari'n' qara qusqa jem boli'p,
At bayraqqa basi'n tikti degeysen'.
1-Qi'z: — Barshi'n anaw atli'ni' qara.
2-Qi'z: — Jolsi'z qula du'zde neg'i'p kiyati'rg'an atli' wo'zi?

Barshi'n: — Woybey, mi'naw Alpami'sti'n' shubari' g'oy.
1-Qi'z: — Alpami's kiyati'rg'an shi'g'ar.
Barshi'n: — U'stindegi basqa adam g'oy. Sori'm qaydan qaynap qali'p yedi.
2-Qi'z: Anaw, ko'z ushi'nda tag'i' bir atli' kiyati'r.
Barshi'n: — Ji'lay-ji'lay yeki ko'zim go'r boli'p,
Arti'm japqan qara shashi'm ju'n boli'p,
Yari'm mingen shubar ati' ko'rindi,
Boz wordada qaldi'mbeken tul boli'p.
At boli'pti' miyan ko'ldin' taylari',
Qoyi'n sati'p qozi' qi'lar baylari',
Arjag'i' Tu'rkistan berjag'i' Qoqan,
Ha'ziretimnin' qa'dem urg'an jaylari'.
Moyi'ni'n'da suli'w qara jali'n bar,
Bul ba'lege qaydan boldi'm giriptar,
Ko'rinesen' Qarajanni'n' asti'nda,
Tilin' bolsa so'ylesen'e Bayshubar,
Su'rindin' be ba'lent tawdi'n' tasi'na.
Ra'him yetkil menin' ko'zde jasi'ma,
U'stin'degi arzi'wli'mdi' Bayshubar,
Taslap keldin' qaysi' tawdi'n tasi'na.
Qarajan: — Tarqar yendi senin' mun'li' a'rmani'n'
Ja'ne aylani'p keldi senin' da'wrani'n',
Su'yinshi ber tezirek mag'an Barshi'njan,
Qon'i'rat yelden izlep keldi palwani'n'.
At shapqanda jete almadi'm jol ali's,
Ba'ha'r bolsa tawg'a shi'g'ar ma qami's,
Su'yinshi ber tezirek mag'an Barshi'njan,
Izlep keldi Qon'i'ratti'n' begi Alpami's.

**Ko'rinis**

*(Alpami's kiredi)*

Barshi'n: — Ashi'g'i'm atqa minipsen'
Meni izlep kelipsen',

Jipek shapanlar kiyipsen',
Ko'riseyik qoli'n'di' ber,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber.
Arqa bette dizbekli taw,
Tabi'ldi' mag'an qarsi' jaw,
Yelge kelipsen' aman-saw,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber.

Alpami's: — Ayri'lg'ali' neshshe aylar,
Iyesiz turdi' aq saraylar,
Qutli' bolsi'n jan'a jaylar,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber.

Barli'g'i': — Wo'tken ku'nler bi'lay tursi'n,
Dushpanlardi'n' ju'zi solsi'n,
At toni'n'i'z qutli' bolsi'n.
Ko'riseyik qoli'n'di' ber,
Ko'riseyik qoli'n'di' ber. *(Ko'risedi. Baysari' awi'li'ni'n' adamlari' shuwlap, juwi'ri'si'p keledi. Barli'g'i' awi'lg'a qarap ketedi).*

PERDE

## III AKT

### 2-kartina

Da'rbent tawdi'n' yetegi. Bayraqtan at keletug'i'n jer. Alti'n qabaq quri'wli' tur. Qara quri'mday adam. Daladan gernay, si'rnay menen adamlar ko'shkini ko'terip keledi. Basi'nda qos ji'g'a, Tayshi'xan shi'g'adi'.

Ko'kaman: — Taqsi'r, bu'gin toydi'n' aqi'rg'i' ku'ni. Atlar bayraqtan keledi *(xan qoli'n ko'teredi)*

Seyis: — Qulli'q taqsi'r

Xan: — Seyis qaysi' at wozi'p keliwi mu'mkin.

Seyis: — Taqsi'r, Baysi'nni'n' Bayshubari'nan qa'wpim bar.

Xan: — Ne ilaj.

Ko'kaman: — Taqsi'r, at qashatug'i'n tas qudi'qti'n'

basi'nda Bayshubardi'n tuyag'i'na gu'l mi'yi'q qag'i'p, Qarajandi' qudi'qqa taslawg'a adam jiberildi.

Xan: — Qarajan...Qarajan! *(Pawza)* Bayshubar wozi'p kele qoyg'an ku'nde?

Ko'kaman: — Alpami'sti' sarayg'a qonaqqa shaqi'rami'z

Xan: — Qojalaq penen so'ylestin' be?

Ko'kaman: — Qojalaq wa'desin wori'nlaydi'.

Xan: — Jaraydi'...

Ko'kaman: — Taqsi'r, ha'zir alti'n qabaq ati'wdi' baslaymi'z. *(Alpami's wo'z jigitleri, Baysari' awi'li'ni'n' adamlari' menen kelip woti'radi')* Jarshi' ha' Jarshi'! *(jarshi' keledi).* Ha'zir alti'n qabaq ati'w baslanadi'. Mergenler bolsa shi'qsi'n.

Jarshi': — Ha'zir alti'n qabaq ati'w baslanadi'. Mergen bolsan' shi'g'a beresen'! (Dalag'a shi'g'i'pta baqi'radi') bir topar qi'zlar menen Arzayi'm kelip turadi'. Mergenler shi'g'i'p alti'n qabaqti' ata baslaydi'. Gezek Alpami'stiki. *(Muzi'ka, Alpami's woqjay menen qon'i'rawdi' ati'p tu'siredi. Xang'a iyilip ta'jim beredi. Adamlar tan'lani'p*).

1-Adam: — Mergenligin'e bolayi'n.

2-Adam: — Si'mbati' da kelgen yeken.

3-Adam: — Bati'r dep usi'ni' aytsa bolar *(Daladan)*

— At kiyati'r!

— At kiyati'r!

— At kiyati'r! Ha'mme dalag'a qaraydi'. *(Bir topar qi'z benen Barshi'n shi'g'adi').*

Barshi'n: — Won segizde menin' baqti'm ashi'lg'ay,
Duz nesiybem Baysi'n yelge shashi'lg'ay,
Toqsan attan wozi'p kelsen' Bayshubar,
To'rt ayag'i'n' aq siyneme basi'lg'ay.

1-Adam: — At kiyati'r!

2-Adam: — At kiyati'r!

3-Adam: – Xanni'n' ati' kiyati'r!

4-Adam: — At ko'teriwge shi'g'i'n'!

Ko'pshilik: — *(Xang'a)* ati'n'i'z kiyati'r, taqsi'r ko'z aydi'n!

Barshi'n: — *(dalag'a qarap)*

At shabi'lg'an ba'lent tawdi'n' bawri'nda,
Jallad keler jan almaqti'n' qasti'nda,
At keldi dep shuwlaman'lar qalmaqlar,
Qarsi' shi'qpan', Bayshubardi'n' aldi'na
Buni' shapqan ma'rttin' tarqar qumari',
Jalti'rap ko'rindi tilla tumari',
At keldi dep lalawlaspan' qalmaqlar,
Bul kiyatqan Alpami'sti'n' shubari'.

*(Alpami's Barshi'n taman umti'ladi'. Daladan qi'yqi'w yesitiledi. Barshi'n aldi'raq shi'g'i'p).*

Bag'di'n' gu'li solsi'n dep,
At jibergen qalmaqlar,
Nami's penen wo'lsin dep.
Ko'z aydi'n aytpag'a kelip tur.
Bayraqqa qoyg'an shori'n'i'z,
At keldi to'rem ko'z aydi'n,
At keldi to'rem ko'z aydi'n.
Ashi'ldi' bag'da gu'lin'iz,
Bayraqtan keldi ati'n'i'z,
Xi'zmetin'e kelip tur,
Bayraqqa qoyg'an shori'n'i'z,
*(atti'n' moyni'na woramal baylaydi')*
At keldi to'rem ko'z aydi'n,
At keldi to'rem ko'z aydi'n.

Alpami's: — Bag'da gu'lin' soldi'rdi'n',
Qari'ndasli'g'i'n'di' bildirdin',
At jibergen qalmaqti',
Nami's penen wo'ltirdin',
Ko'z aydi'n bolsa Barshi'njan
Birge bolsi'n ko'z aydi'n.

*(Alpami's Barshi'ndi' qushaqlap, atti'n' moyni'nan si'ypaydi'. Atti'n' ayag'i'ndag'i' jarani' ko'rip)*

Alpami's: — Mi'nag'an ne boldi'?

Qarajan: — Dushpanlardi'n' qi'lg'ani'. Tas qudi'qti'n'

basi'nda ayaq qoli'mdi' baylap, Bayshubardi'n' ayag'i'na gu'l mi'yi'q qaqti'. U'sh ku'nnen son' bosadi'm. Jolda balamdi' ha'm ati'mdi' wo'ltirdim.

Alpami's: — At moyni'na taqqan tilla tumari'm.
Wo'zim shawi'p tarqatpadi'm qumari'm,
Jat yellerde at shapqani' quri'si'n,
To'rt ayag'i'n basa almaydi' Shubari'm.

Bayshubardi'n' to'rt ayag'i' gu'lli tas,
At qa'dirin bilmeydi yeken qi'zi'lbas,
Bayshubardi'n' bir bahasi'n aytayi'n,
Qarajanday qi'rq bes yerge basma-bas.

Qarajan: — Qa'dirimdi menin' bilmedin',
Bir tay shelli ko'rmedin',
A'weli balamdi',
Son'i'nan ati'mdi' wo'ltirdim,
Bayshybardi' wozdi'ri'p,
Dosli'qti' ba'rjay keltirdim.
Yen' bolmasa Alpami's,
Harma dosti'm demedin' *(ashi'wlani'p shi'g'i'p ketedi).*

Barshi'n: — Uzaqta Baysi'n yelleri,
At shapqan tawdi'n' sho'lleri,
Harma dep kewlin al,
Qarajan dosti'n' kerekti.
*(Barshi'n shi'g'i'p ketip Qarajandi' ali'p keledi).*
Ati'n'a taqqan sa'depti,
Ta'nde jani'm kabapti',
Jekke keldin' qalmaqqa,
Qarajan dosti'n' kerekti.

Alpami's: — At shapqan jollar taqi'rdi',
Palwanlar qurar shati'rdi'.
Harma dosti'm Qarajan,
Bilmedin' be bati'rdi'. *(qushaqlasadi').*

«Alpami's» pyesasi' uri's ji'llari' saxnag'a qoyi'ldi'. Bul pyesa xali'q da'stani' «Alpami's» ti'n' syujetine tiykar-

lang’an. Lekin, bul drama «Alpami’s» da’stani’ni’n’ ko’shirmesi bolmastan, wonda avtordi’n’ qosqan u’lesleri, jan’ali’g’i’ ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Pyesada Alpami’sti’n’, Gu’lparshi’nni’n’, Qarajanni’n’, Baybo’ri menen Baysari’ni’n’, Tayshaxanni’n’, Qultay babani’n’ obrazlari’ menen bir qatarda avtor woyi’nan bir topar qi’z-jigitlerdin’, Sapar biy ha’m Qojalaq obrazlari’ kirgizilgen. Soni’n’ na’tiyjesinde to’rt aktli, segiz kartinali’ «Alpami’s» muzi’kali’ dramasi’ payda boldi’. Dramani’n’ teksti qosi’q ha’m qara so’z aralas jazi’lg’an.

N. Da’wqaraevti’n’ «Alpami’s» pyesasi’ni’n’ yekinshi ja’ha’n uri’si’ da’wirinde saxnag’a qoyi’li’wi’ u’lken a’hmiyetke iye boldi’. Sebebi, bul pyesada uri’s epizodlari’ so’z yetilmegeni menen, Alpami’sti’n’ bati’rli’q ha’reketleri menen birge ruwlar arasi’ndag’i’ awi’zbirshilikti saqlawg’a umti’li’wi’, bir yel menen yekinshi yeldi tati’wlasti’ri’w joli’ndag’i’ ha’reketleri, ja’ne de su’ygeni Gu’lparshi’ng’a bolg’an sadi’qli’g’i’ sol da’wir ushi’n wog’ada xarakterli jag’day boldi’.

Dramaturgtin’ «Alpami’s» pyesasi’ uri’w basli’g’i’ Baysari’ baydi’n’ Baybo’rige wo’kpelep wo’z yelin zorlap Jiydeli Baysi’nnan qalmaq xani’ Tayshaxanni’n’ yeline ko’shiriw ha’reketi menen baslanadi’.

Uri’w basli’g’i’ni’n’ bul ha’reketine miynetkesh xali’q qarsi’ boladi’. Biraq, woni’ bay ti’n’lamaydi’, Sapar biy ha’m tag’i’ basqalardi’n’ ja’rdemi menen wolardi’n’ qarsi’li’g’i’n basti’ri’p ko’shiwge ma’jbu’r yetedi. Birinshi akttin’ Yekinshi kartinasi’da Alpami’sti’n’ yeldi bo’lip a’ketken, Baysari’ni’n’ izinen atlani’wi’ so’z yetiledi. Bul jerde de dramaturg Alpami’s penen Qojalaq arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’ so’z yetedi. Alpami’s ha’m woni’n’ jigitleri ko’shken yeldi qayti’p a’keliw ta’repdari’ bolsa, al, Qojalaq ha’m woni’n’ jigitleri wog’an qarsi’ shi’g’adi’. Dramani’n’ baslani’wi’nda-aq Alpami’s unamli’ qaharman si’pati’nda berilse, Qojalaq unamsi’z qaharman si’pati’nda ko’rinedi. «Alpami’s» pyesasi’ndag’i’ Alpami’s obrazi’ da’standag’i’ obrazdan pu’tkilley aji’rali’p turadi’. Alpami’s ayri’qsha ku’shke iye bati’r bolg’ani’ menen de bir wo’zi ha’reket yete bermeydi.

Pyesada Gu'lparshi'n obrazi' tek suli'wli'g'i' menen yemes, parasatli'li'g'i', aqi'lli'li'g'i' ha'm wo'z su'ygenine wopadarli'g'i' menen de wo'zgeshelenip turadi'. Gu'lparshi'nni'n' unamli' ta'repi sonda, Alpami's wo'z dosti' Qarajang'a wo'kpelep qa'teleskende:

Uzaqti' Baysi'n yelleri,
At shapqan tawdi'n' sho'lleri,
«Harma» dep kewlin al,
Qarajan dosti'n' kerekti,

— dep duri's aqi'l berip, jaqi'n ken'esgo'yi boladi'.

To'rtinshi akttin' birinshi kartinasi'nda xanni'n' woti'ri'spasi', wonda Alpami'sti'n' qural-jarag'i'nan ayri'li'wi', Qojalaqti'n' wog'an jamanli'q yetiwi, Qarajanni'n' Alpami'sti' wo'limnen qutqari'wi' so'z boladi'. Pyesani'n' birneshe worni'nda Qarajan Alpami'sti'n' yen' jaqi'n dosti' si'pati'nda ko'rinedi. Usi' kartinani'n' son'i'nda Tayshaxan taxtan qulati'li'p, worni'na Qarajan bati'r xan boladi'.

To'rtinshi akttin' yekinshi kartinasi'nda Alpami'sti'n' ata-anasi'ni'n' balasi' kelmegennen son' qayg'i'-uwayi'mg'a tu'siwi, wolardi'n' psixologiyali'q kewil-keshirmeleri sheberlik penen beriledi ha'm usi' kartinani'n' son'i'nda Alpami's ko'shken yeldi ha'm Gu'lparshi'ndi' wo'z yeline ali'p qaytadi'.

«Alpami's» pyesasi'n do'retiwde avtor obraz, syujet ha'm konflikt jasawda da bir qansha jetiskenliklerge yerisedi.

Alpami's obrazi'. Pyesada Alpami's obrazi' ayri'qsha ku'shke iye ma'rt, bati'r ha'm bir so'zli adam si'pati'nda su'wretlengen. Woni'n' gu'res joli' a'dillik, xali'qlar dosli'g'i'n bekkemlew, uri'wlardi' biriktiriw ha'm sol arqali' yeldin' ti'ni'shli'g'i'n qorg'awdan ibarat.

Jiydeli Baysi'ndi' jaylag'an yermen,
Dushpannan qorqpayman ketse de gellem,
Qoldawli', qon'i'rat, qi'tay, qi'pshaqti',
Biriktirip yeldi abat yetemen.

Usi'layi'nsha «Alpami's» dramasi'ndag'i' Alpami'sti'n' xali'qti' biriktiriw, dosli'qti' bekkemlew ideyasi' bu'gingi ku'ni de a'hmiyetli ma'selelerdin' biri boli'p tabi'ladi'. Avtordi'n' «Alpami's» pyesasi' ha'm woni'n' qaharmanlari' yekinshi ja'ha'n uri'si' ji'llari' ha'm wonnan son'g'i' da'wirlerde de ideya-tematikasi', waqi'yalardi' sheber su'wretlewi menen de xalqi'mi'z ju'reginen ji'lli' wori'n ali'p kiyati'r.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** N. Da'wqaraev qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'na qanday u'les qosti'?
**2.** N. Da'wqaraevti'n' qanday shi'g'armalari'n bilesiz?
**3.** Dramani' woqi'n' ha'm woni'n' «Alpami's» da'stani'nan qanday wo'zgesheligi bar?
**4.** Dramada da'stan qaharmanlari'na qosi'msha qanday obrazlar kirgizilgen?
**5.** «Alpami's» dramasi'ni'n' qaraqalpaq dramaturgiyasi'nda tutqan worni' qanday?
**6.** Drama qaharmani' Baysari' ne sebep wo'z yelinen ko'shiwge ma'jbu'r boladi'?
**7.** Dramada Alpami'sti'n' bo'lingen yeldi, xali'qti' biriktiriwdegi yerligi qalayi'nsha su'wretleniwin tapqan?
**8.** Gulparshi'nni'n' aqi'lli'li'g'i' menen Alpami'sqa bolg'an wopadarli'g'i' qaysi' wori'nlarda ko'rsetilgen?
**9.** Dramadag'i' basqa qaharmanlarg'a da si'patlama berin'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### Drama haqqi'nda tu'sinik

**Drama** (grek so'zi. ha'reket) — dialog formasi'nda quri'lg'an sahnali'q shi'g'arma. Drama yeki tu'rli ma'nide qollani'ladi': birinshi ma'nisinde — avtor so'zi aralaspay, dialog tu'rinde jazi'lg'an syujetli shi'g'arma, bular tek teatrg'a arnali'p jazi'lg'an boladi'. Yekinshi ma'nisinde adamni'n' sezimi, ishki du'nyasi', qari'm-qatnaslari' teren' konfliktlerdin' tiykari'nda ashi'p beriletug'i'n shi'g'armalar. Drama a'yyemgi grek a'debiyati'nda payda bolg'an ha'm

woni'n' geypara ni'zamlari' bizin' ku'nimizde de saqlani'p kelmekte.

A'debiyatti'n' u'lken u'sh janri'ni'n' biri bolg'an dramani'n' basqa janrlardan wo'zgesheligi, ayi'rmashi'li'g'i' bar. Wolardi'n' iri basli'lari' mi'nalardan ibarat: a) basqa janrg'a qarag'anda bunday waqi'ya ayri'qsha dramali'q si'patqa iye boladi' ha'm tamashago'ydin' di'qqati'n dinamikali'q xarakteri menen worap aladi'. Sog'an baylani'sli' adam minez-qulqi' ayqi'nlana beredi, minez-qulqi'ni'n' bir-biri menen soqli'g'i'si'wi'ni'n' na'tiyjesinde wolardi'n' ishki du'nyasi' ashi'p beriledi; b) ha'reket birliginin' saqlani'wi'nda izbe-izlik ku'shli boladi' ha'm bul qatti' talap yetiledi. Dramani'n' ha'reketi bir maqsettin' a'tirapi'nda boli'wi' kerek ha'm wog'an qosi'msha waqi'yalar jat. Basli' pikir sol tiykarg'i' qaharmanni'n' ta'g'dirine qarati'lg'an boladi'. Dramali'q qaharman so'zde yemes, iste ko'riniwi kerek; v) drama saxnag'a arnali'p jazi'ladi' ha'm wol wo'tken waqi'yani' tamashago'ydin' ko'z aldi'nda tap ha'zir boli'p ati'rg'anday yetip yelesletedi.

Drama u'lken u'sh tu'rge bo'linedi: tragediya, komediya, drama.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda bulardi'n' barli'q tu'rleri de rawajlang'an. Biraq, XX a'sirdin' 20-ji'llari'na shekem drama qaraqalpaq a'debiyati'nda arnawli' janr si'pati'nda bolg'an joq. Wol ma'deniyati'mi'zdi'n' wo'sip, jetilisken waqti'nda payda boli'p woti'r. Dramani'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'wi' teatr ko'rkem-wo'neri menen ti'g'i'z baylani'sli'. Dramali'q janr jana ko'rkem-wo'nerdin' gu'lda'stesi, poeziyanin' yen' joqarg'i' tu'ri degen Belinskiydin' so'zi da'l tawi'p ayti'lg'an dani'shpanli'q pikir.

# ABBAZ DABI'LOV

(1898—1970)



Qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' so'z zergeri A. Dabi'lov qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ha'r ta'repleme gu'llep rawajlani'wi'na wo'zinin' a'jayi'p shi'g'armalari' menen salmaqli' u'les qosti'. Shayi'rdi'n' «Qosi'qlar» (1940), «Jen'isler yoshi'» (1942), «Alg'a» (1959), «Qosi'qlar» (1962), «Ju'rekke jaqi'n adamlar» (1965), «Arnawlar» (1966), «Bilimlen» (1968), «Temir jol» (1973), «Na'ma'rt jigit nege da'rkar» (1976), ha'm basqa da poeziyali'q toplamlari' basi'li'p shi'qti'. Shayi'rdi'n' «Bahadi'r» da'stani' yeki ma'rtebe 1950, 1957-ji'llari', al woni'n' toli'q nusqasi' rus tilinde 1989-ji'li' basi'li'p shi'qti'. Bunnan basqa da shayi'rdi'n' u'sh toplami' (1, 2, 3 tomlari') 1958, 1967, 1972-ji'llari' jari'q ko'rdi.

A. Dabi'lovti'n' ko'plegen shi'g'armalari' wo'zbek, qazaq, rus tillerine awdari'li'p basi'ldi'. Woni'n' wo'zbek tilinde «Qushiqlar» (1956), rus tilinde «Svetli'y kon», «Stixi» (1973) degen toplamlari' shi'qti'.

A'debiyati'mi'zdi' rawajlandi'ri'wdag'i' xi'zmetleri ushi'n «Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri'» (1945), «O'zbekistan xali'q ji'rshi'si'» (1957) hu'rmetli ataqlari' berildi. Shayi'r «Bahadi'r» da'stani' ushi'n Berdaq ati'ndag'i' Respublikali'q si'yli'qti'n' laureati' boldi' (1967).

A. Dabi'lov «Miynette bati'rli'g'i'» ha'm «Miynette ayri'qshali'g'i' ushi'n» ordeni ha'm medallari' menen O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Joqarg'i' Ken'esi ha'm Prezidiumi'ni'n' hu'rmet jarli'qlari' menen si'yli'qlandi'.

A. Dabi'lov 1898-ji'li' Taxtako'pir rayoni'ni'n' «Qaraoy» awi'li'nda tuwi'ladi'. Woni'n' wo'mir bayani'na ser salsaq, ju'da' qi'yi'n turmi'sti' bastan keshirgenligin ko'remiz. A'kesi jaslay qayti's boli'p, anasi' menen qaladi'. Wol

da’slep yeski diniy mektepte, son’i’nan Qaraqum iyshanni’n’ medresesinde ta’lim aladi’.

1927-ji’li’ «Shi’mbaydan arman wo’tpegen, ku’ni qursi’n bayag’i’ni’n’» dep jazg’an shayi’r jan’a turmi’sti’n’ talantli’ ji’rshi’si’ boldi’. A’sirese, woni’n’ du’nya tani’mi’ ha’m jan’a da’wirge bolg’an ko’z qaraslari’ 30-ji’llarg’a kelip buri’ng’i’g’a qarag’anda a’dewir bayi’di’.

Woni’ hu’kimet basshi’lari’ To’rtku’lge shaqi’rti’p aladi’.

Moskva, Tashkent saparlari’ wog’an pu’tkilley jan’a du’nyani’n’ yesigin ashadi’. Bul shayi’rdi’n’ jasi’ jag’i’nan aqi’l-woyi’ toli’si’p yelimizdegi wo’zgerislerdi jan-ta’ni menen ji’rlag’an waqti’ yedi. Shayi’r «Bu’lbu’ldey sayrap ha’r ku’ni» dep jazg’ani’nday, ha’r ku’ni xalqi’mi’z arasi’nda boli’p, u’zliksiz jan’a shi’g’armalar do’retip bardi’.

Xali’q shayi’ri’ A. Dabi’lov 1970-ji’li’ 72 jasi’nda qayti’s boldi’.

30-ji’llari’ shayi’r «Segizinshi mart», «Su’wenli kanali’», «Taxtako’pir», «Mektepte bolar», «Hayal-qi’zlar», «Xali’q aynasi’» si’yaqli’ birneshe mapazli’q qosi’qlari’n jazi’p, wonda sol waqi’tta boli’p ati’rg’an waqi’yalarg’a wo’zinin’ ko’z qaraslari’n bildiriw menen birge turmi’stag’i’ wo’zgerislerdi de, jan’ali’qlardi’ da xali’qqa jetkeriwde ko’p xi’zmet yetti.

Sebebi, wo’z da’wiri ushi’n xi’zmet yetiw ha’m woni’ ji’rlaw ha’r bir shayi’r ushi’n da azamatli’q is yedi.

Abbazdi’n’ qosi’qlari’ni’n’ ta’sirliligi birinshiden, tuwma talantqa iye boli’wi’, yekinshiden, xali’qli’q ruwxti’n’ basi’mli’g’i’, u’shinshiden, waqi’yani’n’ arasi’nda boli’p, wo’z ko’zi menen ko’rgenlerin ko’rkem su’wretlewinde ko’rinedi.

Yekinshi ja’ha’n uri’si’ ji’llari’nda shayi’r wo’zinin’ teren’ xali’qli’q ruwxta jazi’lg’an «Biz jen’emiz», «Jen’gen jaqsi’», «Na’ma’rt jigit nege da’rkar», «Stalingradta», «Harmasi’n», «Qi’z benen kelinshek» h.t.b. birneshe qosi’qlari’n do’retedi.

Uri’s ji’llari’ ha’m uri’stan son’g’i’ da’wirde qaraqalpaq poeziyasi’ lirika, poema, ballada, da’stan si’yaqli’ tu’rli janrli’q formalar menen bayi’p bardi’. Xali’q shayi’ri’ Abbazdi’n’ filosofiyali’q mazmundag’i’ lirikalari’, bu’gingi

ku'n temasi'na arnalg'an qosi'qlari' poeziyami'zdi' belgili da'rejede rawajlandi'ri'p bardi'.

Mi'sali', shayi'r ku'ndelikli turmi's talabi'nan kelip shi'g'i'p «Bir paxta joq suw ko'rgen», «Qaytar yemes istin' pa'ti», «Uyqi'n'di' ash-a'tirapqa qara», «Sarp yetilsin bar ku'shler», «Miynet yerleri haqqi'nda», «Harmasi'n», «Sen wa'deden tabi'lmadi'n'», «Bati'rlarg'a tiygen joqpa ziyani'n'?» h.t.b. qosi'qlari'n jazadi'. Bul qosi'qlardi'n' ha'rbirinde xali'qti' yen' qi'yi'n-qi'staw waqi'tlari' yerin-sheklikke jol qoymay g'alaba tu'rde jedelli miynet yetiwge shaqi'ri'w ideyasi' xali'qli'q ruwxta ku'shli su'wretlendi.

A. Dabi'lovti'n' poeziyali'q shi'g'armalari'ni'n' mazmuni' bay, tematikasi' wog'ada ken'. Wol tuwi'sqan xali'qlardi'n' so'z sheberlerine ha'm zamanlaslari'na arnap, «Sadi'q shayi'rg'a», «Sa'bit Muxanovqa», «Asan Begimovqa», «Qalli' Ayi'mbetovqa», ja'ne de do'retiwshilik joli'nda ruwxi'y ustazlari' bolg'an «Maqti'mquli'g'a», «Berdaqqa», «Ayapbergen shayi'rg'a» degen qosi'qlari'n jazdi'.

Shayi'rdi'n' Watan haqqi'ndag'i' tu'sinigi wog'ada ken' ha'm mazmunli' yekenligi 50-ji'llari' jazi'lg'an «Ti'ni'shli'q haqqi'nda» qosi'g'i'nda ayqi'n ko'rinedi. Bunnan ko'p ji'llar buri'n jazi'li'wi'na qaramastan qosi'qti'n' ideya-tematikasi' hasla go'nermeydi. Sebebi, wonda bu'gingi ku'ni de xalqi'mi'z arasi'nda wo'z Watani'na ha'm xalqi'na qi'yanet yetiwshilerdin' tabi'li'p qali'wi' mu'mkin yekenligi, lekin, wonday arsi'z ha'm satqi'n adamlardi' tuwri' jolg'a sali'wdi'n' wog'ada za'ru'rligi teren' uqti'ri'ladi'.

## BAHADI'R

*(da'stannan u'zindi)*

Qaraqalpaqti'n' yelinde,
Ken' salali' jerinde,
A'miwda'ryani'n' boyi'nda,
Mi'n' tog'i'z ju'z sa'nenin',
Ja'nede wonda birinde,
Basi'nan miynet ketpegen,
Shekpeni dizge jetpegen,
Zali'mlardi'n' zuli'mi'nan,

Ji’lamay ku’ni keshpegen,
Wo’mirinshe jeri joq,
Miynetsiz jarma ishpegen,
Yelden-yelge barg’anda,
Arqalanbay ko’shpegen,
Wo’mirinin’ gu’li wo’rkenlep,
Bir jetilip pispegen,
Diyqan ju’rip mal baqqan,
Mudami’ i’rg’i’p, sekirip,
Qi’zi’l shen’gel, aq shen’gel,
Aqpas penen jantaqtan,
Baydi’n’ mali’ baqqani’,
Alti’ ayg’a azi’q bolmag’an,
Won yeki ayda tapqani’,
Jar basi’na tikeytken,
Jarti’ i’lashi’q shatpani’,
Allang’or degen bir adam,
Ji’law menen ja’ha’nde,
Ishine tu’sip bir kesel,
Ko’kirek qi’spa, ko’k jo’tel,
Duri’slap kelip sum a’jel,
Wo’tti paqi’r du’nyadan,
Shi’nargu’l soni’n’ hayali’,
Jarti’ i’lashi’q shatpani’n’,
Won’ jag’i’na qoyadi’.
Kemshilikti yadqa ali’p,
Tu’rli jaqqa ketedi,
Shi’nargu’ldin’ qi’yali’,
Abi’laysan’ jamg’i’rday,
Ko’zinin’ jasi’ mo’ltildep,
Yetegine quyadi’,
Ati’n qoyg’an Ari’slan dep,
Won to’rt jasar balasi’n,
Na’zerine qoyadi’,
Ishten debdiw shi’g’ari’p,
Dawi’slap qatti’ ah urdi’,
Qon’si’-qoba awi’ldi’,
Awi’llas meshit qa’wimdi,
To’rkini menen tami’rdi’,

Bir qatar ba'rin shi'g'ardi',
Awhali'n ayti'p Shi'nargu'l,
Worni'nan i'rg'i'p turadi',
Ji'ynali'p kelgen xalqi'na,
Hal-jag'dayi'n bildirip,
Tuwi'sqan dep tolg'ani'p,
Arzasi'n ayti'p zarlani'p,
Jer tebirentip gu'rsinip,
Shi'nargu'l shi'ntlap ji'ladi',
— Qi'ymi'ldawg'a shamam joq,
Soyi'sli'qqa mali'm joq,
U'yimde yeger bar bolsa,
Ayamas yedim qostardan,
Bir basi'm qurban joli'na,
Ayag'anday jani'm joq,
Mi'naw turg'an shatpada,
Uramda da qapta da,
Yari'm batpan bolmasa,
Batpan shi'g'ar da'nim joq.
Si'pi'ramda bolmasa,
Shanashi'mda uni'm joq,
Qali'n' xalqi'm bolmasa,
Jani' ashi'r qol berer,
Ag'a menen inim joq,
Rasi'n aytsam doslari'm,
Yesabi'n tawi'p qalayda,
Ko'mip ber dep ayti'wdan,
Basqa hesh bir so'zim joq,
... Shi'nargu'l yel-yelati'na,
Yel-yelati'ni'n' a'kelgen,
Si'yli'q zati'na,
Kewli toli'p, raxmet aytti',
Wolar ha'm ruqsat ali'p,
U'y-jaylari'na qaytti',
Woti'z ji'l wotlas,
Bir qatar ji'l qoslas,
Allang'ordi'n' worni',
Ku'ndegiden go're,
Ko'zine basqasha ko'rindi,

Buni'n' qostarli'q haqi'n,
Bir-yeki awi'z joqlaw,
Ji'law menen bereyin dep,
Tuli'mlari'n tarqati'p,
Shashlari'n jazi'p,
Wo'mirinin' a'wel aqi'ri'nan,
So'ylep ji'lap turg'an usaydi':

Ja'ha'nda jan barma sendey ku'yingen,
Mudam shobi't, jarg'aq penen kiyingen,
Kewlin'de shashlani'p ha'rbir u'yilgen,
Qayg'i'dan ko'p qi'rman ketti qostari'm.

Mal baqti'n', qoli'n'da qayda tayag'i'n',
Tilinip qi'rq jari'q boli'p ayag'i'n',
Qayg'i'g'a qaynadi' qaybir qayag'i'n',
Dalag'a ko'p da'rman ketti qostari'm.

Qami'g'i'p ko'z jasi'n to'gip monshaqlap,
Wo'te almadi'm dedi du'nyada shag'lap,
Wo'lerinde Ari'slanjandi' qushaqlap,
Qaray-qaray zordan ketti qostari'm.

Shi'nargu'l der nawqan masaq tereyin,
Yendi wo'z baxti'mdi' si'nap ko'reyin,
Xalqi'm ushi'n shiyrin jandi' bereyin,
Allang'ordi' umi'tpan'i'z, doslari'm!

Shi'nargu'l Ari'slanni'n' qasi'na kelip,
Balam aqi'lli' meken,
Ya aqi'lg'a namaqul meken,
Ma'rt peken, na'ma'rt peken,
Parasatli' sabi'rli' meken,
Ya ashi'wshaq, shart-shu'rtpeken,
Dep balasi'n si'namaq ushi'n,
«Aqi'l jastan shi'g'adi'
Hasi'l tastan shi'g'adi'»
Deytug'i'n yedi balam,
Waqti' pitip a'ken' wo'ldi,

Sag'an jetimlik keldi,
Mag'an jesirlik keldi.

Yendi ku'n ko'ris qalay bolar yeken balam? dep Shi'nargu'l balasi'na qarap so'ylep tur:

— Jan'a wo'spirim na'w ba'ha'r,
Tal shi'bi'qtay buralasan',
Anan'a sal sen bir na'zer,
Aqi'l tappay tubalasan'.
Balam azanda bir toysan',
Mezgilge zordan shi'daysan',
Mezgilden qalsan' ji'laysan',
Bir nan bersem jubanasan'.

So'ytip ketip asi'q-topqa,
Meni taslap jang'an wotqa,
Qaramaysan' barli'-joqqa,
Qarni'n' toysa quwanasan'.

Balam basli' bir ka'r yetpey,
Na'tiyjeli is do'retpey,
Ushi' joyi'lg'an keleptey,
Aqi'ri' bir shubalasan',

Teris putaq ko'rsen' ko'z benen,
Du'zetpey woni' tez benen,
Yaki u'git, ya so'z benen,
Balam qalay ura alasan'?

U'yin'de zati'n' bolmasa,
Minerge ati'n' bolmasa,
Bererge asi'n' bolmasa,
Yelde qalay ju're alasan'?

Ata ka'sibinde mal baqpay,
Ya yelden bir ag'a tappay,
Abi'rayi'n'di' so'ytip jappay,
Sen qalay ku'n ko're alasan'?

Balam ketti miyim awi'p,
Ku'n ko'risim boldi' qa'wip,

Bir dani'shpan dana ta'wip,
Ayag'i'na dumalasan'?

So'ytpesen' baxi't keler me,
Qoli'ni'n' ushi'n berer me,
Quwsan' sag'an jetkerer me,
Uslatar ma qamalasan'?

Tez yer jetip ka'mali'n'a,
Salsan' bir na'zer hali'ma,
Qalmay balam wobali'ma,
Kemshilikti quwalasan'.

Kewlimde tawsi'lmas qumar,
Tarqap, woti'n du'ziw janar,
Boli'p balam iske qardar,
Miynetin'di panalasan'.

Shi'nargu'l der boldi'm g'a'rip,
Ayag'i'mda sansi'z jari'q,
Qi'stan shi'qpas men bir ari'q,
Jortarman ba sabalasan'.

Shi'nargu'l balasi'na qarap so'zin tamam yetti. Bul so'zler Ari'slanni'n' jeti-ju'yresinen wo'tti.

— A'y, ana menin' a'kemnin',
Qulli'qta ju'rip,
Mal baqqan ka'sibi quri'si'n,
Wonday mal bag'i'w jumi's,
Wo'zinin' jayi'na tursi'n,
Jan'a shi'qti'm won to'rtke,
Balan' toli'si'p ka'mali'na kelsin...
Du'nyada talap ko'p,
Qaysi'si' mag'an gez keledi,
Woni' menin' baxti'm bilsin,
Shi'nargu'l balasi'ni'n' so'zin ti'n'lap,
Tu'rli qi'yalg'a ketkenin an'lap,
Balam na'tiyjesiz bolmas,
Dep quwani'shli' tu'rde,

Ari’slang’a qarap:
— Balam, ashshi’ni’ ha’m tatti’q,
Dushshi’ni’ ha’m tatti’q,
Qansha ku’nler tamaq tappay,
Ji’lap jatti’q,
Neshe suwlarg’a manti’g’i’p,
Neshe i’laylarg’a batti’q,
... Shi’nargu’l balasi’na,
Qa’dir-qi’mbat so’zlerin,
Bir qatar bayan yetti,
Ari’slan bul so’zlerdi,
Yesitip boli’p woyladi’...

**«Bahadi’r» da’stani’.** Jaslayi’nan «Go’rug’li’», «Qi’z Jipek», «G’a’rip-ashi’q» si’yaqli’ xali’q da’stanlari’n su’yip woqi’g’an ha’m ko’pshilikke yadtan qi’ssa joli’ menen ayti’p bergen. A. Dabi’lov uri’stan son’g’i’ ji’llari’ da’stan jazi’wg’a qi’zi’g’adi’ ha’m ken’ ko’lemli epikali’q janrda «Bahadi’r» da’stani’n do’retedi. Bul da’stanni’n’ da’slepki nusqasi’ 1949-ji’li’ a’debiy almanax «Gu’listan» ni’n’ 7-sani’nda basi’ladi’. Bul demek shayi’rdi’n’ uri’s pitiwden-aq da’stan jazi’wg’a kiriskenliginen derek beredi.

Da’stanni’n’ mazmuni’ to’mendegishe: Shayi’r da’stan waqi’yasi’n «Mi’n’ tog’i’z ju’z sa’nenin’, Ja’ne de won birinde» dep real turmi’stan aladi’. Da’stanni’n’ baslani’wi’ birden dramali’q tu’s ali’p, woni’n’ qaharmanlari’ni’n’ biri bir tapqani’na jetpegen Allang’or qayti’s boladi’. Izinde zayi’bi’ Shi’nargu’l menen balasi’ Ari’slan jetim qali’p, woni’ jerlew yekewi ushi’n awi’r qayg’i’ boladi’. U’yinde bir shi’li’m uni’ joq, bir manat puli’ joq Shi’nargu’l ishki da’rtin ji’yi’lg’an xali’qqa qarap bi’lay bildiredi:

Doslari’m qabi’mda da’nim bolmasa,
Bir tandi’r shi’qqanday nani’m bolmasa,
Bar nani’ma bir da’sturqan tolmasa,
Ku’nimdi sayi’lg’a barabar yetti.

Shi’nargu’ldin’ bul qayg’i’si’n ha’m awi’rmanli’g’i’n xali’q birge bo’lisedi ha’m Allang’ordi’ birgelesip jerleydi. Avtor da’standa adamlardi’n’ sol waqi’yag’a qatnasi’n

«Jarli’ bolg’anlar ji’ladi’, bay bolg’anlar ku’ldi» dep da’l si’patlap beredi. Yendi da’standag’i’ barli’q waqi’yalar Ari’slanni’n’ a’tirapi’nda so’z yetiledi. Won to’rt jasi’nda a’keden jetim qalg’an Ari’slan da’slebinde belgili basli’ ka’siptin’ yaki wo’nerdin’ basi’n uslamay asi’q woyi’ni’ menen waqti’n wo’tkeredi. Bunnan qa’weterlengen Shi’nargu’l «balam adam bolar ma yeken yaki usi’ nadanli’g’i’nda qala ma yeken» dep Ari’slang’a qarap bi’lay deydi:

U’yin’de asi’n’ bolmasa,
Minerge ati’n’ bolmasa,
Bererge nani’n’ bolmasa,
Yelde qalay ju’re alaman.
Ata ka’sibin’de mal baqpay,
Ya yelden bir ag’a tappay,
Abrayi’n’di’ so’ytip jappay,
Sen qalay ku’n ko’re alasan’.

Sonda Ari’slan anasi’na qarap bi’lay juwap beredi:

Senin’ perzentin’ men hadal,
Joq bolsa da ko’p du’nya-mal,
Kewlimde bar ju’z mi’n’ qi’yal,
Aytsam ana so’z tiykari’n.

Ati’ shi’qqan palwan bolsam,
Bir sayali’ na’rwan bolsam,
Ku’nde ju’z tu’r a’lwan do’nsem,
Alg’a wo’sip bir qumari’m.

Ari’slanni’n’ bul so’zlerinen-aq wo’z aldi’na u’lken maqset qoyg’anli’g’i’ sezilip turadi’. Ari’slan yer jetip, turmi’sti’n’ ashshi’-dushshi’si’n an’lay baslaydi’. Wol u’ylenip xojali’q bolayi’n, dese u’yinde hesh na’rsesi joq. Bul qorli’qli’ turmi’s Shi’nargu’lge Allang’ordi’n’ wo’liminen de awi’r boladi’.

Balam ketti miyim awi’p,
Ku’n ko’risim boldi’ qa’wip,
Bir dani’shpan dana tawi’p,
Ayag’i’na dumalasan’.

Ana aqi'li' Ari'slang'a ta'sir yetip, wol Azat degen a'ri bati'r a'ri aqi'lli' jigitti tawi'p aladi' ha'm «si'rti'm pu'tin, ishim tu'tin» dep wo'zinin' qi'yi'n turmi'si'n jasi'rmastan bayan yetedi. Yekewi yel aralaydi'. Ari'slan Azat penen qay jerde toy bolsa birge bari'p jaqsi' ha'm jamanni'n' parqi'n ayi'ra baslaydi'. Bir ku'ni wolar Ta'jimbettin' qi'zi' Qi'rmi'zi'ni'n' uzati'li'w toyi'na baradi'. Qi'rmi'zi' bolsa Toli'baydi'n' balasi' Arti'qti' qa'lemeydi. Da'standa shayi'r Toli'baydi'n' balasi' Arti'qti'n' kelbetin bi'lay ta'riyipleydi:

Bir balasi' bar yedi,
Wo'ttey u'pik sari' yedi,
Wo'zi ji'lan qabi'rg'a,
Ja'ne serke san yedi,
Bay balasi' demesen',
A'ytewir tiri jan yedi.

Qi'rmi'zi' bay balasi' Arti'qti'n' wo'zinin' ten'i yemesligin, ja'ne de baydi'n' bergen won bes wo'giz, won si'yi'r, won yeki qoshqar, bes qozi'si'na qi'zi'g'i'p wo'zin satqan a'kesine qarap: «baydi'n' mali'na qarag'ansha, qi'zi'n'ni'n' qalay ku'n ko'retug'i'n, hali'na qarasan'shi'» — dep wo'z pikirlerin ashi'q aytadi'. Biraq, Toli'baydi'n' mali'na qi'zi'qqan a'ke woni'n' so'zine itibar bermeydi. Sonda Qi'rmi'zi' ishi da'rtke toli'p a'kesine qarap bi'lay deydi:

Bul sawdan' qaytpasa shori' bolarman,
Baxi'tsi'z man'laydi'n' sori' bolarman,
Adamni'n' yen' to'men qori' bolarman,
Mi'n' tu'ma'nlik basi'm arzan qi'larsan'.

Usi'layi'nsha xali'q turmi'si'n jaqsi' bilgen shayi'r Qi'rmi'zi' obrazi' arqali' zaman ten'sizligine qaramastan bas yerkinligin qorg'awg'a ha'm wo'z su'ygenine qosi'li'p baxi'tli' turmi's quri'wg'a umti'lg'an qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' milliy wo'zgeshelik xarak-terin jasaydi'. Qi'rmi'zi' buri'ng'i' ta'rtip boyi'nsha mal bergen adamg'a kete bermesten, su'ygen jigiti Ari'slang'a kewil qoyadi', ha'tteki,

wo'z a'kesine qarsi' shi'g'i'p kewildegisin ashi'q-tan-ashi'q aytadi'. Da'standag'i' Qi'rmi'zi' obrazi' tuwri' so'zligi, suli'wli'g'i', aqi'l-parasatli'g'i' menen de aji'rali'p turadi'.

A'kesi qi'zi'ni'n' jag'dayi'na qaramastan toydi' baslap jiberedi. Bul toyda gu'res boli'p, Ta'jimbettin' awi'li'ni'n' palwanlari' ji'g'i'li'p qaladi'. Ari'slan gu'reske tu'sip Toli'baydi'n' palwanlari'ni'n' ba'rin ji'g'adi'. Wonnan son' Xiywadan kelgen palwanlar menen de gu'reske tu'sip, wolardi' da ji'g'adi'. Bug'an Xiywadan kelgen qi'rq atli' ashi'wlani'p, Ari'slandi' uslamaqshi' boladi', lekin, woni' taba almay qali'p, Azatti' ali'p ketedi. Ari'slan Arti'q penen ushi'rasadi'. Arti'q wo'z hali'na qaramay Ari'slang'a topi'li's jasaydi', lekin ku'sh jag'i'nan a'zzi kelip Ari's-lannan jen'ilip qaladi'. Ari'slan Arti'qti'n' Shaybas gu're-n'in ha'm shoqmari'n tarti'p ali'p, awi'l adamlari' menen birge Azatti' qutqari'wg'a xiywali'lardi'n' izinen ketedi. Qaratawg'a jetedi ha'm wolardi'n' basshi'si' Ma'tjandi' jen'iliske ushi'ratadi'. Ari'slan Azatti'n' izinen bari'p, woni' xiywali'lardan qutqaradi'. Da'stanni'n' son'i'nda Ari'slan Qi'rmi'zi'g'a qosi'li'p baxi'tli' turmi's keshiredi ha'm balali' boli'p ati'n Bahadi'r qoyadi'.

Ari'slan obrazi'—yer ju'rekli, qara ku'shten de aldi'na adam salmaytug'i'n bati'r tulg'ali' jigit. Wol ana aqi'li'ni'n' duri's yekenligin waqti'nda teren' an'lap jetedi ha'm wo'zine sadi'q dos, wopali' qostar tabi'wg'a um-ti'ladi'. Woni'n' ta'g'dir joli' miynetkesh xali'qti'n' ta'g'-diri menen sabaqlas. Sonli'qtan da wol, xali'q penen birge qi'yi'n turmi'sti' basi'p wo'tip, wo'z miyneti ha'm aqi'li' menen baxi'tli' turmi'sqa yerisedi.

«Bahadi'r» da'stani'ni'n' qaharmanlari' wog'ada ko'p. Wolardi'n' ha'r biri wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri menen aji'rali'p turadi'.

Wolardan du'nya-mali' bolmasa da aqi'lli' ha'm ma'-nili so'zleri menen xali'q hu'rmetine bo'lengen ha'm balasi' Ari'slanni'n' da keleshegine duri's bag'dar bergen mehriban ana Shi'nargu'l, jaslardi'n' baxi'tli' turmi's qu-ri'wi'ni'n' ta'repdari' qi'z jen'gesi Durdana, Ari'slan si'yaqli' jigitlerge sadi'q dos, qayi'rxom ag'a boli'wg'a tayi'n turg'an Azat obrazlari' menen birge xali'q da'stan-

lari’ndag’i’day Shaxmaq kempir, Arti’q ha’m Toli’bay si’yaqli’ qaharmanlar unamsi’z ha’reketleri menen ko’zge tu’sedi.

Da’stanni’n’ tili jen’il, ko’rkemligi wog’ada ku’shli berilgen. Shayi’r xali’qti’n’ a’piwayi’ tilinen, milliy u’rp-a’det da’stu’rlerinen, naqi’l-maqallari’ menen aforizmlerinen, ja’ne de ko’rkemlew quralları’nan da bari’nsha sheber paydalang’an.

Bul shi’g’arma shayi’rdi’ da’stan janri’ni’n’ sheberi si’pati’nda tani’ti’w menen birge ha’zirgi da’wir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ alti’n xori’nan i’layi’qli’ wori’n iyeledi.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

1. U’zindide Allang’or obrazi’ qalay su’wretlenedi?
2. Shi’nargu’l balasi’na qanday na’siyat so’z aytti’?
3. Ari’slan qoli’na tayaq ali’p, shopan boli’wg’a razi’ boldi’ ma?
4. Ari’slan anasi’ni’n’ so’zine ne dedi?

## SADI’Q NURI’MBETOV

(1900—1972)



S. Nuri’mbetov XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda, a’sirese, poeziya janri’nda belgili worni’ bar shayi’rlari’mi’zdi’n’ biri.

Talant iyesinin’ do’retiwshilik joli’ 20-ji’llardan baslanadi’.

Shayi’r 1900-ji’li’ Kegeyli rayoni’ni’n’ aymag’i’ndag’i’ ha’zirgi Qaniyaz Ha’bibullaev ati’ndag’i’ ijara xojali’g’i’ni’n’ No’kis awi’li’nda tuwi’ladi’. Wol jaslayi’nan a’keden jetim qali’p, ag’asi’ Si’di’q shayi’rdi’n’ qoli’nda ta’rbiyalanadi’. Sadi’qti’n’ shayi’rshi’li’q talanti’ni’n’ payda boli’wi’na ag’asi’ Si’di’q Toqpan uli’ menen xali’q awi’z yeki ko’rkem do’retpelerinin’ bay da’stu’rleri unamli’ ta’sir jasag’an. Shayi’r 1919—23-ji’llar arali’g’i’nda «Dawi’tko’l», «Tilla-

xan», «Ko'kshiyel», «Jan'abergen», «Yesetsen'» degen qosi'qlari'n jazadi'. Bul qosi'qlardi'n' mazmuni' shayi'rdi'n' wo'mir bayani' menen ti'g'i'z baylani'sli' yekenligin «Dawi'tko'l» qosi'g'i'ndag'i' «Men de keldim Dawi'tko'ldi panalap» yamasa «Ko'kshiyel» qosi'g'i'ndag'i' «Biraz adam awqat yetken Ko'kshiyel» si'yaqli' qosi'q qatarlari'nda ayqi'n ko'rinip turadi'. Shayi'r da ko'pshilik xali'q si'yaqli' sol jerlerde turmi's keshirgen. Sonli'qtan da, bul qosi'qlar usi' jerlerdin' ta'biyati'n ta'riyiplew ha'm ayi'ri'm adamlardi'n' minez-qulqi'ndag'i' yersi ha'reketlerdi si'ng'a ali'w usi'li'nda jazi'ladi'.

30-ji'llari' turmi'si'mi'zda ma'deniy ag'arti'w, bilimlendiriw jumi'slari' qolg'a ali'ndi', bul adamlardi'n' sanaseziminin' rawajlani'wi'na u'lken ta'sir jasadi'. Buri'n Dawi'tko'l menen Ko'kshiyeldin' arasi'nda wo'mir su'rgen Sadi'q shayi'rdi' hu'kimet basshi'lari' 1939-ji'li' respublikami'zdi'n' worayi' To'rtku'lge shaqi'rti'p aladi' ha'm usi' ji'li' wol Jazi'wshi'lar awqami'na ag'za boladi'.

Shayi'rdi'n' Yekinshi jahan uri'si'nan buri'n «Bizin' Watan» (1940) degen qosi'qlar toplami' basi'li'p shi'qsa, uri's ji'llari' «Jen'impaz xali'q» (1942) ha'm «Bati'rlar alg'a» (1944) degen yeki toplami' jari'q ko'rdi. Uri'stan son'g'i' ji'llari' shayi'r do'retiwshiligi buri'ng'i'g'a qarag'anda tez pa't penen wo'skenligin «Baxtiyar» (1950), «Tu'lkishek» (1956), «Farhad» (1958, 1978), «Jipekshi Jan'i'l» (1961), «Jan'a zaman ji'rlari'» (1962), «Aqli'g'i'm» (1965), «Qanalaslar» (1968), «Shi'g'armalari'ni'n' yeki tomli'g'i'» (1960, 1972) poeziyali'q toplamlari' si'patlap beredi.

S. Nuri'mbetov da'wir jan'ali'g'i'n lirikali'q qosi'qlari'nda g'ana yemes «Berdaq», «Qamari'», «Ten'izde», «Baxtiyar», «Jipekshi Jan'i'l», «Qanalaslar» da'stanlari' menen poemalari'nda ko'rkemlep su'wretledi. Wol soni'n' menen bir qatarda balalardi'n' da su'yikli shayi'ri'na aylandi'. Balalarg'a arnap jumbaqlar, jan'i'ltpashlar, qosi'qlar ha'm poemalar jazdi'. Shayi'r «Qanalaslar» da'stani' ushi'n 1970-ji'li' Berdaq ati'ndag'i' Respublikali'q si'yli'qti'n' laureati' boli'wg'a miyasar boldi'.

S. Nuri'mbetovti'n' ko'rkem a'debiyat maydani'ndag'i' islegen xi'zmetleri ushi'n 1942-ji'li' «Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri'», 1957-ji'li' «O'zbekistan xali'q ji'rshi'si'» degen hu'rmetli ataqlari' berildi. Yelimizdin' belgili shayi'ri' Sadi'q Nuri'mbetov 1972-ji'li' qayti's boldi'.

## BERDAQ

*(poemadan u'zindi)*

Ja'met basi'w jari'q ultan qoni'si',
Gedey japti'n' yeki jag'i' toli'si',
Usi' jerler G'arg'abaydi'n' jaylawi',
Yetken isi Sewilbaydi'n' jumi'si'.

Woti'rg'ani' jaman shatpa i'lashi'q,
Joqshi'li'qtan ha'rne bolar qurasi'p,
Wo'ne boyi' xi'zmet qi'li'p tapqani',
Mezgillikke jeter zorg'a ulasi'p.

Urada da'ni joq, qorada mali',
Bir juti'm as tappay qi'ynali'p jani',
G'arg'abayda ku'ni ushi'n is qi'lar,
Xojali'q bop Qarqarani' alg'ali'.

Ku'n ko'risi to'men awhal qi'yi'nda,
U'yinde joq bir bahali' buyi'mda,
To'sengeni qami's boyar sabannan,
Da'n ali'wg'a za'riw qara tiying'a.

Qi's azi'qti' woylap jani' ashi'ni'p,
Ton'basli'qqa ji'n'g'i'l, tomar tasi'ni'p,
Ku'ndiz-tu'ni ti'nbay sarsi'li'p ju'rgen.
Sherim yetik jambasi'nan basi'li'p.

Jaman halda boldi' mine G'arg'abay,
Ku'neltti yer awi'r turmi's arqalay,
Baxi'tsi'z miynette sarg'aytti' ju'zin,
Jaynap-jasnap bir qumari' tarqamay.

* * *

Bir ku'n Berdaq woqi'wi'nan yerte kep,
Azi'raq awqati'n aldi' maqul jep,
«Baqsi'g'a baraman ag'a men bu'gin-
Ti'n'lamag'a ko'pten ha'wes qi'ldi'm» dep.

Quwani'sh da'ryasi' tolqi'nlap tasi'p,
Ju'regi sha'wkildep albi'rap sasi'p,
«Baqsi'g'a taslawg'a ag'a pul ber»- dep,
G'arg'abayg'a turdi' qushag'i'n ashi'p.

Berdaqjandi' su'yip-su'yip aldi' da,
Na'zerledi yeki ko'zin saldi' da,
Balag'a bergendey aqsha taba almay,
Ko'p woylandi', qapali'qta qaldi' da.

Berdimurat ag'asi'na qaradi',
Dedi: — Pul bermesen' qalay boladi',
Qatarda aqshasi'z woti'rsam mu'lgip,
Qabatlani'p ju'rekke da'rt toladi'.

Bolmas yendi sol baqsi'g'a barmasam,
Shertken sazlari'na zeyin salmasam,
Wo'tken toyda ari'mi'zdi' keltirgen,
Bolmaydi' Da'wlennen nami's almasam.

Woni'n' arti'qshali'q jeri bay shi'g'ar,
Isenimli sog'an kewli jay shi'g'ar,
Baqsi' ti'n'lap yesik bette woti'rsaq,
Bir na'rseler ayti'p bizge bi'lji'rar.

Bayag'i' baqsi'da berdi i'zani',
So'ylese tu'rshigip denem qi'zadi',
Aqshasi'z woti'rg'an gedey ballari',
Merekede gu'n'dey boldi'q mi'sali'.

Aytqan so'zim usi' ag'a shi'n kewil,
Qa'pestegi quslar kibi sayrar til,
Bu'gingi ku'n aqsha tawi'p bermesen',
Qatardan qalarman yendi wo'zin' bil.

—Jaqsi' balam, sorasti'ri'p ko'reyin,
Mu'mkin bolsa tabi'sti'ri'p bereyin,
Sabi'r a'ylegil wo'zim bari'p kelgenshe,
Alasi'm ko'p, Sewlbayg'a jo'neyin.

—Sizin' menen barayi'n men de,
Haqi'n' ushi'n ha'lek boldi'n' g'oy ku'nde,
Sol jerde bir ashshi' so'zge kelsen'iz,
Shatasi'p qalarsan' qaran'g'i' tu'nde.

Bul so'zdi ayti'p, ag'asi'na yerdi wol,
Sewilbayg'a qaray tartti' bular jol,
Ku'n batar aldi'nda bari'p u'yine,
Yesikte woti'rdi' a'ste ali'p qol.

Keldin'be demedi bularg'a qarap,
Hesh na'rse aytpadi' hal-jayi'n sorap,
To'rde Sewil menen hayali' woti'r,
Aldi'nda quwi'rdaq barmag'i'n jalap.

Qati'ni' worni'nan tu'rgelip zorg'a,
Qoli'na kishirek aldi' da qi'rma,
Asqanag'a kirdi basi'p aqi'ri'n,
Ishine tolti'ri'p keltirdi jarma.

So'ytti de bulardi'n' qoydi' aldi'na,
Ishin' dedi qi'ri'nlap ko'z saldi'da.
Hayali' da to'rge shi'g'i'p jey berdi,
Kersen toli' quwi'rdaqqa bardi' da.

Berdaq shayi'r bul awhaldi' ko'rdi de,
Ishpey-jemey qayti'p berdi ku'ldi de,
Sewil aytti' sonda Berdaqqa qarap :
— Senin' de quwi'rdaq jegin' keldi me ?

— Woylani'n' Sewlbay, wolay deme sen,
Tamaq ushi'n sag'an kelgenim joq men,
Nesip yetsin quwi'rdag'i'n' wo'zin'e,
Asi'g'i'sbi'z bizden bir jol sora sen.

Men aytaman sizge so'zdin' duri'si'n,
Abi'royi'n'di' to'gip bul ne qi'li'si'n',

Qoydi’n’ go’shi turi’p jarmasi’n bergen,
Mal ji’ynag’an mi’naw ku’nin’ quri’si’n.

Bayli’q ni’shani’n’di’ biz ko’rdik kele,
Jarman’di’ ishken joq diyqanlar yele,
Aldi’n’da telmirtip qoyg’ansha Sewil,
G’arg’abay ag’amni’n’ haqi’si’n to’le.

— Qori’qpaysan’, a’y bala, tilin’iz wo’tkir,
Yerterek wo’zin’nin’ basi’n’a jetkir,
Ashshi’ so’zin’ nishter boldi’ jani’ma,
Bul jerde turmag’i’l, jayi’n’a ketgil.

Mag’an so’z aytqanday balasan’ netken,
Ha’rbir so’zin’ jeti ju’yemnen wo’tken,
Sewilbaydi’n’ jag’asi’nan ali’n’ dep,
Kim yedi wo’zin’e aqi’l u’yretken?

— Turmi’si’n, awhali’n salmaysi’z ko’zge,
Mi’salg’a alsan’i’z qaran’i’z bizge.
Yeki ji’lg’i’ haqi’si’n ber ag’amni’n’,
Quwi’rdaqqa toyi’p qashpan’i’z ha’zge.

— Woq kibi qadaysan’ mag’an so’zin’di,
Haqi’n’di’ bereyin jog’alt ko’zin’di,
Kelgenin’nin’ son’i’ bolsi’n usi’ ku’n,
Bizin’ u’yge qarap salma izin’di!

Haqi’si’n bergen son’ quwani’p qaldi’,
Sewilbaydan miynet tabi’si’n aldi’,
Aqshasi’n da sanamag’a asi’g’i’p,
Ju’zi gu’ldey jaynap u’yine bardi’.

Quwani’si’p ba’ri kewlin xoshlap,
Basi’nan uwayi’m-qayg’i’si’n taslap,
Wo’ndirgen son’ yeki ji’ldi’n’ haqi’si’n,
Asi’qpay sanadi’ qoli’na uslap.

Ko’p waqi’t ti’nbastan qi’li’pti’ jumi’s,
Man’laydi’ terletip, pitkerip ko’p is,

Jeti ju'z jigirma ku'nnin' ishinen,
U'sh yari'm ayi'ni'n' haqi'si' kemis.

Bilip bergen kemisligin Sewilbek,
G'arg'abaydi' tag'i' qi'lmaqshi' yermek,
Sonda Berdaq ag'asi'na aytqani',
— Naduri's sol zali'mni'n' diydari'n ko'rmek.

Jati'p isher zali'mg'a boli'psan' duwshar,
Jarli' diyqanlardi'n' ne jazi'g'i' bar,
Ag'a Sewlbaydi'n' xi'zmetin yetpe,
Islesen' basqa da jumi's tabi'lar.

Berdimurat kerek aqshasi'n sorap,
Aldi' ag'asi'nan jen'ine worap,
Wonnan keyin joldaslari'n yertti de,
Ketti baqsi' aytqan awi'lg'a qarap.

* * *

Jari' jolg'a barg'ani'nda bir waqta,
Baqsi' dawi'si' tal-tal keldi qulaqqa,
Ju'regi sha'wkildep hallaslap urdi',
Jan'adan yosh payda boli'p Berdaqqa.

— Shaqqan ju'rin' ballar, ko'reyik ti'n'lap,
Baqsi'ni'n' sesleri keldi g'oy jan'lap,
Men bilsem yen' aytqi'sh baqsi' qusaydi',
Kem-kemnen shi'g'adi' hawazi' shag'lap.

Mu'mkin baqsi' Aqi'mbettin' wozi me,
Yesitkenler hayran qalg'an so'zine,
Atag'i' zor kisi deydi adamlar,
Alti'-jeti sha'kirt yergen izine.

Ta'wir bolar yedi ko'rip tani'ssaq,
Hu'rmet sa'lem berip ha'm qol ali'ssaq,
Qosi'q ayti'p qumari'mdi' tarqati'p,
Sha'kirtleri menen nama ali'ssaq.

Nama tuti'wi'mdi', so'zimdi ko'rse,
So'ytip mag'an ko'pshilikte si'n berse,
Jazi'p ju'rgen qosi'g'i'mdi' woqi'yman,
Jaqsi'raq bug'an da kewilin bo'lse.

Dep quwandi' Berdaq mi'yi'g'i'n tarti'p,
Jas ju'rekten tasqi'n muhabbat arti'p,
Ha'zillesip bular ku'lisip woynap,
Bardi' mereke ge ha'mmesi shalqi'p.

Jang'a jayli' jazdi'n' hawasi' keshki,
Ko'pti qi'zi'qti'rg'an baqsi'ni'n' sesti,
Qur boli'p woti'rg'an ha'wli ishinde,
Kewilli di'm jigit-qi'zlardi'n' u'sti.

Kese ali'si'p bir-birine sali'p ko'z,
Ayti'sadi' naqi'l, juwap, ha'zil so'z,
Shad boli'sar kempir menen g'arri' da,
Na'g'i'z baqsi' ha'wijlenip aytqan gez.

Namani' qaytardi' Aqi'mbet baqsi',
Merekenin' keldi soni'n'day naqshi',
Si'lt yetken adam joq qi'zi'qti'rg'an son',
Ha'mmesi ti'n'ladi' qulaq sap jaqsi'.

Baqsi'ni'n' dem alg'an waqti'nda azmaz,
Berdimurat basi'p ayag'i'n g'az-g'az,
Aqi'mbetke sa'lem berdi saldamli',
Amanli'q yesenlik ayti'spaq biraz.

—Harma, harma baqsi' ata Aqi'mbet,
Wo'zin'izge ko'pten ha'wes boli'p yek,
Aytqan naman'i'zdan bu'gingi ku'ni,
Ko'kiregime toqi'p aldi'm ko'p wo'rnek.

— Uzaq jasa, qatari'n'nan kem bolma,
Wo'mir bolsa aldi'n'i'zda ko'p wolja,
Xalqi'n' menen birge ka'malg'a jetip,
Doslari'n'i'z benen birge shag'lasi'p woyna.

Qa’nekey saz duwtar tabi’lsa mag’an,
U’yreniwim ushi’n joqdur shek gu’man,
Sati’p ali’wi’ma aqsha ko’p kerek,
Pul taba almay sog’an qapa bolaman.

— Bolmassan’ Berdaqjan hesh kimnen de kem,
Sizge bul duwtardi’ qi’layi’n ja’rdem,
Kewlim toldi’ adamgerlik isin’e,
A’dep-ikram menen bergende sa’lem.

Minekey saz duwtar qoli’n’a usla,
Buni’ shertip balam kewlin’di xoshla,
Baqsi’ Aqi’mbettin’ sizge si’yli’g’i’,
Atan’ na’siyhati’n umi’tpa hasla!...

Bul so’zdi yesitip shadlandi’ Berdaq,
Kewli yerip tura almadi’ wol shi’dap,
Duwtardi’ bergende baqsi’ usi’ni’p,
Quwang’annan birden jiberdi ji’lap.

Berdaq uslag’anda duwtar jarasti’,
Qi’zi’qsi’ni’p ko’rgen janlar qarasti’,
Da’wlen si’lbi’r ushi’p turi’p worni’nan,
«Wo’zime beresen’!» — dedi tarmasti’.

Aytti’ baqsi’: wo’zin’ netken balasan’,
Ko’pshilikte ko’rgensizlik qi’lasan’,
Berdaqjang’a bergen menin’ ni’shani’m,
Zorli’q yetip buni’ qalay alasan’?

— So’zin’di qoy, Berdaqtan al baqsi’ ag’a.
Men aqsha bereyin sag’an ko’p g’ana,
Yesheyin usi’nba jaqsi’ duwtardi’,
Qa’dirin bilmeydi gedey, jas bala.

Qa’ytsen’iz de zorli’q yetip alaman,
Sazdi’ shertip mende ha’zlik qi’laman,
Bermeymen duwtardi’ Berdimuratqa,
Kerek dese men ayamay uraman.

— Da’wlen uri’s yemes menin’ tilegim,
Sonday isler me yedi senin’ keregin’?—
Dedidag’i’ Berdaq ashi’wg’a minip,
Ku’shine ni’g’aytti’ mi’qli’ bilegin.

Ashi’wi’nda hesh adamg’a bildirmey,
Da’wlenge duwtardan gu’der u’zdirmey,
Qos wo’kpenin’ tusi’ yemespe usi’,
Dep bir urdi’ tek jani’nan bezdirmey.

Sol sebepli u’lken ja’njel baslandi’,
Bir neshe adamni’n’ ko’zi jaslandi’,
Berdaqqa boli’si’p gedey ballari’,
Diyqan Bayjan degen jigit uslandi’.

Berdimurat to’gip ko’zinen jasti’,
Bul awhaldi’ ko’rip qi’ynali’p sasti’,
Qori’qqani’ sonshelli ja’njel g’awg’adan,
Duwtari’n jasi’ri’p u’yine qashti’.

* * *

Bayjan qari’w yetip shoqmardi’ alg’an,
Jo’nsizdi urmaqti’ bir maqset qi’lg’an,
Da’wlenge boli’si’p kelgende Sewil,
Yesinen tandi’ri’p sulayti’p salg’an.

Sol sebep Bayjanni’n’ qoli’ baylandi’,
Zuli’m baylar wo’ltirsem dep woylandi’,
Buni’ ko’rip arli’ gedey ballari’,
Birlik penen qutqari’wg’a saylandi’.

Jazdi’ri’p Bayjandi’ da’rriw jasi’ri’p,
Qaran’g’i’da ko’p jerlerge asi’ri’p,
Jawi’zlar azaplap ju’rer seni dep,
Jiberdiler uzaq yelge qashi’ri’p.

Keldi Berdaq yesik aldi’na jaqi’n,
Qayta-qayta ayti’p Bayjanni’n’ ati’n,
Hawli’g’i’p worni’nan turdi’ G’arg’abay,
Ne deysen’ dep menin’ qoli’-qanati’m.

Bayjanday azamat g'ayrati'n saldi',
Bir neshe zuli'mlar yesinen tandi',
Jalg'i'z wo'zi ko'p adamg'a tay kelip,
Uri'p Sewilbaydan nami'si'n aldi'.

G'arg'abayda wonnan alg'anday kegin,
Gu'rsinip shi'g'ardi' ishinen demin,
— Ju'rek qi'spam jaman qatti' ti'g'adi',
Bu'gingi ku'n balam bolmay tur shenim.

Men wo'lsem si'r berme Berdimuratjan,
Dos-dushpani'n' keler jaqi'n-ji'raqtan,
Albi'rama, jumsawi'n bil aqshani'n',
Tari'g'i'p ju'rme sen azi'q-awqattan.

Gedeyge yerkinlik zamandi' ji'rla,
G'arg'abay ag'an'i'z i'razi' sonda,
Qostari'm Qarqara, perzentim Berdaq,
Wo'z yerkimnen kettim xosh qali'n' munda.

Xosh degendey ja'ne bir qaqti' i'mdi',
I'rzashi'li'q yetiw isharat qi'ldi',
Neshe ji'ldan dawam yetken keselden,
So'ytti de yeriksiz ko'zlerin jumdi'.

G'arg'abay wo'ldi dep bayan yetiwge,
I'n'g'aylani'p Sewilbayg'a ketiwge,
Tag'i' da bir si'nap ko'rmekshi boli'p,
Wog'an qaray ju'rek qi'ldi' jetiwge.

Bug'an ju'ris qi'lg'an Qarqara yedi,
Tari'g'i'p baratqan biyshara yedi,
Keldi de woti'rg'an Sewilbayg'a wol:
— G'arg'abay atan'i'z wo'ldi g'oy — dedi.

Wo'lse wo'lsin, adam az yemes bizde,
Neshe diyqani'm bar wonnan da wo'zge,
G'arg'abayg'a ja'rdemim joq bergendey,
Kete ber Qaraqara tu'sinsen' so'zge.

Degen ga'p so'zlerin aytqanda Sewil,
Bul so'z Qarqarag'a tiygen joq jen'il,

Ta'me yetip barg'anda woni'n' u'yine,
Umi'tpas ma'n'gige qaldi'rdi' kewil.

G'arg'abaydi' jerlep balasi' Berdaq,
Qon'si'-qoba xi'zmetinde turdi' taq,
Qarqara da bar jumi'si'n ayanbay,
Jayg'asti'rdi' qay bir iske boli'p shaq.

Qaldi' Berdaq so'ytip atadan jetim,
Pitkere almay kewlindegi maqsetin,
Sondadag'i' woqi'wi'nan qalmadi',
Wo'z isinin' ba'rha tawi'p retin.

Qi'ssa kitaplardi' woqi'y basladi',
Ha'm de saz duwtardi' qolg'a usladi',
Jigitliktin' ka'mali'na jetken son',
Ko'p da'standi' yadlap waqti'n xoshladi'.

Xat jazi'p kitapti' woqi'y bilgen son',
Qosi'q shi'g'armag'a zeyini ilgen son',
Hesh qanday waqti'n bosqa wo'tkermey,
Jumi'si'n wo'rletti i'qlas bergen son'.

Doslar arasi'nda atag'i' asti'.
Merekede yoshi'p da'ryaday tasti',
Wo'tkir so'zli, tilge sheber shayi'r bop,
Qosi'q do'retiwge berdi i'qlasti'.

* * *

Bir ku'n Berdaq kiydi kiyimin saylap,
Aytlap ju'rmekshi bop bu'lbu'ldey sayrap,
Toylap keldi diyqan Sayman awi'li'na,
Yar-doslari' menen ku'lisip-woynap.

Bag'i'ti'na jiberer kewil yoshi'ni'n',
Tu'rli namalardi'n' bilip usi'li'n,
Yesitkenler tan' qali'sqan aytqanda,
Azatli'qti' su'ygen shadli' qosi'g'i'n.

So'ylegende ko'pshilikti ku'ldirip,
Qi'zi'qti'rdi' shayi'rli'g'i'n bildirip.

Sol waqi'ti'nda Sayman qi'zi' Baytqan,
Sharshi' berdi duwtari'na ildirip.

So'ytip qi'z qaradi' mi'yi'g'i'n tarti'p,
Kewlinde muhabbat-i'shqi'si' arti'p,
Berdimurat ko'rip diydar jamali'n,
Mereke maydanda kettiler shalqi'p.

Aytti' anasi'na woyi'nda bari'n,
Shi'n wa'de berisken Baytqan yari'm,
Qarqara da maqul tapti' bul so'zdi,
Toqtati'p bir jerge kewil qarari'n.

So'ytip ko'p waqi'tlar wo'tip aradan,
U'y turmi'si'n du'zep Berdaq jan'adan,
Ali'p kelip Baytqanday ashi'g'i'n,
Toyi'n berdi kelgeninshe shamada.

* * *

Sayran yetip qaraqalpaq sha'ha'rin,
Araladi' neshe awi'ldi'n' ba'rin,
Maqseti Ku'nxoja shayi'rdi' ko'riw,
Shekken g'arri'li'qti'n' awi'r ma'ha'lin.

Sorasti'ri'p tapti' Ku'nxojani' wol,
Izzet, hu'rmet penen Berdaq aldi' qol,
Xosh keldin'iz, dedi ku'limlep ba'rha',
Ha'm de qoldan kelgeninshe si'ylap zor.

—Shayi'r kiyati'r dep yesitip yedim,
Sol ayti'lg'an Berdimurat sen be yedin'?...
Dedi Ku'nxoja da ku'ta' ma's boli'p,-
Woqi'p berin', shi'g'arman'di' ko'rsetin'.

Sonda Berdimurat shag'ladi' tasi'p,
Qosi'qlari'n ayti'p kewlin ashi'p,
Jan'ladi' qoli'nda ulli' duwtari',
Shayi'rdi'n' da'stinde gu'ldey jarasi'p.

Ku’nxoja aytti’ri’p qosi’g’i’n ko’rdi.
Mazmuni’n tekserip wog’an si’n berdi,
Jazg’anlari’n kewiline unati’p,
Bahaladi’ Berdaqdayi’n sheberdi.

Tag’i’ aytti’: — Yendi neler jazasan’,
Teren’ woylap ji’r arnasi’n qazasan’,
Do’ret Berdimurat ulli’raq da’stan,
Qatardan yerekshe sonda wozasan’.

Ji’rlayman xali’qti’ su’ygen ullardi’,
Qorg’ag’an dushpannan nami’sli’ ardi’,
Bostanli’q-azatli’q ushi’n gu’resken,
Xali’q do’retken bati’rlardi’, sa’rdardi’.

Dedi qoli’ndag’i’ sazi’n jan’lati’p,
Woy-pikirin Ku’nxojag’a ti’n’lati’p,
Waqti’ xosh bop, Berdaq u’yine keldi,
Woni’n’ menen birge qi’rq bes ku’n jati’p.

Bayli’q so’zi menen da’ryaday tasti’,
Xali’q isine ken’nen qushag’i’n ashti’,
Berdaqti’n’ da ul-qi’zi’ yer jetip,
Basi’nan wo’tkerdi jigitlik jasti’.

Baqsi’ boldi’ u’lken qi’zi’ Hu’rliman,
Uli’ Nazi’bek te saz shertip mudam,
Berdimurat dan’qli’ gu’resshen’ shayi’r,
Ko’rkem wo’tkir qosi’q jazg’an neshe san,

«Aqmaq patsha» shi’g’armasi’n pitkerdi,
Qayta-qayta woqi’p woni’ tekserdi,
Qorazbektey xatkerine jazdi’ri’p,
Xali’q ishine taratti’ri’p jiberdi.

Berdaq shayi’r bir ten’lik te ko’rmedi,
Waqti’ xosh bop yerkinlikte ju’rmedi,
Bay zali’mni’n’ qusi’wmetin ko’p shegip,
Miynetkeshler shadli’ da’wran su’rmedi.

Basqa tu'sip joqshi'li'qti'n' saldari',
Ku'nnen-ku'nge ju'rekke da'rt wornadi',
Mudami' sarsi'li'p iste ju'rse de,
Gedeylerge bir yerkinlik bolmadi'.

Berdaqti' da qapashi'li'q kernedi,
Sondadag'i' nami's-ardi' bermedi,
Jazdi' qa'lem ushi'n wo'tkir shi'g'ari'p,
Yerlik isi ku'nnen-kunge wo'rledi.

Bir ku'n Wo'tesh shayi'r Berdaqqa keldi,
Ko'pten sag'i'ni'shli' sa'lemin berdi,
Qumsawi'tqa qi'di'rdi'lar yekewi,
A'rmansi'z so'ylesip tarqati'p sherdi.

Joldas boli'p yeki shayi'r so'ylesip,
Aytqan so'zi bir-birine u'ylesip,
Berdaq a'n'gimesin baslap jiberdi,
At basi'nday a'rman yadi'na tu'sip.

—Wo'mir su'rdik sum qayg'i'li' zamanda,
Ku'n ju'zin bult basqan qara dumanda,
Kewilli ju'rmedik kewilsiz ju'rdik,
Yezildik, jenshildik qali'p tabanda.

Jazg'andi' qa'dirler zaman keler dep,
So'zlerimdi keyingiler ko'rer dep,
Wo'tesh shayi'r isenishim ko'p menin',
A'lpeshlep, qa'sterlep baha berer dep.

Bul ka'rada yaran doslari'n ko'rip,
Wo'tesh penen birge qi'di'ri'p ju'rip,
Xosh ayti'si'p yeki shayi'r tarqasti',
Da'lkeklesip ma's bop woynap ha'm ku'lip.

Kelip Hu'rlimanni'n' u'yine bardi',
Baqsi' qi'zi'n ko'rip ku'ta' shadlandi',
Woynap ju'rgen Qarajang'a qaradi',
Duwtari'n shertkizip wog'an ser saldi'.

Ha'mde aqli'g'i'na usi'ni'p sazi'n,
— Atadan yestelik ali'wi' lazi'm-
Dedi ja'ne Hu'rlimanday qi'zi'na-
Saz benen wo'sirsin bilim sanasi'n.

Aytti' Berdaq baqsi' qi'zi'na ba'rin,
Usi' pikirlerin qi'ldi' wol ma'lim,
So'ytip uzaq ji'llar wo'tip aradan,
Ketti shayi'r jazi'p so'z bayli'q ka'nin.

Bul poemada shayi'r Berdaqti' balali'q turmi'si'nan baslap, woni'n' wo'mirine tiyisli waqi'yalardi' su'wretleydi. Poemada Berdaqti'n' shayi'rli'q talanti' menen qosa baqsi'shi'li'q joli' da ashi'ladi'. A'lbette, shayi'r Berdaq obrazi'n do'retiw ushi'n wol jasag'an da'wirge, wondag'i' qarama-qarsi'li'qli' turmi'sqa da u'lken itibar beredi ha'm wo'z qaharmani'n qi'yi'n wo'tkellerden ali'p shi'g'adi'. Poema qaharmanlari'ni'n' biri yel arasi'na dan'qi' tarag'an Aqi'mbet baqsi' wo'z duwtari'n Berdaqqa uzata woti'ri'p bi'layi'nsha na'siyat yetedi:

Ma'rtlikke u'yrenin' bolsan' da jarli',
Sheksen'iz de balam kemtarli'q zardi',
So'z kelgende tarti'nbag'i'l dushpannan,
Qoli'n'nan jiberme nami'sti'-ardi'.

Solay yetip, Berdaq baqsi'shi'li'q wo'nerdi Aqi'mbet baqsi'dan u'yrenedi ha'm woni'n' na'siyatlari'na wo'mir boyi' sadi'q boli'p qaladi'. Xali'q ushi'n xi'zmet yetken Aydos biy, Yernazar biy si'yaqli' xali'q qaharmanlari'ni'n' obrazi'n do'retedi. Poemada Berdaq shayi'r ha'm baqsi'shi'li'q wo'neri menen xali'qti'n' ji'ri'n ji'rlag'an, mun'i'n mun'lag'an xali'qshi'l qaharman da'rejesinde su'wretlenedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. Shayi'rdi'n' «Berdaq» poemasi'nda G'arg'abay ha'm Berdaqti'n' obrazi' qalay jasalg'an?
2. Berdaq Sewilbaydi'n' aldi'na ne sebep barg'an yedi?
3. Aqi'mbet baqsi'ni'n' Berdaqqa wo'z duwtari'n sawga' yetiwinin' sebebi nede?

4. Berdaq Da'wlen si'lbi'r menen ne sebep ja'njellesip qaladi'?
5. Berdaqti'n' Ku'nxoja ha'm Wo'tesh penen ushi'rasi'wi' qalay wo'tedi?
6. Berdaq Baytxan menen qalayi'nsha tani'sadi'?
7. Poemani woqi'p mazmuni'n ayti'p berin' ha'm Berdaq obrazi'ni'n' jasali'wi'na si'patlama berin'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

**Poema** — grek so'zi — do'retiw, do'retiwshilik degen ma'nisti an'latadi'. Qosi'qqa tu'sirilgen liro-epikali'q janr. Poema wo'zinin' ko'lemi ha'm kompoziciyali'q quri'li'si' jag'i'nan povestke wog'i'ri' jaqi'n, soni'n' ushi'n da biz ko'pshilik wori'nlarda «qosi'q penen jazi'lg'an povest» yamasa «prozali'q poema» degen atamalardi' ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Biraq povestke sali'sti'rg'anda poemada turmi's shi'nli'g'i' epikali'q waqi'yalarg'a lirikali'q qaharmanlardi'n' qatnaslari' arqali' qosi'q u'lgisinde ashi'ladi'. Soni'n' menen birge epikali'q prozag'a sali'sti'rg'anda poemada syujettin' i'qsham boli'wi' emocional, ta'sirshen' momentlerdin', keskin dramali'q jag'daylardi'n' jiyi-jiyi ha'm ku'tilmegende ushi'rasi'p woti'ri'wi' a'hmiyetli wori'n tutadi'. V. G. Belinskiydin': «Poema turmi's shi'nli'g'i'n su'wretleydi, wog'an qosi'msha wo'mirdin' iri faktlerine umti'ladi', jay turmi'sli'q prozag'a jol bermeydi, wo'mirdin' tek poetikali'q jag'i'n g'ana aladi'» dewi usi'g'an baylani'sli'. Poemani'n' kelip shi'g'i'wi' da buni' tasti'yi'qlaydi'. Mi'sali', a'yyemgi grek a'debiyati'nda iri-iri bati'rlardi', qudaylardi' ji'rlaytug'i'n shi'g'armalardi' poema dep atag'an bolsa, al bizde tu'rkiy xali'qlar a'debiyati'ndag'i' bati'rlar haqqi'nda epikali'q shi'g'armalardi'n' ashi'qli'q ha'm tag'i' basqalar haqqi'ndag'i' do'retpelerdin' «da'stanlar» dep ju'ritiliwi usi'nday tu'siniklerden kelip shi'qqan.

Tu'rkiy xali'qlari'nda poema janri' milliy da'stu'rlerdegi da'stanlardag'i' liro-epikali'q u'lgilerdin' ha'm Evropa a'debiyatlari'ndag'i' poemashi'li'qti'n' jollari'n wo'zlestiriwden ha'm wolardi'n' aji'ralmas birikpesinen payda boldi'. Buni' biz qaraqalpaq a'debiyati'nda I. Yusupovti'n' «Joldas mug'allim», «Aktrisani'n' i'g'bali'», «Dala a'rmanlari'», «Bu'lbu'l uyasi'», T. Ma'tmuratovti'n' «Uri's da'rtleri»,

«Sadi'qli'q», K. Raxvanovti'n' «Tazadan kelgen woqi'wshi'» tag'i' basqa da poemalardi'n' mi'sali'nda ani'q ko'riwge boladi'.

## IBRAYI'M YUSUPOV

(1929 — 2008)



O'zbekistan qaharmani', O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri' Ibrayi'm Yusupov 1929-ji'li' 5-mayda Shi'mbay rayoni'ni'n' Azat awi'li'nda du'nyag'a kelgen.

1949-ji'li' Qaraqalpaq ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'n tamamlap, usi' institutta woqi'ti'wshi' boli'p islep qaladi'. 1961—62-ji'llari' «A'miwda'rya» jurnali'ni'n' bas redaktori', 1962—65-ji'llari' N. Da'wqaraev ati'ndag'i' tariyx, til ha'm a'debiyat institunda ilimiy xi'zmetker, bo'lim basli'g'i', 1965-ji'ldan 1980-ji'lg'a shekem Qaraqalpaqstan Jasi'wshi'lar awqami'ni'n' basli'g'i', 1980—85-ji'llarda «Sovet Qaraqalpaqstani'» (ha'zirgi «Yerkin Qaraqalpaqstan») gazetasi'ni'n' bas redaktori', bunnan keyingi ji'llarda Respublikali'q paraxatshi'li'qti' qorg'aw komitetinin' basli'g'i', Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q worayi'ni'n' basli'g'i' lawazi'mlari'nda jumi's isledi.

Ibrayi'm Yusupov ha'r qi'yli' tarawlarda xi'zmet yetiwine qaramastan do'retiwshilik miynet woni'n' wo'mir joli'ni'n' aji'ralmas bo'legi boldi'. Shayi'rdi'n' da'slepki shi'g'armalari' 1946-ji'ldan baslap ja'riyalana baslasa, birinshi poemasi' «Joldas mug'allim» 1949-ji'li' jari'q ko'rdi, al «Baxi't lirikasi'» degen tun'g'i'sh qosi'qlar toplami' 1955-ji'li' basi'li'p shi'qti'. Soni'nan «Ku'nshi'g'i's jolawshi'si'na» (1959), «Woylar» (1960), «Jeti asi'ri'm» (1962), «G'arri' tuttag'i' gu'z» (1963), «Dala a'rmanlari'» (1966), «Zaman ag'i'mi'» (1969), «Kewil-kewilden suw

isher» (1971), «Tumaris ha'm basqalar» (1974), «Dala orfeyi» (1975), «Yosh» (1977), «Shi'g'armalari'ni'n' eki tomli'g'i'» (1978-79), «Da'wir samallari'» (1982), «Alasatli' du'nya bul» (1987), «Duzli' samallar» (1988), «Kewildegi ken' du'nya» (1989), «U'mit jag'i'si'» (1990), «Tan'lawli' shi'g'armalari'ni'n' yeki tomli'g'i'» (1992), «Begligin'di buzba sen» (1995), «Bu'lbu'l uyasi'» (1997), «Wo'mir sag'an ashi'qpan» (1999), «Ha'r kimnin wo'z zamani' bar» (2004) qosi'qlar toplamlari' ha'm poemalari' jari'q ko'rip, qaraqalpaq poeziyasi'n bayi'tti'.

Ibrayi'm Yusupovti'n' do'retpeleri ko'p g'ana xali'qlar tillerine awdari'ldi'. Rus tilinde «Pesni gornogo rushya» (1960), «Meridiani' serdca» (1966), «Glaza yasherici'» (1973), «Stixi» (1976), «Stepnoy orfey» (1975), «Rozi' i poli'n» (1980), «Zvon stremeni» (1981), «Stremlyus vsey dushoy» (1986), wo'zbek tilinde «Buloqlar qaynaydi» (1960), «Oltin qirg'oq» (1962), «Sahro orzulari» (1965), «Shul turg'ayi» (1972), «Raxmat senga, zamonim» (1979), «Qora tol» (1988), qi'rg'i'z tilinde «Tala qi'yaldari'» toplamlari' jari'q ko'rse, ayi'ri'm shi'g'armalari' basqa da tillerge awdari'li'p basi'ldi'.

Ibrayi'm Yusupov du'nya a'debiyati' klassiklerinin' shi'g'armalari'n qaraqalpaq tiline awdarmashi' retinde de belgili boldi'. Shayi'r Pushkin, Lermentov, Geyne, Bayron, Shevshenko, Hafi'z, Womar Hayyam, Nawayi', Maqti'mquli', Hamza, Vurg'i'n, G'.G'ulam, H.A'limjan, Zulfiya, R.G'amzatov ha'm tag'i' basqa da so'z zergerlerinin' klassikali'q shi'g'armalari'n qaraqalpaq tiline awdari'p, woqi'wshi' qa'wimine ina'm yetti. Shayi'rdi'n' bir neshe lirikali'q qosi'qlari'na kompozitorlari'mi'z namalar jazi'p, qosi'qshi'lari'mi'z su'yip atqaratug'i'n qosi'qlari'na aylang'an. Shayi'r Qaraqalpaqstan Respublikasi' gimninin' avtori'.

Ibrayi'm Yusupov tek shayi'r boli'p qalmastan «G'arri' tuttag'i' gu'z» prozali'q toplami' arqali' bul tarawda da shi'g'arma do'retiwdin' sheber u'lgisin ko'rsete aldi'. A'sirese «Seydan g'arri'ni'n' gewishi» gu'rrin'i» qaraqalpaq a'debiyati'nda usi' janrdag'i' yen' ko'rnekli shi'g'armalardi'n' biri boli'p qaldi'.

Dramaturgiya tarawi'nda wol A'. Shamuratov penen birge qaraqalpaq qaharmanli'q da'stani' tiykari'nda «Qi'rq qi'z» muzi'kali' dramasi'n jazdi'. Avtordi'n' «Aktrisani'n' i'g'bali'» dramali'q poemasi', «Wo'mirbek laqqi'» komediyasi', «A'jiniyaz» operasi'ni'n' librettosi', «Ma'n'gi bulaq» dramali'q poemasi' qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' jetiskenliklerinen boli'p tabi'ladi'.

## ARAL ELEGIYALARI'

*(u'zindi)*

Suwi' qumaytlang'an bir a'zim da'rya
Ruwhi'm arqali' ag'i'p baradi'.
Demikken yen' son'g'i' bali'qlar wonda.
Yesen'kirep qalash qag'i'p baradi'.

Burqi'p aqqan i'lay suwda sayranlap,
Da'ryadan ten'izge bulqi'ni'p woynap,
Yerkin tu'ser yedi. Joq yendi wol waq.
Suwi' kesilgen son' nag'i'p baradi'?

Muz tu'serde tuwlap wol hasi'l bali'q,
Qi'zi'l suw ten'izge gu'wlep jetkende,
Da'ryani'n' ko'p uzaq wo'rine bari'p,
Uwi'ldi'ri'q shashar yedi ko'klemde.

Gu'mis shabaqlari'n du'rletip aydap,
Ko'k ten'izge keler yedi masayrap.
Yendi ha'lden tayi'p, jigeri qaynap,
Ten'iz ta'n'irisinen ma'det ku'tkendey.

Ten'iz ta'n'irisi joq. Bar bolg'anda da,
Ba'lki bul jag'i'sti' umi'tar yedi.
Sayran yetip ali's okeanlarda,
Bizge degen kewlin suwi'tar yedi.

Tubalasa irkip ku'shli ag'i'si'n,
Da'ryalar ten'izge jete almas yeken.
Ten'iz taslap wo'z ma'n'gilik jag'i'si'n,
Ta'g'dirine ilaj yete almas yeken.

Bali'q woynar shalqar suwdi'n' tusi'nda,
Ten'iz ali'p ketken barli'q qusi'n da.
Adamni'n' yen' a'zzi jeri usi'nda,
Wo'z watani'n taslap kete almas yeken.

Suwg'a ne? Ba'ri bir qayda tolg'anda,
Jan'a jag'i'slardi' jati'rqay bilmes.
Qay jerde suw bolsa, shag'ala sonda,
Qurg'aqti'n' qi'mbati'n qa'dirley bilmes.

Qumshawi't jag'i'sta woyg'a talaman,
Shan'g'i't ko'z ashti'rmas, ju'zin' ko'rinbes.
Yeski ultan menen ketip baraman,
Qayi'ri'lsam, arti'mda izim ko'rinbes.

Kemeler qawsag'an qayi'rda tozi'p,
Korsen' ju'rek si'zlar, da'rtlerin' qozi'p.
Qansha qarasam da moyni'mdi' sozi'p,
Ko'z ushi'nda ko'k ten'izim ko'rinbes.

Ha'zir da'rkar yemes mag'an toy-bayram,
Awlaq ju'rip qi'yal su'rgim keledi.
Bul apat islerden aqi'llar hayran,
Sebeplerin serlep bilgim keledi.

Tasi'wdan awi'llar jawrag'an gezde,
Buri'n qurban bergen da'rya, ten'izge.
Qayti'p berer bolsa Araldi' bizge,
Jandi' qurbanli'qqa bergim keledi.

Toy tarqag'an alan' yan'li' a'tirap,
Jag'i'sta awi'llar jetim qalg'anday.
Suwsi'z bali'qshi'nin' isi pati'rat,
Kemesi ko'shkisiz ketip qalg'anday.

Soni'n'day ma'rt yedi bunda adamlar,
Dawi'l ha'm tolqi'nda si'nnan wo'tkendey.
Xosh kewilli, yeden yedi adamlar,
Bekire kespelep qonaq ku'tkendey.

Qi’sta muzdan-muzg’a sekirer yedi,
Dawi’lda ko’k tolqi’n wo’kirer yedi.
Shadli’g’i’n, ruwhi’n, bekirelerdi
Yendi ba’rin birew urlap ketkendey.

Shayi’rdi’n’ «Aral elegiyalari’», «Bul jer yele zor boladi’», «Bazar joli’nda», «Korrupciya», «Begligin’di buzba sen», «Anemiya», «Ti’rnalar», «Ali’s a’wladlarg’a», «Boranli’ keshte», «Bayi’wli’g’a», «Su’melek qaynatqan jen’geyge», «Korabller qoyi’mshi’li’g’i’ndag’i’ yeles», «Poseydonni’n’ g’a’zebi» ha’m t.b. qosi’qlari’ni’n’ ideya-tematikasi’nda bu’gingi ekologiyali’q mashqalalar menen birge ekonomikali’q ja’ne de, socialli’q ma’selelerdi de teren’ tu’singen lirikali’q qaharmanni’n’ kewil-keshirmeleri menen jaqi’nnan tani’sami’z. «Aral elegiyalari’» qosi’g’i’nda biz ten’iz qayti’p, da’ryasi’na uyi’q tewgen xali’qti’n’ bir perzenti si’pati’nda usi’ jag’ada jasawshi’ xali’q ta’g’dirine ha’m Aral ta’g’dirine jani’ ashi’g’an lirik qaharmanni’n’ ruwxi’y keshirmeleri menen ti’ni’shsi’zlani’wi’n ko’z aldi’mi’zda janli’ yelesletemiz.

Shayi’r «Aral elegiyalari’ qosi’g’i’nda ha’m basqa da lirikalari’nda Aral boylari’, Qaraqalpaqstanni’n’ bu’gingi ekologiyali’q ko’rinislerin realistlik ko’zqaras penen si’zi’p beriw arqali’da ana topi’raqqa degen su’yispenshilikti jetkeredi. Zamamlaslari’mi’zg’a joqari’ talaplar qoyadi’, wolarda ana ta’biyatqa degen mehribanli’q woyata biledi. Shayi’r qosi’g’i’nda tek Watani’mi’zdi’n’ bu’gingi ayani’shli’ ta’g’dirin, Aral ma’selesin bir ta’repleme u’mitsizlik ko’zqarastan su’wretlew menen sheklenbegen. Al kerisinshe shayi’rdi’n’ bul bag’i’ttag’i’ woylari’, keleshekke isenimi u’lken.

***Sorawlar ha’m tapsi’rmalar***

**1.** Shayi’rdi’n’ «Aral elegiyalari’» shi’g’armasi’ni’n’ ideya-tematikasi’ qanday ma’seleni so’z yetedi?
**2.** Qosi’qta shayi’rdi’n’ Aral ten’izi haqqi’nda ishki tolg’ani’slari’ qalay su’wretleniwin tabadi’?
**3.** Ten’izdin’ wo’tmishi ha’m bu’gini haqqi’ndag’i’ sali’sti’ri’wlarg’a wo’z pikirlerin’izdi bildirin’.

**4.** Qosi'qta shayi'rdi'n' keleshekke bolg'an isenimi, kewil tolg'ani'slari' qalay berilgen?
**5.** Aral apatshi'li'g'i'na ne sebep bolg'anli'g'i'n ko'rsetetug'i'n qatarlardi' woqi'p, wo'z woylari'n'i'zdi' ha'm ta'sirlerin'izdi ayti'p berin'.

## BU'LBU'L UYASI'

*(Poemadan u'zindi)*

*Ju'rek jarasi'ni'n' qani' menen wol,*
*Quslar du'nyasi'na baxi't keltirgen...*
*G. Geyhe*

*Shen'gelge qong'an bu'lbu'ldin',*
*Shi'mshi'q qurli' sa'ni bolmas.*
*Berdaq*

Qani'n'day shi'rayli' shen'gel gu'lleri!
Jupqa woramal jayi'p ketkendey qi'zlar.
Sol shen'gel asti'nda ko'p ku'nnen beri.
Wo'zim ko'rip ju'rgen qus uyasi' bar...

Ko'zge i'si'q Kegeylinin' jag'asi',
Tuwi'p-wo'sip shan'da woynag'an jerim.
Muzam menen tal asti'nda tabi'si'p,
Tun'g'i'sh muhabbatti' ji'rlag'an jerim.

Wonda adamni'n' i'si'q ju'zi, dawi'si',
Wonda doslar zamani'ma yenshiles,
U'lken joldan shette awi'ldi' usi',
Ko'rip turmasam hesh kewlim kenshimes.

Ketip barati'rsam tani's soqpaqtan,
Qulaqqa bir ha'lsiz ses kelip jetti,
Palapan yeken wol shiyqi'ldap atqan,
Ayani'shtan jani'm seskenip ketti.

Uyasi' buzi'lg'an sho'bi shashi'li'p,
Shen'gellikke kirdim ti'rnali'p a'ste.
Sari' awzi' topi'raqqa basi'li'p,
Jerde jati'r qus balasi' na'reste.

U'pledim qondi'ri'p alaqani'ma,
Shi'mshi'q deyin desem, basqaraq wonnan.
Jati'r jalgi'z ma'yek qabi'g'i' g'ana.
(Netken qus bunshelli na'silge qaran'!)

Uyani' jo'nledim sho'p terip jerden,
(Sag'al su'ykengen be, samal buzg'an ba?)
Yeplep uslap yepsiz qollari'm menen,
Palapandi' saldi'm' wo'z uyasi'na.

Wol wo'z besiginin' jumsaq qayi'zi'na,
Bo'lengen baladay yemshek sorap...
Awzi'm menen suw tami'zdi'm' awzi'na,
Qurt a'kelip salsam jutpadi' biraq.

Anasi' qayda yeken? Nege kelmeydi?
Ya bayg'us qurt izlep ju'rgen be yeken.
Atasi'n aytpay-aq qoyayi'q meyli.
(«A'kenin' jaqsi'si' jezdedey» degen...)

Qani'n'day shi'rayli' shen'gel gu'lleri!
Sonshelli tikenli, sonshelli dilbar.
Tani's soqpaq penen men sonnan beri,
Sol uyadan ali'p turaman xabar.

Bir barsam, qanati' shi'g'i'p palapan,
Talpi'ni'p ushi'wg'a talwas yetedi.
Bazda barg'ani'mda sol bir uyadan,
Biytani'slay bir qus ushi'p ketedi.

Shi'mshi'q deyin desem, wonnan g'awi'raq,
Men ko'rgen quslarg'a qatnasli' yemes.
Tu'ri boz torg'ayga megzes ta'wir-aq,
Biraq poshshabayday shotbasli' yemes...

* * *

Terekli yel boldi' biz wo'sken wo'n'ir,
Biraz yerik, shabdal bag'i' bar yedi.
Wolar yerte ba'ha'r ashqani'nda gu'l,
Tu'n boyi' bu'lbu'ller sayrasar yedi.

Na'zik gu'l jupari' an'qi'p tu'nlerde,
Ju'rer yedim jalg'i'z bag'larg'a shi'g'i'p.
Bala kewlim an'sap a'lle kimlerdi,
Bu'lbu'l sestin ti'n'lar yedim i'nti'g'i'p.

Sonday suli'w, sonday si'rli' u'n menen,
Wolar tami'lji'ti'p sayrag'an waqta,
Sa'wbetles bolg'anday «Mi'n' bir tu'n» menen,
Qi'yal su'rer yedim ju'rip awlaqta.

Bir ila'hiy qustay wo'zin si'r tuti'p,
Bu'lbu'ller ko'rinbey sayrasar uzaq.
Ti'n'lar yedim barli'g'i'mdi' umi'ti'p,
Qanday qus yekenin ko'rmedim biraq.

Al jazda quslardi'n' shoq sayrawi'nda,
Woni' yesitpedim. Qayda jog'alg'an?
Biraq bir mug'allim boldi' awi'lda,
Bu'lbu'ldin' da'l wo'zi boli'p «sayrag'an».

Awi'lda ha'wesker koncert bolg'anda,
Duwtar shertip, tambur shalar yedi wol.
Jurtti' duw ku'ldirip i'sqi'ri'p sonda,
Ayni'mag'an bu'lbu'l, bolar yedi wol.

Bazda awi'l pali'zi'nan tu'nlerde,
Biz uyatsi'z qawi'n urlap jer yedik.
Bu'lbu'l sayrap ketse qaysi' jerlerde,
«Mug'allim keldi» dep zi'p berer yedik.

A'kelgen da'ryani'n' arg'i' jag'i'nan
Ku'ygelek ko'z kelinshegi bar yedi.
Qosi'q aytqan waqta xosh hawazi'nan,
Ay tuwi'p, juldi'zdi' sag'i'nar yedi.

Yel abat, bag'larda ashi'ldi' gu'ller,
Biraq uri's baslandi' ha'mmege ma'lim..
Awi'l toli' tasi'rlag'an jigitler,
Ba'ri uri'sqa ketti, ketti mug'allim.

Qaldi’ yeki qabat jas kelinshegi,
Ko’zi do’n’gelenip jag’i’sta ji’lap.
«Jolg’a ayday qarap ku’temen» dedi,
Jawdi’ jen’ip, aman keliwin sorap.

Kegeyli boyi’nda xali’q i’g’i’n-ji’g’i’n,
Jigitler kemege mindi pesinde.
«Bu’lbu’l» sayrap ketti, Muskat iytinin’,
Suwg’a sekirgeni jurtti’n’ yesinde.

Uri’sqa barati’rg’an tabelshik ag’am,
Taslap ketti «asha tayag’i’n» mag’an.
Wo’n’key qi’z-kelinshek penen bizdag’i’,
Jumi’sqa jegilip qaldi’q, woqi’wdan...

* * *

Jalg’i’z ma’yek sali’p quri’q basqanda,
Bir i’nti’qli’q sezim juwi’ri’p qang’a.
Yerik na’wshesindey ju’regi qusti’n’,
Miyrim bulag’i’na shomi’lar sonda.

Qus niyeti du’ziw, i’qlasi’ qali’s,
Bawi’ri’ yeljirep, tabar jubani’sh.
Boyi’nsi’ni’p jarati’li’s zan’i’na,
Uwi’z iyini quri’p jatadi’ bayg’us.

Shen’gel arasi’na uya salg’anda,
Tiken ti’rnamag’an jeri qalg’an ba.
Sol si’zlap awi’rg’an jaralar pitip,
Jata berdi uyqi’li’-woyaw solmanda.

Jubayi’ qurt uslap awzi’na saldi’,
Bazda suli’w sayrap kewlin aldi’,
Shen’gel qorg’ap woni’ tikeni menen,
Ku’n i’si’g’an waqta sayasi’n saldi’.
Bazda qa’wip-qa’ter kelgendey bolar,
Tu’nlerde qi’zi’q tu’s ko’rgendey bolar.
Bag’da ushi’p qoni’p palapani’na,
Sayrawdi’ u’yretip ju’rgendey bolar.

Ma'yek shayqap, waqti'n-waqti'n qozg'aldi',
Ku'ndiz shuwaq, aqsham ayaz i'zg'arli'.
Gu'belektin' qanati'nan woyani'p,
«Qusti'n' uyqi'si'nday» degen so'z qaldi'.

Qurq basqan quslardi'n' sabi'ri' zi'yada,
Azi'p-tozi'p sarg'ayadi' uyada.
Sepkil ma'yek bir ku'nleri jari'li'p,
Qus na'sili shi'qti' jaqti' du'nyag'a.

Anasi' yeljirer shu'kir yetkendey,
Jubayi' da maqsetine jetkendey,
Sayrar jaqi'n jerde shen'gelge qoni'p,
Shadli'g'i'n ja'riyalar, su'yinshi ku'tkendey...

* * *

Bazda tan' bolaman sarg'ayi'p atqan,
Geyde jolawshi'man sharshap kiyatqan.
Ne qubi'li's bolmas kewil du'zinde,
Birde qus bolaman uyada jatqan.

Sonda a'sten tu'sip da'wran ati'nan,
Woylayman « «a'h, sonsha asqi'nlar adam .
Sonda bul ken' du'nya qus uyasi'nday,
Bir mu'sa'pirxana ko'riner mag'an...

Bir keshe hawani'n' rayi' qashqan,
G'a'zep wog'i'n atti' burshaqli' tastan.
Aldi' dawi'l, keyin jawi'n degendey,
Ji'rti'q u'zik u'ydey jawradi' aspan.

A'jel sawdalari' tu'sti basi'na,
Palapani'n basi'p bawi'r tusi'na,
Urqanati' ushi'p a'bigerlendi,
Ta'g'dir qast yetkendey kirttay qusi'na.
Shaqmaq shag'i'lg'anda jani' i'shqi'ni'p,
Ko'rdi bir ji'landi' kelgen i'sqi'ri'p,
Qus bayg'usti'n' jari'lg'anday ju'regi,
Ushti'-qondi' jan sawg'alap qi'shqi'ri'p.

Soni'n' arasi'nda boldi' tasi'rli',
Ji'lang'a bir kirpisheshen asi'ldi'.
Quyri'g'i'nan tislep tarti'p aldi' da,
Tobanayaq boli'p basi'n jasi'rdi'...

Bilsem, qus uyasi' buzi'lg'an sonda,
Men ko'rmey ketkende bu'gin azanda,
Bir qusqa kemislik qi'lmas pa yedi,
Wolsi'z da jetpesin orkestr-du'nya...

* * *

Qaydag'i' balali'q ali'p yesimdi,
Taslap ketippen g'oy basli' isimdi'
Qoy' yertelep bari'p ko'rip keleyin,
Shen'gellikte qalg'an bayg'us qusi'mdi'.

Bul g'awg'ali', arasatli' dawi'rde,
Qa'wip-qa'ter ko'p uya basqan kewilde.
Du'zdegi qus tu'we, u'ydegi adam,
G'am qayg'i'dan sawa yemes wo'mirde...

Aspan qumaytlani'p bir ku'ni keshte,
Quw qami's i'zi'n'lap, i'zg'i'ri'q yesti,
Sel burshaq sabalap yerik gu'llerin,
«Quralaydi'n' g'ayi'» bul kelgen desti.

Qayg'i'r'i'p shen'gelde qalg'an uyani',
Tan' sa'ha'rde shi'rt uyqi'dan woyani'p,
Barsam, mennen u'rkip ju'rgen sol qusi'm,
Wo'lip ati'r qanati'na tayani'p.

Shi'mshi'q deyin desem, za'rre g'awi'raq,
A'jel menen ayqasi'pti' ta'wiraq,
Sellegen denesi muzlap ayazda,
Uyasi'nan ushpay wo'lipti jawrap.
Qozg'ap ko'rsem jansi'z qusti' uyadan,
Asti'nda shu'ykildep jati'r palapan.
A'jel ayazi'nan qorg'ap perzentin,
Ana bayg'us wo'zi boli'pti' qurban.

Ya a’jep, ne degen qustag’i’ miyrim!
Tikenge ti’rnali’p sho’pshekler ji’ydi’m.
Jamg’i’r qurti’n palapang’a jutqi’zi’p,
Irgesin tikledim buzi’lg’an «u’ydin’».

Neligin bilmedim wo’lgen qusti’n’ bul,
Ko’zime jas aldi’m, yeljirep kewil.
Ayaz tan’da arasi’nan shen’geldin’,
Jaqi’n jerde sayrap qoydi’ bir bu’lbu’l.

* * *

Yey, toba, qoya ber adam degendi,
Qayda wo’zgertse de ma’kan degendi,
Uwi’z-iyni quri’p sag’i’nar ju’rer,
Kindik qani’ tamg’an watan degendi.

Qoya ber usi’ bir shayi’r degendi,
Yeljiretip ju’rek-bawi’r degendi,
Shen’gelin gu’l yeter, shi’mshi’g’i’n-bu’lbu’l,
Usi’ bir usqi’nsiz awi’l degendi.

Bir tu’p tal ko’rse wog’an jan’ali’q,
Bir garri’ so’ylese,-tursi’ danali’q.
Da’wranday yelesler uri’s wag’i’ndag’i’,
Qi’rq ji’l arjag’i’nda qalg’an balali’q...

Qa’lem jang’a tiydi tu’n boyi’ jazi’p,
Awi’ldi’n’ hawasi’ jani’ma azi’q.
Azi’raq bas samallati’p qaytayi’n,
Si’rtqa shaqi’ri’p tur ba’h’ardin’ sazi’.

Ati’zlarda shigit yegisi qi’zg’i’n,
«Arba jol» da’pterdey tabalar si’zg’an,
Isti ti’ndi’ri’p ju’r u’sh-to’rt traktor,
Wo’rden i’qqa-shabar brigad jazg’an.

* * *

Ha’m buri’ldi’m u’sh tu’p garri’ tal betke,
Biz woqi’g’an mektep worni’ bar betke.

Qublasi’nda ko’l boyi’nan qashi’qlaw,
Mug’llimnin’ u’yi turg’an a’lbette.

Wol jaylardi’n’ worni’ ha’zir yegislik,
Japti’n’ jag’alari’ wotlaq ko’gislik.
Sabaqlar joq, ma’zi woyi’mda qalg’an,
Ko’l ha’m sayi’zlang’an, boyi’ tegislik.

Sol balali’q a’rman yadi’ma tu’sti,
Sol ashi’qli’q a’rman yadi’ma tu’sti,
Sol bir joq perige jali’ni’p atqan,
Marhum a’ziyz anam yadi’ma tu’sti.

Tun’g’i’sh muhabbati’m-jarali’ yerlik,
Ko’z aldi’mnan wo’ter ko’rinis berip.
Qi’yali’mdi’ serpip qi’zi’l «Jiguli»,
Sol ma’ha’l toqtadi’ tusi’ma kelip.

Xanatlas ko’ylegi shoqtay lawlag’an,
Bir sa’nem, tu’sti de betledi mag’an.
Qi’yali’mni’n’ qi’yadag’i’ to’rinde,
Bir an’sawli’ yeles tu’stey woyang’an.

Ko’rdim ari’wli’qti’n’ toli’p-tasi’wi’n,
Ayaq basi’wi’n ayt, ayaq basi’wi’n!
Tuwi’lg’anda su’yinshi sorap u’yinen,
Jegenim yesimde mayso’k shashi’wi’n.

Yadi’mda quwi’rshaq woynag’anlari’,
Kempiri wo’lgende ji’lag’anlari’.
Kanikulg’a kelsem bir jola mennen,
Negedur anasi’n sorag’anlari’...

Ji’llar shapqan attay wo’ttiler demde,
Seyil payi’ti’ bir dem ali’s keshinde,
Shayqali’p qi’z bolg’an bul qari’ndasti’n’,
Zaldi’ awzi’na qaratqani’ yesimde.

Serpilip zer nag’i’s sahna perdesi,
Kewillerdi biylep i’shqi’ zerdesi,
Bult arti’nan ko’ringendey tolg’an ay,
Shi’qti’ jaynap ko’rkem wo’ner yerkesi.

Hawazi’nda barday bulaq si’ldi’r’i,
Maqpal jumsaqli’g’i’, gu’mis si’n’g’i’ri’.
Qara ko’zi ko’lge i’mi’rt tu’skendey,
Taldi’rmash boyi’nda taldi’n’ su’mbili.

Ko’zlerim sahnada, qi’yali’m-ali’s,
Shabi’ri’si’p atqanday qayg’i’, quwani’sh.
«Usamasa tuwma» degen so’zdin’ sol,
Uqti’m ma’nisinde joqli’g’i’n shali’s.

Izlep tawi’p sonda sahna arti’nan,
Man’layi’nan su’yip, quwandi’m’ wog’an.
Anasi’ni’n’ biz xabarsi’z turmi’si’n,
Ayti’p bergen yedi qi’z sonda mag’an.

Aytqan, arjag’i’nda A’miwda’ryani’n’,
Anasi’ jan’adan turmi’s qurgani’n.
Yeki ul, bir qi’zi’ bar yeken wonda,
Aytti awi’lg’a kelip-ketip turg’ani’n.

Aytti’: «a’jem bayg’us wo’ldi a’rmanda,
Bir uyada jalg’i’z qaldi’m men sonda.
Anam ali’p ketti meni u’yine,
Ha’m mektep pitirdim ju’rip solmanda.

Nesip yetti qosi’q, muzi’ka mag’an,
Konservatoriya pitti son’i’nan.
Turmi’s qurdi’m, bir ul, bir qi’zi’mi’z bar,
Ku’yewim sa’zende, a’jayi’p adam...»

Mashinadan tu’sip jetkenshe mag’an,
Ha’mmesi ha’p zamat keshti woyi’mnan.
«Ag’a» dep ati’mdi’ ayti’p, ku’limlep,
Pa’k na’zeri iybe menen qarag’an.

Sol tani’s jag’i’sta woti’ri’p keshte,
Wo’tkendi asi’qpay tu’sirdik yeske.
Ayti’p berdi qara ko’zli qari’ndas,
Bir a’jep ha’diystin’ tariyxi’n a’ste.

**«Bu’lbu’l uyasi’» poemasi’ haqqi’nda.** Shayi’rdi’n’ bul poemasi’ni’n’ lirik qaharmani’ wo’zi tuwi’li’p wo’sken jerdin’ go’zzal ta’biyati’. Bir ku’ni wol, usi’ jerde tani’s soqpaqta ketip barati’ri’p buzi’lg’an uyag’a duslasadi’. Ma’yekten jan’a g’ana’ shi’qqan sari’ awi’zli’ qus balasi’ni’n’ topi’raqqa bi’lg’ani’p ati’rg’anli’g’i’na jani’ ashi’g’an wol uyani’ jo’nlestirip, palapandi wo’z uyasi’na jaylasti’ri’p ketedi. Wol usi’ ku’nnen baslap palapannan tez-tez xabar ali’p, ayri’qsha g’amxorli’q ko’rsetedi. Poemani’n’ son’g’i’ bo’limlerinde shayi’r wo’z ko’zi menen ko’rip gu’wasi’ bolg’an bu’lbu’l uyasi’ menen woni’n’ jetim qalg’an palapani’n wo’z awi’li’nda bu’lbu’ldey xosh hawaz mug’allim jigittin’ ta’g’dirine ten’lestirip su’wretleydi. Uri’s sebepli wol su’ygen yari’ menen jalg’i’z qi’zi’nan ayra tu’si’wge ma’jbu’r boladi’. Poemada mug’allim jigittin’ frontta ko’rsetken yerlik isleri, awi’lda qalg’an kelinsheginin’ wo’z yari’na bolg’an sadi’qli’g’i’ menen wopadarli’g’i, izinde qalg’an jalg’i’z qi’zi’ni’n’ da a’kesine usap xosh hawaz qosi’qshi’ boli’p jetilisiwi lirik qaharmanni’n’ tilinen isenimli tu’rde su’wretlenedi. Uri’s sebepli yeki ayag’i’ menen yeki qoli’nan ten’dey ayri’li’p mayi’p boli’p qalg’an mug’allim jigit wo’z awi’li’na keliwge arsi’nadi’ ha’m shan’arag’i’na wo’ldi degen «qara qag’az» jibertedi. Kelinshegi ko’p ji’llar dawami’nda woni’ ku’tip jasaydi’. Poemada usi’ payi’tta awi’l ken’es basli’gi’ni’n’ jas kelinshekke ko’rsetken zuli’mli’q isleri, keli’nshektin’ ga’p-so’zlerden qashi’w ushi’n basqa birewge turmi’sqa shi’g’i’p ketiwi, lekin aradan ko’p ji’llar wo’tkennen son’ woni’n’ qi’zi’ni’n’ belgi’li qosi’qshi’ boli’p yer jetkennen son’ shayi’r menen tosattan ushi’rasi’p qali’p, a’kesini’n’ ti’ri yekenligi haqqi’ndag’i’ xabardi’ ayti’wi’, woni’n’ aytqan qosi’qlari’ni’n’ magnitofon lentasi’ arqali beri’liwi poema waqi’yalari’ni’n’ ta’si’rli shi’g’i’wi’n ta’miyinleydi. Poemada su’wretlengen bu’lbu’l uyasi’, bu’lbu’l ha’m woni’n’ palapani’ simbolikali’q ma’nide su’wretlenedi. Poemadag’i’ buzi’lg’an uya, jetim qalg’an palapan, wog’an gamxorli’q yetken lirik qaharman, uri’sqa ketken mug’allim jigit ha’m woni’n’ kelinshegi menen qi’zi’ obrazlari’ birin-biri

toli'qtiri'p, yekinshi ja'ha'n uri'si' ji'llari'ni'n' awi'r ko'rinislerin ko'z aldi'mi'zg'a janli' yelesletedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Shayi'r «Bu'lbu'l uyasi'» poemasi'nda qaysi' da'wir waqi'yasi'n so'z yetedi?
**2.** Bul poemani'n' lirik qaharmani' uyasi' buzi'lg'an qusti'n' palapani'na qanday gamxorli'q ko'rsetedi.
**3.** Poemada yekinshi' ja'ha'n uri'si' sebepli mayi'p boli'p yeline qayta almay qalg'an jigittin' ta'g'diri qalayi'nsha su'wretlengen.
**4.** Mug'allim jigittin' son'g'i' ta'g'dirinin' qalayi'nsha wo'tkenligin shayi'rg'a kim ayti'p beredi.
**5.** Poemadag'i' uri'sqa ketken mug'allim jigittin' ha'm awi'lda qalg'an kelinsheginin' ta'g'diri ne sebepten buzi'lg'an bu'lbu'l uyasi'na ten'les-tiriledi.
**9.** Sizler de bu'gingi paraxat turmi'sta a'tirapi'n'i'zdi' qorshag'an ana ta'biyatqa ha'm quslar uyasi'na qanday gamxorli'q ko'rsetken bolar yedin'iz.

## TO'LEPBERGEN QAYI'PBERGENOV

(1929 — 2010)



O'zbekistan Qaharmani', Qaraqalpaqstan ha'm O'zbekistan xali'q jazi'wshi'si' To'lepbergen Qayi'pbergenov 1929-ji'ii' 7-mayda Kegeyli rayoni'nda (ha'zirgi No'kis rayoni'ni'n' Shortanbay awi'li'nda) tuwi'lg'an. 1947-ji'li' Xojelidegi peduchilicheni tamamlap, awi'lli'q mektepte mug'allim boli'p isleydi. «A'miwda'rya» jurnali'nda a'debiy xi'zmetker, Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n' juwapli' xatkeri, Qaraqalpaqstan radiosi'nda ag'a redaktor, baspa so'z boyi'nsha ma'mleketlik ko'mitet basli'g'i'ni'n' wori'nbasari', 1980-ji'ldan 2010-ji'llar arali'g'i'nda Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar awqami'ni'n' basli'g'i' boli'p isledi.

Jazi’wshi’ T. Qayi’pbergenov ja’miyetlik jumi’slardi’ atqari’w menen birge wo’z do’retiwshilik ta’jiriybesin jetilistiriw u’stinde ti’nbay miynet yetti. 1956-ji’l’i’ woni’n’ «Sekretar» atli’ birinshi povesti ja’riyalandi’. Bunnan keyingi ji’llari’ «Mug’allimge raxmet» povesti, «Son’g’i’ hu’jim» romani’, «Bloknot so’yleydi» gu’rrin’ ha’m ocherkler toplami’, «Qaraqalpaq qi’zi’» romani’, «Suwi’q tamshi’», «Uyqi’si’z tu’nler» povestleri, u’lken tariyxi’y da’wirdi wo’z ishine qamti’g’an. «Qaraqalpaq da’stani’» roman-trilogiyasi’ (1968, 1971, 1977), «Ko’zdin’ qarashi’g’i’» romani’, «Ta’nha wo’zin’e ma’lim si’r» do’retpeleri baspada jari’q ko’rdi.

T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaqnama» roman-essesi tek g’ana qaraqalpaq prozasi’nda g’ana yemes, al ha’zirgi Worayli’q Aziya xali’qlari’ a’debiyatlari’nda ayri’qsha a’debiy qubi’li’s boldi’. G’a’rezsizlik ji’llari’nda jazi’wshi’ni’n’ esseleri ha’m publicistikali’q shi’g’armalari’ ja’ne de jan’asha ko’rkemlik tu’s aldi’. Woni’n’ «Wo du’nyadag’i’ atama xatlar», «Qa’lbimnin’ qamusi’», «Tu’rkiynama», «Qaraqalpaqti’n’ wo’z qalpag’i’ menen si’rlasi’wi’», «Jol jo’nekey berilgen asi’g’i’s sorawlarg’a juwaplar», «Qaraqalpaqpan, ta’wekelshimen» roman-esseleri ha’m publicistikali’q shi’g’armalari’ qaraqalpaq a’debiyati’n jan’a janrlar menen bayi’tti’.

T. Qayi’pbergenovti’n’ shi’g’armalari’ ko’p g’ana tillerge awdari’li’p ja’riyalang’an. Rus tilinde «Dastan o karakalpakax», «Iz yurti’ v mir». «Vremya, mir, jizn», «Karakalpakname», wo’zbek tilinde «Qoraqalpoq dostoni», «Bobomga xatlar», «Qoraqalpoqnoma» shi’g’armalari’ kitap boli’p basi’li’p shi’qti’. Jazi’wshi’ni’n’ «Qaraqalpaq qi’zi’» romani’ boyi’nsha qaraqalpaq ha’m wo’zbek tillerinde teleradiopostanovkalar, Tashkentte Muqimiy ati’ndag’i’ teatrda spektakl, «Wo’zbek film» kinostudiyasi’ ta’repinen «Qaysar qi’z» atli’ ko’rkem film jarati’ldi’. «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’ tiykari’nda wo’zbek ha’m qaraqalpaq tillerinde tele ha’m radiopostanovkalar, trilogiyani’n’ birinshi kitabi’ («Maman biy a’psanasi’») boyi’nsha Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik sazli’ teatri’nda spektakl qoyi’ldi’. Sonday-aq, «Familiya», «Berdaq» («Sahra

bu'lbu'li»), «Aydos baba» dramalari' qaraqalpaq ha'm wo'zbek tillerinde basi'li'p shi'qti'.

T. Qayi'pbergenovti'n' respubikami'zdi'n' ma'deniyati' ha'm a'debiyati'na qosqan salmaqli' u'lesi joqari' bahalandi'. Wol «Qaraqalpaqstan xali'q jazi'wshi'si'» (1974), O'zbekistan xali'q jazi'wshi'si' (1994) hu'rmetli ataqlari'na miyasar boldi'. «Qaraqalpaq qi'zi'» roman-dilogiyasi' ushi'n Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' (1967), «Mug'allimge raxmet» povesti ushi'n Hamza ati'ndag'i' O'zbekistan ma'mleketlik si'yli'g'i'ni'n' (1971), «Qaraqalpaq da'stani'» roman trilogiyasi' ushi'n buri'ng'i' awqam ma'mleketlik si'yli'g'i'ni'n' (1986), «Pravda» gazetasi'ni'n' (1987), «Krestyanka» jurnali'ni'n' (1988), «Qaraqalpaqnama» roman-essesi ushi'n Mahmud Qashg'ariy ati'ndag'i' Xali'qarali'q si'yli'qti'n', «Wo di'nyadag'i' atama xatlar» do'retpesi ushi'n M. Sholoxov ati'ndag'i' si'yli'qti'n' laureati' boldi'. Jazi'wshi'g'a 2004-ji'li'' O'zbekistan Qahармani' hu'rmetli atag'i' berildi.

## ISIN' SO'ZIN'DEY YEMES

*(Gu'rrin')*

Dem ali'stan buri'ng'i' ku'ni yedi. To'rebay u'yine kelse, apasi' jumi'sqa ketip qalg'an yeken. Yesikti ashti' da ishke kirdi. Jaydi'n' ishinde jan'a g'ana pisirilgen awqatti'n' iyisi anqi'p tur. Woni'n' birden awqat jegisi kelip, awzi'nan suw shubi'ra basladi'. Wo'yer-bu'yerdi qaradi'. Ti'pi'rshi'lap ju'rip, peshtin' quwi'si'nan aq kastryuldi' tawi'p aldi'. Qaqpag'i'n ashi'p jibergeni, ku'ni menen demigip turg'an sorpani'n' puwi' burqi'ray tu'sti. To'rebay yeriksiz yeziw tartti'. «Apam qanday mehriyban», dedi wol go'shti jep woti'ri'p. — Menin' ash boli'p keletug'i'ni'mdi' bilip, dem ali's waqti'nda da ti'nbay awqat tayarlag'an. Yer jetip u'lken adam bolg'an son', woni' jerde woti'rg'i'zbastan arqalap ju'rsem ko'plik yetpes yedi-aw!

Awqattan keyin biraz dem aldi'. Son' sabaq tayarlawg'a stoli'na ko'kiregin berip, woti'ri'p aldi'.

— Keshte Amangu’l jen’gey jumi’stan keldi.

— Keldin’ be apa? — dedi To’rebay apasi’n sag’i’n-g’anday aldi’na shi’g’i’p.

— Yerkelep aldi’na juwi’ra shi’qqan uli’ni’n’ man’-layi’nan su’yip aldi’ da Amangu’l jen’gey shi’rani’ jag’i’p jiberdi.

Apam meni «na’m-nag’an bolg’ansha bo’bektey su’yedi», —dep marapatlandi’ To’rebay, biraq wol usi’ woyi’n anasi’na yesittirmedi. Tek qi’p-qi’zi’l yeri’nleri bu’lkildedi de qoydi’.

Amangu’l jen’gey awqat tayarlawg’a kiristi.

— Bu’gin tu’ste nege keshiktin’, balam? — dedi wol balasi’na awqatti’ tayarlap bolg’an son’.

Bul waqi’tta To’rebay peshtin’ quwi’si’nda woti’rg’an yedi. Worni’nan ushi’p-aq turdi’.

Ji’ynali’s boldi’.

Amangu’l jen’gey basqa so’z aytpay, awqatti’ tarelka-larg’a sali’sti’ra basladi’. Balasi’nan qanday ji’ynali’s bolg’a-ni’n sorag’an da joq. Kim bilsin, ji’ynali’sta bolatug’i’n so’z, qaralatug’i’n ma’sele wog’an belgili shi’g’ar! To’rebay a’ri-beri apasi’ni’n’ soraw beriwin ku’tti. Aqi’ri’ shi’da-madi’.

— Bu’gingi ji’ynali’sta u’lkenlerdi hu’rmetlew jo’ninde ma’sele qaraldi’, — dep baslag’an so’zin anasi’ sorawi’ menen bo’ldi’.

— Qalay hu’rmetlew kerek yeken?

— Apa-aw! Ata-analarg’a, awi’ri’wlarg’a ko’shede, jolda, mektepte, qi’sqasi’n aytqanda, wolar menen gezles-ken jerde hu’rmet yetiw kerek. Mi’sal ushi’n, wolar menen teatrda, ji’ynali’sta, mashinag’a mingende, yeger wori’n awi’spay qalsa, worni’n’di’ wolarg’a bosati’p beriw kerek.

Ana balasi’ni’n’ so’zine kewili toli’p, qi’zi’qsi’ni’p:

— Usi’g’an qasaqana ju’retug’i’n biyta’rtip balalar sizin’ klasta bar ma? —dep soradi’.

To’rebey basi’n qasi’p di’m u’ndemey biraz woti’rdi’ da birew shi’mshi’p alg’anday selk yetip keskin juwap berdi:

— Joq!

Balasi'ni'n' juwabi'na ana quwani'p ketip, buri'ng'i' a'detinshe qasi'na bardi' da man'layi'nan shorp yetkizip su'ydi.

Yerten' dem ali's ku'ni wolar Xojelidegi Amangu'l jen'gey-din' sin'lisinin' u'yine qi'di'ratug'i'n boldi'. Yekewi de azan menen mashina ku'tetug'i'n jerge keldi. Jolaw-shi'lar wog'ada ko'p yeken. Mashinag'a gezek ku'tiw kerek boldi'. Topar-topar adam mashinag'a asi'g'i'p minip ati'r. A'llen waqi'tta bularg'a da gezek keldi. Adamlardi'n' arasi'nan bari'p To'rebaydi'n' mashinag'a mingenin ana yeskermegen yedi. Mashinag'a minip bolg'annan keyin, balasi'n izlep hawli'g'a basladi'. Qayti'p tu'seyin dese, yesik bekitilip qalg'an, konduktordi'n' qasi'na kelip shi'ja-pi'jasi' shi'qti'.

— Tu'sir meni!

— Tu'setug'i'n bolsan' nege mindin'?

— Balam si'rtta qali'p qoydi'.

Mashinani'n' aldi' betinde worni'g'i'p alg'an To'rebaydi'n' yesinde anasi' joq yeken. Woni'n' shi'r-pi'r boli'p ati'rg'an ayani'shli' sestine g'ana dawi'sladi':

— Apa! Men mi'ndaman!

Amangu'l jen'geydin' ju'regi worni'na tu'sip quwani'p qaldi'. Ali'si'raqta turg'ani'na da taqati' bolmay, bala-si'ni'n' qasi'na bardi'. To'rebay aldi' menen wori'n alg'a-ni'na maqtani'p, «shaqqanli'g'i'mdi' ko'rdin'be?» degendey, melshiyip woti'ra berdi. Ana woni'n' basi'nan si'ypalap tur. Mashina zi'n'g'i'p kiyati'r. Woyli'-ba'lent jerge kel-gende mashina asaw attay wo'n'kip ketip, Amangu'l jen'-gey bir jag'i'na qulay jazladi'. Biraq qasi'ndag'i' adamlar woni' su'yep qaldi'. To'rebay yele worni'nan tapji'lg'an joq yedi.

— Apa, — dedi wol mardi'yi'p. — Aldi'n'a qarap turmasan', ji'g'i'lasan'!

To'rebay bul so'zdi ayti'p' bolmay-aq woni'n' qap-tali'nda birge woti'rg'an qi'zi'l ju'zli, semizshek bala wor-ni'nan turdi':

— Sheshe, menin' worni'mda woti'ra qoyi'n'i'z.

— Raxmet, shi'rag'i'm, jaqi'nladi'q g'oy, usi'lay-aq baraman.

Jan'ag'i' bala qoyarda-qoymay Amangu'l jen'geydi worni'na woti'rg'i'zi'p wo'zi tikeyip tu'rdi'.

— Sheshe, mi'naw balan'i'z ba? — dedi wol To'rebaydi' ko'rsetip.

To'rebay apasi'nan buri'n ji'lman' yetip:

— Bul menin' anam! — dedi.

Anaw bala salmaqli'law ko'rindi.

— Him, — dedi basi'n shayqap. — Neshinshi klasta woqi'y-san'.

Wo'zine berilgen sorawdi' To'rebay qolaysi'z ko'rdi. Degen menen juwap bermey qalsa, uyat bolatug'i'ni'n sezdi de:

— To'rtinshi. Wo'zin'-she? — dedi.

Jaqi'n wori'nlarda woti'rg'anlar yeki balani'n' so'zine qulaq tu'rdi'.

— Men de to'rtinshi klasta woqi'yman. Woqi'wshi'lar qa'desin woqi'di'n' ba?

— Ha', woqi'may? — dep sha'rtimeklendi To'rebay. — Sawatsi'z dep woylaysan' ba!

— Qayerde woqi'di'n'?

— Mektepte. Koridorda qag'i'wli' tur. Ku'ndelik da'p-terde de jazi'wli'. Dus kelgenin woqi'p ju'rmen.

— Sizin' klasta woqi'wshi'lar qa'desin buzi'wshi'lar ko'ppe?

— Wonday birde bala joq!

Amangu'l jen'gey tani's yemes balani'n' bergen soraw-lari'na tan'i'rqani'p woti'r.

— Joq yemes, — dedi biytani's bala To'rebayg'a jaqi'nlap.

Sen qalay bilesen'? Bizin' klasti' wo'mirin' tuwi'p ko'rgenin' joq!

— Seni ko'rip woti'rman.

— Men ne qi'ldi'm?

— Sen, ha'tteki, basqa birewdin' ata-anasi' tu'we, wo'z anan'a da worni'n'di' bermey kiyati'rsan'...

To'rebay so'yley almadi'. Beti buri'shtay qi'zardi'. Basi' to'men qarap salbi'rap ketti. Bag'anadan beri boli'p kiyati'rg'an a'n'gimenin' nege toqsi'ralajaq yekenin ku'tip kiyati'rg'an jolaw-shi'lar To'rebaydi' ko'z janarlari' menen

atqi'ladi'. Keshe ji'ynali'stan uli'ni'n' keshigip kelgenin yesine tu'sirgen ana wog'an qarap a'sten g'ana:

— A'y, shi'rag'i'm, isin' so'zin'dey yemes g'oy, — dedi.

To'rebay u'nsiz to'men qarap asti'n'g'i' yernin tisledi.

* * *

T. Qayi'pbergenovti'n' da'slepki gu'rrin'lerinin' tematikasi' tiykari'nan jaslarg'a arnali'p, ta'lim-ta'rbiyali'q mazmunda boli'p keledi. Wolarda jaslardi' miynetke ta'rbiyalaw, a'dep-ikramli'q ma'seleleri qozg'aladi'. «Isin' so'zin'dey yemes» gu'rrin'inde de mektep woqi'wshi'si' To'rebaydi'n' jaramsi'z is-ha'reketleri arqali' isi so'zine say yemes balalardi'n' ruwxi'y kelbetin ashi'p beredi. Mi'sali', woqi'wdan kelgen To'rebay anasi'na: — Bu'gingi ji'ynali'sta u'lkenlerdi hu'rmetlew jo'ninde ma'sele qaraldi', — dep aytadi'. Anasi' wog'an: — Qalay hu'rmetlew kerek yeken? — deydi. To'rebay: Ata-analarg'a, awi'ri'wlarg'a ko'shede, jolda, mektepte, qi'sqasi'n aytqanda, wolar menen gezlesken jerde hu'rmet yetiw kerek. Mi'sal ushi'n, wolar menen teatrda, ji'ynali'sta, mashinag'a mingende, yeger wori'n awi'spay qalsa, worni'n'di' wolarg'a bosati'p beriw kerek, — dep ayti'ldi' deydi.

Lekin dem ali's ku'nlerinin' birinde To'rebay anasi' menen qi'di'ri'p barati'ri'p, avtobusqa anasi'nan buri'n wo'zi minip, wori'n tawi'p woti'ri'p aladi'.

— Apa, — dedi wol mardi'yi'p. — Aldi'n'a qarap turmasan', ji'g'i'lasan'! — dep yeskertiw jasaydi'. Bul jag'daydi' ko'rgen wo'zi menen ten'les bala To'rebaydi'n' anasi'na qoyarda-qoymay wori'n beredi. Jazi'wshi' usi' kishkene waqi'yani'n' syujeti, qaharmanlardi'n' is-ha'reketleri menen dialoglari' arqali'-aq, isi so'zindey yemes balalardi' a'shkara yetedi ha'm ha'mme balalardi' qay jerde bolmasi'n ata-analar menen jasi' u'lkenlerdi hu'rmet yetiwge ha'm si'ylawg'a shaqi'radi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** «Isin' so'zin'dey yemes» gu'rrin'inde To'rebay anasi'na nelerdi ayti'p beredi?

2. To'rebaydi'n' anasi' menen qi'di'ri'p barati'rg'ani'nda mashina da qanday waqi'ya ju'z beredi?
3. Mashinada To'rebaydi'n' anasi'na kim worni'n' beredi?
4. To'rebay ne ushi'n uyali'p qaladi'?
5. Anasi' To'rebayg'a qanday so'z aytadi'?
6. Sizlerde ko'shede, mashinalarda ha'm tag'i' basqa wori'nlarda wo'z ata-analari'n'i'zg'a ha'm jasi' u'lken adamlarg'a qanday qatnasta bolar yedin'iz.

## MEHIRLILIKTIN' KELBETI

*(ocherk)*

Allaniyaz Wo'teniyazovqa studentlik ji'llari'nda «Universal» degen laqap tag'i'lg'ani' yesimde. Bul laqap worta da'rmiyan a'piwayi' studentke, woni'n' a'lle qanday da'rejede ha'r ta'repleme wo'tkirligi ushi'n berilgen yemes, al miynetkeshliginin' hu'rmetine woni' usi'lay atag'an. Ati'z miynetkeshi, dep yesaplang'an universal traktori'ni'n', ha'r ma'wsimde ha'r iske qolaylasti'ri'latug'i'n traktor yekenligi yadi'n'i'zda shi'g'ar? Paxta teriminde Allaniyaz tap usi' traktor menen barabar miynet isledi! Woni'n' qari'qlar boylap yen'keyip ju'rip ti'ni'msi'z yetken ha'reketleri ha'm shaqqan qollari'na ko'z ilespeytug'i'n yedi...

Woni' jumi's islew uqi'bi' boyi'nsha, a'lbette traktorg'a yemes, al paxta teriw mashinasi'na ten'geriwge bolar yedi, biraq wol gezleri bunday mashinalardi'n' sani' ku'ta' az bolg'anli'qtan, wog'an ten'gerilmedi. Allaniyazdi'n' tergen paxtasi'ni'n' taw boli'p u'yilip ati'rg'ani'n ko'rip adamlar hayran qali'satug'i'n yedi. Sonday miynet yetse de, wol tergen paxtasi'n'i'n' barli'g'i'n wo'z ati'na jazdi'ri'wg'a asi'qqan yemes. Woni'n' bir bo'legin norma wori'nlay almag'an, yamasa wori'nlawg'a shamasi' kelmegenlerge u'lestirip ju'rdi. Sonda da wol wo'z ati'na wo'tkergenleri ushi'n-aq a'dewir mug'darda miynet haqi' alatug'i'n yedi. Tek g'ana stependiya menen jasaytug'i'n student ushi'n bul aqshalar, a'lbette, wog'an qoshametgo'y bolatug'i'n yedi. Biraq wol paxta terip tapqan aqshasi'n hesh qashan u'yine ali'p kelmewge ti'ri'si'p, ullari' 1941—45-ji'llarg'i' Yekinshi jahan uri'si'nda qayti's bolg'an jalg'i'z

basli' analarg'a, jawi'ngerlerdin' jesirlerine u'lestirip ju'redi. Woni'n' wo'zi de usi'nday xojali'qtan. Anasi' Jumagu'l Yerniyazova uri'sti'n' wortalari'nda «qara qag'az» aldi'. Allaniyazdi'n' a'kesi Wo'teniyaz qi'rq u'shinshi ji'li' Kursk qalasi'nda qaza tapti'. Arti'nda u'sh perzenti qaldi'. U'lken yeki qi'zi' turmi'sqa shi'qti', al, Allaniyaz bolsa pedagogikali'q institutti'n' shet tiller fakultetine woqi'wg'a tu'sti'. Wol wo'zi haqqi'nda az so'yler yedi, lekin, ba'ri bir, instituttag'i'lar wol tuwrali' ko'p na'r-seden xabardar boldi', jasi'ratug'i'ni' joq, wolardi'n' ayri'mlari' woni' mi'sqi'llap, «adamlarg'a jaqsi'li'q yetiwdin' de shegin biliw kerek» — desip ju'rdi.

Bir jaqsi' jeri jazg'i' dem ali's waqti'nda woni'n' ne menen shug'i'llang'ani'n instituttag'i'lar bilmedi. Birinshi kursti' tamamlap, wo'zinin' tuwi'lg'an awi'li'na keliwden qartayg'an qon'si'si' Qurbaniyazovlardi' ayap, wolarg'a jay sali'p beriwge kiristi. Qon'si'si'ni'n' jalg'i'z perzenti frontta qaza tapqanli'g'i' sebepli xojali'q si'pati'nda yele qa'ddin du'zete almay ju'da jaman i'lashi'qta jasaytug'i'n yedi. I'rasi'n aytqanda, sol qon'si'si'ni'n' i'lashi'g'i'nda jasaw bi'lay tursi'n, si'rti'nan qarawdi'n' wo'zi qorqi'ni'shli' yedi. ... Allaniyaz basqalar kibi bul jayg'a qarap, ayani'sh sezimlerin bildiriw menen sheklengisi kelmedi, da'rhal is baslap, jay sali'p berdi. A'lbette, qali's saldi', sebebi wolardi'n' to'leytug'i'n aqshasi' da joq yedi. Bir wo'zi i'laydan bir neshe mi'n' gerbish quydi' da, diywallari'n tiklegenson', taqtay, cement, fundamentke to'seytug'i'n qara qag'az, a'ynek-qapi'lari'n tabi'sti'rdi', qullasi' qartay-g'an kempir menen g'arri'ni' suwi'q tu'spey-aq taza jay-g'a kirgizdi... Bul woni'n', studentlik gezinde salg'an da's-lepki jayi' yedi. Hazirge shekem woni'n' tek rayon-lardag'i' g'a'rip-qa'serlerge sali'p bergen jaylari'ni'n' sani' 19 dan asi'p ketti...

Haqi'yqati'n aytsam, woni' izlep, da'slep jergilikli mekteptin' direktori' menen ushi'rasti'm. Wol Allaniyazdi' qi'sqasha ta'riyplep: «A'piwayi' adam, mug'allim si'pati'nda da jaman yemes», — dedi. Jol-jo'nekey birewler menen so'ylesip Allaniyazdi'n' hayali', u'sh perzenti, qartayg'an anasi'nan ibarat xojali'g'i'ni'n' ku'ta' tati'w turatug'i'n-

li'g'i'n bildim. Wolardi'n' xojali'g'i'nda arti'q-aspay hesh na'rse joq ko'rinedi... Sonda nege wol, haqi'yqi'y ma'nisinde social-ta'miynat bo'limini'n' awi'ldag'i' ja'miyetlik sho'lkemlerdin' wazi'ypalari'n wo'z moyni'na alg'an? Ne ushi'n? Qullasi', ga'ptin' i'rasi', men Allaniyazdi' ko'riwge niyetlenip g'ana qoymastan, wonday insandi' ko'riw, ani'g'i'raq aytqanda, wo'zimnin' pari'zi'm dep tu'sindim. Wo'ytkeni bunday mehirli adamlar arami'zda wog'i'ri' siyrek ushi'rasadi'. Soni'n' ushi'n da woni'n' menen tani'spaw, men ushi'n gu'na' boli'p tu'yilip ju'rgen yedi.

Shofyor menen birge woni' ko'p izledik. A'llekim bizlerge woni'n' ketken jaqlari'n siltedi... Awi'l posyolkasi'nda bolsa ko'p ko'shelerinin' atamalari' joq. Ko'p izlestirip, u'yin tapti'q, biraq u'yinde hesh kim joq yeken, qapi'si' ashi'q qali'pti'. Qartayg'an anasi' da a'lle qayda ketken qusaydi', al hayali' jumi'sta bolsa kerek. U'yde aytarli'qtay zat ta joq. Kishkentay stol, woni'n' joqarsi'nda, diywaldag'i' shegege ilingen bir papka turi'pti', woni'n' da tozi'wi' jetken, bir mu'yeshte a'piwayi' tigiw qol mashinasi' ko'zge taslanadi'. Yesiktin' aldi'na shi'g'i'p qayda izlerimizdi bilmey tur yedik, bir qon'si'si' bizlerge jaqi'nladi':

— U'ydin' iyesi gerbish quyi'p ati'rg'an shi'g'ar. Azanda balasi'n yeritip ketken yedi, — dedi. So'ytip wol bizlerge awi'ldi'n' shetiregindegi ken' ati'zli'qqa qaray iyek nusqadi'.

...Balshi'qli' maydanshani'n' a'tirapi'nda bir neshshe terekler wo'sip tur sol ta'repte-ma'kke ati'zlari', won' ta'repte pa'lekleri shiyrati'lg'an qi'yarlar, art jag'i'mi'zda qawi'n-ati'zlari'. Maydanshani'n' wortasi'nda kishkene ha'wiz, woni'n' qaptali'nda u'yilgen i'lay ha'm deneleri quyash a'ptabi'na ku'yip qaralti'm tartqan yeki adamni'n' gu'yben'lep jumi's islep ti'rg'ani'n ko'zim shaldi'. Wolardi'n' biri yeresek, yekinshisi jas wo'spirim yekenligi ali'stan-aq ma'limlendi. Shofyori'mi'z yekewmiz solay qaray ju'rdik... Ko'k-ko'mbek yegis ati'zlari'ni'n' wortasi'ndag'i' surg'ult tu'sli maydanshani'n' qali'n' bo'leginde keptiriw ushi'n qatar jayi'p qoyi'lg'an gerbishler birinshi qarag'an ko'zge sa'l-pa'l qarawi'ti'p ko'rinedi. Mashinasi'z, qol

menen quyi’lg’an mi’n’lag’an gerbishler, jati’r. bul bizler ushi’n biraz tan’lanarli’q ko’rinis boldi’.

Yele wonsha keppegen qam gerbishlerdi basi’p almaw ushi’n qa’demlerimizdi abaylap basi’p, wolardi’n’ arasi’ menen alg’a qaray ju’rdik. Yeresek adam bizlerdi ko’rdi de qoli’ndag’i’ bos qa’libin uslawi’ menen bizlerge jaqi’nlap sa’lemlesti. Bul Allaniyaz yeken. «Gerbishti si’n-di’ri’p alami’z, dep qori’qpay-aq qoyi’n’lar u’stinen basi’p wo’te berin’ler» — dedi wol. Yendi bati’l tu’rde gerbish-lerdin’ u’stinen alg’a ju’rdik. Wolardi’n’ i’layi’ pisik bol-g’ani’ ushi’n gerbishleri ku’ta’ bekkem yeken, mi’n’q yetpedi». Allaniyazdin’ tu’rine qarap woni’n’ jasi’ 50 de, ha’tteki 60 ta shi’g’ar dep woylaysan’, biraq shoyi’nnan quyi’p qoyg’anday mi’g’i’m denesi woni’ jasarti’p ko’r-setedi. Al bet a’lpetin a’jimler basqani’na qaramastan jasli’g’i’nda suli’w bolg’ang’a uqsaydi’, ha’zir de suli’w, a’sirese woni’n’ ashi’q kewli menen mi’yi’q tarti’p ku’l-geni wog’ada shi’raylandi’ri’p jiberedi yeken. Ju’zi jarqi’n...

Allaniyaz institutti’ tamamlag’annan keyin wo’z awi’li’na qayti’p kelip, mug’allim bolg’an, al, hayali’ rabochiy boli’p isleydi yeken.

Wo’zi, mine, woti’z ji’ldan beri awi’lli’q mektepte inglis tilinen sabaq beredi. Perzentli boli’w jag’i’nan da a’kesinin’ joli’n quwg’an sekilli, Allaniyazdi’n’ da yeki qi’zi’, bir uli’ bar...

Tani’sti’q, «Jas jigitteysiz» dedim men wog’an. Wol ku’ldi ha’m jumi’s babi’nda kiyip ju’rgen yeski diz kiyimin ko’terip qoyi’p, jas ko’rininiwinin’ sebebi fizikali’q miynet penen shug’i’llang’anli’qtan yekenligin, wo’mirinde araq iship, temeki shekpegenligin, yen’ basli’si’ u’sh qa’deni: waqti’nda dem ali’w, waqti’nda awqatlani’w, waqti’nda juwi’ni’w ta’rtibin qatan’ saqlaytug’i’ni’n aytti’.

— Mine, — dedi wol gerbishlerdi ko’rsetip, — dem ali’s baslang’ali’ beri balami’z benen yekewmizdin’ quyg’a-ni’mi’z. Bu’gin sani’ woti’z mi’n’g’a jetti.

— Birewge jay sali’p bere jaqsi’z g’oy, shamasi’?

— Yaq, balalar baqshasi’ menen medpunkt salmaq-shi’man.

Bizler Allaniyaz benen gu’rrin’lesip ati’rg’anda woni’n’

balasi' jumi'si'n dawam yettire berdi: balshi'qti' dumalaqlap qumg'a bi'lg'ap, keyin qa'lipke sali'p jerge taslaydi'. A'ne, gerbish tayar, yendi wol tek kebiwi kerek.

— Hayran qalarli'q bir jag'day, sizler quyg'an gerbishler ku'ta' bekkem ko'rinedi. I'layi'na bir na'rse qospaysi'z ba? — dedim men.

— Yaq, balshi'qti'n' quri' wo'zi...

Balasi' bizlerge di'qqat bermey wo'z jumi'si'n dawam yete berdi.

— Balan'i'z-a'm gerbish quyi'wg'a teperish ha'm shaqqan ko'rinedi!

Allaniyaz ku'lki aralas gu'rsinip qoydi':

— Awa, shaqqan... Kerekli mug'dardagi' gerbishti tez arada quyi'p ta bolami'z. A'lbette, is buni'n' menen pitpeydi! Gerbish quyi'li'p bolg'an son' basqa da mashqalalar ku'tip turi'pti'. Bilesiz, imaratti' tiklew, u'stin basti'ri'w, a'ynek, qapi'lari'n quri'w... Qullasi' jumi'si' ko'p...

— Wolardi' qaydan ha'm qalay tabasi'z?

— Qalay bolatug'i'n yedi!? buri'nlari' sat'i'p alatug'i'n yedim...

— Wo'z aqshan'i'zg'a ma?

— Basqa kimnen soraydi' dep yedin'iz! A'lbette, wo'z aqshama. Jay sali'p bergen adamlari'mni'n' g'arejeti bolmaydi'. Jazda ha'm gu'zde miynet yetip aqsha toplayman. Solardan awi'sti'ri'p-su'yistirip degendey...

— Sonda sizge hesh ja'rdem bermey me? Siz jay salg'anda woni'n' adamlari' ushi'n salasi'z g'oy.

— Nege ja'rdemlespeydi yeken? Awi'l basshi'lari' menin' wo'tinishim boyi'nsha qi'yi'rshi'q tas, taxtay, cement jetkerip bere basladi'. Al sog'an, bilesiz be... Joq, joq... Qos perzenti uri'sta qaza tapqan jalg'i'z basli' kempirge jay sali'p bergenim yele yesimde. A'ne, isler solay. Denin' saw bolsa, niyetin' du'ziw bolsa hesh qi'yi'ni' joq. Adam balasi' ku'ta' qi'yi'n awhalda qalsa, wog'an da'rhal ja'rdem ko'rsetiw ha'r insanni'n' pari'zli' isi yemes pe?

Usi'layi'nsha Allaniyaz so'ylep turi'pti', wo'zinshe pikirler ju'ritip ati'r, bazi' islerin yesine tu'sirip ati'r... Al men bolsam, bul jerge qanday woylar menen kelgen-

ligimdi yeslep, wo'zimshe qi'si'ni'spag'a da tu'se basladi'm. «Qalay-qalay wo'zi? Payda zi'yani'n bilmeytug'i'n adam ba? Qi'yali'y adam ba? Jo-oq! Joq, joq, adamlar! Basla-ri'n'i'zg'a jaman woy kelmesin, bul ku'ta' aqi'lli' adam! Wo'mirdin' un'qi'l-shun'qi'li'na teren' woy jiberip, wo'-mirdegi wo'z worni'n, adamgershiliktin' maqsetin duri's tu'sinetug'i'n adam! Ja'rdemge mu'ta'j ha'm qi'yi'n halg'a duwshar bolg'an adamdi' ma'mlekettin' wo'zi de g'am-xorli'qtan ti's qaldi'rmaytug'i'ni'n da jaqsi' biledi!

Allaniyaz g'a'rip-qa'serlerge ha'rqi'yli' jag'daylardi' si'l-taw yetpesten, wo'zinin' sap hu'jdani', bar di'qqati' ha'm shi'n i'qlasi' menen tikkeley g'amxorli'q yetti!

— Ayti'n'i'zshi', — bul jumi'sta sizge tikkeley ja'rdem berip gerbish quyi'satug'i'nlar bar ma?

— Bar, — dedi wol aqi'ri'n. — A'nekey balam! Sog'an qosi'msha ara-arasi'nda ayri'm woqi'wshi'lari'm da ja'rdemlesedi.

— Bolg'ani' ma?

— Adamlar jawri'ni'ni'n' ken'ligi menen g'ana yemes, asi'ra aytsam keshirersiz, peylinin' ken'ligi menen de aji'rali'p turadi'. Ha'r kim wo'zinin' adamgershilik pa-ri'zi'n ha'r qi'yli' tu'sinedi. Jazg'i' dem ali'stan aldi'n wo'tkerilgen pedagogikali'q ken'este men u'shinshi brigada haqqi'nda ma'seleni wortag'a qoydi'm. Wol jerde med-punkttin' de, bala baqshani'n' da joq yekenligin, wolardi' quri'w za'ru'rligin, woni'n' ushi'n mag'an ja'rdemshiler kerek yekenligin aytti'm. Mug'allimler biri-birine qarasti' da, na'zerlerin to'men aldi'. Solay yetip ja'rdemge hesh kim kelmedi.

— Bilesiz be? — dep dawam yetti wol azmaz u'n-sizlikten son', — Jaylardi' qali's sali'p beriw menen g'ana sheklenbeymen. Jumi'stan bos waqi'tlari'm bolsa wot-sho'p wori'wg'a, pishen tayarlawg'a, paxta terimine qatnasaman.

— Al, balan'i'z-she?

— Balam A'jiniyaz, worta mektepti pitkerdi. Woni'n' televizor won'law boyi'nsha qa'nigelikke woqi'g'ani'n qa'leymen. Ha'zir ha'r bir u'yde televizor bar. Apari'p won'lati'wg'a mu'mkinshiligi joqlardi'n' televizori' tez-tez buzi'li'p turatug'i'nli'g'i' belgili g'oy.

Mine, wol menin' ko'z aldi'mda nag'i'z miynet adami'ni'n', adamgershilk hu'jdani'ni'n' heshqashan sarqi'lmaytug'i'n janli' u'lgisi si'pati'nda ku'limlep, wo'zi quyg'an mi'n'-mi'n'lag'an gerbishlerdin' arasi'nda turi'pti'. Al, woni'n' a'tirapi' misli a'yyemgi quri'li's maydanshasi' kibi. Al wo'zi miflerde ayti'lg'ani'nday-aq, a'yyemgi da'wirlerde birinshiler si'pati'nda i'laydan binyat yetilgen adam sekilli. To'rt qi'rli' wo'tkir gerbishler wo'tkir ku'nnin' asti'nda u'yin-u'yin boli'p aynalasi'nda jati'r.

Usi' ko'rinis mende aqi'lg'a ug'ras kelmeytug'i'n qorqi'ni'shli' sezimler woyatti'. Menin' ko'z aldi'mda wo'n'shen' g'a'rip-qa'serdin' mu'ta'jin pitkeriw menen jasap ati'rg'an ulli' insan menen bir qatarda, wog'an qarama-qarsi', ha'tte, pu'tkilley jat adamlar yeleslep ketti.

Yaqshi', wolardi' qoyayi'q. Men ha'zirshe, ku'ta' mehirli qi'li'qlar qi'li'p, wo'zin patasli'qqa bi'lg'amag'an qarapayi'm adamlar haqqi'nda woylayman. Al geyparalarg'a, men so'z yetip woti'rg'an insanni'n' g'a'rip-g'aserlerge ko'rsetken qali's xi'zmetleri, ne ushi'n ku'lkili tu'yiledi? Ne ushi'n jasalmaday boli'p ko'rinedi?

Ha'r kim wo'zin insan sanap, g'a'rip-g'aserlerge, ja'rdemge mu'ta'j sorli'larg'a qol ushi'n berip, jan ku'ydirip ju'rgen usi' mug'allim jo'ninde azg'ana woyg'a shu'mse yedi?! Allaniyaz benen so'ylesiwlerimizdin' aqi'ri'na taman aqsha haqqi'nda g'ap qozg'adi'q.

— Aqsha kimge kerek yemes, — dep gu'rsindi wol. — Hayali'm menin' islerime ko'nligip ketkenine qaramastan, tapqan aqshalari'mni'n' belgili bo'legin u'yge a'kelip, woni'n' qoli'na sali'w worni'na, biysharalardi'n' jaylari' ushi'n tas sati'p ali'wg'a cementke, a'ynek, qapi'g'a jumsag'ani'm ushi'n bazda renish-a'm bidiredi. Ashi'wlanadi'. Degen menen, wolda insan! A'zzi insanlar ushi'n qanday mehir za'ru'rligin tu'sinedi!

— Sizin' wo'zin'zge hesh na'rse kerek yemes pe?

— Kerek, a'lbette! Biraq bizler jumi's islep ati'rmi'z g'oy! Al, jumi's islew mu'mkinshiligi joq awi'riw, jalg'i'z basli' kempir-g'arri'lardi'n' bizlersiz ku'ni ne keshedi? Qullasi', — dedi wol ko'zlerin sa'l-pa'l qi'si'n'qi'rap, woyli' pishinde. — Menin' pikirimshe, adam da aqshani'n' ko'p

bolg'ani' jaqsi' yemes! Wol ko'p te, az da bolmaw kerek. Awa, menin'she, solay bolg'ani' maqul!

Men ku'ldim. Mine nag'i'z ha'zirgi ku'nnin' so'zi. Aqshani'n' wori'nli' paydalani'w, materialli'q bayli'qtan, aqi'lg'a ug'ras paydalana biliw kerek. Babalardi'n', arti'q du'nya ko'z shi'g'aradi', degen na'siyati' da bar g'oy. Menin' aldi'mda worta a'sirdin' bir ag'arti'wshi'si' yemes, wo'z zamanlasi'm, yag'ni'y Qaraqalpaqstanni'n' No'kis rayoni'ndag'i' worta mekteptin' inglis tili boyi'nsha mu-g'allimi turi'pti'! Wol ha'zirgi ku'nnin' ta'shwishleri me-nen jasap ati'r. Ayi'ri'qsha sap hu'jdanli', mehirli insan!

Bizler xoshlasti'q. Men mashinag'a woti'rdi'm, ju'zleri quyash a'ptabi'nan qarawi'tqan, u'sti-basi'na ilay jag'i'lg'an Allaniyaz, meni bi'layraqqa shekem uzati'p saldi'. Men izime bir buri'ldi'm. Allaniyazdi'n' arti'nda gerbishler jayi'lg'an surg'i'lt maydansha jati'r. Wol wo'zinin' a'jayi'p, ken' peyilli ku'lkisi menen mag'an qol bi'lg'ap qaldi'. Ne dersen'! Wol sonsha a'piwayi' miynetkesh, sonsha a'jayi'p mehirli insan!...

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Jazi'wshi'g'a A. Wo'teniyazov haqqi'nda ocherk jazi'wi'na ne sebep bolg'an dep woylaysi'z?
**2.** Ocherk qaharmani' A. Wo'teniyazov qanday qa'siyetke iye insan bolg'an?
**3.** A. Wo'teniyazovtag'i' unamli' pazi'yletler nede?
**4.** Ocherkti woqi'n' ha'm tu'singenin'iz boyi'nsha gu'rrin' jazi'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

**Gu'rrin'**—turmi'sti' i'qsham ha'm qi'sqa tu'rde sa'wle-lendiretug'i'n kishi epikali'q janr. Gu'rrin'de waqi'yalar, syujet bir qaharmanni'n' a'tirapi'na sho'lkemlesken boladi'. Qaraqalpaq a'debiyati'nda N. Da'wqaraevti'n' «Internatta», I. Yusupovti'n' «Seydan g'arri'ni'n' gewishi», J. Aymur-zaevti'n' «Kelin» gu'rrin'leri usi' janrdi'n' talaplari'na toli'q juwap beretug'i'n shi'g'armalar yesaplanadi'. Novella da gu'rrin' si'yaqli' kishi epikali'q tu'rge kiredi.

**Ocherk** — wo'zinin' ko'lemi ha'm su'wretlew usi'llari' jag'i'nan gu'rrin'ge jaqi'n janr. Osherkte ha'zirgi turmi'sti'n' waqi'yalari' ha'm qaharmanlari' su'wretlenedi. Osherk ani'q materiallarg'a, faktlerge, mag'luwmatlarg'a ko'birek su'yenedi, Jazi'wshi'ni'n' fantaziyasi' (ko'rkem qi'yali') sheklengen boladi'. Qaraqalpaq a'debiyati'nda K. Sultanov, Wo'. Xojaniyazov, S. Saliev, W. A'bdiraxmanov h.t.b osherk jazi'wda ko'zge tu'sken sheber jazi'wshi'lar sanaladi'.

## KU'NSHI'G'I'S A'DEBIYATI'NAN

## ALISHER NAWAYI'

(1441—1501)



Wo'zbek xalqi'ni'n' a'jayi'p perzenti, dani'shpan ha'm woyshi'l talant iyesi Alisher Nawayi' wo'zi jasag'an XV a'sirde-aq du'nyani'n' ko'plegen yellerine belgili boldi'. Ku'nshi'g'i's klassikali'q a'debiyati'nda «Jeti juldi'zdi'n' biri» sanalg'an ulli' talant iyesinin' ismi tez waqi'tti'n' ishinde-aq pu'tkil Ku'nshi'g'i's penen Bati'sqa tarali'p ketti. Woni'n' dani'shpanli'q penen jazi'lg'an do'retpeleri du'nya xali'qlari'ni'n' ju'reginen ji'lli' wori'n aldi'.

Wol ha'tteki patsha sarayi'nda wa'zir da'rejesinde islewine qaramastan, ha'melden go're xali'q ma'pin joqari' qoya bilgen ha'm wo'z do'retpelerinde a'piwayi' xali'q ma'pin ji'rlawg'a ha'm barli'q na'rseden ko're xali'qti', xali'q ta'g'dirin woylawg'a umti'lg'an ulli' talant iyesi boldi'.

Alisher Nawayi' 1441-ji'li' 9-fevralda Xorasan u'lkesinin' paytaxti' Herat qalasi'nda tuwi'ladi'. A'kesi G'iyasiddin saray ha'meldarlari'nan biri bolg'an. Anasi' Temuriy shaxzadalari'ni'n' ta'rbiyashi'si' bolg'ani' ushi'n da Alisher

jasli’g’i’nan baslap-aq shax balalari’ menen birge ta’rbiyalanadi’.

Saray shaxzadalari’ arasi’ndag’i’ talas-tarti’slar jas Alisherge de ta’sir yetpey qalmaydi’. Shahruq mi’rzani’n’ wo’liminen keyin Alisherdin’ shan’arag’i’ Irakqa ko’shedi, son’i’nan A’bilqasi’m Babur ja’rdeminde Heratqa qayti’p keledi ha’m wo’z woqi’wi’n dawam yetedi.

Wol jas waqi’tlari’nan baslap-aq ko’rnekli parsi’ shayi’ri’ Saadiy Sheraziydin’ «Gu’listan» ha’m «Bostan» shi’g’armalari’n, sonday-aq Fadratdin Attardi’n’ «Quslar tili» shi’g’armasi’n qunt penen woqi’y baslaydi’.

Woni’n’ Temuriy shaxzadalari’nan bolg’an Xusayn Bayqara menen mektepte birge woqi’wi’ ha’m doslasi’wi’ keleshegi ushi’n u’lken jol ashi’p beredi. Nawayi’ won yeki jaslari’nan-aq qosi’q jazi’wg’a kirisedi. Bul jolda wog’an wo’z zamani’ni’n’ yen’ ko’rnekli shayi’rlari’ni’n’ biri bolg’an Lutfiydin’ ustazli’q ja’rdemi ayri’qsha bolg’an.

Alisher ata-anasi’nan jetim qali’p, won bes jaslari’nan baslap dosti’ Xusayn Bayqara menen birlikte A’bilqasi’m Babur sarayi’na xi’zmetke kiredi. Sol ji’llari’ wol wo’z zamani’ni’n’ yen’ a’jayi’p adamlari’ parsi’-ta’jik a’debiyati’ni’n’ ko’rnekli shayi’ri’ A’bdiraxman Ja’miy ha’m Mashhad qalasi’ni’n’ dani’shpan adamlari’ Sayd Xasan Ardasher ha’m Kamal Turbatiyler menen ushi’rasqan. Biraq bul da’wirlerde de Xorasan taxti’ ushi’n bolg’an sawash ja’njellerdin’ izi u’zilmeydi. 1459-ji’li’ Xorasan taxti’n iyelegen A’bdisayi’t mi’rza zali’m ha’m reyimsiz boli’p shi’g’adi’. Bunnan keyin Nawayi’ ilajsi’z Samarqandqa ketiwge ma’jbu’r boladi’. Wol Samarqandta ko’p g’ana ali’mlar menen ushi’rasi’p bir neshe doslar artti’radi’. Son’i’nan 1469-ji’li’ wo’zinin’ dosti’ Xusayn Bayqarani’n’ birinshi wa’ziri boli’p tayi’nlanadi’. Wol wa’zir boli’p turg’an waqti’nda a’tirapi’na ko’p g’ana ali’m ha’m dilwarlardi’ ji’ynap, Xorasanni’n’ abadanli’g’i’ ushi’n xi’zmet yetedi. Yelde a’dalat ha’m ta’rtip wornati’wg’a belsene qatnasadi’. Biraq wo’zleri Temuriy a’wladlari’nan yesaplansa da, bilimsiz ha’m parasatsi’z bolg’an ayi’ri’m saray ha’meldarlari’na Nawayi’ni’n’ bul ha’reketi unamaydi’. A’sirese, wa’zirlik wori’ng’a talasqan Majitdin

bug'an jamanli'q isleydi. Solay yetip, woni'n' wo'miri wog'ada qi'yi'n jag'dayda wo'tedi.

Alisher Nawayi' wo'zinen keyingi a'wladlarg'a jigirma tomnan aslam a'jayi'p a'debiy miyraslari'n qaldi'rdi'. Woni'n' ha'r bir g'a'zzeli menen muxammesi, qasidasi' menen da'stanlari', ja'ne de ha'r qi'yli' janrlarda jazg'an shi'g'armalari', bu'gingi ku'ngi a'debiyati'mi'z tariyxi'nda salmaqli' wori'n tutadi'. Yeger wo'zbek xalqi'ni'n' ulli' shayi'ri' Maxsud Sheyhzadani'n' pikiri menen aytqanda: «Wol — g'a'zzel mu'lkinin' sultani'» boldi'.

Nawayi' lirikasi'ni'n' negizin qurag'an «Xazoyinul-maoniy» (Mag'analar g'a'ziynesi) shi'g'armasi' tiykari'nan u'lken to'rt kitaptan turatug'i'n diywan (ji'ynaq) yesaplanadi'. Bul kitap tu'rli ji'llar arasi'nda jazi'lg'an boli'p, tiykari'nan 1491—1498-ji'llardi' wo'z ishine aladi'.

Alisher Nawayi'ni'n' do'retpeleri arqali' woni' filosofiyali'q lirikani'n' sheberi si'pati'nda ko'riwge boladi'. Wol wo'mirdin' ma'nisin wog'ada teren' tu'sinedi ha'm wo'z shi'g'armalari'nda a'lem go'zzalli'g'i'n, wo'mirdi su'yiw, adamlardi'n' baxi'tli' jasawi' ushi'n gu'res ideyalari'n yen' basli' wori'nlarg'a ko'terip su'wretleydi. Adamzatti'n' ana ta'biyat penen dialektikali'q baylani'si', ta'biyatti'n' adamzattan, adamzatti'n' ta'biyattan g'a'rezliligi ma'seleleri de shayi'r shi'g'armalari'nda so'z yetiledi. Mi'sali':

> Bul du'nya bar yeken, sen barsan' insan,
> A'lem sag'an mu'ta'j, sen mu'ta'j wonnan.

dep aytqan qatarlari' adam menen ta'biyat arasi'ndag'i' baylani'slardi' teren' su'wretleydi. Nawayi' lirikasi'ni'n' yen' basli' tematikasi'ni'n' biri adamlardag'i' adamgershilikli paziyletler menen hu'jdan ma'selelerin su'wretlew boldi'. Bul arqali' shayi'r ha'mme waqi't adamlardi' jaqsi' islerge ha'm jaqsi' pa'ziyletlerge shaqi'ri'p woti'rdi', yag'ni'y: «Bul du'nyada hesh kim gu'ldin' sebeti bola almas, biraq qalay bolg'anda da adamni'n' wo'z jaqsi'li'g'i' menen iz qaldi'rg'ani' jaqsi'» dep ayti'lg'an a'jayi'p pikirleri woni'n' shayi'rli'q hawazi'n ani'q belgilep beredi. Mi'sali':

> Bul du'nyada heshkim bolmasa gu'ldin' sebeti,
> Biraq bolg'ay jaqsi'li'q at qaldi'ri'w niyeti.

Mine, buni'n' wo'zinen-aq ko'rinip turi'pti', Nawayi' ha'r bir adamdi' wo'mirden wo'z worni'n tabi'w ushi'n jaqsi' islerge umti'li'p, jaqsi' jasawg'a shaqi'radi'.

Adam balasi'ni'n' bul du'nyada tutqan worni' wog'ada u'lken: Birew patsha bolsa, birewler bir ka'siptin' iyesi boli'wi' mu'mkin. Shayi'r ha'r qanday insan wo'z ka'sibinen nali'mawi', woni' qa'dirlep-qa'sterlewi kerekligin, kishkene ka'siptin' wo'zinen-aq u'lken na'tiyjege, yag'ni'y wonnan baxi't ha'm abi'ray-ma'rtebege yerisiw mu'mkinligin wog'ada duri's ko'rsetip beredi. Adam wo'z ka'sibinen ka'mal tabi'wi' ushi'n ti'ni'msi'z tu'rde izlenip, waqi'tti' u'nemlewi kerekligin: «Yeger waqti'n'di' utti'rsan'—baxi't qashadi'», — dep uqti'radi'.

## «FARHAD-SHIYRIN» DA'STANI'

*(u'zindi)*

Ga'whar shashqan sarrap xabar beriwden,
Taraldi' naq so'zler ha'mmege birden:
Islerine Farhadti'n' jurt tan'lani'p,
A'rmen jaqqa ju'rip ketti jollani'p.
Farhad kesken tasti' wolar ko'rdi de,
Bunnan xabar berdi bari'p Ba'niwge,
«G'ayratli' bir jigit keldi qi'rag'i',
Ko'rgen janni'n' ba'rin hayran qi'ladi'.
Tas keskeni tan' qalg'anday ka'ramat,
Wonday isti isley almas adamzat.
Tu'ri bolsa basqalardan bir bo'lek,
Bunday yerdi heshkim ko'rmese kerek.
Ku'shi tawday perishtedey bir adam,
Kesek qurli' bolar deymen taw wog'an.
Bir jumi'sti' u'sh ji'l yemes adamlar,
Tek bir ku'ngi isi menen barabar»,
Usi'layi'nsha aytti' Ba'niw bilgenin,
Yeger bul so'z bolsa — dedi haqi'yqat,
Bari'w kerek tez arada minip at
Ku'ndey boli'p mingen aspan ati'na,
Jetti tawi'p yer Farhadti'n' qasi'na
Ba'lent shi'g'i'p na'zer saldi' ha'r jayg'a,

Wo’rtengendey boli’p turdi’ jer du’nya
Meytin menen arna qazg’an jigitti,
Ko’rdi Shiyrin, wol tas gewlep ju’ripti
Qa’ha’rlenip tasti’ jigit uradi’.
Ursa taslar mayda-mayda boladi’.
Sawlati’nan qorqi’p taslar shi’damay,
Meytin ursa womi’ri’ldi’ wop-won’ay
Qatari’nan boyi’ biyik ju’rgende,
Ulli’li’g’i’ arti’qmash bir pilden de
Man’layi’nan su’yiw da’rti ko’rinip,
Bet a’lpinen g’a’riplik tu’r bilinip,
Balg’a yemes shoqmari’ bar qoli’nda,
Ku’l qi’ladi’ ursa Elbrus tawi’n da.
Shiyrin bug’an ko’zin sali’p keliwden,
U’ndemedi, hayran boldi’ ko’riwden
Isin ko’rip ko’zinen jas quyi’ldi’,
Qi’yi’nli’g’i’n ko’rip kewli buzi’ldi’.
Si’r perdesi ashi’lsi’n dep turmadi’,
Jaqi’n kelip so’zin aytti’ woydag’i’
Tan’ qalarli’q belgiler bar boyi’nda,
Qi’yi’nli’qti’n’ belgisi bar hali’nda
Alg’i’s aytsan’ ju’z a’sirler mudami’,
Tek bir ku’nlik isin’e ten’ boladi’
Bir tabaqqa sali’p ga’whar a’keldi,
«Xi’zmet haqin’ yemes arnag’an» dedi.
U’zir ayti’p ashti’ da’rhal tabaqti’,
Basi’nan aylandi’ri’p xosh boldi’ waqti’.
Suli’w so’zler so’ylese de Shiyrin qi’z,
Farhad-Ma’jnu’n turdi’ yessiz-aqi’lsi’z.
Da’mi da’rtli, wo’zin jerge ji’qqanday,
Ishke jali’n si’ymay si’rtqa shi’qqanday,
Qalti’ratpadan ta’ni ti’ni’sh tura almay,
Ku’yip-jani’p Farhad shi’dam qi’la almay,
Dedi: «Senin’ da’rtlerin’nen men wo’ldim,
Dawi’si’n’ menen qi’yi’nli’qtan quti’ldi’m.
Qay suli’wsan’ qaydan bileyin,
Senin’ ushi’n jandi’ menin’ ju’regim.
Ya senbisen’ yelden meni ayi’rg’an,

Jat jerlerde bu'ytip biyshara qi'lg'an
Ay ju'zlinin' sonda ju'zi ko'rindi,
Farhad ku'tken qi'z yekeni bilindi,
Aynada bir ko'rip sorli' bolg'ani'n'
Yendi ko'rdi jan ju'regi jani'nan,
Yesi ketse aynada bir ko'rgende,
Kim tan' qalar ko'rip turi'p wo'lgenge.
Farhad buni'n' Shiyrin yekenin bilip,
Qayg'i' tarti'p qaldi' jerge ji'g'i'li'p.
Farhadti' buni'n'day awhalda ko'rip,
Wo'li dep woyladi' biyjag'day boli'p.
Ay ju'zin qara bult basqanday boli'p,
Jas ju'regin tu'tin basti' ah uri'p.
Wopani'n' shami'ni'n' jaqti'si' so'ndi,
Farhadti'n' jani'na Shafur ha'm keldi,
Wol ji'ladi' qushi'p turi'p basi'nan,
«Da'rtten basqa nesibesi bolmag'an.
Qayg'i', da'rttin' az bolg'anday bastag'i'
Wo'mirinin' shami' so'ne basladi'.
So'zlerin'di wori'nlawdi'n' joli'nda,
Waq-waq, senin' shi'damli'li'q jigerin'!
Waq-waq, senin' asqan aqi'l ho'nerin'!
Yessiz senin' taza ju'rek woylari'n'!
Yessiz senin' qayg'i' menen zarlari'n'!
Waq-waq, senin' woq jay tuti'p woq atqan,
Ku'shli qoli'n' woqti' qarday boratqan!...
Seni ko'rip batti' xorli'q jani'ma,
Ko'rmegende qalmas yedim qayg'i'g'a».
Usi'layi'nsha aytti' Shafur so'zlerin,
Shiyrin qi'zdi'n' jas qapladi' ko'zlerin
Farhadti' patshaday za'mberge sali'p,
Zar ji'lap jayi'na kettiler ali'p

## Shiyrinnin' Farhadqa su'yikli ko'riniwi

Sol halda yeki ku'n, yeki tu'n jatti',
Ko'z ashpadi', sonday jani'na batti'
Shiyrin jandi' Farhadti'n' bul hali'na,
Shafurdi'n' da azap batti' jani'na.

Soni'n' menen u'shinshi ku'n boladi'.
Ko'zin ashi'p Farhad yesin ji'ynadi',
Ken' saraydi', shaxli'q taxti' ko'redi,
Shaxtay boli'p jatqanli'g'i'n biledi.
Wo'z awhali'n ko'z aldi'na keltirip.
Woylag'anda hayran boldi' woti'ri'p.
«Ay ma dedi ko'k ju'zinde ko'ringen,
Joq ku'n shi'g'ar jer jahandi' bezegen.
Nur sa'wlesin shashqan shi'g'ar basi'na,
So'yleskende bari'p ja'ne qasi'na.»
Ko'zi tu'sip suli'w qi'zdi'n' ju'zine,
Yesten tang'an qulaq sali'p so'zine.
Uyalg'annan terge bati'p shi'damay,
Shi'g'i'p ketti jalt yetti de jasi'nday.
Bul ay yeken jang'a ja'rdem beripti,
Yesten tani'p jatqanda nur to'gipti.
Ayi'rsa da meni haldan buri'n da,
Ja'rdem berdi yessiz jatqan wag'i'mda.
Ketti tawg'a uyalg'annan shi'damay,
Yessiz-suwsi'z asi'wlarg'a qaramay.
Pitpey jatqan wol arnag'a baradi',
Uyalg'anday suwday teri ag'adi'.
Tawi'p ali'p meytin menen teshesin,
Baslay berdi taezden peshesin.
Deydi Farhad: «jani'ma wol kelipti,
Men ma'jnu'nge jaqsi' ko'mek beripti.
Yesten awi'p jatsam ketpey qasi'mnan,
Ja'rdem yetip su'yep turg'an basi'mnan.
Jaqsi'li'g'i' ushi'n yetken jani'ma,
Ju'regimnen alg'i's aytsam bolama?
Bul arnani'n' qazi'wi' tez boli'wi'n,
A'rman yetken suwi' tezden ju'riwin
Wori'nlasam suli'wdi'n' bul a'rmani'n,
Wori'nlanar wo'z woyi'ma alg'ani'm».
Dep woylani'p tag'i' qazi'p ketedi,
Atqan tasi' tap aspang'a jetedi.
Tas qazi'wda sonday ho'ner yetedi,
Tawdi'n' tasi' aspan ko'kke jetedi.

Tas jarg'i'shi'n qi'ra tasqa salg'anda,
Usar taw da bir qi'yamet bolg'ang'a
Bult ta yemes, ba'ha'rdin' wol jawi'ni',
Tas borag'an ala burqan dawi'li'.
Tasqa ursa meytin sin'ip ketedi,
Shi'qqan waqta shaqmaqtay jalt yetedi.
Shi'day almay tas jari'li'p si'nadi',
Ha'r urg'anda bo'lek-bo'lek qi'ladi'
Izli-izinen xali'q ku'nde keledi,
Hayran boli'p bul islerdi ko'redi.
Kim ko'rse de bug'an hayran qaladi',
Barmaqlari'n tislep g'ana turadi'
Usi' tu'nde Ma'hin-Ba'niw u'yinde,
Asqan aqi'l ay ju'zlinin' u'yinde,
Adam boli'p wozi yesin ji'ynadi',
Wonnan keyin tawg'a qaray aydadi'
Barsa Shafur Shiyrin qi'zdi'n' izinen,
Qayg'i' woti' ko'rinip tur ko'zinen.
Ta'wip Shafur quti'lsa da qayg'i'dan,
Shi'g'almadi' Shiyrin da'rttin' woti'nan.
Shafur kelip ayag'i'na bas urdi',
Ko'zinen jas ag'i'p Shiyrin de turdi'.
Ayrali'qti'n' woti' tiyip jani'na,
Yesten tandi' ay ju'zli qi'z tag'i' da
«Tas qopari'p ju'r dep Farhad arnada»,
Izlewshiler xabar tapti' tez ara.
Kelgen zaman Farhadti'n' bul xabari',
Shiyrin ku'ldi gu'ldey boli'p jamali'.
Jazi'w ushi'n wo'z kewlinin' jarasi'n,
Qumar boldi' bir ko'riwge qarasi'n

## Farhadti'n' Shiyrin ushi'n tawda arna qazi'wi'

Ko'rkem so'zdin' ko'zge tu'sken sheberi,
Wo'z qi'ssasi'n bi'layi'nsha bezedi:
Tez qazi'wdi'n' tawi'p ali'p a'disin,
Saldi' Farhad ayamastan bar ku'shi.

Ba'rjay yetiw bul jumi'sti' wag'i'nda.
Ju'da' qi'yi'n, ju'rgen shi'g'ar son'i'nda,

Tez arada ba'rjay yetsem buni' men,
Sarbiy yan'li' go'zzal ku'ler ko'riwden.

Pitkergende qi'yi'n isti gezinde,
Tilegimdi ba'rjay yeter menin' de
Degen u'mit ko'z aldi'nda ko'rinip,
Qopardi' tas, jatpadi' hesh yerinip.

Jerdi wo'lshep arqan ali'p qoli'na,
Yeki si'zi'q saldi' japti'n' boyi'na
Japti'n' yeni u'sh qulashtay bar yedi,
Kem degende yeki qulash teren'i.

Wo'lshep tartqan woni'n' ha'r bir si'zi'g'i',
Mi'n' qulashtan aslam yedi uzi'ni'.
Bir mi'n' qulash pitse yeger wag'i'nda,
Tu'ser yedi yekinshisin qazi'wg'a.

Bir mi'n' qulash jerde tasti' qazg'anda,
Taslar qashti' meytininin' aldi'nda.
Yeki ju'z adam qazi'p ju'rgen buri'nda,
Yeplep qazi'p ju'rgen yeken shi'ni'nda.

Wolar tastan tazartqansha jag'ani',
Bul kepshesin tuti'p demin aladi'.
Sazlag'ansha japti'n' mu'ltik jerlerin,
Korsetedi kepshesinin' ho'nerin.

Yeger alsa wo'z kepshesin qoli'na,
Tarrashlaydi' qaramay won'-soli'na.
Ko'z salg'anda tarrashlaydi' jerine,
Aynaday-aq ko'rinedi ko'zine.

Tas wo'rgenin ko'rsen' japti'n' boyi'na
Shemberlengen qudi'q tu'ser woyi'n'a
Tasi' pitip qalsa qazg'an jerinde,
Tas tabi'lmay qali'p qoysa shemberge.

Sonday jerde qi'yi'n boli'p shemberi,
Miynet arti'p awi'r azap shegedi.

Biraq ta wol qi'yi'nli'qqa qaramay,
Qara tasti' qalay berdi jag'alay.

Si'zi'q penen si'zi'p qoyg'an buri'ng'i',
Dawam yeti japqa shember qi'li'wdi'.
Tayar tasti' buri'n joni'p sazlag'an,
Wore berdi, tas izlemey daladan.

Nag'i'sladi' so'ytip japti'n' jollari'n,
Hayran qaldi' ko'rgen buni'n' qi'lg'ani'n,
Sheber yeken tasti' so'ytip wo'riwge,
Tasti'n' ju'yi bilinbeydi wo'mirde.

Yegerde taw shi'g'i'p qalsa aldi'nan,
Shi'damaydi' tazalamay joli'nan.
Woni' shapsa meytininen qoldag'i',
Jalt-jult yetip qi'zi'l jali'n shi'g'adi'.

Taw buzg'anday meytin ali'p qoli'na,
Bas iyedi tawdi'n' biyik shi'n'i da.
Belin buwi'p kiriskende isine,
Taw da, tas ta shaq kelmeydi ku'shine.

Bir uri'wdan biyik shi'n'ni'n' basi'na,
Wopi'ri'li'p tu'se berdi qasi'na.
Izli-izinen biyik shi'n'di' qulatti',
Tasi'n bolsa to'men qarap domalatti'.

Meytininen ushqan taslar mudami',
Irkilmesten ayg'a bari'p uradi'.
Ketpew ushi'n taslar ko'ktin' ju'zine,
Qalqan du'zep aldi' da'rhal wo'zine.

Jerden ushqan bul taslardan ati'li'p,
Juldi'z qorqi'p, buqti' basi'n jasi'ri'p,
Meyli taslar ma'lim yemes yesabi',
Aspan ju'zin talay jerden tesedi.

Aspan bunnan jasi'ri'ni'p turmadi',
Jerden atqan taslardi' wol urladi'.

Sol taslardan aspan jerge mudami'.
Ha'sirettin' tasi'n taslap turadi'.

Yeki-u'sh ku'nde buzi'li'p taw taslar da,
Shi'n'i' burqi'p ati'ladi' aspang'a.
Jap qazg'anda ho'ner menen wo'rlegen,
Dabi'l shari'n ko'rsetedi ju'zlegen.

Tawdi' buzi'p jerdey qi'lsa tez-ara
Ansati'raq bolar yedi qazbag'a.
Wo'lshep qoyg'an jerdi qazdi', ti'nbadi'.
Ku'ndiz-tu'ni heshbir qarap turmadi'.

Tezlik penen qazdi', tasti' qopardi',
Japti'n' izin sarayg'a da apardi'.
Alpi's qulash uzi'ni' da, yeni de,
Hawi'z qazdi' wo'zi jetken jerine.

Hawi'z yemes, ten'iz dese boladi',
Mo'ldir suwi' ti'ni'p g'ana turadi'.
Bas bar yedi jaqi'n jerde sarayg'a,
Biyik yedi tiygen basi' aspang'a.

Joni'lg'anday jumi'r yedi wol wo'zi,
Aynalasi' bes ju'z qulash keledi,
Yepshil jigit meytin uri'p tez ara,
Kiristi wol tasti' suli'w qi'lmag'a.

Kesip, joni'p qara tasti' ag'ashtay,
Saldi' sonnan aspan yan'li' bir saray.
Bul jumi'sti' ba'rjay yetip tez g'ana,
Iye boldi' jan'a biyik sarayg'a.

Biyikligi ku'n menen ko'z qarasqan,
Aynalari' aspan menen talasqan.
Saray boldi' jer jahanda bir wo'zi,
Ku'ndey boli'p jarqi'rag'an gu'mbezi.

Saldi' ja'ne u'sh da'rwaza, u'sh ha'ywan.
Ha'r birinen aspan tawi' uyalg'an.

Tu'rli-tu'rli nag'i'slang'an bo'lmesi,
Wolda sonday bo'lmenin' tas wo'resi.

Solayi'nsha pitkerdi wol bir saray.
Ju'zi tegis, tek bir tastan bolg'anday,
Aynani'n' a'weli jobasi'n ali'p,
Son'i'nan bezedi su'wretler sali'p.

Ko'rsetiwge taxtqa mingen go'zzaldi',
Go'zzallar shaxi'ni'n' su'wretin saldi',
Taxt u'stinde turg'an shaxti'n' jani'na.
Xi'zmet ushi'n qi'zlar qoydi' tag'i' da.

Su'wretlerdi sonday suli'w jasag'an,
Biraq woni'n' heshbirinde joqti' jan.
Ju'z mi'n'lag'an saldi' ti'msal su'wretler,
Hali' pitti ko'p yetkehge xi'zmetler.

Qay bir jerde su'wret bolsa jaynag'an,
Yesi awg'ansha turi'p sog'an qarag'an.
Ko'mek berip Shafur ba'rha jani'nda,
Bolatug'i'n si'zg'i'sh, qa'lem qoli'nda.

Bul si'zsa adamdi', wol jaqsi' bezer,
Bul si'zsa haywandi', wog'an jan berer.
Ay ju'zlinin' suwretlerin salg'anda,
Usar wo'zi tas u'stinde turg'ang'a.

Ay ju'zlinin' suwretlerin salg'anda,
«Ah», «waq» deydi ishi toli'p a'rmang'a
Saray solay tamam boldi' wag'i'nda,
Qi'tay su'wreti turg'anday-aq jani'nda.

Saray sali'p pitkergen son' jumi'sti',
Yendi hawi'z qazi'w ushi'n kiristi.
Bul isti de tez pitkerip tasladi',
Tek jatpadi', japlar qazi'p tasladi',

Ha'r ta'repten qazi'p japti' keltirdi,
Saray menen japti'n' sa'nin jetirdi.

Irkilmesten tuwlap ag'i'p tez ara,
Keletug'i'n suwi' boldi' qalag'a.

Aqi'l menen ma'lim japti'n' biyigi,
Yeki mi'n' qulash ha'r jabi'ni'n' uzi'ni'.
Wolka'rada to'men aqsa suwlari'.
Ayaq jag'i'n bag'i' bostan qi'ladi'.

Tas qopari'p boli'wdan-aq tag'i' da,
Ketti tezden japti'n' sag'a jag'i'na
Bari'p ali'p suwdi'n' sag'a jag'i'na
Ag'i'zbaqshi' boldi' yeldin' g'ami'na

Tawg'a qarap xali'q kele baslag'an,
Mine jerge tu'ser yemes taslag'an.
Tamashag'a tawg'a kelgen xali'qtan,
Ko'rinbeydi asqar taw da ali'stan.

Alisher Nawayi' lirikali'q qosi'qlar menen bir qatarda ko'p g'ana epikali'q shi'g'armalar jazadi'. Bulardi'n' arasi'nda 1482—1485-ji'llarda jazi'lg'an «Hamsa» (Bes kitaptan ibarat da'stan), 1499-ji'li' jazi'lg'an «Lisanut tayr» «Quslar tili» shi'g'armalari' ayri'qsha wori'ndi' iyeleydi. A'sirese, shayi'rdi'n' «Hamsa» shi'g'armasi' Alisher Nawayi'ni'n' dan'qi'n pu'tkil a'lemge tani'sti'rdi'. «Hamsa» jazi'w Ku'nshi'g'i's yellerinde buri'nnan-aq bar da'stu'r boli'p, «Hamsa» do'retiwge yeliwden arti'q shayi'rlar qatnasqan bolsa da, bul bag'darda tek to'rt adam g'ana pu'tkil du'nyag'a belgili bolg'an. Bulardan yen' birinshi ma'rtebe ko'rnekli a'zerbayjan shayi'ri' Nizamiy Ganjaviy (XII a'sir) «Hamsa» jazi'wdi' baslag'an bolsa, bunnan yeki a'sir keyin hind yelinde Hi'sraw Dehlaviy, Nawayi'ni'n' zamanlasi' ko'rnekli parsi'-ta'jik shayi'ri' Abdiraxman Ja'miy ha'm Alisher Nawayi' da «Hamsa» do'retken. Bul Hamsalar, negizinen, bir derekke tiykarlang'an bolsa da, lekin, wolardi'n' ha'r biri bir-birinen pari'q qi'ladi'. Sebebi, ha'r bir shayi'rdi'n' «Hamsa» si'nda jarati'lg'an obrazlarda shayi'rlardi'n' jasaw da'wirine qarap a'dewir wo'zgesheliklerge iye bolg'an. Bul jag'daylar ko'birek Xi'sraw, Bahram, Farhad ha'm Shiyrin obrazlari'nda

a'dewir ko'zge taslanadi'. Bunnan ti'sqari' Nizamiy, Dehlaviy, Ja'miyler Hamsani' parsi' tilinde jazg'an bolsa, Alisher Nawayi' tu'rkiy tilinde jazadi'. Nawayi' «Hamsa» jazg'anda da wo'zinen aldi'n wo'tken ustazlari'na u'lken hu'rmet penen qaraydi'. Yen' birinshi ma'rtebe «Hamsa» jazi'p qaldi'rg'an Nizamiy Ganjaviydi alg'i'slap:

Yemes an'sat, bul zaman ishinde turmaq,
Nizamiy pa'njesine pa'nje urmaq,—

dep ayta kelip, «Hamsa» avtorlari' bolg'an u'sh ustazi'na da u'lken minnetdarshi'li'q bildirmekshi boladi', yag'ni'y:

Jollasa bul jolda Nizamiy joli'm,
Qollasa Hi'sraw menen Ja'miy qoli'm,—

dep jazi'p, bul hu'rmetli ustazlari' aldi'nda bas iyedi.

Nawayi' bul a'jayi'p «Hamsa» ni' jazi'wda wo'z ustazlari' si'yaqli' bes kitapqa bo'ledi: 1. «Hayratul-abrar» (Jaqsi' adamlardi'n' hawli'g'i'si'wlari'), 2. «La'yli ha'm Ma'jnu'n», 3. «Farhad ha'm Shiyrin», 4. «Jeti i'qli'm», 5. «Saddi Iskandariy» (Iskender diywali'). Bul besewi de tematikali'q jag'i'nan basqa Hamsalarg'a wog'ada jaqi'n. Biraq Nawayi' bul temalardi' wo'zinshe rawajlandi'rg'an.

Nawayi'ni'n' «Hayratul-abrar» da'stani' wo'z zamani'na bolg'an filosofiyali'q ko'zqaraslari'nda payda bolg'an. Soni'n' ushi'n da woni' filosofiyali'q, social-ekonomikali'q, ta'rbiyali'q ma'seleler tiykari'nda bahalaw mu'mkin.

«La'yli ha'm Ma'jnu'n», «Farhad ha'm Shiyrin», «Jeti i'qli'm» da i'shqi'-muhabbat ma'seleleri menen birgelikte a'dalatli' ha'm a'dalatsi'z patshalar obrazi' menen ushi'rasami'z. A'lbette, bul da'standag'i' syujetler Ku'nshi'g'i's yellerine buri'nnan-aq ko'p tarqalg'an arablardi'n' «Qays ha'm La'yli», Mi'si'r ha'm Assuriyani'n' «Jeti go'zzal», «Mehribani'w ha'm Shiyrin» qi'ssalari'nan ali'ng'an. Solay bolsa da, bul obrazlardi' Nawayi' wo'z da'wirine a'dewir jaqi'nlasti'radi'. Usi'nday sebepler menen ha'r Hamsa da patshalar obrazlari' ha'r qi'yli' beriledi. Hi'sraw menen Bahram geyde a'dalatli', bazda a'dalatsi'z boli'p ko'rinedi. Ashi'qlar obrazi'nda da tap sonday wo'zgeshelikler bar.

Al, Farhad obrazi' bolsa, «Hamsa» da pu'tkilley jan'a obraz. Bul yerte da'wirdegi qi'ssalardi'n' hesh birewinde de joq. Soni'n' ushi'n da Nawayi' bul obrazdi' sol waqi'ttag'i' Xorasandag'i' suw tamtari'sli'g'i' sebepli wo'zi woylap tapqan ha'reketshil obraz si'pati'nda su'wretlegen. Wol xali'q arasi'nan shi'qqan a'piwayi' ha'm a'dalatli', wopadar ha'm bati'r jigit si'pati'nda sa'wlelengen.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Da'standa miynetkeshlik, haqli'q, hadalli'q qalayi'nsha wo'z su'wretleniwin tapqan?
2. Farhad Shiyrin menen qay jerde ushi'rasadi'?
3. Shiyrin yeni a'rman yetken yedi?
4. Farhad Shiyrinin' a'rmani'n wori'nlaw ushi'n qanday isti wori'nlawg'a kirisedi?
5. Farhad qalayi'nsha tastan saray sali'wg'a yerisedi?
6. Da'standi' woqi'n' «Miynet baxi't keltirer» temasi'nda gu'rrin' jazi'n'.

## A'DEBIYAT TEORIYASI'NAN MAG'LUWMAT

### G'a'zzel, muxammes, rubayi' haqqi'nda tu'sinik

**G'a'zzel** (arab so'zi) — Ku'nshi'g'i's xali'qlari'ni'n' poeziyasi'nda su'yiwshilik mazmundag'i' lirikali'q qosi'q. G'a'zzel yen' da'slep arablarda VII a'sirdin' basi'nda payda bolg'an. Woni'n' tiykarg'i' ma'nisi «si'rlasi'w» degendi an'latadi'. Buri'n g'a'zzeller tarli' a'spablardi'n' ja'rdemi menen atqari'latug'i'n bolg'an, bul qa'siyet bu'gingi ku'nge shekem saqlang'an. Uluwma Ku'nshi'g'i's poeziyasi'nda g'a'zzeller, romans dep atalatug'i'n su'yiwshilik lirikasi'na ju'da' jaqi'n.

G'a'zzellerdi Worta Aziya xali'qlari'ni'n' a'debiyati'nda wo'zinin' joqari' da'rejesine jetkergen Hafi'z, Lutfiy, Nawayi' ha'm t.b. shayi'rlar boldi'. G'a'zzel bir neshe ba'ytten turadi', Wolardi'n' uluwma sani' won yekiden aspawi' kerek, rifmasi': aa ba va ga ha'm t.b.

G'a'zzel a'weli i'shqi'-muhabbat qosi'g'i' si'pati'nda payda bolsa da, Nawayi' da'wirinen XIX a'sir arali'g'i'nda woni'n' tematikasi' ken'eydi. G'a'zzel filosofiyali'q woy-

pikirdi, aqi'l-na'siyat, ha'tteki satirali'q mazmundi' beretug'i'n janrg'a aylani'p ketedi. Bug'an XIX a'sirdegi wo'zbek shayi'rlari' Muqimiydin', Agahiydin', Furqatti'n' g'a'zzelleri mi'sal bola aladi'.

**Muxammes** (tu'rk so'zi beslik) — tu'rk tilles xali'q-lari'nda bes qatardan won bes, won alti' buwi'nnan turatug'i'n qosi'qti'n' formasi'. Wol Nawayi', Maq-ti'mquli'lardi'n' shi'g'armalari'nda da ushi'rasadi'. Bul formani' qaraqalpaq a'debiyati'nda yen' da'slepki qollani'wshi' shayi'rdi'n' biri — A'jiniyaz. Muxammes qaraqalpaq a'de-biyati'nda «muxalles» ati' menen belgili. Bul formani' A'jiniyaz Shi'g'i's poeziyasi'n teren' u'yreniw ha'm wo'z-lestiriw arqali' iyelegen boli'wi' kerek. Wo'ytkeni, A'ji-niyazg'a shekemgi qaraqalpaq shayi'rlari'nda bul forma ushi'raspaydi', shayi'rdi'n' qaraqalpaq poeziyasi'ndag'i' bul kirgizilgen muxalles formasi' nag'i'z poetikali'q jan'ali'q boli'p tabi'ladi'. Muxalles qosi'q quri'li'si' boyi'nsha aruz wo'lsheminde jazi'latug'i'n lirikani'n' bir tu'ri. Wol bes qatardan ibarat bir neshe ba'ntlerden turadi', aaaaa-bbbba-vvvva-gggga ta'rizinde uyqasadi'. G'a'zzeller qanday tematika ha'm mazmung'a iye bolsa, muxammesler de sonday tematika ha'm mazmundi' sa'wlelen-diredi. Mi'sali', A'jiniyazdi'n' «Shi'qti' jan» muxammesinen mi'sal kelti-reyik:

Ko'p sa'lem mendin biradar, ashnayi'w duw ja'ha'n,
Shiddatiy ruzi'y judali'qdur qi'yametdin yaman,
Alti' san alashni' gezdim, tapmadi'm namiw-ni'shan,
Inshalla, gu'zge bararman, bolsam aman,
Ah dariyg'a, waq dariyg', mi'n' sani' a'rman shi'qti' jan.

**Rubayi'** (parsi' so'zi to'rtlik) — Ku'nshi'g'i's xali'qla-ri'ni'n' poeziyasi'nda to'rt qatardan turatug'i'n qosi'qti'n' tu'ri. A'lbette, tek to'rt qatar qosi'qtan quralg'anlardi'n' ba'ri rubayi' bola bermeydi. Rubayi' mazmuni' boyi'nsha ko'binese filosofiyali'q, didaktikali'q, geyde ashi'qli'q tema-lari'ndag'i' woy-pikirlerdi beredi. Kompoziciyasi' boyi'nsha sha'rtli tu'rde to'rt qatardan ibarat boladi' ha'm usi' to'rt qatarda juwmaqlang'an tema, ideya beriledi. Usi' to'rt qatar qosi'q wo'z aldi'na pu'tin bir a'debiy

shi’g’arma si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Rubayi’ni’n’ ha’r bir qatari’ ko’pshilik jag’daylarda juwmaqlang’an woy-pikirdi bildiretug’i’n wo’z aldi’na sintaksislik forma (ga’p) boli’p keledi. Rubayi’lar ko’binese aaba yamasa aaaa tu’rinde uyqasadi’.

Parsi’-ta’jik a’debiyati’ni’n’ ko’rnekli wa’kili Womar Hayyam rubayi’si’nan bir mi’sal keltireyik:

Du’nyani’n’ maqsetli ga’whar tasi’mi’z,
Aqi’ldi’n’ ko’zinin’ aq qarasi’mi’z,
Ja’ha’ndi do’n’gelek saqi’yna desek.
A’ne soni’n’ jalt-jult yetken qasi’ biz.

Rubayi’lardi’n’ a’jayi’p u’lgileri Rudakiy, Hafi’z, Womar Hayyam si’yaqli’ t.b. dani’shpan shayi’rlardan miyras boli’p qaldi’. Uluwma rubayi’ shayi’rdi’ i’qsham-li’qqa, ji’ynaqli’li’qqa u’yretedi.

## ABDULLA ARIPOV

(1941)



Abdulla Aripov 1941-ji’li’ 21-martta Qashqada’rya wa’layati’ Koson rayoni’ni’n’ Nekuz awi’li’nda tuwi’lg’an. 1958-ji’li’ uluwma bilim beretug’i’n mektepti alti’n medal menen tamamlaydi’. 1963-ji’li’ Tashkent ma’mleketlik universitetinin’ jurnalistika fakultetin pitkergennen son’, 1963—1974-ji’llari’ baspaso’zde isleydi. 1974—1980-ji’llari’ «Sharq yuldizi» ha’m «Gu’lxan» jurnallari’nda, 1980—1985-ji’llari’ O’zbekistan Jazi’wshi’lar awqami’nda juwapli’ lawazi’mlarda, son’i’nan O’zbekistan avtorlar huquqi’n qorg’aw ma’mleketlik komitetin basqaradi’.

A. Aripov «Hu’rmet belgisi» ordeni ha’m Hamza ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’. 1981-ji’li’ qosi’q penen jazi’lg’an «Ha’kim ha’m a’jel» da’stani’

ushi'n O'zbekistan ma'mleketlik si'yli'g'i'na, 1990-ji'li' do'retiwshilik xi'zmetleri ushi'n O'zbekistan xali'q shayi'ri'», 1998-ji'li' «O'zbekistan Qaharmani'» hu'rmetli ataqlari'n ali'wg'a miyasar boldi'. Shayi'r O'zbekistan Respublikasi' gimninin' avtori'.

Shayi'r da'slepki qosi'qlari'ni'n' birinde «Men ji'rlayman bul du'nyada, za'berdes xalqi'mdi' mudam» dep ji'rlag'an bolsa, usi'nday yel-xali'q ha'm Watan tuyg'i'si' shayi'r poeziyasi'ni'n' wo'zegi boldi'. Ha'r bir insanni'n' tuwg'an anasi' birew bolg'ani' si'yaqli' ana Watani' da birew degen ideyani' poeziya tili menen bi'layi'nsha ta'sirli jetkeredi:

Bul jari'q du'nyada Watan birewdur,
Birewdur du'nyada ana degen de.

Wo'z xalqi'ni'n' quwani'shi' menen quwani'p, qayg'i'si' menen wortaqlasqan shayi'rdi'n' ko'pshilik qosi'qlari'nda ana Watan, xali'q, tuwg'an jer, yel, jurt so'zleri jiyi-jiyi tilge ali'nadi'. Shayi'r xalqi'mi'zdi'n' hadal miynet yetip, toq jasap ati'rg'anli'g'i'na su'ysinip qarasa, ayi'ri'm adamlarda mehir-muhabbatti'n', haqi'yqatli'q penen sadi'qli'qti'n' jog'ali'p barati'rg'anli'g'i'na ashi'ni'p qaraydi'. Usi'nday adamlarg'a shi'n kewlinen ku'yinip «Aldi'n'da ha'siretli woyg'a talaman, qashan xali'q bolasan', a'y sen alaman» dep jar saladi'. Shayi'rdi'n' «Baji'xana», «Ten'izge», «Saratan» si'yaqli' qosi'qlari' miynetkesh xali'qqa bolg'an teren' isenimnen ha'm xali'qti'n' g'am-qayg'i'si'na sherik boli'p jasag'anli'g'i'nan derek beredi.

A. Aripov wo'z xalqi'ni'n' ta'biyati'na ta'n bolg'an mehir-muhabbatti', joqari' adamgershilik pazi'yletlerdi uli'g'lap qoymastan, xali'qlar dosli'g'i' temasi'nda da ko'plegen qosi'qlar do'retti.

Talantli' so'z sheberinin' «A'rmani'stan», «Qazaqsatan», «Qi'rg'i'z diyari'», «O'zbekistan», «Sawg'a», «Qaraqalpag'i'm» qosi'qlari'nda xali'qlar dosli'g'i' ha'm tuwi'sqanli'g'i' ko'terin'ki ruwxta su'wretlenedi. Mi'sali', shayi'r «Qaraqalpag'i'm» qosi'g'i'nda wo'zbek ha'm qaraqalpaq xalqi'ni'n' a'zelden dos ha'm tuwi'sqan yekenligin maqtani'sh sezimleri menen ji'r yetedi :

Shayi'rdi'n' tuwi'sqan yellerde, ha'tteki shet yellerde bolg'an saparlari' bazi' bir lirikali'q qosi'qlari'na jan'a mazmun, jan'a tema ali'p keldi. Yendi shayi'r tek g'ana wo'z xalqi'ni'n' yemes, ja'ha'n xalqi'ni'n' quwani'shli' ha'm qayg'i'li' wo'mirin wo'z ju'reginen wo'tkerip jazi'wg'a umti'ldi'.

Shayi'rdi'n' qaysi' qosi'g'i'n ali'p qarasaqta, filosofiyali'q woy-pikir menen birge lirikali'q sezim suli'wli'g'i' qari'si'p ketkenligin ko'remiz. Shayi'rdi'n' «O'zbekistan», «Munajatti' ti'n'lap», «A'wladlarg'a xat», «Woylari'm», «Ba'har», «Sen ba'hardi' sag'nbadi'n' ba?», «Birinshi muhabbati'm», «Ju'zbe-ju'z, «Otello», «Gu'z», «Saratan», «Ten'izge» h.t.b. qosi'qlari' ko'rkemligi ha'm woy-pikirlerinin' teren'ligi menen ha'zirgi wo'zbek a'debiyati'nda klassik shi'g'armalar si'pati'nda joqari' bahasi'na iye boldi'.

A. Aripov awdarma tarawi'nda da ko'birek qa'lem terbetip kiyati'r. Wol du'nya a'debiyati' du'rdanalari'nan Pushkin, Shevshenko, Nizamiy Genjaviy, Qaysi'n Quliev, I.Yusupov si'yaqli' bir neshe talant iyelerinin' shi'g'armalari'n ha'm Dantenin' «Ilahiy komediya» shi'g'armasi'n wo'zbek tiline awdaradi'. Usi' shi'g'armani'n' awdarmashi'si' si'pati'nda bir neshe ma'rtebe Dantenin' watani' bolg'an Italiyag'a bari'wg'a ha'm wo'zi ko'rgen yeldin' ta'biyati', ma'deniyati', ko'rkemlik du'nyasi' menen jaqi'nnan tani'si'wg'a miyasar boladi' ha'm usi' yel haqqi'nda «Bu'lbu'li bar deydi ha'r qanday bostan» dep atalg'an qosi'qlar du'rkinin do'retedi. Shayi'r wondag'i' to'rtliklerinde:

Insan ulli'li'g'i' puldan ziyada,
Yen'begim yesh bolmay tolqi'p turi'ppan,
Dante sebep kelip Italiyag'a,
Hu'rmetke sazawar boli'p turi'ppan.

* * *

Wo'mir bar inami'n bag'i'shlar pu'tkil,
Pisigin, shiykisin ba'rin de jutti'n',
Saparg'a shi'qsan' da, qayda barsan da,
Wo'z jurti'n'ni'n' ati'n azada tutti'n'.

— dep wo'mir ta'jiriybesine su'yene woti'ri'p teren' pikir ju'rgizedi.

## NE USHI'N SU'YEMEN O'ZBEKISTANDI'

Ne ushi'n su'yemen O'zbekistandi'
Topi'rag'i'n ko'zime a'ylep toti'ya,
Ne ushi'n Watan dep jeriw-aspandi',
Muqaddes atayman, atayman ta'nha,
Hasli'nda du'nyada ta'nha ne zat bar,
Paxta wo'speydi me wo'zge yelde ya?
Yaki quyashi' ma sewgime sebep?
Aqi'ri' quyashli' g'oy pu'tkil Aziya.
Men, ne ushi'n su'yemen O'zbekistandi'?
Bag'lari'n ja'nnet dep ko'z-ko'z yetemen.
Ne ushi'n ardaqlayman topi'rag'i'n men
Wo'bemen: «Topi'rag'i'n' biybaha Watan»
Hasli'nda topi'raqti' a'dil ta'biyat
Taqsi'm a'ylegen g'oy jer ju'zine ten'.
Nege bul topi'raq dep ji'ladi' Furqat,
Wo, Qashg'ar topi'rag'i', jarli'medin' sen?!
Xosh, ne ushi'n su'yesen' O'zbekistandi',
Aytqi'l sebeplerin deseler mag'an,
Shayi'rana go'zzal so'zlerden aldi'n
Men ta'jim yetemen ana xalqi'ma:
Xalqi'm, tariyx hu'kmi seni yeger de
Ma'n'gi muzli'qlarg'a su'rgin qi'lsa da,
Qarli'qlardi' ma'kan yetken bolsan' da,
Mehrim bermespedim sol qar, muzlarg'a?
Watanlar,
Watanlar,
Meyli, gu'llensin,
Bag' wo'nsin ma'n'gilik muzli'qlarda da
Biraq, jurti'm, seni bayli'qlari'n' ushi'n
Su'ygen perzent bolsa keshirme hasla!

## DU'NYANI' QI'ZG'ANBA

Du'nyani' qi'zg'anba mennen, a'ziyzim,
Men senin' ko'shen'nen wo'tpespen zinhar,

Menin' bul a'lemde wo'z aytar so'zim,
Ha'm wo'zim si'yi'nar mazarlari'm bar.

Du'nyani' qi'zg'anba mennen, a'ziyzim,
Sen ishken bulaqtan ishpespen hasla.
Sen ju'rgen tawlarda qalmag'ay izim,
Sen keshken da'ryadan keshpespen hasla.

Du'nyani' qi'zg'anba mennen, a'ziyzim,
Qa'lbin'di jaqpasi'n shubha ha'm soraq,
Men wo'zge ma'nzilge tikkenmen ko'zim,
Wol senin' shatpan'nan ju'da' ha'm ji'raq.

## ILTIMAS

Sag'an ba'lki ayan, ba'lki naayan,
Bir wo'mir ha'disin a'yleyin bayan,
Meyli suwlar keship, meyli wotta jan,
Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.

Ta'me degen na'rse du'nyada jalg'an,
Nan berip ren'kin'di yetedi saban,
Aqi'li'n' pu'tin bolsa, to'rt mu'shen' aman,
Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.

Qasqi'r yemes deysen' adam-adamg'a,
Ko'zin'di ashi'n'qi'rap qara zamang'a,
Birew atama der, birew anama,
Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.

Saqawat tamang'a geyde ju'z burdi'm,
Geyde hayran qali'p lal boli'p turdi'm,
Nardi'n' iyt aldi'nda sho'kkenin ko'rdim,
Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.

Eh, dosti'm, deme sen qaydan bul tuyg'i',
Qosi'g'i'm sen ushi'n bolsi'n aynaday misli,
Menin' bir a'piwayi' filosofiyam usi':
Ha'rgiz iltimasqa ku'nin' qalmasi'n.

Abdulla Aripov poeziyasi'nda ana Watan-O'zbekistan obrazi' ken' ha'm teren' tu'rde, wo'z sa'wleleniwin tabadi'. Ana-Watang'a ha'm miynetkesh xalqi'mi'zg'a me-

hir-muhabbat tuyg'i'si' shayi'r do'retiwshiliginin' tiykarg'i' ideyali'q mazmuni'n quraydi'. A. Aripov ana-Watan tuyg'i'si'ni'n' qanshelli muqaddes, qanshelli biybaha yekenligin, bul tuyg'i'ni' basqa hesh qanday sezimge almasti'ri'p bolmaytug'i'nli'g'i'n shin ju'rekten ji'rlaydi'. Shayi'r «Ne ushi'n su'yemen O'zbekistandi'» qosi'gi'nda wozi tuwi'li'p wo'sken, kindik qani' tamg'an tuwi'lg'an jerin, ana Watani'n yeli-xalqi'n ko'zlerine su'rme yetip, bul a'ziz topi'raqta wo'sip-wo'ngen ha'r bir giyasi' menen bag'i'w-baqshasi'n ja'nnet ma'kan dep biledi. Wol usi' jurtti'n' sadi'q bir perzenti si'pati'nda ana-Watani'na bolg'an teren' su'yispenshilik sezimlerin beredi.

Shayi'rdi'n' ko'pshilik lirikali'q qosi'qlari'na nama jazi'lg'an. «Du'nyani' qi'zg'anba» qosi'g'i'ni'n' lirik qaharmani' bul du'nya ken', wonda menin' de, senin' de wo'z aytar so'zimiz, ju'rer joli'mi'z bar. Sonli'qtan da du'nyani' qi'zg'anba wol mag'an da, sag'an da jetedi dep ji'rlasa, «Iltimas» qosi'g'i'nda bolsa adam balasi'ni'n' bir na'rsege wog'ada za'ru'r ha'm mu'ta'j bolg'anda g'ana yekinshi adamnan ja'rdem sorap iltimas yetetug'i'nli'g'i', yegerde won yeki mu'shen' saw, aqi'l-yesin' pu'tin bolsa, birewden ja'rdem sorap yamasa ta'me yetip jasag'annan ko're hadal miynet yetip jasawg'a, wo'mir su'riwge yerisiwin' mu'mkin yekenligin «ha'rgiz iltimasqa kunin' qalmasi'n» dep atap wotedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. O'zbekistan xali'q shayi'ri', O'zbekistan Qaharmani' A. Aripovti'n' wo'miri ha'm atqarg'an xi'zmetleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?
2. Shayi'rdi'n' qanday qosi'qlar toplamlari' basi'li'p shi'qti'?
3. Shayi'rdi'n' «Ne ushi'n su'yemen O'zbekistandi'» qosi'g'i'nda Watan haqqi'ndag'i' ishki sezimleri qalay sa'wlelengen?
4. «Du'nyani' qi'zg'anba» qosi'qlari'nda qanday filosofiyali'q pikirler sa'wlelendirilgen?
5. «Iltimas» qosi'g'i'nda qanday didaktikali'q pikirler wori'n alg'an?
6. Qosi'qlardi' woqi'p, mazmuni'n ayti'p berin'
7. «Watani'mni'n' bir perzentimen» temasi'nda kishi tekst do'retin'.

# DU'NYA A'DEBIYATI'NAN

## SHOTA RUSTAVELI

(XII — XIII a'sirler)



Wo'zinin' a'jayi'p «Jolbari's terisin jami'lg'an palwan» da'stani' menen jer ju'zilik dan'qqa iye bolg'an gruzin xalqi'ni'n' ulli' dani'shpan shayi'ri' Shota Rustaveli XII a'sirdi'n' aqi'ri' XIII a'sirdin' baslari'nda wo'mir su'rgen.

Rustavelidin' wo'miri ha'm a'debiy xi'zmeti tuwrali' toli'q mag'luwmatlar bizin' zamani'mi'zg'a kelip jetpegen. Buni'n' bir bas sebebi, xristiyan ruwxani'ylari' ulli' shayi'rdi'n' yesteligin de, shi'g'armalari'nda xali'q yadi'nan shi'g'ari'w, wol ji'rlag'an iygilikli ideyalardi' boldi'rmaw ushi'n barli'q ha'reketti islegen.

Tiykari'nan tap mine usi' sebepli ulli' shayi'rdi'n' ko'p ko'lemli shi'g'armalari', odalari', yumor-satirali'q qosi'qlari' da bizge jetip kele almastan jog'ali'p ketken. Woni'n' tek g'ana bizin' da'wirimizge «Jolbari's terisin jami'lg'an palwan» poemasi' jetip keldi. Usi' bir poemani'n' wo'zi-aq ulli' gruzin shayi'ri'na du'nya a'debiyati'nan joqari' wori'n ali'p berdi. Bul shi'g'arma gruzin a'debiyati'ni'n' wo'siw procesinde sheshiwshi basqi'shtan ibarat boldi' ha'm woni'n' tiykari'n saldi'.

Bizge shayi'rdi'n' wo'miri tuwrali' da mag'luwmat beretug'i'n usi' «Jolbari's terisin jami'lg'an palwan» poemasi'.

Bul mag'luwmatlar boyi'nsha Shota Rustaveli Gruziyani'n' qubla-bati'si'ndag'i' ma'deniyatli' qalalardan sanalg'an Mesxetide tuwi'lg'an ha'm gruziyada tariyxta ati' ken' belgili patsha Tamara ma'mleketti basqari'p turg'an waqta wo'mir su'rgen, wo'zinin' da'stani'n da shayi'r usi' patsha Tamarag'a arnag'an.

Poema birinshi ret Tamara, woni'n' wa'zir ha'm a'mirlerinin' qatnasi'wi' menen woqi'ladi' ha'm tez waqi't-ti'n ishinde ha'mmenin' di'qqati'n wo'zine awdaradi'. Rustavelidi ha'mme qutli'qlaydi'. Shayi'rg'a qi'mbat bahali' sawg'a-si'yli'qlar beriledi. Patsha Tamara shayi'rdi' alti'n qa'lem menen si'yli'qlaydi'. Shotani'n' ha'm woni'n' poemasi'ni'n' dan'qi' pu'tkil ma'mleketke jayi'ladi'.

Biraq saraydi'n' Rustavelige bul si'y hu'rmeti uzaqqa sozi'lmaydi'. Geypara ra'wiyatlarg'a qarag'anda jas Shota wo'z patshasi' Tamarag'a ashi'q boli'p qaladi'. Shayi'rdi'n' bul jali'nli' muhabbati' saray adamlari'ni'n' wog'an degen qarsi'li'g'i'n' payda yetedi. Shayi'rdi'n' wo'miri qa'wip asti'nda qaladi'. Sonnan keyin Shota Rustaveli gruziyadan qashi'wg'a ma'jbu'r boladi'. Ierusalimge bari'p, bir manastrg'a monax boli'p kiredi. Sol waqi'ttan baslap Rustaveliden xabar-atar bolmaydi'. Biraq, shayi'rdi'n' wo'zi tuwrali' ha'm woni'n' Tamarag'a ashi'qli'g'i' tuwrali' ko'p g'ana an'i'z so'zler, qosi'qlar do'reydi.

Shayi'rdi'n' a'jayi'p poemasi' ja'ha'n xali'qlari'ni'n' ko'plegen tillerine awdari'ldi'. Ulli' shayi'rdi'n' do'reti'wshiligi'n jali'nli' gumanizm ideyalari' iyelep turadi'. Wol wo'zinin' a'jayi'p poemasi'nda adamni'n' azatli'g'i' ha'm yerkinligi, yeldin' g'a'rezsizligi, xali'qlar dosli'g'i' ideyalari'n ji'rladi', adamdag'i' jaqsi' minez-quli'q, aqi'l-parasat, do'retiwshilik ku'shti, go'zzalli'q, muhabbat ha'm dosli'qti', turaqli'li'qti', bir-birewge shi'n beriliwshilikti ji'rladi', zorli'q, qulli'q, nadanli'q, turpayi'li'q, satqi'nli'q si'yaqli' unamsi'z illetlerdi qaraladi' ha'm a'shkaraladi'.

## JOLBARI'S TERISIN JAMI'LG'AN BAHADI'R

*(Da'stannan u'zindi)*

### Tarieldin' ashi'g'i'na jibergen jollamasi' ha'm Nestan-Darejanni'n' aytti'ri'li'wi'

Su'yiklisine «Quyashi'msan', — dep bi'laysha juwap jazdi':
Mag'an qayta si'yli'q yetti jalg'i'z ku'lkin' ba'ha'r pasli'n,
Di'qqati'na arzi'r bolsam, bu'ytip qanday a'rmani'm bar,
Men boysi'ndi'm da'rya kibi sawlati'n'a senin' tasqi'n.

Yerterekte tiri qaldi'm tek te senin' ira'himin'nen,
Asqar shi'n'san'. Mine usi' asqar shi'n'di' qa'ledim men,
Yes-tu'sinen ayi'ri'lg'an meni baxi'tli' yettin' tag'i',
Pirlerden ha'm arti'q mag'an uslaw senin' bilegin'nen.

Quday ko'rip turdi': xi'zmetin'e men tayarman,
Basi'mnan ayag'i'n'a ji'g'amdi' taslawg'a men barman,
Jani'ma da'rman boli'p jasawi'm ushi'n ko'mekles,
Shamam joq sennen basqani' qalayi'nsha su'ye alarman?»

Qi'z ti'n'lap boli'p ketti. Men shu'mdim woyg'a izinde,
Men uyi'qlasam xanzada keldi qaytadan tu'simde,
Quwani'sh ushi'n tu'rgelip, joqli'g'i'n ko'rdim jani'mda,
Ha'm qayti'p uyi'qlay almadi'm tu'ksiygen tu'nnin' ishinde.

Azanda patsham meni alti'n sarayg'a shaqi'rdi',
Wol taxti'nda woti'r yeken: sa'n — saltanatli', sabi'rli',
Men jetip keldim aldi'na, woti'r dep wori'n nusqadi',
Patsha, hayali', u'sh wa'zir ken'esler qurdi' aqi'lli'.

Patsha bi'lay dedi: «Mine, bul na'rse qudali'q is:
G'arri'li'q jaqi'n qaldi', qashshan yen'keydi ku'nimiz,
Ta'n'ir bizge ul bermedi, biraq jari'lqap qi'z berdi,
Ulday ko'rip a'lpeshlep asi'rap saqladi'q woni' biz.

Yendi mine, xanzadani'n' haq nekesin qi'ymaq lazi'm,
Buni'n' ushi'n ne isleymiz? Aqi'l ko'zin qa'ne ashi'n',
Wo'z yeli Hindistandi' qorg'ag'anday birew kerek,
Ha'm alg'anday mi'na tajdi' ha'm taxtti'n' mashqalasi'n».

Men patshag'a bi'lay dedim: «Ulsi'zli'g'i'n' ashi'narli'q,
Qi'zi'n'i'zdi' sizin' biraq ko'rse bolar uldan arti'q,
Sizdi quda yetpeklikti kim bolsa da baxi't biler,
Qalmaydi' hesh hasi'lzada sizin' qi'zdan basi'n tarti'p».

Isti ko'rip du'zetkendey ma'halinen yo'tip ketken,
Qapa boli'p uzaq waqi't awi'r azap shektim a'bden,
«Xorezm shax balasi'nan — dedi patsha, — qolayli'raq,
Ku'yewden hesh joq yekenin bilgen yedim men a'depten».

Usi'laysha sheshken yeken taxt iyesi buri'nnan-aq,
Hayali' da ju'rgen yeken bul pikirdi maqul sanap,
Qu'diretli patsha menen qarsi'laspaq mag'an qayda,
Ha'm de mennen kim bar turg'an sol waqi'tta aqi'l sorap.

«Shaxti', — dedi patsha ayi'm, — ju'da' ulli' patsha deydi,
Qi'zdi'n' ten'i woni'n' uli'-basqa wonday gezlespeydi»,
Bul qu'diretli ha'm ta'kabbi'r qati'ng'a ne ayti'w mu'mkin?
Men kelistim, ne sharan' bar. Qanday bolar yeken keyni?

Jawshi'lardi' jolladi' tez patsha Xorezm shaxi'na, pa'tek jolladi' tag'i' da:
Mi'naday dep so'zler jazi'p: «qanday adam qi'zbas qi'zg'a»,
«Tek te jalg'i'z hasi'lzada qi'z wo'sirdim, balan' kelsin,
Ha'm u'ylenip, iye bolsi'n taxti' bag'i' sharbag'i'ma».

Si'yli'q penen jawshi' qaytti'. Ayasi'nba quda hasla,
Shah bi'lay dep xat jazi'pti': «Qanday adam qi'zbas qi'zg'a»,
Tilekti qabi'l yetipti jari'lqap bizdi jaratqan:
«Wonday qi'zdan bas tartqanday ladanlar az arami'zda».

Ku'yew keshti. Jawshi'lar ja'ne atlandi' saparg'a,
«Ju'r yer jigit qutli' is pitpey jan qarar tabar ma?»
Jatarman awi'r azapti' shegip u'yimnin' ishinde,
Wo'zimdi tayi'n yettim, men qatti' jag'i'msi'z xabarg'a.

Pi'shaq ursam dedim ishke. Wol toli'p tur za'ha'r menen,
Asmattan keldi bir hayal mi'na qi'sqa xabar menen,
«Bahadi'ri'm, kel keshikpey, qi'zdi'n' ha'wli ha'remine,
Sa'rwi boyli' arzi'wli'n'i'z ushi'rasi'wg'a inkar» degen.

Keldim. Nestan Darejan bolsa kerek ha'wlisinde,
Asmat meni ku'tip aldi'. Seyil yettik bag' ishinde.
Quwanarli'q hesh na'rseni ku'tiw ushi'n dimari'm joq,
Ko'rdim qi'zdi'n' qapashi'li'q ha'm qayg'i'dan daq ju'zinde.

Men ha’m qatti’ japa shektim suwi’qli’qti’ da’rhal sezip,
Asmat buri’n ku’ler yedi, so’yler yedi da’lkeklesip,
U’n qatpastan qamsi’qqan ko’rgenligim bul nigardi’n’
Meni qayta shorshi’ndi’rdi’, bawi’ri’mdi’ qayta yezip.

So’ylespey aq meni Asmat ali’p ketti to’rge arman.
Sa’rwi tallar arasi’na ishke so’ytip kirip barsam,
Jay ishinde jalg’i’z wo’zi woti’r yeken hanzada qi’z,
Qi’z na’zerin qatan’ ko’rdim, qa’ha’rinen qalti’rar jan.

Sol xosh kewil jay ishinen kelgenimdi qushaq ashqan,
Sol ji’lli’li’q sol quwani’sh sezilmedi mag’an haslan’,
Tek aynalg’an jasti’ ko’rdim men go’zzaldi’n’ ko’zlerinde,
Ta’jim berdim. Qi’z woti’rdi’ biraq juwap qaytarmastan.

Tas u’stinde woti’rg’anda betin burg’an a’ne, sizge,
Wol qa’ha’rli ulli’ ana jolbari’sti’ saldi’ yeske,
Ko’rmep yedim wo’mirim tuwi’p wonday u’lken saltanatti’,
Aqi’r son’i’ turdi’ worni’nan jasi’n tu’sli go’zzal a’ste.

«Uyati’n’ joq, dedi mag’an qa’ha’rlenip patsha qi’zi’.
Yeger bilip islegen is, ha’reketin’ bolsa usi’.
Sen anti’n’di’ buzdi’n’. Yerten’ quday aldi’nda ne deysen’?»
«Qanday antti’ buzdi’m» — dedim, — ayti’n’ mag’an jer juldi’zi’»

Tu’siniwge bolar yeken arzi’wli’m bul so’zge qa’ytip
Qanday ha’zir qi’lmi’s islep men qi’zari’p turman ayti’n’»
Wol juwap qaytardi’ bi’lay: «G’oshshaq jigit sen aldadi’n’.
Sonli’qtan bawri’m jara ha’m wol yendi jazi’lmaydi’.

Keshe patsha sarayi’nda men haqqi’nda ga’p bolg’anda,
Bizin’ ta’g’dir sheshilgende qatnasi’psan’ sen solmanda,
Meni jatqa jiberiwge keliskenin’ qalay, so’yle,
Ha’zir yendi jo’gishilik wo’nerin’di sen qollanba.

Umi’tti’n’ba ju’rgenin’di xat arqali’ ju’rek arnap,
Ashi’qli’qtan kesellenip tasi’tti’ri’p da’ri-da’rmaq,

Yendi kimge bolar yeken ten'ewime menin' seni?
Keshtim sennen. Bar basqag'a, ashi'qpan dep ja'ne zar qaq.

Jat adamg'a yel tapsi'ri'p, a'kem qa'telesti a'bden,
Ba'ribir bul Hindistanni'n' — alti'n taxti' miyrasi' men,
Ayag'i'ma jip taqti'ri'p woynatqi'zi'p men qoymaspan,
Wol tuwri', sen hiylekersen'. Iske aspas biraq hiylen'.

Sen woylama bul karada ju'remen dep bu'ytip aman,
Bul jerden ket yaki senin' yetermen wo'mirin'di tamam,
Yendi mag'an megzesti tabarman dep u'mit yetpe!»
Sonda wog'an men yen'irep: «Ra'him a'yle, — dedim, — janan!

Ku'shli ta'sir qi'ldi' mag'an qi'zdi'n' ashi'wli' so'zleri,
Jan alar yedi dilbardi'n' ushqi'n shashi'wshi' ko'zleri,
Sol ko'zlerden qalaysha man'gi ayra tu'siw mu'mkin,
Men qalay su'ye alarman usi' go'zzaldan wo'zgeni.

Ha'm ko'rip qaldi'm jati'rg'an qurandi' qi'zdi'n' aldi'nda,
Ha'm woni' qoli'ma ali'p: Arzi'wli'm, — dedim, — men mi'nda
Sennen jaqsi' xabardi' yesitiwge kelgen yedim,
Biraq wolay bolmay shi'qti'. So'zimdi menin' ti'n'la:

Sag'an tek haqi'yqatli'q, shi'n ga'pimdi aytajaqpan,
Jalg'an so'zdi aytqan adam taba berer wo'zi haqtan,
Sen ko'rersen' wo'zin' ha'zir: ati'ma daq salg'ani'm joq,
«Aytsan' ayt», — dep, qarap qoydi' qi'z ko'z benen gina' taqqan.

«Men yegerde buzg'an bolsam wo'z anti'mdi' sag'an bergen,»
Ko'ner yedim quday wo'lim bere qoysa mag'an yerten',
Sensiz mag'an, patsha qi'zi', qi'zi'g'i' joq bul du'nyani'n',
Sensiz wo'tken ja'ha'ndi ayaday tar ja'ha'n dermen.

Ata-anan' buri'nnan-aq qoyg'an yeken maqullasi'p,
Sag'an jatti' miyiras ko'rdi sarayi'nda ken'es ashi'p,

Men waqi'tsha wog'an «jaq» dep hesh qanday so'z ayatalmadi'm,
Ne islewim mu'mkin menin' patsha menen qarsi'lasi'p.

Jat qoli'na tapsi'rmaqi'q qa'wipli na'rse yelimizdi,
Patsha woylap ju'rgen yeken a'qi'beti jaman isti,
Taxt u'stine woti'ri'wg'a men haqi'li' yedim biraq,
Meyli, ku'yew kelse, kelsin. Qorqi'tpaydi' bul ha'm bizdi.

Men wo'zime: «Bir ilaji'n woylap islew kerek» dedim,
«Sonda yelge kiretug'i'n qa'ne, wol qanday beg» — dedim.
Wo, quyashi'm, menin' ushi'n seni aldaw qi'yi'n yeken,
Bolmasa bunnan bas ali'p keteg'oyarman dep yedim.

Senin' ushi'n indemedim, ashpayi'n dep ishki si'rdi'»
Suwi'qli'qti'n' qa'pelimde bosani'sti' so'ytip i'rqi'.
Ha'm ji'lli'li'q payda boldi' yekewimizdin' arami'zda,
«Wolay bolsa sen haqsan'» — dep patsha qi'zi' quwandi'rdi'.

Shi'ni'nda da shi'g'arar dep woylamag'an yedim hesh, men
Seni quran uslap turi'p bir qudaydi' bu'gin yesten.
Taxtqa minip Hindistang'a patshali'q yetiw ushi'n,
Sen qoli'mdi' Parsadannan sora bari'p irkilmesten».

Ha'm ashi'wi'n qi'z tarqati'p, ju'zi ji'li'p ku'lim qaqti',
Aldi'mdag'i' ayma yaki' ku'nbe yeken dedim jaqti';
Qarsi' aldi'nda woti'rg'i'zdi' xosh qi'li'qli' so'zler ayti'p,
Ko'kiregimnen qayti'p aldi' jan'a wo'zi salg'an daqti'.

«Danalarg'a, — dedi dilbar asi'qpaqli'q jaraspaydi',
Wolar qanday waqi'tta da tek woylani'p is baslaydi',
Yeger sen qonaqti' iriksen' tiyerse'n' patsha qa'ha'rine,
Sonda tu'ser Hindistanni'n' basi'na ayri'lmas qayg'i'.

Yeger mi'rza kelip usi'nnan u'ylense mag'an,
Joli'mi'zg'a qan quyi'lar, tar bolar jaqti' ja'ha'n,
Biz yen'rermiz ayrali'qta, basqalar shadli'q qurar,
Joq, ha'kimlik yete almaydi' Hindistang'a wo'zge adam».

«Kelmegey wol, — dedim qi’zg’a, — yeger kelse mi’nda wo’zim,
Joli’qti’ra alarman men xorezmli begdi, tu’sin.
Meyli, bir ko’rsin wolar menin’ qari’w-g’ayrati’mdi’,
Wolardi’n’ da ken’ maydanda ko’reyikshi qa’ne ku’shin.

Patsha qi’zi’ bi’lay dedi: Bahadi’ri’m meni hasla
Sen sebepker yetip ju’rme u’lken dawg’a ha’m sawashqa,
Tek Xorezm shaxi’ni’n’ balasi’ni’n’ basi’n alg’i’l,
Haqi’yqatli’q bolg’an jerde jan yenedi quw ag’ashqa.

Ari’slan turaqli’ bahadi’ri’m, meni i’rza yet islerin’e,
Tek ku’yewdin’ wo’zin wo’ltir, tiyme woni’n’ la’shkerine.
Nahaqtan gelle qi’yg’andi’ maqul ko’rmeydi hesh bir jer:
Sen usi’lay isle ba’rin maqul qoyi’p so’zlerime.

A’wel yeskert Parsadang’a: «Sen qi’zi’n’ni’n’ qoli’n ber» dep,
«Jat qoli’na berilmeydi bizin’ taxta ha’m bizin’ jer» dep,
«Qazi’nasi’nan yeldin’ si’rtqa bir draxma shetlemeydi,
Paytaxti’ndi’ men wo’rteymen wo’jetlik yetsen’ yeger» dep.

Menin’ aytqan so’zlerimdi biraqta patshadan jasi’r,
Bul na’rseni ashi’qli’qti’n’ kesiri dep woylamasi’n.
Patsha ko’ner ilajsi’zdan. So’ytip bizler qosi’larmi’z,
Ha’m taxtqa mingiziwge wol bizlerdi ko’rer lazi’m».

Qi’zdi’n’ bul woyi’ unadi’. Mende boli’ppa aqi’l yes,
Da’stime qanjar aldi’m da, mindim birden g’ayratqa tez,
Irkejaq bolsa da qi’z xoshlasi’wg’a asi’qti’m men,
Ha’tte bir posa ali’wg’a bati’li’m da barmadi’ hesh.

Ko’zdi qi’zdan zorg’a u’zdim. «Xosh» dedi basi’n iyzep,
Yesikke uzati’p saldi’ xi’zmetke tayar ka’nizek,
Ju’z mi’n’ ba’lege bel baylap kettim men patsha qi’zi’nan.
Men kibi yesten ayri’lg’an ja’ha’nda gezleser siyrek.

## Xorezm shahzadasi'ni'n' keliwi ha'm woni'n' Tarieldin' qoli'nan wo'liwi

Xabar yetti jarshi' kelip: «Ku'yew keldi patshayi'm» dep,
Ku'yew qaydan bilsin, ba'le turg'anli'g'i'n tap tayi'n bop,
Kewil xoshi' ko'terin'ki patsha mag'an pa'rman yetti.
Wo'zi menen woti'rdi'm men qaptali'nda qap — qayi'm bop.

Patsha dedi: «Yendi mine bayli'g'i'mni'n' arqasi'nda,
Saltanatli' toy beremen ken' jerimnin' wortasi'nda,
Si'qmarshi'li'q — aqi'lsi'zli'q, bayli'g'i'mdi' agi'taman,
Bul toyi'mdi' wo'zim menen basqari'si'p ju'r qasi'mda».

Sa'rdari'mdi' men jiberdim da'rhal patsha g'aznasi'na,
Ku'yew keldi sa'n — saltanat du'zip jalg'i'z bir basi'na,
Ji'ynali'sqan la'shkerlerden ayaq basar jer qalmadi',
Jolg'a shi'qti' ha'mme qalmay kempir-g'arri' ha'm jasi' da.

Ken' alan'g'a qurdi'q da'rhal qi'zi'l borlat shati'rlardi',
Da'rwazadan ishke kirdi Xorezmnin' bati'rlari',
Izzet yetip qorshap aldi'q patshani'n' ko'p no'kerlerin,
Tayi'n turg'an qonaq jayg'a a'ste wolar jaqi'nladi'.

Kelgen yedim ba'rjay yetip qonaqlardi', toy jag'i'nda,
Azmaz uyi'qlap alayi'n dep jati'r yedim men jayi'mda,
Asmat mag'an xat jollapti' wo'zinin' bir shori'si'nan
Bi'lay depti: Seni xani'm ku'tip woti'r woz bag'i'nda».

Jetip barsam Asmat jalg'i'z ji'lap woti'r qi'ynap, jani'p,
Men soradi'm «sebebi ne ushi'n bunsha wo'ksip ji'lawi'n'ni'n'?»
So'yledi qi'z: «A'y bahadi'r ba'rha' senin' islerin'di,
Qorg'awi'ma jete bersem bunnan bi'lay menin' hali'm».

Ishke kirdik. Woti'r yeken qi'z sonshama ashi'wlani'p,
Mag'an ko'zin alartti' bir qabaqlari' qati'wlani'p,
Nege ku'tip tursan', — dedi, — meni tag'i' umi'tti'n' ba?
Woljan' kelgen joq pa, nege kirispeysen' bati'llani'p?»

Qi'zdan keyin shegindim de, dedim wog'an ko'terin'ki:
«Sen bilersen' qa'ne yendi su'yerimdi menin' kimdi?»
Yerlik qayda keter deysen' usi' waqi'tta yegerde qi'z,
Tilep tursa irkilmesten sawashlarg'a tu'siwimdi.

La'shkerlerge buyri'q berdim: «Shi'g'i'n' qa'ne, tez gu'reske»
Sari' jaydi' sazlap ali'p shi'g'i'p kettik irkilmesten.
Ko'silip bir jati'r yeken ku'yew bala sharda'rede,
Basi' menen xoshlasti' wol tamshi' qani' to'gilmesten.

Ayag'i'nan uslap shati'rdi'n' bir wo'resine,
Basi'n qatti' urg'an yedim, jani' shi'qti' gewdesinen.
Qarawi'llar qorqi'p sonda azan-qazan boli'p qaldi',
Atqa minip qashi'w tiydi yendi menin' u'lesime.

Ga'p taradi': yele wolar ju'ripti mis basqi' tawi'p,
Al men bolsam kete berdim wonnan sayi'n atti' shawi'p,
Bekinisim bar yedi ko'p bul qalani'n' ja'n-jag'i'nda,
Birewine jasi'ri'ndim ha'm u'stimnen sheshtim sawi't.

Tum-tustag'i' la'shkerlerime sol ku'ni men at jiberdim,
«Mag'an ja'rdem berer bolsa, gidirmesten kelsin» dedim,
Buyri'g'i'ma ha'zir boli'p qaldi' menin' la'shkerlerim,
Yari'm aqsham bolg'ani'nsha bekinistik, qa'wipsinbedim.

Azan menen turdi'mdag'i' tayar yettim jigitlerdi,
Patshami'zdan bir xat ali'p u'sh ha'meldar jetip keldi,
Patsha bi'lay jazg'an yeken : «Perzentim dep ju'rgen yedim,
Kewlimdegi bul qayg'i'ni'n' qayta boldi'n' sebepkeri.

Qalay menin' sarayi'mda woyran yetip bu'ldirgenin'?
Sen qi'zi'mdi' su'ygen bolsan', mag'an nege bildirmedin'?
Zar yen'irep qapalani'p, narday belim bu'gilgeni,
Menin' yendi qartayg'anda qara jerge ko'milgenim».

Juwap jazdi'm men bi'lay: «Men qatti'man polattan da,
Wotqa ku'ymes, suwg'a batbas adam boldi'm jaratqanda.
Haqi'yqatli'q bolmay qaldi' sira' bizin' patshami'zda.
Bunday bolmas yedi hasla qi'zi'n'di' men unatqanda.

Qala, saray, taji’-taxtlar sa’nlendirer patshali’qti’,
Haqi’mda bar ha’kim boli’p basqari’wg’a bul xali’qti’,
Barli’q shahlar wo’lip ketti tek sen uzaq woti’ri’psan’,
Iyelewge ku’shim bar sendegi bul taji’- taxtti’.

A’y shax senin’ ul balan’ joq, tek i’g’bali’n’ boldi’ qi’zdan,
Yegerde sen wo’z taxti’n’a kelgindini woti’rg’i’zsan’,
Hindistanni’n’ bel balasi’ menin’ sonda ne bolg’ani’m?
Qi’li’sh qolda quti’lmaydi’ ayag’i’n sa’l jaza basqan.

Bersen’ bayg’a ber qi’zi’n’di’, mag’an sira’ ko’rsetpesten,
Hindistandi’ basqalarg’a yerkim menen hesh bermespen,
Basi’ menen xoshlasadi’ menin’ menen ja’njellesken,
Jalg’i’z wo’zim gu’m yetemen, mag’an sizler ja’rdem-lespen’».

## Nestan — Darejanni’n’ urlani’wi’n Tarieldin’ biliwi

Ha’meldarlar qaytqannan son’ basti’ meni qayg’i’ uwayi’m,
Delbe boldi’m bile almay yendi qi’zdi’n’ hal-jag’dayi’n,
Shi’gi’p minar to’besine minip yedim qapa boli’p,
Bir na’rsege ko’zim tu’sip, qalti’radi’ tula boyi’m.

Yeki adam kele berdi asi’g’i’sli’ qa’dem taslap,
Mag’an jaqi’n kelse wolar — xi’zmetshisi menen Asmat,
Qi’zi’l qang’a boyali’pti’: u’sti-basi’ alba-dalba,
Amanli’qta soraspastan yentigedi ko’zin jaslap.

Yesten tan’bay zordan turdi’m sol waqi’tta ayani’shtan,
«Ne bop qaldi’ dep baqi’rdi’m, — ayti’n’ qa’ne qaldi’r-mastan?»
Da’rwazani’n’ arjag’i’nan qi’z qi’shqi’rdi’ mag’an qarap:
«Soraygo’rme, baxi’tsi’zli’q, tu’sip qaldi’ jerge aspan»

Jerge qaray ushti’m tastay jumalag’an taw basi’nan,
Yetek — jen’i sel boli’pti’ ji’lay-ji’lay ko’z jasi’nan,

Biyshara qi’z uzaq waqi’t aytalmadi’ bir awi’z so’z,
Qap-qara qan aqti’ to’sine sorg’alap tur jarasi’nan.

Aqi’rsi’nda so’yledi: «Quwanarli’q is bolmadi’,
Jara kewlim jubatarday yendi mende yes bolmadi’.
Yeger meni ayar bolsan’ wo’z qoli’n’nan jelkemdi qi’y,
Jaslay nege menin’ lashi’m qula du’zge tastalmadi’?

Ku’yewdi sen wo’ltirgende, tu’rli – tu’rli ga’p taradi’,
Patsha bolsa renjidi yesitip bul jat xabardi’,
Si’rti’n’nan da balag’atlap qansha so’zler ayti’lmadi’,
Gu’lla’n la’shker izlep seni sandali’si’p ko’p qaradi’.

Senin’ qayda jasi’ri’ng’ani’n’ belli boldi’ patshami’zg’a,
Patsha dedi: «Tu’sinemen, shapqan joq wol arami’zg’a.
Dushpanlarg’a qarsi’ turdi’ talay sapar yerlik yetip,
Buni’n’ basqa sebebi bar: ashi’q yedi bizin’ qi’zg’a.

Bul islerdi islep ju’rgen Davar degen qari’ndasi’m,
Sol albasli’ sebebinen g’ulg’ulag’a qaldi’ basi’m,
Qi’zi’mdi’ da tu’sirgen sol shaytanlardi’n’ shi’rmawi’na,
Qarg’i’s atqi’r bul du’nyada ju’remen dep woylamasi’n».

Patsha sonda ashi’q aytti’ bul is qani’n qi’zdi’rg’ani’n,
Anti’n buzi’p nasag’i’na qalmasli’g’i’n hesh adamni’n’,
Usi’ waqta bir ha’meldar sol bir Davar si’yqi’rshi’g’a.
Ayti’p keldi wol haqqi’nda ne aytqani’n Parsadanni’n’.

Kadjettegi Davarg’a kep aytqan so’zi ha’meldardi’n’,
Mi’naw yedi: «Seni ag’an’ wo’ltiredi, bilip qaldi’m»
«Quday ursi’n», — dedi Davar, — menin’ hasla ayi’bi’m joq.
Kim ta’repten islengenin aytalaman men bulardi’n’».

Xani’m qapa woti’r yedi wo’zinin’ sha’rda’resinde,
Qarap hasi’l perdesinen, shashi’n jayi’p siynesine.
Ku’tpegende qayaqlardan jetip kelip ma’stan Davar,
Qa’ha’rlenip bi’lay dedi shi’g’i’p mina’r to’besine :

«Joq a’jeldi sen shaqi’rg’an Xorezm shax balasi’na,
Qalay yetip men qalaman sonda woni’n’ jalasi’na ?
Sen ja’digo’y Tarielin’di wo’mir boyi’ tappag’aysan’.
A’y qudayi’m salmag’aysan’ bunday istin’ arasi’na».

Qarg’ap — silep Davar keyis so’zin patpatladi’,
Tataladi’ shashi’n juli’p, wo’z man’layi’n toqpaqladi’,
Ne islerin bilmey xani’m, woti’rdi’ tek woyg’a bati’p,
Ha’m menin’de bawi’ri’m ku’yip tamag’i’ma as batpadi’.

Sol waqta qi’z duwshar boldi’, qudaydi’n’ bir ba’lesine,
Kadjet jaqtan bolsa kerek, qara yeken denesi de,
Keldidag’i’ bir yeki qul wolay bulay qaratpastan,
Qi’zdi’ zorlap sali’p ketti u’lken nuwdi’n’ kemesine.

Tag’i’ woni’ sali’p ketti basqa jaqqa bir qayi’qqa,
Davar aytti’: «Patsha meni sherik dedi bul ayi’pqa.
Meni hesh kim wo’ltire almas, wo’z qanjari’m wo’ltiredi».
Dep wo’zine qanjar urdi’, ketti kelmes tun’g’i’yi’qqa.

Sen ne ushi’n qi’ynalamaysan’ — qalay tiri qalg’ani’m ba?
Qayg’i’ri’p sen ha’lek bolma, arzi’mayman wog’an di’m da,
Ne qi’lsan’ da wo’z yerkin’de, meyli meni ati’p tasla».
Degen so’zdi ayti’p Asmat zar yen’irep tur aldi’mda.

Dedim wog’an: «Qari’ndasi’m, wo’ltirgendey is yetpedin’,
Wonnanda sen ayt xani’mdi’ qalay qarap a’ketkenin,
Ten’iz qoymay aralayman, ko’teremen jelqomlardi’»,
Bul so’zlerdi aytsamda men suwi’p qaldi’m, bu’lk yetpedim.

Biylep ali’p awi’r qayg’i’, yesim kirip boldi’m delbe,
Ko’k ten’izdi gezgen jaqsi’, ko’p jerlerdi ko’rgen jaqsi’,
Ha’m woyladi’m: Wolay bolsa sen wo’zin’di saldi’n’ go’rge.
Qi’yi’nshi’li’qtan qori’qpay meyli doslari’mda ju’rsin birge».

Bo’lmeme tez qayti’p kelip, aldi’m qural — jarag’i’mdi’,
Ja’rdemshige aldi’m tag’i’ bir ju’z yeliw adami’mdi’,
Tap sol ku’ni bari’p jettim ko’k ten’izdin’ jag’asi’na,
Xosh ayti’si’p taslap kettim qalg’anlarg’a qorg’ani’mdi’.

Minip aldi’m wornalasi’p so’ytip ushan kememizge,
Jelqomlardi’ jelge kerip shi’g’i’p kettik ko’k ten’izge,
Jan — jag’i’ma qaray — qaray isip ketti qabaqlari’m,
Xani’mdi’ hesh taba almadi’m ha’m boldi’rdi’q ba’rimiz de.

Bir ji’l wo’tti so’ytip, ju’rip tabi’lmadi’ xani’m haslan,
Wol jerde de bolmay, tag’dir siltew bergen jerge barsam,
Qi’yi’nshi’li’qtan jol — jo’nekey wo’ldi neshe kemeshiler,
Qudaydi’n’ bul qi’lg’an isi, wog’an qarsi’ turalmassan’.

Ku’ni — tu’ni jawi’n, aqbas tolqi’n boli’p turdi’,
Kememizdi qi’rg’a tartti’q meni ju’ris jali’qti’rdi’,
Kemeshiler tarap ketti basi’ awg’an jaqlari’na,
Quday mendey qan’g’i’basti’ bug’an qalay joli’qti’rdi’?

Asmat penen tek yeki qul menin’ menen birge qaldi’,
Wolar sonsha bo’listi menin’ qaygi’ — mun’lari’mdi’,
Ti’rnaqtay bir quwani’shqa ha’wes boli’p yen’redim,
Woylay — woylay tabalmadi’m yendi qalay qi’lari’mdi’.

## Shayi’rdi’n’ «Jolbari’s terisin jami’lg’an palwan» shi’g’armasi’

Wo’zinin’ a’jayi’p poeziyasi’ menen adamlar arasi’ndag’i’, xali’qlar arasi’ndag’i’ joldasli’q, birlik ha’m dosli’qti’ boldi’ri’w ushi’n gu’resken ulli’ shayi’rdi’n’ woy-pikirleri bu’gin de ku’shli jan’lap yesitiledi.

Ulli’ shayi’r wo’z do’retiwshiligine gruzin xalqi’ni’n’ wo’z yeziwshilerine ha’m shet yel basi’p ali’wshi’lari’na qarsi’ a’sirler boyi’ ali’p barg’an gu’resinde jetilgen ideyalardi’ ja’ne maqsetlerdi tiykar yetkenligi sebepli wo’zi jasag’an qaran’g’i’ zamanda usi’nday biyiklikke ko’terile alg’an yedi.

Poemada ko'rsetilgen waqi'yalardi'n' qi'sqasha mazmuni' mi'naday:

U'lken toydi' Arabstanni'n' qu'diretli patshasi', ko'p yellerdi iyelegen Rustevan aqi'lli'li'g'i' ha'm suli'wli'g'i' menen dan'qi' jer ju'zine jayi'lg'an qi'zi' Tinatindi taxtqa woti'rg'i'zi'w saltanati'n wo'tkeredi. Toy waqti'nda g'arri' patsha Rustevan wo'zinin' jas a'skerbasi'si' Aftandil menen «kim jaqsi' mergen, kim sheber an'shi'» degen ma'sele u'stinde ba'sekilesip qaladi'. An' awlaw waqti'nda Aftandil jen'ip shi'g'adi'. Wolar bir da'ryani'n' jag'asi'nda dem ali'p woti'rg'anda, jolbari's terisin jami'lg'an, ji'lap woti'rg'an bir jas jigitti ko'redi. Wol Rustevan jibergen adamlar menen so'ylespey, suli'w bedew ati'na minip, ko'zden g'ayi'p boladi'.

Bul si'rli' jigit patsha Rustevandi' woyg'a bati'radi'. Tina-tinnin' ashi'g'i' Aftandil wo'z su'yiklisinin' wo'tinishi boyi'nsha jolbari's terisin jami'lg'an palwandi' izlew ushi'n jolg'a tu'sedi. Wol uzaq yellerde boladi', an' awlap tamaq asi'raydi', basi'nan ko'p waqi'yalardi' wo'tkerip, ko'p qi'yi'nshi'li'qlardi' ko'redi. Aqi'ri' bir tawdi'n' u'n'gi-rinen bayag'i' jolbari's terisin jami'lg'an jigitti tabadi'. Wol Tariel degen palwan yeken .

Tariel wog'an wo'zinin' sayi'l boli'p ju'riwine sebepshi bolg'an waqi'yalardi' so'ylep beredi. Wol Xindistan pat-shasi' Parsadanni'n' yen' jaqsi' a'sker basshi'si' yeken, patshani'n' qi'zi' Nestan — Darejandi' jaqsi' ko'redi yeken. Biraq Parsadan wo'z qi'zi'n ha'm taxti'n Xorezm shaxza-dasi'na beriwge sha'rt yetip, ku'yew balasi'n Hindistang'a shaqi'ri'p ali'p keledi. Suli'w Nestan — Darejan ha'm Tari-el awi'z biriktirip Xorezm shaxzadasi'n wo'ltiredi. Shaxza-dani'n' wo'ltiriliwine wo'z qi'zi'ni'n' aralasqani'n bilgen patsha, Nestan — Darejandi' awi'r jazag'a hu'kim yetedi. Qi'zdi' go'ne qayi'qqa sali'p, belgisiz ta'repke i'g'i'zi'p jiberedi. Tariel wo'z su'yiklisin du'nyani'n' to'rt ta'repin aynali'p izleydi, ko'p qi'yi'nshi'li'qlarg'a duwshakerlesedi, ko'p dushpanlar menen uri'sadi'. Wolardi' jen'edi, Nestan — Darejandi' taba almaydi'. Yen' so'n'i'nda su'yiklisinen u'mit u'zip, sho'llerde, u'n'girlerde ku'n keshiredi.

Aftandil Tarieldi wo’zinin’ dosli’g’i’na ha’m shi’n berilgenligine isendirip, Nestan – Darejandi’ izlewde ja’rdem beretug’i’ni’n wa’de yetip, Arabstang’a qaytadi’. Wo’z ko’rgenlerin Rustevang’a bayan yetedi. Wonnan son’ patshani’n’ ha’m saray adamlari’ni’n’ qarsi’li’q bildiriwlerine qaramastan, wa’desi boyi’nsha Tarieldin’ qasi’na keledi. Wonnan juwap ali’p Nestan – Darejandi’ izlep jolg’a rawan boladi’. Jolda sawdagerlerdin’ kemesinde barati’rg’an qaraqshi’lar menen uri’sadi’. Tan’ qalarli’q yerlik ko’rsetip, sawdagerlerdi apattan qutqaradi’. Izley-izley «ten’izler patshali’g’i’» Gulanshora degen jerge keledi. Bul jerde ko’p izlewlerden son’ Nestan — Darejanni’n’ deregin tabadi’, wo’zi tani’sqan u’lken sawdagerdin’ hayali’ arqali’ Nestan — Darejanni’n’ Kadjetler patshali’g’i’na bende boli’p tu’sip, solardi’n’ berik qorg’ani’nda jati’rg’anli’g’i’n biledi. Aftandil Gulanshoradan qayti’p, Tarieldin’ qasi’na keledi ha’m Nestan — Darejannan xabar berip, woni’ quwantadi’.

Tariel Mulganazar patshasi’ Faridun menen dos boladi’. U’sh bati’r : Tariel, Aftandil, Faridun, Kadjetler qorg’ani’nan Nasten – Darejandi’ qutqari’w ushi’n sapar shegedi. Kadjet patshasi’ni’n’ yesapsi’z a’skerlerine qarsi’ yerlik penen qatti’ topi’li’s yetip, a’skerdi jari’p wo’tip, qorg’ang’a basi’p kiredi. Nestan – Da’rejandi’ qutqaradi’, ulken saltanat penen ha’m oljalar menen wo’z ma’mleketlerine qaytadi’.

Poema Tariel menen Nestan — Darejan, Aftandil menen Tinatinnin’ quwani’shli’ qosi’li’w toylari’ menen juwmaqlanadi’.

Mine usi’ syujetlik liniyadan ayqi’n ko’rinip turg’ani’nday-aq poema yertek motivine tiykarlani’p jazi’lg’an ha’m wonda yerteklik su’wretlew usi’li’ da ken’ qollani’lg’an. Biraq izertlewshilerdin’ ko’rsetiwinshe «Jolbari’s terisin jami’lg’an palwan» poemasi’nda bazi’ bir tariyxi’y adamlar su’wretlengen. Biraq, wolar — arab, hind qaharmanlari’ni’n’ obrazi’nda berilgen. Bul shayi’rdi’n’ yerkin pikir ju’rgiziwi ushi’n islengen.

Poemada gruzin turmi’si’nan ali’ng’an ha’m sonnan kelip shi’qqan wog’ada iri-iri temalar birlestirilip, sheberlik

penen ko'rsetilgen. Teren' gumanizm, turaqli'li'q ha'm sadi'qli'q, hadal muhabbat — poemani'n' tiykarg'i' temalari' boli'p yesaplanadi'.

Ma'rtlik penen, shi'n berilgenlik penen suwg'ari'lg'an dosli'q — Rustaveli poemasi'ni'n' tiykarg'i' ideyasi'n quraydi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

**1.** Shota Rustavelidin' ulli' shayi'rli'g'i', woni' xali'qti'n' teren' su'yiwshiligi nede?
**2.** Qi'zdi'n' niyeti qanday, wol Hindistang'a kimnin' patshali'q yetkenin qa'leydi?
**3.** Poemada watansu'yiwshilik ideyasi' kimlerdin' obrazi' arqali' wo'z sa'wleleniwin tapqan?
**4.** Qamaqtag'i' Nestan — Da'rejanni'n' xati'nda neler ayti'ladi'?
**5.** Poemani' tu'sinip woqi'n' ha'm mazmuni'n ayti'p berin'.

## MAZMUNI’

Kirisiw ........................................................................................ 3
«Qoblan» da’stani’ ........................................................................ 6
«Ma’spatsha» da’stani’ .................................................................. 41

**XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’na si’patlama ......................... 70**

Ku’nxoja Ibrayi’m uli’ ................................................................... 76
Jaylawi’m ................................................................................... 78
Nege kerek ................................................................................. 80
Yel menen ................................................................................... 83
Aq qami’s ................................................................................... 87
Shopanlar ................................................................................... 88
A’jiniyaz Qosi’bay uli’’ .................................................................. 90
Ayri’lsa ....................................................................................... 95
Jaqsi’ .......................................................................................... 96
Da’wran bolmadi’ ......................................................................... 98
A’jiniyaz benen qi’z Men’eshtin’ ayti’si’ ............................................ 101
Berdaq G’arg’abay uli’ ................................................................... 114
Izler yedim .................................................................................. 118
Qashan ra’ha’tlanadursan’ .............................................................. 123
Bu’lbu’l ....................................................................................... 125
«Aydos baba» poemasi’ .................................................................. 128
Wo’tesh Alshi’nbay uli’ .................................................................. 135
Wo’tti du’nyadan ........................................................................... 138
Gu’lziyba .................................................................................... 144
Asarman ..................................................................................... 148
Bolar .......................................................................................... 150
Gu’lmurat shayi’r .......................................................................... 152
Qayrawda jalg’i’z g’az ................................................................... 153
Sari’bay shayi’r ............................................................................. 155
Jarg’anat penen ayti’si’w ................................................................ 156

**XIX a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m XX a’sirdin’ baslari’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’ ................................................................................ 163**

Womar Su’yirbek uli’ ..................................................................... 167
Ayi’rsha ...................................................................................... 169
Yelim ......................................................................................... 170
Ne payda .................................................................................... 173
Xali’q kitaplari’ ha’m qi’ssaxanli’q wo’neri ......................................... 177

G’a’rip ashi’q ........................................ 181
Go’rug’li’ ........................................ 201
Shayi’rlar ayti’si’ ........................................ 218
Quli’mbet penen Kerderi A’biwba’kirdin’ ayti’si’ ........................................ 220

**XX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’nan ........................................ 229**

Ayapbergen Muwsaev ........................................ 229
Ta’rip ........................................ 232
Qayda? ........................................ 234
Na’jim Da’wqaraev ........................................ 236
Alpami’s ........................................ 238
Abbaz Dabi’lov ........................................ 259
Bahadi’r ........................................ 261
Sadi’q Nuri’mbetov ........................................ 271
Berdaq ........................................ 273
Ibrayi’m Yusupov ........................................ 288
Aral elegiyalari’ ........................................ 290
Bu’lbu’l uyasi’ ........................................ 293
To’lepbergen Qayi’pbergenov ........................................ 303
Isin’ so’zin’dey yemes ........................................ 305
Mehirliliktin’ kelbeti ........................................ 310

**Ku’nshi’g’i’s a’debiyati’nan ........................................ 318**

Alisher Nawayi’ ........................................ 318
«Farhad-Shiyrin» da’stani’ ........................................ 321
Abdulla Aripov ........................................ 334
Ne ushi’n su’yemen O’zbekistandi’ ........................................ 337
Du’nyani’ qi’zg’anba ........................................ 337
Iltimas ........................................ 338

**Du’nya a’debiyati’nan ........................................ 340**

Shota Rustaveli ........................................ 340
Jolbari’s terisin jami’lg’an bahadi’r *(Da’stannan u’zindi)* ........................................ 341

MA'MBETOV KAMAL , AYJANOVA ZUBAYXAN ,
PALI'MBETOV KAMALBAY

# A'DEBIYAT

8-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

*Qayta islengen toli'qti'ri'lg'an u'shinshi basi'li'm*

*«Bilim» baspasi'*
*No'kis—2014*

Redaktorlari' *S. Aytmuratova, Z. Wo'serbayeva*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Operatori' *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AI № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**

Basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 31. 05. 2014-j. Formati' 60x90 $^{1}/_{16}$. Kegl 11. Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 22,5 baspa tabaq. 26,57 yesap baspa tabaq
Buyi'rtpa № . Nusqasi' 10075 dana.

«Bilim» baspasi', 230103. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

O'zbekistan Baspaso'z ha'm xabar agentliginin'
G'afur G'ulom baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi. Tashkent – 128,
Shayxontohur ko'shesi, 86-u'y.

## Ijarag'a berilgen sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste

| T/n | Woqi'wshi'ni'n' ati', familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'q-ti'n' ali'ng'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qol tan'basi' | Sabaq-li'qti'n' qayti'p tapsi'ri'l-g'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qol tan'-basi' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilgende ha'm woqi'w ji'li'ni'n' juwmag'i'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegishe bahalawg'a muwapi'q tolti'ri'ladi'

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' paydalani'wg'a birinshi berilgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, ko'shpegen, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'wlar joq. |
| Qanaatlanarli'q | Muqaba jazi'lg'an, bir qansha si'zi'li'p, shetleri jelingen, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'rali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli'q won'lang'an. Ko'shken betleri qayta won'lang'an, ayi'ri'm betleri si'zi'lg'an. |
| Qanaatlandi'rmaydi' | Muqaba si'zi'lg'an, wol ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlandi'rarsi'zli'q won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri jetispeydi, si'zi'p, boyap taslang'an, sabaqli'qti' tiklewge bolmaydi'. |